भोजपुरी भाषा के इतिहास

भोजपुरी भाषा के इतिहास

प्रकाशक

भाषा आयोग

शङ्खमूल, काठमाडौँ

भोजपुरी भाषा के इतिहास

ભોજપુરી ભાષા કે ઇતિહાસ

लेखक

डॉ. गोपाल ठाकुर

डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा

प्रकाशक

भाषा आयोग

शङ्खमूल, काठमाडौँ

www.bhojpurisahityangan.com

भोजपुरी भाषा के इतिहास

लेखक	:	डॉ. गोपाल ठाकुर डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा
कृति	:	भोजपुरी भाषा के इतिहास
भाषा	:	भोजपुरी, नेपाली र अङ्ग्रेजी
विधा	:	भाषा-इतिहास
आवरण	:	मधुप श्रेष्ठ/एलिना काफ्ले
प्रकाशक	:	भाषा आयोग शङ्खमूल, काठमाडौँ
सर्वाधिकार	:	© भाषा आयोग
प्रथम संस्करण	:	वि.सं. २०८२ फागुन ९/२०२६ ई.
प्रकाशित प्रति	:	२०० प्रति
मुद्रक	:	ई प्रेस प्रा. लि. शान्तिनगर, काठमाडौँ
ISBN	:	978-9905-0-0146-6

bojpuri baṣa ke itihas

(A History of the Bhojpuri Language)

by

Dr. Gopal Thakur & Dr. Vishwambhar Kumar Sharma

यस कृतिमा समावेश भएका विचारहरू लेखकका निजी कुरा हुन्, यसबाट आयोगको औपचारिक धारणा वा विचारको प्रतिनिधित्व गरिएको मानिँदैन। यस पुस्तकका सम्बन्धमा कुनै सुझाव भएमा भाषा आयोगको इमेल ठेगाना language.commission2016@gmail.com मा पठाउनु हुन वा आयोगमा उपलब्ध गराई सहयोग गर्नुहुन अनुरोध छ।

www.bhojpurisahityangan.com

प्राक्कथन

सामान्य अर्थमा भाषा मानव सञ्चारको सार्वभौम साधन हो। तर वास्तवमा मानव र प्रकृतिको बीचको अनोन्याश्रय र सङ्घर्षको फलस्वरूप सृजित यो उत्पादनको साधन, मानवीय संस्कृतिको संवाहक, व्यक्तिका भावना, विचार र प्रतिभाको प्रष्फुटनसँगै वंशानुगत ज्ञानको विरासतलाई पुस्तान्तरणको माध्यमले उसको अस्तित्वलाई अक्षुण्ण राख्ने शाश्वत पहिचान पनि हो। नेपालको संविधानको धारा २८७ बमोजिम नेपाल सरकारबाट २०७३ भदौ २३ मा स्थापित भाषा आयोगले संविधानको धारा २८७ को उपधारा (६) को (घ) बमोजिम भाषाहरूको अध्ययन, अनुसन्धान र अनुगमन गर्ने संवैधानिक दायित्व तथा त्यसै धाराको उपधारा (९) का आधारमा भाषा आयोग ऐन, २०७४ को दफा ३ (घ) समेतले परिभाषित गरेको आयोगको काम, कर्तव्य र अधिकार अन्तर्गत नेपालमा बोलिने मातृभाषा र तिनको इतिहासको अध्ययन, अनुसन्धान गरी प्रकाशन गर्ने कानुनी दायित्वको अधीनमा रही आयोगले नेपालका विभिन्न राष्ट्रभाषाहरूको वर्ण निर्धारण, शब्द सङ्कलन, शब्दकोश निर्माण, उच्चारण विधि अभिलेखन, पाठसङ्कलन, इतिहास लेखन, लोकवार्ता सामग्री सङ्कलन, व्याकरण निर्माण, भाषा र लिपिको अध्ययन-अनुसन्धान, भाषा वृत्ति तथा अनुसन्धान वृत्ति प्रदान, भाषा कक्षा सञ्चालन एवम् सामग्री विकास तथा प्रकाशन लगायतका कार्यहरू गर्दै आएको छ। यो ***भोजपुरी भाषा के इतिहास*** यिनै कार्यहरूमध्येको एउटा उपलब्धि हो।

यो सामग्री भाषा आयोगबाट सम्बन्धित विषयका विज्ञ, अनुसन्धाता र भाषाका स्थानीय वक्ताहरूको प्रत्यक्ष सहभागितामा तयार गरी पुनः विज्ञहरूबाट समीक्षा र सुझाव समेत लिई यस रूपमा प्रकाशन गरिएको छ। यस सामग्रीमा भोजपुरी भाषाको इतिहासका विविध पक्षहरूको पहिचान गरिएको छ। आर्थिक वर्ष २०७४/०७५ मा सम्पन्न गरिएको यस अध्ययन कार्यका लागि मधेश प्रदेश अन्तर्गत रौतहटको गरुडा नगरपालिका, बाराका सिम्रौनगढ नगरपालिका र बारागढी गाउँपालिका र पर्साको वीरगंज महानगरपालिका तथा लुम्बिनी प्रदेश अन्तर्गत रूपन्देहीको रोहिणी गाउँपालिकाको स्थलगत भ्रमण र स्थानीय समुदायहरूसँगको प्रत्यक्ष संवादलाई मूल आधार बनाइएको छ। आ-आफ्ना भाषा तथा लिपिको उचित संरक्षण, संवर्धन तथा ऐतिहासिक अन्वेषणका लागि सङ्घ, प्रदेश र स्थानीय तहका साथै भाषाविद् र भाषिक अभियन्तासँगै भाषिक समुदाय बीचको साझा प्रयत्न आवश्यक छ र त्यस्तो भगीरथ प्रयत्नकै फलस्वरूप यस ग्रन्थको यस रूपमा प्रकाशन सम्भव भएको हो। तसर्थ यो सामग्री नेपाल उत्पत्तिका अन्य भाषाहरू झैँ यस भाषाको अध्ययन, अनुसन्धान, विकास र प्रयोग विस्तारका दिशामा भरपर्दो आधार बन्न सक्ने विश्वास लिइएको छ।

यो भोजपुरीको ऐतिहासक विरासतलाई हाम्रो प्राथमिकतामा उत्खनन गरी समयमै प्रतिवेदन बुझाउनु हुने भाषाविद् डॉ. गोपाल ठाकुर र अनुसन्धाता डॉ.

www.bhojpurisahityangan.com

विश्वम्भरकुमार शर्माका साथै मातृभाषीवक्ताको रूपमा मुख्य सूचकको भूमिकामा रहनु हुने साहित्यकार गोपाल अश्क विशेष धन्यवादका पात्र हुनुहुन्छ। साथै भाषा आयोगका अध्यक्षको भूमिका निर्वाहसँगै त्यस प्रतिवेदनलाई सामयिक अनुकूलनका साथ परिमार्जन र थैरै हदसम्म पुनर्लेखन गरी यस रूपमा प्रकाशन योग्य बनाउनुहुने भाषाविद् एवम् भाषिक अभियन्ता डॉ. गोपाल ठाकुरको परिश्रमको उच्च मूल्याङ्कन गर्नु पर्दछ।

यो अन्वेषणात्मक कार्य सम्पन्न गराउनु हुने आयोगका तत्कालीन अध्यक्ष डा. लवदेव अवस्थी तथा सम्बद्ध कर्मचारी मित्रहरूका साथै यसलाई प्रकाशित गराउन प्रत्यक्ष एवम् परोक्ष भूमिका निर्वाह गर्नुहुने भाषा आयोगका सम्पूर्ण पदाधिकारीज्यूहरू, पूर्व निमित्त सचिव डा. लोक बहादुर लोप्चन, भाषा संरक्षण शाखाका उपसचिव श्री गोविन्द प्रसाद पौडेल, प्रा. स. श्री प्रमोद अधिकारीसहित सबैप्रति आयोग धन्यवाद व्यक्त गर्दछ।

सीमित स्रोत-साधन र समय उपयोग गरी तयार गरिएको यो सामग्री आफैँमा पूर्ण होइन। तसर्थ यस अध्ययन कार्यमा छुटेका तथा भविष्यमा पहिचान हुने थप तथ्य तथा विषयवस्तुहरूलाई आगामी दिनमा समेट्दै लगिने छ। अन्तमा यस सामग्री लाई अझै परिष्कृत गर्न रचनात्मक सुझावका लागि विज्ञ पाठकसमक्ष हार्दिक अनुरोध गर्दछु।

रमेश प्रसाद मैनाली
सचिव, भाषा आयोग

www.bhojpurisahityangan.com

कृतज्ञता ज्ञापन

भोजपुरी नेपालको तेस्रो राष्ट्रभाषा तथा भारतका मूलतः बिहार र उत्तर प्रदेशसहित कयौँ प्रदेशहरूमा बोलिने हिन्दोपेली भाषा परिवारको नव हिन्द-आर्य भाषा उपपरिवारको एउटा सशक्त मातृभाषा हो। यसको इतिहास आदिमकालीन एवम् लोकवार्ता, साहित्य सृजन तथा राजकाजसमेतमा मध्यकालसम्म प्रयोग हुँदै आएको भए पनि नेपालमा यसको ऐतिहासिक अन्वेषण भएको थिएन।

यस सन्दर्भमा भाषा आयोग, शङ्खमूल, काठमाडौँद्वारा भोजपुरी भाषाको इतिहास लेख्ने अभिभारा भाषाविद् एवम् भाषिक अभियन्ताको नाताले म शोध सल्लाहकार र त्रिभुवन विश्वविद्यालय, ठाकुर राम बहुमुखी क्याम्पस, वीरगञ्जका तत्कालीन सह-प्राध्यापक डॉ. विश्वम्भरकुमार शर्मा अनुसन्धाता रहेको शोधकार्यदल सबैभन्दा पहिले स्रोत सामग्री सङ्कलनमा लाग्यो। यसका लागि भोजपुरीको भौगोलिक तथा जातीय विविधतालाई समेट्ने गरी मधेश प्रदेशका रौतहटको गरुडा नगरपालिका, बाराका सिम्रौनगढ नगरपालिका र बारागढी गाउँपालिका र पर्साको वीरगंज महानगरपालिका तथा लुम्बिनी प्रदेशको रूपन्देहीको रोहिणी गाउँपालिकाका केही ठाउँहरूलाई छनोट गरियो। तत्पश्चात ती ठाउँहरूको स्थलगत भ्रमण गरी स्थानीय मातृभाषी वक्ताहरूसँग बेला बेलामा संवाद गरियो। प्राप्त सूचना र सामग्रीहरूको सत्यापन र थप ऐतिहासिक तथ्य सङ्कलनका लागि केही पुस्तकालयहरूमासमेत सम्पर्क गरियो। त्यसै गरी यस कार्यमा हामीलाई विभिन्न साहित्यकार तथा भाषाविज्ञहरूबाट पनि सहयोग प्राप्त भयो।

सबैभन्दा पहिला हामीलाई यस कार्यको अभिभारा दिने भाषा आयोग, शङ्खमूल, काठमाडौँ र त्यसमा पनि विशेषतः तत्कालीन अध्यक्ष डा. लवदेव अवस्थीप्रति हार्दिक कृतज्ञता ज्ञापन गर्दछौँ। हामीलाई यस कार्यमा आवश्यक सहयोग गर्नुहुने ठाकुरराम बहुमुखी क्याम्पस, वीरगञ्जका तत्कालीन प्रमुख श्री प्रमोद कुशवाहाप्रति हार्दिक कृतज्ञता प्रकट गर्दछौँ।

यस कार्यमा मुख्य रूपमा मातृभाषी वक्ता-सूचकको रूपमा रहनु भएका वरिष्ठ साहित्यकार गोपाल अश्क तथा अग्रिम पङ्क्तिमा रही सहयोग गर्नु हुने नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान, बाराका अध्यक्ष श्री रामप्रसाद साह, बाबा भीमराव अम्बेडकर बिहार विश्वविद्यालय, प्रिया रानी रॉय डिग्री कॉलेज, बैरगनियाका भोजपुरी विभागाध्यक्ष एवम् रौतहटका भोजपुरी साहित्यकार श्री उपेन्द्र सहनीप्रति कृतज्ञता प्रकट गर्दछौँ। साथै प्रस्तुत अनुसन्धानको प्रतिवेदन तयार गर्ने सम्बन्धमा प्राविधिक तथा अन्य कुरामा निकै नै सहयोग गर्नुहुने व्यक्तित्व त्रिभुवन विश्वविद्यालय, भाषाविज्ञान केन्द्रीय विभागका प्रा. डा. बलराम प्रसाईंप्रति कृतज्ञता प्रकट गर्दछौँ। यसरी आर्थिक वर्ष २०७४/०७५ मा यो ऐतिहासिक कार्य सम्पन्न भई २०७५ जेठ ३० गते कार्यदलले आयोगलाई अन्तिम प्रतिवेदन बुझाएको हो।

www.bhojpurisahityangan.com

त्यस पछि कोरोनाकाल र आर्थिक मन्दी तथा कतिपय अन्य कारणहरूले स्रोत-साधनको अभावले गर्दा समयमै त्यसको प्रकाशनले द्रुत गति लिन नसक्नु स्वाभाविक नै हो। यसको बावजुद चालू आर्थिक वर्ष २०८२/०८३ मा त्यस प्रतिवेदनलाई पुस्तकको रूपमा प्रकाशन गर्नका लागि २०७८ को नेपालको राष्ट्रिय जनगणना प्रतिवेदन तथा भोजपुरीका विभिन्न आयामहरूमा भएका खोज-अनुसन्धानले अघि सारेका कतिपय नवीन तथ्यहरूसमेतलाई समायोजन गरी आवश्यक परिमार्जन र पुनर्लेखन गर्ने अभिभारा मलाई दिए अनुरूप भोजपुरी भाषामै लिखिएको यो ***भोजपुरी भाषा के इतिहास*** प्रकाशित भई यहाँ प्रबुद्ध पाठक-अध्येताहरूको हातमा पुगेको हो। जिज्ञासुहरूको सहजताको लागि यसको सारांश नेपाली भाषामा प्रस्तुत गरिएको छ।

यस ओजपूर्ण कार्यका लागि भाषा आयोगका माननीय सदस्यहरू कृष्णप्रसाद न्यौपाने, मातृकाप्रसाद पोखरेल र डॉ. पुष्कर्राज भट्ट, पूर्व सदस्यहरू ऊषा हमाल, अमृत योञ्जन तामाङ, डा. अमरराज गिरी, गोपाल अश्क एवम् असामायिक रूपले कृतिशेष हुन पुग्नुभएका सुरेश मानन्धरप्रति हार्दिक कृतज्ञता ज्ञापन गर्दछु। आयोगका सचिव रमेशप्रसाद मैनाली, पूर्व निमित्त सचिव डा. लोक बहादुर लोप्चन, उपसचिवहरू रमा अर्याल पन्थी, कमला भण्डारी पाण्डे, बिरबहादुर बोहरा, गोविन्दप्रसाद पौडेल र विमला काफ्ले, शाखा अधिकृतहरू भवानी सिंह कुँवर, मोहन तण्डुकार, कमल बहादुर क्षेत्री, चोलरमण अधिकारी, कानुन अधिकृत सुजता भण्डारी, प्रा. स. प्रमोद अधिकारीसहित सिङ्गो भाषा आयोग परिवारप्रति हार्दिक आभार प्रकट गर्दछु।

परिमार्जन तथा पुनर्लेखनको क्रममा विशेष सहयोग गर्नुहुने भोजपुरीका भाषासेवीहरू लुम्बिनी प्रदेश अन्तर्गत रूपन्देहीका घनश्याम यादव, मधेश प्रदेश अन्तर्गत बाराका राम प्रसाद साह र रंजीत पाण्डेय, रौतहटका प्राज्ञ बृजकिशोर सहनी र पर्साका सोधा यादव, अनिलकुमार वर्मा र प्राज्ञ अजमत अली अन्सारीप्रति विशेष आभारी छु। त्यसै गरी वैश्विक रूपमा भोजपुरी भाषा-साहित्यको ई-पुस्तकालयको रूपमा सञ्चालनमा रहेको वेबसाइट *भोजपुरी साहित्याङ्गन*का सञ्चालकद्वय रञ्जन प्रकाश र डॉ. रञ्जन विकासलाई हार्दिक धन्यवाद प्रकट गर्दछु।

जुन पनि इतिहास पूर्ण र त्रुटीरहित हुँदैन र हुन सक्तैन पनि। तसर्थ भोजपुरी भाषाको इतिहासको यस पुस्तकमा पनि नजानिँदो गरी कयौँ त्रुटीहरू अवश्य नै रहन गएका हुन सक्छन्। त्यसलाई समयानुकुल क्रमिक सुधार गर्दै आगामी संस्करणमा परिमार्जन गर्दै जाने प्रतिबद्धता व्यक्त गर्नुको साथै त्रुटीहरू भाषा आयोगमार्फत हामीसमक्ष पुऱ्याइदिन सम्पूर्ण पाठक-अध्येताहरूसँग विनम्र अनुरोध गर्दछु।

मिति २०८२ चैत २२

डॉ. गोपाल ठाकुर
अध्यक्ष, भाषा आयोग

www.bhojpurisahityangan.com

सारांश

भोजपुरी हिन्दोपेली भाषा परिवारको नव हिन्द-आर्य उपपरिवारमा बिहारी शाखाको सबैभन्दा पश्चिमी भाषा हो। यसको ऐतिहासिक अन्वेषण गर्दा प्रथम प्राकृतकालमा यस भाषाको अधिकरण कारक -*ए* फेला पर्दछ। सिद्ध र नाथ सम्प्रदायका सन्तहरूको काव्य रचनाबाट भोजपुरीका अन्य व्याकरणिक कोटिहरू प्रस्टिँदै हजरत निजामुद्दीन औलिया र अमीर खुसरोका पद्य रचना, पं. दामोदरको *उक्ति-व्यक्ति-प्रकरण* र कविशेखराचार्य पं. ज्योतिरीश्वरको *वर्ण-रत्नाकर* जस्ता गद्य रचनाहरू तथा महाकवि विद्यापतिका *कृतिलता, कृतिगाथा र कृतिपताका* गीतिकाव्यहरूको साथै उनको पदावली, नचारी र अन्य लोकगीतहरूमा यसको आदिम भाषिक स्वरूपले यसलाई भाषाको श्रेणीमा उभ्याउन सुरु गर्छ। महात्मा कबीरदेखि सन्त भीनकरामसम्मका रचनाहरूमा यसको आदि स्वरूपको दर्शन हुन्छ। क्रमशः यसको लोकवार्ता सुदृढ हुँदै मध्यकालसम्म हाल नेपाल र भारतमा विभक्त भोजपुरीभाषी क्षेत्रका विभिन्न राजा-रजौटाहरूले यसलाई सरकारी कामकाजमा प्रयोग गर्दै विभिन्नखाले तमसुक, भर्पाई र सनदहरू यस भाषामा जारी गर्दछन्। भारतमा क्रमशः मुगलकाल र बेलायती उपनिवेशकालमा स्वाधीनताको लागि यस भाषामा विभिन्न स्वरहरू प्रस्फुटित हुन्छन्। यसको साथै ऋग्वेदमा राजा, यजमान र विश्वरक्षक अर्थ दिने गरी *भोज* शब्दको प्रयोग तथा दसौँ ईसा शताब्दीमा भोजपुरको निर्माणको इतिहास र त्यसै नाममा नै यस भाषालाई *भोजपुरी* भनिएकोमा विद्वज्जनहरूको मतैक्य देखिए पनि भाषाको रूपमा *भोजपुरिआ*को प्रथम प्रयोग सन् १७८१ मा भएको देखिन्छ। सन् १८६८ बाट एकातिर यसको व्याकरणिक स्वरूपको प्राज्ञिक अध्ययन सुरु हुन्छ भने अर्कोतिर यसै शताब्दीदेखि बँधुवा कामदारको रूपमा बेलायती साम्राज्यवादले उखु खेतीको लागि नेपाल-भारतबाट आफ्ना विभिन्न उपनिवेशहरूमा जनशक्तिको विस्तार गर्ने क्रममा भोजपुरीभाषीसँगै भोजपुरी भाषाको पनि वैश्विक विस्तार सुरु हुन्छ। भारतमा यो राष्ट्रिय मुक्तिको साधन हुन पुग्छ र नेपालमा पनि वि.सं. २००९ देखि यसले सामन्ती शोषण विरोधी विद्रोहको स्वर उराल्न सुरु गर्छ र क्रमशः यसको प्रयोग प्राज्ञिक क्षेत्रमा सुरु हुन्छ। तीसवर्षे एकभाषी पञ्चायती राजनीतिक व्यवस्थाको सिकार भए पनि वि.सं. २०५० सालदेखि यसले नेपालको सरकारी सञ्चार माध्यम र वि.सं. २०५४ सालदेखि शिक्षामा प्रवेश पाउँछ। हाल नेपालमा भाषा आयोगले मधेश प्रदेश र लुम्बिनी प्रदेशमा यसलाई सरकारी कामकाजमा प्रयोग गर्न सिफारिस गरेको छ भने भारतीय संविधानको आठौँ अनुसूचीमा दर्ता गराउने प्रयास जारी छ। मॉरीशसमा यसले शिक्षा तथा सञ्चारमा प्रवेश पाएको छ। नेपाल-भारतसँगै विश्वका विभिन्न मुलुकहरूमा यस भाषाका विभिन्न पक्षहरूको अध्ययन-अन्वेषण जारी छ। एकातिर भूमण्डलीकरणले कमजोर भाषाहरूलाई लोप हुने खतरा सृजना गरेको यथार्थ हो भने अर्कोतिर अहिले भोजपुरी भाषा शिक्षा, सङ्गीत-नाट्य, साहित्य सृजन, सिनेमा, आम सञ्चारको साथै प्रत्यक्ष-परोक्ष रूपमा वैश्विक स्तरमा एउटा ठूलै जनसङ्ख्याको ढुकढुकी पनि बन्न पुगेको छ। यस भाषाको श्रीवृद्धिका लागि सचेत र सङ्गठित प्रयास अपेक्षित छ।

www.bhojpurisahityangan.com

विषय सूची

प्राक्कथन	i
कृतज्ञता ज्ञापन	iii
सारांश	v
तालिका सूची	xiv
आरेख सूची	xiv
नक्सा सूची	xiv
संक्षेपीकरण-विस्तृतीकरण	xiv
अध्याय एकः परिचय	**१-१६**
१.० नेव	१
१.१ भोजपुरी मातृभाषी के धर्म, परंपरा आ पेसा	३
१.१.१ धर्म आ परंपरा	३
१.१.२ पेसा	४
१.१.३ सामाजिक संरचना आ संबंध	४
१.१.४ परंपरागत न्याय प्रणाली, संरचना आ परंपरागत कानुन	५
१.२ भोजपुरी भाषा के नेपाल में जनसंख्या वितरण आ वैश्विक विस्तार	५
१.३ अनुवंशिक संबंध	११
१.४ समस्या के प्रस्तुति	१२
१.५ उद्देश्य	१३
१.६ सांदर्भिक साहित्य के पुनरावलोकन	१३
१.७ अनुसंधान पद्धति	१५
१.७.१ अध्ययन क्षेत्र के चयन	१५
१.७.२ तथ्यांक स्रोत	१५
१.७.३ अध्ययन के संरचना	१५
१.७.४ अध्ययन के सीमा	१६
१.८ अध्ययन के संगठन	१६
अध्याय दूः भोजपुरी भाषा के उत्पत्ति आ विकास	**१७-२८**
२.० नेव	१७
२.१ नव हिंद-आर्य भाषा आ भोजपुरी	१७

www.bhojpurisahityangan.com

२.२ नामकरण	१९
२.३ उत्पत्ति संबंधी तर्क आ तथ्य के विशेलेषण	२०
२.४ भोजपुरी भाषा के ऐतिहासिक काल विभाजन	२१
२.४.१ आदिमकाल (ई. पू.-१४२५ ई.)	२४
२.४.२ आदिकाल (१४२६-१७६९)	२५
२.४.३ मध्यकाल (१७७०-१९४९)	२६
२.४.४ आधुनिक काल (१९५० ई. से अब तक)	२७
२.५ सारांश	२८
अध्याय तीनः आदिमकाल (ई. पू.-१४२५ ई)	**२९-९४**
३.० नेव	२९
३.१ प्राकृत काल (ई. पू.-७०० ई.)	३०
३.१.१ ऋग्वेद में *भोज*	३०
३.१.२ सोहगौरा ताम्रपत्र में भोजपुरी के व्याकरणिक कोटि	३१
३.२ अपभ्रंश काल (७००-१०० ई.	३३
३.२.१ सिद्ध-संप्रदाय	३४
३.२.२ नाथ-संप्रदाय	४७
३.३ अवहट्ठ काल (११०१-१४२५ ई.)	५४
३.३.१ पं. दामोदर	५५
३.३.२ अब्दुल रहमान (अद्दहमान)	५६
३.३.३ हजरत निजामुद्दीन औलिया	५७
३.३.४ सुफी संत अमीर खुसरो	५८
३.३.५ शारङ्धर	५८
३.३.६ पं. ज्योतिरीश्वर	६०
३.३.७ विद्यापति	६४
३.४ लोकवार्ता में भोजपुरी	८०
३.४.१ लोकगाथा	८०
३.४.२ लोककथा	८६
३.४.३ लोकगीत	८७
३.४.४ कहाउत	८८
३.४.५ नारा कहाउत	९०
३.४.६ मोहाबरा	९१

www.bhojpurisahityangan.com

३.४.७ बुझउअल	९२
३.५ राजकाज में भोजपुरी	९३
३.६ सारांश	९३
अध्याय चारः आदिकाल (१४२६-१७६९ ई.)	**९५-१२६**
४.० नेव	९५
४.१ साहित्य में भोजपुरी	९८
४.१.१ महात्मा कबीरदास	९८
४.१.२ कमाल दास	१००
४.१.३ धरम दास	१०१
४.१.४ भड्डरी	१०२
४.१.५ घाघ	१०३
४.१.६ बाबा बुलाकी दास (बुल्ला साहेब)	१०४
४.१.७ दरिआ दास	१०५
४.१.८ धरनी दास	१०६
४.१.९ परमहंस शिवनारायण स्वामी	१०७
४.१.१० गुलाल साहेब	१०७
४.२ व्रतकथा आ लौकिक संस्कार में भोजपुरी	११०
४.२.१ लाखपाँचो/नागपंचमी	११०
४.२.२ साउनी पूजा	११०
४.२.३ जन्माष्ठमी	११०
४.२.४ तीज	११०
४.२.५ चकुचन्ना	१११
४.२.६ नाग दुलरुआ	१११
४.२.७ जीतिआ	१११
४.२.८ दसईं	१११
४.२.९ दीवाली	११२
४.२.१० छठ	११२
४.२.११ शिवरात	११२
४.२.१२ पचरा	११२
४.२.१३ रामनौमी	११३
४.२.१४ गोदभराई	११३
४.२.१५ बधाई	११३

www.bhojpurisahityangan.com

४.२.१५ छठिआर	११३
४.२.१६ बरहिआ	११४
४.२.१७ अन्नप्राशन/भतखिआई	११४
४.२.१८ मुंडन	११४
४.२.१९ ब्रतबंध	११५
४.२.२० बिआह	११५
४.२.२१ डोमकछ	११५
४.२.२२ मृत्यु	११५
४.३ राजकाज में भोजपुरी	११६
४.३.१ नेपालीय क्षेत्र में मिलल दस्तावेज	११६
४.३.२ भारत के राज-रजवाड़ा के बीच में भोजपुरी	१२२
४.४ सारांश	१२५
अध्याय पाँचः मध्यकाल (१७७०-१९४९ ई.)	**१२६-१७२**
५.० नेव	१२६
५.१ साहित्य में भोजपुरी	१२८
५.१.१ स्वामी भिनक राम	१२९
५.१.२ भीखम राम	१२९
५.१.३ टेकमन राम	१३०
५.१.४ छत्तर बाबा	१३०
५.१.५ पलटु दास	१३०
५.१.६ श्री जोगेश्वर दास 'परमहंस'	१३१
५.१.७ केसोदास जी	१३१
५.१.८ तोफा राय	१३१
५.१.९ शैयदअली मुहम्मद 'शाद'	१३२
५.१.१० सुवचन दासी	१३२
५.१.११ बाबू रघुवीर नारायण	१३३
५.१.१२ महेंद्र मिश्र	१३३
५.१.१३ हीरा डोम	१३४
५.१.१४ भिखारी ठाकुर	१३५
५.१.१५ बनारसी प्रसाद 'भोजपुरी'	१३६
५.१.१६ भुवनेश्वर प्रसाद 'भानु'	१३७

www.bhojpurisahityangan.com

५.२ राजकाज में भोजपुरी	१३७
५.२.१ नेपाल के राज-रजवाड़ा के बीच में भोजपुरी	१३८
५.२.२ भारत के राज-रजवाड़ा के बीच में भोजपुरी	१४३
५.३ शोधकार्य में भोजपुरी	१४९
५.३.१ भोजपुरी नाम से पहचान	१४९
५.३.२ भोजपुरी के भाषिक-सांस्कृतिक अध्ययन	१५१
५.४ भोजपुरी के वैदेशिक फैलाव	१५९
५.५ संगीत-नाट्य, सिनेमा आ ललितकला में भोजपुरी	१६२
५.१.१ संगीत-नाट्य में भोजपुरी	१६२
५.५.२ सिनेमा में भोजपुरी	१६९
५.५.३ ललितकला में भोजपुरी	१७१
५.६ सारांश	१७३
अध्याय छौः आधुनिक काल (१९५० से अब तक) नेपाल में भोजपुरी	**१७४-२६६**
६.० नेव	१७४
६.१ पहिलका चरण (वि. २००७-२०१७, तदनुसार १९५०-१९६० ई.)	१७६
६.१.१ पद्य साहित्य	१७७
६.१.२ गद्य साहित्य	१७९
६.१.३ संगीत-नाट्य में भोजपुरी	१७९
६.२ दोसरका चरण (वि. २०१७-२०३६, तदनुसार १९६०-१९७९ ई.)	१८०
६.२.१ पद्य विधा	१८१
६.२.२ गद्य विधा	१८१
६.२.३ नाटक मंचन	१८२
६.२.४ भोजपुरी भाषा के प्रारंभिक पत्रपत्रिका	१८२
६.२.५ समालोचना	१८३
६.२.६ भोजपुरी के भौगोलिक वैशिष्ट्यान्वेषण	१८५
६.२.७ भोजपुरी भाषा-साहित्य के विकास में प्रारंभिक संघ-संस्था	१८६
६.२.८ संगीत-नाट्य में भोजपुरी	१८७
६.३ तीसरका चरण (वि. २०३६-२०४६, तदनुसार १९७९-१९९० ई.)	१८९
६.३.१ पत्रिका प्रकाशन	१८९

www.bhojpurisahityangan.com

६.३.२ नाटक लेखन-मंचन	१९०
६.३.३ नाटक प्रकाशन	१९१
६.३.४ पद्य विधा	१९१
६.३.५ समालोचना	१९३
६.३.६ सरकारी संचार माध्यम में भोजपुरी	१९३
६.३.७ संगीत-नाट्य में भोजपुरी	१९३
६.४ चउथा चरण (वि. २०४६-२०६३, तदनुसार १९९०-२००६ ई.)	१९७
६.४.१ पद्य विधा	१९९
६.४.२ गद्य विधा	२०१
६.४.३ अनुवाद में भोजपुरी	२०४
६.४.४ भोजपुरी पर प्राज्ञिक अन्वेषण	२०६
६.४.५ कुछ महत्त्वपूर्ण साहित्यिक गतिविधि	२०८
६.४.६ पत्रिका प्रकाशन	२११
६.४.७ ऐतिहासिक साहित्यिक सम्मेलन	२११
६.४.८ ऐतिहासिक विशेषांक प्रकाशन	२१८
६.४.९ भोजपुरी जीवनी साहित्य	२२१
६.४.१० यात्रा वृत्तांत	२२३
६.४.११ अन्य गद्य विधा	२२४
६.४.१२ भोजपुरी साहित्यकार के सम्मान	२२५
६.४.१३ सरकारी संचार माध्यम में भोजपुरी	२२६
६.४.१४ एह चरण के फुटकर कवि तथा रचनाकार	२२६
६.४.१५ संगीत-नाट्य में भोजपुरी	२२८
६.४.१६ सिनेमा में भोजपुरी	२३१
६.४.१७ ललितकला में भोजपुरी	२३१
६.५ पाँचवा चरण (वि. २०६३, तदनुसार २००६ ई. से अभी तक)	२३३
६.५.१ पद्य विधा	२३५
६.५.२ गद्य विधा	२३५
६.५.३ अनुवाद में भोजपुरी	२३९
६.५.४ भोजपुरी जीवनी साहित्य	२४४
६.५.५ यात्रा वृत्तांत	२४५
६.५.६ अंतर्वार्ता	२४५
६.५.७ विविध	२४६

www.bhojpurisahityangan.com

६.५.८ शोधकार्य, व्याकरण आ शब्दकोश	२४६
६.५.९ आउर भाषिक-साहित्यिक गतिविधि	२५१
६.५.१० भोजपुरी पुरस्कार आ सम्मान	२५८
६.५.११ सरकारी संचार माध्यम में भोजपुरी	२५९
६.५.१२ सरकारी कामकाज ला सिफारिस	२६०
६.५.१३ एह चरण के फुटकर कवि आ रचनाकार	२६०
६.५.१४ संगीत-नाट्य में भोजपुरी	२६२
६.५.१५ सिनेमा में भोजपुरी	२६३
६.५.१६ ललितकला में भोजपुरी	२६५
६.६ सारांश	२६६
अध्याय सातः आधुनिक काल (१९५० ई. से अब तक) नेपाल से बाहर भोजपुरी	**२६७-२९३**
७.० नेव	२६७
७.१ भारत में भोजपुरी	२६८
७.१.१ लोकवार्ता	२६८
७.१.२ परिष्कृत साहित्य	२७२
७.१.३ भाषावैज्ञानिक अध्ययन में भोजपुरी	२७४
७.१.४ व्याकरण लेखन	२७९
७.१.५ शब्दकोश	२८३
७.१.६ भोजपुरी भाषा आ व्याकरण के इतिहास	२८६
७.२ मॉरीशस में भोजपुरी	२८६
७.२.१ डॉ. सरिता बुद्धू	२८८
७.२.२ सुचिता रामदीन	२८९
७.२.३ योगेश्वरी झींगन	२८९
७.३ फिजी में भोजपुरी	२८९
७.३.१ रोडनी एफ. मोग	२८९
७.४ दक्खिन अफ्रिका में भोजपुरी	२९०
७.४.१ राजेंद मिस्त्री	२९०
७.५ सुरीनाम में भोजपुरी	२९०
७.६ ट्रिनिडाड आ टुबैगो में भोजपुरी	२९२
७.७ गुयना में भोजपुरी	२९२

www.bhojpurisahityangan.com

७.८ आउर देशन में भोजपुरी	२९३
७.९ सारांश	२९३
अध्याय आठः भोजपुरी के अवस्था आ विशेषता	**२९४-३१९**
८.० नेव	२९४
८.१ भोजपुरी भाषा के अवस्था	२९४
८.१.१ लोकवार्ता	२९४
८.१.२ साहित्य	२९५
८.१.३ संगीत-नाट्य	२९५
८.१.४ सिनेमा	२९६
८.१.५ पत्रकारिता	२९६
८.१.६ शोधकार्य	२९७
८.१.७ शिक्षा	२९७
८.१.८ राजकाज	२९७
८.२ भोजपुरी भाषा के विशेषता	२९८
८.२.१ भोजपुरिअन के सुभाव	२९८
८.२.२ भोजपुरी भाषा के भौगोलिक आ जातीय विशेषता	३०१
८.२.३ वर्णविज्ञान	३०३
८.२.४ लिपि प्रयोग	३१४
८.३ सारांश	३१९
अध्याय नौः प्राप्ति, निष्कर्ष आ सुझाव	**३२०-३२४**
९.० नेव	३२०
९.१ प्राप्ति	३२०
९.२ निष्कर्ष	३२२
९.३ सुझाव	३२२
परिशिष्ट	**३२५**
संदर्भ सूची	**३२६-३३६**

www.bhojpurisahityangan.com

तालिका सूची

तालिका १.१ नेपाल के भाषा परिवार, मातृभाषा आ मातृभाषिअन के जनसंख्या १
तालिका १.२ नेपाल में भोजपुरी मातृभाषिअन के प्रदेशगत जनसंख्या ६
तालिका १.३ नेपाल में भोजपुरी मातृभाषिअन के सघन बसोबास आ जनसंख्या ६
तालिका १.४ नेपाल में भोजपुरिअन के पुस्तइनी जिलागत जनसंख्या ७
तालिका ६.१ नेपाल में निर्मित भोजपुरी चलचित्र २६३
तालिका ८.१ भोजपुरी व्यंजन ३०४
तालिका ८.२ भोजपुरी में मौखिक मूल स्वर ३११

आरेख सूची

आरेख १.१ नेपाल के भाषा परिवार २२
आरेख १.२ हिंद-आर्य भाषा सब १२
आरेख २.१ हिंद-आर्य भाषा के विकासक्रम १८
आरेख २.२ नव हिंद-आर्य भाषा के विकासक्रा १९
आरेख ३.१ महाकवि विद्यापति के वंशावली ६५
आरेख ८.१ भोजपुरी अक्षर ३१४

नक्सा सूची

नक्सा १.१ नेपाल में भोजपुरिअन के वितरण ९
नक्सा ८.१ नेपालीय भोजपुरी भाषिकांतर ३०३

संक्षेपीकरण-विस्तृतीकरण

ई.	ईसवी संवत
वि.	विक्रम संवत
वि.सं.	विक्रम संवत

www.bhojpurisahityangan.com

अध्याय एक
परिचय

१.० नेव

नेपाल क्षेत्रफल के हिसाब से एगो छोट देश भइला का बावजुद भाषिक विविधता के उर्बर भूमि रहल बा। नेपाल के सबसे पछिला जनगणना, २०२१ (वि. २०७८) के प्रतिवेदन में उल्लेख भइल अनुसार इहाँ कम से कम १२४ भाषा बोलल जाला। भाषा परिवार के हिसाब से ओह भषन के संख्या एहतरे रहल बाः

आरेख १.१ नेपाल के भाषा परिवार



स्रोतः राष्ट्रीय तथ्यांक कार्यालय, २०२१ आ भाषा आयोग (वि. २०८०, पृ. २४-२५)

एह तालिका में सुस्त श्रवण जन के सांकेतिक भाषा के उल्लेख नइखे। बाँकिर समूचा भषन के नाम सहित एकनी के वक्ता संख्या आ कुल जनसंख्या के प्रतिशत हिंस्सा तालिका १.१ में देखावल गइल बा।

तालिका १.१ नेपाल के भाषा परिवार, मातृभाषा आ मातृभाषिअन के जनसंख्या

क्र.सं.	परिवार	भाषा के नाम	संख्या	मातृभाषी (%)
१.	हिंदोपीय	नेपाली, मैथिली, भोजपुरी, थारू, बज्जिका, अवधी, डोटच्याली, उर्दू, मगही, बैतड़ेली, अछामी, राजवंशी, खस, बझाङी, हिंदी, राना थारू, बाजुरेली, दनुवार, दार्जुलेली, अंगिका, माझी, गनगाई, बड्ला, मारवाड़ी, डडेलधुरी, ताजपुरिआ, कुमाल, मुसलमान, संस्कृत, दरई, जुम्ली, बोटे, दैलेखी, केवरत, डोने, साद्री, सोनहा, किसान, पंजाबी, कुर्माली, कोचे, सिंधी, मालपाँड़े, सधनी आ हरियान्वी।	४५	२,४२,२७,४११ (८३.१%)

www.bhojpurisahityangan.com

२.	भोट-बर्मी	तामाङ, नेपालभाषा (नेवार), मगर ढुट, याक्थुङ/लिंबू, गुरुङ, राई, बांतवा, शेर्पा, मगर खाम, चाम्लिङ, चेपाङ, कुलुङ, सुनुवार, थामी, थुलुङ, घले, सांपाङ, धिमाल, खालिङ, वांबुले, बाहिङ/बायुङ, याक्खा, भोटे, भुजेल, यांफू/यांफे, नाछिरिङ, ह्योल्मो/य्होल्मो, दुमी, मेवाहाङ, पुमा, पहरी, दुङ्माली, अठपहरिआ, जिरेल, तिब्बती, कोयी, चुम/नुब्री, राजी, थकाली, छंत्याल, मेचे, लोहोरुङ, डोल्पाली, जेरो/जेरुङ, मुगाली, छिंताङ, कर्मारोङ, लाप्चा, ल़ोपा, तिलुङ, छिलिङ, मनाङे, दुरा, ब्यासी, बारागुन्वा, बालकुरा/बाराम, मगर कइके, हायू/भायू, धुलेली, खाम्ची (राउटे), लुंखिम, कगते, लोवा, वालिङ/वालुङ, ल़ोमी, नार-फू, तिछोरोङ पोइके, कोचे, फाङ्दुवाली, सुरेल, बेल़ारे, साम आ बनकरिआ।	७३	४८,३७,८०८ (९६.६%)
३.	आग्नेय	सांथाली, मुंडा/मुड़ियारी, खड़िआ	३	५५,९१६ (०.२%)
४.	द्रविड	उराँव/कुड़ुख	१	३८,८७३ (०.०%)
५.	अन्य	कुसुंडा	१	२३ (०.०%)

स्रोतः राष्ट्रीय तथ्यांक कार्यालय (२०२१, पृ. २१ आ १२३-१२६)

तालिका १.१ में देखावल भषन के अलावा एगो सांकेतिक भाषा बा जेकर वक्ता संख्या १,७८४ देखावल गइल बा (रा. त. का., २०२१, पृ. १२६)।

तालिका १.१ के अनुसार नेपाल में सर्वाधिक मातृभाषिअन द्वारा बोलल जाएवाला हिंदोपीय भाषा परिवार में आ नेपाल के समग्र भषन में तिसरका सबसे बड़ भाषा भोजपुरी हिंदोपीय भाषा परिवार के हिंद-आर्य भाषा उप-परिवार अंतर्गत पूर्वी समूह के बिहारी शाखा के पच्छिमी भाषा ह। एह भाषा के इतिहास सहस्रादी से बेसी पुरान होत भी ईसा के १९वाँ शताब्दी से एह पर चर्चा परिचर्चा आ खोजखबर के काम सुरु भइल बा। भोजपुरिअन का साथे भोजपुरी भाषा के विस्तार विश्व के हरेक कोना कोना तक हो गइला के बावजुद भोजपुरी आ भोजपुरिअन पर अभी बहुत ठोस अध्ययन आ अनुसन्धान के काम सुरुआतिए अवस्था में बा। खास कके भाषिक

www.bhojpurisahityangan.com

इतिहास पर त नेपाल में अभी चर्चो नइखे भइल। भारत में सन १८९३ ई. में पं. दूधनाथ उपाध्याय के *गोविलाप छंदावली* (उपाध्यायद्वय, १९८४, पृ. ५) आ नेपाल में वि. सं. २०१० में हरिहर यादव के *मेला के बहार* गीत संग्रह से भोजपुरी के आधुनिक साहित्य सुरु भइल मानल जाला। तइओ भोजपुरी भाषा पर कलम विदेशिए लोग चलौले बा पहिले। एह में ग्रिअर्सन के *भारत के भाषावैज्ञानिक सर्वेक्षण* के महत्त्वपूर्ण स्थान बा।

अतः भोजपुरी के ऐतिहासिक अवस्था से परिचय करावे खातिर ई अध्ययन प्रस्तुत कइल गइल बा जेकर एह अध्याय में खंड १.१ में भोजपुरी मातृभाषी के धर्म, परंपरा आ पेसा; खंड १.२ में भोजपुरी भाषा के जनसंख्या वितरण, खंड १.३ में अनुवंशिक संबंध, खंड १.४ में समस्या के प्रस्तुति, खंड १.५ में उद्देश्य, खंड १.६ में सांदर्भिक साहित्य के पुनरावलोकन, खंड १.७ में अनुसंधान पद्धति आ खंड १.८ में अध्ययन के संगठन प्रस्तुत कइल गइल बा।

१.१ भोजपुरी मातृभाषी के धर्म, परंपरा आ पेसा

१.१.१ धर्म आ परंपरा

धर्म के मौलिक अर्थ त कौनो सजीव भा निर्जीव वस्तु के गुण ह। मानव जाति में भी धर्म के दसगो लक्षण बतावल गइल बाः—

(१) ***धृतिः क्षमा दमोऽस्तेयं शौचमिन्द्रिय निग्रहः।***
धीर्विद्या सत्यमक्रोधो दशकं धर्मलक्षणम्॥

'धैर्य, क्षमा, दुष्कर्म विरोधी मानसिक शक्ति, अहरण, शुद्धता, इंद्रियनिग्रह, सत्कार्य, ज्ञान, सच्चाई आ क्रोधहीनता कके धर्म के दसगो लक्षण हउए।' (मनुस्मृतिः ६-९२; द्विवेदी, १९१७, पृ २०५)

अतः धर्म के मौलिक लक्षण में आध्यात्मिकता भा भौतिकता के चुनाव सामिल नइखे। बाँकिर अर्थवैज्ञानिक हिसाब से कौनो शब्द के अर्थांतरणो होला। एहीतरे ई धर्म अब अङरेजी शब्द रिलिजन के समकक्षी हो गइल बा जेकर मतलब मजहब भा संप्रदाय होला। एह हिसाब से भोजपुरी समाज के देखला पर आरंभ से एतहाँ हिंदूवादी वर्णव्यवस्था हावी बा। पारंपरिक रूप से भोजपुरी समाज ब्राम्हण, क्षत्रिय, वैश्य आ शूद्र कके चारू वर्ण के लोग के साझा समाज ह। एकरा साथ साथ हिंदू धर्म के भीतर भी सगुन आ निर्गुण दूनू पंथ के जबर्दस्त मान्यता बा। सगुन पंथ में ईश्वर के सगुन रूप यानी दशावतार में लोग विश्वास करेला त निर्गुण पंथ में ईश्वर के निराकार रूप में। मूलभूत रूप में एह पंथ के प्रवर्तक के रूप में भोजपुरी के आदिकवि संत कबीरदास के मानल जाला।

मुसलमानी आक्रमण का साथे आइल इस्लामिक प्रभाव से बहुत भोजपुरिआ लोग मुसलमान बन गइल। साथे पच्छिमी प्रभाव से आजो लोग इसाई जरूर बन रहल बा। पहचान के मुद्दा प्रभावशाली भइला का साथे कुछ लोग अपना के बौद्ध कह रहल

www.bhojpurisahityangan.com

बा त कुछ लोग प्रकृतिपूजक बता रहल बा। एकरा साथ साथ द्वंद्वात्मक आ ऐतिहासिक भौतिकवाद के अनुयायी लोग अपना के कौनो मजहबी धर्म से अलग रूप में निरीश्वरवादी भी बता रहल बा।

एहतरे मजहबी हिसाब से मूल रूप में भोजपुरिआ समाज हिंदू, इस्लाम, बौद्ध आ प्रकृतिपूजक का साथे निरीश्वरवादी लोग के साझा स्थल के रूप में अब आगे बढ़ रहल बा।

१.१.२ पेसा

परंपरागत रूप में भोजपुरी समाज के खेती-किसानी आ पशुपालन मुख्य पेसा रहल बा। हिंदू वर्ण व्यवस्था में चार वर्ण आ ओह में सैकड़ो जात के उपस्थिति पेसागत आधार पर ही रहल बा, जइसेः वेद-शास्त्र के आधार पर जजमानी करेवाला ब्राम्हण, शासन करेवाला क्षत्रिय, कृषि आ व्यापार करेवाला वैश्य आ विभिन्न पेसा से सब के सेवा करेवाला शूद्र वर्ण के भीतर पुरोहिती करेवाला ब्राम्हण पुरोहित, शासन करेवाला राजवंश राजपूत, ओही में भूमिपति भूमिहार, श्रेस्ता राखेवाला कायस्थ, लोहा के काम करेवाला लोहार, केस काटेवाला यानी हजामत करेवाला हजाम, चमड़ा के काम करेवाला चमार आदि आदि। एकरा साथ साथ एही पर आधारित उद्योग, व्यापार का साथे आज के आधुनिक समाज में हर तरह के पेसा-व्यवसाय का साथ सरकारी भा निजी प्रतिष्ठान में औपचारिक-अनौपचारिक नौकरी का साथे वैदेशिक रोजीगार में भी भोजपुरी समाज के सदस्यन के सहभागी भइल देखल जाला।

१.१.३ सामाजिक संरचना आ संबंध

भोजपुरी समाज के हिंदू समुदाय में आम रूप में कुछ अपवाद के छोड़के ब्राम्हण संपन्न ना रहला के बावजुद सर्वमान्य बा आ अच्छा से जीवनयापन करेला। साधारणतया क्षत्रिय समुदाय खास कके राजपूत आ भूमिहार आजो भूमिपति बा। वैश्य में भी कुछ अछूत बा त कुछ नइखे। बाँकिर एतहाँ आर्थिक संपन्नता के कारण वैश्य बीच के छुआछुत क्रमशः हटत गइल बा आ विपन्नता के कारण दोसर लोग के हालत बिगड़त गइल बा। उदाहरण खातिर हजाम, लोहार आ माली अछूत नइखे बाँकिर अछूत साव लोग का आगे हाँथ पसारे पर सब दिना विवश रहल बा। एह लोग के पउनी कहल जाला आ पउनी का बारे में भोजपुरिआ समाज में एगो कहावत आजो प्रचलित बाः

(२) *पउनी के दउनी कइसन?*

कहे के मतलब पउनी के खेती-गृहस्थी ना होखेके चाहीं। शूद्र लोग के त हालत काफी दूर्दांत बा। खेती के समूचा काम उहे करी आ अन्न ओही लोग से छुआई। घर उहे बनाई, बाँकिर घरपूजा का बाद ओह लोग के भीतर पइसल मनकराही हो जाई। इहाँ तक कि पहिले ईनार आ अब कल गाड़े में ऊहे लोग काम करी, बाँकिर पानी ओही लोग से छुआई। एगो आउर बड़ा गजब के बात बा, डोम के डाला के बिना कौनों के सादी ना होई, बाँकिर ऊ चौकठ भा पनघट पर ना जा सकेला।

www.bhojpurisahityangan.com

एहीलेखा भोजपुरिआ समाज अभी तक रुढीवादी मान्यता के ढोअत आ रहल बा, जइसेः डाइनजोगिन, तंतरमंतर, भूतप्रेत, बलिप्रथा आदि। नेपाल में संवैधानिक आ कानुनी रूप से केहू के अब डाइन कहके कौनो तरह के शारीरिक, मानसिक भा सामाजिक यातना दंडनीय बा। बाँकिर सत्तापक्षीय होखे भा विपक्षी, बड़े-बड़े महानुभाव लोग के गरिमामय उपस्थिति में अबो अइसन गीत गावल जालाः—

(३) *खइबे त खो डइनी कोतरा मछरिआ,*
ना खइबे कोतरा चिबइबे आपन भतरा
चल चल गे डइनी कदम तर
तोरा बेटा के खैबऊ बऱम तर

ई गीत-नाच दर्सा रहल बा कि रूढिवादी मानसिकता अबही हटल नइखे।

१.१.४ परंपरागत न्याय प्रणाली, संरचना आ परंपरागत कानुन

भोजपुरी समाज में हिंदू सामंती मूल्य-मान्यता के आधार पर न्याय के भी प्रतिपादन होखे के परंपरा रहल बा। समग्रता में कौनो विशेष संरचना भी नइखे बाँकिर धार्मिक परंपरा के जातिगत रूप से पूरा करे खातिर मानजन, देवान, सिपाही राखे के परंपरा भी अब व्यवहार में नइखे लउकत जे पहिले धार्मिक भा पारिवारिक अनुष्ठान के समय व्यवस्थापन के काम करत रहे। जातीय अनुशासन से बाहर जाएवाला लोग के जात से निकाल बाहरो करत रहे। यानी ओकर भोज-भात, हुँका-पानी बंद हो जात रहे। कठोर दंड के व्यवस्था भी रहे जइसे यादव में मुड़ी पर दही के तउला धके फोर देहल जात रहे त लोहार में गर में हर के ठेंठा बाऩके घुमावल जात रहे, आदि आदि।

बाँकिर अब ऊ सभी प्रचलन गैरकानूनी बा। तेपरो शिवदर्शन खातिर गाफला भा काफला के संगठन आजो बा। ओह में जिमदार, महंथ, तहबीलदार, सिपाही आदि के व्यवस्था बा।

एहीतरे पहिले गाँव के सामंत लोग न्याय निरूपण भी करत रहे जौन अब करीब करीब ओरा गइल बा। तइओ चौकीदार राखे के प्रचलन आजो जनप्रतिनिधि लोग कायम रखले बा।

जहाँ तक कानून के बात बा त भोजपुरिआ समाज में कौनो परंपरागत कानून प्रचलन में नइखे लउकत बाँकिर हिंदू समाज गीता आ रामायण आ मुस्लिम समाज में सरिया कानून प्रचलन में रहल बा।

१.२ भोजपुरी भाषा के नेपाल में जनसंख्या वितरण आ वैश्विक विस्तार

बहुधार्मिक, बहुजातीय भाषा भोजपुरी अनेको समुदाय के मातृभाषा रहल बा। ई अभी नेपाल के चारगो प्रदेश में बोलल जालाः मधेश, बागमती, गंडकी आ लुंबिनी प्रदेश में। अतः नेपाल के मधेशी क्षेत्र के ई दोसरका भाषा भइला के साथ साथ समग्र भारत के दोसरका भाषा बा। फिलहाल एह अध्ययन के केंद्रविंदु नेपाल भइला से एतहाँ नेपाल के

www.bhojpurisahityangan.com

जनगणना, २०२१ के प्रतिवेदन अनुसार एह चारू प्रदेशन के क्रमशः सर्लाही, रौतहट, बारा, पर्सा, चितवन, नवलपरासी (सुस्ता से पुरुब आ सुस्ता से पच्छिम) आ रूपंदेही जिलन में खास बसोबास रहके नेपालभर छितराके रहल भोजपुरी मातृभाषिअन के कुल जनसंख्या १८,२०,७९५ रहल बा जे नेपाल के कुल जनसंख्या के ६.२४% होला। तालिका १.२ भोजपुरी मातृभाषिअन के प्रदेशगत जनसंख्या के अइसन वितरण भइल देखावेलाः

तालिका १.२ नेपाल में भोजपुरी मातृभाषिअन के प्रदेशगत जनसंख्या

	प्रदेश	जनसंख्या	भोजपुरिआ	प्रतिशत
१.	कोशी	४९,६१,४१२	२२,०९८	०.४५%
२.	मधेश	६१,१४,६००	११,४९,९६२	१८.८०%
३.	बागमती	६१,१६,८६६	६९,७६३	१.१४%
४.	गंडकी	२४,६६,४२७	१५,०९०	०.६१%
५.	लुंबिनी	५१,२२,०७८	५,६२,०६२	११.००%
६.	कर्णाली	१६,८८,४१२	५५७	०.०३%
७.	सुदूर पच्छिम	२६,९४,७८३	१,२६३	०.०५%
	जमा	२,९१,६४,५७८	१८,२०,७९५	६.२४%

स्रोतः राष्ट्रीय तथ्यांक कार्यालय, जनगणना प्रतिवेदन, २०२१

तालिका १.२ के देखला पर नेपाल के सातू प्रदेश में भोजपुरी मातृभाषिअन के जनसंख्या में सब से अधिक मधेश आ लुंबिनी प्रदेश में देखल गइल बा त ओकरा बाद क्रमशः बागमती, कोशी, गंडकी, सुदूर पच्छिम आ कर्णाली में। एह प्रदेशगत जनसंख्या वितरण के भोजपुरिअन के कम से कम ५०० से उपर बसोबास रहल जिलागत रूप में तालिका १.३ में एहतरे देखावल जा सकेलाः

तालिका १.३ नेपाल में भोजपुरी मातृभाषिअन के सघन बसोबास आ जनसंख्या

	प्रदेश	जिला	जनसंख्या	भोजपुरिआ	प्रतिशत
१.	कोशी	झापा	९,९८,०५४	३,९५५	०.४०%
२.	कोशी	मोरङ	११,४८,१५६	१०,०२८	०.८७%
३.	कोशी	सुनसरी	९,२६,९६२	६,८५५	०.७४%
४.	मधेश	सर्लाही	८,६२,४७०	३,२४५	०.३८%
५.	मधेश	रौतहट	८,१३,५७३	२६,६८४	३.२८%
६.	मधेश	बारा	७,६३,१३७	५,६३,६६४	७३.८६%
७.	मधेश	पर्सा	६,५४,४७१	५,५४,३७५	८४.७०%
८.	बागमती	काठमाड़ो	२०,४१,५८७	३०,३५८	१.४९%
९.	बागमती	ललितपुर	५,५१,६६७	६,१३१	१.११%
१०.	बागमती	भक्तपुर	४,३२,१३२	३,१२६	०.७२%

www.bhojpurisahityangan.com

११.	बागमती	काभ्रेपलांचोक	३,६४,०३९	१,००२	०.२८%
१२.	बागमती	धादिङ	३,२५,७१०	१,१२७	०.३५%
१३.	बागमती	मकवानपुर	४,६६,०७३	८,१४३	१.७५%
१४.	बागमती	चितवन	७,१९,८५९	१७,८२१	२.४८%
१५.	गंडकी	कास्की	६,००,०५१	५,०७९	०.८५%
१६.	गंडकी	तनहुँ	३,२१,१५३	१,९५०	०.६१%
१७.	गंडकी	नवलपरासी (सुपु)	३,७८,०७९	५,३७०	१.४२%
१८.	लुंबिनी	कपिलवस्तु	६,८२,९६१	२,२४९	०.३३%
१९.	लुंबिनी	पाल्पा	२,४५,०२७	८४७	०.३५%
२०.	लुंबिनी	बर्दिया	४,५९,९००	१,९४२	०.४२%
२१.	लुंबिनी	नवलपरासी (सुप)	३,८६,८६८	१,९७,०७८	५०.९४%
२२.	लुंबिनी	रूपंदेही	११,२१,९५७	३,५७,१०८	३१.८३%

स्रोतः राष्ट्रीय तथ्यांक कार्यालय, जनगणना प्रतिवेदन, २०२१

भोजपुरिआ लोग कर्णाली प्रदेश के मुगु आ सुदूर पच्छिम प्रदेश के बझाङ के अलावा नेपाल के बाँकी ७५ओ जिलन में बसल बाड़न। बाँकिर ओह लोग के पुस्तइनी बासस्थान मधेश प्रदेश के सर्लाही, रौतहट, बारा आ पर्सा जिला; बागमती प्रदेश के चितवन जिला; गंडकी प्रदेश के नवलपरासी (सुस्ता से पुरुब); आ लुंबिनी प्रदेश के नवलपरासी (सुस्ता से पच्छिम) आ रूपंदेही जिला रहल बा जहाँ ओह लोग के वर्तमान जनसांख्यिक स्थिति के तालिका १.४ में देखावल गइल बा।

तालिका १.४ नेपाल में भोजपुरिअन के पुस्तइनी जिलागत जनसंख्या

	प्रदेश	जिला	जनसंख्या	भोजपुरिआ	प्रतिशत
१.	मधेश	सर्लाही	८,६२,४७०	३,२४५	०.३८%
२.	मधेश	रौतहट	८,१३,५७३	२६,६८४	३.२८%
३.	मधेश	बारा	७,६३,१३७	५,६३,६६४	७३.८६%
४.	मधेश	पर्सा	६,५४,४७१	५,५४,३७५	८४.७०%
५.	बागमती	चितवन	७,१९,८५९	१७,८२१	२.४८%
६.	गंडकी	नवलपरासी (सुपु)	३,७८,०७९	५,३७०	१.४२%
७.	लुंबिनी	नवलपरासी (सुप)	३,८६,८६८	१,९७,०७८	५०.९४%
८.	लुंबिनी	रूपंदेही	११,२१,९५७	३,५७,१०८	३१.८३%
जमा			५७,००,४१४	१७,२५,३४५	३०.२७%
प्रतिशत			१९.५५%	९४.७६%	

स्रोतः राष्ट्रीय तथ्यांक कार्यालय, जनगणना प्रतिवेदन, २०२१

www.bhojpurisahityangan.com

गैर-भोजपुरिअन के आंतरिक आप्रवासन आ थारू लोग के अपने जातीय-भाषिक पहचान में रूपांतरण के कारण चितवन में भोजपुरिअन के जनसंख्या बहुते दुबराइल लउकता, यद्यपि २००१ आ २०११ के जनगणना के तुलना में ई तनिका-सा मोटाइल बा। एहीतरे पहिलका जनगणनन में भोजपुरिआ के रूप में आपन गणना करावेवाला बहुतो अइसन स्थानीय बासी के एने बज्जिकाभाषी होके गणना करइला से रौतहट आ सर्लाही में भोजपुरिअन के जनसंख्या २००१ के तुलना में क्रमशः २०११ आ २०२१ में न्यून होत गइल बा।

भोजपुरिअन के समग्र जनसंख्या वितरण के देखला पर ९४.७६% अपने पुस्तइनी जगह पर बस रहल बा लोग जे २०११ के तुलना में तनिका कम बा। यानी अब भोजपुरिअन के आप्रवासन भी आउर जिलन में बढ़ल बा जे कोशी के झापा, मोरङ आ सुनसरी; बागमती प्रदेश के काठमाड़ो, ललितपुर, भक्तपुर, काभ्रेपलांचोक, धादिङ आ मकवानपुर; गंडकी के कास्की आ तनहुँ; आ लुंबिनी के कपिलवस्तु, पाल्पा आ बर्दिआ में कम से ५०० से उपर भोजपुरिअन के रहल तालिका १.३ बतावेला।

एहीतरे पछिल्का जनगणना, २०२१ अनुसार नेपाल के १,३८,५७२ नागरिक भोजपुरी के आपन दोसरका भाषा के रूप में प्रयोग करेलन। ई संख्या नेपाल के कुल जनसंख्या के ०.४८% होला। एहतरे पहिलका भा दोसरका भाषा के रूप में नेपाल में १९,५९,३६७ नेपाली जनता एह भाषा के प्रयोग करेला जे कुल जनसंख्या के ६.७४% होला। यद्यपि ई आधिकारिक तथ्यांक ह, भोजपुरिआ लोग नेपाल में एह से असहमत होत आपन जनसंख्या एह से बहुते उपर रहल दावा करेलन।

एहीतरे एथ्नोलॉग भारत में भोजपुरिअन के जनसंख्या ५,०६,००,००० बतइले बा त विश्वभर में भोजपुरिअन के जनसंख्या मातृभाषी के रूप में ५,२३,०३,००० आ दोसरका भाषाभाषी के रूप में १,६०,००० कके जमा वैश्विक जनसंख्या ५,२४,६३,००० देखइले बा। बाँकिर भारत में भोजपुरी के अब तक संविधान के आठवाँ अनुसूची में दर्ज ना कइला से भोजपुरिअन के हिंदीभाषी के रूप में देखावल कइल गइल बा। एकरा बादो नेपाल के जनगणना, २०२१ के अनुसार भोजपुरी नेपाल के तीसरका भाषा ह त एथ्नोलॉग, २०१९ (२२वाँ संस्करण) के अनुसार ई विश्व के २६वाँ प्रमुख भाषा ह।

नेपाल में भोजपुरिअन के वितरण नक्सा में अइसे देखावल मिलेलाः

www.bhojpurisahityangan.com

नक्सा १.१ नेपाल में भोजपुरिअन के वितरण

© डॉ. गोपाल ठाकुर

एतहाँ चितवन आ नवलपरासा क कुछ भाग के नेपाली भाषी क्षेत्र के रूप में देखावल विषय उपर उल्लेख हो चुकल बा। तालिका में देखावल अनुसार के जिलन में भोजपुरी भाषा पहिलका आ दोसरका भाषा के रूप में बोलल जाला त बृहत आम संचार के भाषा हिंदी देखल जाला। बाँकिर नया पुस्ता में नेपाल के शिक्षा नीति कइअन दशकन से एकभाषी भइला के कारण नेपाली का ओर विकसित भइल अपसरण प्रवृत्ति के भी नकारल नइखे जा सकत। एहतरे शिक्षा, आवागमन, श्रव्यदृश्य माध्यम आदि के प्रभाव आ विभिन्न भाषाभाषिअन सङे के जीवित संपर्क से भोजपुरिआ लोग क्रमशः द्विभाषी/बहुभाषी होत जाए के क्रम में लउकेलन।

भले स्थलगत गवेषण एह अध्ययन में नेपाले के भोजपुरी भाषी क्षेत्र होखे बाँकिर एकर जहिआ उत्पत्ति भइल तहिआ ना वर्तमान नेपाल ना वर्तमान भारत बनल रहे। आजो नेपाल-भारत सीमा दूनू तरफ खातिर बेरोकटोक खुला अवस्था में बा। राजनीतिक रूप से भले अलग अलग देशन में ई भाषा बँटल बा बाँकिर भाषिक-सांस्कृतिक संबंध के आधार पर एकर मातृभाषी लोग के अविच्छिन्न भूगोल आजो कायम बा, जेकर नक्सा पांडेय (१९८६, पृ. १७६) से साभार परिशिष्ट में देखल जा सकेला। एहतरे एकर भौगोलिक विस्तार के अगर चर्चा कइल जाई त पूरा भूगोल के चर्चा कइल उचित होई।

नेपाल के भोजपुरिआ क्षेत्र के सीमावर्ती भारतीय प्रांत बिहार के पछिमी आ उत्तर प्रदेश के पूर्वी क्षेत्र के पूर्वी चंपारण, पच्छिमी चंपारण, गोपालगंज, सिवान, सारन, भोजपुर, बलिआ, बक्सर, रोहतास, भभुआ, कुशीनगर (देवरिआ), मऊ, गाजीपुर, वाराणसी, सोनभद्र, महाराजगंज, सिद्धार्थनगर, बस्ती, गोरखपुर, आजमगढ़, जौनपुर, मिर्जापुर चंदौली आ सीधी जिलन में भोजपुरी बोलल जाला। एकरा अलावा झारखंड आ मध्य प्रदेश के कई जिलन में भोजपुरी बोलल जाला। एही से एकर खास चौहद्दी का बारे में ग्रिअर्सन (१८८३, १९०३) आ तिवारी (१९५४, १९६० आ १९८४) जे स्थलगत अध्ययन के आधार पर भोजपुरीभाषी क्षेत्र के चौहद्दी निश्चित कइले रहलन, ओके

www.bhojpurisahityangan.com

संश्लेषण करत नेपालीय क्षेत्र समीटे में कुछ त्रुटी रहल देखावत ठाकुर आ साथी (२०१७) के मत कुछ एहतरे बा जौन यथार्थ मानल जाईः

> "डॉ. उदय नारायण तिवारी भोजपुरी भाषा के प्रयोग-भूमि ४३,००० वर्गमील बतौले बानी। उहाँ के मोताबिक एह भाषा के सीमा गंगा नदी के साथ-साथ पटना के पच्छिम, कुछेक मील तक फइलल बा, जहाँ सोन नदी के मार्ग के अनुसरण करत ई रोहतास तक पुहँचेला। इहाँ से ई दक्खिन-पुरुब के मार्ग पकड़ेला आ आगे बढ़के राँची के प्लेटो के रूप में एगो प्रायद्वीप के निर्माण करेला। एकर दक्खिनी-पूर्वी सीमा राँची से बीस मील पुरुब तक फइलल बा। उहाँ से ई उड़िआ के अपना बाँया ओर छोड़त पच्छिम के ओर बढ़ेला आ फेरू दक्खिन आ फेर उत्तर के ओर मुड़के जशपुर राज्य के अपना अंतर्गत मिला लेवेला। इहवाँ ई छत्तीसगढ़ी आ बघेली के अपना बाँया ओर छोड़ देला। इहाँ से ई भंडरिआ तक पहुँचके पहिले उत्तर-पच्छिम आ फेर उत्तर-पुरुब के ओर मुड़के सोन नदी के स्पर्श करत नागपुरिआ भोजपुरी के सीमा के पूरा करेला। सोन नदी के पार कके भोजपुरी अवधी के सीमा के स्पर्श करेला आ सोन नदी के साथ में ई ८२ डिग्री देशांतर रेखा तक पहुँच जाला। एकरा बाद उत्तर के ओर बढ़के ई मिर्जापुर के १५ मील पच्छिम के ओर गंगा नदी के मार्ग में मिल जाला। इहाँ से ई फेर पुरुब के ओर घुम जाला, गंगा के मिर्जापुर के नजदीक पार करेला आ अवधी के आपन बाँया तरफ छोड़त सीधा उत्तर के तरफ ग्रांड ट्रंक रोड पर स्थित तमंचाबाद के स्पर्श करत जौनपुर सहर के कुछ मील पुरुब तक पहुँचेला। एकरा बाद घाघरा नदी के मार्ग के अनुसरण करत ई अकबरपुर आ टाँड़ा तक पहुँचेला। घाघरा नदी के उत्तरी बहाव-मार्ग के साथ साथ फेर ८२ डिग्री देशांतर तक पहुँचेला। इहाँ से टेंढ़ा-मेंढ़ा रास्ता चलत बस्ती जिला के उत्तर-पच्छिम, नेपाल के तराई में स्थित ई सीमा गिरवा तक पहुँच जाला। इहाँ भोजपुरी के सीमा एगो अइसन पट्टी बना देला जेकर कुछ भाग नेपाल के सीमा अंतर्गत आ कुछ भारतीय सीमा के अंतर्गत पड़ेला। ई पट्टी पंद्रह मील से ज्यादा चौड़ा नइखे आ बहराइच तक फइलल बा। एह क्षेत्र में थारू बोली बोलल जाला जौना में भोजपुरी के रूप मिलेला। भोजपुरी के उत्तरी सीमा, अवधी के उत्तर पट्टी के, जौन भोजपुरी आ नेपाली के बीच में बा, बाँया तरफ छोड़त दक्षिण तरफ ८३ डिग्री देशांतर तक पहुँचेला। ई पुरुब में रुपंदेही तक फइलल बा। इहाँ से ई फेर उत्तर-पुरुब के ओर, नेपाल में स्थित बुटवल तक पहुँचेला आ उहाँ से पुरुब से होखत अमलेखगंज (बारा जिला) के १५ मील पुरुब तक पहुँच जाला। इहाँ से ई फेर दक्षिण के ओर घूम

www.bhojpurisahityangan.com

जाला। एकर पुरुब में मैथिली के क्षेत्र आ जाला। मुजफ्फरपुर पहुँचे से १० मील पहिलही से ई पच्छिम के ओर घूम जाला आ गंडक नदी के साथ साथ होखत पटना के लगे गंगा नदी में मिल जाला। डॉ. तिवारी के देहल चौहद्दी आ बयान में आज के दिन में संशोधन के बहुतो गुंजाइस हो सकेला। एहतरे भारतवर्ष में उत्पन्न भइल भोजपुरी भाषा नेपाल के मधेश, बागमती, गंडकी आ लुंबिनी सहित के चार प्रदेशन में भी बोलल जाला।"

भारतीय भूभाग में भोजपुरी के विस्तार क्षेत्र का सम्बन्ध में चन्द्रदीप पाण्डेय (१९९४) आपन आलेख भोजपुरी में प्रा. मनोरंजन प्र. सिन्हा के एह गीत के जिकिर कइले बानीः

(४) *आरा आवऽ छपरा आवऽ बलिआ, मोतीहारी आवऽ*
राँची आउर पलामू आवऽ गोरखपुर देवरिआ आवऽ
गाजीपुर आजमगढ़ आवऽ बस्ती आ जौनपुर आवऽ
मिर्जापुर बनारस आवऽ सोने का कटोरिआ में
दूध भात लेले आवऽ बबुआ का मुहवा में घुटूक॥

नेपालीय भोजपुरी क्षेत्र भी समावेश करत डॉ. गोपाल ठाकुर एह गीत में नीचा के पंक्ति जोड़के भोजपुरिआ क्षेत्र के एहतरे पूर्णता देवे के प्रयास कइले बानीः

(५) *मलङवा आवऽ गौर आवऽ कलेआ आ वीरगंज आवऽ*
पर्सा आ भरतपुर आवऽ परासी आ भैरहवा आवऽ
सोने का कटोरिआ में दूध भात लेले आवऽ
बबुआ का मुहवा में घुटूक॥

एहीतरे नेपाल आ भारत से तत्कालीन औपनिवेशिक शासन में गिरमिटिआ मजदूर के रूप में विदेश जाए के क्रम में मॉरीशस, फिजी, गोयना, टुबैगो, दक्खिन अफ्रिका, सुरिनाम, ट्रिनिडाड सहित विश्वभर अभी भोजपुरिअन के उपस्थिति गिंती लायक बा। एहतरे अभी अनुमान कइल जा रहल बा कि वैश्विक स्तर पर भोजपुरिअन के जनसंख्या कम्ती में ३० करोड़ होखेके चाहीं जब कि भारत के जनगणना में ग्रिअर्सन के बाद अब तक औपचारिक रूप से भोजपुरी देखावे के प्रचलन नइखे।

१.३ अनुवंशिक संबंध

अब तक भारतीय विद्वानन के मान्यता रहल कि हिंद-आर्य भाषा के आदिम काल में दूगो रूप रहल, वैदिक आ लौकिक (पांडेय, १९८६, पृ. १)। बाँकिर एह दूनू रूप से पहिले जहिआ वेद ना रहे ओहू बेरा लोक जुबान पर भाषा त रहले होई। समस्या ई बा कि ओकर कौनो लिखित अवशेष अब तक नइखे मिलल। एह बारे में ग्रिअर्सन (१९२७क, पृ. १२०) में स्पष्ट उल्लेख मिलेला कि वेद के ऋचा शताब्दिओ तक लोक जुबान पर रहे बाँकिर जब ओके ब्राम्हण मंडली द्वारा शास्त्रीय बनावे के प्रयास सुरु

www.bhojpurisahityangan.com

भइल तब ओह में संस्कार-परिष्कार के नाम पर कृत्रिमता हावी होत गइल। अतः ग्रिअर्सन लोक जुबान पर रहल प्राकृतिक भाषा के प्राकृत कहले बानी आ संस्कार-परिष्कार का साथे कृत्रिम होत गइल भाषा के संस्कृत। निश्चित रूप से संस्कृत के लोक स्वरूप आगे ना बढ़े सकल बाँकिर ई प्राकृत के भी देश-काल परिस्थिति अनुसार प्रभावित जरूर करत रहल। अतः एही प्राकृत के विकास क्रम में आधुनिक हिंद-आर्य भषन के उद्भव आ विकास होत गइल कहल उचित होई। ठाकुर आ अश्क (२०२३, पृ. २) में हिंद-आर्य भाषा के क्रमिक इतिहास के अनुरेख मिलेला जे अवहट्ठ काल में पहुँचला पर आधुनिक हिंद-आर्य भषन के नेव सावित भइल।

जइसे पृष्ठभूमि में कहल जा चुकल बा, भोजपुरी भारोपीय परिवार के हिंद-आर्य उप-परिवार के पूर्वीय समूह के भाषा रहल बात आ एथ्नोलॉग (२०१२) सहित के आधार पर कहल जा सकेला। एह तथ्य के चित्ररेख १.२ में देखावल गइल बाः—

आरेख १.२: हिंद-आर्य भाषा सब



निगम (१९७२), यादव आ ग्रोभ (२००८) आ एबरहार्ड आ साथी (२०२३) से अनुकूलित

१.४ समस्या के प्रस्तुति

भोजपुरी नेपाल के तिसरका राष्ट्रभाषा भइला का बादो समष्टिगत रूप में एकर ऐतिहासिक अन्वेषण अब तक कम से कम नेपाल में नइखे भइल। हँ, ठाकुर आ अश्क (२०२३) एकर आदिम इतिहास पर नजर जरूर डलले बाड़ें। अतः भोजपुरी भाषा के समष्टिगत इतिहास ना रहल मूलतः एगो समस्या के रूप में बा जेकरा के बुँदागत रूप से एहतरे प्रस्तुत कइल जा सकेलाः—

(क) ई भाषा कब से अस्तित्व में बा?

(ख) एकर विकासक्रम कौना ढङ से विभिन्न कालखंड में आगा बढ़ल बा?

(ग) एकर भौगोलिक विस्तार, वंशानुगत बुनिआद आ मातृभाषी वक्ता के रहनसहन कइसन बा?

www.bhojpurisahityangan.com

(घ) एकर संरक्षण में के कौना तरह से योगदान कइले बा?

(ङ) एह भाषा के वर्तमान अवस्था का साथे विशेषता के तहत वर्णविज्ञान आ क्षेत्रीय/जातीय विशेषता यानी विभिन्न भाषिका के अवस्था कइसन बा?

१.५ उद्देश्य

एह अध्ययन के निम्नलिखित बुँदागत उद्देश्य सब रहल बाः—

(क) एह भाषा के अस्तित्व में आइल काल के आँकलन कइल;

(ख) विभिन्न कालक्रम में एकर विकास के गति के अध्ययन कइल;

(ग) एकर भौगोलिक विस्तार, वंशानुगत बुनिआद आ मातृभाषी वक्तन के रहनसहन के अध्ययन कइल;

(घ) एकर संरक्षण में योगदान करनिहार लोग के व्यक्तित्व आ कृतित्व का बारे में अन्वेषण कइल; आ

(ङ) एह भाषा के वर्तमान अवस्था का साथे वर्णविज्ञान आ क्षेत्रीय/जातीय विशेषता यानी भाषिका के अवस्था पता लगावल।

१.६ सांदर्भिक साहित्य के पुनरावलोकन

ग्रिअर्सन (१८८३) सब से पहिले भोजपुरी के पूर्वीय हिंदी के भाषिका रहल बात से इनकार कइले बाड़न जौन भोजपुरी के स्वतंत्र अस्तित्व खातिर महत्त्वपूर्ण बा। एकरा बादो ऊ एह भाषा के बिहारी भाषा के भाषिका कहले बाड़न ऊ कमजोरी बा। बाँकिर समूचा हिंद-आर्य भाषा के उद्‌गम संस्कृत होखे से भी उनकर विमति बा। उनका अनुसार संस्कृत के 'गृह' प्राकृत के 'गेह' से बनल बा (ग्रिअर्सन, १८८३, पृ. ४) जौन अभी बहुतो हिंद-आर्य भाषा सब में 'घर' के रूप में प्रयोग होला। निश्चित रूप से प्राकृत, पालि, मागधी, अवहट्ठ होत आज के आधुनिक हिंद-आर्य भाषा सब अस्तित्व में आइल बा। अतः संस्कृत के समकक्षी लोक भाषा रहल बात भोजपुरी के प्राचीनता के भी कहीं ना कहीं पुष्टि करेला।

ग्रिअर्सन (१९०३) में भोजपुरी राष्ट्रीय गान के चर्चा बा आ भोजपुरी मातृभाषी के तत्कालीन जनसंख्या २ करोड़ बतावत भोजपुरी के भाषिक, भौगोलिक, ऐतिहासिक आ सामाजिक पृष्ठभूमि के संक्षिप्त चर्चा खातिर ई कार्य महत्त्वपूर्ण बा।

तिवारी (१९५४) में भोजपुरी के उद्‌गम आ विकास के चर्चा कुछ विस्तार से कइल मिलेला। एकरा साथ साथ भोजपुरी हिंदी के भाषिका ना ह एह बात के ऊ प्रामाणिक रूप से पुष्टि कइले बाड़न। ई ग्रंथ हिंदी में लिखल बा। एकरा साथ साथ मध्यकालीन अवस्था में भोजपुरी सरकारी कामकाज के भाषा रहे, एकरा खातिर बहुतो इस्तिहार, तमसुक, रसीद, फरख्ती जइसन प्रयोग भइल दस्तावेजन के नमूना एह ग्रंथ में प्रस्तुत कके एकर स्वर्णिम इतिहास के उजागर कइल गइल बा। एकर मौलिक रूप भोजपुरी के उद्‌गम आ विकास ह जे अङरेजी में १९६० में छपल मिलेला।

www.bhojpurisahityangan.com

सिंह (१९५८) भोजपुरी में कानूनी मान्यता रहल कागजात के खोज सहित भोजपुरी के कवि आ ओह लोग के काव्य पर ऐतिहासिक कालक्रमिक हिसाब से कइल काम बा। एह से भोजपुरी के बहुतो ऐतिहासिक गेंठड़ी खोले में मद्दत मिलेला। ई ग्रंथ हिंदी में लिखल बा।

मजुम्दार (१९५८) में ११वाँ ईसवी शताब्दी से ही कइअन विद्यापति के अस्तित्व एह क्षेत्र में रहल बतावेलन जे लोग में एकजने परमारवंशी राजा भोज के नाम उल्लेख बा। ई राजा भोज ११५१ में *विद्यापति* नाम से सिद्धांत-शिरोमणि के रचना कइले रहस।

उपाध्याय (१९७२) भोजपुरी साहित्य के इतिहास के रूप में मिलेला। बाँकिर एकर पहिलका अध्याय में भोजपुरी भाषा के नामकरण, भोजपुर के संक्षिप्त इतिहास, भोजपुरी भा भोजपुरिआ के लिखित प्रयोग, भोजपुरी शब्दन खातिर आन शब्दन के प्रयोग, भोजपुरी भाषा के व्यावहारिक आ व्यापक प्रयोग, भोजपुरी भाषा के क्षेत्र-विस्तार, भोजपुरिअन के जनसंख्या, भोजपुरी के भाषिका आ एकर स्थुल व्याकरण पर चर्चा कइल मिलेला। ई ग्रंथ हिंदी में लिखल बा।

शुक्ला (१९८१) भोजपुरी के विभिन्न नाम, क्षेत्र आ अति संक्षिप्त ऐतिहासिक संदर्भ के चर्चा कइले बाड़न। ई भोजपुरी व्याकरण ह जौन अङरेजी में लिखल बा।

पांडेय (१९८६) भोजपुरी भाषा के इतिहास के रूप में प्रस्तुत बा। भोजपुरी भाषा के इतिहास पर ई पहिलका प्रयास ह जे बहुत ही संक्षेप में भोजपुरी भाषा के विकासक्रम के गज्झिम रूप से व्यक्त करेला। बाँकिर नेपाल में भइल भोजपुरी भाषा के विकासक्रम के एह में कौनो चर्चा नइखे। ई ग्रंथ हिंदी में लिखल बा।

त्रिपाठी (१९८७) में भोजपुरी के ऐतिहासिक संदर्भ के गहिराई से चर्चा कइल गइल बा। ओह में वैदैक काल से रहल लोक भाषा आ साहित्यिक भाषा के भिन्नता पर अँजोगर करत भोजपुरी के प्राचीनता का ओर संकेत कइल गइल बा। ई ग्रंथ भोजपुरी में लिखल बा।

लोहार (२००६) भोजपुरी के समाजभाषावैज्ञानिक अध्ययन के क्रम में एह भाषा के उद्गम आ विकास, अनुवंशिकता पर कुछ विस्तार से चर्चा कइल काम ह।

पांडेय (२००९) कालक्रम के साथ भोजपुरी के भाषिक इतिहास के चर्चा कइल बा। इनका अनुसार भोजपुरी के इतिहास अब तक १००० बरीस से पुरान बतावल गइल बा। नेपालीय भोजपुरी पर कौनो चर्चा नइखे।

सिंह (२००९) भोजपुरी साहित्य के संक्षिप्त इतिहास ह जहाँ कालक्रम विभाजन का साथे ऐतिहासिक पृष्ठभूमि आ भाषाई विशेषता के चर्चा बा बाँकिर नेपालीय भोजपुरी पर कौनो चर्चा नइखे।

तिवारी (२०१४) भोजपुरी में भोजपुरी साहित्य के इतिहास के रूप में प्रस्तुत बा। साहित्य के इतिहास भइला का बादो भोजपुरी भाषा के उद्गम, विस्तार आ महत्त्व पर पहिलका अध्याय में अँजोर कइल गइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

अश्क आ शर्मा (वि. २०७७) में भोजपुरी भाषा के उद्‌भव आ विकास के साथ साथ ऐतिहासिक विकासक्रम के चर्चा त मिलेला बाँकिर भोजपुरी भाषा के समग्र इतिहास के अभाव बा।

अश्क (वि. २०७९) में नेपालीय भोजपुरी साहित्य के इतिहास के विहंगम चर्चा मिलेला बाँकिर भाषा के समग्र इतिहास के अभाव बा।

ठाकुर आ अश्क (२०२३) में भोजपुरी के आदिम इतिहास पर विस्तार से चर्चा कइल गइल बा। एह में ७०० से १४५० ई. तक यानी अपभ्रंश आ अवहट्ठकालीन भोजपुरी के अवस्था आ एह भाषा के साहित्यिक विकास में योगदान देवेवाला धरोहर के विस्तृत चर्चा बा।

शुभ (२०२४) आधुनिक भोजपुरी साहित्य के इतिहास के रूप में प्रकाशित अद्यतन कृति ह। भोजपुरी साहित्य के विगत आ वर्तमान के बहुत बारिकी से परोसल गइल बा। नेपाल में भोजपुरी भाषा-साहित्य के क्षेत्र में भइल काम के कहीं चर्चा ना रहल त आम बात बा बाँकिर भोजपुरी के प्राचीनता के कालक्रम में कइओ प्रामाणिक तथ्य छुटल बा। साथे साथ तत्समीकरण के पक्षधरता बेसी भइला का चल्ते भोजपुरी के बहुतो खासिअत पर नजर नइखे पहुँचल।

ठाकुर (वि. २०८१) भोजपुरी के समाज-भाषिक अध्ययन ह जौन २००५ में तत्कालीन नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान का ओर से उनके द्वारा भइल भोजपुरी के समाजभाषावैज्ञानिक अध्ययन के प्रतिवेदन के पुनर्लेखन सहित परिमार्जन आ विस्तार के रूप में आइल बा। ई निश्चित रूप से भाषा के इतिहास नइखे, बाँकिर भोजपुरी के विस्तार आ संकुचन के कालक्रम सहित चर्चा जरूर कइले बा।

१.७ अनुसंधान पद्धति

१.७.१ अध्ययन क्षेत्र के चयन

एह अध्ययन के क्षेत्र मधेश प्रदेश के रौतहट के गरुड़ा नगरपालिका, बारा के सेमरवनगढ़ नगरपालिका आ बारागढ़ी गाँवपालिका, पर्सा के वीरगंज महानगरपालिका आ लुंबिनी प्रदेश के रूपंदेही के रोहिणी गाँवपालिका के लेहल गइल बा।

१.७.२ तथ्यांक स्रोत

एह अध्ययन के तथ्यांकस्रोत तीन तरह के बाः

(क) स्थलगत अध्ययन

(ख) भाषविज्ञ आ इतिहासकार लोग से बातचीत

(ग) पुस्तकालय में पूर्व कार्य आ संदर्भ सामग्री के अध्ययन

१.७.३ अध्ययन के संरचना

एह अध्ययन के संरचना में निम्न तथ्य समाविष्ट बाः—

(क) स्थलगत अध्ययन के क्रम में किंवदंती से लेके ऐतिहासिक तथ्य संकलन।

www.bhojpurisahityangan.com

(ख) ई अध्ययन डॉ. विश्वंभर कुमार शर्मा आ डॉ. गोपाल ठाकुर द्वारा संपन्न होके वि. २०७५ में प्रतिवेदन लेखन संपन्न।

(ग) भोजपुरी भाषा के उन्नयन में विभिन्न विधा के उद्‌भव आ विस्तार के आवश्यकतानुरूप चर्चा।

(घ) भोजपुरी के निरंतर जीवंतता के साथ साथ एकर अद्य स्वरूप आ संरचना के मद्देनजर पुस्तक के रूप में प्रकाशन खातिर डॉ. गोपाल ठाकुर द्वारा पुनर्लेखन सहित परिमार्जित आ अद्यावधिक प्रारूप तइआर आ भाषा आयोग द्वारा प्रकाशन।

१.७.४ अध्ययन के सीमा

ई अध्ययन भोजपुरी के भाषिक इतिहास जे में नेपालीय क्षेत्र के स्थलगत अध्ययन मूल रूप से समीटल गइल बा। भोजपुरी के वैश्विक इतिहास के बारे में प्राप्त सामग्री से सांदर्भिक अंश मात्र एह अध्ययन में सामिल बा। एकरा साथ साथ भोजपुरी के हरेक विधा के एकर घरेलु आ बाह्य क्षेत्रीय उद्‌भव आ विस्तार के विस्तृत प्रगति विवरण एह अध्ययन के सीमा से बाहर रहल बा।

अतः ई अध्ययन भोजपुरी भाषा के ऐतिहासिक विकासक्रम के अध्ययन ह। ओहू में एकर केंद्रविंदु नेपालीय भोजपुरी रहल बा। स्वाभाविक रूप में नेपाल में भोजपुरी साहित्य सृजन आ भाषा-संस्कृति पर अध्ययन वि. २००७ (१९५०) के बादे सुरू भइल। एह से पहिले जे जेतना सृजन आ अध्ययन-अनुसंधान के काम भइल बा, ओकर समग्रता के रूप में अध्ययन कइल गइल बा त १९५० के बाद आवश्यक संदर्भ के अलावा नेपालीय भोजपुरी भाषा के विकासक्रम के प्राथमिकता में राखके ई अध्ययन कइल गइल बा।

१.८ अध्ययन के संगठन

एह अध्ययन के नौ अध्याय में संगठित कइल गइल बा। पहिलका अध्याय में एह अध्ययन परिचय, दोसरका अध्याय में भोजपुरी भाषा के उत्पत्ति आ विकास के संक्षिप्त विवरण का बाद पाँच अध्यायन में भोजपुरी भाषा के उद्‌भव आ उन्नयन में लागल धरोहर व्यक्तित्व, ओह लोग के कृतित्व आ राजकाज सहित भोजपुरी के बहुआयामिक प्रयोग के अवस्था पर अँजोर कइल गइल बा। एह अनुसार अध्याय तीन में आदिमकाल, अध्याय चार में आदिकाल, अध्याय पाँच में मध्यकाल, अध्याय अध्याय छौ में आधुनिक काल (नेपाल) आ अध्याय सात में आधुनिक काल (नेपाल से बाहर) में भोजपुरी के भइल विकासक्रम के देखावल गइल बा। एकरा बाद अध्याय आठ में भोजपुरी भाषा के मौजूदा अवस्था आ विशेषता दर्साके अध्याय नौ में प्राप्ति आ निष्कर्ष सहित भोजपुरी के भावी दिशा के ओर आगाह कइल गइल बा।

❖

www.bhojpurisahityangan.com

अध्याय दू
भोजपुरी भाषा के उत्पत्ति आ विकास

२.० नेव

हिंद-आर्य भाषा के विकासक्रम में आधुनिक काल के नव हिंद-आर्य भाषा समूह में भोजपुरी आ मैथिली सहित के दर्जनो भाषा के नाम आवेला। एह क्रम में भोजपुरी आ मैथिली जइसन क्षेत्रीय मातृभाषा सब के उदय से पहिले के स्थिति पर बहुतो अध्ययन-अनुसंधान भइल बा। ओह समूचा अध्ययन-अनुसंधान के देखला पर अपभ्रंश भा अवहट्ठ से नव हिंद-आर्य भाषा के उत्पत्ति बतावल गइल बा जे में हमनी के भौगोलिक क्षेत्र में अइला पर मैथिली आ बङला के नाम त आवेला बाँकिर भोजपुरी के बारे में ऊ अध्ययन-अनुसंधान में खासे ध्यान पहुँचल नइखे देखल गइल। एकरा अलावा उल्लेखनीय बात ई बा कि भोजपुरी के व्याकरणिक कोटिअन के चरित्र आ *भोज* शब्द के प्रयोग प्राकृत-वैदिक काल से होत देखाई देला।

अतः एह अध्याय में खंड २.१ में नव हिंद-आर्य भाषा के विकासक्रम के साथ साथ भोजपुरी के उत्पत्ति, खंड २.२ में नामकरण, खंड २.३ में उत्पत्ति संबंधी मिथक आ किंबदंती, खंड २.४ में भोजपुरी के विकासक्रम के काल विभाजन आ खंड २.५ में सारांश प्रस्तुत कइल गइल बा।

२.१ नव हिंद-आर्य भाषा आ भोजपुरी

हिंद-आर्य भाषा के विकासक्रम के दू तरह से प्रस्तुत कइल जा सकेलाः कालक्रमिक आ भू-भाषिक। कालक्रमिक हिसाब से भारतवर्ष में आर्य लोग के प्रवेश पच्छिम से पुरुब के ओर भइल देखल जाला। अतः यूरोप से इरान होत अफगानिस्तान से ऊ लोग भारतवर्ष में प्रवेश कइलन। एक त ओह लोग के आगमन से पहिले भारतवर्ष मानवविहीन ना रहे त दोसर ओर ओहू लोग में सब के सब एकेबेर भारतवर्ष प्रवेशो ना कइलन जेकरा चल्ते सब लोग एके स्तर के भाषा प्रयोग करत रहे कहल उचित नइखे। बाँकिर अब तक मिलल स्रोत-सामग्री के हिसाब से वेद से पहिले के कौनो लिखित सामग्री कहीं अपवाद का अलावा दुनिआ में उपलब्ध नइखे। एकरा बादो वैदिक भाषा आम लोग के भाषा तनिका फरके रहल। लौकिक भाषा भी जे प्राकृत रहे, सर्वसाधारण श्रमिक लोग के भाषा रहे आ वेद ओकरे उपज ह। त एह वैदिक भाषा के *छांदस* भा *छंदस* कहल गइल जे पाणिनि के संस्कार कइला पर संस्कृत भइल आ लौकिक भाषा प्रथम प्राकृत>द्वितीय प्राकृत/पालि>तृतीय प्राकृत>अपभ्रंश>अवहट्ठ आ ओकरा बाद विभिन्न नव हिंद-आर्य भाषा के रूप में विकसित होत गइल जे में भोजपुरी आ मैथिली जइसन दर्जनो भाषा पड़ेलन स। बाँकिर अधिकतर विद्वान लोग जे समूचा नव हिंद आर्य भषन के स्रोत संस्कृत बतावेलन, ऊ तथ्यसंगत नइखे। अतः कालक्रमिक विकासक्रम के आरेख २.१ में एहतरे देखावल जा सकेलाः

www.bhojpurisahityangan.com

आरेख २.१ हिंद-आर्य भाषा के विकासक्रम



स्रोतः ठाकुर आ अश्क (२०२३, पृ. २)

निश्चित रूप से वैदिक भाषा के संस्कार कके पाणिनि द्वारा संस्कृत नामकरण त कइल गइल बाँकिर ई अपना कठोर व्याकरणिक संरचना आ मूलभूत रूप में ब्राम्हणवाद के कथित पवित्रता के नाँव पर कठोर वंचितीकरण के आचरण आ व्यवहार के कारण आम जन के भाषा ना बने सकल। एकर मतलब प्राकृत भाषा आ वैदिक भाषा के भा प्राकृत-पालि आ संस्कृत भाषा के बीच में कौनो पारस्परिक संबंध ना रहल भी कहल नइखे जा सकत। एके स्रोत के भाषा भइला से एह दूनू समूह में पइँच-पालट त चलते रहल, आजो नव हिंद-आर्य भाषा में पारिभाषिक शब्दावली खातिर संस्कृत से उधार लेवे के प्रचलन बरकरार बा। अब तक के परंपरा आ अभ्यास अनुसार संस्कृत में प्रयोग भइल शब्दन के जइसन के तइसने नव हिंद-आर्य भषन में भइल त ऊ तत्सम कहाला आ नव हिंद-आर्य भषन के अभ्यास अनुसार कुछ बदलाव का साथे प्रयोग भइला पर तद्भव कहाला। बाँकिर अइसन बात नइखे कि खाली संस्कृत से ही प्राकृत होत नव हिंद आर्य भषन के शब्द उधार लिआइल बा, बल्कि एकरा उल्टो भइल बा। यानी प्राकृत से भी संस्कृत पइँचा लेले बा। ग्रिअर्सन (१८८३, पृ. ४) के अनुसार *घर* ला प्राकृत में प्रयुक्त *गेह* छांदस भा संस्कृत में *गृह* भइल बा त ओहीतरे प्राकृत में *निओओ* छांदस भा संस्कृत में *नियोग* होत रहे बाँकिर बाद में आधुनिक काल में नव हिंद-आर्य भाषा सब भी संस्कृत के *नियोग* के प्रयोग करे लागल स। अर्थात ई दूनू शाखा एक-दोसरा के प्रभावित करत आ रहल बाड़न स।

एहीतरे भू-भाषिक हिसाब से नव हिंद-आर्य भाषा के अपना भारतीय भाषिक सर्वेक्षण के क्रम में डॉ. ग्रिअर्सन सब से पहिले तीन उपशाखा में बँटले बाड़ें: भीतरी, मध्य आ बाहरी। एह वर्गीकरण में बाहरी उपशाखा के तीन समूह में बाँटल गइल बाः पच्छिमोत्तरी, दक्खिनी आ पूर्वी। एकनी में पूर्वी समूह के फेर से बिहारी, बङला आ उड़िआ उपसमूह में बाँटल गइल बा। ग्रिअर्सन एक तरफ भोजपुरी हिंदी के भाषिका रहल बात से इनकार करताड़ें बाँकिर दोसरा तरफ एकरा के बिहारी के भाषिका बतावताड़ें, जबकि आज तक बिहारी नाँव के कौनो भाषा नजर नइखे आइल। एकरा बावजुद ग्रिअर्सन के वर्गीकरण अनुसार बिहारी उपसमूह के तहत तीन गो भाषा पड़ेलन सः भोजपुरी, मगही आ मैथिली। भोजपुरी एह उपसमूह के सब से पच्छीमी भाषा ह। एह विकासक्रम के आरेख २.२ में एहतरे देखावल जा सकेलाः

www.bhojpurisahityangan.com

आरेख २.२ नव हिंद-आर्य भाषा के विकासक्रम



स्रोतः ग्रिअर्सन के भारत के भाषिक सर्वेक्षण अनुसार के उपवर्गीकरण (मसिका १९९१, पृ. ४४९)

२.२ नामकरण

बीम्स (१८६८), ग्रिअर्सन (१८८३ आ १९०३), तिवारी (१९५४, १९६० आ १९८४) आ त्रिपाठी (१९८७) सहित अब तक के विद्वान लोग के मतैक्य बा कि वर्तमान भारत के बिहार प्रांत के भोजपुर जिला में रहल भोजपुर नगर जहाँ भोजवंशी राजा लोग के राजधानी रहे, ओही नाम पर एगो विशाल भाषा के नाम भोजपुरी पड़ल। ओइसे त एह में से केहू एकर साल-संवत नइखीं लिखले बाँकिर बीम्स, ग्रिअर्सन आ तिवारी के विवरण एह घटना के इतिहास के मध्यकाल में घटित भइल संकेत करेला जे में मालवा के भोजवंशी 'उज्जैनी' राजपूत लोग ओतहाँ के 'चेरो' जाति के शासक लोग के पराजित कके १०वाँ शताब्दी में आपन शासन स्थापना कइले रहलन। बाँकिर त्रिपाठी (१९८७, पृ. २४) के संकेत इतिहास के प्राचीन कालखंड यानी वैदिक काल का ओर ले जाला। निश्चित रूप में वैदिक काल के आदि कालखंड में ऋग्वेद में ही *भोज* शब्द के विभिन्न प्रयोजन में विभिन्न मंडल, सुक्त आ मंत्रन में प्रयोग भइल बा। ऋग्वेद में *भोज* शब्द के प्रयोग 'सुदासवंशी राजा', 'रक्षक', 'भोजनदाता', 'भोज्य सामग्री' के रूप में भइल बा। वैदिक काल में भोजनदाता चाहे जजिमान चाहे रक्षक मूलतः राजा लोग ही होत रहे। अतः भोजवंशी लोग के राज वैदिक काल में रहे जे ऋग्वेद बतावेला आ जहाँ तक विश्वामित्र के जजिमान के बात बा, त ऊ निश्चित रूप से आज के भोजपुरिए क्षेत्र का ओर संकेत करेला। त्रिपाठी का अनुसार ओह बेरा भोज लोग कारुष का बाहर दूर-दूर तक फइलल रहे। अर्थात भोजे के पुर भोजपुर आ ओह में -ई प्रत्यय लागके बनल भोजपुरी कौनो ना कौनो रूप में प्राचीन काल से विकसित होत आ रहल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

जहाँ तक एह भाषा के *भोजपुरी* सहित आउर नाम के बात बा त निश्चित रूप से *भोजपुरी* सब से नवीनतम नाम बा। कविशेखराचार्य ज्योतिरीश्वर ठाकुर आ महाकवि विद्यापति ठाकुर एकरा के तत्कालीन अवस्था में *अवहट्ठ* कहलन त विद्यापति का सङे भी उनकर उत्तरार्ध जीवन काल में एह धरा पर अस्तित्व में रहल भोजपुरी के आदिकवि महात्मा कबीर एकरा के *पूर्वी* कहलन। बाँकिर १७८१ में नोता मानव द्वारा तत्कालीन काशी के राजा चेत सिंह के हारला के बाद उनकर सिपाहिअन के फरङी लोग चुनारगढ़ लेजात बेरा पैंड़ा पर कुछ स्थानीय लोग से बातचीत के क्रम में ऊ लोग के भाषा के *भोजपुरिआ* कहल गइल उल्लेख मिलेला। एकरा बाद में हिंदी के भाषिका के रूप में *भोजपुरी* के उल्लेख बीम्स (१८६८), केलॉग (१८७६) आ हॉर्न्ले (१८८०क-ख) में कइल मिलेला। बाँकिर सब से पहिले संस्कृत चाहे हिंदी के भाषिका ना होके बिहारी भाषा के बोली का रूप में ग्रिअर्सन (१८८३) में भोजपुरी के उल्लेख मिलेला आ एकर निरंतरता हॉर्न्ले आ ग्रिअर्सन (१८८५) में भी, जबकि बिहारी नाम के आज तक कौनो भाषा नइखे नजर आइल, जेकर चर्चा उपर हो चुकल बा। हँ, सब से पहिले भोजपुरिआ सपूत शिवदास ओझा १९१५ में भोजपुरी के स्वतन्त्र व्याकरण लिखलन तब से एह भाषा के ई नाम रूढ भइल नजर आवता। नेपालीय भूमि पर एह नाम से एह भाषा के अलख जगावे में वि. २००९ से रामदेव द्विवेदी 'अलमस्त' के देखल गइल बा। एह अध्ययन में कालक्रमिक रूप से एह सब प्रसङ पर जरूरत अनुसार प्रस्ट रूप से चर्चा कइल गइल बा।

२.३ उत्पत्ति संबंधी तर्क आ तथ्य के विश्लेषण

भाषा के हमेसा से दूगो रूप आइल बाः लौकिक आ साहित्यिक। लौकिक भाषा भी लोकवार्ता का रूप में साहित्यिक बनल सुरु होला बाँकिर ऊ तब तक केहू के नाँव धके ओकर रचयिता के रूप में ना उठावेला। इहाँ तक कि सोहगौरा ताम्रपत्र के देखला पर ज्ञात होला कि प्रथम प्राकृत राजकाज में प्रयोग होत रहे। एकरा बावजुद ओह ताम्रपत्र में आदि ब्राम्ही लिपि में प्राकृत भाषा में राजाज्ञा जारी त कइल गइल लउकेला बाँकिर कौन राज्य के के कब जारी कइलख, ई स्पष्ट नइखे। अगिला अध्याय में एह पर सविस्तार चर्चा होखबे करी। ओहीसुके साहित्य के भाषा के एक तरफ परिष्कृत मानल जाला त दोसरा तरफ लोक भाषा अनुसार ना चलला पर भाषा मृत भी हो जाला, जइसे संस्कृत। ई अब तक अज्ञात बा कि सबसे पहिलका हिंद-आर्य भाषा कौना रूप में रहे। हँ, अब तक सबसे पुरान भाषा संसार में वैदिक भाषा के मानल गइल बा जेकरा के पाणिनि *छंदस* कहले बाड़ें। त्रिपाठी (१९८७, पृ. ८) के अनुमान बा कि सुरु में साहित्यिक रचना में आवे से पहिले इहे लोक भाषा रहल होई। चाहे जे भी होखे, वेद में प्रयुक्त भाषा के व्याकरणिक संस्कार कके पाणिनि संस्कृत कहलन जेकर स्वरूप साहित्यिक ही रहल। ओह बेरा के लोक भाषा के विद्वान लोग

www.bhojpurisahityangan.com

प्रथम प्राकृत कहेलन। सहजता खातिर प्राकृत के भी साहित्यिक प्रयोग में बान्हल गइला के बाद लोक भाषा पालि होके आगा बढ़ल जेकरा के ग्रअर्सन द्वितीय प्राकृत कहले बाड़न। जब एकरो के लोग साहित्य में प्रयोग करत स्थिर करे के कोसिस कइलख त फेर लोक भाषा तीसर बेर यानी तृतीय प्राकृत के रूप में आगा बढ़ल आ दूनू में क्षेत्रीय भेद अत्यधिक भइल। जब फेर एकरा के साहित्य में बान्हे के कोसिस भइल त अनेको तरह के अपभ्रंश के रूप में लोक भाषा आगा बढ़ल आ ओकरा बाद अवहट्ठ भा देसिल बैन कहावत आगा बढ़ल। सिद्ध संत लोग एह अवहट्ठो में आपन काव्य रचना करे लागल।

त्रिपाठी (१९८७, पृ. ८) के अनुसार हिंद-आर्य भाषा के काल गणना में संस्कृत करीब चार (कुछ लोग के मतानुसार पच्चीस) हजार बरीस ईसा पूर्व से ५०० बरीस ईसा पूर्व तक प्राचीन काल; पालि, प्राकृत, अपभ्रंश, अवहट्ठ के समय ५०० ई. पू. से १००० ई. तक मध्यकाल आ ओकरा बाद से आज तक के समयावधि आधुनिक हिंद-आर्य भाषा काल के रूप में बा। ई अवहट्ठ के भी अनेको रूप विकसित भइल जे में से अर्धशौरसेनी, पच्छिमी मागधी भा अर्धमागधी के काशिका अपभ्रंश भा अवहट्ठ से भोजपुरी के जन्म भइल बा (त्रिपाठी १९८७, पृ. ११)। एकरा बावजुद ऐतिहासिक रूप से सत्यापन कइल पर वैदिक काल १५०० ई. पू. से पहिले के ना लउकेला।

बाँकिर यथार्थ में अवहट्ठ के समय ओकरा बाद के चार शताब्दी तक चलल देखल जाला जे में बहुत हद तक भोजपुरी सहित के कई आधुनिक हिंद-आर्य भाषा सब के प्रारंभिक रूप के दर्शन होला। एह से कि विद्यापति के रचना जे १४-१५वाँ शताब्दी में भइल बा, अवहट्ठ में बा आ आपन-आपन भाषा के प्रारंभिक रूप के देखके मैथिल, बङाली, उड़िआ सभे लोग उनका के आपन कवि त मानते आ रहल बा बाँकिर ठाकुर आ अश्क (२०२३) के आधार पर उनका अवहट्ठ में आउर भाषा से बेसी भोजपुरी के प्रारंभिक स्वरूप के प्रयोग अत्यधिक बा। ओही से ठाकुर आ अश्क उनका के भोजपुरी के आदिम धरोहर में सामिल कइले बानी।

२.४ भोजपुरी भाषा के ऐतिहासिक काल विभाजन

निश्चित रूप से अपभ्रंश आ अवहट्ठ काल से ही भोजपुरी के आदिम स्वरूप बनल सुरु हो गइल रहे आ मूलतः साहित्यिक भाषा के रूप में संस्कृत के कठोर आ संभ्रांत वर्गीय चरित्र से आपन पीछा छोड़ा लेले रहे। एह में सिद्ध आ नाथ संप्रदाय के संतन के साथ साथ पंडित दामोदर, कविशेखराचार्य पं. ज्योतिरीश्वर ठाकुर आ महाकवि विद्यापति के अविस्मरणीय योगदान सामने आवेला।

एह क्रम में एतना त जरूर सुनिश्चित होला कि भोजपुरी के नामकरण भले बाद में भइल लउकत होखे, एकर उत्पत्ति प्राचीन बा आ एह अध्याय के खंड २.१, २.२ आ खंड २.३ में जौन तथ्य आ तर्क सब आइल बा ओह से अइसन नइखे लागत कि ई नवीन

www.bhojpurisahityangan.com

भाषा ह। निश्चित रूप से आम जनता के भाषा अलिखित, असंगठित, बिना अभिलेख के होला। जबे ऊ साहित्यिक बनेला, पहिले कविता-गीत रचाला बाद में आउर विधा के विकास होला। ओकरा बादो राजकाज में त बहुते समय के प्रतिक्षा के बाद आ ओहू में बिरले भाषा के ई सौभाग्य मिलेला। ओहीसुके भोजपुरी के विकासक्रम के भी साहित्यिक आ ओहू में पद्यामक भाषा के रूप में भइल सुरुआत से ही देखेके पड़ी। अब तक भोजपुरी के साहित्यिक इतिहास पर ही कुछ लोग के कलम चलल बा। सिंह (१९५८) के अनुसार ईसवी के आठवाँ शताब्दी एकर प्रस्थानविंदु सामने आइल बाः—

(क) प्रारंभिक अविकसित काल (सिद्ध-काल) सन ७०० ई. से ११०० ई.

(ख) आदिकाल (ज्ञान-प्रचार आ वीर-काल) सन ११०० ई. से १३२५ ई.

(ग) पूर्व मध्यकाल (भक्तिकाल) सन १३२५ ई. से सन १६५० ई.

(घ) उत्तर मध्यकाल (रीति-काल) सन १६५० से १९०० ई.

(ङ) आधुनिक काल (राष्ट्रीय काल आ विकास-काल) सन १९०० से अब तक।

(सिंह, १९५८, पृ. ४)

भोजपुरी के भाषिक इतिहास पर अब तक पांडेय (१९८६) के देखल गइल बा। निश्चित रूप से कौनो भाषा के इतिहास के काल विभाजन राजनीतिक, सामाजिक, सांस्कृतिक, धार्मिक परिस्थितिअन के आधार पर होला। पांडेय (१९८६, पृ. २४) भी समूचा परिस्थितिअन के मद्देनजर एह में भोजपुरी भाषा के क्रमिक विकास के कालक्रम कुछ एहतरे निश्चित कइले बानी जौन मूलतः भारतीय सांदर्भिकता के समीटले बाः

(क) पारंभिक कालः ७००-११०० ई.

(ख) चारण कालः ११००-१४०० ई.

(ग) संत कालः १४००-१८०० ई. (भक्ति, शृंगार, भोजपुरी लोक-साहित्य के विकास काल)

(घ) अध्ययन कालः १८००-१९०० ई.

(ङ) वर्तमान कालः १९०० ई. से अब तक (सिह, १९८६, पृ. २४)

एहीतरे सिंह (२००९, पृ. २०) में भोजपुरी साहित्य के संक्षिप्त इतिहास पर चर्चा करत ऐतिहासिक काल विभाजन के निम्नानुसार प्रस्ताव कइल गइल बाः—

(क) आदिकाल (सिद्ध, नाथ आ गाथा साहित्य): ७५०-१४०० ई.

(ख) मध्यकाल (भक्ति, निर्गुण, संत आ आध्यात्मिक साहित्य): १४०१-१८८५ ई.

(ग) आधुनिक काल (राष्ट्रीय जागरण आ स्वतंत्रता-प्राप्ति का बाद अब तक): १८८६-२००८ ई.

भोजपुरी साहित्य के इतिहास में तिवारी (२०१४) भारत में रचित अब तक के सब से पछिलका ग्रंथ ह। अतः तिवारी (२०१४, पृ. ३४) का मोताबिक भोजपुरी साहित्य के विकास के ऐतिहासिक कालक्रम कुछ एहतरे बाः

www.bhojpurisahityangan.com

१. सुरुआत	पहिलका डेङ	बोआइल	७००-११०० ई.
	दोसरका डेङ	रोपाइल	११००-१४०० ई.
२. बिचला	पहिल्का डेङ	निअरावल	१४००-१७५७ ई.
	दोसरका डेङ	गदराइल	१७५८-१९७४ ई.
३. आजकाल़			१९७५ ई. —

भारतीय विद्वानन में आउर लोग भी भोजपुरी भाषा-साहित्य के इतिहास के अपना-अपना सोच अनुसार विभिन्न कालखंड में बँटले बा लोग। बाँकिर एह विभाजनन में नेपालीय भोजपुरी के अँटावल तनिका मोस्किल बा। एह बात के मद्देनजर अश्क (वि. २०७९, पृ. ६१) के देखला पर नेपालीय भोजपुरी के विकासक्रम के तनिका फरछावत निम्नानुसार के काल विभाजन देखल जालाः—

(क) आदिकाल (७००-१३२५ ई.)
(ख) माध्यमिक काल (१३२५-१९५० ई.)
(ग) आधुनिक काल (१९५१ ई. से अब तक)
  अ. पहिलका चरण (१९५१-१९६१ ई.)
  आ. दोसरका चरण (१९६१-१९७९ ई.)
  इ. तिसरका चरण (१९७९-१९८९ ई.)
  ई. चउथा चरण (१९८९-२००६ ई.)
  उ. पाँचवा चरण (२००६ ई. से अब तक)

जहाँ तक भाषिक इतिहास लेखन के बात बा त अब तक भोजपुरी भाषा के इतिहास के रूप में पांडेय (१९८६) ही सार्वजनिक भइल लउकेला। पांडेय (१९८६) आ अश्क (वि. २०७९) में भइल भोजपुरी भाषा-साहित्य के काल विभाजन भोजपुरी के इतिहास के विभिन्न चरण-उपचरण के समीटत आगा बढ़ल लउकता। बाँकिर अब तक पं. दामोदर, कविशेखराचार्य पं. ज्योतिरीश्वर ठाकुर आ महाकवि विद्यापति ठाकुर के भोजपुरी पर कइल काम के यदाकदा चर्चा त भइल लउकेला बाँकिर भोजपुरी के भाषिक-साहित्यिक इतिहास में ओह लोग के सम्मिलित कइल ना लउके।

अश्क (वि. २०७९) के ई काल विभाजन नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विकासक्रम के समीटके भइल त देखल जाला, बाँकिर ठाकुर आ अश्क (२०२३) भोजपुरी के आदिमकाल पर आधारित बा जौन ७००-१४२५ ई. तक के भोजपुरी विकास के घटनाक्रम के समीटले बा। ई प्रस्थापना सहिओ बा। एह से कि एकरा अंतर्गत सिद्ध संप्रदाय से लेके विद्यापति तक के कृतिअन के समीटल गइल बा। निश्चित रूप से संत कबीर भोजपुरी के आदिकवि बाड़ें जिनकर जीवनकाल वि. १४५५-१५६९ मानल गइल बा (गुप्ता, वि. २०७९, पृ. १५)। ई सामान्यतया १३९८-१५१२ ई. होला। अतः भोजपुरी के आदिकाल १४२६ ई. से सुरु भइल उचित होई।

www.bhojpurisahityangan.com

बाँकिर यथा समय संदर्भ सामग्रिअन के अभाव कारण हो सकेला, आदिम काल में तब तक प्राकृत काल में देखल गइल भोजपुरी के बुनिआदी स्वरूप ई समूचा इतिहास लेखन कार्य में छुटल लउकेला। एहीतरे भोजपुरी के विकासक्रम में माध्यमिक काल के गणना १७६९ ई. से सुरु होखेके चाहीं, काहेकि एही समय में गोरखा राज्य विस्तार अभियान के तहत पृथ्वीनारायण शाह के नेपाल गड़हा पर विजय भइल रहे जेकरा बाद से क्रमशः नेपाल में एकभाषिकता के दौर सुरु भइल जबकि पृथ्वीनारायण शाह द्वारा स्वयं भोजपुरी के सरकारी कामकाज में प्रयोग भइल प्रमाण मिलेला। निश्चित रूप से भोजपुरी के आधुनिक काल १९५० ई. से सुरु भइल वाजिब बा। ई एह से कि एक तरफ भारत स्वाधीन होके आपन संविधान एही साल में जारी कइलख त नेपाल में सामंतवाद के सब से मजबूत प्रतिनिधि राणाशाही के खिलाफ एही साल सशस्त्र जनविद्रोह होके ओकरे बल पर प्रजातंत्र के सुरुआत भइल रहे। बाँकिर एह आधुनिक काल के भी विभिन्न चरण के काल विभाजन में हल्का संशोधन के जरूरत पड़ सकेला। अतः भोजपुरी के उन्नयन में लागल धरोहर व्यक्तित्व, ओह लोग के अमूल्य कृतित्व आ भोजपुरी भाषा के राजकाज के क्षेत्र से लेके बहुआयामिक प्रयोग के विकासक्रम के देखत नेपाल के धरातलीय यथार्थ के मद्देनजर एह अध्ययन में भोजपुरी भाषा के ऐतिहासिक काल विभाजन निम्नानुसार कइल गइल बाः—

२.४.१ आदिमकाल (ई. पू.-१४२५ ई.)

वास्तव में भोजपुरी के साहित्यिक आदिमकाल सिद्ध आ नाथ संप्रदाय से लेके विद्यापति के अवहट्ठ कृतिअन तक के रचनाकाल ह। बाँकिर ई. पू. १५०० से वेद के मंत्र संकलन सुरु भइल रहे। ओह वेदन में भी ऋग्वेद के रूप में ही समूचा मंत्र संकलन भइल रहे। ऊ मंत्र कौनो एक जगह से भा कौनो एक जनभाषा से संकलित ना रहे। अतः प्राकृतिक रूप में रहल प्राकृत भाषा से मंत्रन के संकलित ककेे छंदोबद्ध कइला से ऊ भाषा वैदिक भा छांदस कहाइल। इतिहास के ओह काल के भाषिक संरचना में भी भोजपुरी के व्याकरणिक कोटिअन के दर्शन होला। फेर जब एगो धारा वैदिक भा छांदस होत संस्कृत का ओर आगा बढ़के रूक गइल त ओकर मूल धारा प्राकृत के उद्भव पालि में आ पालि के उद्भव पुनः प्राकृत में आगा बढ़ल लउकेला। अतः ओह बेरा साहित्यिक भाषा के रूप में प्राकृत के प्रयोग होत रहे। बाँकिर सिद्ध संत लोग एह परंपरा के तुरके लोकभाषा में आपन क्रांतिकारी रचना कइल सुरु कइलन। इहे मार्ग नाथ संतन के भी अपनावल देखल गइल बा। सिद्ध रचनन के तुलना में नाथ रचनन में भोजपुरी के स्वरूप तनिका आगा बढ़ल लउकेला जे अपभ्रंश भाषा के नाम से जानल जाला। ई उहे समय ह जब भोजपुरी आ आउर एकर बहिन भाषा सब प्रारंभिक अवस्था में साहित्य में प्रयोग होखे लागल रहे।

अपभ्रंश के साहित्यिक प्रयोग आगा बढ़े के क्रम में वर्तमान भोजपुरिआ क्षेत्र में अवहट्ठ के उदय भइल। *उक्ति-व्यक्ति-प्रकरण, वर्णरत्नाकर, कीर्तिलता, कीर्तिगाथा* आ

www.bhojpurisahityangan.com

कीर्तिपताका का साथे विद्यापति के गीतन के रचना अवहट्ठ भाषा में भोजपुरी के स्वरूप निहारे खातिर सर्वोत्तम हउअन स।

एह कालखंड में गोरखनाथ के चमत्कारिक क्रांतिकारी विचार के साथ साथ राजपूत लोग के वीरता के गाथा, आउर साधक लोग के तंत्र-मंत्र आ सिद्धि के लेके भोजपुरी में गीत-गाथा जइसन रचना सुरु भइल। राजा भोज के पुण्य-प्रताप आ वीरता का साथे सोरठी बृजभार वीरगाथा-काव्य, बज्रयान मत के कामुकतापूर्ण सामाजिक आ सांप्रदायिक अवस्था के दिग्दर्शन, वैश्य समुदाय के पात्र के लेके शोभनयका बंजारा, लोरिकाइन गाथा-गीत, गोपीचन गाथा-गीत, भरथरी-चरित्र, मैनावती, कुँवरविजयी आ आल़ा वीरगाथा-काव्य के रचना भइल। एकरा साथ साथ बिहुला, राजा ढोलन, सारंगा-सदाबृज जइसन गीत-गाथा भी एही काल के रचना सब हउए।

२.४.२ आदिकाल (१४२६-१७६९ ई.)

एह काल के भक्तिकाल मानल गइल बा। भक्तिकाल में भोजपुरी में रचना करेवाला में महात्मा कबीर के सर्वोपरि स्थान बा। बाँकिर एह काल के शृंगारकाल भी कहल जा सकेला। काहेकि कबीर से पहिले सेमरवनगढ़ रिआसत के पतन के बाद ओही कर्णाटवंशीय राजपरिवार के महामंत्री भा सचिव रहल ठाकुर वंश के विद्यापति के रचना भी उत्तरकालिक अवहट्ठ में आइल बा। हँ, एकर संपादन २०वाँ शताब्दी के पूर्वार्ध में दरभंगा नरेश के पहलकदमी में भइला से उनका के मैथिली महाकवि कोकिल बतावल जा रहल बा बाँकिर अध्ययन कइला पर भोजपुरी के आधुनिक व्याकरणिक कोटिअन के प्रयोग भइल सहजे लउकेला। विद्यापति के भक्तकवि मानल जाए कि शृंगारिक कवि, ई विवाद जरूर बा बाँकिर उनका के दूनू के सम्मिश्रण मानके चलल उपयुक्त होई। जहाँ तक कबीर के बात बा त ऊ अपना निर्गुण रचना में भोजपुरी के प्रमुख स्थान देहलन। इनका बाद इनकर शिष्य परंपरा में भी अनेक संत कविअन के पदार्पण भइल बा जे भोजपुरी में ही आपन रचना कइले बाड़न। एह काल के कविअन के रचनन के देखला के बाद ई स्पष्ट हो चुकल बा कि गोरखनाथ के चेला भरथरी के समय से ही भोजपुरी अपभ्रंश भा अवहट्ठ के साथ पूरा-पूरा छोड़ देले रहे।

एकरा साथ साथ एह काल में तत्कालीन भारतवर्ष आ नेपालमंडल के कइअन रिआसतन में भोजपुरी राजकाज में प्रयोग होत रहे। एहतरे भोजपुरी एह काल में आपन सत्ता मात्र खड़ा ना कइलख बल्कि आपन अभिव्यंजना शक्ति, शब्दभंडार, मुहावरा, पहेली, परतोक आदि के एतना सबल बना लेलख कि तुलसीदास के रामचरितमानस तक भी जगह जगह पर भोजपुरी से प्रभावित नजर आवेला।

साहित्यिक रचनन का साथे एह काल में राजघराना के साथ साथ आउर सामंत के राजकाज में भोजपुरी के प्रयोग होत रहे।

www.bhojpurisahityangan.com

२.४.३ मध्यकाल (१७७०-१९४९ ई.)

एह काल के साहित्यिक क्षेत्र में रीतिकाल कहल गइल बा। पद्य रचना का ओर शंकरदास, बाबा रामेश्वर दास, शिवनारायण आदि भक्त कवि के नाम एह काल में प्रमुखता के साथ आवेला। सरभङ-संप्रदाय के आदिकवि छत्तर बाबा के छोड़के बाँकी कविअन में टेकमनराम, भीखम राम, स्वामी भीनक राम आदि एही शाखा के संत कवि लोग बा। ई लोग भक्ति-रचना कइलन त दोसरा ओर गृहस्थ कवि लोग के भी उदय एह काल में भइल बा। भोजपुर के राजा बाबू कुँवर सिंह के दरबारी कवि के रूप में रामा आ तोफा राय के नाम आवेला। तोफा राय के लिखल *कुँवर पचासा* आ एकजने अलिराज नामक कवि के रचना मिलल बात सिंह (१९५८, पृ. ४०) में उद्धृत बा।

एह काल में हरेक राजदरबार में अइसन कवि लोग रहत रहे जे शृंगार आ वीररस दूनू में रचना करत रहे। एही काल में रीतिपरक शृंगाररस प्रधान शैली के भोजपुरी रचनन में कजरी, झूमरा, जँतसार आ आउर प्रचलित राग के साथ साथ धनाक्षरी, सवइआ, दोहा, बरवै, छप्पय आदि छंद के विधान बनल।

एकरा साथ साथ १९वाँ शताब्दी के उत्तरार्ध में भोजपुरी पर विदेशी विद्वान लोग खोजवीन भी सुरु कइलन। भाषा के अर्थ में भोजपुरी के प्रयोग एही कालखंड में पहिल बेर भइल देखल गइल बा। ओही से भोजपुरी भाषा खातिर इहे काल उत्थान के साथ साथ अन्वेषण काल भी ह। एही काल में भोजपुरिआ सपूत शिवदास ओझा के कलम से पहिल बेर १९१५ में भोजपुरी के व्याकरण लिखाइल, भले ऊ प्रकाशित भइल बहुत बाद में।

एही अंतराल में भारतीय बनुआ मजदूर का रूप में अत्यधिक संख्या में तत्कालीन औपनिवेशिक सरकार विदेश भेजलख। ओह में नेपालीय लोग भी गइल रहे बाँकिर नेपाल सरकार से ओइसन सम्झौता ना होके भारतीय परिचय पर ही लोग गइल रहे। एहू लोग में अधिक संख्या भोजपुरिअन के रहे। ओहीसुके विदेश में सबकेहू के भाषा करीब करीब भोजपुरी बन गइल। अतः एह काल में गरीबिए से सही, भोजपुरी के वैदेशिक प्रसार भइल नजर आवेला।

एह काल तक भोजपुरी एतना सशक्त जरूर हो गइल रहे कि बितल ईसवी शताब्दी के पूर्वार्ध में नाम ना सही, हिंदी सिनेमा में खास कके गीतन में भोजपुरी के प्रवेश मिलल।

एह काल में जीवन आ जगत के हरेक पक्ष पर रचना त भइलही बा, गोरखा राज्यविस्तार अभियान के दौरान आधुनिक नेपाल निर्माण के समय तक भोजपुरी के राजकाज में प्रयोग भइल भी देखल गइल बा। बाँकिर बाद में एह अभियान आ भारत में बेलायती उपनिवेशवाद के बीच के छीनाझपटी आ मैत्रीपूर्ण संबंध के आलोक में नेपाल में राणाशाही आ राजशाही में खसेतर भाषा पर एकभाषी नीति के तहत दमन त चलबे कइलख, ओह में भोजपुरी तनिका कसके प्रभावित भइल।

www.bhojpurisahityangan.com

२.४.४ आधुनिक काल (१९५० ई. से अब तक)

ई काल सन १९४७ में भारतीय स्वाधीनता प्राप्ति के बाद भारत के संविधान लागू भइल प्रस्थान विंदु से सुरु होला। ओकरे प्रभाव से नेपाल में राणाशाही विरोधी सशस्त्र आंदोलन के अभ्युदय भइल। राजा-राणा-काँग्रेस के बीच के दिल्ली सम्झौता के बाद सशस्त्र आंदोलन त थम्हल, बाँकिर सामंतवाद विरोधी किसान आंदोलन के सुरुआतो भइल। भारत में बेलायती उपनिवेशवाद के खिलाफ सुरु भइल भोजपुरी साहित्य के निरंतरता उत्साह के साथ आगा बढ़ल त नेपाल में एक तरफ किसान आंदोलन के क्रम में जन साहित्य के रचना सुरु भइल त दोसर तरफ जीवन आ जगत के आउर पक्ष पर भोजपुरी आधुनिक साहित्य रचना के सुरुआत भइल। नेपाल में *भोजपुरी* के नाम से भाषा के ई अभ्युदय काल ह।

बाँकिर कुछे दिन के बाद एही लोकतंत्र में नेपाल में एकभाषिकता के सुरुआतो हो गइल जे निरंकुश राजशाही के दौर में कहर बरसावत नेपालीतर भाषा के उत्थान के सरुती से रोकिओ देलख। हँ, एहू शासन के खिलाफ संघर्ष जारी रहल विभिन्न चरण में राजशाही के सिकंजा कमजोर होत होत २००८ ई. में विधिवत रूप से संघीय लोकतांत्रिक गणतंत्र स्थापित हो चुकल। एहीतरे भोजपुरी सहित आनो भाषा के क्रमशः आपन गतिविधि खुला रूप से आगा बढ़ावे में सहुलिअत मिलत गइल।

आज के संघीय लोकतांत्रिक गणतंत्र में भोजपुरी देश के तिसरका राष्ट्रभाषा के रूप में संवैधानिक मान्यता पा चुकल बा, बाँकिर संघीय सरकार के राजकाज में प्रयोग के दरवाजा संवैधानिक रूप से अबो बंदे बा। खुसी के बात ई बा कि प्रादेशिक आ स्थानीय तह में बहुतो जगह एकरा के सरकारी कामकाज में लेआवे के प्रयास जारी बा। एहीतरे एह काल में, भारत के स्वाधीनता आंदोलन में भोजपुरी के प्रयोग त बहुत सशक्त ढङ से भइल, बाँकिर अब तक के कौनो भारतीय जनगणना में भोजपुरी के स्वतंत्र भाषा के स्थान नइखे मिलल। साथे साथ संविधान के आठवाँ अनुसूची में राखे के आंदोलन चलिए रहल बा। एकरा बादो भोजपुरी के आपन व्यंजना शक्ति के प्रभाव ही प्रमुख कारण बा कि पहिले हिंदी सिनेमा में गुमनाम परिचय में भइल भोजपुरी गीतन के प्रयोग से आगे बढ़के एह काल में नेपाल आ भारत दूनू ओर भोजपुरी अपना नाँव से धारावाहिक आ सिनेमा में सशक्त ढङ से आपन प्रवेश आ विस्तार में सफल रहल बा।

एकरा बावजूद दूनू देशन के साथ साथ गिरमिटिआ भा कंत्राकी कहावेवाला बनुआ मजदूर भोजपुरिआ लोग के भी एही कालखंड में उपनिवेशवाद से मुक्ति मिलल। फलतः विदेश में भी अब एह भाषा के उन्नयन में प्रत्यक्ष-परोक्ष राज्यपक्ष भी लागल बा आ भोजपुरिआ स्रष्टा-द्रष्टा लोग साहित्य, व्याकरण, शब्दकोश के साथ साथ अध्ययन, अन्वेषण, सर्वेक्षण पर काम कर रहल बा। ई अध्ययन भी राज्यपक्ष के व्ययभार से भाषा आयोग के पहल में भइल एगो सराहनीय पक्ष बा।

www.bhojpurisahityangan.com

२.५ सारांश

एह अध्याय में हमनी मूलतः भोजपुरी भाषा के नामकरण आ एकर उत्पत्ति आ विकास के विभिन्न पक्ष के विवेचना कइनी। एह अनुसार भोजपुरी आपन नाम वर्तमान भारत के बिहार राज्य के भोजपुर जिला के भोजपुर परगन्ना में भोजपुर नगर के नाम से लेले बा। एहीतरे एकर उत्पत्ति ईसवी संवत् के आठवाँ शताब्दी से क्रमशः अपभ्रंश आ अवहट्ठ में भइल सिद्ध आ नाथ संप्रदायन के संत कविअन के रचनन से भइल तथ्य उजागर भइल बा त एकर उत्पत्ति आ विकासक्रम के आदिम, आदि, मध्य आ आधुनिक काल में बाँटके देखल गइल बा। अतः एह अध्याय में भोजपुरी के उत्पत्ति, विकास, संकुचन आ पुनरुत्थान के दौर के अति संक्षेप में चर्चा कइल गइल बा। अगिला अध्यायन में एह पर यथायोग्य विस्तृत चर्चा कइल गइल बा। ओह में कालक्रमिक हिसाब से भोजपुरी के श्रीवृद्धि में योगदान करनिहार लोग के व्यक्तित्व आ कृतित्व पर संक्षिप्त अँजोर कइल गइल बा।

❖

www.bhojpurisahityangan.com

अध्याय तीन
आदिमकाल
(ई.पू.-१४२५ ई.)

३.० नेव

इतिहास के एह कालखंड में प्राकृतिक रूप में जनभाषा रहल प्राकृत से एक तरफ वेद के वैदिक/छांदस होत संस्कृत तक के विकास यात्रा रहल त दोसर तरफ प्राकृत भी प्रथम प्राकृत, द्वितीय प्राकृत/पालि आ फेर ओह से आगे तृतीय प्राकृत बनल अवस्था में संस्कृत आ प्राकृत दूनू से मोहभङ सुरु हो गइल रहे। अतः ई भाषिक रूप में लोकजुबान के पुनः स्थापत्व के कालखंड ह। बौद्धमार्गी आ सनातनी के बीच के टकराव आ सुलह के कालखंड ह। दार्शनिक रूप में सनातनी, बौद्धमार्गी के साथ साथ इस्लाम के क्रमशः फैलावट के कालखंड ह। राजनीतिक रूप में नगर-अधिराज्यन के कालखंड ह। अर्थ-राजनीतिक रूप में सामंतवाद के महिमामंडन के कालखंड ह। एह अवस्था में हमनी के भौगोलिक क्षेत्र में जनता के बोली के पंडित लोग *अपभ्रष्ट* 'मूल राह से भटकल' भाषा कहके ताना मारत रहे। बाँकिर ओह अपभ्रष्ट भा अपभ्रंश के भी साहित्यिक भाषा बनावे के काम सिद्ध आ नाथ संत लोग कइलन। अपभ्रंश के भी विकासक्रम में जब लोकजुबान के प्रभाव कुछ आउर भारी पड़ल तब ज्योतिरीश्वर आ विद्यापति सहित के विद्वान लोग ओहू से आगा बढ़के अपना भाषा के अवहट्ठ कहके आपन साहित्यिक रचना के आगा बढ़ौलें।

स्वाभाविक बा, कौनो भाषा के विकासक्रम के दस्तावेजीकण सबसे पहिले साहित्य में भइल मिलेला। अतः भोजपुरी के आदिम अनुरेख हिंद-आर्य भाषा के विकास के अपभ्रंश काल में सृजित साहित्य में मिलल सुरु होला। परवर्ती अपभ्रंश भा अवहट्ठ में ई अनुरेख तनिका आउर मुखरित होला। अतः अपभ्रंश आ अवहट्ठ रचनन में नव हिंद-आर्य समूह में अधिकाधिक भषन के आदिम स्वरूप खोजल जा सकेला। बाँकिर एह काल के अवहट्ठ रचनन में आपन आदिम स्वरूप खोजे में भोजपुरिए पाछा रहल। डॉ. गोपाल ठाकुर २०१८ ई. से एह ओर आकृष्ट भइनी। ठाकुर (२०२०) में तनिका सा उदाहरण के रूप में आइल त ठाकुर आ अश्क (२०२३) में बहुते सुस्पष्ट ढङ से एह आदिमकाल के धरोहर व्यक्तित्व आ ओह लोग के कृतित्व के खोजमूलक प्रस्तुति मिलेला। बाँकिर अपभ्रंश से पहिले के अवस्था में भोजपुरी के आदिम स्वरूप एहू कृति में छुटले लउकेला।

सुविधा खातिर एह अध्याय में पाँच खंड बाड़न स। खंड ३.१ में प्राकृत काल, खंड ३.२ में अपभ्रंश काल, खंड ३.३ में अवहट्ठ काल, खंड ३.४ में लोकवार्ता में भोजपुरी आ खंड ३.५ में राजकाज में भोजपुरी के प्रयोग के चर्चा कके खंड ३.६ में एह अध्याय के सारांश परोसल गइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

३.१ प्राकृत काल (ई. पू.-७०० ई.)

प्राकृत यानी जे प्राकृतिक रूप से बनल होखे आ संस्कृत यानी जे केकरो जइसन बनल होखे भा संस्कार भइला का बाद के अवस्था में होखे। अतः नाम से ही प्राकृत जनभाषा का रूप में स्वाभाविक रूप से निर्माण भइल भाषा ह त संस्कृत पहिले रहल कौनो भाषा के संस्कार कके यानी परिष्कार कके बनावल भाषा ह। ओहीसुके ई कहल कि समूचा हिंद-आर्य भाषा के स्रोत संस्कृत ह, यथार्थ से दूर हटल महिमामंडन ह। काहेकि विभिन्न प्रकार के प्राकृत से वेद बनल, जेकर भाषा वैदिक भा छांदस कहाइल। फेर वैदिक भा छांदस के संस्कार कके संस्कृत बनावल गइल। दोसर तरफ प्राकृत वैदिक आ संस्कृत से प्रभावित होत आ ओकरो के प्रभावित करत आगा बढ़ल। फलतः एकर पहिलका रूप प्रथम प्राकृत, दोसरका रूप वैदिक के विकल्प के रूप में ओकरा से पुनः लोक का तरफ रुख कइल द्वितीय प्राकृत भा पालि आ ओहू से आगा बढ़के तिसरका रूप में तृतीय प्राकृत तक चलल। अतः वैदिक आ संस्कृत भी प्राकृत के ही विकासक्रम भइला से एह समग्र कालक्रम में एतहाँ प्राकृत काल के भोजपुरी के सापेक्षता में समीटल गइल बा।

३.१.१ ऋग्वेद में *भोज*

हिंद-आर्य भषन में अब तक प्राप्त सब से पहिलका दस्तावेज ऋग्वेद ह। ऋग्वेद में *भोज* शब्द के प्रयोग विभिन्न प्रयोजन में भइल लउकेलाः

(१) *इमे भोजा अङ्गिरसो विरूपा दिवस्पुत्रासो असुरस्य वीराः।*
विश्वामित्राय ददतो मघानि सहस्रसावे प्र तिरन्त आयुः॥
'हे इंद्र! यज्ञ करेवाला ई सुदासवंशी भोज नामक क्षत्रिय, उनकर याजक अनेक अंगिरागोत्रीय ऋषि आ देवजन से बलवान रुद्र के पुत्र मरुत एह अश्वमेध यज्ञ में गुरु विश्वामित्र के महान धन देत हमरा धन के बढ़ावस।' (ऋग्वेद, मंडल ३, सुक्त ५३, मंत्र ७)

उनका अनुसार भोज लोग विश्वामित्र के जजिमान रहलन जेकरा के ऊ 'इमे भोजा' कहके सरहले बाड़न। एहीतरे ऋग्वेद में आउरो जगे *भोज* शब्द के प्रयोग भइल लउकेलाः

(२) *स सक्षणो दिव्यः कण्वहोता त्रितो दिवः सजोषा वातो अग्निः।*
पूषा भगः प्रभृथे विश्वभोजा आजिं न जगमुराश्वश्वतमाः॥
'यज्ञ के स्वीकार करेवाला, मेधाविअन द्वारा बोलावल गइल, तीन ठाँव में उत्पन्न होके भी सुरुज के समान प्रसन्नता देवेवाला आ विश्वरक्षक वायु, अग्नि आ पूषा देव हमनी के यज्ञ में आशुगामी अश्व के समाज जल्दी आवस। (ऋग्वेद, मंडल ५, सुक्त ४१, मंत्र ४)

दृष्टांत (१-२) के देखला पर पहिलका मंत्र में *भोज* के प्रयोग 'सुदासवंशी राजा' के रूप में आ दोसरका मंत्र में 'विश्वरक्षक' का रूप में भइल बा। साथे साथ ऊ भोज

www.bhojpurisahityangan.com

लोग विश्वामित्र के जजिमान रहलें, इहो स्पष्ट बा। अब भोजनदाता होखस, चाहे जजिमान होखस भा रक्षक होखस, ओह बेरा के सामंती रिआसतन में ई समूचा विशेषण राजा लोग के महिमामंडन खातिर प्रयोग होत रहे।

एकरा साथ साथ जब राजा बा त ओकर राजधानिओ रहल होखी। सामान्यतया राजा लोग के राजधानी भा बासस्थान के *पुर* कहे के परंपरा ओही बेरा से बा। त भोज लोग के पुर यानी भोजपुर ओही बेरा से अस्तित्व में रहल संकेत मिलेला ऋग्वेद से। जहाँ तक विश्वामित्र के ऊ लोग जजिमान भइल बात बा, त विश्वामित्र के कुटिआ बक्सर में रहल तथ्य विश्वामित्र खुदे उजागर कइले बाड़ें, जौन भोजपुरिए क्षेत्र ह। अतः ऋग्वेद में *भोज* शब्द के प्रयोग राजा के अर्थ में भइला से भोजपुर के अस्तित्व ओही बेरा से रहे जेकर निरंतरता वर्तमान भोजपुरी क्षेत्र तक कौनो ना कौनो रूप में रहल संभाव्यता जाहिर हो रहल बा।

३.१.२ सोहगौरा ताम्रपत्र में भोजपुरी के व्याकरणिक कोटि

जहाँ तक भोजपुरी के कार्यात्मक संरचना के बात बा, एकर व्याकरणिक कोटिअन के मिलल प्रा. डॉ. राजेंद्र प्रसाद सिंह वैदिक काल में ही सुरु हो चुकल बतावेनी। प्रथम प्राकृत काल में सुरुआती ब्राम्ही लिपि में सोहगौरा ताम्रपत्र में जे तथ्य मिलल बा, ऊ भोजपुरी के संरचना वैदिक कालीन प्राकृत में रहल संकेत करेला। होय (१८९५, पृ. ८४-८५) के अनुसार सोहगौरा ताम्रपत्र एगो जिज्ञासापूर्ण संक्षिप्त अभिलेख बा जे में भोजपुरी के व्याकरणिक कोटिअन के दर्शन होला। सोहगौरा भारत के उत्तर प्रदेश के गोरखपुर से १४ माइल दक्खिन-पुरुब दिशा में राप्ती नदी के दहिना किनारे अवस्थित बा। होय ओह समय में गोरखपुर जिलाधीश भइला का नाते एह ताम्रपत्र के बंगाल के एसिआटिक सोसायटी के सौंप देले रहलन।

सोसायटी का ओर से स्मिथ (१८९५, पृ. ८५-८७) के अनुसार २$\frac{५}{८}$" लंबाई, १$\frac{५}{८}$" चौड़ाई आ $\frac{१}{८}$" मोटाई में ई ताम्रपत्र मौजुद बा। स्मिथ एह ताम्रपत्र के एकर एक-तिहाई भाग में कुछ बौद्धमार्गी संकेत बतावेलन त बाँकी दू-तिहाई में चार पाँती में सुरुआती ब्राम्ही लिपि में तत्कालीन सामंती राज्य का ओर से निर्देश जारी भइल बतावेलन। एह चार पाँतिअन में पहिलका दू पाँती में १९-१९ आ अंतिम दू पाँती में १७-१७ अक्षर में कुछ निर्देश जारी कइल गइल बा। स्मिथ सबसे पहिले एकर

www.bhojpurisahityangan.com

देवनागरी रूपांतरण कइलन। ओह रूपांतरण में कुछ सुधार के साथ फेर से हॉर्न्ले (१८९५, पृ. ८७-८८) में एकर देवनागरी रूप प्रस्तुत मिलेला। उनका बाद बुलर (१८९६, पृ. २६१-२६६) में विभिन्न कोण से तर्क-वितर्क के साथ ओकर देवनागरी रूपांतरण प्रस्तावित कइले बाड़न जे बेसी तर्कपूर्ण भइला का चल्ते बरुआ (१९३०, पृ. ४७) में भी प्रस्तुत मिलेलाः

(३)क. *सावतियन महमतन ससने मनवसितिक-*

ख. *डसिलिमते वसगमे व एते दुवेकोठगलनि-*

ग. *तिघवनि मथु-लच-चमोदंम-भलकनछ-*

घ. *ल कयियति अतियायिकय नो गहितवय*

दृष्टांत (३क-घ) में प्राकृत भाषा में प्रस्तुत निर्देश के संस्कृत रूप ओकरा नीचे कुछ अइसन देहल गइल बाः

(४)क. *सावतियान महाम(ता)न सासने मानवसितिकडा*

ख. *सिलिमते वांसगामे व एते दुवे*

ग. *कोठागलानि तिघवनि मथु-लाचा-चमोदांमभालकान*

घ. *कलं कयियति अतियायिकाय नो गहितावयं*

"श्रावस्ति के महामात्यन के शासन में मानवसितिकट में रहल शिविर से जारी आदेश; 'ई दूगो तीनमंजिला बेऱी जे मसहुर वंशग्राम में भी अवस्थित बा, लतरल दूभ से तोपाइल ओह में भरल भुँजल अनाज, अत्यावश्यक परिस्थिति खातिर बा। एह में से केहू कुछिओ ना निकालो।'"

दृष्टांत (३क-घ) में प्राकृत में अंकित राज्यादेश के दृष्टांत (४क-घ) में प्रस्तुत संस्कृत अनुवाद आ ओकर भोजपुरी में प्रस्तुत स्वतंत्र अनुवाद के देखला पर दूगो शब्द *महमतन*'महामात्यन' भा 'महाधिकारिअन' में भोजपुरी के बहुवचन *-अन* प्रत्यय आ *ससने* 'शासन में' में *-ए* अधिकरण प्रत्यय प्राकृत से संस्कृत तक ओइसने लउकता। अतः *-ए* अधिकरण प्रत्यय प्राकृत से वैदिक होत संस्कृत में गइल बा। ओहीसुके प्राकृत से विकसित होत अपभ्रंश आ अवहट्ट से निकलल भोजपुरी में ई *-ए* अधिकरण प्रत्यय के भोजपुरी संस्कृत से उधार नइखे लेले। दोसर खासिअत ई बा कि एह में *श* के प्रयोग नइखे जे प्राकृत काल से अब तक भोजपुरी के खास चरित्र रहल बा।

एही क्रम में संस्कृत में प्रयुक्त *भिक्षु* प्राकृत/पालि में *भिक्खु* रहल बा। *भिक्षु = भिक्ष्षु* हवे। प्राकृतिक रूप में प्राकृत से भोजपुरी तक *ख* रहल बा *ष* ना। अतः भोजपुरी में प्रयुक्त *भिखु* प्राकृत से विकसित बा। एह संदर्भ में भोजपुरी के ई कहाउत उपयुक्त होईः

(५) *लखुए कि भिखुए*

कहे के मतलब कि लखपतिए कुछ कर सकता ना त भिखारिए कुछ कर सकता। निश्चित रूप में ई कहाउत सिर्जत बेरा के समाज में लाखपति बनल करीब करीब सपना जइसन रहे।

www.bhojpurisahityangan.com

बाँकिर भोजपुरी में *भिछु* के भी प्रयोग होला जौन नया बा। काहेकि ई संस्कृत के *भिक्षु* के सहज रूप ह।

अतः भोजपुरी के व्याकरणिक कोटिअन के प्राकृत-पालि में खोजला पर अइसन कइओ रहस्यन के उद्घाटन हो सकेला जे से ई प्रमाणित होता कि नाम भले बाद में मिले बाँकिर एकर कार्यात्मक-संरचनात्मक विकास प्राकृत काल से ही होत आ रहल बा।

३.२ अपभ्रंश काल (७००-११०० ई.)

भाषा आपन समकालीन श्रम-प्रणाली के अनुसार आगा बढ़ेला। एह श्रम-प्रणाली के तत्कालीन राजनीतिक-सांस्कृतिक समाजव्यवस्था निर्धारित करेला। अतः एह अपभ्रंश काल के सामाजिक, आर्थिक, राजनीतिक आ सांस्कृतिक पृष्ठभूमि के आँकलन कुछ एहतरे कइल जा सकेलाः—

एह ऐतिहासिक कालखंड में सनातनी सामंतवाद चरमोत्कर्ष पर रहे। फलतः तत्कालीन भारतवर्ष वर्ण-व्यवस्था में विभाजित रहे। जे सब से बेसी शारीरिक श्रम करे ऊ शूद्र रहे, शारीरिक श्रम का साथे कुछ मानसिक श्रम करेवाला लोग के गिनती वैश्य में रहे, सुरक्षा के नाँव पर शासकीय अधिकार राखेवाला लोग क्षत्रिय रहे त एह सब पर आपन मानसिक कुटिलता से भारी ब्राम्हण रहल जेकरा बौद्धिक निर्देशन में पूरा समाज चलत रहे। फलतः पूरा शूद्र आ आंशिक रूप में वैश्य भी छुआछुत के जाँत में पिसात रहे। ओह लोग के शिक्षा से दूर राखल गइल रहे। ओह लोग के काम रहे अपना से उपरका वर्ण के सेवा। पूजा आ यज्ञ करे के अधिकार त क्षत्रिअन के रहे बाँकिर करावे के अधिकार ब्राम्हण मात्र के। अइसन में अंधविश्वास आ ढकोसला पसरावे में ब्राम्हणवाद पूरा सफल रहे। एह से कि ऊ सामंतवाद के निर्देशक रहे। पितृसत्ता चरम पर रहला से महिला के भोग्या साधन से बेसी कुछिओ ना समझल जात रहे।

पूरा अर्थ-प्रणाली पर राजा आ सामंत के एकाधिकार रहे। वैश्य के खेती आ बेपार के काम सउँपल रहे। यज्ञ, संस्कार, पबनी-तेहार आ आउर अनुष्ठान के अवसर पर दान आ दंड का रूप में मिलल वैभव आ गौदान पर ब्राम्हण लोग ब्रम्हानंद प्राप्त करत रहलन। बाँकी लोग सेवक रहे जेकरा मोस्किल से जीए भर के मजुरी मिल जात रहे।

सामंतवाद के सर्वोच्च प्रतिनिधि संस्था के रूप में राजतंत्र स्थापित हो चुकल रहे, बाँकिर छोट-छोट रिआसत-प्रभु का रूप में। ओह लोग के मातहत में आउर छोट-छोट सामंत रहत रहलन स। कर असूली जमके होत रहे। ब्राम्हण त परामर्शदाता बतावत रहलन स अपना के, बाँकिर मानसिक रूप से सर्वोच्च शासक के काम करत रहलन स। हँ, निर्णायक के रूप में राजा लउकत रहे।

सांस्कृतिक रूप से बुद्ध के निर्वाण का बाद बौद्ध मार्ग में महायान आ बज्रयान का साथे आउर मजहबी, तांत्रिक आ सहजयानी मध्यमार्गी संप्रदायन के उदय हो चुकल रहे। अइसन अवस्था में सनातन के वर्चश्व पुनः बढ़त रहल अवस्था रहे। आम जन खातिर

www.bhojpurisahityangan.com

त्रासदी आ निराशा-भरल स्थिति कायम रहे। एह से तनिका आगा बढ़के कुछ नवीन जीवन-शैली के स्थापत्व खातिर सिद्ध आ नाथ साधकन आ तांत्रिक लोग का तरफ आम जन आकर्षित त भइल; बाँकिर एहू में विकृति अइला से आम जनता विकर्षित होत गइल।

सिंह (१९५८, पृ. ३) के अनुसार एह काल में एगारहवाँ शताब्दी के आवते आवते भोजपुरी का साथे बङला, उड़िआ, मगही आ मैथिली भी आपन अलग-अलग रूप स्थिर कर लेलें स। बाँकिर एक काल के जे-जे सर्जक भइलें, उनका रचनन में एह पाँचू भषन के आदिम रूप के दर्शन होला। एकरा साथे एह रचनन में शौरसेनी आ हिंदी के आदिम स्वरूप के भी दर्शन होला।

बाँकिर पं. हरप्रसाद शास्त्री एह काल के कइअन कविअन के भाषा के बङला बतइनी त राहुल सांकृत्यायन एह में से अधिकांश कविअन के भाषा के मगही मनलें। ओहीतरे डॉ. बलभद्र झा आदि विद्वान लोग एह कविअन के भाषा के मैथिली-उड़िआ भी मनले बाड़न स। बाँकिर सच्चाई ई बा कि एह सिद्धन आ नाथन के रचनन से ई पाँचू भषन के जन्म भइल बा। एतहाँ एह काल के सर्जकन के सिद्ध-संप्रदाय आ नाथ संप्रदाय के रूप में चर्चा कइल गइल बा जिनका रचनन में भोजपुरी के आदिम स्वरूप के दर्शन होला।

अपभ्रंश काल में मूलतः बौद्ध भिक्षुअन आ शैव संतन के साहित्य अति महत्त्वपूर्ण मानल जाला। सामान्यतया बौद्ध भिक्षुअन के सिद्ध-संप्रदाय आ शैव संतन के नाथ-संप्रदाय के नाम से जानल जाला। यद्यपि एह दूनू संप्रदायन के प्रतिनिधिअन के एक-दोसरा से नज्दीक भइल भी देखल जाला। एह दूनू संप्रदायन के सर्जकन के एतहाँ संक्षेप में प्रस्तुत कइल बा।

३.२.१ सिद्ध-संप्रदाय

एह कालखंड में साधना के निष्णात, अलौकिक सिद्धिअन से संपन्न आ चमत्कारपूर्ण अति-प्राकृतिक शक्तिअन से युक्त लोग सिद्ध कहात रहे, जे बौद्धमार्ग के महायान आ ओकर पद्धति सहजयान से संबंधित रहे (सिंह, २००९, पृ. २३)। सदाचार आ मध्यमार्ग के जीवन-शैली अपनावल एह लोग के अभीष्ट रहे।

भारती (१९५५, पृ. ४५-६०) के अनुसार सातवाँ-आठवाँ शताब्दी के बाद से एगारहवाँ शताब्दी तक सिद्ध-संप्रदाय के अस्तित्व रहल देखल जाला जे अपभ्रंश भाषा में रचना कइले रहलें। ओह लोग के व्यक्तित्व आ कृतित्व के अति संक्षेप में निम्नानुसार चर्चा कइल गइल बाः

३.२.१.१ सरहपा

सरहपा आदि सिद्ध के रूप में सिद्ध-संप्रदाय में स्थापित बाड़ें। एकर मतलब उनका से पहिले सिद्ध ना रहलें अइसन बात नइखे, बाँकिर सरहपा सब से पहिले बौद्ध तंत्रन के एगो सुसंगठित रूप देहलें आ संप्रदाय के सम्यक प्रवर्तन कइलें।

सिंह (१९५८, पृ. ८) अनुसार पुरुब के ओर राज्ञी नामक नगर में ब्राम्हण परिवार में जन्मल सरहपा के दोसर नाम राहुलभद्र आ सरोजवज्र भी ह। भिक्षु होके भी ई एगो निमन

www.bhojpurisahityangan.com

पंडित रहलें। बाद में इनकर ध्यान तंत्र-मंत्र के ओर लाग गइल आ एगो तीर बनावेवाली कन्या के महामुद्रा बनाके कौनो जङल में रहे लगलें। ई अपनहू तीर (शर/सर) बनावे लगलें जेकर परिणाम स्वरूप इनकर नाम सरह पड़ गइल। इनकर रचना के कुछ अंश—

(६)**राग गुञ्जरी**

अपणे रचि रचि भवनिर्वाणा। मिछे लोअ बन्धावए अपणा॥ [१]॥
अम्हे ण जाणहु अचिन्त जोइ। जाम मरण भव कइसन होइ॥ ध्रुवपद॥
जइसो जाम मरण वि तइसो। जीवन्ते भइले नाहि विशेसो॥२॥
जा एथु जाम मरणे वि संका। सा करउ रस रसानेरे कङ्का॥३॥
जे सचराचर तिअस भमन्ति। ते अजरामर किम्पि न होन्ति॥४॥
जामे काम कि कामे जाम। सरह भणति अचिन्त सो धाम॥५॥

'बारंबार के अस्तित्व आ विलोपन खुद के रचना ह जे में आदमी अनावश्यक बन्नाइल रहेला। हमनी अचिंत्य योगिअन ना जानेनी कि कइसे जन्म, मृत्यु आ अस्तित्व कायम होला। जइसन जन्म ओइसने मरन, ओहीसुके जीवन आ मरन में कौनो भिन्नता नइखे। जे एह जन्म-मृत्यु से डेराला, ओके मधुर रासायनिक द्रव के अपेक्षा में छोड़ दीं। उहो जे कबो-कबो त्रिदश में भटकेला, ना आयुविहीन होला ना मृत्युविहीन। जन्म के कारण कार्य कि कार्य के कारण जन्म सरह कहेलन, धर्म एह विस्तृतीकरण से परे बा।'

सरहपा के पद में तद्भवीकरण के तीब्र प्रभाव आसानी से लउकेला त भोजपुरी क्लांत *-हु* के प्रयोग देखल जाला। ओही तरे संबंधवाचक सर्वनाम *तहि, सो* के प्रयोग भइल देखल जाला। एकरा साथ साथ एतहाँ प्रयुक्त *जइसो, तइसो, कइसन* भोजपुरी के मौलिक क्रियाविशेषण हउअन स त *भइले* भोजपुरी के भूतकाल में प्रयुक्त क्रिया बा।

३.२.१.२ शबरपा

ई पाँचवाँ सिद्ध संत अक्सर श्रीपर्वत में रहत रहलें। अइसन लागेला कि शबर यानी कोल़-भील के जइसन इनकर रहनसहन रहला के कारण इनका के 'शबर-पाद' कहे लागल लोग। 'तन्-जूर' में इनकर अनूदित ग्रंथन के संख्या २६ बा। इनका रचनन में भोजपुरी के प्रारंभिक स्वरूप *जिमि, सो* के दर्शन होला। भाषा वियोगात्मक भइल स्पष्ट बुझाला। चर्यागीत से लेहल गइल ई पदः—

(७)**राग बलाड्डि**

उँचा उँचा पावत तहि बसई सबरी बाली।
मोरङ्गि पीच्छ परहिण सबरी गिवत गुञ्जरी माली॥ [१]॥
उमत सबरो पागल सबरो मा कर गुली गुहाड़ा तोहोरि।
णिअ घरिणी नामे सहज सुन्दरी॥ध्रुवपद॥
नाना तरुवर मौलिल रे गअणत लागेली डाली।

www.bhojpurisahityangan.com

एकेली सवरी ए वण हिण्डइ कर्णकुण्डलवज्रधारी॥ [२]ध्रु॥
तिअ धाउ खाट पड़िला सबरो महासुखे सेजि छाइली।
सबरो भुजुङ्ग नैरामणि दारी पेम्ह राति पोहाइली॥ [३]ध्रु॥
हिअ ताँबोला महासुहे कापुर खाइ।
सुन नैरामणि कण्ठे लइआ महासुहे राति पोहाई॥ [४]ध्रु॥
गुरुवाक् पुञ्छिआ बिन्ध निअमण बाणे।
एके शरसन्धानें बिन्धह बिन्धह परमणिवाणे॥ [५]ध्रु॥
उमत सवरो गरुआ रोषे।
गिरिवर सिहर सन्धि पइसन्ते सवरो लोड़िब कइसे॥ [६]ध्रु॥

'सब से ऊँच पर्वत (महासुख चक्र) में बालिका शबरी (ज्ञानमुद्रा नैरात्मा) रहेली। शबरी के परिधान भावविकल्प रूपी मयूर के पोंछ गर (संभोग चक्र) में (मंत्ररूपी) गुंजमाला बा। ऊ शबर से कहेली— ओ विषय-विह्वलचित्त शबर! हमरा के तू मेरुगुहा में लीन मत करऽ। सहजसुंदरी हमार नाम ह, हम तोहार आपन गृहिणी बानी। हम त तोहरे मेरुपर्वत में विचरण करेनी। ल देखऽ, अविद्यारूपी महातरु मुकुलित भइल। ओकर (पंचस्कंधरूपी) समूचा डाढ़ (प्रभास्वर) आकाश में पहुँच गइल। बाँकिर एतहाँ शबरी पंचमुद्रारूपी निरंशुकलंकार कुंडल पहिने एह शरीर रूपी वन में क्रीड़ा करेली। शबर तीन धातुअन (काय-वाक्-चित्त, प्रभास्वर-सुखरूप) के सेज पर धके ओही महासुखरूपी सेज पर बिछौना कइलन। भुजङधारी शबर ओही बिछौना पर आपन गृहिणी नैरात्मा के सङे प्रेमलीला रस में रात बितइलन आर्थात अन्नाररूपी विकल्प के नाश कइलन। ऊ दूनू व्यक्ति हृदय के तांबुल (भोगसंबंध से मुक्त) कके, महासुख के फल खातिर संबंधन से मुक्त आ कार्य-कारण से दूर कर्पूररूप में भक्षण कइलन। शून्य निरामणि के कंठ (संभोग चक्र) में लेके (महासुखरूपी ज्ञानरश्मि द्वारा) रात बितौलन आ (स्वकायक्लेशरूपी) अन्नार के नाश कइलन। गुरु ज्ञान के धनुष आ अपना मन के बाण बनाके एके शरसंधान के जरिए परम निर्वाण के बेधके महाक्रोध से उन्मत्त शबर गरिधरशिखर के संधिस्थल में प्रवेश कइलन। ओतहाँ शबर कौन तरह से लड़ाई करिहें।'

एह पद के भाषा देखला पर सरहपा से कुछ आउर सरल रूप में भोजपुरी के आदि स्वरूप के दर्शन होला। समापक क्रिया में कर्ता का सङे लिङ-संगति मिलेला।

३.२.१.३ लुइपा

लुइपा पर अनेक लोग के अनेक तरह के दावा बा। तंजूर में इनका के भांगाली कहल गइल बा जेकरा आधार पर हरप्रसाद शास्त्री आ डॉ. विनयतोष भट्टाचार्य इनका के राढ़ देश निवासी बङाली कहेलन त राहुल सांकृत्यायन भंगाला से 'भागलपुर प्रदेश'

www.bhojpurisahityangan.com

के अर्थ लेके इनका के मगधवासी कहत राजा धर्मपाल के दरबार में रहल कायस्थ बतावेलन। तारानाथ इनका के उड़िआ के समंतशुभ नाम के राजा इंद्रभूति के दरबारी कायस्थ बतावेलन। देखीं इनकर ई पदः—

(८)**राग पटमंजरी**

काआ तरुवर पञ्च वि डाल। चञ्चल चीए पइठा काल॥ [१]॥
दिढ़ करिअ महासुह परिमाण। लुइ भणइ गुरु पुच्छिअ जान॥ धुवपद॥
सअल समाहिअ काहि करिअइ। सुख दुखे ते निचित मरिअइ॥ [२]धु॥
एडिअउ छान्दक बान्ध करण कपटेर आस। सुनुपाख भिड़ि लेहु रे पास॥ [३]धु॥
भणइ लुइ आम्हे झाणे दिठा। धमण चमण बेणि पाण्डि बइठा॥ [४]धु॥

'कायारूपी दरख के पाँचगो डाढ़ हउए, चंचल चित्त में काल के प्रवेश भइल। चित्त दृढ़ कइला पर महासुख के प्राप्ति होला, लुइ कहेला कि गुरु से एह बात के पुछीं आ जानी। समूचा समाधि लगाके का करेम सुख होखे भा दुख, मरल त निश्चित बा। कपट के आशा छाऩ-बाऩके जोड़ले रहेला, ओके परित्याग करीं। शुन्यतारूपी भित्ति के अपनाके ओके पासे राखीं। लुइ कहेलन कि युगनद्ध रूप में हम ध्यान से देखले बानी, चान-सुरुज के जोड़ी के धार बनाके ओह पर बइठल बानी।'

एतहाँ प्रयुक्त *काल, सुख, दुख, निचित, मर, आस, पास, दिठ, बइठ* भोजपुरी में प्रयुक्त शब्द हउअन स।

३.२.१.४ दारिकपा

भारती (१९५५, पृ. ५१) के अनुसार उड़िसा के राजा रहल दारिकपा सिद्ध लुइपा के शिष्य रहलें। दारिकपा के १० ग्रंथन के उल्लेख तंजूर में बा जे में से संभवतः तीनगो अपभ्रंश में रहे। उनकर एगो पद चर्यागीतिकोष (बागची १९५६, पृ. ११२) सेः—

(९)**राग बराड़ी**

सुन करुण रे अभिनचारेँ काअधाक्चिएँ।
विलसइ दारिक गअणत पारिमकुलेँ॥ [१]॥
अलक्ख-लक्ख चिआ महासुहेँ।
विलसइ दारिक गअणत पारिमुकलेँ॥ धुवपद॥
किन्तो मन्ते किन्तो तन्ते किन्तो रे झाण वखाणे।
अपइठान महासुहलीलेँ दुलक्ख परमनिवाणे॥ [२]धु॥
दुःखेँ सुखे एकु करिआ भुञ्जइ इन्दी जाणी।
स्वपरापर न चेवइ दारिक सअलानुत्तर माणी॥ [३]धु॥
राआ राआ राआ रे अवर राअ मोहे रे बाधा।
दुइपाअपए दारिक द्वादश भुअणे लाधा॥ [४]धु॥

www.bhojpurisahityangan.com

'शरीर, शब्द आ दिमाग में शून्य आ करुणा के साथ बराबर व्यवहार का जरिए दारिक आकाश में अंतिम छोर में विचर रहल बा। ऊ दिमाग जे अनुभूति से परे महासुख के साथ आकाश में विचर रहल बा उहाँ तंत्र-मंत्र से का होखे-जाएके बा ध्यान आ भाष्य से का होखेके बा परमानंद के खेल के आनंद में उर्ध्वभवन के आभाष तक नइखे होखत। दारिक सुख-दुख के एकत्व में इंद्रजाल के आनंद ले रहल बा। निजत्व आ अनिजत्व के बीच के भिन्नता के छोड़के दारिक सबकुछ सर्वोच्च में समर्पित कर चुकल। अरे राजा! दोसर राजा भ्रम से बन्नाइल बा। लुइपाद के कमलपद के प्रताप से दारिक बारहवाँ संसार के अनुभूत कर रहल बा।'

दारिकपा के एह चर्यागीत में भोजपुरी के बड़ा आनंदित आभास मिल रहल बा। *विलसइ, मंते, तंते, भुअन* जइसन शब्द आज के भोजपुरी में भी प्रयुक्त बाड़ऽ सन।

३.२.१.५ डोम्बीपा

मगधदेश में क्षत्रिय वंश में पैदा भइल चउथा सिद्ध संत डोंबीपा (डोंभिपा) 'वीणापा' आ 'विरुपा' दूनू के चेला रहलें। लामा तारानाथ के अनुसार ई 'विरुपा' के दस बरीस बाद आ 'वज्रघटापा' के दस बरीस पहिले सिद्ध भइलन। ई 'हेवज्रतंत्र' के अनुयायी रहलन। 'भिक्षावृत्ति' में इनकर ई दोहा मिलेलाः—

(१०)**राग धनसी**

गंगा जउना माझेरें बहइ नाई,
तहिं बुड़िली मातगिं पोइआ लीले पार करेइ॥ [१]॥
वाहतु डोम्बी वाहलो डोम्बी वाटत भइल उछारा।
सद्गुरु पाअ-पए जाइब पुणु जिणउरा॥ ध्रुवपद॥
पाँच केडुआल पड़न्ते माँगे पिटत काच्छी बन्धी।
गअणदुखोले सिंचहु पाणी न पइसइ सान्धी॥ [२]ध्रु॥
चन्द सुज दुई चका सिठि संहार पुलिन्दा।
वाम दहिण दुई भाग न रेवइ बाहतु छन्दा॥ [३]ध्रु॥
कवड़ी न लेइ बोड़ी न लेइ सुच्छड़े पार करेइ।
जो रथे चड़िला वाहवाण जाइ कुलें कुले बुड़इ॥ [४]ध्रु॥

'गंगा-जमुना यानी चंद्राभास आ सूर्याभास के बीच शुक्रनाड़ी रूपी एगो नाव चलत रहेला। मातंगी योगिनी ओ में रहेली। एहीं ऊ आपन सभी लइकन के लीला-क्रम में पार लगा देवेलि। ओ डोंबी! तू एके खेवत चल। रास्ता में बहुत देर हो गइल। तू लगातार नाव खेवत चल। गुरु कृपा से हम फेर से जिनपुर जाएम। गुरु के उपदेश रूपी पाँचगो पतवार एह रास्ता में मिलेला। ओह में शुन्यरूपी रासा बान्हके राखल गइल बा। तू ओह पतवार से विषयरुपी जल के उछालत रह, ताकि ऊ देह में ना

www.bhojpurisahityangan.com

पइसे। चंद्ररूपी प्रज्ञाज्ञान आ सूर्यरूपी अद्वयज्ञान के दू चक्रन के हाथ में लेके पुलिंद सृष्टि आ संहार करेलन। ओ डोंबी! सर्वधर्म के समुद्र में नाव खेवत तू बायाँ-दहिना दूनू पंथन पर सचेत भाव से आगे बढ़िहे। मलाह पार उतराई लेला, बाँकिर योगिनी कउड़िओ ना लेवेली। ऊ त मोफते में पार उतार देवेली। जेकरा नैरात्म्य धर्म का सङे परिचय नइखे, ऊ साधना शक्ति के अभाव में किनारे (काया) में डूब जाला।'

इनकर एह रचना के देखला पर भोजपुरी बहुते निखरके आइल लउकेला।

३.२.१.६ कंबलांबरपा

तीसवाँ सिद्ध संत कंबलांबरपा के उड़ीसा के राजवंश में जन्म भइल रहे। भिक्षु होके त्रिपिटक के पंडित बनलन आ बाद में बावनवाँ सिद्ध वज्रघंटापा के सत्सङ में पड़के उनकर चेला हो गइलन। कम्बलपाद बौद्ध दर्शन के भी पंडित रहलन। इनकर ११ गो तंत्र-ग्रंथ के चर्चा मिलेलाः—

(११)**राग देवकी**

सोने भरिती करुणा नावी। रूपा थोइ महिके ठावी॥ [१]॥
बाहतु कामलि गअण उवेसे। गेला जाम बाहुड़इ कइसेँ॥ ध्रुवपद॥
खुण्टि उपाड़ी मेलिलि काच्छि। बाहतु कामलि सद्गुरु पुच्छि॥ [२]ध्रु॥
माङ्गत चड़हिले चउदिस चाहअ। केडुआल नाहि के कि बाहव के पारअ॥ [३]ध्रु॥
वामदाहिण चापी मिलि मिलि माङ्गा। बाटत मिलिल महासुख साङ्गा॥ [४]ध्रु॥

'सोना से भरल करुणा के नाँव में चानी राखे के ठाँव नइखे। कामलि, तू ए नाँव के आकाश के ओर खेव। बितल जन्म के कइसे फिर्ता लेआवल जा सकेला खुँटी के नापके रासा से बान्हके, कामली, परमगुरु के आज्ञा से नाँव के ऊपर ले गइला पर चारू दिशा लउक सकेला। बिना पतवार के के कथी चलाके खेव सकेला बायाँ-दहिना मोड़त सत्य पथ के फेर-फेर से पकड़त रास्ता में महासुख के साथ पावल जा सकेला।'

एह रचना में *रूपा, पुच्छि, चिन्हिले, मेलिल, कइसेँ, खुण्टि, चढ़िले, चउदिस, केडुआल, वामदाहिण, बाट, महासुख* जइसन शब्दन के भोजपुरी में त उपस्थिति बड़ले बा, एह में क्रियन के समापिका रूप भी स्पष्ट देखाई देता।

३.२.१.७ कुक्कुरीपा

तत्कालीन कपिलवस्तु प्रदेश में एगो ब्राम्हण कुल में जन्मल चौंतिसवाँ सिद्ध संत कुक्कुरिपा 'चर्पटीपा' के चेला रहलें। 'तन्-जूर' में इनकर १६ गो ग्रंथ मिलेला।

(१२)**राग गबड़ा**

दुलि दुहि पिटा धरण न जाअ। रुखेर तेन्तलि कुम्भीरे खाअ॥ [१]॥
आङ्गण धरपण सुन भो विआती। कानेट चौरी निल अधराती॥ ध्रुवपद॥
सुसुरा लिद गेल बहुड़ी जागअ। कानेट चोरे निल का गइ मागअ॥ [२]ध्रु॥

www.bhojpurisahityangan.com

दिवसइ बहुड़ी काउइ डरे भाअ। राति भइले कामरु जाअ॥ [३]ध्रु॥
अइसन चर्या कुक्कुरी पाएँ गाइड़। कोड़ि माझेँ एकु हिअहिँ समाइड़॥ [४]ध्रु॥
'जहाँ द्वैत मेटा जाला, ओह महासुख कमल के दोहन कके कौनो बर्तन में ना राखल जा सकेला। शरीर रूपी दरख के फल बोधिचित, कुंभर समाधि के खा लेला। अरे विवाहिता, सुन! विरमानंदावधूती के घर-आङन के ओर ले जो। ओही घर में आधा रात में पइसल वातदोष रूपी कान के गहनन के सहजानंद रूपी चोर चोरा ले गइल। ससुर (साँस) नीन में बा, बहू (योगिनी) जागल बिआ। कान के गहना चोर ले गइल बा। ग्राह्य आदि के अभाव में जोगी कहीं आन जगे जाके प्रार्थना ना करेला। बिहान भइला पर बहू काव्य-कालपुरुष के भय से अकुलाताड़ी; रात भइला पर कामसेवार्थ (महासुख चक्ररूपी स्थान) चल जाली। कुक्कुरीपा अइसन चर्या गावेलन। एकरा के करोड़ जोगिअन के बीच केहू एके जने जान पावेला।'

इनका रचनन में *भइले, जागऽ, मागऽ, भतारे, विआण* जइसन प्रयोग के भोजपुरी के आदिम रूप में लेहल जा सकेला।

३.२.१.८ कान्हपा

कान्हपा के जालंधर के शिष्य के रूप में मानल जाला। 'चर्याचर्य-विनिश्चय' में इनकर पद सब से अधिक संख्या में मिलेला। राहुल सांकृत्यायन भी इनका के विद्या आ कवित्व में सर्वोच्च मानेलन। सस्क्य बकम् बुम् में इनका के कर्णाटकवासी ब्राम्हण कहल गइल बा, बाँकिर कुछ लोग इनका के उड़िआ भी बतावेलन। इनका के अंदर से बौद्ध आ बाहरी जीवन में शैव के भी बहुते निकट मानल गइल बा। देखीं इनकर पदः—

(१३)**राग पटमंजरी**

मण तरु पाँच इंदि तसु साहा। आसा बहल पता फल वाहा॥ [१]॥
वरगुरुवअणे कुठारे छिज। काह्न भणइ तरु पुण न उइजअ॥ ध्रुवपद॥
बाढ़इ सो तरु सुभासुम पाणी। छेवइ विदुजन गुरुपरिमाणी॥ [२]ध्रु॥
जो तरु छेवइ भेउ न जाणइ। सड़ि पड़िआँ रे मूढ़ ता भव माणइ॥ [३]ध्रु॥
सुणतरु (वर) गअण कुठार। छेवह सो तरु मूल न डार॥ [४]ध्रु॥
'मन एगो दरख बा, पाँच इंद्रियन एकर डाढ़ हउअन स, आशा ओकर पाता हउए जे फरफूल के वाहक हउए। गुरु के वचनरूपी टाङी से ओकरा के काट दीं। कान्हपा कहेलन— ऊ मनरूपी दरख संसार भूमि में फेर से ना जामी। शुभ आ अशुभ कर्मरूपी जल के ग्रहण कके ऊ दरख फरेला-फुलेला। विद्वत योगी गुरु के वचन के टाङी के रूप में ग्रहण कके ओह दरख के काट देवेलन। जे एह दरख के काटल भा छेदन करे के ना जाने, ऊ मूर्ख एह भवसागर में पड़के जन्म-जन्मांतर तक सड़त रहेला। ओहीसुके अज्ञानरूपी शुन्य दरख के ज्ञानरूपी टाङी से काट दीं, जे ऊ दरख समूल नष्ट हो जाए।'

www.bhojpurisahityangan.com

एह पद में प्रयुक्त *मन, इंदि*'इंद्रिय', *पता*'पाता', *फल, छेव*'पाङ', *भेउ*'भेद' *जान, मूल*'जर', *मूढ़, डार*'डाढ़' भोजपुरी में प्रयोग होत आइल शब्द हउअन स।

३.२.१.९ भद्रपा

कान्हपा के शिष्यन में महीपा, भद्रपा आ धम्मपा भी बतावल जालें। भद्रपा के गुह्यपा भी कहल जात रहे। बागची (१९५५, पृ. ११५) में इनकर पद ३५वाँ ह—

(१४)**राग मल्लारी**

एतकाल हँउ अच्छिल स्वमोहें। एवेँ मइ बुझिल सद्गुरुबोहेँ॥ [१]॥
एवे चिअराअ मोकु णठा। गअण समुदे टलिआ पइठा॥ ध्रुवपद॥
पेखमि दहदिह सर्व्वइ शून। चिअ विहुन्ने पाप न पुन्न॥ [२]ध्रु॥
बाजुले दिल मो लक्खु भणिआ। मइ अहारिल गअणत पणिआ॥ [३]ध्रु॥
भादे भणइ अभागे लइला। चिअराअ मइ अहार कइला॥ [४]ध्रु॥

'बहुते काल तक हम खुद के भ्रम में रहनी, अब परमगुरु के निर्देशानुरूप हम समझ चुकल बानी। अब राजा के मन ओरा चुकल बा। अब त मन आकाश-गंगा में समा गइल बा। हम देखतानी दसू दिशा शून्य हो गइलन स। बिना मन के ना पाप बा आ ना पुण्य, बाजुल हमे दिशन का बारे में कहले बानी। हम आकाश के पानी पिअले बानी। भादे कहेलन, दुर्भाग्य से, हम राजा के मन खा चुकल बानी।'

एह पद में भोजपुरी के भी आभास जरूर होला।

३.२.१.१० महीधरपा

१६वाँ चर्यापद के रचयिता महीधरपा के भारती (१९५५, पृ. ५६) के अनुसार यदि महीपा चाहे माहिलपा ही मानल जाए त ऊ मगध के शूद्र सिद्ध रहलें। इनकर वायुतत्व दोहा गीतिका संभवतः अपभ्रंश में रहे। इनकर गीतिका के कुछ अंशः—

(१५)**राग भैरवी**

तिनिएँ पाटे लागेलि रे अणह कसण घण गाजइ।
ता सुनि मार भयङ्कर रे विसअ मण्डल सअल भाजइ॥ [१]॥
मातेल चीअ गएन्दा धावइ। निरन्तर गअणन्त तुसे घोलइ॥ ध्रुवपद॥
पाप पुण्ण बेणि तोड़अ सिकल मोड़िअ खम्भाठाणा।
गअण टाकलि लागेलि रे चित्त पइठ णिवाणा॥ [२]ध्रु॥
महारसपाणे मातेल रे तिहुअण सएल उएखी।
पञ्च विसअ नायक रे विपथ कोवि न देखी॥ [३]ध्रु॥
खररविकिरण सन्तापेँ रे गअणाङ्गण गइ पइठा।
भणन्ति महिआ मइ एथु वुड़न्ते किम्वि न दिठा॥ [४]ध्रु॥

'तीनगो पटरी से अनाहत जुड़ल बा; अन्नार बादल गरज रहल बा। सुनके भयानक मार अपना-अपना वृत्त में छितराइल बाड़न स। मन जइसे बउराइल

www.bhojpurisahityangan.com

हाथी दउड़ेला, आकाश में पिआसे सतत घुम रहल बा। पुण्य आ पाप के दूनू जंजीर तोड़त, बरिआर खाम्ना के भी तोड़त, आकाश के शिखर छुअत निर्वाण में पइस चुकल। ओह, महारस के मद में ऊ तीनू संसार के अनदेखा कर चुकल। ओह, ऊ पाँचू ज्ञानेंद्रियन के अजेय नेता हो चुकल बा। ओह, ऊ त प्रचंड घाम के कारण आकाश के आङन में पइस चुकल। महित्ता कहेलन, एह में गोंता लगावत हमरा कुछिओ ना लउक रहल बा।'

एह पद में प्रयुक्त *लागेलि, भयंकर, मातेल, पाप, पुण्ण, चित्त, विपथ, सन्ताप, पइठा, दिठा* जइसन शब्दन के भोजपुरी से पुरान नाता रहल बा।

३.२.१.११ धामपा

४७वाँ चर्या के रचयिता धामपा बाड़ें। इनका के धर्मपा के नाम से भी जानल जाला। राहुल सांकृत्यायन इनका के विक्रमशिला के ब्राम्हण बतइले बाड़न। तंजूर में संकलित इनकर ग्रंथ के ई अंशः—

(१६)**राग गुर्जरी**

कमलकुलिश माझेँ भवइ लेली। समताजोएँ जलिल चण्डाली॥ [१]॥
डाह डोम्बी घरे लागेलि आगिणी। ससहर लइ सिञ्चहुँ पाणी॥ ध्रुवपद॥
नउ खर जाला धूम न दिसइ। मेरु शिखर लइ गअण पइसइ॥ [२]ध्रु॥
दाढ़इ हरिहर बाह्म भडारा। दाढ़इ णवगुण शासनपाड़ा॥ [३]ध्रु॥
भणइ धाम फुड़ लेहु रे जाणी। पञ्च नालेँ उठे गेल पाणी॥ [४]ध्रु॥

'कमल आ ठनका के बीच में विकसित मित्रता से चंदली बराबरी के योग से जरता। डोंबी के जरल घर में आग लाग गइल, हम चान के जरिए पानी छिटनी। अब ना प्रचंड धन्नोर ना धुएँ लउकता। पहाड़ के शिखर पहुँचके ई आकाश में पइसेला। ई हरि, हर आ ब्रम्ना तीनू के जरावेला। नौ धागा आ शिलालेख नष्ट हो गइले स। धम कहेलन अपना के निमन से जान, पाँचगो नल से पानी बह रहल बा।'

एह पद में प्रयुक्त *कमल, समता, चंडाली, लागेलि, अगिणी, सिंच, पाणी, शिखर, पइसइ, हरिहर, बाम्ह* जइसन शब्दन से भोजपुरी के आदिम स्वरूप झलकेला।

३.२.१.१२ गुंडुरीपा

गुंडुरीपा के सस्क्य ब्कम् बुम् में डसुनगर के बहेलिआ बतावल गइल बा लीलापा के शिष्य। इनकर ई पदः—

(१७)**राग अरु**

तिअड़ा चापी जोइणि दे अङ्कवाली। कमल कुलिश घाण्ट करहुँ बिआली॥ [१]॥
जोइनि तँइ बिनु खणहिँ न जीवमि। तो मुह चुम्बी कमल रस पीबमि॥ ध्रुवपद॥
खेपहुँ जोइनि लेप न जाअ। मणिकुले बहिआ ओड़िआणे समाअ॥ [२]ध्रु॥
सासु घरे घालि कोञ्चा ताल। चान्दसुज बेणि पखा फाल॥ [३]ध्रु॥
भणइ गुण्डरी अम्हे कुन्दुरे वीरा। नरअ नारी मझेँ उभिल चीरा॥ [४]ध्रु॥

www.bhojpurisahityangan.com

'त्रिनाड़ी (ललना, रसना, अवधूतिका) के साधके योगिनी ही साधक के स्वचिन्न दान करेली यानी स्वरूप देवेली आ ओके पालेली। ओहीसुके तू कमल आ कुलिश के सम्यक संयोग से कालरहित महामुद्रासिद्धि के साक्षात्कार लाभ ल। हे योगिनी! हम तोहरा से अलग होके एको छन ना जिएम। सहजानंदरूपी तोहर मूँह के चुंबन कके हम बोधिचित्तरूप कमलरस पान करेम। आनंद से योगिनी मणिमूल में गमन करेली त ऊ मोहमल से लिप्त हो जाली; उहाँ क्रीड़ारस के अनुभव कके फेर से महासुखचक्र पर आसीन होके प्रवेश करेली। साँस के ओकरा घर (शरीर) में रोकके दृढ़ ताला लगावऽ; चान-सुरुजयुक्त प्रवाह सिडार के तोड़ द। गुंडरीपा कहेलन, कुंदरु योग के अनुष्ठान से हम वीर बनल बानी आ हम समस्त नर-नारिअन के बीच उर्ध्वलोकवासी योगी के वस्त्र धारण कइले बानी।'

एह पद में प्रयुक्त *बिनु, खणहिँ, जीवमि, मुह, चुम्बी, कमल, रस, पीबमि, सासु, घरे, चांदसुज, नारी, वीरा, चीरा* जइसन शब्दन से एह पद में भोजपुरी के आदिम स्वरूप के झलक मिलेला।

३.२.१.१३ ढेंढणपा

ढेंढणपा के नाम वर्णरत्नाकर में ढेंटस बतावल गइल बा जे एक तरह के रूपांतर प्रतीत होला। ई ३३वाँ चर्या के रचयिता हईं जे एहतरे बाः—

(१८)**राग पटमंजरी**

टालत मोर घर नाहि पड़वेशी। हाड़ीत भात नाहि निति आवेशी॥ [१]॥
वेङ्गस साप वड़हिल जाअ। दहिल दुधु कि बेण्टे समाअ॥ धुवपद॥
वलद विआअल गविआ बाँझे। पिटा दुहिअइ ए तिणा साँझे॥ [२]धु॥
जो सो बुधी सोध निबुधी। जो सो चोर सोइ साधी॥ [३]धु॥
निति निति सिआला सिंहे सम जुझअ। ढेण्ढण पाएर गीत विरले बुझअ॥ [४]धु॥

'हमर घर भिँड़ुक पर बा, हमरा कौनो परोसिआ नइखे। हाँड़ी में चाउर नइखे, बाँकिर मेहमान रोज आवेलन। परिवार तेजी से बढ़ रहल बा। दुहल दूध फेर से स्तन में लौट सकेला बैल बिआला गाई बाँझे बिआ। ओहीसुके ई दिन में तीन बेर झबही में दुहाला। जे बुद्धिमान बा ऊ पूरा मूर्ख बा, जे चोर बा ऊ चौकीदार बा। रोजीना सिंह से सिआर लड़ाई करेला। ढेंढण के एह गीत के अर्थ विरले केहू बुझ सकेला।'

एह गीत में प्रयुक्त *टालत, मोर, घर, पड़वेशी, हाड़ी, भात, निति, बेङ; साप, दहिल, दुधु, वलद, विआअल, गाविआ, दुहिअइ, तिणा, साँझे, बुधी, निबुधी, जो, सो, चोर, साधी, सिआल, सिंह, विरले, बुझअ* शब्दन से त एह पद के भोजपुरिए में रचाइल कहला से भी हो सकेला।

www.bhojpurisahityangan.com

३.२.१.१४ कंकणपा

भारती (१९५५, पृ. ५७) के अनुसार कंकणपा के उल्लेख तंजूर में कोकदत्त के रूप में बा आ इनकर दोसर नाम कोंकणपा भी बतावल गइल बा। नाम से त ई कोंकण देशवासी लागेलन बाँकिर सस्क्य बिहार के सूची में इनका के विष्णुनगर (मगध) के राजपूत बनावल गइल बा। ई ४४वाँ चर्या के रचयिता बाड़ें:—

(१९)**राग मल्लारी**

सुने सुन मिलिआ जबँ। सअल धाम उइआ तबँ॥ [१]॥
आच्छहुँ चउखन संवोही। माझ निरोहँ अणुअर वोही॥ ध्रुवपद॥
विन्दु णाद ण हिएँ पइठा। आण चाहन्ते आण विणठा॥ [२]ध्रु॥
जथा आइलेसि तथा जान। माझे थाकी सअल विहाण॥ [३]ध्रु॥
भणइ कंकण कलअल सादँ। सर्व विच्छरिल तथता नादँ॥ [४]ध्रु॥

'जब शून्य में शून्य मिलेला, सारा पुण्य ओह बेरा सामने आ जाला। हम चउथा क्षण के संपूर्ण ज्ञान पर बानी। बीचला के दमन से सर्वोच्च ज्ञान आगा आवेला। विंदु आ नाद दिमाग में ना घुसे। एक के ढूँढ़ला पर दोसर के नाश हो जाला। जब जहाँ तू अइबऽ, ओके जान सकेलऽ। बीचला के छोड़के बाँकी के जान सकेललऽ। कंकण बड़बड़ात कहेलन, तथता के नाद से समूचा चकनाचूर हो जाला।'

एह चर्या में प्रयुक्त *सुन, मिलिआ, जबें, तबें, धाम, माझ, वोही, विंदु, णाद, आण, आइलेसि, जान, विहाण, विच्छिरिल* शब्द एह पद में भोजपुरी के आदि स्वरूप झलकावेलन स।

३.२.१.१५ वीणापा

वीणापा डोंबी हेरुक के समकालीन बतावल गइल बाड़ें आ आचार्य अश्वपाद के शिष्य। बाँकिर हरप्रसाद शास्त्री उनका के विरुपा के शिष्य बतावेलें जब कि राहुल सांकृत्यायन उनका के ब्राम्हण सिद्ध भद्रपा के शिष्य बतइले बाड़ें। ई गौड़ देश के क्षत्रिय रहलें आ वीणा बजाके अपना पद के गायन करत रहलें। ऊ १७वाँ चर्या के रचयिता बाड़ें:—

(२०)**राग पटमंजरी**

सुज लाउ ससि लागेलि तान्ती। अनहा दाण्डी एकि किअत अवधूती॥ [१]॥
बाजइ अलो सहि हेरुअ वीणा। सुन तान्तिधनि विलसइ रुणा॥ ध्रुवपद॥
आलि कालि वेणि सारि सुणिआ। गअधर समरस सान्धि गुणिआ॥ [२]ध्रु॥
जबे करहा करहकलँ चापिउ। बतिस तान्तिधनि सअल घिआपिउ॥ [३]ध्रु॥
नाचन्ति बाजिल गाअन्ति देवी। बुद्धनाटक विसमा होइ॥ [४]ध्रु॥

'सुरुज तुमा बा, चान एह में रसरी जइसन लागल बा। अनाहत डंटा बा आ अवधूति के चक्र बनल बा। ओ सहि, हेरुक वीणा बाज रहल बा। शून्य के तार-सरगम नाद ध्वनि के साथ झंक्रित हो रहल बा। आलि-कालि दूनू सुर के

www.bhojpurisahityangan.com

सारि सङे बजावल आ हाथी राजा के समरस संधि के गिनत सुनत जब करह करहकल से दबाला, छितराइल बत्तीसो तार के सुर झंक्रित हो जाला। बाजिल नाचतिआ, मल्लिका नाचतिआ। ई बुद्ध नाटक कठिन बा।'

एह चर्या में प्रयुक्त *सुज, ससि, लागेलि, तान्ती, अनहा, एकि, किअत, अवधूती, वीणा, धनि, विलसइ, रुणा, वेणि, सारि, सुणिआ, समरस, गुणिआ, बतिस, नाचंति, गाअंति, बुद्धनाटक, विसमा, होई* भोजपुरी के आदिम झलक प्रस्तुत कर रहल बाड़े स।

३.२.१.१६ विरुपा

महाराज देवपाल (सन् ८०९-८४९ ई.) के देश 'त्रउर' में जन्मल तिसरका सिद्ध संत विरुपा भिक्षु बनके नालंदा बिहार में पढ़े लगलन आ उहाँ के अच्छा पंडित हो गइलन। ई देवीकोट आ श्रीपर्वत आदि सिद्ध स्थानन के यात्रा कइलन। एही क्रम में श्रीपर्वत में ई सिद्ध नागबोधि के चेला हो गइलन। 'तन्-जूर' में इनकर तंत्र-संबंधी १८ ग्रंथ मिलेलाः

(२१)**राग गवडा**

एक से शुण्डिनि दुइ घरे सान्धअ। चीअण वाकलअ आरुणी बान्धअ॥ [१]॥
सहजे थिर करि वारुणी सान्धे। जेँ अजरामर होइ दिड कान्धे॥ ध्रुवपद॥
दशमि दुआरत चिह्न देखइआ। आइल गराहक अपणे बहिआ॥ [२] ध्रु॥
चउशटी घड़िये देल पसारा। पइठेल गराहक नाहि निसारा॥ [३]ध्रु॥
एक घड़ुली सरुइ नाल। भणन्ति विरुआ थिर करि चाल॥ [४]ध्रु॥

'एकस्वरूपा शुंडीनी योगी बायाँ आ दहिना भाग में प्रवाहित सुरुज आ चान दूनू के घर (नस आ घंट) के रंध्र में स्थित बिचला राह में प्रवेश करा देनी आ तब शुंडिनी खुदे आके चिकन (बिना अज्ञान आ अमल के) वस्त्र (बोधिचित्त) द्वारा वारुणी (मद्य) के बीच बान्ह देनी। हे जोगी! सहज के स्थिर कके बोधिचित्तरूपी वारुणी में प्रवेश करऽ, एह से तू अजर-अमर होके फायदा लेबऽ। दसवाँ दुआर पर चिन्ह देखके ग्राहक (गंधर्वसत्व) अपने आप आ गइलन आ ओही दुआर से प्रवेश कइलन। चउँसठ घड़ी महासुख कमलरस पान खातिर ऊ उहाँ पइल गइलन। जे उहाँ प्रवेश कइलस, बाहर ना आइल। ऊ जे एगो घड़ुली (घंट) ओकर नाल बहुत मेहीन बा। विरुपा कहेलन कि बोधिसत्व के निस्त रङ-रूप में प्राप्त करऽ।'

एह पद में तद्भवीकरण का साथे कुछ आउर शब्दन के भोजपुरी सादृश्यता आउर बढ़ल लउकता। लघुतासूचक, निश्चिततासूचक आ निरादरसूचक *-आ* प्रत्यय के प्रयोग सहजे देखल जा रहल बा।

३.२.१.१७ भुसुकुपा

क्षत्रिय वंश में नालंदा के आसपास के प्रदेश में पैदा भइल ४१वाँ सिद्ध संत भूसुक भिक्षु बनके नालंदा में रहे लगलन। ओह समय नालंदा के राजा गौडेश्वर देवपाल (८०९-

www.bhojpurisahityangan.com

८४९ ई.) रहलन। इनकर विचित्र रहनसहन देखके राजा एक बेर 'भूसुक' कह देहलन तब से लोग इनका के 'भूसुक' कहे लागल। देखीं उनकर ई ४९वाँ चर्यागीतः

(२२)**राग मल्लारी**

राज नाव-पाड़ी पँउआ खालेँ बहिउ। अदअ बङ्गाले देश लुड़िउ॥ [१]॥
आजि भुसुक बङ्गाली भइली। णिअ धरिणीं चण्डाली लेली॥ ध्रुवपद॥
डहिअ पञ्चपाटण इंदिविसआ णठा। ण जाणमि चिअ मोर कहिँ गइ पइठा॥ [२]ध्रु॥
सोण तरुअ मोर किम्पि ण थाकिउ। णिअ परिवारे महासुहे थाकिउ॥ [३]ध्रु॥
चउकोडि भण्डार मोर लइआ सेस। जीवन्ते भइले नाहि विशेष॥ [४]ध्रु॥

'पद्मानहर में वज्र-नाँव राखके हम खेवनी। बङाल के भूमि अद्वय लूट ले गइल। भुसुकु, अब तू बङाली भइलऽ। तू चंडाली के आपन घरनी के रूप में रखले बाडऽ। पाँचगो सहर जरेला, ज्ञानेंद्रिय विनसेला। हमरा थाह नइखे कहाँ हमर मन पइसल बा। हमरा सोना-चानी में कुछिअं अब बँचल नइखे। अपना परिवार में हम खुसी से रहनी। चार करोड़ के हमर समूचा खजाना ऊ ले गइल। अब जीवन आ मरन के बीच कौनो अंतर नइखे।'

एह पद के देखला पर सुसुकुपा खुद के बङाली बतावताड़ें, बाँकिर क्रियन में *भइली, लेली, पइठा, भइले* के साथ साथ सर्वनाम में *मोर* जइसन प्रयोग से भोजपुरी के सामीप्यता निखरके आइल बा। एह से ई अनुमान लगावल जा सकता कि अपभ्रंश के क्षेत्र बहुते विस्तृत रहे आ भोजपुरी के प्रारंभिक स्वरूप बङाल तक देखल जात रहे।

३.२.१.१८ शांतिपा

शांतिपा नारोपा के शिष्य रहलें आ दीपंकर श्रीज्ञान आ अद्वय वज्र (अवधूतीपा, मैत्रीगुप्त) के गरु। ई मगध के ब्राम्हण रहलें। कुछ लोग इनका के क्षत्रिय भी बतावेलन। ई उड़ंतपुरी, सोमपुरी, मालवा, सिंहल आदि के पर्यटन ककेे वेद, वेदाङ त्रिपिटक आदि के प्रख्यात विद्वान हो चुकल रहलें। अइसन बतावल जाला कि सिंहल से लौटला के बाद बोधगया में राजा महीपाल भा उनकर संबंधी चाणक्य इनका के विक्रमशिला के पूर्वी दुआर के आचार्य नियुक्त कइलें। देखीं इनकर १५वाँ चर्यागीतः—

(२३)**राग रामक्री**

सअ संवेअण सरुअ विआरे अलक्ख लक्ख ण जाइ।
जे जे उजूबाटे गेला अनाबाटा भइला सोइ॥ [१]॥
कुले कुलेँमा होइ रे मूढ़ा उजूबाट संसारा।
बाल तिल एकु बाकु ण भुलह राजपथ कन्धारा॥ ध्रुवपद॥
माआमोह समुदारे अन्त न बूझसि थाहा।
आगे नाव न भेला दोसइ भन्ति न पुच्छसि नाहा॥ [२]ध्रु॥
सूनापान्तर उह न दोसइ भान्ति न वाससि जान्ते।

www.bhojpurisahityangan.com

एथ अटमहासिद्धि सिझइ उजूबाट जाअन्ते॥ [३] ध्रु॥
बाम दाहिण दो बाटा च्छाडी शान्ति बुलथेउ संकेलिउ।
घाट ण गुमा खड़तड़ि ण होइ आखि बुजिअ बाट जाइउ॥ [४] ध्रु॥

'स्वचेतना के सही प्रकृति के न्याय से अनानुभूत के अनुभूति नइखे हो सकत। सीधा रास्ता जे गइल भुला गइल। ओ मूर्ख, किनारे-किनारे मत घुम, विश्वपथ सीधा बा। बबुआ, सीधा मोड़ से दिग्भ्रमित मत हो, सहर त उच्चपथ पर बा। ओह, तू आकांक्षा आ भ्रम के समुंदर के अंत भा गहरापन के ना समझबे। ना कौनो नाँव ना कौनो बेड़ा अगाड़ी लउकेला, तू मालिक से अपना गलती का बारे में पुछतो नइखस। मैदान पर्ती बा; कौनो संकेत नइखे लउकत; जात बेरा कौनो गलती मत कर। सीधा पथ पर चलला पर इहाँ आठ महासिद्धि पूरा होला। बायाँ आ दहिना दूनू रास्ता के छोड़ला पर खेलते-कुदते शांति मिलेला। आँख मुनले सड़क पकड़के चल जो, ना नाँवन के पड़ाव बा, ना घास के काँट, ना कौनो गड़हा।'

एह चर्या में प्रयुक्त *अलक्ख, लक्ख, जे, बाटे, गेला, अनाबाटा, एकु, भुलह, राजपथ, माआमोह, समुदारे, अन्त, बूझसि, आगे नाव, भेला, पुच्छसि, अटमहासिद्धि, बाम, दाहिण, शांति, बाट* शब्दन से पद सहजे भोजपुरी-मैत्री बन चुकल बा।

३.२.१.१९ तिलोपा

तिलोपा रत्नाकर शांति के गुरु नारोपा के गुरु रहलें। एक दोसरा परंपरा के अनुसार इनका के पद्मवज्र के शिष्य भी बतावल गइल बा जे संभवतः पद्मवज्र आ आम्नाय के अनुसरण के ही संकेत करेला। बहुतो जगह पर इनका के लुइपा के वंशधर, इंद्रभूति भा विजयपा के शिष्य मानल जाला। सस्क्य के अनुसार इनका के राजवंशी बतावल जाला आ इनकर मूल नाम प्रज्ञाभद्र रहे बाँकिर सिद्ध-चर्या में तिल कुटत रहलें। तारानाथ के कहनाम बा कि ई ब्राम्हण रहलें आ पूर्वी भारत में पैदा भइल रहलें। बौद्धमत में आके ई भिक्षु हो गइलें बाँकिर अपने क्षेत्र के एगो तेलिन योगिनी से समागम कके इनका सिद्धि लाभ मिलल। उनका के संघ से निकाल देहल गइल आ अंत में इनका सहज विद्या के अनुभूति भइल (भारती १९५५, पृ. ६०)। देखीं इनकर ई दोहाः—

(२४)हँउ सुण जगु सुण तिहुअण सुण। णिम्मल सहजे ण पाप ण पुण॥

'हमहुँ शून्य बानी, जगतो शून्य बा, त्रिभुवनो शून्य बा। महासुख निर्मल सहज स्वरूप ह, ना उहाँ पाप बा, ना पुण्य।'

ई दोहा अपने-आप में भोजपुरी के छनक दे रहल बा।

३.२.२ नाथ-संप्रदाय

सिद्ध-संप्रदाय के साथ साथ उदित नाथ-संप्रदाय के अपभ्रंश रचनन में भी भोजपुरी के आदिम स्वरूप के दर्शन होला। द्विवेदी (१९५०, पृ. ५४) आ काशिकेय आ द्विवेदी

www.bhojpurisahityangan.com

(वि. २०३५, पृ. ७) ऐतिहासिक कालक्रम पर गंभीर विवेचन के बाद नाथ-संप्रदाय के प्रादुर्भाव ९वाँ ईसवी शताब्दी के बीच के समय बतइले बाड़ें।

सिंह (२००९, पृ. २४) के अनुसार सिद्धन आ संतन के बीच के कड़ी का रूप में नाथ-संप्रदाय आइल बा। ओइसे सिद्ध से संत तक के सृजित साहित्य में समान शैली, विचारधारा आ काव्य रूप के दर्शन होलाः उलटबाँसी, सहज जीवन पद्धति, योग-साधना का प्रति आग्रह, पाखंड के विरोध, मानवता के प्रतिष्ठा, मन-शुद्धि, चित्त-निरोध आदि; जे नाथ-संप्रदाय के सिद्धांत आ बेहवार रहल। चुकि ई लोग आपन-आपन कान फार लेत रहे, एह लोग के *कनफटा साधु* भी कहल गइल बा। नाथ-संप्रदाय के अपभ्रंश स्रष्टन आ ओह लोग के सृजन के नीचे देहल जा रहल बा।

३.२.२.१ मछंद्रनाथ

नाथ परंपरा आदिनाथ से सुरु भइल नाथपंथी लोग के कहनाम बा। आदिनाथ यानी भगवान शिव जे ऐतिहासिक कालक्रम से बाहर के बात बा। मानव होके जन्म लेहल नाथ जोगिअन में एह परंपरा में सब से महत्त्वपूर्ण आचार्य बाड़ें मछंद्रनाथ। उनका के संस्कृत में मत्स्येंद्रनाथ आ मध्यकालीन आर्य भाषा यानी अपभ्रंश भा अवहट्ठ में मच्छींद्रनाथ आ ओहू से सामान्य रूप में मछंद्रनाथ कहल जाला। नेपालीय अनुश्रुति के अनुसार ई अवलोकितेश्वर के अवतार रहलें, नाथ परंपरा के आदि गुरु आ कौलाचार के सिद्ध पुरुष के रूप में इनकर प्रतिष्ठा बा। नेपाल के दरबार पुस्तकालय में मछंद्रनाथ रचित कइअन ग्रंथ सुरक्षित रहल द्विवेदी (१९५०, पृ. ३८) से पता चलेला। ओह में से एगो के नाम ह *कौलज्ञान निर्णय*। एह ग्रंथ के लिपि के देखके पं. हरप्रसाद शास्त्री के ई अनुमान बा कि ई ग्रंथ ९वाँ ईसवी शताब्दी में लिखल गइल बा। डॉ. प्रबोधचंद्र बागची द्वारा एह ग्रंथ के साथ साथ आउर चारगो ग्रंथ के संपादन-प्रकाशन भइल बा जेकर नाम हउए— *अकुल वीरतंत्र-ए, अकुल वीरतंत्र-बी, कुलानंद* आ *ज्ञानकारिका*। मछंद्र के ब्राम्हणो बतावल गइल बा आ केंवट भी। बाँकिर इनकर नाम से इनकर संबंध केंवट जाति भा पेसा से जुड़ल सहजे अनुमान कइल जा सकेला। देखीं इनकर ई पदः—

(२५)**राग धनासी**

पंषेरु उड़ि सो। आय लीयौ बीसरांम॥
ज्यों ज्यों नर स्वारथ करैं कोइ न सवाऱ्यो कांम॥ टेक॥
जल कुं चाहै माछली। थण कु चाहै मोर॥
सेवग चाहै राम कूं। ज्यौ च्यवंत चंद चकोर॥ १॥
यो मारथ को जीवड़ौ। स्वारथ छाड़ि न जाय॥
जब गोप कीरया करी। म्हारो मनवो समग्यौ आय॥ २॥
जोगी सोइ जांणी रै। जगतै रहै उदास॥
तत नीरंजण पाइया। यों कहै मछंदर नाथ॥ ३॥

www.bhojpurisahityangan.com

एह पद के अवलोकन से एतना त निश्चित बा कि सिद्ध-संप्रदाय के रचनन के तुलना में ई अर्वाचीन लागता आ आज के भाषिक स्वरूप के आधार पर एह में पच्छिमी भोजपुरी *काशिका* के झलक मिलता। सिद्ध-संपद्राय के लेखनी जइसन एह पदन के अद्य भोजपुरी में सहजीकरण के जरूरत नइखे बुझात।

३.२.२.२ चौरंगीनाथ

नाथ-संप्रदाय के सिद्ध संत चौरंगीनाथ आ उनकर रचना के अपभ्रंश में मछंद्रनाथ के बाद सब से पुरान मानल जाला। तिब्बती परंपरा में इनका के गोरखनाथ के गुरुभाई मानल जाला त कहीं-कहीं इनकर गुरु भी। बाँकिर इनकर लिखल कहल गइल 'प्राण-संकली' जे पिंडी जैन ग्रंथ भंडार में सुरक्षित बा, ओ में प्रयुक्त भाषा गोरखनाथ के सृजन में प्रयुक्त भाषा से पूर्ववर्ती देखल जाला। ओ में ई अपना के राजा 'सालबाहन' के बेटा, मच्छंद्रनाथ के चेला आ गोरखनाथ के गुरुभाई बतइले बाड़न (सिंह १९५८, पृ. ४)। एहतरे भोजपुरी भाषा के प्राप्त नमूनन में एकरा के प्राचीनतम भोजपुरी के नमूना मानल जाई।

(२६) *सत्य वदंत चौरंगीनाथ आदि अंतरि सुनौ ब्रितांत।*
सालबाहन घरे हमारा जनम उतपति सतिमा झुठ बलीला॥१॥
ह अम्हारा भइला सासत पाप कलपना नहीं हमारे मने
हाथ पाव कटाय रलायला निरंजन बने सोष संताप मने
परमेव सनमुष देषीला श्री मछंद्रनाथ गुरु देव नमसकार करीला
नमाइला माथा॥२॥
आसीरबाद पाइला अम्हे मने भइला हरषित
होठ कंठ तालुका रे सुकाईला धर्मना रूप मछंद्रनाथ स्वामी॥३॥
मन जान्यै पुन्य पाप मुष बचन न आवै मुषै बोलब्या
कैसा हाथ रे दीला फल मुझे पीलीला ऐसा गुसाई बोलीला॥४॥
जीवन उपदेस भाषीला फल आदम्हे बिसाला दोष बुध्या त्रिषा बिसारला॥५॥
नाही मानै सोक धर धरम सुमिरला अम्हे भइला सचेत के तम्ह
कहारे बोले पुछिला॥६॥

चौरंगीनाथ के एह रचना के देखला के बाद इहाँ संस्कृत सहित हिंदिओ के आदि रूप के दर्शन होला। बाँकिर भोजपुरी के प्रधानता स्पष्ट बा। *बोलीला, भइला, देषीला, करीला, नमाइला, पाइला, सुकाईला, पीलीला, भाषिला, बिसारला, पुछीला* जइसन वाक्यांत क्रियन के प्रयोग आजो पच्छिमी भोजपुरी में यथावत बा त ओह से पुरुब *-ने, -नी, -ले* प्रत्ययन का साथे एह सब क्रियन के प्रयोग जीवंत बा। एहीतरे *जनम, उतपति, कलपना, संताप, सनमुष, त्रिषा, सोक* जइसन तद्भव नाम के प्रयोग समकालीन भोजपुरी में यथावत बा त *सासत, माथा, मन, फल* भोजपुरी के मौलिकता झलकावेलन स।

www.bhojpurisahityangan.com

३.२.२.३ गोरखनाथ

हजारीप्रसाद द्विवेदी के अनुसार भारतवर्ष के महान गुरु गोरखनाथ के अविर्भाव विक्रम संवत् दसवाँ शताब्दी में भइल मानल जाला। शंकराचार्य के बाद एतना प्रभावशाली महिमान्वित महापुरुष भारतवर्ष में केहू ना भइल मानल जाला। वर्तमान भारत आ नेपाल में इनकर अनुयायी आजो पावल जालें। भक्ति आंदोलन से पहिले गोरखनाथ के योगमार्ग ही सब से शक्तिशाली धार्मिक आंदोलन रहे। नव हिंद-आर्य समूह के कौनो अइसन भाषा नइखे जहाँ गोरखनाथ के चर्चा ना होखे। एह चर्चन में परस्पर ऐतिहासिक विरोध बहुत अत्यधिक बा। नेपाल के शाहवंशी संस्थापक राजा पृथ्वीनारायण के भी अध्यात्मिक गुरु के रूप में गोरखनाथ के चित्रण कइल गइल बा। एह से सिद्ध बा कि गोरखनाथ अपना युग के सब से बड़ा आध्यात्मिक नेता रहलें।

इनका जन्मस्थान का बारे में कौनो निश्चित अतापता नइखे। ग्रिअर्सन के अनुसार गोरखनाथ संभवतः पच्छिमी हिमालय के बसिना रहलें। ई तत्कालीन नेपाल घाटी के आर्य अवलोकितेश्वर के प्रभाव से निकालके शैव बनौले रहलन।

बाँकिर बड़थ्वाल (वि. २००३, पृ. २१२) में रहल १९ नंबर के छंद गोरखनाथ के पच्छिमी हिमालय के रहल बात के खंडित करेलाः—

(२७) *पूरब देश पछांहीं घाटी (जनम) लिष्या हमारा जोगं।*
गुरु हमारा नांवगर कहिए ये है भरम विरोगं॥१९॥

उनका जन्म आ जन्मस्थान के बारे में अनेको परस्परविरोधी आख्यान मौजूद बा बाँकिर उनकर लेखनी आ विद्वानन के विभिन्न आँकलन के आधार पर ई कहल जा सकेला कि गोरखनाथ विक्रम के दसवाँ शताब्दी में तत्कालीन भारतवर्ष के भूमि पर पैदा होके रहत रहलें।

भारत के मुर्धण्य विद्वान शुक्लजी, बड़थ्वालजी आ हजारी प्रसादजी तीनू जने ई स्वीकार कइले बानी कि गोरखनाथ भोजपुरी में रचना कइले बाड़न। बड़थ्वाल (वि. २०३५) से इनकर सबदी आ पद के कुछ श्लोकः—

(२८)**सबदी**

बसती न सुन्यं सुन्यं न बसती अगम अगोचर ऐसा।
गगन-सिषर महिं बालक बोलै ताका नाँ धरहुगे कैसा॥१॥
अदेषि देषिबा देषि बिचारिबा आदिसिटि राषिबा चीया।
पाताल की गंगा ब्रह्मंड चढ़ाइबा, तहां बिमल बिमल जल पीया॥२॥
इहां ही आछै इहां ही अलोप। इहां ही चरिलै तीनि त्रिलोक।
आछै संगैं रहै जू वा। ता करणि अनंत सिधा जोगेस्वर हूवा॥३॥
वेद कतेब न षांणीं वांणी। सब ढंकी तलि आंणीं॥
गगनि सिषर महि सबद प्रकास्या। तहं बूझै अलष विनांणी॥४॥
अलष विनांणीं दोइ दीपक रचिलै तीन भवन इक जोती।

www.bhojpurisahityangan.com

तास बिचारत त्रिभवन सूझै चुणिल्यौ मांणिक मोती॥५॥
वेदे न सास्त्रे कतेवे न कुरांणे पुस्ते न बंध्या जाई।
ते पद जांनां बिरला जोगी और दुनी सब धंधै लाई॥६॥
हसिबा षेलिबा रहिबा रंग। काम क्रोध न करिबा संग॥
हसिबा षेलिबा गाइबा गीत। दिढ करि राषि अपनां चीत॥७॥
हसिबा षेलिबा धरिबा ध्यांन। अहनिसि कथिवा ब्रह्म गियांन॥
हसै षेलै न करै मन भंग। ते निहचल सदा नाथ कै संग॥८॥

--- --- --- --- ---

गगन मँडल मैं ऊंधा कुवा, तहां अंमृत का बासा
सगुरा होइ सु भरि-भरि पीवै निगुरा जाइ पियासा॥२३॥

--- --- --- --- ---

हबकि न बोलिबा, ठबकि न चालिबा धीरैं धरिबा पाँव।
गरब न करिबा सहजैं रहिबा भणत गोरष रावं॥२७॥

--- --- --- --- ---

धाये न षाइबा भुषे न मरिबा अहनिसि लेवा ब्रह्म अगनि का भेवं
हठ न करिबा पड़्या न रहिबा यूँ बोल्या गोरष देव॥३१॥

गोरखनाथ के रचनन के देखला पर भोजपुरी के स्वरूप बहुते साफ होत देखाई देला। पच्छिमी भोजपुरी में आजो ई रूप विद्यमान बाड़ऽ स। भोजपुरी के एह स्वरूप के काशिका भी कहल जाला जहाँ अवधी आ हिंदी के झलक भी मिलेला। आजो रौतहट के शेख बोली में गोरखनाथ के रचनन से मिलल भोजपुरी स्वरूप के अनुभूति होला।

३.२.२.४ नागार्जुन

नागार्जुन महायानी सिद्ध लोग में भी एकजने स्रष्टा के नाम बा आ नाथ सिद्ध लोग में भी। एह बात के अल-बेरुनी भी पुष्टि कइले बाड़ें (काशिकेय आ द्विवेदी, वि. २०३५, पृ. १७)। साधनमाला में ई कइअन साधना के प्रवर्तक मानल गइल बाड़न। एही से इनका के सिद्ध संप्रदाय के शवरपा आ कृष्णाचार्य के समकालीनो बतावल गइल बा। इनकर प्रादुर्भाव गोरखनाथ से तनिके बाद में भइल मानल जाला। देखीं इनकर सबदीः—

(२९)**सबदी**

दारु तै दाष उतपनी। दाष कथी नहीं जाई॥
दाष दारु जब परचा भया। दाष मैं दारू समाई॥
पूरब उतपति पछिम निरंतर। उतपति परलै काया॥
अभि अंतरि पिंड छाड़ि। प्रांन भरपूर रहै॥
सिध संकेत नागा अरजन कहै॥
आपा मेटिला सतगुरु थापिला। न करिबा जोग जुगति का हेला॥
उनमन डोरी जब षैंचीला। तब सहज जोति का मेला॥

www.bhojpurisahityangan.com

प्रारंभिक हिंदी के समापक क्रिया आ पच्छिमी भोजपुरी के समापक क्रिया एह पद में साथे प्रयुक्त भइल देखल जाला बाकिर प्रधानता भोजपुरी के प्रस्ट बा।

३.२.२.५ भरथरी

गोरखनाथ के शिष्य 'भरथरी (भर्तृहरि)' वैराग्य पंथ के प्रवर्तक मानल जालें। सिन्हा (१९५७, पृ. १९०) के अनुसार इनकर अस्तित्व दसवीं से बारहवीं शताब्दी के बीच मानल गइल बा। इतिहास में कुछ शतक श्लोकन के रचयिता के रूप में भी भर्तृहरि के नाम आवेला बाँकिर गोरखनाथ के शिष्य भरथरी से ऊ भिन्न बाड़न कहके बतावल जाला। गोरखनाथ के शिष्य भरथरी गोपीचंद्र के मामा भी बतावल जालन। भरथरी के गीत भोजपुरिआ क्षेत्र में बुबुना लोग गावल करेलन जे कटनी-दउनी का बेरा गाँव-गाँव में फेरा लगाके भिक्षाटन करेलन। बाँकिर अब ई परंपरा करीब लोप हो चुकल बा।

(३०) **बारहमासा**

चन्दन रगड़ो सोसि हो, गूँधी फूल के हार॥
इंगूर मँगियाँ भरइतों हो, सुभ के अषाढ़॥१॥
सावन अति दुख पावन हो, दुःख सहलो नहि जाय।
इहो दुःख परे वोहि कूबरी हो, जीन कन्त रखले लोभाय॥२॥
भादो रयनि भयावनि हो, गरजे मेह घहराय।
बिजुली चमके जियरा ललचे हो, केकरा सरन उठ जाय॥३॥
कुआर कुसल नहि पाओ हो, ना केऊ आवे ना जाय।
पतिया में लिख पठवों हो, दीहें कन्त के हाथ॥४॥
कातिक पूरनमासी हो, सभ सखि गंगा नहायँ।
गंगा नहाय लट झुरवें हो, राधा मन पछतायँ॥५॥
अगहन ठाढ़ि अँगनवा हो, पहिरों तसरा का चीर।
इहो चीर भेजे मोर बलमुवा हो, जीए लाख बरीस॥६॥
पुसहि पाला परि गैले हो, जाड़ा जोर बुझाय।
नव मन रुइया भरवलों हो, बिनु सैयाँ जाड़ न जाय॥७॥
माघहिं के सिव तेरस हो सिव वर होय तोहर।
फिरि फिरि चितवों मँदिरवा हो बिन पिया भवन उदास॥८॥
फागुन पुरनमासी हो, सभ सखि खेलत फाग।
राधा के हात पिचकारी हो भर भर मारेली गुलाल॥९॥
चैत फूले बन टेसु हो, जब टुण्ड हहराय।
फूलत बेला गुलाबवा हो, पिया बिनु मोहि न सोहाय॥१०॥
बैसाखहि बसवाँ कटइतों हो, रच के बंगला छँवाय।
ताहि में सोइतें बलमुआ हो, करितों अँचरवन वयार॥११॥

www.bhojpurisahityangan.com

जेठ तपे मिरडहवा हो, बहे पवन हाहाय।
'भरथरी' गावे 'वारह-मासा' हो, पूजे मन के आस॥१२॥

भरथरी के एह बरमासा में करीब-करीब भोजपुरी के समकालीन रूप के दर्शन होला। बारहमासा भोजपुरी में बरमासा के नाम से अधिक लोकप्रिय बा जे भोजपुरी लोकवार्ता आ लोकगायन के धड़कन बा। इहाँ हलका हिंदी के समापक क्रिया देखला के बादो एकर भाषा पूरा-पूरा भोजपुरी कहला से होई।

३.२.२.६ गोपीचंद्र

गोपीचंद्र भा राजा गोविंदचंद्र कहीं गोरखनाथ त कहीं जालंधर नाथ के शिष्य बतावल जालें। सिन्हा (१९५७, पृ. २०१) के अनुसार गोपीचंद एगारहवीं-बारहवीं शताब्दी के दौरान गया के राजा के रूप में सिंहासनारूढ रहले। भोजपुरी में गोपीचन के नाम से इनकर नाम, योग आ यश के नाटच्यपरंपरा मौजूद बा। अपने माई के उपदेश से ई अपन दूगो खूबसुरत रानी— उदुना आ पुदुना (उदयनी आ पद्मिनी)— के छोड़के वैराग्य ले लेलें। रानी लोग इनका के फेर से गृहस्थी में आवे के आग्रह कइले रहली, बाँकिर ई वैराग्य में दृढ़ रहलें। गोपीचन के सारडी के अविष्कारक मानल जाला। देखीं इनकर सबदीः

(३१)**सबदी**

राज तेजबा रे पूता पाट तजेबा। तजेबा हस्ती घोड़ा॥
सति सति भाषंत माता मैंणांवंती। कलि मैं जीवन थोड़ा॥१॥
राजा कै घर राणी होती माता। हमारै होती माई जी॥
सत षंणै चौबारे बैठंती माता। यह ग्यांन कहां थी लाई॥२॥
गुरु हमारै गोरष बोलियै। चरपट है गुरुभाई॥
सबद एक हमकौं नाथ जी दीया। तेवो लष्षा मैणांवंत माई॥३॥
सौला सै राणीं बारा सै कन्या। बंगाल देस बड़ भोगी॥
बारह बरस हमकूं राज करण दे माता। पीछैं हूँगा जोगी॥४॥
आजि आजि करंता पूता काल्हि काल्हि करंता।
काया करै कलाल की माठी जी॥
सति भाषंत माता मैणावंती रे पूता।
यौ तन जलि बति होइ मसांण की माटी जी॥५॥
सात षणैं मन्दिर बैसता। पौढ़ता सेज नु लाई॥
सोवण में देही तुम्हारे पिता की होती। सो जलि बलि कोइला थाई॥६॥

एह सबदी के भाषा में भोजपुरी-हिंदी मिलल लउकेला। लोकभाषा स्पष्ट बा। भाषा सरल बा। भोजपुरी के पच्छिमी बोली के प्रधानता स्पष्ट झलक रहल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

३.३ अवहट्ठ काल (११०१-१४२५ ई.)

बारहवाँ से पंद्रहवाँ ईसवी शताब्दी के पहिल चउथाई तक के अपभ्रंश के रूप क्षेत्रीय रङ के तनिका बेसिए निखारे लागल रहे। एकर दोसर खासिअत इहो रहल कि ई पद्य साहित्य सृजन के निरंतरता देत गद्य साहित्य के भी समीटल सुरु कइलख। एकरा के परवर्ती अपभ्रंश भा अवहट्ठ के नाम से विभिन्न विद्वान लोग परिचित करौले बानी। हलाँकि विद्यापति के *कीर्तिलता* तक ही सिंह (१९६४) में अवहट्ठ के समीटल देखल जाला, बाँकिर झा (२०२०ख, पृ. १२) के अनुसार विद्यापति के *कीर्तिलता* सहित *कीर्तिगाथा* आ *कीर्तिपताका* में भी संस्कृत आ प्राकृत के साथ साथ अवहट्ठ के प्रयोग भइल बतावल गइल बा। एहीतरे विद्यापति पदावली के देखला पर उनकर *कीर्तिलता, कीर्तिगाथा* आ *कीर्तिपताका* से कौनो उल्लेखनीय भाषिक भिन्नता नजर ना आवेला। द्विवेदी आ त्रिपाठी (१९७५, पृ. ७९) के अनुसार *अवहट्ठ* शब्द के प्रयोग सब से पहिले अद्दहमान के *संदेश रासक* में मिलेला। बाँकिर सिंह (१९६४, पृ. ३-४) के देखला पर अवहट्ठ शब्द के प्रयोग पहिल बेर ज्योतिरीश्वर ठाकुर के *वर्णरत्नाकर* (१३२५) में, ओकरा बाद शारङधर द्वारा *प्राकृत पैंगलम्* (चौदहवाँ ईसवी शताब्दी के पहिलका चौथाई, अग्रवाल १९५९, पृ. foreword-iv) के टीका में, फेर विद्यापति ठाकुर के *कीर्तिलता* में, कइल लउकेला। एकरा अलावा अब तक मैथिली में लिखल दावा कइल गइल विद्यापति के पदावली के भाषा भी अवहट्ठ प्रमाणित होला। विद्यापति के पदावली के रचनाकाल पंद्रहवीं शताब्दी के पूर्वार्ध ह। हलाँकि ज्योतिरीश्वर आ विद्यापति से पहिले पं. दमोदर भट्ट के *उक्ति-व्यक्ति-प्रकरण* (११२५) प्राचीन कोसली में रचित बतावल गइल बा बाँकिर ओकरा के द्विवेदी आ त्रिपाठी (१९७५) के अनुसार मध्यदेशी अवहट्ठ मानल जा सकेला। एहतरे अवहट्ठ काल बारहवाँ से पंद्रहवाँ शताब्दी के पूर्वार्ध तक देखल जाला, बाँकिर पंद्रहवाँ शताब्दी में भोजपुरी के आदिकवि महात्मा कबीर के रचना भी सुरु हो गइला से एह अध्ययन में अवहट्ठ काल के पंद्रहवाँ शताब्दी के पहिल चउथाई तक ही सीमित राखल गइल बा। ऊपर के एह सभी कृतिअन के आधार पर अवहट्ठ के भाषिक चरित्र के सक्सेना (स. २०१४), सिंह (१९५५ आ १९६४), अग्रवाल (१९६२), नारा (१९७९), सिंह (२०१५) आ झा (२०२० क आ ख) में सचेतनतापूर्वक उजागर कइल गइल लउकेला। एह सब लोग के अवलोकन से अवहट्ठ के भाषिक चरित्रचित्रण के मूलाधार कीर्तिलता रहल बा बाँकिर कीर्तिगाथा आ कीर्तिपताका के भाषा भी अवहट्ठ बतावल गइल बा।

जहाँ तक अवहट्ठ शब्द के प्रयोग के बात बा त ऊ अब्दुल रहमान (अद्दहमान) द्वारा १२वाँ शताब्दी के आसपास रचित *संदेश रासक* में, शारङधर द्वारा १३१० ई. में रचित *प्राकृत पैंगलम्* के टीकाकार वंशीधर द्वारा, पं. ज्योतरीश्वर द्वारा १३२५ ई. में रचित *वर्णरत्नाकर* में आ १५वाँ शताब्दी के पूर्वार्ध में महाकवि विद्यापति द्वारा रचित *कीर्तिलता* में कइल गइल बा जेकर उल्लेख संदर्भ अनुसार नीचे कइल गइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

एह समय तक आवत आवत बौद्ध मार्ग के सिकंजा करीब करीब धराशायी हो चुकल रहे। फलतः सनातनी समाज में जाति-व्यवस्था कायम रहे। बेसी से बेसी लोग खेती आ पारंपरिक घरेलु उद्योग में आपन श्रम खर्च करत रहे। संयुक्त व्यवस्था कायम रहे। पुरुष प्रधान समाज के निरंतरता बनल रहे। फलतः गरीबी, बेरोजगारी आ अत्याचार चरम पर रहे। एही अवस्था में दक्खिन एसिआ में इस्लामी आक्रमण सुरु हो गइल रहे। फलतः इस्लामी शासन व्यवस्था में पारंपरिक सनातनी जीवन पद्धति पर धावा बोलल जा चुकल रहे। धीरे-धीरे समाज आपन अस्तित्व, धर्म, संस्कार के संरक्षण आ जीए के उपाय में लागल रहे।

मध्यदेशीय क्षेत्र सहित उत्तरी भारतवर्ष छोट-छोट रिआसतन में बँटल रहे। सामंती छीनाझपटी में कर्णाटक से पलायन होके आइल कर्णाट लोग सेमरवनगढ़ में राजधानी बनाके तिरहुत अधिराज्य कायम कर चुकल रहे। ओने काशी आ कनौज पर संयुक्त रूप से गढ़वाली राजवंश के शासन कायम रहे। हरेक रिआसत के अपने सेना रहत रहे। कानून-व्यवस्था आ जनता के रक्षा के नाँव पर कर असुली निमन से चलत रहे। आपसी शत्रुता के कारण ई राजा लोग एक-दोसरा के विरोध में विदेशी आक्रमणकारिअन के मद्दतो करत रहे।

एह समय के अर्थ-व्यवस्था मूलतः कृषिकर्म पर आधारित रहे। गँवही इलाका में घरेलु उद्योग आ जातीय पेसा के काम चलत रहे। बाँकिर सामंतवाद के एकरा प्रति के उदासीनता आ उपर से अत्याचार का कारण आम जनता तबाह रहे। घरेलु आ जातीय पेसा के क्षतिग्रस्त करे के प्रयासो चलते रहे। जे लोग इस्लाम कबुल करत रहे, ओकरा कुछ आर्थिक सुरक्षा मिल जात रहे।

पहिले संस्कृत के परंपरागत पद्धति के वर्ण व्यवस्था के मान्यता अनुसार पढ़ाई होत रहे। बाद में मदरसा का माध्यम से अरबी आ फारसी के पढ़ाई होखे लागल। क्षेत्रीय भाषा यानी भोजपुरी, मैथिली, मगही, बङला, ब्रजभाषा के प्रारंभिक रूप यानी अवहट्ठ में साहित्य-रचना सुरु हो चुकल रहे। मजहबी रङ के शिक्षा आ साहित्य से जोड़ल जात रहे।

अवहट्ठ काल के व्यक्तित्व आ कृतित्व कें संक्षेप में राखे के प्रयत्न कइल गइल बाः—

३.३.१ पं. दामोदर

पं. दामोदर द्वारा उनका शब्द में अपभ्रंश भाषा के व्याकरण के रूप में *उक्ति-व्यक्ति-प्रकरण* लिखाइल जे एह पुस्तक के विभिन्न पृष्ठन पर देखेके मिलेला। बाँकिर एह ग्रंथ के मुखपृष्ठ पर एकरा के कोशली भाषा के व्याकरण बतावल गइल बा। एह ग्रंथ के भूमिका (चटर्जी १९५३, पृ. १-७०) में भी एह ग्रंथ के प्राचीन कोशली के व्याकरण आ एकर रचनाकाल सन ११२५ बतावल गइल बा। यानी एह ग्रंथ के वर्णन के भाषा संस्कृत बा आ उदाहरणन के भाषा प्राचीन कोशली। बाँकिर एह ग्रंथ के रचना बनारस आ कनौज के गढ़वाल राजा गोविंदचंद्र के शासनकाल (१११४-११५५) में भइल कहल

www.bhojpurisahityangan.com

गइल बा। ज्ञातव्य होखेके चाहीं बनारस भोजपुरिआ क्षेत्र ह। बनारस के काशी भी कहल जाला आ ओही से ओह जन के बोली काशिका कहाला जौन बनारसी भोजपुरी ह। साथ साथ चटर्जी (१९५३, पृ. ३-७०) में एह ग्रंथ के भाषावैज्ञानिक स्वरूपो परोसल गइल बा जेकर संक्षिप्त झलक ठाकुर आ अश्क (२०२३) में मिलेला। अर्थात भोजपुरी के रङ गार होत गइल देखल जाला जे व्याकरण के जरूरत बोध करा देलख। यानी भोजपुरी के गद्यात्मक स्वरूप के दर्शन एह ग्रंथ से भइल सुरु होला। एतहाँ उक्ति-व्यक्ति-प्रकरण में प्रयुक्त कुछ वाक्यन के परोसल जाता जे साफ-साफ भोजपुरी रहल बयान करताः—

(३२)क. *आंखि देख।* 'आँख से लउकेला।' (मुनि, १९५३, पृ. ६)

ख. *आंखि देखत आछ।* 'आँख से देखत बा।' (मुनि, १९५३, पृ. ६)

ग. *भोजन किएसि, जेंवेसि।* 'भोजन कइलस, जेंवलस।' (मुनि, १९५३, पृ. ९)

घ. *दर्शन किएसि, दीवेसि।* 'दर्शन कइलस, देखलस।' (मुनि, १९५३, पृ. ९)

ङ. *भोजन करिह, जेंविह।* 'भोजन करी, जेवीं।' (मुनि, १९५३, पृ. ९)

ङ़. *त्याग करिह, तजिह।* 'त्यागी।' (मुनि, १९५३, पृ. ९)

च. *ह्राइ देउ पूजि, बम्हणह्र दानु देइ, जेंव।*
'नहाके देवता पूजके, ब्राम़ण के दान देके खाला।' (मुनि, १९५३, पृ. ११)

छ. *पढि पांड भा।* 'पढ़के पंडित भइल।' (मुनि, १९५३, पृ. ११)

ज. *पुत्र इच्छ।* 'बेटा के कामना बा।' (मुनि, १९५३, पृ. १३)

झ. *सिंहासण आछ राजा।* 'सिंहासन पर राजा बा।' (मुनि, १९५३, पृ. १४)

ञ. *तातौ अम्हे इहां आछ।* 'तातश्री हमनी इहाँ बानी।' (मुनि, १९५३, पृ. १४)

दृष्टांत (२७क-ञ) के देखला पर स्पष्ट रूप से बनारसी भोजपुरी के आदिम स्वरूप नजर आवता। अइसन उदाहरण से ऊ पूरा ग्रंथ भरल पड़ल बा, काहेकि ऊ बनारसी भोजपुरी के व्याकरण ही ह जौन संस्कृत में लिखल गइल बा।

३.३.२ अब्दुल रहमान (अद्दहमान)

अब्दुल रहमान, जिनका के अद्दहमान के रूप में लोकप्रिय पावल जाला, १२वाँ ईसवी शताब्दी के आसपास में मूलतान, जे अभीन पाकिस्तान में पड़ेला (पहिले पच्छिमोत्तर भारत), में रहके लिखले रहलें *संदेश रासक* (द्विवेदी आ त्रिपाठी १९७५, पृ. ७९)। ई निश्चित रूप से अवहट्ठ में लिखल गइल बा, बाँकिर पच्छिमी अवहट्ठ में। एकरा बादो एह में भोजपुरिअन के समझेवाला बहुत कुछ शब्दन के प्रयोग भइल देखल जालाः—

(३३)क. *अवहट्टय-सक्कय-पाइयंमि पेसाइयंमि भासाए।*
लक्खणछंदाहरणे सुकइत्तं भूसियं जेहिँ॥ ६॥
'जे अवहट्ठ, संस्कृत, प्राकृत आ पैशाची भषन में कविता कइलें आ सुंदर काव्य के लक्षण, छंद, अलंकार से विभूषित कइलें।'

ख. *पिअविरहानलसंतविअ जइ वच्चउ सुर लोइ।*
तुह छड्डिवि हियअट्ठियह तं परिवाणि ण होइ॥७५॥

www.bhojpurisahityangan.com

'प्रिय! तोहे हृदयस्थित छोड़के अगर तोहर विरहाग्नि से संतप्त होके सुरलोक चल जाईं त ई (शिष्ट जन के) परिपाटी ना होई।'

ग. *संदेसडउ सवित्थरउ, पर मइ कहणु न जाइ।*
जो कालंगुलि मूँदडउ सो बाँहडी समाइ॥८१॥
'सनेस सविस्तार बा बाँकिर हमरा से कहल ना जाई जे कनङुड़िआ अङुड़ी के अउँठी रहे ओह में त अब हमर बाँह समा जाई।'

एह दोहन में *लोइ, होइ, जाइ* आ *समाइ* शब्द भोजपुरी में अभीन मौजूद बा आ ओही अर्थ में एतहों प्रयुक्त भइल लउकेला।

तथापि पच्छिमी अवहट्ठ में भोजपुरी के प्रवृत्ति यदाकदा कहीं-कहीं मिलेला जेकरा आधार पर एतना जरूर कहल जा सकेला कि ओह बेरा के अवहट्ठ के क्षेत्र विशाल रहे आ ई भाषा आज के दर्जनो आधुनिक हिंद-आर्य भाषा के सब से निकटतम स्रोत के रूप में रहे।

३.३.३ हजरत निजामुद्दीन औलिया (१२३८-१३२५)

हजरत निजामुद्दीन चिश्ती घराना के चउथा संत मानल जालन। इनकर खासिअत रहल वैराग आ सहनशीलता। निजामुद्दीन औलिया ईश्वर प्राप्ति खातिर प्रेम पर जोर देत रहनी। दुनिआ का बारे में ऊ धार्मिक बहुलवाद आ दया के भावना से चिन्हल जात रहनी।

बतावल जाला कि एही कारण से दिल्ली के सुल्तान ग्यासुद्दीन तुग्लक से उनकर मतभेद जारी रहल। बात सहिओ बा, काहेकि ग्यासुद्दीन तुग्लक में मजहबी कट्टरता अगर ना रहित त सेमरवनगढ़ सहित बंगाल तक के हिन्दू मंदिरन पर बर्बर दमन ना कइले रहतन। मूल रूप से हजरत निजामुद्दीन के साहित्य के भाषा आज के उर्दू के पूर्ववर्ती रूप ह। ई ओह बेरा ई खरोष्टी लिपि में लिखात रहे जे अभी अरबी-फारसी लिपि के आउर सहजीकृत रूप में नस्तालिक आ उर्दू दूनू नाम से जानल जाला। बाँकिर खरोष्टी लिपि आ पूर्ववर्ती उर्दू साहित्य के स्रष्टा के कलम से ओहुबेरा भोजपुरिओ साहित्य सृजन भइल। अतः ई कहे में संकोच नइखे कि भोजपुरी के विस्तार क्षेत्र ओही बेरा विशाल रहे। उनकर एगो भजन के कुछ अंशः—

(३४) *परबत बाँस मड़ावे मोरे बाबुल! नीके मड़वा छवावे रे।*
सोना दीन्ना, रूपा दीन्ना, बाबुल दिल दरिआव रे।
हाथी दीन्ना, घोड़ा दीन्ना, बहुत-बहुत मन चाव रे।
डोलिआ फँदाए पिआ ले चलिहैं, अब संग नहीं कोई आव रे।
गुड़िआ खेलन माँ के घर रह गई, नाहि खेलन को दाव रे।
निजामुद्दीन औलिया बहिआँ बकड़ि चले धरिहों वाके पाँव रे।

(शुभ, २०२४, पृ. १०३)

www.bhojpurisahityangan.com

३.३.४ सुफी संत अमीर खुसरो (१२५५-१३२५)

सूफी संत अमीर खुसरो के जीवनकाल १२५५ से १३२५ ई. बतावल गइल बा (तिवारी, २०१४, पृ. ७५)। तिवारीजी के अनुसार आपन गुरु बाबा हजरत निजामुद्दीन औलिया के मजार पर एगो शेर कहके गिरके खुसरो बेहोश हो गइल रहलें आ अंत में गुरु प्रेम में आपन भौतिक देह त्याग देले रहलें। ऊ उनका भोजपुरी प्रेम के बखूबी दर्सावेलाः—

(३५) *गोरी सूते सेज पर मुख पर डारे केस।*
चल खुसरो घर आपने रैन भई चहु देस॥

अइसहीं उनका कुछ आउर रचनन के देखल जा सकेला जौना के पढ़के केहू ई ना कह सके कि उनकर ई सब रचना में भोजपुरी नइखेः—

(३६) क. *अंदर चिलमन बाहर चिलमन बीच करेजा धरके।*
अमीर खुसरो ई कहे ऊ दू दू अंगुल सरके॥
ख. *बाँस ना बल्ली बंधन घने। कह खुसरो घर कइसे बने॥*
ग. *आइना आइना आइना। पाइना पाइना पाइना॥*
घ. *तेली के तेल कहाँर के हंडा। हाथी के सूँड़ नवाब के झंडा।*
ङ. *एक नार चातुर कहलावे, मुरख के ना पास बोलावे,*
ड़. *चातुर मरद जे हात लगावे, खोल सतर ऊ आप देखावे।*
च. *हर के द्वारे भीख कहेला, चतुर मानस बुझ पहेली।*
छ. *मुँह के उगिले मुँह के खाए।*
ज. *दू नर से ऊ नारी जूझे। तब जानो जब चटपट बूझे।*
झ. *दु तिरिया मील पुर्ख कहलाई।*
अउर पता कब पसांब बुनाई॥ (तिवारी, २०१४, ७५-७६)

३.३.५ शारङधर

व्यास आ साथी (१९५९) में अवहट्ठ में लिखल *प्राकृत पैंगलम्* छंदशास्त्र के विस्तृत विवेचन बा। एह ग्रंथ के रचनाकाल चौदहवाँ ईसवी शताब्दी के पहिलका चौथाई मानल गइल बा त अग्रवाल (१९५९, पृ. foreword-iv) अनुसार ई ग्रंथ १३१० ई. में शारङधर द्वारा लिखाइल अनुमान कइल गइल बा। एकर पहिलका श्लोक (व्यास आ साथी १९५९, पृ. १) कुछ एहतरे बाः—

(३७) *जो विविहमत्तसाअरपारं पत्तो वि विमलमेइहेलं।*
पढमब्भास तरंडो, णाओ सो पिंगलो जअइ॥ १॥ गाथा॥
'जे महर्षि पंगल आपन विमल बुद्धि से लीला के साथ विविध मत्रन के सागर यानी छंदसागर के पार कइलें आ जे भाषा (अवहट्ठ) के पहिलका नाँव हउए, उनकर जय हो।'

www.bhojpurisahityangan.com

सिंह (१९६४, पृ. ४) के अनुसार एह श्लोक के टीकाकार वंशीधर अपना संस्कृत टीका में दोहा के जरिए कुछ एहतरे स्पष्ट कइले बाड़नः—

(३८) *प्रथमो भाषातरंडः प्रथम आद्यः भाषा अवहट्ठ भाषा*
यथा भाषया अयं ग्रंथो रचितः सा अवहट्ठ भाषा
'तस्था इत्यर्थः त...प्प पारंप्राप्नोति तथा पिंगल प्रणीत छन्दःशास्त्रं प्रायावहट्ठ भाषारचितैः तद्ग्रन्थ पारंप्रप्नोतीति भावः सो पिंगल णाओ जअइ उत्कर्षेण वर्तते।'

एह ग्रंथ में सिद्ध साहित्य भा पंडित दामोदर के *उक्ति-व्यक्ति-प्रकरण* भा पंडित ज्योतिरीश्वर के *वर्णरत्नाकर* में जेतरे भोजपुरी के बहुतो स्वरूप के दर्शन होला, ओइसन अवस्था ना मिलेला। बाँकिर अद्दहमान के *संदेश रासक* के तुलना में कुछ बेसिए मात्रा में भोजपुरी के सर्वनाम, संख्यात्मक विशेषण आ कुछ ठेठ भोजपुरी नाम शब्दन के दर्शन होलाः

(३९) *माई रूए हेओ, हिण्णो जिण्णो अ वुड्ढओ देओ।*
संभुं कामंती सा, गोरी गहिलत्तणं कुणइ॥३॥
'हे माई, देखऽ त; ई वर रूप से कुत्सित, हीन, जीर्ण आ बूढ़ बा। शंभु के वरण करे के इच्छावाली पार्वती सचमुच व्यर्थ हठ करतिआ' (व्यास आ साथी १९५९, पृ. ३-४)।

एह श्लोक के टीका में *माई-मातः, रूए-रूपे, हिण्णो-हीनः, जिण्णो-जीर्णः, वुड्ढओ-वृद्धक, कामंती-कामयमाना, गोरी-गौरी* के रूप में अर्थावल गइल बा जे एहुतरे देखला पर आदिमकालीन भोजपुरी में आनो जगह प्रयुक्त बाड़न स।

(४०) *अरेरे वाहहि कान्ह णाव, छोडि डगमग कुगति ण देहि।*
तइँ इथि णदिहिँ सँतार देइ, जो चाहहि सो लेहि॥९॥
'हे काऩा, नाव खेवऽ; नाव छोट बा, एकरा के डगमग गति मत द। एह नदी में संतार देके (एह नदी से पार कके) तू जे चहबऽ से ले लिहऽ' (व्यास आ साथी १९५९, पृ. ११)।

एतहाँ प्रयुक्त *डगमग* एगो क्रियाविशेषण बा जे आज के समकालीन भोजपुरी में ठेठ तरीका से प्रयुक्त होला आ एह से क्रिया भी बनेला *डगमगावल* जौना अर्थ में एतहों प्रयोग भइल बा।

(४१) *टगणो तेरहभेओ, भेआ अट्ठाइ होंति ठगणस्स।*
डगणस्स पंच भेआ तिअ ढगणे वे वि णगणस्स॥१३॥
'टगण तेरह प्रकार के होला, ठगण के आठ भेद होला, डगण के पाँच भेद, आ ढगण आ णगण में क्रमशः तीन आ दू भेद होला।' (व्यास आ साथी, १९५९, पृ. १६)

एह श्लोक में प्रयुक्त *तेरह, अट्ठाइ, तिअ* आजो गाँवन के भोजपुरी में प्रयुक्त बाड़न स।

(४२) *कुंद करअल मेह तालंक, कलरुद्द कोइल कमलु।*
इंदु संभु चामरु गणेसरु, सहसक्खो सेस भण॥

www.bhojpurisahityangan.com

णाअराअ जंपइ फणीसरु।
तेरह अक्खर जं पलइ, इग्गारह वंकेहिँ।
अक्खर अक्खर जं वढइ, तं तं णाम कुणेहि॥९३॥

'कुंद, करतल, मेघ, ताटंक, कलरुद्र, कोइल, कमल, इंदु, शंभु, चामर, गणेश्वर, सहस्राक्ष, शेष— ई रोला के भेद हउए, अइसन नागराज पिंगल कहेलन। जहाँ एक एक चरण में तेरह अक्षर, अर्थात ११ गुरु आ २ लघु (२२+२ = २४ मात्रा) पड़ल, ऊ पहिल भेद ह। एक गुरु अक्षर के दू-दू लघु में बदलला पर यानी एक-एक अक्षर के बढ़ला पर तत्तत् नामक भेद होला' (व्यास आ साथी, १९५९, पृ. ८५-८६)।

एतहाँ प्रयुक्त *कोइल, कमल, तेरह, अक्खर, इग्गारह* भोजपुरी में अभीन प्रयोग हो रहल शब्द हउए।

(४३) *जसु सीसहि गंगा गोरि अधंगा गिव पहिरिअ फणिहारा।*
कंठट्ठिअ वीसा पिंधण दीसा संतारिअ संसारा॥
किरणावलिकंदा वंदिअ चंदा णअणहि अणन फुरंता।
सो संपअ दिज्जउ बहु सुह किज्जउ तुम्ह भवाणीकंता॥ ९८॥

'जिनका सिर पर गंगा, अधङ में गौरी, गर में साँप के हार, कंठ में विष बा। जिनकर वस्त्र दिशा बा आ जे संसार के तरले बा, जे किरणावलि के कंद (समूह) बा, जे सिर पर चंद्रमा धारण कइले बा, जिनका आँख में आग चमकेला, ऊ भवानी के पति शिव तोहे संपत्ति देस, आ तोहे बहुत सुख देस।' (व्यास आ साथी, १९५९, पृ. ८९)

एतहाँ प्रयुक्त *सीस, अधङ, पहिर, फुर, भवानी, कंत* आज के भोजपुरी में प्रयुक्त शब्द हउअन स।

एहतरे व्यास आ साथी (१९५९) के देखला पर एह में भोजपुरी के कुछ ठेठ नाम, सर्वनाम, विशेषण आ क्रियाविशेषण के प्रयोग भइल लउकेला।

३.३.६ पं. ज्योतिरीश्वर

साहित्य रचना के हिसाब से तत्कालीन तिरहुत अधिराज्य के राजधानी सेमरवनगढ़ में कर्णाटवंशी राजा हरिसिंहदेव के पाला में पंडित ज्योतिरीश्वर ठाकुर *वर्णरत्नाकर* के रचना कइलन। एह वर्णरत्नाकर के भाषावैज्ञानिक स्वरूप चटर्जी (१९४०, पृ. xxxvi-lx) में देखे के मिलेला जेकर संक्षिप्त रूप ठाकुर आ अश्क (२०२३) में मिलेला। पं. दामोदर के *उक्ति-व्यक्ति-प्रकरण* के वर्णनात्मक भाषा संस्कृत बा त पं. ज्योतिरीश्वर के एह ग्रंथ के भाषा पूरा पूरा अवहट्ठ बा। बाँकिर बड़ा अचरज आ हरानी के बात बा कि एह ग्रंथ के अब तक प्राचीन मैथिली बतावल जा रहल बा। निश्चित रूप से एह ग्रंथ से कुछ दृष्टांत के जरिए त भाषावैज्ञानिक रूप से कुछ बात कइलही गइल

www.bhojpurisahityangan.com

बा, बाँकिर एकर संपादक बबुआ मिश्र, जे खुदे मैथिल रहलें, वर्णरत्नाकर के भाषा का बारे में का कहले बाड़ें त देखल जाओ उनके शब्द में:—

(४४) *संस्कृतक ग्रन्थमेँ पूर्वापर अक्षर देखि मध्यवर्ती अक्षर बहुतकाल अन्दाज कय सकैत छी, परन्तु* ***भाषा****क ग्रन्थमेँ नहिँ। ताहू पर ग्रन्थक भाषा थीक समीपवर्ती समयक भाषा नहिँ, प्रत्युत आइ सँ ६००-७०० वर्ष पूर्वक, जखन मिथिलाभाषा कही वा नहिँ, परन्तु कतोक अन्य प्रान्तीय भाषा अपन शैशवास्थहिमेँ छल; ओकर रूप पूर्णतरहेँ व्यवस्थित ओ परिमार्जित नहिँ भेल छलैक।* (मिश्र, १९४०, पृ. २*)

'संस्कृत के ग्रंथ में पहिले के अक्षर देखके बीच के अक्षर बहुत हद तक अंदाज कर सकतानी, बाँकिर भाषा के ग्रंथ में ना। तेहू पर ग्रंथ के भाषा बा आसपास के समय के भाषा ना, बाँकिर आज से ६००-७०० बरीस पहिले के, जौना बेरा मिथिलाभाषा कहीं कि ना, बाँकिर कइअन आउर प्रांतीय भाषा आपन सुरुआतिए अवस्था में रहे; ओकर रूप पूरा-पूरा व्यवस्थित आ परिमार्जित ना भइल रहे।'

दृष्टांत (४४) में संपादक मिश्र एह ग्रंथ के भाषा संस्कृत नइखे से त कहले बाड़न बाँकिर कौन भाषा बा से स्पष्ट नइखन कइले। एतहाँ संस्कृत के विकल्प में *भाषा* कहल गइल बा, जे तत्कालीन समय के जनबोली के कहल जात रहे। बाँकिर ओह जनबोलिअन का बारे में भी ओह समय में समूचा प्रांतीय भाषा के सुरुआतिए अवस्था में रहल बतावल गइल बा जेह में से कौनो के रूप पूरा-पूरा फरछाइल ना रहल बतावल गइल बा। तब भला एह ग्रंथ के भाषा मैथिली हो जाई कइसे अगर रहित त बबुआ मिश्र स्पष्ट शब्द में कहे से सकुचाइल काहे लउकताड़न

बाँकिर इहो इआद करेवाला बात बा कि हिंद-आर्य भाषा के इतिहास में एह पहिल गद्य ग्रंथ के रचना समेरवनगढ़ में भइला के चल्ते एह में प्रयुक्त अवहट्ठ सेमरवनी भोजपुरी के आदिम स्वरूप ग्रहण कइल लउकेला। एतहाँ एह कृति में प्रयुक्त कुछ गद्य स्वरूप के बानगी परोसल गइल बाः

(४५) *के नु कइसन देषु। नागल्. तोँगल. तापसि. तेलि. ताति. तिवर. तुरिआ. तुलुक. तुरुकटारुअ. धेओल. धाङ्गल. धाकल. धानुक. धोआर. धुनिआ. धलिकार. डोव. डो। वटारुअ. खागि. षगार. हाडि. ढाढि. भल. चण्डार. चमार. गोंण्ठ. गोण्ठि. गोन्ति. गोआर. गावर. ओड. शुण्डि. साव. पञ्चकवार. पटनिआ. परिगह.। चावि. मुण्डवारि. वीन्द. कादव. नागर प्रभृति मन्दजातीय तें वाम. मे कइसनाह जन। लह. लगल्. लोभी. लवाल. लपटोर. नंढ. नड़जिह. नै। घुट. नहका. नषद्वय. लम्पाक. ण्वम्विध दशलकार संयुक्ताह। अवर कइसन देषु॥ चोर. चञ्चल्. जुआर. छिनार. लगवार. नेओसाइड. धल। ह्ह् ह. पेटकट. नाकट. कनकट. नाकट. मुण्डफोलुअ. नडितोलुअ. निषसन. निसत्त. निकारल.*

www.bhojpurisahityangan.com

निकिसानए. करिहार. उधखलुअ. अनेक ये असदर्थ अनुचीती ता। १० खे आश्रय देषु कइसन। इजर. वेल. वएर. वावुर. वरुण. वकाइनि. वङ्का. कातर. मे पसार देले देखुह। खुसा. चुसा. फरुही. भुजा. वीची. वोवलि. करहल. क्रूर। कातोलि. मेथी. मगरैल. मनइचा. मद्य. नसुन. पोस्त. पयाजु. सेजोफ. सिधरी. मारुक. भेट. प्रभृति अनेक कुवस्तु कुवाषरक पसार देखु॥ आओर। कैसन देखु.। जगा. जोगी. नगारि. भरहर. भण्डुआ. चेङ्गा. चतरिआ. सुरतरीआ. महीर. गोरइआ. वाहिलि. परभा प्रभृति ये अनेक भिखारि ते . भरतल॥ पुनु कइसन.। भेभच. हलुक. डाक. डौकी. डेजुडी. डमरु. धोन्धसि. मजिरा. कठताल. किढला. चङ्गु. चुतुकुल. वासी. पुहिल. सीङ्गा वजा। वइते डफिला. डलोरि. विरहा. वेलि. विरह देइ मन्त्रणा भिषना. मिरिआदेशइ. ठमरण. चउपद. चेङ्गा. चाञ्चलि. लोरिक नाचो. नगनी. मएना. वड़ती. ञि। (चटर्जी आ मिश्र, १९४०, पृ. १-२)

दृष्टांत (४५) में पेसागत जातिअन के नाम सब में अधिकांश अद्य भोजपुरी में प्रयुक्त बा। भूत कृदंत से बनल शब्दन भोजपुरी में जइसन के तइसने प्रयोग होलन स। बाजा के नाम सब भोजपुरी में ओहीतरे प्रयुक्त होलन स। एकरा साथ साथ एह शब्दन के वर्णन के सुरुआत में आइल रीतिवाचक क्रियाविशेषण *कइसन* भोजपुरी के ठेठ शब्द ह। जहाँ तक समापक क्रिया *देषु* के बात बा त ऊ सेमरवनी भोजपुरी जेकर प्रमुख जगह सेमरवनगढ़ ह ओतहाँ आजो ओही रूप में प्रयोग होला।

(४६) *मेवा. मोरिमेवा. जोहारि. लेह. देह. तोरह. उठावह. पुनु देह. वरावह प्रभृति अनेक शब्द होइते अछ.। मम भल मद मरीच ऐसन. इ विचार होइते अछ.। वङ। मग. वडाइत सग. गोसाञिञ. माझिहे. रनाहे. मलिकह. मोहनाइत. महामलिक. वोनञो. अगुआडी. गोचरञो. विविध प्रकारक वारहह। राज्यक कहिनौ होइते अछ.। तदनन्तर वेणि. विरहा. हलुक. चुटुकुल. प्रतिगीत. वाद्य. ताल. नृत्य. होइते अछ। लगले मद्ये. गारि कन्दल. ध। रहलि. हरहलि. चोट. उपशम. हास्य. करुणा. आलिङ्गन. प्रणाम. असम्भम. उछार. वोकार. वमन. विरेचन. लघ्वी. भुगत अनेक दुरवस्था देषु।* (चटर्जी आ मिश्र, १९४०, पृ. २)

दृष्टांत (४६) में भी *मोहनाइत, होइते* सेमरवनी भोजपुरी में अद्यपि प्रयोग में बा। आउर बात त दृष्टांत (३७) में कहा चुकल बा।

(४७)क. *जंघयुगलक शोभा देखि कदली विपरीतगति कइलि।* (चटर्जी आ मिश्र, १९४०, पृं ६)

ख. *कुलस्त्री सलज्ज भेलि।* (चटर्जी आ मिश्र, १९४०, पृ. १५)

दृष्टांत (४७क-ख) के देखला पर *कइलि* आ *भेलि* समापक क्रिया में व्याकरणिक रूप में स्त्रीलिङ झलका रहल बाड़ऽ स। ई मैथिली के चरित्र ना होके भोजपुरी के चरित्र ह।

(४८)क. *तदनन्तर भउ कइसन*

www.bhojpurisahityangan.com

ख. *अनन्तर भउ कइसन* (चटर्जी आ मिश्र १९४०, पृ. २२)

दृष्टांत (४८क-ख) में प्रयुक्त *तदनन्तर* आ *अनन्तर* संस्कृत तत्सम शब्द हउअन स जे आज के करीब समूचा नव हिंद-आर्य भषन में प्रयोग होलन। ओहीतरे भूतकालिक समापक क्रिया *भउ* पच्छिमी भोजपुरी आ अवधी में प्रयुक्त बा, ना कि मैथिली में।

(४९)क. *हाथि राजाक पलने विषाद करइते आह।*

ख. *खेल खेलइते आह।* (चटर्जी आ मिश्र, १९४०, पृ. २४)

दृष्टांत (४९क-ख) के देखला पर भारसूचक अपूर्ण क्रिदंत *करइते* आ *खेलइते* सेमरवनी भोजपुरी के साथ साथ मैथिली में भी प्रयुक्त बाड़ऽ सन। बाँकिर ओकनी के बाद आइल वर्तमान समापक क्रिया *आह* अभीन भोजपुरी में प्रयुक्त *ह* के पूर्ववर्ती मानल जाई जे *आछ* से विकसित भइल लउकता। *आछ* (मुनि, १९५३, पृ. ६) का बारे में उपर बतावल जा चुकल बा जे ओह समय में पूरे अवहट्ठ में प्रयुक्त रहे आ नीचे भी स्पष्ट कइल गइल बा।

(५०)क. *वर्षाक मेघ अइसन आकार।* ख. *पञ्चमीक चान्द अइसन दान्त।*

ग. *गिरिआक डोर काटल अइसन वेग।* घ. *दुर्योधनक अइसने अभिमाने।*

ङ. *अर्ज्जुन अइसने पराक्रमे।* (चटर्जी आ मिश्र, १९४०, पृ. ४०)

दृष्टांत (५०क-ङ) में प्रयुक्त *अइसन* भा *अइसने* भोजपुरी के रीतिवाचक क्रियाविशेषण भइला का साथे भोजपुरी के खास चरित्र के तहत अव्यय शब्द भी अविकारी ना भइल प्रस्ट लउकत बाटे।

एगो भाषा अध्येता का नाता से भाषावैज्ञानिक कसौटी पर केहू के कौनो समय के कौनो कृति के पड़ताल कइल एगो बात बा त कौनो स्रष्टा खूद भाषा का बारे में का कहले बाड़न, ई ओहू से पहिले देखल जाएवाला विषय होखेके चाहीं। एह संदर्भ में कवि शेखराचार्य पं. ज्योतिरीश्वर ठाकुर का कहेलन त देखल जाओ वर्णरत्नाकर से उद्धृत ई अंशः—

(५१) *पुनु कइसन भाट. संस्कृत. पराकृत. अवहठ. पैशाची. सौरसेनी. मागधी छह भाषाक तत्वज्ञ. शकारी. अभिरी. चण्डाली. मावली. द्रावली. औतकलि. विजातीया सातह उपभाषाक कुशलह. पानिनि. चान्द्र. कलाप. दामोदर. अर्द्धमान. माहेन्द्र. माहेश. सारस्वत. प्रभृत ये आठओ व्याकरण ताक पारग।* (चटर्जी आ मिश्र १९४०, पृ. ४४)

दृष्टांत (५१) में पं. ज्योतिरीश्वर के समकालीन दरबारी भाँट के भाषा आ व्याकरण पर के पकड़ दर्सा रहल बा। एतहाँ ओह समय के भाँट के भाषिक निपुणता छौगो भाषाः संस्कृत, प्राकृत, अवहट्ठ, पैशाची, सौरसेनी आ मागधी में रहल बा त सातगो उपभाषाः शकारी, अभिरी, चंडाली, मावली, द्रावली, औतकलि आ विजातीया में रहल देखावल गइल बा। एकरा साथे ओह भाँट के ओह समय तक के वैयाकरणन में पानिनि, चांद्र, कलाप, दामोदर, अर्द्धमान, माहेंद्र, माहेश आ सारस्वत के व्याकरण में पारंगत देखावल गइल बा। एह में अवहट्ठ त बा बाँकिर ना भोजपुरी बा ना मैथिली। एकरा साथे

www.bhojpurisahityangan.com

वर्णरत्नाकर के मूलपाठ में आउरो जगह भी भोजपुरी भा मैथिली के नाम नइखे आइल। यानी ऊ समय नव हिंद-आर्य भषन के पूर्ववर्ती रूप अवहट्ठ के समय रहे। ओहीसुके भाँट के भाषिक निपुणता में अवहट्ठ आइल बा।

एगो बात इहाँ जरूर खटक रहल बा। ऊ ह भाषा के स्वरूप इहाँ परसार्गिक ना होके विभक्तिक लउक रहल बा। निश्चित रूप से भोजपुरी के स्वरूप परसार्गिक होके वियोगात्मक हो गइल बा त मैथिली संस्कृत परंपरा के निरंतरता में विभक्तिक होके संयोगात्मके रहल बा। बाँकिर हिंदी के भी विगत देखला पर बहुतो कृति एकर विभक्तिक रूप में सृजित बाड़ऽ स। एकरा साथ साथ ध्यान देवेवाला बात ई बा कि कल्लोल पत्र से कागज पर उतारे के काम करनिहार के एह में महत्त्वपूर्ण भूमिका रहेला जे बङाली आ मैथिल विद्वान कइले बानी। ओहीसुके अवहट्ठ में रचल आ ओह भाषा के दैनिक प्रयोग रचनाकार द्वारा स्वीकारल अवस्था में एकरा के मैथिली कहल तथ्यहीन नजर आ रहल बा।

अतः वर्णरत्नाकर के अध्ययन (चटर्जी १९४०, पृ. xxxvi-lx) से ई पता चलेला कि कविशेखराचार्य पं. ज्योतिरीश्वर ठाकुर के ई रचना अवहट्ठ में रहे जे अनेको विद्वान लोग कह चुकल बा। संपादन का बेरा ओके मैथिली करे के कोसिस कइल गइल। काहेकि ओह में मैथिली के कौनो उल्लेखनीय भाषिक आधार ना लउकेला। जहाँ तक वर्णरत्नाकर में प्रयुक्त *अछ* के बात बा जे पर मैथिल लोग के अधिक दावा बा त *अच्छ, आच्छ, आच्छै, अच्छति* के प्रयोग अपभ्रंश काल के सिद्ध आ नाथ संप्रदायन के रचनन में देखल जा चुकल बा। नाथ-संप्रदाय के मछंद्रनाथ, गोरखनाथ आ अवहट्ठ काल के ही पं. दामोदर के उक्ति-व्यक्ति-प्रकरण में एकनी के प्रयोग भइल एही अध्याय में उपर देखल जा चुकल बा। अतः वर्णरत्नाकर के भाषा अवहट्ठ ह, जे आजो सेमरवनगढ़ के भोजपुरी के समरूप नजर आवता। ओहीसुके एकरा के मैथिली के नेव के रूप में लेहल आधारहीन कोसिस बा।

३.३.७ विद्यापति

महाकवि कोकिल विद्यापति आपन संस्कृत आ अवहट्ठ रचनन के प्रसिद्धि के लेके पूर्वी आ पच्छिमी दूनू जगत में काफी चर्चित बाड़ें। बाँकिर उनकर जन्म आ मृत्यु, जीवन में आइल उतार-चढ़ाव, वर्तमान नेपालीय सरहत में आके बितावल शरणार्थी जीवन आ उनकर संस्कृतेतर कृतिअन के भाषा के लेके अब तक विवाद जारी बा। एहीतरे उनकर जन्मस्थान आ वंशवृक्ष भी संदेह के घेरा से मुक्त नइखे।

३.३.७.१ विद्यापति के वंश

विद्यापति के जन्म भारत के बिहार राज्य के मधुबनी जिला के बिस्फी गाँव में भइल बतावल जाला। मिश्र (वि. २००९, पृ. ३) के अनुसार एगो प्रतिष्ठित आ संपन्न ब्राम्हण परिवार में कर्मादित्य त्रिपाठी के वंशज गणपति ठाकुर के सुपुत्र के रूप में विद्यापति के जन्म भइल।

www.bhojpurisahityangan.com

इनका वंश के बिसईबार कहल गइल बा। इनका के ओह परिवार के मैथिल ब्राम्हण बतावल गइल बा जौन वास्तविकता से बहुत दूर बा। काहे कि विद्यापति के जीवनकाल तक मिथिला, मैथिली भा मैथिल के कौनो अतापता ना रहे। चटर्जी (१९४०, पृ. xix) के अनुसार कर्मादित्य त्रिपाठी के परपोता, गणपति ठाकुर के सुपुत्र रहलें विद्यापति ठाकुर।

बाँकिर झा (१९५४, पृ. १८), सहाय (वि. १९६५, पृ. २क-ख) आ झा (१९७६, पृ. १०) के मद्देनजर विद्यापति के आदि पूर्वज के रूप में विष्णु शर्मा बाड़ें आ ऊ वंशवृक्ष कुछ एहतरे बाः

आरेख ३.१ महाकवि विद्यापति के वंशावली



विद्यापति के आदि पूर्वज के नाम विष्णु शर्मा बतावल गइल बा (झा १९७६, पृ. १०)। कर्णाटकालीन सेमरवनगढ़ विद्यापति के बपहर आ कर्णाटवंशीय सामंती शासक लोग के बपहर कर्णाटक रहल विषय पर इतिहासकारन के मतैक्य बा। निश्चित रूप से कर्णाटक आज के दक्खिन भारतीय राज्य के नाम बा। तब विद्यापति के आदि पूर्वजन पंचतंत्र के रचयिता आचार्य विष्णु शर्मा के आलावा आउर दोसर व्यक्ति भइल तथ्यसंगत नइखे लउकत। अब तक विभिन्न स्रोत से प्राप्त जानकारी अनुसार ईसापूर्व तिसरका से दोसरका शताब्दी के बीच आचार्य विष्णु शर्मा के जीवनकाल रहल बतावल

www.bhojpurisahityangan.com

जाला। उनकर गृहनगर के नाँव महिलारोप्य रहे। ओतहें के राजा अमरशक्ति के अनुरोध पर ई पंचतंत्र के रचना कइलन।

भइल रहे कुछ अइसन कि राजा के तीनगो लइकन में केहू कौनो काम के ना रहलें। केहू आचार्य ओह लोग के कुछ सिखावे ना सकलें। बाद में आचार्य विष्णु शर्मा के बोलावल गइल आ ओही लोग के शिक्षा खातिर ऊ एह पंचतंत्र कथा-संग्रह के रचना कइलें। हो सकेला बाद में विष्णु शर्मा के संतान लोग कर्णाटवंश के पंडित-सचिव-सलाहकार होके रह गइल होखस् आ नान्यदेव का सङे ईसा के एगारहवाँ शताब्दी के अंतिम-अंतिम में सेमरवनगढ़ आ गइलन। अतः ई प्रसङ एतना जरूर बता रहल बा कि वंशानुगत हिसाब से अगर ब्राम्हणो मानल जाए त विद्यापति मैथिल ना रहलें।

ओहीतरे झा (१९५४, पृ. १८) आ सहाय (वि. १९६५, पृ. २क-ख) के वंशवृक्ष में विष्णु शर्मा के पोता कर्मादित्य के पद्वी त्रिपाठी रहल भी देखल गइल बा। एह संबंध में सिंह (२०२२) के अनुसार विद्यापति के आश्रयदाता राजा शिवसिंह इनका के *ठाकुर* के उपाधि देहलें। ओकरा बाद से इनकर पूरा वंशावली में शर्मा का जगे ठाकुर लिखे के अभ्यास अब तक चलत आ रहल बा। जागरण में जुलाई १२, २०२२ के ऑनलाइन समाचार में आइल ई जानकारी सही लागता। काहेकि कर्णाटवंशी राजा हरिसिंह देव अपना राज्य में ब्राम्हणन के वंश परिचय खातिर पंजी प्रबंध सुरु कइलें। बाँकिर उनकर राज्य के पतन के बाद ई व्यवस्था ठीक से चले ना सकल रहे। अतः दिल्ली सल्तनत के गुमास्ता महाराज कामेश्वर ठाकुर आ उनकर वंशज द्वारा फेर से पंजी प्रबंध के पुनर्स्थापन भइल आ इहे पंजी प्रबंध में समीटाइल ब्राम्हण लोग अपना के मैथिल कहे लागल। एकरा के पांडेय (२०१४) मिथिला में ब्राम्हण के पुनः जातीकरण बतइले बाड़न। अर्थात पंजी प्रबंध में तिरहुत में ब्राम्हण लोग के पुनः जातीकरण कइल गइल बा जे में सयकड़ो मूल से आइल ब्राम्हण लोग बाद में अपना के मैथिल के रूप में परिचित करइले बाड़न। जहाँ तक मैथिल ब्राम्हण लोग के वंशानुगत उपाधि के बात बा, एगो *झा* छोड़के बाँकी समूचा उपाधि आउर ब्राम्हण का साथे साझा बा। बाँकिर साँच बात ई बा कि *उपाध्याय* के असाधारण लामाई छोट होके *ओझा* भइल आ ओहू से छोट होत *झा* बनल बा (तिवारी, १९५१, पृ. १९३; आ १९९५-९६, पृ. ५७)। निश्चित रूप से ब्राम्हणन के उपाधि में ई तीनू रूप मिलेलन स। एगो दिलचस्प बात इहो बा कि कथित मैथिल ब्राम्हणन के बीच भी दामाद भा बहिन-दामाद के *ओझाजी* कहके बोलावे के प्रचलन आज तक बड़ले बा।

एह संबंध में प्रा. डॉ. जीवेंद्रदेव गिरी से भइल बातचीत के दौरान इहो पता चलेला कि क्रमशः *उपाध्याय> उपाध्या> पाध्या> ध्या> झ्या> झा* होत गइल बा। वाजीब बा, भोजपुरी में *संझा* भा *साँझिआ* का जगे संस्कृत में *संध्या* मिलेला। अतः भाषा में 'मुख-सुख' प्रवृत्ति का कारण *उपाध्यायजी* सिँकुड़के *ओझाजी* के रूप मिलल आ फेर

www.bhojpurisahityangan.com

ई क्रम आगा बढ़त *झाजी* में पहुँचल बा। भाषाविज्ञान एह प्रवृत्ति के 'मुख-सुख' यानी जटिल से सरलता का ओर जाए में पदीय संकुचन के ई साक्षात परिदृश्य बा। तब जौन उपाधि सबसे पछिल्का बा, ओकरे के मौलिक कहल सँच्चाई से मुँह मोड़ल ह। एकर मतलब ई बा कि मैथिल कहल कौनो मौलिकता के बात नइखे लउकत। ई एहू कारण से यथार्थ बा कि हिंद-आर्य भषन के निर्माण के गति पच्छिम से पुरुब के ओर रहल बा, ओहीसुके मैथिली के निर्माण ऐतिहासिक रूप से पुरुब से होके सेमरवनगढ़ आइल नइखे हो सकत। इतिहासो कहेला पंजी प्रबंध के सुरुवात सेमरवनगढ़ से पुरुब पहुँचल बा जेकरा के मैथिल सभ्यता के मौलिकता मानल जाला। अतः मिथिला भा मैथिल के रूप में विद्यापति के परिचय के पाग पहिरावल उनका गरिमा के संकुचन ह।

३.३.७.२ विद्यापति के जीवनकाल

जहाँ तक विद्यापति के जीवनकाल यानी जन्म आ मृत्यु के बात बा, त उहो विवादग्रस्त बा। झा (१९७२, पृ. ४) के अनुसार विद्यापति के जन्म कर्णाटवंशी रिआसत के पतन के २७ बरीस बाद १३५० ई. में भइल। झा (१९५४, पृ. ५२) अनेक तिथी-मिति के मिलल अनेक दस्तावेजन के विभिन्न विद्वानन द्वारा कइल गइल अनुमान के विवेचन करत एह निष्कर्ष पर पहुँचेलन कि विद्यापति के जीवनकाल १३५२ ई. से १४४८ ई. भा १४६१ ई. तक रहल होखेके चाहीं। बाँकिर ऑनलाइन वेबसाइट पर विद्यापति के जीवनकाल सामान्यतया १३५२-१४४८ ई. रहल मिलेला।

विद्यापति नाम का बारे में एगो आउर तथ्य ऐतिहासिक रूप से सामने आइल बा जे कुछ बेसिए उल्झन में डाल देला। ऊ ह तिरहुत में ठाकुर उपाधि का साथे *विद्यापति* एगो अइसन साझा नाम कइअन अइसन व्यक्तित्व के बा, जे कृतिओ रचले बा। एह में एगो बहुत ठोस रूप से राजा भोज के नाम भी जुड़ल बा। मजुम्दार (१९५८, पृ. ५३-५६) में परमारवंशी *राजा भोज* के नाम आवेला जे सन ११५१ में *विद्यापति* का नाम से *सिद्धांत-शिरोमणि* के रचना कइले रहलें। ई कालक्रम भोजपुर के अभ्युदय काल ह। ओहीसुके प्रमाणिक रूप से सामने ना अइला तक महाकवि विद्यापति के रचल कृति कहके झट से विश्वासो कइल सँचाई से दूर लेजा सकेला (झा, १९७२, पृ. ८)।

एकरे साथ साथ एहू संभावना के ओतने गुंजाइस बा कि विद्यापति के सोहरत से प्रभावित होके अनेक लोग अनेक गीत रचके अंतिम पद में *भनही विद्यापति* जोड़त चल आइल। ओहीसुके उनका अवहट्ठ कृतिअन के बाद के पदावली भा गीतन के भाषा में जे मैथिली के गमक महसुस होला, ऊ अधिकतर एही तरह के जालसाजी के परिणाम ह।

विद्यापति के जीवन से जुड़ल घटनन में सब से महत्त्वपूर्ण बा राजा शिवसिंह से उनका मिलल कहल गइल बिस्फी गाँव दान के ताम्रपत्र के। कुछ ब्राम्हण लोग अपना के विद्यापति के वंशज बतावत बिस्फी गाँव के बिना मालगुजारी के पुस्तइनी बिर्ता समझत रहे। अङरेजी हुकुमत का समय में एह पर खोज-खबर भइल। ऊ लोग एगो ताम्रपत्र देखौलें। ओह लोग के कहनाम रहे कि ऊ ताम्रपत्र राजा शिवसिंह से विद्यापति

www.bhojpurisahityangan.com

के बिस्फी गाँव दान देहल दानपत्र ह। बाद में ओकर जाच भइल त पावल गइल कि ओह पर फसली संवत भी अंकित रहे। फसली संवत अकबर के समय से भारत में प्रचलन में आइल रहे जौन विद्यापति भा शिवसिंह के जीवन काल से कइअन शताब्दी पाछे रहे। एही विषय के लेके तत्कालीन अङरेजी मजिस्ट्रेट आ भाषाविद ग्रिअर्सन ओह ताम्रपत्र के आधिकारिकता के खारिज कइलें (ग्रिअर्सन, १८९९, पृ. ९६); आ तब से ओतहाँ बसल सब लोग के मालगुजारी बुझावेके पड़ल।

३.३.७.३ सेमरवनगढ़, शिवसिंह आ विद्यापति

विद्यापति के रचनन में *मिथिला*, *मैथिली* भा *मैथिल* शब्द के उपस्थिति नइखे। अगर कहीं ओइसन मिलता त ऊ एक तरह के प्रदूषण से बेसी कुछ नइखे। एह से कि उनका अवहट्ठ रचनन के भाषा पर ठाकुर आ अश्क (२०२३, पृ. ७८-८९) में गंभीर विवेचन हो चुकल बा आ उनकर गीत-कविता के रचना पर अब विचार कइल जाई। इतिहास में कर्णाटवंशी रिआसत ढहला का बाद सेमरवनगढ़ के चर्चा ना मिलेला। बाँकिर तिरहुत २६-२७ बरस तक कौना हालत में रहल, एकरो चर्चा औपचारिक रूप से नइखे। एके बेर १३५३ ई. में दिल्ली सल्तनत कर्णाटकालीन प्रधानमंत्री कामेश्वर ठाकुर के गुमास्ता महाराज बनइलस आ राजा कामेश्वर आ उनकर वंशज लोग के राज तिरहुत में आगा बढ़ल संदर्भ सामने आवेला।

बाँकिर सेमरवनगढ़ के राजधानी बनाके तिरहुत पर राज करेवाला राजा के रूप में आउर कौनो ना, बल्कि सेवईसिंह के नाम अब तक लोकजुबान पर बा। उनकर यशगान के लोकजुबान पर रहल एगो नमूनाः

(५२) *पोखर झरोखर आउर सब पोखरा, राजा सेवईसिंह आउर सब छोकरा*

निश्चित रूप से झरोखर गाँव (जे अभीन भारत के बिहार राज्य के पूर्वी चंपारन जिला के सीमावर्ती गाँव बा) के उत्तर रहल झरोखर पोखर (जे नेपाल के मधेश प्रदेश के बारा जिला के सेमरवनगढ़ नगरपालिका वार्ड नं. ९ में सीमा के सटले अवस्थित बा) ५२ बिगहा से घटके आजो २९ बिगहा में बा। एह पोखर के खनौनिहार के रूप में सेमरवनगढ़ के राजा सेवईसिंह के नाम लोकजुबान पर आजो अंकित बा।

बाँकिर कर्णाटवंश से ओइनिवारवंश तक तिरहुत के राजवंशावली में केहू सेवईसिंह नइखे, बल्कि ओइनिवारवंशी शिवसिंह के नाम मिलेला। निश्चित रूप में *शिव* अपभ्रंश होत *शिवाई* आ ओकरा बाद *सेवई* भइल नजर आवता। एह ओइनिवारवंशी राजा लोग के राजधानी राजा अनुसार बदलत रहल। एह क्रम में ओइनी, सुगौना, देवकुली, गजरथपुर आदि जगहन पर राजधानी बनावल इतिहास बतावेला जे में शिवसिंह के राजधानी गजरथपुर रहल (ठाकुर १९५६, पृ. ३०९-३४२ आ चौधरी १९७०, पृ. १७-२०)। एही गजरथपुर के शिवसिंहपुर भी कहल जात रहे जहाँ से विद्यापति के बिस्फी गाँव एगो ताम्रपत्र सहित राजा शिवसिंह से दान में मिलल संदर्भ इतिहास में मिलेला। बाँकिर आज के दिन में गजरथपुर भा शिवसिंहपुर नाम के कौनो

www.bhojpurisahityangan.com

प्रसिद्ध सहर भा गाँव के नाम तिरहुत में मिलल दुर्लभ बा। ओहीतरे विद्यापति के मिलल बिस्फी गाँव के दानपत्र भी विवादग्रस्त बा जेकर चर्चा उपर हो चुकल बा।

जहाँ तक शिवसिंह के शासन के बात बा त ऊ औपचारिक रूप से जमा पौने चारे बरीस राजा रहे पौलें। कारण रहल उनकर स्वाधीनता के मनसूबा। ऊ राजा होते दिल्ली सल्तनत के कर बुझावल छोड़ देलन आ विद्रोहो कर देलन। बाँकिर ई बेसी दिन टिके ना सकल, सुल्तान के फौज उनका के घेर लेलस। एह लड़ाई के विद्यापति आपन *कीर्तिलता* आ *कीर्तिपताका* में बखूबी वर्णन कइले बाड़न। एह लड़ाई के दौरान उनका के मार देहल गइल भा दिल्ली लेजाइल गइल भा उनकर नेपाल का ओर पलायन भइल स्पष्ट नइखे, काहेकि इतिहास में तीनू जिक्र मिलेला। बाँकिर साँच बात ई बा कि ऐतिहासिक स्रोत लड़ाई के बाद उनका के जिंदा भा मूर्दा उनकर साँस भा लास देखा नइखे पौले। अतः ऊ लड़ाई के मैदान से सीधा अलोपित हो गइलन, चाहे बंदी बना लेहल गइल होखस भा कहीं पलायन कइले होखस, आ उनकर रानी लखिमा देवी विद्यापति का साथे नेपाल में सप्तरी के राजा पुरादित्य किहाँ शरण ले लेहलें (ठाकुर १९५६, पृ. ३१७)। ठाकुर (१९५६, पृ. ३१७) स्थानीय विद्वानन के हवाला देत ई बतावेलन कि शिवसिंह लड़ाई के मैदान से नेपाल का ओर पलायन कर गइलन जे नेपाल-भारत सीमा पर उनकर बसावल बस्ती शिवराजगढ़ के अवशेष से प्रमाणित होला। बाँकिर शिवसिंह तिरहुत के पहिलका राजा रहलें जे अपना नाँव से सोना के सिक्का निकलले रहस जौन १९१३ ई. में चंपारन (भारत के बिहार राज्य) से प्राप्त भइल रहे। ई मनन करे योग्य तथ्य बा कि चंपारन सेमरवनगढ़ के सीमावर्ती भारतीय क्षेत्र ह, जौन ओह बेरा सेमरवनगढ़ से शासित होत रहे। एह लड़ाई का बारे में डॉ. अरविंद (१९६२, पृ. ५०) डॉ. उमेश मिश्र द्वारा संपादित कीर्तिपताका पृ. २४ के हवाला देत ई कहले बाड़न कि एह कृति में दिल्ली के सुल्तान सङे के लड़ाई में राजा शिवसिंह के उत्साहजनक विजय के गाथा गावल गइल बा बाँकिर अंतिम दू अनुच्छेदन में विषयवस्तु एकाएक बदलेला आ राजा शिवसिंह आपन रास्ता भुलाके बड़ा दारूण अवस्था में सेमरवनगढ़ के आसपास के घनघोर जङल में घुमत रहलन जहाँ ऊ पूरे भूखे-पिआसे रहलन, इहाँ तक कि उनका लगे पानी पिए खातिर लोटा तक ना रहे। एह वर्णन से ई बात साफ हो जाता के विद्यापति एह लड़ाई के प्रत्यक्षदर्शी रहलें आ ऊ लड़ाई सेमरवनगढ़ के निअरे भइल रहे। दुःख के बात बा कि डॉ. शशिनाथ झा द्वारा २०२० में संपादित कीर्तिपताका में एह प्रसङ के उल्लेखे नइखे, बल्कि राजा शिवसिंह के विजयी बतावल गइल बा।

बाँकिर इतिहास के पाना में इहो दर्ज बा कि अपना पति के वियोग में १२ बरीस के प्रतिक्षा के बाद लखिमा देवी बागमती नदी का किनारे आपन पति के कुश के लास बनवाके दाह संस्कार करत उहो ओही चिता पर सती हो गइली।

www.bhojpurisahityangan.com

एह उपखंड में वर्णित तथ्यन के मद्देनजर एतना कह सकल जाता कि तिरहुत के कर्णाटकालीन दरबार के मंत्री, पुजारी, राजपंडित आदि विभिन्न रूप से महत्त्वपूर्ण ओइनिवारवंशी ठाकुर वंश के राजा लोग के आ बिसइवारवंशी गणपति ठाकुर के पोता विद्यापति के सेमरवनगढ़ से खानदानी रिस्ता रहल। एही से सेमरवनगढ़ विद्यापति के बपहर साबित होला। राजा शिवसिंह के युद्धमैदान से अलोपित भइल अवस्था के वर्णन भी विद्यापति सेमरवनगढ़ के आसपास के जङल बतवले बाड़न। एकर मतलब विद्यापति एह युद्ध के साक्षी रहलें आ ई युद्ध भी सेमरवनगढ़ के आसपास भइल जेकरा चलते शिवसिंह के सेमरवनगढ़ के जङल में अलोपित होत देखले रहलन। शासकीय आक्रमणो राजधानिए पर होला जहाँ कौनो शासक रहत होखे। अतः राजा शिवसिंह के राजधानिओ सेमरवनगढ़ में ही रहल होखे भा आसपास में ही कहीं रहल होखे, डॉ. अरविंद के फेहरिस्त इहे बतावेला। अतः विद्यापति के मातृभाषा अवहट्ठ के सामीप्य सेमरवनगढ़ के लोकजुबान से रहल कौनो अनहोनी भा अचरज के बात नइखे।

एह घटना से शंका के सुई एहू तरफ मुड़ेला कि शिवसिंह लड़ाई में हारके जङल में घूमत बेरा भले विद्यापति के पलायन करे के कहले होखस बाँकिर सप्तरी के राजबनौलीए जाए के कहलें ई प्रमाणित ना होखे। दोसर बात ओह बेरा के नेपाल के सिमाना सप्तरी तक रहे, इहो बात कौनो ना कौनो जालसाजी से कम नइखे। इहो हो सकता अगर ऊ राजबनौलिए जाए के कहलें तबो विद्यापति सेमरवनगढ़ से सप्तरी ना जाके सेमरवनगढ़ क्षेत्र के बेनौली में ही रहे लगलें जहाँ ऊ पहिले भी विभिन्न कामवश जात रहल होखेम। एकर कारण ई बा कि सप्तरी के राजबनौली से लखिमा देवी के बागमती का किनारे पहुँचके सती भइल ओतना विश्वासजनक नइखे जेतना कि सेमरवनगढ़ के बेनौली से उहाँ पहुँचल आसान बा।

अतः सेमरवनगढ़ किला भले ध्वस्त हो गइल तुग्लकी आक्रमण में, बाँकिर शिवसिंह के राजधानी एही आसपास में कहीं रहे जहाँ दिल्ली के सुल्तान हमला कइलस, लड़ाई भइल आ राजा शिवसिंह सेमरवनगढ़ के ही जङल में अलोपित भइलें। यानी विद्यापति के रिस्ता सेमरवनगढ़ से रहे, इहाँ के सभ्यता से रहे, इहाँ के भाषा-संस्कृति से रहे जेकरा कारण उनकर आपन मातृभाषा अवहट्ठ पर सेमरवनगढ़ के बोली हावी रहल जे भोजपुरी के निअरा बा, ना कि मैथिली के।

३.३.७.४ विद्यापति के भाषा

विद्यापति मूलतः संस्कृत के पंडित रहलें आ संस्कृत में सब से अधिक रचना कइले बाड़ें। बाँकिर तत्कालीन तिरहुत अधिराज्य में ओह समय में संस्कृत लोक-जुबान से कोसो दूर चल गइल रहे। एतने ना, लौकिक भाषा के विकास होत पालि, प्राकृत, अपभ्रंश से लोक-जुबान आगे बढ़ चुकल रहे। ओहीसुके ऊ एह तथ्य के आत्मसात ककेे आपन संस्कृतेतर मातृभाषा में कुछ रचना कइलें। अध्येता डॉ. गोपाल ठाकुर विद्यापति के भाषा का बारे में आपन अनुभव एहतरे व्यक्त करेलनः

www.bhojpurisahityangan.com

'हम लड़िकाईं में एगो नाच में एगो लवंडा के मुँह से *मोरा रे अङनवाँ चनन के रे गछिआ* बोल के एगो गीत के गायन आ नृत्य सुनले-देखले रहीं। बाद में पता चलल ई गीत विद्यापति के हउए। पूरा गीत के देखला के बाद हम अचरज में पड़ गइनी। काहेकि ओह गीत के भाषा आ रेडिओ नेपाल के मैथिली समाचार वाचक आ संपादकन का सङे भइल वार्तालाप में बड़ा अंतर रहल। एह से कि ओह बेरा हमहुँ रेडिओ नेपाल में समाचार (हिंदी, भोजपुरी, अङरेजी आ नेपाली) में ही काम करत रहीं। विद्यापति के गीत हमरा आपन माटी के गीत लागल त ओह साथिअन के भाषा बहुते बिरान लागल। यानी विद्यापति के भाषा हमरा सेमरवनगढ़ के भाषा लागल त वर्तमान मैथिली ओह से कोसो दूर रहल अनुभूत भइल।'

एहीतरे सिंह (१९५८, पृ. २१) में विद्यापति के भोजपुरी के कवि के रूप में भी परिचित करावल गइल बा। उनका एह जिक्र के उल्लेख ग्रिअर्सन (१८८६, पृ. २३६-२३७) में भी मिलेला।

एहीतरे नागार्जुन (१९७९, पृ. ८) के अनुसार बितल कइअन शताब्दिअन से मिश्रित होत-होत विद्यापति के गीतन के भाषा हलुआ बन चुकल बा जे में बङला, उड़िआ, असमिआ, संथाली, नेपाली, मगही, भोजपुरी, अवधी आ ब्रजभाषा के सैकड़न ठेठ शब्द बइठल लउक सकेला। बाँकिर नागार्जुन विद्यापति के आदि रचना मैथिली में भइल सिद्ध करे के उद्देश्य से अइसन कहले बाड़न जौन अपने-आप में संदेह से परे नइखे।

बाँकिर विद्यापति के परिचय आ रचना के भाषा का बारे में झा (वि. २०७९, पृ. १४७-१४८) में नेपाल के वरिष्ठ भाषाविद प्रा. डॉ. रामावतार यादव के धारणा उद्धृत कइल गइल बा जहाँ प्रा. डॉ. यादव के कहनाम बा कि विद्यापति का बारे में अब तक जे कुछ लिखाइल बा ओकर प्रामाणिकता ला शोध कार्य जरूरी बा, विद्यापति के जन्म तत्कालीन नेपाल के भौगोलिक क्षेत्र में भइल कि भारत के बिहार में, अइसन अनेक प्रश्न आ जिज्ञासा सब बा जेकर जवाब भारतीय आ नेपाली विद्वानन के खोजेके बा। एतने ना, प्रा. डॉ. यादव दुःख व्यक्त कइले बानी कि १२ साल तक नेपाल के मिथिला क्षेत्र में रहके भी ओह कालखंड में विद्यापति एकोगो रचना मैथिली में काहे ना कइलन।

एतहाँ ई स्पष्ट कइल जरूरी बा कि विद्यापति के जीवनकाल के बहुत बाद में मिथिला आ मैथिली खड़ा कइल गइल बा, जे एह अध्ययन के क्रम में देखे के मिली। अतः विद्यापति के *कीर्तिलता*, *कीर्तिगाथा* आ *कीर्तिपताका* के अलावा उनका गीतन के भाषा भी अवहट्ठ रहे जे पर लोक जुबान होखे भा ग्रंथन के रूप में संपादन होखे, जरूरत अनुसार लोग आपन भाषाई रङ चढ़ावत गइल बा आ एह क्रम में ओकर तीव्र मैथिलीकरण भइल बा।

निश्चित रूप से विद्यापति सेमरवनगढ़ के कर्णाटवंशी राजा लोग के महामंत्री भा सचिव रहल ठाकुरवंशी ब्राम्हण बतावल गइल बाड़न। उनकर परिचय भारतीय राज्य

www.bhojpurisahityangan.com

बिहार के मधुबनी जिला के बिस्फी गाँव के गणपति ठाकुर के सुपुत्र के रूप में देहल जाला। एकरा साथ साथ उनका के मैथिल महाकवि कोकिल त कहले जाला बाँकिर बङला आ उड़िआवाला भी उनका के आपन कवि होखे के दावा करते बाड़न स। एह सभी दावा के जर ह *विद्यापति पदावली* आ उनकर आउर गीत जेकरा भाषा के मैथिलीकरण का बारे में उपर चर्चा हो चुकल बा, अन्यथा अपना कीर्तिलता में त ऊ स्पष्ट कर चुकल बाड़न कि उनकर मातृभाषा अवहट्ठ रहे, ना कि मैथिली जे विद्यापति खूदे कीर्तिलता के रचना में स्वीकार कइले बाड़नः—

(५३) *देसिल बअना सबजन मिट्ठा। तें तैसन जम्पओ अवहट्ठा॥*

> 'देशी बोली सब लोग के मीठ लागेला, ओहीसुके हम आपन मातृभाषा अवहट्ठ में रचना करतानी।' (सक्सेना सं. २०१४, पृ. ६; सिंह १९५५, पृ. ३ आ १९६४, पृ. ३; अग्रवाल १९६२, पृ. १५; झा २०२०, पृ. ४४)

रहल बात उनका गीतन के त अब तक उनका गीतन के एगो संकलन अत्यधिक मसहूर बा *पदावली*। एकरा बादो आउर कइअन नाम से उनका गीतन के संग्रह प्रकाशित बाड़े स।

अपना संस्कृतेतर रचनन के भाषा विद्यापति द्वारा खुदे अवहट्ठ बता देहला के बादो उनकर तीनू ग्रंथन के भाषा के प्राचीन मैथिली भा मिथिला अपभ्रंश आ उनका गीतन के भाषा के मैथिली बतावल जा रहल बा। उनकर तीनू ग्रंथन के भाषावैज्ञानिक हिसाब से विभिन्न विद्वानन द्वारा कइल गइल अध्ययनन (सक्सेना सं. २०१४, सिंह १९५५/१९६४, अग्रवाल १९६२ आ झा २०२०) के आधार पर ठाकुर आ अश्क (२०२३, पृ. ७८-८९) में बहुत गंभीर विवेचना सहित संक्षिप्त में प्रस्तुत बा त उनका गीतन के भाषावैज्ञानिक अध्ययन ठाकुर आ अश्क (२०२३, पृ. १०२-११४) में प्रस्तुत कइल गइल बा। बाँकिर कृतिलता के भाषा के बारे में पं. गंगानाथ झा के अनुभूति एह ग्रंथ के भाषा के बारे में बड़ा सूक्ष्म ढङ से रहस्योद्घाटन करेला।

कीर्तिलता के पांडुलिपिअन के प्रकाशन करावे के काम सब से पहिले पं. हरप्रसाद शास्त्री कइलें। ई बङला संस्करण हृषिकेश सिरिज-५ के रूप में १९२४ ई. में आइल रहे जे बंगीय संवत १३३१ होला (सिंह १९५५, भूमिका)।

ओकरा बाद एकर भाषावैज्ञानिक अध्ययन करे खातिर नागरी प्रचारणी सभा के ओर से पं. गंगानाथ झा के दिआइल रहे। ओह पांडुलिपि के देखला के बाद पं. झा के अनुभूति कुछ अइसन रहलः—

> '... उन्होंने समझा मैथिल-रचित ग्रन्थ है, इसका संस्करण मैथिल के द्वारा होना चाहिये। पर जब मैंने इस ग्रन्थ को देखा तो इसकी भाषा संस्कृत तथा आधुनिक मैथिल दोनों से इतनी भिन्न दिख पड़ी कि इस भार के उठाने का साहस शिथिल होने लगा— विशेषतः इस दृष्टि से कि इस ग्रन्थ के संस्कर्ता को भाषाविज्ञानवेत्ता

www.bhojpurisahityangan.com

होना आवश्यक है।...' (पं. गंगानाथ झा के श्री कीर्तिलता उपोद्घात, पृ. १, सक्सेना, सं. २०१४)

पं. गंगानाथ झा के ई स्वीकारोक्ति काफी बा कि कीर्तिलता के भाषा मैथिली नइखे। एही कारण से ई भार ऊ आपन भाषावैज्ञानिक शिष्य बाबूराम सक्सेना के सौंपले रहलें। सक्सेना एह काम के संपन्न कके सं. २०१४ (१९५७ ई.) में नागरी प्रचारिणी सभा, काशी से हिंदी में प्रकाशित करौलें।

बाँकिर ओह से पहिलही आपन एम. ए. परीक्षा के एगो प्रश्नपत्र के ठाँव पर *कीर्तिलता की भाषा का अध्ययन* नामक निबंध शिवप्रसाद सिंह तइआर कइलें जे १९५५ में कीर्तिलता और अवहट्ट भाषा के नाम से साहित्य भवन लिमिटेड, इलाहाबाद से हिंदी में प्रकाशित भइल।

एकरा बाद शास्त्री (१९२४), सिंह (१९५५) आ सक्सेना (सं. २०१४) के मीनमेख निकालत वासुदेवशरण अग्रवाल साहित्य सदन, चिरगाँव, झाँसी से मूल तथा संजीवनी व्याख्या सहित *महाकवि विद्यापतिकृत कीर्तिलता* (अवहट्ट भाषाका काव्य) नाम से १९६२ में प्रकाशित करौलें। एकरा लगले शिवप्रसाद सिंह आपन १९५५ के पहिलका संस्करण के परिमार्जन सहित कीर्तिलता और अवहट्ट भाषा के रूप में हिंदी प्रचारक पुस्तकालय, वाराणसी से १९६४ में दोसरका संस्करण प्रकाशित करौलें। ओकरा बाद डॉ. शशिनाथ झा के २०२० में आइल ई-बुक प्रकाशन कीर्तिलता के सब से नवीनतम संस्करण देखल जाला।

कीर्तिलता के संपादनन के एक के बाद एक के देखला पर हर कोई पहिलका प्रकाशन के गंभीर त्रुटिअन से गुजरल बतावेलन। बाँकिर एगो बात सर्वस्वीकार्य बा कि एह ग्रंथ के भाषा अवहट्ट ह। गंगानाथ झा एकरा के मैथिली से कोसो दूर रहल त बताइए चुकल बाड़न। सिंह (१९५५ आ १९६४) में भी ई स्वीकारोक्ति बा कि एकर भाषा मिथिलापभ्रंश ना ह। तबो घुमाफिराके अब तक एकर भाषा प्राचीन मैथिली कहके फेर ओही संपादकन द्वारा पाठकन के दिग्भ्रमित कइल केतना ठीक बा, काफी विचारणीय बा। अइसनके अभिव्यक्ति रहल बा कीर्तिलता, कीर्तिगाथा आ कीर्तिपताका का बारे में डॉ. गंगानाथ झा के (झा २०२०क, पृ. १९ आ ख, पृ. १०)।

बाँकिर कौनो बात नइखे। शास्त्री (१९२४) गैर-बङाली अध्येता खातिर दुरुह बा त झा (२०२०क आ ख) के संस्कृत, हिंदी आ मैथिली में व्याख्या तक ही सीमित रहल देखल जाला। बाँकी संस्करणन में सिंह (१९५५ आ १९६४), सक्सेना (सं. २०१४) आ अग्रवाल (१९६२) में एह कृति के भाषावैज्ञानिक स्वरूप भी परोसल गइल बा।

एह अध्ययन के उद्देश्य से संकलित सामग्री में विद्यापति के कीर्तिगाथा आ कीर्तिपताका के दिसाईं डॉ. शशिनाथ झा के एकमात्र कृति *कवि विद्यापतिठाकुरकृत कीर्तिगाथा एवं कीर्तिपताका* (विशुद्ध मूल ग्रन्थ, संस्कृत छायानुवाद एवं हिन्दी-मैथिली व्याख्या) ई-बुक संस्करण के रूप में प्राप्त भइल बा। एह ग्रन्थ में भी डॉ. झा एह दूनू

www.bhojpurisahityangan.com

कृतिअन के अवहट्ठ भाषा के काव्य त बतावेलन बाँकिर प्राचीन मैथिली कहके मुँह मार देवेलन। एह सब के भाषावैज्ञानिक विश्लेषण बहुतो विद्वान लोग के जरिए हो चुकल बा, जेकर निष्कर्ष मैथिली के चरित्र ना दर्सावेला बल्कि भोजपुरी से अधिकाधिक निअरा रहल संकेत करेला। एह अध्ययन के उद्देश्य भी भाषावैज्ञानिक ना होके भोजपुरी के इतिहास के चर्चा कइल बा। अतः ई तीनू काव्य के साथ साथ विद्यापति के गीतन के अति संक्षिप्त रूप में कुछे पंक्तिअन के विश्लेषण कइल गइल बाः—

(५४)क. *तिहुअण खेत्तहिं काजि तसु, कित्तिवल्लि पसरेइ*
अक्खर खम्भारम्भ जञो मञ्चा बन्धि न देइ॥ ६॥

ख. *तें मज्जे भणञो निरूढि कए, जइसओ तइसओ कब्ब।*
खल खलत्तणें दूसिहइ, सुअण पसंसइ सब्ब॥ ७॥

'त्रिभुवन रूपी खेत में ऊ राजा कीर्त्तिसिंह के कीर्त्ति रूपी लती कइसे पसरी अगर अक्खर रूपी खाम्ना पर टिकाके मचान ना बान्हल जाओ त ओहीसुके हम तत्पर होके जइसहु-तइसहु ई काव्य कह रहल बानी, हमार एह काव्य के दुर्जन त अपना दुर्जनता के कारण कबो दुसबे करिहें, बाँकिर सज्जन हर तरह से सब पसन करिहें।' (कीर्त्तिलता, झा २०२०, पृ. ४१-४२)

दृष्टांत (५४क-ख) में प्रस्तुत दोहन के देखला पर एतहाँ प्रयुक्त नाम शब्दन में *खेत, कीर्ति, लता, अक्खर* आ *खल*; क्रियापद में *पसर, देई* 'देके', *कए* 'कके', *दूस, पसन*; क्रियाविशेषणन में *जइसओ, तइसओ, कब* सब अद्यतन भोजपुरी में प्रयुक्त बाड़न स। जहाँ तक सर्वनाम *मज्जे* के बात बा त ई *मैं* के पूर्ववर्ती रूप ह जे भोजपुरी के गीतन में अब तक प्रयोग होत आ रहल बा।

(५५)क. *सक्कअ वाणी बहुअ ण भावइ॥ ३३॥*
पाउअ रस को मम्म न पावइ॥ ३४॥

ख. *देसिल बयणा सब जन मिट्ठा॥ ३५॥*
तें तैसन जम्पजो अवहट्ठा॥ ३६॥

'संस्कृत भाषा बहुतो लोग के ना भावे। प्राकृत में काव्य रस के मर्म पावल भी कठिन बा। देसिल भाषा सभे जन के मीठ लागेला। ओहीसुके हम ओइसने देसी भाषा अवहट्ठ में रचना करिले।' (कीर्त्तिलता, अग्रवाल, १९६२, पृ. १४-१५)

दृष्टांत (५५क-ख) के देखला पर *वाणी, रस, मम्म, बयन, जन* भोजपुरी में अपरिचित नाम शब्द ना हउअन। ओहीतरे *भाव* आ *पाव* क्रियापद के प्रयोग अबो भोजपुरी में ओहीतरे होला जेतरे इहाँ भइल बा। प्रयुक्त विशेषण *देसिल* 'देसी', *मिट्ठा* 'मीठ' त भोजपुरी में बड़ले बा, *तैसन* त भोजपुरिए के मौलिक क्रियाविशेषण ह।

(५६)क. *पुनु माधव-सिद्धि सुसोभ मही। अरु लोचन कज्जरु लागु तही॥*
नव नील सरोरुह पत्त जहा। कुच-मण्डल मण्डिअ रेह तहा॥ ३७॥

www.bhojpurisahityangan.com

ख. *तरुनी तनु कान्त विमद्द करे। गज्जे गज्जिअ पङ्कअ कान्ति धरे॥*
मुखचन्दक चङ्गिम विस्सारिआ। जनि राहु गिलिअ ससि निस्सारिआ॥ ३८॥
'फेर माधव के सिद्धि से पृथ्वी सुशोभित बिआ आ आँख के काजर उनका मुँह पर लाग गइल बा। जइसने नवीन नीलकमल के पाता होला ओइसही स्तन मंडल पर रेखा शोभित बा। कान्त के हाथ से मर्दित तरुणी के देह हाथी से रौंदल कमल के कांति धारण करेला। मुखचंद्र के चमक हेरा गइल बा जइसे राहु के द्वारा ग्रसल चनरमा फेर निकल गइल होखे।' (कीर्तिगाथा, झा २०२०ख, पृ. ४४-४७)

दृष्टांत (५६क-ख) के देखला पर ई श्लोकद्वय निश्चित रूप से मैथिली आ भोजपुरी में समझल जा सकेला। बाँकिर *तही, जहा, तहा, करे, धरे* के प्रयोग अब भोजपुरी में बा, न कि मैथिली में।

(५७)क. *फप्फरन्त फेरवरी, पमत्त मांस खाइ खाइ।*
अन्तजाल-माल-बद्ध, गिद्ध उद्ध उड्डि जाइ॥
रत्ते मत्ति डाकिनी-पलाप सङ्ग-सङ्ग भूअ।
नाच गाबि गाबि ताम, तामसँ परेत हुअ॥ ४॥

ख. *घन वज्जिअ रणतूल राअ सिवसिंह मारि करु।*
कोटि सहसे घाइल्ल केसु जनि विकसु पुहवि-तरु॥
रुहिर नदी, ओत्थरिअ लोल कल्लोल वेअ रण।
धलफल कम्प चणक्क, मुण्ड कर रत्तक तप्पण॥
हुण्डाल वभालिअ वने परि, रन पवेस चतुरङ्ग बल।
घन घाइले आहवे पुहवि भरु, जे उब्बरु से पलाए चल॥ ५॥
'हुआँ-हुआँ करत सिआरिन मांस खा-खाके प्रमत्त भइल बिआ। अँतरी के जाल के माल में बन्नाइल गिद्ध उपर उड़ जालन स। शोणित पीके मत्त डाकिनी के बरबराहट के साथ-साथ गा-गाके भूत नाच हरल बाड़ऽ स आ प्रेत सब क्रोध से तमतमा उठल बाड़ऽ स। लड़ाई के नगारा जोर से बाज रहल बा। राजा शिवसिंह मार कर रहल बाड़ें। करोड़ो-हजारो घायल पड़ल बा लोग। जइसे पृथ्वी रूपी दरख पर परास के फूल निकल आइल होखे। शोणित के नदी बह रहल बा, ओह में वेग आ चंचल तरङ के रेखा रणभूमि पर लउकता। धड़फड़ाके काँपत आ चनकत मुँड़ शोणित के तर्पण कके पटात जा रहल बा। हुँड़ारन से आक्रांत जङल के तरे रण में चतुरङी सेना पइस रहल बा। घायलन के अधिकता से रण-मैदान भर गइल बा, उहाँ जे बँचल से भाग पराइल।' (कीर्तिपताका, झा २०२०ख, पृ. ५२-५३)

दृष्टांत (५७क-ख) के देखला पर विद्यापति भयानक लड़ाई के दृश्य प्रदर्शन में सक्षम लउकताड़ें। जहाँ तक भाषा के बात बा त *मांस* भोजपुरी में प्रयोग होला मैथिली

www.bhojpurisahityangan.com

में ना। मैथिली में एकर पर्यायवाची *माओस* होला। ओहीतरे *खाइ खाइ, उड्डि जाइ, पलाप* 'प्रलाप', *रुहिर* 'रुधिर', *पलाए* 'पराए' के प्रयोग अद्यतन भोजपुरी में होला।

अब तनिका चर्चा विद्यापति के गीतन पर भइल जरूरी बा। विद्यापति के पदावली जे अब तक संकलित बा ऊ अधिकांश नेपाल से उतारके प्रकाशित करावल बा। एकर मतलब विद्यापति के जीवन के उत्तरार्ध जे नेपाल में बितल, ओही समय एह गीतन के रचना भइल रहे। विद्यापति के जीवनकाल विवादित बा। बाँकिर उनका जीवनकाल का बारे में एगो मतैक्य करीब करीब स्थापित हो चुकल बा कि उनकर जीवनकाल चौहवाँ शताब्दी के उत्तरार्ध आ पंद्रहवाँ शताब्दी के पूर्वार्ध के बीच रहल। भाषा का बारे में कहल जाओ त ऊ मूलतः संस्कृत के कवि रहलें। एकरा बादो ऊ आपन मातृभाषा अवहट्ठ, जे ओह बेरा करीब करीब अनेकन आधुनिक हिंद-आर्यभाषा के रूप में बँटल जात रहे, में *पदावली* के साथ साथ शिव-लचारी आ आउर लोकगीतन के रचना कइलें। मूलतः *पदावली* आ इहे लोकगीतन के आधार पर उनका के एक तरफ 'मैथिल महाकवि कोकिल' कहल जा रहल बा त दोसरा तरफ बङाली आ उड़िआ लोग भी उनका के आपन कवि कह रहल बा। बाँकिर ओह पदावली आ लोकगीतन के देखला पर ऊ आन भाषा से अधिक भोजपुरी के मालूम पड़ेलन। काहेकि मैथिल लोग द्वारा पदावली के संकलन आ संपादन के बादो भोजपुरी के ठेंठ व्याकरणिक कोटिअन के सशक्त प्रयोग उनका पदावली आ गीतन में मिलेलाः—

(५८) **लचारी**

*क. **करवन** हरब दुःख **मोर** हे भोलानाथ।*
दुखहि जनम भेल दुखहि गमाओल
सुख सपनहु नहि भेल हे भोला।
एहि भव सागर थाह कतहु नहि
भैरव धरु करुआर हे भोलानाथ।
*भन विद्यापति **मोर** भोलानाथ गति*
*देहु अभय बर **मोहि** हे भोलानाथ।*

ख. *हे हर मन द करहुँ प्रतिपाल,*
सब बिधि बन्धलहुँ माया जाल।
हे हर मन।
सब दिन रहलहुँ अनके आस,
*अब हम जायब **केकरा** पास।*
हे हर मन।
*बीतल बयस तीन पल **मोरा**,*
*धयल शरण शिव मापन **तोरा**।*
हे हर मन।

www.bhojpurisahityangan.com

(५९)**लोकगीत**

क. *कुंज भवन सएँ **निकसलि** रे रोकल गिरिधारी।*
एकहि नगर बसु माधव हे जनि करु बटमारी॥
*छोड कान्ह **मोर** आंचर रे फाटत नब सारी।*
अपजस होएत जगत भरि हे जानि करिअ उधारी॥
*संगक सखि **अगुआइलि** रे हम एकसरि नारी।*
दामिनि आय तुलायति हे एक राति अन्हारी॥
भनहि विद्यापति गाओल रे सुनु गुनमति नारी।
हरिक संग कछु डर नहि हे तोंहे परम गमारी॥

ख. *पिया **मोरा** बालक हम तरूणी*
कोन तप चुकल भेलउँ जननी
पहुँ लेल कोरा चलल बजार
*हटिया के लोग पुछू के लागु **तोहार***
*नहि **मोरा** देओर नहि छोट भाय*
*विधना लिखल छल बालमु **हमार***
पहिरल सखि एक दछिनक चीर
पिया के देखइत भेल दगध शरीर
*बाट रे बटोहिया कि **तोहि मोर** भाय*
हमरो बाबाजी के कहब बुझाय
बेचता गोला बरद कीनता धेनु गाय
दूध पिया कऽ पोसता जमाय
*नहि **मोरा** गोला बरद नहि धेनु गाय*
कओने जुगुत सखि पोसब जमाय

(६०)**विद्यापति पदावली से**

क. *अपना निहारि निहरि तनु **मोर**।*
देइ आलिङ्गन भए विभोर॥ १०॥ (पद ७४)

ख. *जहि खने निअर गमन होय **मोर**।*
*तहि खने कान्हू कुशल पूछ **मोर**॥२॥* (पद ८२)

ग. *पुनु पुछ पुनु पुछ **मोर** मुख हेरि।*
कहिलओ कहिनि कहवि कत बेरि॥६॥ (पद ८२)

घ. *जनि हुतवहे हवि आनि माओल ता सम भेल विकार।*
*दुअओ नयन **तोर** विषम मदन शर शालय हृदय **हमार**॥२॥* (पद ११९)

www.bhojpurisahityangan.com

ङ. *केओ दे हास सुधा सम नीक।*
__जइसन__ परहोंक __तइसन__ वीक॥४॥ (पद १२९)
ङ़. *मल तनु पराभवे पाओब तेजि न हलबि __तेंहु__।*
भमर भरे कि माजरि भाँगए देखल कतहु __केहु__॥२॥ (पद १४४)
च. *जओ अति कोमल तैअओ न ढरि*
पल __कबहु__ भमर भरे कापे॥१२॥ (पद १४५)
छ. *__जइसे__ डगमग नलनिक नीरे।*
__तइसे__ डगमग धनिक शरीरे॥१०॥ (पद १४८)
ज. *अधिक नवोढा सहजहि भीति।*
आइलि __मोर__ बचने परतीति॥२॥ (पद १४९)
झ. *आइति हठ जओ करवह माधव तओ आइति नहि __मोरी__॥*
काँचि बदि उपभोगे न आओत उहे फल __तोरी__॥६॥ (पद १६३)

दृष्टांत (५८क-ख, ५९क-ख आ ६०क-झ) के देखला पर गाढ़ा अक्खर में नीचे रेखांकित कइल शब्दन में सर्वनाम, विशेषण आ क्रियाविशेषण समूचा भोजपुरी में प्रचलित बा, ना कि मैथिली में। एकरा साथे साथे *निकसलि, आगुआइलि, आइलि* भूतकाल में स्त्रीलिङ कर्ता के संगति में आइल क्रिया हउए स जे भोजपुरी में प्रयोग होला, मैथिली में अइसन लिङ-संगति के प्रचलन नइखे।

एकरा अलावा विद्यापति के भोजपुरी में मूल रचना भी मिलल बा (ग्रिअर्सन, १८८६, पृ. २३६-२३८)। सिंह (१९५८, पृ. ८) से ई उद्धरणः—

(६१) *बसहर घरवा के नीच दुअरिया ए उधो रामा झिलमिल बाती।*
पिया ले में सुतलों ए उधो, रामा अँचरा डसाई॥ १॥
जो हम जनितों ए उधो, रामा पिया जइहें चोरी।
रेसम के डोरिया ए उधो, खींची बँधवा बँधितो॥ २॥
रेसम के डोरिया ए उधो, टूटि-फाटि जइहें।
बचन के बान्हल पियवा, रामा से हो कहाँ जइहें॥ ३॥
प्रेम के बन्हलका पियवा जीवे सँगे जइहें।
जवनि डगरिया ए ऊधो, रामा पिया गइलें चोरी॥ ४॥
तवनि डगरिया ए ऊधो, रामा बगिया लगइबो।
बगिया के ओते-ओते रामा केरा नरियर लगाई॥ ५॥
अँगना ससुरवा ए ऊधो, रामा दुअरा भसुरवा।
कइसे बाहर होखबि रामा बाजेला नूपुरवा॥ ६॥
गोड़ के नूपुरवा रामा, फाड़े बाँधि लइबों।
अलप जोबनवा ए ऊधो, हिरदा लगइबों॥ ७॥

www.bhojpurisahityangan.com

पात मधे पनवा ए ऊधो, फर मधे नरियर।
तिवई बधे राधा ए ऊधो, पुरुष मधे कन्हाई॥ ८॥
कतलो पहिरो ए ऊधो, कतलें समुझों गुनवा।
सोने के सिंधोरवा ए रामा, लागि गइले घुनवा॥ ९॥
मोरा लेखे आहो ए ऊधो, दिनवा भइले रतिया।
मोरा लेखे आहो ए ऊधो, जमुना भइली भयावनि॥ १०॥
भनहिं विद्यापति रामा, सुनहुँ ब्रजनारी।
धिरजा धरहु ए राधा, मिलिहें मुरारी॥ ११॥

इहाँ तक त विद्यापति के ग्रंथन से उद्धृत सामग्री परोसके विद्यापति के भाषा पर विचार कइल गइल। बाँकिर विद्यापति के रचना खास भोजपुरिआ के कंठ पर बसल रहल बात ग्रिअर्सन (१८८४घ, पृ. २०१-२०२) में भी संकलित मिलेलाः—

(६२)**बरमासा**

चढ़ते माँस असाढ़ बादर घन घमरुइ दल साजि के।
हमें बिरहिनी तेजि के पिआ रहे कहीं छाइ के॥१॥
सावन माँस सोहावन, हे सखि, सावन पिआ मन भावहीं।
कवन बिरहिनी जादू कीन्हा कन्त घर आवत नहीं॥२॥
भादो में एक सेज बनतु है अवर सेज बनाइ के।
औ पपिहरा मोर बोले सेज घनेरे सालती॥३॥
कुआर आये पिआ न आवे मैं मरीं बिख खाइ के।
रोइ के जब धोइ डालों सीस माँग बिगारि के॥४॥
कातिक में एक पाति लिखतु है रकत आँसु बहाइ के।
जाहू कागा देस पिआ के दुख कहो समुझाइ के॥५॥
अगहन में एक सेज सूनी मैं अकेली ताकती।
जा के पिआ परदेस छाए, रहों सखि केहि भाँति सें॥६॥
पूस में एक पाला परि गये बिरह आइ सतावहीं।
जब जाड़ छूटत, हे सखि, तब कन्त अङ्ग लगावहीं॥७॥
माघ में एक आम मौरे मैं मरों बौराइ के।
शाम बिना एक बेली फूले कवन सेजिआ जाइ के॥८॥
फागुन में एक रङ्ग बनतु है और रङ्ग बनाइ के।
शाम बिना एक मैं न ऊड़ों जैसे उड़त रङ्ग अबीर के॥९॥
चैत चन्दन सरद सीतल अगिनि सीतल।
ले चली डाल सेइल होके ढुण्डों जाइ के॥१०॥
बैसाख में मोहि घाम लागत मैं मरों अकुलाइ के।

www.bhojpurisahityangan.com

जब घाम लागत, हे सखि, तब हाल मैं केहि सें कहौं॥११॥
जेठ त जेठ मास आये पूरल बारह मास।
सूर के एही बारह माँसा गावल राजा रामचन्द्र॥१२॥

३.४ लोकवार्ता में भोजपुरी

लोकवार्ता के लोकसाहित्य भी कहे के प्रचलन बा। ई लोक में रचल लोककंठ पर बसल कथ्य साहित्य के भंडार ह। एकर ना कौनो तिथि-मिति ना कौनो रचनाकार के नाँव ज्ञात होला। बाँकिर एकर कथावस्तु आदि से एकर प्राचीनता-अर्वाचीनता के अनुमान भर कइल जाला। लोकवार्ता के अवयव का रूप में लोकगाथा, लोककथा, लोकगीत, कहाउत, नारा कहाउत, मोहाबरा, बुझउअल/पहेली जइसन भाषा के अपार निधि पड़ेलन स।

३.४.१ लोकगाथा

लोकगाथा यानी लोक रचित गाथा। ई परंपरा सर्वाधिक प्राचीन बा। बाँकिर जइसे शास्त्रीयता हावी होत गइल, लोक पछुआत गइल। ओहीसुके समग्र लोकवार्ता ही ऐतिहासिकता के ख्याल से आगा ना बढ़ल यथार्थ बा। सिन्हा (१९५७, पृ. ३८-३९) में एह बात के स्पष्ट उल्लेख मिलेला कि लोकगथन में कि त ऐतिहासिकता होखबे ना करे भा होला भी त ओकर इतिहास बहुते संदिग्ध होला, ऊ एह से कि लोकगाथा के रचयितन के इतिहास निर्माण के चिंता ना होखे। एह आधार पर भोजपुरी लोकगथन के ऐतिहासिकता भी संदेहात्मके बा। बाँकिर लोकवार्ता भा लोकगाथा के निरंतरता लोककंठ पर टिकेला जे शास्त्रीयता से हमेशा परे रहेला। अतः भोजपुरी के पदचाप अगर अपभ्रंश साहित्य में मिलता आ अवहट्ठ साहित्य में तनिका बेसिए स्पष्ट भइल देखाई देला, त निश्चित रूप से एही अपभ्रंश-अवहट्ठ काल के ही भोजपुरी लोकगाथा काल मानल उपयुक्त रही।

एह काल काल में एक ओर समकालीन साहित्यिक रचना के शास्त्रीय धार के निरंतरता मिलल त दोसरा ओर लोकवार्ता भी लोककंठ से फुट पड़ल। ओह लोकवार्ता में एह काल में महत्त्वपूर्ण रहल लोकगाथा के रचना। अतः अपभ्रंश-अवहट्ठ काल के लोकगाथा काल कहला में भी कौनो अत्युक्ति नइखे। दरबारी विद्वान लोग शास्त्रीय साहित्य सिर्जन में लागल बाँकिर ओह पर एक तरफ निजत्व हावी रहल त दोसर ओर सांस्कृत्य ओतने हावी रहल। ओहीसुके ऊ लोकजुबान भा लोककंठ में ओतना जगह ना बनावे सकल। दोसर ओर एह काल के एगो आउर विशेषता रहे मुसलमानी आक्रमण का साथे इस्लामीकरण। एह भौतिक-सांस्कृतिक आक्रमण से बँचे खातिर आ सामर्थ्य अनुसार प्रतिकारो खातिर हिंदू रिआसत ला ई जरूरी रहल कि कुछ अइसन कथा रचाए जे में गेयता रहे आ हिंदू सामंत सरदार लोग के श्रेष्ठता आ वीरता भी झलके। एकरा साथ साथ हमलावर से लड़े खातिर सैन्यदल में उत्साह बढ़े आ आमजन के समर्थनो बढ़े।

www.bhojpurisahityangan.com

अतः एह समय में अइसन लोकगाथा सब के रचना भइल जे जन जन तक पहुँचावल गइल। एकरा खातिर जातिविशेष के सरदारन के बीच में आपन-आपन जातीय विशेषता के झल्कावे के होड़ पैदा कइल गइल। अइसन अवस्था में शास्त्रीय साहित्य के सीमा से ई लोक साहित्य के बाहर निकलल जरूरी रहे आ स्रष्टा लोग पर भी कुलीनता के बंदेज ना रहल। बाँकिर लोकगथन के सुमीरन खंड में *मीरा सुबेहान* के सुमीरन होला। ई अबो तक कुछ हिंदू परिवार में इस्लामी कुलदेवता राखे के प्रचलन बरकरार बा। अतः हिंदुत्व का साथे इस्लाम के भी बिना चिढ़ौले आपन गाथागान के अनोखा परंपरा बा लोकगथन में।

पूरा लोक-साहित्य के खासिअत ई रहल कि एकर लोकप्रियता का चल्ते आमजन के कंठ आ जुबान पर एतना रसल, बसल आ पसरल कि एकर मूल रचनाकार के निजत्व हेरा गइल। ओहीसुके लोकगथन के प्रस्तोतन के नाम देश-काल-परिस्थिति अनुसार सोहरत सहित मिलेला बाँकिर मौलिक स्रष्टन के नाम ना मिले। भोजपुरी में प्रचलित लोकगथन के संक्षेप में एहतरे राखल जा सकेलाः

३.४.१.१ सोरठी बृजभार

एह लोकगाथा के नायिका हई सोरठी आ नायक हउअन बृजभार। ई अवतारवाद पर आधारित लोकगाथा ह। ओहीसुके एह में नायक-नायिका के तीन जन्म के जीवन-गाथा प्रस्तुत बा। कथानक एतना जीवंत आ मार्मिक बा कि केकर हिआ ना दरबी! आज के डिजिटल दुनिआ में भी करीब हजार बरीस पहिले से एह गाथा के गायन आ नाट्य प्रदर्शन आजो ओतने प्रभावकारी बा। एह गाथा में बृजभार के पत्नीव्रत के भङ करे के अनेको कोसिस होला, बाँकिर गुरु गोरखनाथ के यौगिक चमत्कार आ बल पौरुष्य से ऊ सारा नाकाम हो जाला। सिंह (१९५८, पृ. ३३-३४) के अनुसार एह में बज्रयान मत के कामुकतापूर्ण सामाजिक आ सांप्रदायिक अवस्था के दिग्दर्शन का साथे ओह पर गोरखनाथ के ज्ञान-मार्ग के चमत्कारिक घटनन के हमेसा विजय भइल देखावल गइल बा।

३.४.१.२ शोभनयका बंजारा

अधिकतर लोकगाथा के रचना क्षत्रिय पौरुष्य आ वीरता पर रचल गइल बा। यानी बेसी से बेसी लोकगाथा वीररस परोसेला। बाँकिर शोभनयका बंजारा वैश्य पात्रन के लेके रचल गइल बा। एकरा के *नयकवा* भा *बंजरवा* जइसन संक्षिप्त नाम से भी जानल जाला। ई लोकगाथा तत्कालीन भोजपुरिआ समाज में होत रहल बालबिआह, गौना ला बेटाहा के ओर से जोड़ आ बेटिहा के ओर से लड़की के काँच उमीर देखाके कइल अटेर, ओह समय के बेपार तिरहुत के भोजपुरिआ क्षेत्र से मोरङ तक होत रहल अवस्था, सामान ढोआई के साधन बर्धी यानी बैल, संपन्न बेपारी के घर में भी राजसी ठाठ के छनक, सांस्कृतिक रूप से मूर्गा-मूर्गी के मांस खाइल हिंदू समाज में प्रतिबंधित रहल आदि विषयन का साथे अदृश्य

www.bhojpurisahityangan.com

दैवी शक्ति के प्रधानता पर आधारित देखल जाला। सिंह (१९५८, पृ. ३४-३५) के अनुसार एह गाथा में वर्णित समाज बारहवाँ-तेरहवाँ शताब्दी के हो सकेला। ठाकुर (वि. २०८०, पृ. २२-३०) में एह गाथा के विस्तृत विवेचन कइल गइल बा। ठाकुर एह में एकर मूल नायक-नायिका शोभानायक आ जसुमतिआ के साथ मुख्य पात्रन के परिचय सहित सामाजिक मूल्य, सांस्कृतिक-धार्मिक मूल्य, वित्तीय मूल्य, तत्कालीन राजनीतिक-सामाजिक परिस्थिति पर अँजोर कइले बाड़ें। एहीतरे ग्रिअर्सन (१८८९, पृ. ४६८-५२४) में एह लोकगाथा के पूर्ण पाठ के साथ विस्तृत विवेचना मिलेला।

३.४.१.३ लोरिकाइन

उपर वर्णित लोकगथन के बाद सब से बड़ा गाथा काव्य के नाम ह लोरिकाइन। एकरा के *लोरिकी* भा *लोरिकायन* भी कहल जाला। एह लोकगाथा के मूल नायक हउअन लोरिक आ नायिका हई सती मजरी आ चनवा। सिंह (१९५८, पृ. ३५) के अनुसार ई एक तरह से अहीर, दुसाध, धोबी आदि जातिअन के ओह काल के इतिहास दर्सावेला। बाँकिर एह गाथा में मठवा नाम के एगो पात्र बाड़न जिनका के चमार जाति के बतावल गइल बा। अतः ई चमार जाति के भी ओह समय के चरित्र चित्रण करेला। भोजपुरिआ क्षेत्र में ओह बेरा एही लोग के अधिकार रहल संदर्भ का ओर ई संकेत करेला। डॉ. गोपाल ठाकुर के अपना बाबा से सुनल अनुसार एह गाथा में गढ़ सँचरी के लड़ाई के वर्णन बा जे तत्कालीन सेमरवनगढ़ के नाम रहे। हलाकि ऐतिहासिक दस्तावेज में अब तक ई गाँठ कहीं खुलल नइखे। अतः इहो अन्वेषण के विषय हो सकेला। एह गाथा के रचना काल १२वीं शताब्दी से १४०४ ई. तक हो सकेला (सिंह, १९५८, पृ. ३५)।

दुर्गाशंकरप्रसाद सिंह आपन *भोजपुरी के कवि और काव्य* में एह गाथा के मौलिक रचना भोजपुरी में होके एकर भाषांतर मगही, मैथिली आ अवधी में भइल बतौले बाड़न। उनका अनुसार एकर अवधी रूपांतर के चंदायन भा चंदयनी भी कहल जाला जेकर रचयिता उर्दू के कवि मौलाना दाऊद रहलें।

३.४.१.४ राजा भरथरी

राजा भरथरी का बारे में भोजपुरी के अवहट्ठकालीन धरोहरन के बीच में बतावल जा चुकल बा। अब राजा भरथरी के नाम से समूचे मधेश सहित उत्तर भारत में एगो लोकगाथा भी अति प्रसिद्ध बा। अइसे त ई गाथा अनेको भाषा में पावल जाला बाँकिर एकर भोजपुरी रूप ही प्रतिनिधि प्रतीत होला (सिन्हा, १९५७, पृ. १८१)। एह लोकगाथा में राजा भरथरी आ रानी सामदेई के बिआह, रानी सामदेई के पूर्व जन्म के कथा आ भरथरी के बैराग उत्पन्न भइल महत्त्वपूर्ण पक्ष हउअन स।

३.४.१.५ गोपीचन

गोपीचंद्र भा गोपीचंद भा गोपीचन के बारे में भी भोजपुरी के धरोहरन में उपर चर्चा हो चुकल बा। बाँकिर इनकरो बैराग एतना चर्चित भइल कि इनकरो जीवन पर लोकगाथा

www.bhojpurisahityangan.com

बन गइल। लोरिकाइन के समकालीन भा पूर्ववर्ती भा पश्चवर्ती एगो मसहुर भोजपुरी लोकगाथा के रूप में गोपीचन प्रचलित बा। आम भोजपुरिआ जुबान पर गोपीचन के नाम से ई लोकगाथा बहुते प्रसिद्धि बा। सिंह (१९५८, पृ. ३७) में एह लोकगाथा के भाषा के मद्देनजर एकर रचनाकाल बारहवीं शताब्दी बतावल गइल बा। एह गीति-काव्य के अनेको संस्करण निकल चुकल बा। ग्रिअर्सन (१८८५ख, पृ. ३८-५५) में एह लोकगाथा के भोजपुरी आ मगही के बीच रहल पाठचांतर पर भी विचार कइल गइल बा। जेतना ठाँव के गायक ओतने पाठचांतर लोकगाथा के चरित्र भी होला। बाँकिर एकर कथानक में गोपीचन के वैराग्य प्रमुख बा। गोपीचन राजा भरथरी के भगिना आ गुरु गोरखनाथ के शिष्य बतावल जालन। एह क्रम में एक तरफ उनकर वैराग तोड़े के अनेको प्रयत्न होला त दोसरा तरफ जोगी हो गइला पर उनकर अपने बहिन चिन्ने से इनकार करेली आ अनेको यातना दिवावेली। साथे एह में मानवेतर जीव के भूमिका भी वर्णित बा। मूल विषयवस्तु वैराग भइला का बादो एह में गृहस्थ जीवन के अनेको उतार-चढ़ाव के वर्णन मिलेला।

३.४.१.६ कुँअरबिजई

कुँअरबिजई लोकगाथा भोजपुरिआ जुबान पर बहुत चर्चित गाथा ह। ई कुँवरविजयी भा कुँवर विजय मल के नाम से भी गावल-सुनल पावल जाला। ग्रिअर्सन (१८८४ग, पृ. ९४-१५०) में एकर भाषा के स्वरूप खाँटी भोजपुरी बतावल गइल बा। सिन्हा (१९५७, पृ. १०३) में एकर ऐतिहासिकता के संदिग्ध बतावल गइल बा। गीत बिजै मल के शीर्षक के तहत एकर गायन के पूर्ण पाठ का साथे ग्रिअर्सन एकर संक्षिप्त समीक्षो कइले बाड़न। आल्हा लोकगाथा में बेंदुल घोड़ा आ एह में हिंछल बछेड़ा के साथ साथ बावन सुबा के उल्लेख एकरा के आल्हा-रुदल लोकगाथा से भी सामीप्य दर्सावेला। बालबिआह, तिलक-दहेज, राजसी ठाठ में बिआह के समय में बेटाहा-बेटिहा के बीच मानमर्दन, लड़ाई, बिजै मल के अंत में जीत के साथ साथ घोड़ा के उड़ल आदि एह लोकगाथा के खास विषयवस्तु बाड़न स। एह विषयवस्तु के देखला पर सामंती रिआसतन के बीच रहल मनमोटाव आदि झलकेला। सिंह (१९५८, पृ. ३७) में एकर रचनाकाल सोरठी बृजभार के बाद बतावल गइल बा।

३.४.१.७ आल्हा

वीरगाथा में अंतिम मानल गइल लोकगाथा के रूप में आल्हा के लेहल जाला। एह लोकगाथा के नाटच रूप में आजो बहुतो नाच मंडली आल्हा-रुदल के नाम से प्रदर्शन करेलन स। एह गाथा के गायकी के शैली आल्हा के नाम से प्रसिद्ध बा त आल्हा आ रुदल एह गाथा के मुख्य नायक पात्र हउअन। रुदल के उदल के नाम से भी जानल जाला। एह में आल्हा-सोनवा बिआह प्रकरण के वर्णन ग्रिअर्सन (१८८५क, पृ. २०९-२५५) में मिलेला। एह में वर्णित आल्हा आ रुदल के पुस्तैनी रिआसत बुंदेलखंड में पड़ेला। ओही से एकर भाषा शैली बुंदेली यानी हल्का हिंदी से प्रभावित भइला का बादो ई करीब

www.bhojpurisahityangan.com

हरेक नव हिंद-आर्य भाषा में रूपांतरित हो चुकल बा। बाँकिर ग्रिअर्सन के अनुमान बा कि आल़ा के सर्वप्रथम निर्माण भोजपुरिए में भइल बा।

आल़ा में ५२ किल्ला के जिकिर मिलेला। बाँकिर कौनो अल़वहिआ समूचा किल्ला ना गावे अइसन सुनल जाला। जासर आ टोंड़र के आल़ा-रुदल के क्रमशः बाप आ पितिआ बतावल गइल बा। ओह लोग के मातारी के नाम देवला बतावल गइल बा। पहिले पटिदारी के झगड़ा बा एह काव्य में जहाँ एह दूनू भाई के पितिआउत भाई झगरू पहिले बहुते सतावेला। बाद में ओह बेरा के भारतवर्ष में समूचा ५२ किल्ला पर एह दूनू भाई के विजय भइल गाथा सुनावल जाला। रुदल के बिआह मोरङ में भइल गावल सुनल जाला। रुदल के पत्नी फुलवा रहली।

३.४.१.८ बिहुला

सती बिहुला के लोकगाथा भोजपुरिअन के बीच एगो नारी चरित्र प्रधान लोकगाथा ह। एकर दोसर विशेषता ई राजा-महाराजा से बाहर बनिआ परिवारन के गाथा ह। एह गाथा के *सती बिहुला, सती बिहुला-बाला लखिंदर, बिहुला-लखिंदर* जइसन नाम से भी गावल सुनल जाला आ नाच मंडली में एकर अच्छा प्रदर्शन होला। बाँकिर एकर मूल तत्त्व पुरुष प्रधान समाज के स्थापत्व में महिला के भूमिका ही रहल बा। चनु साह आ जदु साह नामक दूगो बनिआ परिवार के बीच में वैवाहिक संबंध होला। चनु साह के बेटा बाला लखिंदर आ जदु साह के बेटी सती बिहुला के बीच वैवाहिक संबंध होला। चनु के लखिंदर सातवाँ बेटा रहलें। हलाँकि सिन्हा (१९५७, पृ. १५९) में विषहर नाम के ब्राम़ण बतावल गइल बा, बाँकिर बिहुला के नेपालीय भोजपुरी क्षेत्र में गायन सुनला पर भा नाच देखला पर विषहर चनु साह के बहिन रहली आ अपना भाई से पैतृक संपत्ति में हिंस्सा चाहत रहली। बाँकिर चनु साह एह बात के स्वीकार ना करत रहलें। इहे बात के लेके दूनू में अनबन चलत रहे। फलतः चनु साह के पहिलका छौ बेटन के विषहर कोहबरे घर में साँप भेजके मरवा चुकल रहली। एकरा बादो चनु साह पर एकर कौनो असर ना पड़ल। सातवाँ बेटा के रूप में जब लखिंदर के जन्म भइल त फेर विषहर के प्रस्ताव आइल बाँकिर चनु साह पैतृक संपत्ति में बेटी के हक देवे से इनकार करत रह गइलन। फलतः सती बिहुला से बाला लखिंदर के बिआह भइला पर कोहबर घर में फेर से विषहर साँप भेजके मरवा देली। बाँकिर बिहुला इनरासन के परी रहली आ विषहर के घमंडे तोड़े खातिर जन्म लेले रहली। ऊ अपना सत के बल पर सदेहे इनरासन पहुँचके अपना गायन आ नाच से इंद्र के प्रसन्न कके लखिंदर के त जिअइबे कइली आपन छऊ भइँसुरन के भी जिआ देली।

कथानक के देखला पर अइसन लागेला कि महिला के पैतृक संपत्ति पर हिंस्सेदारी के बात उठल पुराने बा बाँकिर ई ना होखेके चाहीं कहके पितृसत्ता इनकार करते आ रहल बा। हलाँकि अब नेपाल-भारत सहित दक्खिन एसिआ के बहुतो देशन

www.bhojpurisahityangan.com

में महिला के ई अधिकार स्थापित हो गइल बा। बाँकिर एह लोकगाथा के मूल उद्देश्य पितृसत्ता के निरंतरता के प्रयास ही रहल बा। सोरठी-बृजभार से एह लोकगाथा के तुलना कइला पर बृजभार सोरठी के पावे के प्रयत्न कइले रहली त एने बिहुला अपना पति के पुनर्जीवन देके फेर से प्राप्त कइली। अतः शास्त्रीय पौराणिक कथा सत्यवान-सावित्री से एह लोकगाथा के सामीप्य लउकेला। एकर ऐतिहासिकता के बात कइला पर सिन्हा (१९५७, पृ. १६७) में एकरा के शाक्तमत स्थापन काल बतावल गइल बा। बाँकिर ई मातृसत्तात्मक समाज का ओर ले जाला जब कि एह लोकगाथा के मूल सारांश पितृसत्ता के निरंतरता बा। अतः एकर रचना भी भोजपुरी के आदिमकाल में ही भइल मानल तर्कसंगत लउकता।

३.४.१.९ राजा ढोलन

एह गाथा के नायक राजा ढोलन हउए जिनका के राजा नल आ रानी दमयंती के सुपुत्र बतावल जाला। नल में राजा के सब गुण के जुआ के लत जीत लेले रहे। उनकरे नाता में भाई रहल पुष्कर छल से जुआ में उनकर सबकुछ जीत लेलख। उनका जीवन में दरदर के ठोकर खाएके पड़ल। उनका पर बहुतो लंछनो लागल। बारे बरीस का बाद उनका एह दुर्दिन से मुक्ति मिलल। ओही अवसर पर फेर से हर्ष-बढ़ाई बधावा बाजन का साथ उनका के गद्दीनसीन कइल गइल एही अवसर पर उनका लइका के जनम भइल। ढोल-ढाक बाज रहल खुसी के क्षण में जनम भइला से उनका के ढोलन के नाम से पुकारल गइल कथानक मधेश क्षेत्र में प्रचलित बा।

बाँकिर पाण्डेय (१९८६, पृ. ५३) में राजा ढोलन के नल-दमयंती से कौनो नाता रहल प्रसङ के उल्लेख नइखे। बल्कि ढोलन के बिआह लड़िकाइएँ में मोरवा नाँव के कौनो कन्या से भइल बतावल गइल बा। कथानक के मूल विषयवस्तु बालबिआह का बाद दूनू जने के बीच में बिछोड़ के पीड़ा रहल बा। अनेक बिघिन-बाधा के बावजूद राजा ढोलन गौना कराके रानी मोरवा के अपना राजमहल में लेअइलन। अतः ई गाथा सुखांत रहल देखल जाला।

३.४.१.१० नेटुआ देआल सिंह

एह गाथा के नायक देआल सिंह नेटुआ जाति के रहलें। देवी के भक्त भइला से अलौकिक चमत्कारिक शक्ति के सामर्थ्य भी उनका में रहल बतावल जाला। उनका पत्नी के नाँव धनिआ रहल। सादी त लड़िकाइएँ में भइल रहे। उमीर पहुँचला पर गौना करावे गइला पर अनेक मोसिबत झेलेके पड़ल। सहर में जदुइनो से मोकाबला भइल बाँकिर देवी के कृपा से इनका विजयश्री प्राप्त भइल आ पत्नी के बिदागिरी कराके घरे अइलन।

३.४.१.११ राजा सलेस

राजा सलेस त ऐतिहासिक पात्र हउअन। मधेश प्रदेश के सिरहा जिला में उनका नाँव पर आजो सलेस फूलवारी बा। ऊ दुसाध (पासवान) जाति के रहलें। दुस्साध्य

www.bhojpurisahityangan.com

काम के साध्य बनावेवाला लोग के दुसाध कहल गइल बा। अतः सलेस अपना जीवन में कइअन दुस्साध्य काम के देवी के कृपा से साध्य कके देखौले बाड़न अइसन एह गाथा में वर्णित मिलेला। उनकर जन्मस्थान कहीं कहीं पर मोरङ बतावल गइल बा। बाँकिर उनके नाम से रहल फूलवारी सिरहा में बा। यानी कि ई क्षेत्र मैथिल क्षेत्र ह। बाँकिर समूचा दुसाध जाति राजा सलेस के आपन ईष्ट मानेला। एहू गाथा में बिआह, बिआहेत्तर प्रेम के प्रस्ताव, अइसन प्रस्ताव के सलेस द्वारा अस्वीकृति, एही प्रसङ में उनका पर चोरी के मिथ्यारोपण, अइसन आरोप से मुक्ति मिलल जइसन प्रसङ सब आवेला। अंत में सलेस के विजयश्री का साथे राजसिंहासन मिलल प्रसङ के भी उल्लेख मिलेला। सलेस अपने मिथिला क्षेत्र के भइला के बावजूद दुसाध जाति के लोग भोजपुरिआ क्षेत्र में भी एह गाथा के भोजपुरिए में गान करेलन।

भोजपुरी में अत्यधिक प्रचलित एह लोकगथन के अलावा हिरनी-बिरनी, मैना-गोबिना, मिरिद सिंह, मामा-भगिना जइसन आउर लोकगथन के लोकप्रियता मिलेला।

३.४.२ लोककथा

लोककथा मानव मन के शाश्वत विचारधारा के अक्षुण्ण भंडार ह, जौना में जिनगी के परंपरा आ संस्कृति सुरक्षित रहेला (शाहाबादी, २०१७, पृ. ४८)। एह लोककथन में आदमी के मन के कोमल भावानुभूति आ दमित प्रवृत्तिअन के विंब भी अनुभूत होला। लोककथा पीढ़ी दर-पीढ़ी से पुश्तांतरण होत निरंतर कुछ बदलत कुछ परिष्कृत-परिवर्द्धित होत रहेला, बाँकिर एकर स्थान लोकवार्ता में अक्षुण्णे रहेला।

निश्चित रूप से भोजपुरिआ समाज में एह लोककथन के परंपरा भले जब से सुरु भइल होखे, सामंतवाद के समय में ई सर्वव्यापी भइल सहजे अनुमान कइल जा सकेला। ओहीसुके प्रायः लोककथा के सुरुआत *एगो राजा रहे ... ...* से सुरु होला। स्वाभाविक रूप में ई लोककथा दाई-नानी लोग अपना पोता-पोती, नाती-नतिनी के सुनावत रहली। भले आपन जिनगी केतनो फटहाल होखो, बाँकिर लइका-लइकिन के राजा-रानी आ राजकुमार-राजकुमारी के रूप में देखत रहली। ओही से अइसन कथा के सुरुआत होते अबोध लइकन में उत्सुकता बढ़ जात रहे। नीन लगलो पर अधनीनू अवस्था में अपना के राजा भा राजकुमार भा रानी भा राजकुमारी के रूप में दुनिआ के सैर करत ऊ लोग सुतत रहे। एह लोककथन के भी सामाजिक, धार्मिक, आर्थिक, राजनैतिक, दार्शनिक सहित आउर कइअन प्रकार के चर्चा विभिन्न विद्वान लोग कइले बा। एगो उदाहरण शाहाबादी (२०१७, पृ. ४१०-४११) सेः—

(६३) **आपन भाग**

एक राजा रहेन। ओनके चार लड़की रहिनि। कुछ दिन के बाद राजा आपन सब लड़की बोलाई के बारी-बारी से सब से पूछ लागेन कि बेटी तूं सब केकरे भागि से खात बाटू। तीन लड़की कहेनि कि पिता जी तोहरे भागि से। लेकिन छोटकी लड़की कहेसि कि पिता जी तोहरे भागि से नाहि हम अपने भागि से

www.bhojpurisahityangan.com

खात अही। राजा ओकरे ऊपर बहुत नाराज होइ गयेन। कुछ दिन के बाद तीनउ लड़की के शादी अच्छी जगह अच्छा घर-वर देखिके खूब धूम-धाम से कइ देहेन। छोटकी (चौथी) लड़की की शादी एक गरीब लकड़िहारा जे जंगल में लकड़ी काटके आपन पेट पालत रहा उही के साथ कइ देहेन और सब के खूब धन देई क बिदा किहेन, ओका कुछ नाही देहेन। अपने घर से बिदा कई देहेन । उ लड़की लकड़िहारा के घर जाईके रहइ लागि। कुछ दिन के बाद एक राजा जंगल में आई के चंदन के पेड़ देखिके कटवावइ लाग। जितना पेड़ कटवायेसि ऊ सब ओकरे मन के नाइ भ। अवर छोड़िके के चलागा। तब ऊ लकड़िहारा साधारण लकड़ी समझिके बोझ बनाइ के बेचई लेइग। लेकिन ओकर लकड़ी सब चंदन के भाव से बहुत महंगे दाम में बिचाई गईल। तब दूसरे दिन फेरि उहो बजार में ग। एक महाजन ओकरि सब लकड़ी काफी दाम देइके खरीद लेहेसि। एहि तरह ओकरे पास काफी रूपया इकट्ठा होइग। ऊ अपने रहइ बदे एक अच्छा घर बनवाई के रहइ लाग तथा जंगल क टीका लेइ के काफी पैसा वाला बनि ग। दोनों आराम से आपन जिंदगी बितावइ लागेन। कुछ दिन के बाद राजा सोचे कि जरा सब लड़की क पता लगावा जाइ कैसन लड़की बाटी। पहिले तीनो लड़की के इहा जाइक देखेन त सब के कुछ न कुछ तकलीफ रही। अपने पिता के सामने आपन दुख सुनावइ लागि। राजा क बहुत दुख भ। जब चौथी लड़की के इहां पहुंचेनि त ओकर कारबार देखि के बड़ा अचरज भ। ओकरे इहां सब नौकर-चाकर काम करत रहेन। लड़की अपने बाप के देखि के बहुत खुशी भई और कहेसि कि पिता जी हम बड़े आराम से बाटी। हमई कौनेउ तरह क तकलीफ नाई। राजा के पहले की बात याद आई गई, और लड़की की बात सही है यह ओनकी समझ में आइग।

छबिराज मिश्र
उम्र - ३८ वर्ष,
ग्राम - मरखापुर, पोस्ट - गछोपुर
जिला - जौनपुर

३.४.३ लोकगीत

लोकगीत यानी लोक के गीत। लोक यानी समाज यानी सामूहिकता आ गीत जहाँ सुर, लय आ ताल होखे। निश्चित रूप से समूचा गीत पहिले कविता होला। कविता भी जब स्रष्टा भुलाके लोक के सामूहिक हो जाला आ सुर-लय-ताल के साथ प्रस्तुत होला त ओकर श्रेणी लोकगीत के हो जाला। उपाध्याय (२०११, पृ. ७) के अनुसार प्राचीन युग के कविता में ओकर स्वाभाविकता, स्वच्छंदता आ सरलता प्रधान गुण रहे, अतः ओह समय के कविता के जेतना अंश आज बाँकी रह गइल बा उहे हमे गँवही साहित्य, लोककाव्य भा लोकगीत के रूप में मिल रहल बा। ओहीतरे लोकगीत ऊ गीत

www.bhojpurisahityangan.com

स हउए जेके सामान्य जनता अपना कंठ के हार बनौले रहेला, अतः ई गीत महिला आ पुरुष लोग द्वारा समान रूप से गावल जाला (उपाध्याय, १९८५, पृ. ७)। ओहीतरे भोजपुरी लोकगीत गवइअन के भाव के अभिव्यंजना करेला, जौना में शास्त्रीय संगीत के कुछ राग आ ताल पावल जाला, बाँकिर एकर तात्पर्य ई कहिओ ना रहल कि लोकगीत शास्त्रीय संगीत के उपज ह, बल्कि एकरा ठीक उल्टा शास्त्रीय संगीत ही अनेको अर्थ में लोक संगीत के कर्जदार ह (उपाध्याय द्वय, १९८५, पृ. २५-२६)।

जहाँ तक भोजपुरी लोकगीतन के वर्गीकरण के बात बा त एकरा के समयबद्ध आ सदाबहार लोकगीतन के रूप में एकर पहिलका वर्गीकरण भइल लउकेला त फेर एह दूनू के आध्यात्मिकता, भौतिकता, श्रम, अभियान, हास्य-व्यङ, मनोरंजन आदि के आधार पर कइअन तरह से वर्गीकृत कइल जा सकेला। एह विषय पर बहुतो ग्रंथ तइआर बाड़न स। अतः वर्गीकरण के गहिंड़ी में फँसल एह अध्ययन के उद्देश्य ना भइला से भोजपुरी लोकगीतन के कुछ नमूना मात्रे प्रस्तुत कइल गइल बाः—

(६४)**परातो (समयबद्ध)**

तोरा डरे घेंकुरी लगइआ हो जाड़ रइआ,
तोरा डरे घेंकुरी लगइआ।। तोरा०।।
गोड़ दने जाड़ समइले थरथर करेज कँपइआ
नाक दूनू सुरुरुरु नाक दूनू सुरुरुरु,
कान दूनू बँसिआ बजइआ हो जाड़ रइआ तोरा०
चदरवाला के घुसऽघासऽ फारेलऽ लाल रजइआ
कमरवाला के टाड़ऽटुड़ऽ,
गुदरा के भिरिओ ना जइआ हो जाड़ रइआ तोरा० (ठाकुर, २०२२, पृ. ८८)

(६५)**जाँतसारी (श्रमगीत)**

काल़ुए गवनवा अइलीं पिआ मो से रुसी हो गइलें
हम धनी राते के हो आइल रे केकरे सङवा रहब केकरे
हँसिले त हँसे ना देवे रोइले त गारी हो देवे
हम धनी राते के हो अइल रे केकरे सङवा बोलब केकरे
सासु मोरा गहुँवा रे देली बाँस के हो चङेलवा रे भरी
हम धनी काल़े के हो आइल रे केकरे जाँतवा पीसब केकरे

(ठाकुर, २०२२, पृ. ९८)

३.४.४ कहाउत

जइसे कि भोजपुरी लोकवार्ता के विधन में लोकगाथा, लोककथा आ लोकगीतन के चर्चा उपर हो चुकल बा, निश्चित रूप से लोकगाथा लोकवार्ता के सबसे लमहर विधा बा। एह में कथा आ गीत दूनू के प्रयोग होला। ई ओह कालखंड के संकेत

www.bhojpurisahityangan.com

करेला जौना बेरा आदमी का लगे शारीरिक श्रम आ ओकरा बाद फुर्सत होत रहे। मानव जीवन में क्रमशः जटिलता आवत गइला पर एक तरफ समय कम होत गइल आ दोसर तरफ कथा आ गीत के अलगे अलगे कहे-गावे-सुने में नया अनुभूतिओ भइल होखी, क्रमशः लोककथा आ लोकगीत विधा के आपन विशिष्ट पहचान मिलल। बाँकिर जिनगी के जटिलता आ अनुभव के भंडार का सङे आउर कमे समय में कुछ कहे-सुने के क्रम सुरु भइल। फलतः कहाउत, नारा कहाउत, मुहावरा आ बुझउअल जइसन चमत्कारिक विधन के लोकवार्ता में प्रवेश मिलल।

जहाँ तक कहाउत के बात बा, बहुतो विद्वानन के एकर अपने अपने परिभाषा देखल जाला। बेसुध (१९७१, पृ. ५७) के अनुसार मानव-समाज अनादिकाल से जौने कुछ देखत, सुनत भा करत चलल आ रहल बा ओही अनुभव सब के ऊ सूत्र के रूप में व्यक्त करत रहल बा, जे *कहाउत* कहाला। राकेश (१९८२, पृ. १) के अनुसार *कहाउत* भा *कहाउति* बोली के सङमरमरी मुसुकान ह, भासा के पँखगर परान ह, सबद आ अरथ के सुरुज-चान ह, आ ह सदई से सँचनिहार कवनो जाति के मोती-चुनला के पसनगर प्रमान। आचार्य (वि. २०५३, पृ. १-२) में कहाउत के विशेषतन में संक्षिप्तता, सारगर्भिता, जीवंतता आ लोकप्रियता बतावल गइल बा। एहीतरे तिवारी (२०१९, पृ. ४४) के अनुसार एह संसार में जे कुछ भी देखल, कहल, कइल जाला ऊ कहाउत ह।

कहे के मतलब कहाउत संक्षिप्त, सटीक, पसनगर, चमकदार आ चोख होला। कहनाम बा *देखन में छोट लागे घाव करे गम्भीर*। ई चरित्र ह कहाउत के। संक्षिप्तता का साथे एकर गहिँड़ाई के *गागर में सागर* कहल जाला। ई एक-दू वाक्य भा वाक्यांश के भी हो सकेला, बाँकिर ई अपनेआप में स्वतंत्र होला जेकर व्याख्या कइला पर एकर संदर्भ एगो कहानी बतावेला। अतः एकरो के वर्गीकृत कके देखल जा सकेला, बाँकिर एह अध्ययन के सीमा के कारण अब कुछ कहाउत नीचे देहल गइल बाः—

(६६) क. *हँसते राजा खँसते चोर। ए दूनू के लागल ओर॥*

ख. *निमन गीत गाएम ना। दरबार देखे जाएम ना॥*

ग. *हठी जोगी बादी राजा। लेवे भीख ना छोड़े दरवाजा॥*

घ. *अन्हेर नगरी के चउपट राजा। टके सेर भाँजी, टके सेर खाजा॥*

ङ. *भलादमी बतिऔले। फटहा लतिऔले॥*

ङ़. *अनकर गहना साजे ना। छीन लेवे त लाजे ना॥*

च. *बाप के नाँव सागपात। बेटा के नाँव दुर्गाप्रसाद॥*

छ. *जे पूत बहरासु भइल। देव-पितर सब से गइल॥*

ज. *जिन बिअइली तिन ललइली। बेटा ले पड़ोसिन भइली॥*

झ. *करनी ना धरनी, सोबरनी नाँव।*

ञ. *देखे में ना से चिखे में*

www.bhojpurisahityangan.com

ट. *चिरई के जान जाए, लइका के खेलौना।*
ठ. *दालभात खिआना त कथी के समधिआना*
ड. *गेंठिआ खुले ना बहुरिआ दुबराए!*
ड़. *पानी में मछरी, नौ-नौ कुटिआ बखरा!*
ढ. *जे हिकमत से होई ऊ हुकूमत से ना होई।*
ढ़. *बेलज भंटा के दूनू ओर डंटा।*
ण. *ढेड़ भंसिआ में आँटा गिल।*
त. *साव के सवाई, मिआँजी के दोबरी।*
थ. *हर-फार बहे सेकरा एक बखरा। मेह धके पादे सेकरा तीन बखरा॥*
द. *हर बहे से खऱ खाए। बकरी अँचार खाए॥*
ध. *अकरभ मरे ना। छुतहर फुटे ना॥*

३.४.५ नारा कहाउत

सुनला पर कहाउत बाँकिर निश्चित उद्देश्य से समूह में आगा पाछा बोलल जाएवाला वाक्य नारा कहाला। ई मूलतः कहाउते भइला के चल्ते कहाउत के समूचा अवयव एह में मौजूद होला, बाँकिर ओह से ई फरका एह माने में होला कि एकर उद्देश्य कौनो अभियान, कौनो धार्मिक अनुष्ठान, कौनो श्रम में उत्साह आ सफलता पर सामूहिक रूप से खुसी जनावे खातिर कइल जाला। नारा कहते मातर आमजन के लाग सकेला कि ई त कौनो सामाजिक-राजनीतिक अभियान के मथेला ह। बात बहुत हद तक ठीक बा, बाँकिर ई एतने नइखे। मेहनत के हलुक कइल, सामूहिक बल के एकीकृत प्रयोग कइल, अपना ईष्ट तक आपन अर्जी, बिनती भा स्तुति सुनावे के अभिलाषा से कौनो निश्चित शब्दन के बार-बार दोहराके जाप कइल संदर्भ खातिर प्रयोग होखेवाला कहाउत *नारा कहाउत* होला। अइसन नारा कहाउत के रूप में सनातनी अनुष्ठान में अठजाम में गावल जाएवाला धुन भा नाम संकीर्तन के सब से पहिले नारा कहाउत के रूप में लेले होई लोग। एह में सामाजिक-राजनीतिक अभियान बाद में जुड़ल बा। सहृदय (१९८२, पृ. च) में नारा के लगाव कौनो अझुरहट वाला मामला से होला, एह से नारा बराबर बदलत रहेला आ गऱात रहेला। एकरो कइअन प्रकार हो सकेला। कुछ नीचे परोसल गइल बाः—

(६७) क. *श्रीराम जय राम जय जय राम।*
ख. *हरे राम हरे राम राम राम हरे हरे।*
ग. *हरे कृष्ण हरे कृष्ण कृष्ण कृष्ण हरे हरे।*
घ. *जय शिवशंकर गौरीशंकर पार्वती शिव हरे हरे।*
ङ. *बम-बम-बम-बम बोल जय शिव जय शिव।*
ड़. *झंडा लहेरुआ महावीर के।*
च. *पनसुटका महाजन मरिओ ना जाए।*

www.bhojpurisahityangan.com

छ. *नगरवस्ती के जय।*

ज. *पालनकर्ता के जय।*

झ. *छपनकोट देवता के जय।*

ञ. *एक मुठी सरसो। झमर-झुमर बरसो॥*

ट. *तू मरबे हमरा पेट में। हम मारम तोरा खेत में॥*

ठ. *चल गिरगिटिआ नाचे चल। तबला बजावे चल॥*

ड. *जोर लगाके हइसे।*

ड़. *धर्म के जय हो। पाप के क्षय हो॥*

ढ. *शंख बाजे। बलाए भागे॥*

३.४.६ मोहाबरा

मोहाबरा संरचनात्मक रूप से लोकवार्ता के सब से छोट विधा ह। ओही तरह से अर्थगत हिसाब से सबसे चोख विधा भी ह। बाँकिर कहाउत भा नारा जइसन ई अपने आप में स्वतंत्र वाक्य के रूप में बिरले आवेला। एकर अर्थ झल्कावे खातिर वाक्य के अङ होके आवे के पड़ेला। जहाँ तक एकर उद्गम के बात बा त सहृदय (१९८२, पृ. ग) में एकर स्रोत अरबी में रहल बतावल गइल बा। बाद में फारसी आ उर्दू होत ई आउर नव-हिंद आर्य भषन में पसरल बा। बाँकिर एकर मतलब ई ना ह कि कौनो नया विधा ह। बल्कि इहो ओतने पुरान बा जेतना लोकवार्ता के आउर विधन सब। अरबी, फारसी आ हिंदी में ई *मुहावरा* कहाला जे अरबी के *मुहावराह* से आगे बढ़ल बा। *मुहावराह* में तीनगो शब्द बाड़न सः *मुँह, आव* 'पानी भा चमक' आ *राह* 'पैंड़ा'। *पानी* भी *चमक* के पर्यायवाची हः *का तोरा देह में पानी नइखे*। बाद में पदांतक *ह* लोप होके भोजपुरी में *मुख-सुख* प्रकरण में ई *मोहाबरा* भइल सहजे अनुमान कइल जा सकेला। अतः मोहाबरा के समग्र अर्थ भइल मुँह से चमक निकलेवाला पैंड़ा। एकरो विविधीकरण भा वर्गीकरण पर बहुतो काम भइल बा। बाँकिर एतहाँ कुछ मोहबरन के दृष्टांत मात्रे देहल गइल बाः—

(६८) क. *श्रीगणेश कइल* 'सुरु कइल'

ख. *कान पकड़ल* 'किरिआ खाइल'

ग. *कान काटल* 'मात कइल/आगा निकलल'

घ. *फाँकी मारल* 'झूठ बोलल'

ङ. *काँट निकलल* 'संकट टरल'

ड़ *दूधे नहाइल* 'सुखी-संपन्न भइल'

च. *दाँते अङुड़ी काटल* 'अचरज भइल'

छ. *अउँठा देखावल* 'उकऩल/नकरल'

ज. *मुड़ी गिरल* 'बेइज्जत भइल'

झ. *आसमान पर चढ़ल* 'सेखी झारल'

www.bhojpurisahityangan.com

ञ. *दूआँखा भइल* 'भेदभाव कइल'
ट. *पाँव भारी भइल* 'गर्भवती भइल'
ड. *कचूमर निकालल* 'खूब मारल-पीटल'
ड़. *कनखिआवल* 'आँख से इसारा कइल'
ढ. *करम फुटल* 'खराब समय आइल'
ढ़. *करेजा काँपल* 'बहुते डेराइल'
ण. *करेजा फाटल* 'तकलीफ भइल'
त. *खदर-बदर भइल* 'बाढ़-बिआन बेसी भइल'
थ. *खरखाहीं जगावल* 'सेखी झारल'
द. *हाँथ पिअर कइल* 'बेटी-बहिन के बिआह करावल'
ध. *हाँथ हरिअर भइल* 'खुसहाली भइल'
न. *उजरामइल भइल* 'दाहर आइल'

३.४.७ बुझउअल

लोकवार्ता में कहाउत जइसन लागेवाला बाँकिर कबो-कबो कहाउत के संरचना से तनिका बेसिओ लउकेवाला आ कुछ जटिलता के परोसके सुनेवाला से जवाब माङके अचरज में डालेवाला विधा ह बुझउअल। एकर आउर पर्यायवाची *पहेली* भा *पेहानी* भी हो सकेला। भोजपुरी में बुझउअल के भरमार बा। कुछ उदाहरण नीचे देहल गइल बाः—

(६९)क. *तोहरा हाथ में चारगो* — गासा
ख. *आङन में धबधब, गली में नइखे, ई कौन फल छिलकोए नइखे* — बरसेवाला पथल
ग. *चार गाछी चार लङ, पाता गिरे एक लङ* — मवेशी के थन।
घ. *राजा के बेटा, हुमेला के नाती, बीचे दरबार माहे हँकलक हाथी* — डेङी।
ङ. *नान्हीचाके मुसरी कुद-कुदके आर बान्हे* — सुई।
ड़. *हाँथे लेके ओके घुमइली, अनड़ आइल खुब जुड़इली* — डोलावेवाला पंखा।
च. *हेतीचुके खरहा के लुचलुच कान, ओही पर लादल पच्चीस मन धान* — तमसुक।
छ. *बोले त कान अनसाए, घरे गइओ के खाए, बने बघओ के खाए, भोर होखे त छिप जाए, ई जीव कौन* — मच्छर।
ज. *माथ पर मोटड़ी, चुतरा तर लकड़ी* — चुल्ली।
झ. *निहाड़ कहे निचाम से 'भाई रे पाँच हाथ के नाक आवता।'*
'तोहे कहलक कौन'
'दू बरीस पहिले मरल तौन।' कथी कथी हउए — जोंक, घोड़ा, हाथी आ ढोल।
ञ. *बेंचले बिकाए ना, किने के मिले ना, ना राजा का राज में, ना बनिआ दोकान में, मङिहें त देहब काथी पुछिहें त कहब काथी* — बरसेवाला पथल।

www.bhojpurisahityangan.com

ट. *अन्नार घर में ढिंढ़ार नाचे* — हाँड़ी।

३.५ राजकाज में भोजपुरी

एह आदिमकाल में भोजपुरी के पदचिन्ह स्थापित भइला से लेके पद्य, गद्य आ दूनू के सम्मिश्रण के रूप में लोकगाथा के रचना पर त उपर चर्चा होखबे कइल। एकरा अलावा राजकाजी बेहवार में भी भोजपुरी रूप के दर्शन नीचे के पत्र में होत नजर आवताः—

चुनीसिं द्वारा दौनी साहेब के मुंसी लालकसिं के सन १२४६ में लिखल चिट्ठी के मजबून कुछ अइसन बाः—

(७०) *स्वस्ति श्रीसर्वोपमाजोग्य मुनसि लालकसिं लाला के ली. चुनारायकै सलाम षुसी राउर चाही आगे सुन्नेमै आइछहै जे साहेक गढीकैइटी उजारतहै तेहि बास्ते राउरा समकै लिषलहै जेरौरे सभ कारंदा होइ साहेवके समुझाइदेइ गढि उनके लीलाम नहि भइलबाट गांव तप्पा उकिके जंगल गुरदी भइलबाट गढी हमारा पुरनी आनके कीर्ती हये से उन्हसे कोछु वास्ता नही है गडि हमारा है बहुत बडे बडे साहेव सुव्वा होये गईले केहु नही कीर्ति भंग कई सकले अब कीर्ति भंग करतहै से मुनासिव नहीहै समुझाइदेई नहितो अछा नहि होइ नही मानीहै तो फौजदारी होई लाकलानसे बुझव मिति आषाढ बदी १४ रोज सन १२४६ साल ... ...* (थापा, १९७४, पृ. २५)

३.६ सारांश

एह अध्याय में भोजपुरी भाषा के आदिमकाल के अध्ययन कइल गइल। आदिमकाल यानी ईसा पूर्व से से पंद्रहवाँ ईसवी शताब्दी के पहिलका चउथाई तक के समय में प्राकृतकाल में ताम्रपत्र में भोजपुरी के व्याकरणिक कोटि आ ऋग्वेद में *भोज* शब्द के प्रयोग के मद्देनजर एह समय के ताम्रपत्र, शिलालेख के साथ साथ वेद में भोज के भइल प्रयोग के विश्लेषण भी जरूरी लागता। एकरा बाद सिद्ध-संप्रदाय के अपभ्रंश रचनन में भोजपुरी भाषा के नेव पड़ल लउकेला त नाथ-संप्रदाय के अपभ्रंश रचनन में भोजपुरी के आदिम भाषिक स्वरूप के दर्शन होला। अवहट्ठ काल में अइला पर अद्दहमान आ शारङधर के पद्य रचनन में भोजपुरी के तत्कालीन पच्छिमी स्वरूप के दर्शन होला त पं. दामोदर के *उक्ति-व्यक्ति-प्रकरण* में भोजपुरी के व्याकरणिक स्वरूप निखरत लउकेला। एहीतरे सेमरवनगढ़ के कविशेखराचार्य पं. ज्योतिरीश्वर ठाकुर के *वर्णरत्नाकर* एक तरह के हिंद-आर्य भषन में सबसे पहिलका कोश के रूप में चमत्कारिक कृति त लउकबे करेला, तत्कालीन समाज, वर्णव्यवस्था, पेसागत जातजाति के बखुबी वर्णन का साथे ओह समय प्रचलित भषन का बारे में भी बड़ा सुस्पष्ट उल्लेख मिलेला।

एह काल के अंतिम साहित्यिक धरोहर महाकवि विद्यापति का बारे में भी उनकर अस्तित्व, जीवनकाल, उनकर वंशावली, उनकर भाषा पर विहंगम विवेचन एह अध्याय

www.bhojpurisahityangan.com

में भइल बा। एह विवेचन से एतना त स्पष्ट बा कि ऊ सेमरवनगढ़ इलाका में रहके आपन अवहट्ठ रचना कइले बाड़न जे मूलतः भोजपुरी के आदिम स्वरूप ह। जहाँ तक उनका पदावली के बात बा, ओह में पावल गइल भाषिक विशेषता आ व्याकरणिक शब्दन के प्रयोग भोजपुरी के साबित होला, ना कि मैथिली के।

एह अध्याय में लोकवार्ता पर भी चर्चा भइल बा जे ओह बेरा के सामंती प्रथा में भी आम जनजीवन के बखुबी वर्णन करेला।

एह अध्याय के अंत में एगो चिट्ठी प्रस्तुत बा, जे भोजपुरी के प्राचीनता राजकाजी प्रयोग से ई सिद्ध करेला कि नेपाल गड़हा सहित कइअन रिआसतन में ओही बेरा से भोजपुरी साहित्य से लेके राजकाज तक के भाषा रहे।

❖

www.bhojpurisahityangan.com

अध्याय चार
आदिकाल
(१४२६-१७६९ ई.)

४.० नेव

भोजपुरी भाषा के आदिकाल सामंती रिआसतन के बीच के कोलाहल से भरल रहल त एही काल में सनातन, इस्लाम आ ईसाई तीनू मजहब के बीच टकराव के समय भी रहल। सनातनी लोग के बीच भी सगुन आ निर्गुन दूनू धारा प्रवाह के काल रहल। एह कालखंड के राजनीतिक, सामाजिक, आर्थिक आ सांस्कृतिक पृष्ठभूमि के आँकलन एह काल के भोजपुरी भाषा के विकास आ ओकर प्रयोग के क्षेत्र में लउकल प्रवृत्तिअन के जाने-बुझे में सहयोगी हो सकेला।

आदिमकाल के निरंतरता में जात-व्यवस्था चलत रहे। अधिकाधिक लोग खेती आ पारंपरिक घरेलु उद्योग कके आपन निर्वाह करत रहे। संयुक्त पारिवारिक परिवेश कायम रहे। महिलन पर परंपरागत रूप में पुरुष वर्चस्व कायम रहे। बौद्धमार्ग के अनुसरण में ८४ सिद्धन आ अनेक नाथपंथी संतन का माध्यम से जारी वर्ण-व्यवस्था उन्मूलन के प्रगतिशील आंदोलन ब्राम्हणवाद का आगे धराशायी होते रहल। गरीबी, बेरोजगारी आ अत्याचार जारी रहे। दक्खिन एसिआ में इस्लामी आक्रमण से ब्राम्हणवाद पर भी क्षति पहुँचत रहल। पांडेय (१९८६, पृ. २८) के अनुसार गुलाम वंश से चलत बहादुर शाह जफर तक भारत में इस्लामी शासन व्यवस्था के कारण सामाजिक जीवन संघर्षपूर्ण आ कठिनाई से आक्रांत रहे। क्रमशः समाज आपन अस्तित्व, धर्म, संस्कार आ जिए का उपाय में लागे के कोसिस में रहे। एही बीच तत्कालीन भारत में इस्ट इंडिआ कंपनी के आगमन भइल। ओकर पहिल अभीष्ट बेपार भइला से महानगरन का विकास का साथे बेपार-रोजीगार में कुछ बढ़ंती त भइल, बाँकिर तब से सामंती आ पूजीवादी दूनू तरह के शोषण-उत्पीड़न से आम जनजीवन पर दोहरा मार पड़ल। एक तरफ सनातनी सामंतन के तेजोबध करत उभरके आइल तुर्क, अफगान आ मुगल सहित के इस्लामी शासक वर्ग के सामंती उत्पीड़न आ उपर से इस्ट इंडिआ कंपनी के पूँजीवादी शोषण-उत्पीड़न लोग के खेपेके पड़त रहे। एह दौरान सनातनी हिंदू वर्ण-व्यवस्था से निराश समुदाय पर पहिले इस्लाम आ बाद में इसाई का ओर धर्म परिवर्तन के दौर आगा बढ़ल। धर्म परिवर्तन ला कबो-कबो त जोर-जबर्दस्ती आ अत्याचारो के वारदात होत रहल।

अइसन स्थिति में छोट-छोट रिआसतन में बँटल भोजपुरिआ क्षेत्र यानी उत्तरी भारत आ नेपाल के मधेश क्षेत्र में राजा आ सामंत लोग अपना-अपना रिआसतन के सीमा विस्तार के संघर्षो करत रहलन स। हरेक रिआसत के राजा के अपने सेना रहत रहे। कानून-व्यवस्था आ जनता के रक्षा के नाम पर जबर्दस्त रूप से कर असुली होत

www.bhojpurisahityangan.com

रहे। आपसी वैरभाव का करण ई लोग विदेशी हमलावर लोग के प्रत्यक्ष-परोक्ष मदतो करत रहे। एकरा कारण से बख्तियार खाँ, मुहम्मद गोरी, बाबर आदि के आक्रमण का माद भारत गुलाम हो गइल। एह लोग के नजर पर नेपालो रहल बाँकिर एकर भौगोलिक बनावट आ हावापानी का कारण नेपाल पर ओह लोग के हमला ओतना कारगर ना रहल। बाँकिर बाद में धीरे-धीरे इस्लामी शासक लोग दक्खिन एसिआई संस्कृति का साथ समन्वयवादी रुख अख्तिआर कइलन स। पराधीनता के अइसने निरंतरता में बेपार खातिर आइल बेलायती, फ्रांसिसी, पुर्तगाली आदि लोग के सिकंजा भी बरिआर होत गइल।

अइसन अवस्था में स्वाधीन होखे भा पराधीन, आम जनता के कृषि आ वंशानुगत पेसा पर आधारित घरेलु उद्योग के धराशायी त होखे के रहे आ होतो गइल। हँ, जे लोग इस्लाम भा इसाई मजहब स्वीकार करत रहे, उनका कुछ आर्थिक सुरक्षा मिलत रहे। बाँकिर बेलायती लोग के आगमन का बाद घरेलु उद्योग नष्ट कर देहल गइल आ कच्चा माल विदेश जाए लागल, तइआर विदेशी माल भारत-नेपाल में क्रमशः आयात होखे लाग। फलतः भूमिपुत्रन के बीच गरीबी, बेरोजगारी आ भूखमरी से तबाही मचत गइल।

अइसन सामाजिक, आर्थिक, राजनीतिक, सांस्कृतिक परिवेश में एक तरफ साहित्य सिर्जन में विद्यापति अवहट्ठ से आगा बढ़के सेमरवनी भोजपुरी के पुष्पित पल्लवित कइलन त दोसर तरफ कबीर काशिका भोजपुरी में निर्गुन धारा के पद सिर्जन कइलन। एह लोग के बाद भी बहुतो संत लोग भोजपुरी भाषा में साहित्य के श्रीवृद्धि कइलन।

अइसन सामाजिक, आर्थिक, राजनीतिक अवस्था में मौलिक संस्कृति भला सुरक्षित कइसे रहित? निश्चित रूप में संस्कृत शिक्षा के परंपरागत पद्धति पर मदरसा का माध्यम से अरबी, फारसी आ उर्दू के पढ़ाई चले लागल। तबो राजस्थानी, पंजाबी, अवधी, भोजपुरी, मगही, बङला, ब्रजभाषा आदि क्षेत्रीय भषन में साहित्य-रचना चलते रहल। हँ, शिक्षा आ साहित्य धर्म से अधिकाधिक जुड़ल रहल। बाँकिर जब अरबी-फारसी के राजकाजी भाषा बनावल गइल आ बाद में अङरेजी के विस्तार भइल त ई सब पर भारी पड़े लागल। तेपरो एह कालखंड में क्षेत्रीय भषन के विकास उत्साहजनक रहल। आपन मौलिक संस्कृति आ धर्म के बँचावे खातिर एह क्षेत्र के निराश जनता का बीच संत कवि लोग के जरिए भक्ति साहित्य के सगुन-निर्गुन दूनू धारा के विकास भइल।

विद्यापति का बारे में अध्याय ३ में विस्तृत रूप से वर्णन हो चुकल बा। १५वाँ ईसवी शताब्दी के पहिलके चौथाई में उनकर संरक्षक राजा शिवसिंह के सेमरवनगढ़ के जङल में दिल्ली के सुल्तान का सङे लड़ते-लड़ते अलोपित भइल प्रसङ के पहिले

www.bhojpurisahityangan.com

उल्लेख हो चुकल बा। विद्यापति अपना संरक्षक के आदेश अनुसार ओही जङल में घुमते घुमते बेनउली में अर्धभूमिगत जीवन में रहत रहलें। बाँकिर राजा शिवसिंह के पतन से विद्यापति निराश रहलेः

(१) *सपन देखल हम शिवसिंह भूप। बतिस बरस पर सामर रुप॥ २॥*
बहुत देखल गुरुजन प्राचीन। आब भेलहु हम आयु बिहीन॥ ४॥
समटु समटु निअ लोचन नीर। ककरहु काल न राखथि थीर॥ ६॥
विद्यापति सुगतिक प्रस्ताव। त्याग के करुण रसक स्वभाव॥ ८॥

(सिंह, १९१०, पृ. ४५६)

दृष्टांत (१) में विद्यापति आपन संरक्षक राजा शिवसिंह से बिछुड़ला के बत्तीस बरीस का बाद सपना में उनका के साँवर रूप में देखल बात करत आपन आयु शेष भइल महसुस करेलन आ काल के सामने समर्पण करत आपन मृत्यु के प्रस्तावो करेलन। बाँकिर ओही कालक्रम में कबीर आशावादी आ बहुत हद तक क्रांतिकारी अभिव्यक्ति के साथ सामाजिक सुधार के रास्ता पर आगा बढ़ल रहलन। दोसर बात कि विद्यापति के कृतिशेष भइला के आधा शताब्दी आगा तक कबीर एह दुनिआ में मौजूद रहलन। एकरा साथे साथ कबीर अपना भाषा के अवहट्ठ से आगा बढ़के पूर्वी बतौलन जे बनारसी भा काशिका भोजपुरी के नाम ह। अतः भोजपुरी भाषा के आदिकाल महात्मा कबीर से सुरु होके आउर संत कविअन के रचना में भोजपुरी के आपन खास स्वरूप में निखरल कालक्रम ह। दोसर तरफ सेमरवनगढ़ रिआसत के पतन के बाद राजा हरिसिंहदेव के पटरानी देवलदेवी नेपाल गड़हा में पहुँचली आ तत्कालीन नेपाल के राजनीति में आपन वर्चश्व कायम करत गइली। फलतः हरिसिंहदेव के निरंतरता में नेपाल गड़हा में मल्ल शासन चले लागल। ओह से आगा जब राजा शिवसिंह के रिआसत सेमरवनगढ़ के पतन भइल त लोग द्वैध शासन से विक्षुब्ध होके नेपाल गड़हा के ओर पलायन होखे लागल। एह कार्य में नेपाल के मल्ल शासक लोग भी सहायक रहलें। फलतः सेमरवनगढ़ में रचल विद्यापति के अवहट्ठ साहित्य यानी सेमरवनी भोजपुरी साहित्य नेपाल गड़हा में पहुँचल जे नेवार सभ्यता में आजो लोकजुबान पर आ लिखित रूप में भी मौजूद बा। एहतरे सेमरवनगढ़ से नेपाल गड़हा के ओर भइल पलायन सेमरवनी साहित्य के ओतहाँ गुलजार कइलख। एहु काल में लोकवार्ता के सृजना आगा बढ़ते रहल। ओहीतरे पाल्पा, मकवानपुर आ विजयपुर के सेन शासन आ नेपाल गड़हा के मल्ल शासन के साथ साथ गोरखा के शाह शासन के बीच राजकाज के भाषा के रूप में भोजपुरी स्थापित भइल।

अतः ई आदिकाल समग्र भोजपुरी खातिर आ खास कके नेपालीय भोजपुरी खातिर स्वर्ण युग सावित भइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

एह हिसाब से ई अध्याय चार खंड में वर्णित बा। खंड ४.१ में साहित्य में भोजपुरी, खंड ४.२ में ब्रतकथा आ लौकिक संस्कार में भोजपुरी आ खंड ४.३ में राजकाज में भोजपुरी पर अँजोर करत खंड ४.४ में एह अध्याय के सारांश परोसल गइल बा।

४.१ साहित्य में भोजपुरी

एह काल में भोजपुरी के साहित्य समृद्ध आ विस्तार भइल। साहित्य मूलतः अध्यात्मिक रहल, सगुन आ निर्गुन दूनू धारा में।

४.१.१ महात्मा कबीरदास

महात्मा कबीर भक्त, कवि आ समाजसुधारक तीनू रहलें। निर्गुण पंथ के भीतर अब तक उनके नाम से कबीरपंथ चल रहल बा। *कल्याण* के *योगांक* में उनका जीवनी पर अँजोर कइल गइल बा। उनकर जन्म एगो ब्राम्हणी के गर्भ से भइल बतावल जाला बाँकिर उनकर माई कौनो कारण से उनका के सुनसान जगह पर रात में फेंक देली। बिहने होत फजिरे *नूर अली* नाम के जोलहा के नजर पड़ल आ उहे अपना घरे लेआके पोसलें-पललें। एही कारण से कबीर जोलहा कहइलन आ जिनगी भर कपड़ा बिने के काम कइलन।

ज्ञानार्जन खातिर ई स्वामी रामानंद के आपन गुरु बनइलें आ निजी साधना के बल पर एगो विशाल व्यक्तित्व के विकास कइलें। ओह बेरा हिंदू-मुस्लिम के बीच में रहल कट्टरपना से उत्पन्न कटुता पर कड़ा शब्द में प्रहार कइलन। साथे सगुन पंथ के नाम पर मूर्तीपूजा के घोर विरोध कइलन। इनकर जीवनकाल संवत् १४५५ से १५७५ (१३९८-१५१८ ई.) तक मानल जाला। अपना जन्म का बारे में कबीर के खुद के शब्दः

(२) *चौदह सौ पचपन साल गये, चन्द्रवार एक ठाट ठये।*
जेठ सुदी बरसाएत को, पुरनवासी तिथि प्रकट भये॥
घन गरजे, दामिनि दमके, बूँदे बरसे झर लाग गये।
लहर तलाब में कमल खिले, तहँ कबीर भानु प्रकट भये॥ (सिंह १९५८, पृ. ३३; अश्क, वि. २०७९, पृ. ७८)

कबीर मूलभूत रूप से परंपरा के नाम पर चलल ब्राम्हणवाद होखे चाहे मुल्लावाद, दूनू के खिलाफ रहलें। बाँकिर निर्गुण पंथी हिंदूवाद के पक्षधर रहलें। ओहीसुके इनकर जीवन बितल काशी में, बाँकिर जब अंतिम समय आइल तब चल देहलें काशी से दूर बस्ती जिला के मगहर में। ओह बेरा लोग के सलाह मिलल काशी ना छोड़ेके काहेकि काशी में मरला पर स्वर्ग आ मगहर में मरला पर नरक सहित गदहा होके पुनर्जन्म होखे के अंधविश्वास बड़ा गहराई से जर पकड़ले रहे। बाँकिर कबीर एह अंधविश्वास के चिरत कुछ अइसन कहलनः

(३) *जो कबिरा काशी मरे, रामहिं कवन निहोरा?* (सिंह १९५८, पृ. ३३)

ओहीसुके इनका बारे में लोक जुबान पर अबतक ई कहबित मौजूद बाः

www.bhojpurisahityangan.com

(४) *सब दिन सेवलें काशी। मरे का बेरा मगहर बासी॥*

एह कबित भा कहाउत के एहूतरे कहल जालाः—

(५) *सब दिन सेवनी काश। मरे का बेरा उसड़ा बासी॥*

एहतरे ई सावित कर देलें कि जगह विशेष पर जन्म लेहल भा मरल कौनो पुण्य भा पाप के भागीदार ना बनावे।

तिवारी (१९५४, पृ. २८ प्रथम खंड; आ १९८४, पृ. २५६) अनुसार इनकर समूचा रचना काशिका यानी बनारसी भोजपुरी में रहे, बाद में संपादन का बेरा ओह सब के हिंदी में बदल देहल गइल। ओह बेरा बनारस जहाँ कबीर के जन्म भइल रहे, ओतहाँ के भाषा के ओह से पछिम के लोग पूर्बी कहत रहलें। एह विषय पर कबीर अपने आपन भाषा के भोजपुरी स्वीकार कइले बाड़नः—

(६) *बोली हमरी पूरब की, हमें लखे नहीं कोय।*
हमके तो सोई लखे, धुर पूरब का होय॥ (सिंह १९५८, पृ. ३३)

कबीर खातिर ईश्वर से बेसी महत्त्व गुरु के रहलः—

(७) *गुरु गोबिन्द दोऊ खड़े का के लागी पाय?*
बलहिारी कही गुरु के जो गोविन्द दियो बताय॥

मूर्तीपूजा का बारे में कबीर के विचार अइसन रहलः—

(८) *पाहन पुजै हरि मिलै, तो मैं पूजूँ पहाड़।*
ता से तो चक्की भली, पिस खाए संसार॥
दुनिया कैसी बाबरी, पत्थर पुजन जाई।
घर को चाकिया कोई न पुजे, जेहि के पिसान खाई॥

कबीर के संकलित पद के भाषा भले बदल गइल होखे, लोक जुबान पर रहल उनकर पद के भाषा आज तक जस के तस भोजपुरी में बरकरार बा। कबीर एह मानव जीवन के चुनरी समझत रहलें। उनका अनुसार सत्कर्म से चुनरी बेदाग रहेला त दुष्कर्म से दगलगु हो जाला। बाँकिर गुरु के सड़त के असर भी एह चुनरी पर होला जौन दाग ना होके रङ ह। अतः गुरु से नेह लगला पर चुनरी पर रङ चढ़ेला, दाग ना लागे। देखीं एह आशय के उजागर करत रौतहट के प्रमीत हरिहर दास बैरागी से सुन-सिखके जगह जगह पर डॉ. गोपाल ठाकुर द्वारा गावल जा रहल कबीर के ई पदः

(९) *चुनर में दाग कहाँ से लागल?*
रंगमहल के दस दरवाजा दसू में ताला लागल
जाने कइसे चोर समइले दाग लगाके भागल? चुनर०
ना मोरा बलमा सेज पर सोए ना केहू देवरा लागल
ना मोरा बा गोदी बलकवा चुनरी भइले कइसे काजल? चुनर०
ई चुनरी के दागो ना छुटे धोअते धोअते भइनी पागल

www.bhojpurisahityangan.com

कहत कबीरा सुन भाई साधो गुरु जी से नेहिआ लागल
चुनर में दाग कहाँ लागल?

हिंदू वर्णव्यवस्था के तहत उब्जल जातपात पर कबीर के विचार अइसन रहलः—

(१०) *जाति पाँति पुछै न कोई। हरि के भजै से हरि के होई॥*

कबीर के कल्पना में एह जीवन के गाँव-नगर भी मानल गइल बा। बाँकिर दुर्भावना आ दुष्चक्र से ई नगर हरदम लुटात रहेला। एह आशय के उनकर ई पदः—

(११) *कौन ठगवा नगरिआ लूटल हो॥ टेक॥*
चंदन काठ के बनल खटोलना, तापर दुलहिन सुतल हो॥ १॥
उठो री सखी मोरी माङ सवाँरो, दुलहा मोसे रूसल हो॥ २॥
अइले जमुराज पलङ चढ़ि बइठे, नयनन अँसुआ टूटल हो॥ ३॥
चारि जने मिलि खाट उठाइन, चहुँदिस धूँ-धूँ उठल हो॥ ४॥
कहत कबीर सुनहु भाइ साधो, जगवा से नाता टूटल हो॥ ५॥

(तिवारी १९८४, पृ. २५४)

महात्मा कबीर के लोक जुबान पर रहल कुछ पद बड़ा अटपटा लागेला। बाँकिर ओकर अलंकारिक अर्थ बड़ा गूढ़ होला। लोक जुबान पर रहल अइसने एगो पदः—

(१२) *नइआ बीचे नदिआ डूबल जाई॥ टेक॥*
एक अचरज हम देखल संतो बानर दूहले गाई।
बनरु त दुधवा खाइ-पी गइले, घिउआ बनारस जाई॥ १॥
एक सिधरी के मरले संतो नौ सौ गीध अघाइ।
कुछ खइले, कुछ भुइआँ गिरौले, किछु छकड़ने लदाई॥ २॥
दूजे अचरज हम देखल संतो, जल बीच लागलि आगी।
जलवा जरि बरि कोइला भइले, मछरी ना लागल दागी॥ ३॥
एक चिउंटी के मूतले संतो, नदी नार बहि जाई।
बम्हना बहुआ पखारेले धोतिआ, गोड़ महाजाल लगाई॥ ४॥
कहत कबीर सुनो भाई संतो, यह पद हवे निरबानी।
जो एह पद के अरथ लगइहें, सेई गुरु महाज्ञानी॥ ५॥ (सिंह, १९५८, पृ. ३३)

कबीरदास के पदचिन्ह पर उनकरे बेटा कमाल दास का सड़े उनकर आउर शिष्य लोग चललः

४.१.२ कमाल दास

कमाल दास कबीरदास के बेटा रहलें। अपना पिता के जइसन उहो भोजपुरी में अनेक रचना कइलें। उनकरो वाणी कबीरजी के तरे कहीं कहीं उल्टा होत देखल गइल बा। उनका बारे में कबीर के कहल वाणी आज भोजपुरी में कहावत के तरह बेहवार में बाः

www.bhojpurisahityangan.com

(१३) *'बुड़ल वंश कबीर के जमले पूत कमाल।*
आधा संत कबीर भये पूरा संत कमाल॥

ई दोहा एह संदर्भ में आइल कि कबीर महिलन के बारे में कमाल के समझावत कहलें कि अपना से बड़ के माई, बराबरी के बहिन आ छोट के बेटी मानेके। कमाल के दिमाग में ई बात घर कर गइल आ सादी से इनकार कर दिहलें।

कमालदास के भोजपुरी कविताः

(१४) क. *अइसन ज्ञान न देखल अबदुल।*
माता मेरी पहिले मरी गे पिछे से जनम हमारा जी।
पिता हमारा व्याहन चललें हम तो चली बरिआती जी।
ससुर हमारा असिअ बरिस के सासु त बाड़ी कुमारी जी।
सइयाँ मोरा पलँग चढ़ी ढूले हम त झुलावनहारी जी।
चारो भाई हम एक साथ जनमली एकु मरत हम देखली जी।
पाँच पचीस भौजइया देखनी तीस के लागल लेखा जी।
कहे कमाल कबीर के बालक ई पद हउए सही जी।
जे यहि पद के अरथ लगइहें सेही गुरु हम चेला जी।

ख. *समझ बुझ दिल खोज पिआरे।*
आसिक हो के सोना का॥
जिन नयनो से नींद गँवावल
तकिया लेप विछवना का॥
रूखा सुखा राम के टुकड़ा
चिकना अबर सलोना का॥
कहत कमाल प्रेम के मारग
सीस देइ फिर रोना का॥ (सिंह, १९५८, पृ. ४७-४८)

४.१.३ धरम दास

धरम दास कबीर दास के चेला रहलें। उनकर जीवनकाल संवत् १५७५ के बाद के बतावल जाला, यानी कबीरदास के मृत्यु (सं. १५७५) के बाद। ई बाँधोगढ़ नगर (रोवाँ राज्य) के एगो बड़का महाजन रहलें। कहल जाला कि कबीर साहेब इनका के संत मत के उपदेश देलें आ चमत्कार देखइलें आ ई उनकर पूरा पूरा भक्त हो गइलें। ई आपन सारा धन लुटा देहलें आ काशी में आके गुरु के चरण में रहे लगलें। कहल जाला कि कबीर के बाद इहे उनका गुरगादी पर बइठलें। इनकर कुछ कविताः

(१५) क. *मितऊ मड़ैया सुनी करि गैलो।*
अपने बलमु परदेश निकसि गैलो, हमरा के कछु ना गुन देइ गैलो॥१॥
जोगीन होइके मैं बन बन ढूँढ़ो, हमरा के बिरहा बिराग देइ गैलो॥२॥

www.bhojpurisahityangan.com

संग के सखी सब पार उतरि गैलो, हम धनि ठाढ़ अकेला रहि गैलो॥३॥
धरमदास यस अरज करतु हव, सार सबद सुमिरन देइ गैलो॥४॥

ख. *खेलत रहलीं बाबा चौपरिया, आइ गैले अनिहार हो।*
पार परोसिन भेटहूँ ना पवली, डोलिया फँदाये लिहे जात हो।
डोलिया से उतरली बा उत्तर दिस धनिय, नइहर लागल आगि हो।
सबद प धावल साईं के नगरिया, जहवाँ लिअवले लिहे जात हो।
भादव नदिया अगम बहे सजनी, सूझत आर ना पार हो।
अबकी बेरिया साहेब पार उतारहू, फिरि ना आइब संसार हो।
डोलिया से उतरे साहेब घरे सजनी, बइठे घूँघट टारि हो।
कहे कबीर सुनो धरम दास, पावल पुरुख अपार हो।

(सिंह, १९५८, पृ. ४८-४९)

४.१.४ भड्डरी

महान ज्योतिष भड्डरी के जीवनकाल विवादग्रस्त बा। इनका के बिहार आ मारवाड़ दूनू प्रदेश से जोड़के देखल जाला। वराहमिहिर के बेटा मानला पर ईसापूर्व समय हो जाला जौन इनकर प्रयोग कइल भाषा से सावित ना होला कहके कुछ विद्वान लोग के मत बा त कुछ विद्वान लोग के मतानुसार भोजपुरी के सुरुआत अभी के अनुमान से प्राचीनतम भी हो सकेला भड्डरी के चलते। बाकिर इनकर जन्म का बारे में ज्योतिषविद्या के कमाल बतावल गइल बा। आख्यान के अनुसार वराहमिहिर भा केहू अन्य ज्योतिष जे बनारस में रहत रहलें, उनका ज्योतिष गणना में लागल के कौनो खास दिन यदि गर्भाधान होखे त संतान ज्योतिषविद्या में निपुण होई। एही आधार पर ऊ आपन घरे चल दिहलें। बाँकिर घर बहुत दूर भइला से रास्ता में केहू अहिर भा कुर्मी के दरवाजा पर रुक गइलें। रात में जब घर के महिला उनका के भोजन करावे आइल त बहुत उदास देखलख। कारण जानला पर ऊ महिला स्वयं रतिक्रीड़ा के आग्रह कइलख आ ओही अनुसार के नियोगवृत्ति से भड्डरी के जन्म भइल। (सिंह, १९५८, ५८-५९)।

भड्डरी के कहावतः—

(१६) क. *कातिक सुदी एकादसी, बादल बिजुली होय।*
तो असाढ़ में भड्डरी, बरखा चोखी होय॥

ख. *कातिक मावस देखो जोसी। रविसनि भौमवार जो होखी॥*
स्वाति नखत अरु आयुख जोग। काल पड़ै अरु नासै लोग॥

ग. *कातिक सुद पूनो दिबस, जो कृतिका रिख होइ।*
तामे बादर बिजुरी, जो संजोग सो होइ॥

घ. *माघ महीना माहि जो, जेष्ठ तपै न मूर।*
तो अस बोले भड्डरी, उपजे सातो तूर॥

www.bhojpurisahityangan.com

ङ. *पुस अँधयारी सत्तमी, जो पानी नहि देइ।*
तो अदरा बरसे सही, जल थल एक करेइ॥
ङ. *पुस अधियारी सतमी, बिनु जल बादर जोय।*
सावन सुदि पूनो दिवस, बरखा अवसहि होय॥
च. *पुस मास दसमी दिवस, बादल चमके बीज।*
तौ बरसे भर भादवो, साधौ खेलो तीज॥
छ. *सनि आदित औ मंगल, पुस अमावस होय।*
दुगुना तिगुना चौगुना, नाज महँगा होय॥
ज. *सोम सुकर सुरगुरु दिवस, पूस अमावस होय।*
घरघर बजी बधावड़ा, दुःखी न दीखे कोय॥ (सिंह, १९५८, पृ. ६३-६४)

४.१.५ घाघ

घाघ के जीवनकाल आ जन्मस्थान भी विवादग्रस्त बा। सिंह (१९५८, पृ. ७०) में पीर मुहम्मद मूनिस के हवाला देत इनकर भाषा के देखके कुछ विद्वान के मतानुसार ई बिहार के चंपारन आ सीतामढ़ी जिला में रहल क्रमशः कुंडवा चैनपुर आ बैरगनिआ क्षेत्र के समीप औरइआ (रौतहट, नेपाल) के रहलें। बाकिर सिंह अनेक गंथन-मंथन के साथ इनका के छपरा के बतौले बाड़न। बाद में ई कन्नौज गइलें आ ओकरा बाद दिल्ली में अकबर के दरबार में एगो विद्वान के रूप में रहे लगलें। उनकर कथन बा कि अकबर के मर्जी अनुसार कन्नौज में अबो इनका नाम पर बसल *सराय घाघ* गाँव बा जहाँ इनकर वंशज लोग रहेलन। इनकर जन्म के तिथि के बारे में भी विवाद बा केहू कान्यकुब्ज अंतर्वेद वाला सं. १७५३ बतौले बा त केहू सन १६९६ ई.। ओहीतरे कुछ लोग इनका के अहीर भी कहले बा आ भड्डरी के कहानी इनका से जोड़ देले बा। इनकर योगदान में प्रयुक्त भाषा के देखला पर ई सेमरवनी भोजपुरी भाषी लागेलन। ओहीसुके एह आधार पर इनका के नेपाल के मधेश प्रदेश में रहल ईशनाथ नगरपालिका के औरइआ निवासी ठहरावल उचित होई। ओहीतरे विषयविज्ञता के देखला पर ई रहलन एगो प्रख्यात कृषिविज्ञ। इनकर जीवनकाल के देखला पर हिंदू वर्णव्यवस्था में कठोरता के साथ समाज के जकड़ल अवस्था के बेयान करेला। ओहीसुके इनकर ब्राम़ण भइल संदेहास्पद हो सकता। एह सब विषय पर अभीनो खोज के जरूरत बा। इनकर कुछ पंक्तिः

(१७) क. *बैल बेसाहे चललह कन्त। बैल बेसहिहऽ दू दू दन्त॥*
ख. *जब देखिहऽ रूपा औ धौर। टका चार दीहऽ उपरौर॥*
ग. *बैल जब देखिहऽ तू मैना। यही पार से करिहऽ बैना॥*
घ. *जब देखिहऽ बैरिया गोल। ऊठ बैठ के करीहऽ मोल॥*
ङ. *जब देखिहऽ करिअवा कन्त। कैला गोला देखिह कन्त॥*

www.bhojpurisahityangan.com

खेती-किसानी संबंधी भविष्यवाणीः

(१८) क. *ऊख कन्नई काहे से? स्वाती के पानी पाये से।*

ख. *ऊख करे सब कोई। जो बीच में जेठ न होई॥*

ग. *ऊँख सरबती दिवला धान। इन्ने छाड़ि जनि बोओ आन॥*

घ. *जेठ में जरै माघ में ठरै। तब जीभी पर गुड़ परै॥*

ङ. *जेकरे ऊख लगे लोहाई। तेहिपर आवै बड़ी तबाही॥*

ड़. *जो तू भूखा माल का। तो ईख करे ना का॥*

च. *ऊँख तिस्सा, गेहूँ बिस्सा।*

छ. *ऊँख तक खेती, हाथी तक बनिज।*

ज. *जब बरे बरौठे आई। तब रब्बी की होय बोआई॥*

झ. *पूसै बोवै पीस खाये।*

बरखा संबंधी उक्तिः

(१९) क. *माघा लगावे घाघा, सेवाती लगावे टाटी।*
हथिआ रानी खुलके कहे, हमहूँ आवत बाटीं॥

ख. *सावन के पछेया दिन दू चार। चुली क आगे उबजे सार॥*

ग. *सावन के पछेआ भादो भरे। भादो पूर्वा पत्थल पड़े॥*

घ. *जब पूर्वा पुरवइआ पावे। सुखल नदिआ नाव बहावे॥*

४.१.६ बाबा बुलाकी दास (बुल्ला साहेब)

बुल्ला साहेब के नाम ही बाबा बुलाकी दास रहे। इनकर जन्मस्थान आ समय अब तक ठीक से ज्ञात नइखे। भुवनेश्वरनाथ मिश्र 'माधव' के उद्धृत करत सिंह (१९५८, पृ. ९०) लिखले बाड़ें कि इनकर समय अनुमानतः अठारह सौ विक्रम संवत के अंत हो सकेला, इनकर जाति कुनबी आ बासस्थान गाजीपुर रहे। बाँकिर एह बात के खंडन ओह से पहिलही ठाकुर प्रसिद्ध नारायण सिंह के कथन से हो चुकल जिकिर भी मिलेला। उनका अनुसार इनकर जन्म संवत १७८० के आसपास सुल्तानपुर गाँव में भइल रहे। इनका पिता के नाम बाबू जोध राय आ पत्नी के नाम कुन्द कुँवरि बतावल गइल बा। इनकर कुछ गीत एहतरे बाः—

(२०) **घाँटो** (चैत के गीत)

छोटीमोटी ग्वालिनी शिर ले मटुकिआ हो रामा, चलि भइली।
गोकुला शहर दहिआ बेंचन हो रामा, चलि भइली॥
एक बन गइली, दोसरे बन गइली रामा तीसर बनें।
काना मोरा धरेला अँचरवा हो रामा तीसर बनें॥
छोड़ु-छोड़ु काना रे हमरो अँचरवा हो रामा, पड़ि जइहें।
दही के छिटिकवा हो रामा, पड़ी जइहें॥

www.bhojpurisahityangan.com

तोरा लेखे ग्वालिनी दही के छिटिकवा हो रामा, मोरा लेखे।
अगर चनन देव बरिसे हो रामा, मोरा लेखे॥
दास हो बुलाकी चइत घाँटो गावे हो रामा, गाइ गाई।
बिरहीन सखी समुझावें हो रामा, गाइ गाई॥

४.१.७ दरिआ दास

महात्मा दरिआ दास के जन्म शाहाबाद जिला सासाराम सबडिभिजन के दीनार थाना अंतर्गत धरकंधा गाँव में संवत १६९१ में भइल रहे। इनकर निधन संवत १८३७ में भइल। बाँकिर बेलवेडिअर प्रेस, इलाहाबाद से मुद्रित 'दरिआ-सागर' में इनकर जन्म-संवत १७३१ मिलेला। किंवदंती के अनुसार ई उज्जैन (पम्मार) जाति के क्षत्रिय रहलन। इहो कहल जाला कि इनकर पिता मुसलमान हो गइल रहलें। ई आपन दरिआदासी संप्रदाय चलइलन। *अग्रज्ञान, अमरसार, काल चरित्र, गणेशगोष्ठी, दरिआ-सागर, निर्मल ज्ञान, प्रेममूल ब्रम्ह-वेदांत, ब्रम्ह-विवेक, भक्तिहेतु, मूर्तिउखाड़, यज्ञसमाधि, विवेश-सागर, शब्द* (बीजक) आ *सहस्रीनाम्नी* नामक २० कविताबद्ध धर्म-ग्रंथ के रचयिता दरियादास के बहुतो छंद विशुद्ध भोजपुरी में मिलेलाः

(२१) क. **झूमर**

मोहि न भावै नइहरवा, ससुरवा जइबो हो।
नैहर के लोगवा बड़ अरिआर।
पिया के वचन सुनि लागेला बिकार॥
पिया एक डोलिया दिहल भेजाय।
पाँच पचीस तेहि लागेला कहाँर॥
नैहर में सुख-दुःख सहलों बहूत।
सासुर में सुनलों खसम मजगूत॥
नैहर में बारी भोली ससुरा दुलार।
सत के सेनुरा अमर भतार॥
कहे दरिया धन भाग सोहाग।
पिया केरि सेजिया मिलल बड़ भाग॥

ख. **घाँटो**

कुबुधि कलवारिनि बसेले नगरिया हो रे।
उन्हक मोरे मनुआँ मतवाल हो रे॥
भूलि गैले पिया पंथवा द्रस्टिया हो रे।
अवघट परलीं भुलाए हो रे॥
भवजल नदिया भेआवन हो रे।
कवने के विधि उतरब पार हो रे॥

www.bhojpurisahityangan.com

दरिया साहब गुन गावल हो रे।
सतगुरु शब्द सजीवन पावल हो रे॥

४.१.८ धरनी दास

सारन जिला में सरयु तट पर माँझी नाम के एगो प्राचीन गाँव बा। ई कहिओ क्षत्रिय राजा लोग के राजधानी रहे जेकर किल्ला के टीला अब तक बाँचले बा। ओह राज्य के दीवान-घराना में शाहजहाँ के निधन के समय धरनी दास के जन्म भइल। सिंह (१९५८, पृ. ९४) के अनुसार इनकर पिता के नाम *परसुराम* आ माता के नाम *बिरमा* रहे। ओहीतरे इनकर गुरु रहलें विनोदानंदजी। इनकर जन्म तिथि त पता नइखे लाग पावल बाँकिर देहावसान वि. १७३१ में भइल रहे। पिता के मृत्यु के बाद ई ओह राजवंश के दीवान त भइलें बाँकिर दिल्ली के तख्त पर बादशाह औरङजेब के आसीन होते फकीरी ले लिहलें। ओह समय के इनकर दोहाः—

(२२) *शाहजहाँ छोड़ि दुनिआई, पसरी औरंगजेब दुहाई।*
सोच-विचार आत्मा जागी, धरनी धरेउ भेष बैरागी॥

धरनी दास हिंदी-भोजपुरी दूनू भाषा में कविता लिखत रहलें। इनका कविता में छंद के प्रौढ़ता, सरसता आ स्वाभाविकता प्रशंसनीय बा। भोजपुरी भाषा के व्यापकता आ शब्द-भंडार के दर्शनीय उदाहरणो मिलेलाः—

(२३) क. **झुमटा**

सुभ दीना आजु सखि सुभ दीना॥
बहुत दीनन्ह पीअ बसल बिदेस।
आजु सुनल निजु आवन संदेस।
चित्त चित्तसरिआ मैं लीलह लेखाई।
हिरदय कँवल धइलि दीअरा ले जाइ।
प्रेम पलंग तहाँ धइलों बिछाइ।
नख-सिख सहज सिंगार बनाइ।
मन सेवक हि दीहुँ आगु चलाइ।
नैन धइल दुइ दुअरा बैसाइ।
धरनी सो धनि पलु पलु अकुलाइ।
बिनु पिआ जीवन अकारथ जाई॥

ख. **महराई**

पाव दुबी पउआ परम झलकार। ढुरहुर स्याम तन लाम लहकार॥
लमहरि केसिआ पतरि करिहाँव। पीअरि पिछौरी कटि करतेन आव॥
चंदन खोरिया भरेला सब अङ। धारा अनगनित बहेला जनु गङ॥
माथे मनि मुकुट लकुट सुठि लाल। झीनवा तीलक लोभे तुलसी के माल॥

www.bhojpurisahityangan.com

नीक नाक पतरी ललैहिं वड़ि आँखि। मुकुट मझोर एक मोरवा के पाँखि॥
कान दुनौ कुंडल लटक लट झूल। दाढ़ी मोछ नूतन जैसन मखतूल॥
परफुलित बदन मधुर मुसुकाहिं। ताहि छवि उपर 'धरनी' बलि जाहिं॥
मन कैला दंडवत भुइयाँ धरि सीस। माथे हाथे धरि प्रभु देलनि असीस॥

४.१.९ परमहंस शिवनारायण स्वामी

बलिआ जिला के चंदवार गाँव में बाबू बाघराय के सुपुत्र के रूप में परमहंस शिवनारायण स्वामी के जन्म वि. १७५० के आसपास भइल बतावल गइल बा। ई अपना के गाजीपुर के रहनिहार बतौले बाड़न। इनका गुरु के नाम दुखहरन रहे। ई समाजसुधारको रहलन। इनकर अपने नाम से शिवनारायणी पंथ भी चलल बा। ई छुआछूत विरोधी रहलन। आम लोग खातिर इनकर रचना भोजपुरी में रहलः—

(२४) क. *मन तु काहे ना करे राजपुती?*
असही काल घेरी मारत ह, जस पिंजरा के तूती।
पाँच-पचीस तीनों दल ठाड़े, इन संग सैन बहूती।
रंग महल पर अनहद बाजे, काहे गइल तू सूती।
'शिवनारायण' चढ़ मैदाने, मोह-भरम गइल छूटी।

ख. *सुतल रहलों नींद भरी गुरु देलें हो जगाई॥*
गुरु के सबद रङ-आँजन हो, लेलों नयना लगाई।
तबहीं नींदो नाहीं आवे हो नाहीं मन अलसाई॥
गुरु के चरन सागर हो नित सबेरे नहाई।
जनम-जनम के पातक हो छन में देले दहवाई॥
पेन्हलों मैं सुमति गहनवाँ हो कुमति दीहलों उतार।
सबद के माङ सँवारों हो, दुरमत दहवाई॥
पियलों मैं प्रेम-पियलवा हो, मन गइले बउराई।
बइठलों मैं उँचीं चउपरिआ हो, जहाँ चोर ना जाई।
शिवनारायण-गुरु समरथ हो, देखी काल डेराई॥

४.१.१० गुलाल साहेब

गुलाल साहेब के जीवन के समय निश्चित रूप से ज्ञात नइखे। ई जगजीवन साहेब के गुरुभाई रहलन, ओहीसुके इनकर समय वि. १७५० से १८०० तक मानल गइल बा। ई बुल्ला साहेब के चेला रहलन। इनकर ई रचनाः—

(२५) *पावल प्रेम पियरवा हो ताही रे रूप।*
मनुआ हमार बिआहल हो ताही रे रूप॥
ऊँच अटारी पिआ छावल हो ताही रे रूप।
मोतिअन चउक पुरावल हो ताही रे रूप॥

www.bhojpurisahityangan.com

अगम धुनि बाजन बजावल हो ताही रे रूप।
दुलहिन-दुलहा मन भावल हो ताही रे मन॥
भुजभर कंठ लगावल हो ताही रे मन।
'गुलाल' प्रभुवर पावल हो ताही रे पद॥
मनुआ न प्रीत लगावल हो ताही रे पद।

एह कालखंड में भोजपुरी में मौलिक रचना जारी रहल त तत्कालीन कर्णाटवंशी तिरहुत अधिराज्य विघटन के बाद जे लोग कौनो ना कौनो रास्ता से नेपाल गड़हा यानी काठमाड़ो घाटी में पहुँचल, पं. ज्योतिरीश्वर आ महाकवि विद्यापति के रचना समीटले आइल। आजो नेवार समुदाय के कइअन डाफा भजन मंडली में ऊ सुरक्षित बा। कौनो कौनो जगह पर त मंडली के नामो विद्यापति डाफा भजन राखल मिलेला।

ललितपुर के बज्रवराही वार्ड नं. ४ में अब तक चल रहल *विद्यापति डाफा भजन संकलन* से विद्यापति के ई रचनाः

(२६) क. *हादे चम्पापुरी नगर मे बाराही देवी माई॥*
भइरव रे हा हादे, भइरव नाथेश्वर गणेश कुमारी॥१॥
हादे सबलोक आनन्द भगबति देवी॥
नारायण रे हा हादे, नारायण भीमनाथ शुभफल होई॥२॥
हादे कहतक अनाथ बिनति ध्यान॥
मंगल रे हा हादे, मंगल देहो आजो भुगुति फल होई॥३॥ (पृ. ९)

ख. *जोगी जीवन हमारो॥ केब जानब-२ राजा माई हे मोरे*
त्रिभुवन मोरी जोगी बन हमारो॥१॥
जहा लागि तपकैरो भाहे नीसि नीसि जोगी॥ हे पूर्वे लस-२
कृत फुलस्य हो अनुरागि जोगि जीवन॥२॥
हे हालमाल घंता ईस्य आहेबन निम्ह धन्दा॥ केबनाल-२
षयेमाहे बाग छाला बन्धा जोगी॥३॥
गागिचाही लेहो सिब आई हे डम्बरु बजाई॥ हे सीबका भोजन
माई हे धतूर गजाई हे जोगी॥४॥
हे चन्द्रन त्रिलोक सोभे आई उन फनिपति॥ हे ऐसे नसुं-२
घरमाई हे मोर हे अनुरागी जोगी॥५॥
हे भन यो विद्यापति आहे जुग जुग सेवा॥ हे चन्द्र नन्दे-२
श्रीपति बजानाथ देबाजोगी जीवन हमारे॥६॥ (पृ. ३९)

पुश्तांतरण के कारण शब्द के रूप कुछ बदललला के बावजूद दृष्टांत (२६क-ख) से एतना जरूर पता चलता कि विद्यापति के रचना भोजपुरी से जेतना निकट बा मैथिली से नइखे।

www.bhojpurisahityangan.com

ओहीतरे वि.सं. १६९७ में सिद्धिनरसिंह मल्लकृत *कात्ती प्याखः* 'कात्तिक नाच' के दौरान पाटन के मंगलबजार स्थित कात्ती डबली में हरेक साल प्रस्तुत होखेवाला गीतन में से नीचा के गीतन के देखल जाओः

(२७) क. **म्ये-॥राग-गौरी॥ताल-चो॥**

भजन गोविन्द चरण गोविन्द॥
मन मन लागे चरण गोविन्द॥१॥
पुन पुन जनमे पुन पुन मरने॥
पुन पुन गतागति भजन गोविन्द॥२॥ (श्रेष्ठ, २००९, पृ. २१)

ख. **म्ये-॥ राग-गौदामाल॥ ताल-चो॥**

राम गोविन्दे राम गोविन्दे
राम दयालु कृपालु गोविन्दे॥०॥
गावे पण्डित गावे मूर्ख कोहि॥
सर्व महान जगतेश्वरी॥ १॥
पण्डित तपस्वी गुणी तप न जाने॥
दास सुरदास नाम बखाने॥ २॥ (श्रेष्ठ, २००९, पृ. २२-२३)

बाँकिर दुर्भाग्य के बात बा समूचा के अब तक मैथिली बतावल जा रहल बा। काठमाड़ो के आशा कुथी यानी आशा अर्काइभ में जब डॉ. गोपाल ठाकुर पहुँचनी त उहाँ रहल पुस्तक के पुस्तकालयीय परिचय में कृति के भाषा अनाधुन रूप से मैथिली लिखल पावल गइल जब कि सब से कम प्रयोग ओह कृतिअन में मैथिली के बा, ओह से बेसी भोजपुरी आ खड़ी बोली में लिखल देखेके मिलेला। इहो एगो अध्ययन आ सुधार के विषय हो सकेला भोजपुरिआ विरासत के रक्षा आ स्वाभिमान खातिर। जोग नरेंद्रदेव मल्ल के मदरसा हरण नाटक के पहिलका पृष्ठ में अइसन लिखल बाः

(२८) *सुनी हरषित मनेः शचिब बुधी बर कयल गमन॥ पुरजन दूखसुख करब बिचारेः जत अछ दूखी जन करब उधारे॥ ॥मरूजीतधर्म्मबतिसहाओंङ॥ ॥राग॥काफि॥चा॥ सुन्दरी तेजहसुरा खनीमानेः तोहे मोर प्रांन समान सूमुखी. हे अब करमधुपानेः मोहेधनी काम कला सुनिधान॥ प...सोन कर हमार सूमुखी हे जोगनरसिंहजाने; बीरजोगनरेन्द्र ...ने॥ लु१ ॥प्रवेशेः ऋतुध्वज॥ ॥राग॥केदारा॥प॥आयल ऋतुध्वजवीरकुमानः केवल शंकर तयनेकु मान॥ सुनज तनय अनूयमनू पः सुरपतिसुतजनिजयेक्तसनूप॥ ऋतुध्वजबबुयाकओं॥ ॥राग॥ कोला॥चो॥मानस हरषित कयरस चलिगेल. अनूपम राजकुमानः जनकचर नशरसिनुहदरसनः मनकनषलभवराज॥ आनन्द अनूचल संग चलिग्येल॥ बीर शिरीजय जोगेनरेन्द्रनृषः जोगनरसिंह संगजगत जननी॥*

दृष्टांत (२८) आजो सेमरवनी भोजपुरी के झलक दे रहल बा। एह तरह से भोजपुरी के आदिकालीन समृद्ध इतिहास के रास्ता भटकावल गइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

४.२ व्रतकथा आ लौकिक संस्कार में भोजपुरी

एह कालखंड में भोजपुरी साहित्य सृजन में त आगा बढ़बे कइल, शास्त्रोक्त ढङ से चल रहल व्रत-उपवास आ जीवन के संस्कारन के भी लौकिक मोड़ मिलल। एह तरफ बेसी गहिराई में गइला पर भोजपुरी के ऐतिहासिकता से कहीं रास्ता में भटकाव ना आवे, ओहीसुके एह विषय के बहुत संक्षेप में राखे के कोसिस कइल गइल बा।

४.२.१ लाखपाँचो/नागपंचमी

भोजपुरी समाज में नागपंचमी के लाखपाँचो कहल जाला। ई सावन सुदी पंचमी तिथि के पड़ेला। एह पर्व के अलग अलग तरीका से मनावे के परंपरा भइला के बावजूद भोजपुरी समाज में एह पर्व के दिन बिषहर माता के दूध-लावा चढ़ावल जाला आ उल्टा सरसो आ खड़ा बालू पढ़वाके ओके गोबर में मिलाके घर चउकेठल जाला। एह अवसर पर विषहर माता सहित साँप-गोंजर से भी आपन भूल खातिर क्षमा माङत गीत गावल जाला।

पाण्डेय (१९८६, पृ. ४६) के अनुसार भोजपुरिआ क्षेत्र में कहीं कहीं पर एह दिन सती बिहुला के गीत गावे के भी प्रचलन बा।

४.२.२ साउनी पूजा

साउनी पूजा मूलतः कुलदेव-देवी के पूजा ह। ई लाखपाँचो के बाद कौनो एक दिन कइल जाला, खास कके सोमार, बुध आ सुक के दिने। एह अवसर पर देवी-देवतन के बिंड़ी नेवतन गीत गावल जालाः

(२९) *कोपी कोपी बोललन गोरेआ बाबा सुन ए सेवक लोग*
हमर गहबर दुभिआ उबजी गइले मकरा बसेड़ लेले

४.२.३ जन्माष्ठमी

भादो बदी अष्ठमी के भगवान श्रीकृष्ण के जन्मजयंती पड़ेला। एह पर्व के बड़ा धुमधाम से मनावल जाला। खास कके महिला लोग उपवास बइठेली आ आधारात में श्रीकृष्ण के जन्म भइल मानके ओकरा बाद अन्नजल ग्रहण करेली। एह अवसर पर गावल जाएवाला ई एगो गीतः—

(३०) क. *जब से गइले श्याम मथुरा नगरिआ हे*
हमनी ग्वालिन के लेवे ना खबरिआ हे
ख. *आपो ना आवे कृष्णा चिठिओ ना भेजे हे*
अब ले ना आइल इहाँ कवनो सनेस हे

४.२.४ तीज

सावन भा भादो सुदी तृतीया के विवाहित महिला द्वारा पति के दीर्घायु, सुस्वास्थ्य खातिर आ अविवाहित महिला द्वारा सुयोग्य पति प्राप्ति के कामना के साथ

www.bhojpurisahityangan.com

तीज व्रत कइल जाला। एह अवसर पर श्रावणी तीज में अनेक लय आ अंदाज में कजरी गावल जाला आ भदइआ तीज में शिव-पार्वती के महिमागान गावे के परंपरा बा। शिवपार्वती महिमा के बारे में प्रस्तुत ई लचारीः—

(३१) *बरवा तोर बउरहवा हे गउरा गुजर कइसे जतवऽ हे*
अपने चढ़तौ बँसहा बैल पर तोहरा से डोरी घिंचवतवऽ हे
अपने खतवऽ भाङ धतूरा तोहरा से भाङ पिसवतवऽ हे

४.२.५ चकुचन्ना

चंद्रमास अनुसार भादो सुदी चउथी के चकुचन्ना मनावल जाला। एकरा के दू तरह से मनावे के प्रचलन बा, गणेश जयंती भा गणेश चतुर्थी का रूप में भा चउठी चान देखला से लागेवाला पापमोचन खातिर। एह अवसर पर महिलन के बीच शत्राजीत के कथा कहे आ गीत गावे के परंपरा रहल बाः

(३२) *एक दिन सतराजीत भाई, पहुँचे वन में जाई।*

४.२.६ नाग दुलरुआ

कौनो कौनो समय जाँता में कुछ पीसत समय केंचुर गिरल आ दही जमावत समय दूध फाटके साँप के आकार भइल जइसन अनुभूति के नाग दुलरुआ प्रकट भइल मानल जाला। अइसन भइला पर भादो महीना में नाग दुलरुआ के भीख माङके पूजा करे के प्रचलन बा। ओह समय के एगो बहुत चर्चित गीत एहतरे गावल जालाः—

(३३) *अपने कारन नाग जाँता में पिसएलऽ*
लोगवा के कएलऽ बदनमवे हो मोरा नाग दुलरुआ
अपने कारन नाग दूध में अउँटएलऽ
लोगवा के कएलऽ बदनमवे हो मोरा नाग दुलरुआ

४.२.७ जीतिआ

कुआर बदी सप्तमी आ अष्ठमी के जीतिआ मनावल जाला। ई पर्व महिलन द्वारा महिला पूर्वज (पितराइन) लोग के पूजा आराधना कके आपन लइकन के सुखद भविष्य के कामना कइल जाला। एह अवसर पर भी गीत गावे के परंपरा रहल बा। एह अवसर पर चिल़ो-सिआरो के कथा प्रसङ बहुते प्रचलित बा जे एह व्रत के महात्तम बढ़ावल दर्सावेला।

४.२.८ दसईं

दसईं के अवसर पर गावल जाएवाला झिंझिआ आ भगतई के गीत बड़ा निष्ठा आ श्रद्धा से गावल जाला। भगतई के कुछ अंशः—

(३४) *तोहरे भरोसे बर्हम बाबा अर्घा उठाइले हो*
हो बर्हम बाबा लागि जा न कोखिआ रे गोहार
बर्हम बाबा बिनती करिले हो

www.bhojpurisahityangan.com

४.२.९ दीवाली

दीवाली सामान्यतया पाँच दिन मनावल जाला। कात्तिक बदी तेरस से सुदी दुतिआ तक मनावल जाएवाला एह पर्व में धनतेरस, जमदिअरी, देवदिअरी, सोहरइआ आ दोहरइआ भा भइआदूज अलग अलग तरीका से मनावे के परंपरा रहल बा। एह अवसर पर गावल जाएवाला दोहा त अब करीब करीब समाप्त हो गइल बा। बाँकिर खास कके देवदिअरी के दिन लक्ष्मी बंदना के साथ साथ गोधन बाबा आ भइआदूज के गीत गावे के परंपरा अभी भी साँस गिन रहल बाः

(३५) क. **दीवाली गीतः**

आज दीवाली मंगलचार
ब्रज में गोपिआ मंगल गावत
चौक पुरावत नंदकुमार
आज दीवाली मंगलचार

ख. **गोधन गीतः**

गोधन बाबा अइलन पाहुन हो घरे बइठेके दीं
चन्नन काठ के पिढ़इआ हो उहे बइठेके दीं
मरस पुत ओही अहिरा के हो एके दूधवो ना देवे
जिअस पुत ओही अहिरा के हो एके दूधवा जे देवे
कारी लउर चितकाबर हो सोने मढ़ल मूठ
से लउर लेवेलन धनी राम हो मुदई मारे हिया फुट
कारी लउर ... ...

४.२.१० छठ

छठ कात्तिक आ चइत सुदी चतुर्थी से सप्तमी तक मनावल जाएवाला भोजपुरी क्षेत्र के महान पर्व ह। एह में सूर्य भगवान आ छठीमाता दूनू के गीत गावल जाला। सब से कर्णप्रिय रहल ई गीतः

(३६) *उजे काँच ही बास के दउरवा दउरा लचकत जाए*
उजे बाट ही पुछेला बटोहिआ ई भार केकरा ही जाए?

४.२.११ शिवरात

फागुन सुदी चतुर्दसी के महाशिवरात के रूप में मनावल जाला। एह अवसर पर महिला लोग व्रत राखेली। एह अवसर पर गावल जाएवाला ई गीतः—

(३७) *उतरत माघ चढ़त ऋतु फागुन, अरे सखी सब भूखे शिवराती ए लला।*
मिलहू सखिआ रे मिलहू सलेहर, अरे मिलीजुली चल शिव पूजे ए लला।

४.२.१२ पचरा

देव-देविअन के सुमीरन के पचरा कहल जालाः

www.bhojpurisahityangan.com

(३८) *कवना केअरिआ में दवना मड़ुअवा, कवना केअरिआ में धूप हो*
आरे कवना केअरिआ में बइठे देवी शारदा, धरिके पवनवा के रूप हो
अगिली केअरिआ में दवना मड़ुअवा, बिचल केअरिआ में धूप हो
पछिली केअरिआ में बइठे देवी शारदा, धरिके पवनवा के रूप हो

४.२.१३ रामनौमी

आर्य संस्कृति में मर्यादा पुरुषोत्तम मानल गइल भगवान श्रीराम के जन्मजयंती चइत सुदी नौमी के पड़ेला। एह दिन के चइत रामनौमी भा भोजपुरी में चइतनमी कहल जाला आ हर्षोल्लास के साथ मनावल जाला। एह अवसर पर गावल जाएवाला एगो गीतः—

(३९) *अजोधा में राम के जनम भेल हो रामा चइत शुभ दिनवा*
राम के जनम भेल दुनिया आनंद भेल
घरे घरे बाजत बधइआ हो रामा चइत शुभ दिनवाँ

जीवन के अनेक संस्कार यानी जीवन के आरंभ जन्म से लेके अंत मृत्युपर्यंत हिन्द-आर्य संस्कृति में १६ संस्कार बतावल गइल बा। ई समूचा संस्कार शास्त्रीय मान्यता आ संस्कृत परंपरा के स्थापित करेला। बाँकिर भोजपुरी समाज के इस्लामी संस्कृति में भी कुछ संस्कार बाड़न स। एह संस्कारन के पूरा करे के अरबी-फारसी भाषा में विधिविधान बनावल गइल बा। बाँकिर एह समूचे संस्कारन के श्रमजीवी भोजपुरी संस्कृति में पूरा भइल अब संभव नइखे रह गइल। एकरा बादो जेतना संभव बा आ हो रहल बा ओह अवसर पर लौकिक परंपरा में गीत गावे के प्रचलन बा।

४.२.१४ गोदभराई

महिला के गर्भवती भइला पर परिवार में आइल खुसिआली सहित ओके शुभकामना व्यक्त करे खातिर गोदभराई के रश्म पूरा कइल जाला। ई खास कके संभ्रांत परिवार में संपन्न भइल देखल जाला। एह अवसर पर सोहर जइसन कुछ गीत गावल जाला। अब ई खोज आ संरक्षण के विषय बन चुकल बा।

४.२.१५ बधाई

लइकन के जन्म के बाद घर में खुसिआली के माहौल में सोहर त उठबे करेला बाँकिर कुछ दिन बितला पर खोजीन आ पँवरिआ दरवाजा पर बधाई गीत गाके नवजात शिशु के आशीष देवेलनः

(४०) *कंगन लेबो हो बबुआ के बधइआ*
कवने लुटावे अन धन सोनवा
कवने लुटावे धेनु गइआ हो बबुआ के बधइआ

४.२.१५ छठिआर

नवजात शिशु के छठा दिन पर छठिआर होला। एह अवसर पर कइअन तरह के गीत गावल जाला। बहुत ही प्रचलित छठिआर गीत के कुछ अंशः

www.bhojpurisahityangan.com

(४१) *जुग जुग जिअस ललनवा भवनवा के भाग जागल हो*
ललना लाल होइहें कुलवा के दीपक मनवा में आस जागल हो।
ढोलवा त बाजे सुन सुनर बाजत सुहावन हो
राजा दशरथ के दुअरिआ कोसिलाजी के आङन हो

४.२.१६ बरहिआ

बच्चा के जन्म के १२ वाँ दिन के बरहिआ भा बरही कहल जाला। एह दिन से नवजात शिशु के सोइरीघर से बाहर निकालल जाला। एह दिन पर भी बधाई उत्सव होलाः—

(४२) *आज मोरा बहुआ के होरिला भइले नेवता भेजाएब हो*
ललना अरबन नेवतिहऽ भवँरा परबन सासुजी के नइहर हो

४.२.१७ अन्नप्राशन/भतखिआई

बच्चा जब छौ से नौ महीना के हो जाला त कुछ खास मुहूर्त पर एगो उत्सव के आयोजन कके ओके अन्न खिआवल जाला। एके अन्नप्राशन भा भतखिआई कहल जाला। एह अवसर पर भी कुछ गीत-नाद के परंपरा बाः

(४३) *काँचकुँच कउआ खाला, दूधभात बउआ खाला*
पाता उधिआइल जाला, कउआ लजाइल जाला
बउआ के मुँह बिटोरले जाला।

४.२.१८ मुंडन

जन्म के बाद लइकन के पहिल बेर केस कटावल मुंडन संस्कार कहाला। आपन औकाद अनुसार हजाम के विशेष दान-दक्षिणा देके मुंडन करावल जाला। एहू अवसर पर गीत गावे के परंपरा रहल बाः

(४४) *भल हऊ कोसिला रानी काहे बउराइल हो*
आरे करहू रमइआ जी के मुंडन परम सुख पावहू हो
घरे घरे घुमेली कोसिला रानी गोतिनी बोलावेली हो
गोतनी हमरे मड़इआ तरे आवऽ रमइआ जी के मुंडन हो
हमरा बबुआ के गोरे गोरे गाल, केसिआ भुइयाँ लोटले रे
अइसन सुंदर केसिआ भुइआँ लोटले रे
हजमा धीरे धरे काट हमर बबुआ के केस ... ...

४.२.१९ ब्रतबंध

खास कके हिंदू वर्णाश्रम में तागाधारी समुदाय में जनेव धारण करे के आ गैर तागाधारिअन में कुलगुरु से गुरुमंत्र लेवे के संस्कार के ब्रतबंध कहल जाला। एह अवसर पर भी गीत-नाद के परंपरा रहल बाः—

(४५) क. *के बाड़ें दुनिआ के मालिक जनेउआ पहिराएब हे?*
दुनिआ के मालिक सुरुजदेव जनेउआ पहिराएब हे।
धरती पर ठाड़ बाड़ें बबुआ जनेउआ जनेउआ बोले हे

www.bhojpurisahityangan.com

ख. *दशरथ के चार गो ललनवा मंडप पर सोभे*
कहाँ सोभे मुज के डोरी कहाँ सोभे मृगछाला
कहाँ सोभे पिअरी जेनेउवा, मंडप पर सोभे
हाँथ सोभे मुज के डोरी, कम्मर में मृगछाला
काने सोभे पिअरी जनेउवा, मंडप पर सोभे।

४.२.२० बिआह

भोजपुरी समाज में सब से अधिक गीत गावे के अवसर आ परंपरा खातिर विवाहोत्सव प्रसिद्ध बा। एह संस्कार खातिर घरदेखी, छेंका, तिलक, मटकोर, इमलीघोंटाई, चुमावन, परिछावन, दुआरपूजा, कनिआनिरेखन, सेनुरदान, माथझाँका, बिदाई आ कोहबर तक के अलग अलग असंख्य गीत गावे के परंपरा बा। ई सभी गीत महिलन के कंठ से सुने के मिलेला। एकरा साथ साथ तिलकदेउआ आ बरिअतिआ के खिआवत समय बहुत प्रेम से गारी गावल जाला। एह गारिअन के सुने खातिर भी खाना के अवधि घंटो तक चले के परंपरा भोजपुरी समाज में रहल बा। बाँकिर लोग के व्यस्तता के चलते अब ई सब लोप हो रहल बा। भोजपुरी लोकगीतन के ई अध्याय एतना विशाल बा कि एही पर खोज कके एगो बढ़िआँ शोधग्रंथ तइआर कइल जा सकता। उदाहरण के तौर पर कुछ पाँतीः—

(४६) क. *केकरा पोखरवा में चेलवा मछरिआ कौने फेँकले महाजाल?*
ख. *कहवाँ से आवले लवङ बनिआ अवरो जाएफर बनिआ हे*
कहवाँ से आवे तिलकदेउआ तिलक लेले ठाड़ी भेल हे
ग. *एह भइँसुर के टाङे ना पइसिहेन कइसे अङना*
लकसी लगाके घिँसिआ लाएब अङना

४.२.२१ डोमकछ

बिआह में बेटाहा जब बरिआत लेके चल जालन तब उनका घर के महिलन डोमकछ खेलेली। अभिनय के साथ खेलल जाएवाला एह खेल में गावल जाएवाला एगो गीत के ई कुछ अंशः—

(४७) *अनारकलिआ डोमनी तोर डोम कहाँ गइले?*
डोम गइले बाँस काटे ओतहीं लोभइले
अनारकलिआ डोमनी ... ...

४.२.२२ मृत्यु

मृत्यु जीवन के अंतिम सच्चाई आ शोकदाई बा। बाँकिर एह समय पर भी भोजपुरी समाज में खास कके वृद्धवृद्धा के मृत्यु के बाद खुर्दक-सहनाई बजावल जाला जहाँ एह गीत के धुन गुंजेलाः—

www.bhojpurisahityangan.com

(४८) *माई-बाप घेरले बाड़ें जड़ीबुटी लेले बाड़ें*
हंस के उड़इते केहु ना देखेले हो राम

४.३ राजकाज में भोजपुरी

भोजपुरी अपना आदिकाल में प्रवेश कइला पर एक तरफ एकर साहित्य सृजन के धारा चलल त दोसर तरफ तत्कालीन कइअन सामंती रिआसतन के सरकारी कामकाज में भी एकर प्रयोग भइल देखल जाला। नेपालीय क्षेत्र के बात कइल जाए त एह कालखंड में तत्कालीन कइअन रिआसतन में भोजपुरी के प्रयोग राजकाज यानी सरकारी कामकाज में होत रहे। साथ साथ भारतीय क्षेत्र में भी कइअन जगह से सङ्कलित अइसन कागजपत्रन के तिवारी (१९५४, १९६० आ १९८४) आ आचार्य (वि. २०५३) में उल्लेख मिलेला।

एह कालखंड के संगृहित दस्तावेजन के निम्नानुसार प्रस्तुत कइल गइल बाः

४.३.१ नेपालीय क्षेत्र में मिलल दस्तावेज

४.३.१.१ प्रताप मल्ल के प्रशस्ति

नेपाल गड़हा में शाहवंश के राजशाही से पहिले मल्लवंश के राजशाही रहे। ओह वंश के एकजने प्रमुख राजा प्रताप मल्ल के प्रशस्ति के मजबून कुछ अइसन रहल पन्त, दिनेशराज (१९८५) में उल्लेख मिलेलाः

(४९) *स्वस्ति सर्वोपमायोग्यगङ्गाजलनिर्मलपवित्रदलषंभबनिजाकेषु आशिषपूर्वकपत्रमिदम्. आगे इहा कुशल. राउर कुशल चाही. जेहिते परम आनन्द होइ. आगे जे रउरसे साहुति कैलरहल. से परमेश्वर आ निक रवैआ भैल ही. जेहि भाति शुभय सेन राजा होहि. से कैलजाओ. हमहू दुइ जना दरबार भेजीला. एहि कामकंह रौरे संदेह जनि राषिजु. रौरे अपने मने मन्त्रणा अर्थ विचारत जाओ. परिनाम कह. जहा हम. ताहा राउर. जहा राउर. तहा हम. एतनासे सभ अर्थ बुझल जाओ. जैने उपायते शुभय सेन राजा होहि. से कैलजाओ. हम राउर साहुतिभितर. अऔर समाचार जे माधओ षत्री कहही से प्रमाण. फागुनवदि ९ मोकाम श्रमत्कान्तिपुरमहानगरे* (पन्त, दिनेशराज; १९८५, पृ. १३९)

राजा प्रताप मल्ल द्वारा दलखम्ब बानियाँ के शुभाशीषपूर्वक लिखल एह प्रशस्ति के भाषा संस्कृत में स्वस्ति लिखके बाँकी मजबून भोजपुरी में रहल बा।

४.३.१.२ प्रताप मल्ल द्वारा हरिहर सेन के लिखल पत्र

एहीतरे पन्त, दिनेशराज (१९८८) में नेपाल गड़हा के राजा प्रताप मल्ल द्वारा सिंधुलीगढ़ी के राजा हरिहर सेन के लिखल पत्र संगृहित मिलेलाः

(५०) *ॐ स्वस्ति॥*

(१) *श्रीरूपनारायणेत्यादिविविधविरूदावलीविजमानमानोन्नमतमहारा-*

(२) *जाधिराजहिन्दुपतिराजराजेश्वरश्रीहरिहरनरेन्द्रदेवानां सादा सम-*

www.bhojpurisahityangan.com

(३) *रविजयिनां स्वस्ति श्रीमत्पशुपतिचरणकमलधूलिधुसरितशोरोरुहश्री-*
(४) *मन्मानेश्वरीष्टदेवतावरलब्धप्रसाददेदीप्यमानमानोन्नतरविकुलतिल-*
(५) *कहनूमध्वननेपालेस्वरमहाराजाधिराजश्रीश्रीकवीन्द्रराजराजेन्द्रसक-*
(६) *लराजचक्राधीस्वरजयप्रतापमल्लपरमभट्टारकद्वानां सदा समरविज-*
(७) *यिनामऽलिंगनपूर्वकपत्रमिदं. आगे यहाँ कुसल. राउर कुसल चाही. जेहि-*
(८) *ते परम आनन्द होई. आगे रौरे फौज ल सुनिकै मन बहुत खुसि-*
(९) *ल भैल. तव श्रीवदन ओझा सिंधुली हम भेज दीहल. जे फौज परिछिकै-*
(१०) *ल. हजरी नेपाल पजेडेल गाउ कहिकै हमार फौज दहचोप वेडेलाहि-*
(११) *तब राउर पंच नाही मानल. तब हमारी ओर से कहल जे दलषंभ बानिआ ध-*
(१२) *नपति राना दलई बसनाइत इ तीनू ज(ना) इहा आईकै हमसे साहजविकै जाह-*
(१३) *लागै के होइह. ताहा लाब ओह एनाही अएलहि. पीछे राउर आज्ञासे फौ-*
(१४) *ज फीरल. काहे बदलेसे हमरे नाही जानीना. हमरे ओरसे जे किछु भाषा*
(१५) *कैल. तेहि हम चलविचल नाही होइहै. राउर ओरसे जे वचन भैल तेकर प्र-*
(१६) *तिपाल रौरे कैल जाओ. दासी दुर्जनकर वचन जनि सूनल जाओ. आगे हा-*
(१७) *थीबदले जे ओढि भाजी झगरा पसारल बाढ. ताहि हाथी भी मल्लक रहोभ.*
(१८) *तेकर षोँआइथ हमकी राउर तेसर ...ही. इहा गोरषालीसे बँधबदले आ-*
(१९) *न्योन्य षुषुरी बाभनकर हाथ दीहल बा(ट). आगे कैसन होईह. से नही जानीला. फा-*
(२०) *गुनसुदि २ मोकाम श्रीमत्कान्तिपुरमहानगरे ...*
(२१) *स्यागे द्रम ऐसन विपत्तिपद ऐसन ... कैल वौवे धैर्यक विगश सा-*
(२२) *व सोकसे प्रबल जाओ ...*

(पन्त, दिनेशराज; १९८८, पृ. ६९०-६९१)

एह पत्र के देखला पर पच्छिमी भोजपुरी के झलक मिलेला आ आजो एह पत्र के मजबून आम भोजपुरिअन के पढ़े-समझे में कौनो समस्या ना होई। एह पत्र के भाषा पच्छिमी भोजपुरी रहल सहजे भान होला।

४.३.१.३ विजयपुर के राजा महीपति सेन द्वारा भक्तपुर के राजा भूपतींद्र मल्ल के लिखल चिट्ठी

पन्त, दिनेशराज (१९८६, पृ. ३०-३१) में विजयपुर के राजा महीपति सेन द्वारा भक्तपुर के राजा भूपतींद्र मल्ल के चिट्ठी लिखल उल्लेख मिलेलाः—

(५१) *राम १*

श्री लछ्मीनाराएन वाराहजीव

१. ॥ *स्वोस्ती*
श्रीम्तपसुपतीचरनकमलधुरीधुसंरीतसीरोरुहाम्नमाहेस्वरीदेवतावरलब्ध-
२. *प्रसादीतरघुवंसअवतारदेदीव्यमानमानोन्तनेपालभुमंडलाषंन्डरमाहाराजाधी-*
३. *राज श्री श्रीजअभुपीइंद्रमलपरमभटारकानाम सदा समरवीजैनाम्॥इतोः॥स्वो-*

www.bhojpurisahityangan.com

४. *स्ती श्रीरुपनाराऐनत्यादीवीवीधवीरुपावलीवीराजमानमानोन्तमाहाराजश्रीहिन्दुं-*
५. *पतीराजराजेस्रमाहाराजधीराज श्री श्रीम्तमहीपतीसेनीराजराजेंद्रद्वानां स-*
६. *दा समरवीजैनाम् के प्रर्मालीगनपुर्वपत्रमीदं कार्ज्ज च. इहा कुसल. राउर कुस-*
७. *ल चाही. जे पर्म्म आनंद होऐ. आगे राउर पत्र आईल. अर्थ बुद्धल. आग्या आईल. जे गौ-*
८. *डागौरगा ऐक ठेकानाकै भेजल जाइह. सेइ वस्तु मेहनतीकै भगावल है. से रौरा-*
९. *क बदले तैआरबाट ठेकाना कहा जतीका राउर भरौसा हरीतरहसौ राषीला औ*
१०. *आपन वीनती अगाउ लिषलेरहै. ताकर जबाब ऐको नाही लीषल भैल से हम का-*
११. *हातक लीषही. रौरा मीत्र होषी भरौसा जानी बीनती लीषलरहै. ताकर गौर न भैल*
१२. *तौ चारा कां. हम इ वस्तु मीतजीक बदले राषल है. हमरो बीनती लागै. रौराका जस*
१३. *है. देसभरी राउर रहैला औ हमारो बीनती रहैला. भाइभाइक बन्दोबस्तक हुकु-*
१४. *म आइल. से नीक लीषल भैल. रौराक करत सभ काम होला. जो षामषाह मो(के) अ-*
१५. *ग्या होला। तौ केसौ थापा जुबानी बीनती करीहही से मनजुर राषल जाइंह. इती तः*
१६. *२ सुदी जेठ मोः सीधुर———*

(किनार में)

१. *पत्रचीन्ह रुपैआ*
२. १) (पन्त, दिनेशराज; १९८६, पृ. ३०-३१)

४.३.१.४ नरभूपाल शाह के वंशावली लेखन

नेपाल के इतिहास में शाहवंशीय राजशाही के संस्थापक गोरखामहाराज पृथ्वीनारायण शाह के पिता नरभूपाल शाह के वंशावली लेखन के निम्नानुसार के मजबून रहल पन्त (१९८५) में मिलेलाः—

(५२) *पाडे पंथ ज्यां षनाल राना बोहोरा छ थर लिकै गोर्षाको तइवै साहाकौ राजातिलक दियो हौ॥ ६७॥ ताके बेता पुरन साहा॥ ६८॥ ताके बेता छेत्र साहा ॥ ६९॥ राजा भयो॥ ७०॥ ताके बेता दर्मबु साहा॥ ७१॥ ताके बेता कृष्न साहा रुद्रा साहा॥ ७२॥ ताके बेता पृथ्वीपति साहा॥ ७३॥ ताके बेता विरभद्र साहा॥ ७४॥ ताके बेता नरभुपाल साहा॥ ७५॥* (पन्त, दिनेशराज; १९८५ ,पृ. ४१)

एह मजबून में नेपाली भाषा के प्रयोग नइखे लउकत, बल्कि पच्छिमी भोजपुरी के झलक का साथे *बेता* शब्द के प्रयोग 'बेटा' का जगे भइल बा। दोसर बात ई कि *शाह* से पहिले *साहा* लिखात रहे जे मधेशिअन के पदवी *साह* के ओर स्पष्ट रूप से संकेत करेला।

४.३.१.५ डंबर शाह द्वारा गंगाधर उपाध्याय के लिखल वि.सं. १७०८ के पत्र

(५३) *श्रीदुग्गा भवानि*

(१) *स्वस्ति श्रीगिरिराजचक्रचूडामणि-*
(२) *नरनारायणत्यादिविविधविरूदा-*
(३) *वलीविराजमानोन्नतमहारा-*

www.bhojpurisahityangan.com

(४) *जाधिराजश्रीश्रीश्रीमड्डंबरसाहदे-*
(५) *वानां सदा समरविजइनां*
(६) *आ.गंगाधर पाध्याके.लुद्या वन बु-*
(७) *टचां उधो उगो रुष पोश्रा दियालो भो-*
(८) *लों फा)ड्(न नदेव.गावघर सभै जरिया...*
(९) *सुनाव.संवत् १७०८ ज्येष्ठशुदि ७ रोज ६...*
(१०) *वि.सं.१७०८ ज्येष्ठ १८ गते शुक्रवार सप्तमी तिथि ५४। घड़ी ४ पला*

(पन्त, दिनेशराज; १९८८ ,पृ.६८२)

४.३.१.६ रुद्र शाह के पर्तिमन उपाध्याय के कइल वि.सं.१७३० के कागज

(५४) *श्रीदुर्ग्गा भवानि*
(१) *श्री२ स्वस्ति श्रीगिरिराजचक्रचूडामनिनरनारायन्त्या-*
(२) *दिविवुधविरुदावलिविराजमानमानोन्नतमहारा-*
(३) *जाधिराजश्रीश्रीमद्रुद्रसाहदेवानां साद सामरविजइ-*
(४) *नां लि----------*
(५) *श्रीपर्त्तिमन पाध्याक कर्ज लिहल रुपैया येक सय बि-*
(६) *स अंकेपि १२० (भाषा व्याज अर्द्धसवाइ देना.संवत्*
(७) *१७३० ज्येष्ठशुदि १४ रोज २ मुकाम गोर्षा शुभं------*
वि.सं.१७३० ज्येष्ठ २१ गते सोमवार शुक्ल चतुर्दशी ३१। घडी ३४ पला

(पन्त, दिनेशराज; १९८८ ,पृ.६९४)

४.३.१.७ वाग्वती (मकवानपुर के इलाका) से अकबर थापा द्वारा भक्तपुर के राजा भूपतींद्र मल्ल के लिखल वि.सं. १७७४ के चिट्ठी

(५५) *राम २*

श्रीलच्छीमीनारायन वाराहजी॥
स्वोस्ती श्रीपसुपतीचरनकमलधुरीधुसरीतसीरोरोहामन्मानेस्वाइरी-
देवतावरलब्धप्रसादीतरघुवंसअवतारदेदीप्येमानमानोन्तनेपालभुमंडले-
स्वरमाहाराजधीराजश्रीश्रीजअभुपतीइंद्रमलद्वदेवेषु सदा समरवीजैषु
इतोः॥ स्वोस्ती श्रीरुपनाराएनेत्यादीवीवीधवीरुदावली-
वीराजमानमानोनतमाहाराजश्रीहीन्दुंपतीराजराजेस्वमाहाराजधीरा-
जश्रीश्रीम्तमहीपतीसेनीराजराजेन्द्रदेवानां सदा समरवीजैनामुके प्रमान
गनपुर्वपत्रमीदं कार्जं च
इहा कुसल. राउर कुसल चाही. जे पर्मआनन्द होऐ. आगे पत्र आइल. अर्थ बुद्धल. नीक लीषल गैल. इहाक समाचार नीक बाट. राऊर हमर इंस्टाना परंपरासौ होऐ आइल है. सेइ आस भरौसा राउर राषीला. जैसन काठमाडौ

www.bhojpurisahityangan.com

करैला. से रौराका जाहीर है. मकवानपुरपर फौज चह्नगौडा थाभत भाइक मदत नाही पहुचै. तही अर्थ राउर पीछा भाइ बाट. जे राउर धर्म आवै. से जाउर औ चीजवस्तुक बदले लीषल गैल. से वस्तु राउर है. राउरसै कोताही तब कैलन अब करब. पैराह घाट बुद्धल नाही है. जौ षामषाह वस्तु लेजावै. आग्या होऐ तौ ऐक भल मानुस ताहासौ भेजलजाइह. तब मीतजीसौ हम अर्ज कै पठाइब. राउरसौ दोसर बात नहोइह. इती ताः १५ सुदी फागुन मो येही (किनार में) पत्रचेन्ह नगद ऐक १ (पन्त, दिनेशराज; १९८८, पृ. ५९०-५९१)

४.३.१.८ मकवानपुर के राजा माणिक्य सेन द्वारा भक्तपुर के राजा भूपतींद्र मल्ल के वि.सं. १७७४ में लिखल चिट्ठी

नेपाल गड़हा के तीन अधिराज्यन में काठमाड़ो आ भक्तपुर के बीच रहल अनमन आ ओहीतरे काठमाड़ो आ मकवानपुर का बीच रहल अनमन में मकवानपुर काठमाड़ो का सङे ना होके भक्तपुर का सङे रहल स्पष्टता दर्सावे खातिर ई चिट्ठी लिखल गइल बाः

(५६) *श्रीर२*

स्वस्ति श्रीमत्पशुपतिचरणकमलधूलिधूसरित)शि(रोरूहश्रमन्मान-
स्वरिष्टदेवतारलब्धप्रसादितरघुवंसावतारदेदिप्यमानमानोन्नतनेपा-
लभूमण्डलार्षण्डनमाहाराजाधिराजश्रीश्रीजयभूपतिन्द्रमल्लपरमभट्टा-
रकदेवेषु सदा समरविजययिषु॥
स्वस्ति श्रीरूपनारायनेत्यादिविविधविरुदावलिविराजमान-
मानोन्नतमाहाराजाधिराजश्रीश्रीमन्मानिकसेनदेवानां सदा समर-
विजयिनाम् इत प्रेमालींगनपूर्व्वकपत्रमीदं.
इहां कुशल. राउर कुशल चाही. जे सानंद रहै. षलीतापत्र आइल. समाचार बुझल. उपरांत रौरा षलीतासमेत उतीम् बुढा आइल. लीषल जे झगल कैला. कालीक कबोल मकवानपुर राषैला. तो तीनो राजाक बंधचेत मकवान(पु)र नाही बुझैला. तो हम हानी कीही लीषल. तेपाछेक अर्थके काठमाडौंसै हमरा दीलीके पर्छीन कैचुकली. ते एही अर्थके रौरा कहैक उचित नाही हौन. बोल धर्म संगुता गछ उलंघन कै काठमाडौं पैसैक उचित हौ ते अजहुं संगुता न छोडले औ गछ उलंघन कैलेसै काठमाडौंसे हाथ काढी हम भातगाउसै जुदा नाही. बाटीचेत हम तो पैसी गैली. परंतु राउर सह्यार करीला कहले सै सीधुली काठमाडौंके उतारु. हमहु एक जागा बैसी खेदा करी. वीसेष अर्थ उतीम बुढा महिपती जैसी बीनती करै से प्रवान.
इतीः मर्गसीर्षवदी ३० रज्ञः मुः मकवानपुर (किनार में) पत्रचीन्ह रुपै १ (पन्त, दिनेशराज; १९८६, पृ. ५८९)

एह पत्र का बारे में पन्त, दिनेशराज (१९८६, पृ. ५६६-५६७) के अनुमान बा ई वि.सं. १७७४ के लिखल होखेके चाहीं।

www.bhojpurisahityangan.com

४.३.१.९ बुटवल/पाल्पा के राजा गन्धर्वसेन के अप्रकाशित पत्र, सं. १७८३

(५७) *श्रीराम*

श्रीभवानीरीषीकेसौ जयतः

श्रीमाहाराजा मानीक सेन

१. *स्वस्तीश्रीरुपनारायनेत्यादीवीवीधवीरुदावली-*
२. *वीराजमानमानोन्नतश्रीमाहाराजाधीराजश्रीश्री-*
३. *श्रीमद्गंधर्वसेनदेवानां सदा समरवीजइ(नाम्)*
४. *--- सेन गोवीन्दमनी उपाध्याके कुसबृत्ता-*
५. *के दीहल रहलसे हम ब्रह्मपती उपाध्याके स-*
६. *दतथी दीहल. झवसाकोट गोठादीषोला तवेस*
७. *झवटमह भलकोन गाव १ समेत सुर्यग्रहनम-*
८. *ह कुसबृत्ताकै दीहल. तल्ला पूकानास्तीके-*
९. *सकै दीहल. पुर्व वरचंडचाहानीकै भंज्याग प-*
१०. *छीव वर ठेगुरा पेइदीकै षोला उत्तर दषीन पा-*
११. *नीढार लेककै साधकै दीहल. हीदु हौइकैके-*
१२. *लै तोगा षाइ तुरुकलैकै बोलैनो सुवा षा-*
१३. *इ. संवत् १७८३ कात्तीकसुदी १० रोज २ मुका-*
१४. *म पालपा सुभम्* ———————— (पन्त, महेशराज; १९८६, पृ. ३२)

एह पत्र के देखला पर *षोला* यानी *खोला* 'नदी' शब्द नेपाली भाषा के बा। बाँकी पूरा के पूरा पत्र संस्कृत में स्वस्तीगान से सुरु होके समूचा मजबून में तत्कालीन भोजपुरी के दर्शन होला जे आजो के भोजपुरिअन के पढ़े-समझे में कौनो दिक्कत ना होई।

४.३.१.१० गोरखामहाराज पृथ्वीनारायण शाह के पत्र, सं. १८०२

(५८) *श्रीदुर्गा*

दुर्गा भवानि

१. *स्वस्ति श्रीगिरिराजचक्रचूडामनिनरनारायने-*
२. *त्यादिविविधविरुदावलिविराजमानमानोन्न-*
३. *तश्रीमन्महाराजाधिराजश्रीश्रीश्रीमन्नृपपृथ्वी-*
४. *नारायनसाहदेवानां सदा समरविजयीनां*
५. *आगे सदाशिव उपाध्याके च्याँलि कमदीटा-*
६. *र बाँधा दिहल रुपैया १३४ऽ अक्षरेपि येक*
७. *सय चौतिस. भाषा जहिया रुपैया देव. तहिया मा-*
८. *टो लेव. इति संवत् १८०२ चैत्रशुदि*
९. *९ रोज ५ शुभं* (पन्त, दिनेशराज; १९८१, पृ. ४३)

www.bhojpurisahityangan.com

एह पत्र के देखला पर *भाषा* यानी *भाखा* 'करार' आ *माटो* 'माटी' नेपाली भाषा के शब्द मिलेलन त बाँकी संस्कृत में स्वस्तीगान से सुरु होके पूरा पत्र भोजपुरी में जा जे आजो भोजपुरिआ समाज में ग्राह्य बा।

४.३.१.११ सेन रिआसत में श्री कामदत्त सेन के पत्र, सं. १८२५

(५९) *श्री*

विष्णुपीती

श्रीकामदत्त सेन्—

१. *आज्ञा श्रीश्रीश्री - - - - - - - जीव*
२. *श्रीकेशव झा जोसीके षडा मोरंग तथा कटहरीमध्ये मौज्ये*
३. *पोषरीया बाकी गावो ठेक १ मैहाद ससीम श्री - - - षातीर*
४. *कुशबीर्ती दीहल्. आपन षातीर. ज्माशै गावो हाद गुलजार कै*
५. *असल ध्रगंरी दाम अंक. अवु आव दस्तूर शोध अनी मौज्म दा-*
६. *टीका शुवाई फौज्दारी ज्मादारी वो छापदारी द्वारदारी षवाशौ*
७. *भीडही शुपही पंडीतारै चन्दा चीकारी नडी आना. वह छपी २॥ ढेर*
८. *कठियारी वे आज्हदानी संगौटा शिंगारहाड मौआरी गैआरी*
९. *पलपपराईन् शव अंक उदापन्सहित् प्रति शुष भोग्य कै*
१०. *आशिर्वाद देत रहथु. ईती संम्वत् १८२५ शाल् माह अगहंन्शु-*
११. *दी ता १ रोज मु. चोत्राहा - - - - -* (पन्त, महेशराज; १९९०, पृ. १८)

४.३.२ भारत के राज-रजवाड़ा के बीच में भोजपुरी

इतिहास के एह कालखंड में वर्तमान भारत के राज-रजवाड़ा में भोजपुरी कागज-पत्र, चिट्ठी-तमसुक के भाषा रहे, एकर सटीक प्रमाण प्राप्त होला। यद्यपि प्राप्त प्रमाण कुछ खास जगह से मात्रे मिलल जनावल गइल बा, बाँकिर ई संकेत करेला कि शोधखोज कइला पर भोजपुरी वर्तमान भारतीय भूभाग में खास कके भोजपुरिआ क्षेत्र में सरकारी कामकाज के भाषा रहे। तिवारी (१९५४, पृ. ३१५-३३१; १९६०, २१८-२२२; आ १९८४, ५४३-५५९), सिंह (१९५८, पृ. १-७ [पद्यानुक्रमणी के बाद]) आ आचार्य (वि. २०५३, पृ. ३९-४५) में उद्धृत अइसन कागज-पत्र, चिट्ठी-तमसुक के कुछ नमूना नीचे देहल गइल बाः

४.३.२.१ सिंह (१९५८) से साभार कानुनी कागज-पत्र

(६०) **नकल सनद सुजान सिंह प्रदत्त फ. १११० (१७०० ई.)**

श्री राम १

स्वोश्ति श्री महाराज कुमार श्री वा० सुजान सिंह जी उद्योग षुशी (कृ...) वो बाजे वोहदार वो चौधुरी व कानूनगो के (म) आ आगे (शा...) नै बीहीआ माह व हश्म (बहस्म) दसौंधी राम प्रसाद के दरवोजइ ज्मीन दीहल भ॥ (सन) १११० साल श्र० धरो शै—

www.bhojpurisahityangan.com

(६१) ***उदवन्त सा० फ. ११३७ (१७२७ ई.)***

लीः वसीअत श्री महाराज उदवन्त सींह जी के रीआसत जगदीशपुर जीः शाहाबाद। आगे हमरा पाछील राजन्ह के खानदानी दस्तुर होव के रेआसत मे सब खनदानन के हक हिसा हमेसा कायम मानल जाई और रेआसत इजेमाल रही और खनदान के वड़ा लड़ीका शाए के इजमाल रेआसत के गद्दी नसीन भइल करी उ सबकर भारन पोसन मोताविक खनदानी इजत मर्जादा के कइल करी। जब जगदीशपुर रेआसत भोजपुर से अलग भइल तब एह रिवाज यहां भी कायम भइल एह वास्ते वसीअत लिख देल की हमार बाद चार लड़ीका बाबु गजराज सिंह, वाबु उमराव सिंह, वावु रनवहादुर सिंह वो वावु दीगा सिंह जे वा से एही रीवाज के पाबन्दी कइल करी ताकी ऐका कायम रहे रेआसत बनल रहे।

वतस्तुर साविक हम वसीअत कइल ताः २९ माह जेठ ११३७ साल

(नीचा मुहर बा, जे पर ११३३ साल लिखल बा।)

(सिंह, १९५८, पृ. ४ [पद्यानुक्रमणी के बाद])

४.३.२.२ वि. १७८५ (१७२८ ई.) में लिखल गइल प्रयाग से प्राप्त पत्र

ई भोजपुर के राजा होरील सीह के एगो पत्र ह। ई दारागंज (प्रयाग) के श्री माधव पंडा के बही से उतारल गइल बा। एकर सूचना डॉ. उदय नारायण तिवारी के दलीपपुर (जिला शाहाबाद हाल भोजपुर) निवासरी महाराजकुमार दुर्गाशंकर सिंह से मिलल रहे। सिंह खूदे ओही राजवंश के रहनी। तिवारी (१९५४, पृ. ३१७; १९६०, पृ. २१८-२१९ आ १९८४, पृ. ५४५) अनुसार मूल पत्र पर फारसी अक्षर-युक्त होरील सीह के मोहर बा आ एकर तिथि सं. १७८५ (सन १७२८ ई.) ह। ई पत्र सिंह (१९५८, पृ. ६ [पद्यानुक्रमणी के बाद]) में भी संगृहित बा।

(६२)**होरील सिंह**

स्वोस्ती श्री रीपुराज दैत्यनाराएनेत्यादिविविध विरदावली विराजमान मानोनत श्री महाराजाधिराज राजा श्री जीवदेव देवाना(म्?) सदासमर विजैना।) (आगे सुवंश?) पाडे पराआग के उपरोहीत पाछील राजन्ह कै उपरोहीत हौअही से हमहु आपन उपरोहीत कैल। जे केउ पराआग माह आवै से सुवंस पाडे के मानै, उजेन नाव ×× ११३६ शाल मोकाम दावा धुस शमत १७८५ समै नाम बैसाख सुदी तीरोदसी रोज बुध ×× प्रगनै भोजपुर गोतर सवनक मूल उजेन जाति पावार।

*[सुव (*स?) जे पाछील रजन्ह कै उपरोहीत हौ ही से हमहु कैल आपन उपरोहीत]।*

४.३.२.३ बैरिया से प्राप्त दस्तावेज

ई दस्तावेज एगो बिकरीनामा ह। एकर तिथि सं. १८२३ (सन १७६६ ई.) ह।

www.bhojpurisahityangan.com

(६३) *श्री परमेश्र प्रमेश्र प्रम भतारकेत्याधी राजा बली बीक्रमाजीत शाके शालीवाहन गत बरख १६८८ शंभलपुर पाती शाही शाह श्री शाही गावहर जीव तखत दीली जलु श भोगश्न पाच त्यश मडलै जमुदीपै भारथखंडै वीहार नगरै त्यश अतरगते शुवै अजीमावाद नवाब धीरज नराएन को शीताव राए शहर हाजीपुर शराए पटन अमल फीरंग करनैल शाहब तश अतरगते श्रकार शाहाबाद नाएब नुरहश्न खाव तश अतरगते राजेषु देवदेवानाम शादा शमरबीजइनाम राजा शेरी बीक्रमाजीत कीलै डुमराव प्रगनै भोजपुर तश बाबु श्री राजकुमार श्री अली मरदन सीह देवान गोपाल शीव तश अतरगते प्रगनै बीहीआ औपदार महमद अली बीदवान उदलाल खीलै रानी शागर धौवल वीर शीघ शतोख शीघ कानगौइ बैजनाथ शीघ नवादा मोतीराम कैलानपुर शुमेर शीघ जेवानीआ तश अतरगतै गरामे शाहीपुर बैरिआ ... ... गंगा ... ... गंगारामे उत्तर कुलै ... ... शोनभर्द दछीनकुले बरानशी पछीमकुलै परुब कुलै शोनभर्द गंगाजीव तश अतरगतै तालुकै शाहीपुर बैरीआ अमल धौलवीर शीघ (।) आगै बाबु उमन शीघ गुरदआल शीघ शुत जैशीरी शीघ गुरदआल शीघ का हरखीत शुत तीनी जेठ कन्हैआ शीघ शंकर शीघ भुली शीघ उमन शीघ का हरखी शुत तीनीक जेठ गधरप शीघ श्रजु शीघ उदीत सीघ आपन बखरा छटौ पटि अनत शीघ क हौ उनी तालुका माह ताही माह तीश्र अश उमन शीघ गुरदयाल शीघ क जे ज्मीन पारै वारै जलकर बनकर बशगीत पोखरा इदार मवैज ... ... कइल मोल मोनाशीब के ... ... पचक नाम जवार शोनबरीशा उदवत राए वो परेम मीश्र मठीआ चैन मीश्र चरजपुरा शाहीपुरा का तालुका माह तब कलश ... ... श्न मीश्र भरौली पाचो मोल ठहराव(ल) ... ... रुपैआ ... ... क्रतवानी वीक्रत ... ... बाबु लछमन शीघ ... ... जेठ भुप शीघ दलीप शीघ जल जलीत लवजीत श्भा अशभा क्रेतानाम बुलकरन शीघ वीक्रेतानाम गुरदआल शीघ उमन शीघ आपन हीशा दुनौ तालुका बेचल पाच के बदल जे पाचौ मोल ठहरावल वे खाश कै दीहल कवनौ उजुर नाही राखल रुपैआ ... ...*

पाछील करजा महाजनी हाल देना बाकी छव शझक काढल रुपैआ— १२१०॥=।) मान — २७६ वाट शे कागजे रुपैआ लागे शे देना ... ...

अपना खात्री ज्मा शे गुरदआल शीघ उमन शीघ वेचन बाबु बुलकरन शीघ लीहल कवनौ हीला ... .. जरी रहल नाही चेत कवनौ दावा करही तौ झुठा शमत १८२३ कातीक शुदी पचमी ताः ५ वुमादीशानी मोकाम बैरीआ शाछी जे ... ... भाई बैरीआ छवौ पटिदार बाट शे ... ...

www.bhojpurisahityangan.com

४.४ सारांश

एह अध्याय में भोजपुरी के आदिकाल के सामाजिक, आर्थिक, राजनीतिक आ सांस्कृतिक स्थिति के मद्देनजर संत साहित्य, ब्रतकथा आ लौकिक संस्कार के साथ आदिकाल में ही तत्कालीन सामंती रिआसतन में नेपाल में सेनवंश, मल्लवंश आ शाहवंश के राजकाज में मधेश, भित्री मधेश, पहाड़ आ नेपाल गड़हा तक भोजपुरी के प्रयोग सप्रमाण दर्सावल गइल बा त साथ साथ भारत के रिआसतन में भी एकर प्रयोग के नमूना प्रस्तुत कइल गइल बा।

❖

www.bhojpurisahityangan.com

अध्याय पाँच
मध्यकाल
(१७७०-१९४९ ई.)

५.० नेव

जइसे कि आदिकालीन अवस्था के वर्णन कइल गइल बा, इहो काल तङी-तबाही आ कोलाहलपूर्ण ही रहल।

आदिकाल के निरंतरता में एक तरफ सनातनी हिंदू जात-व्यवस्था चलत रहे, त दोसर तरफ धर्म परिवर्तन के दौर में जात-व्यवस्था इस्लाम आ इसाई मजहब में परिवर्तित लोग के बीच धराशायिओ होत रहे। पारंपरिक खेती आ घरेलु उद्योग क्रमशः धराशायी होत विदेशिअन खातिर कच्चा माल उत्पादन के खेती सुरु हो चुकल रहे। बौद्धमार्ग के धराशायी करत पुनर्स्थापित सनातनी ब्राम्हणवाद के सिकंजा में बढ़त गरीबी, बेरोजगारी आ अत्याचार के परिवर्तित रूप इस्लामीकरण आ इसाईकरण में तनिका बदलके आउर बदतर हो गइल रहे। भारत में इस्ट इंडिआ कंपनी के सिकंजा मजबूत होत गइल आ सन १८५७ के सिपाही विद्रोह का बाद इस्ट इंडिआ कंपनी के जरिए शासन ना कराके सीधा बेलायती शासन लागू होत भारत सन १८८५ में पूरा के पूरा पराधीन हो गइल।

एकर सीधा प्रभाव नेपालो पर पड़ल। कबो बेलायती भारत के सलाह से त कबो अनबनो से गोरखा महाराज पृथ्वीनारायण शाह आपन सीमाना फइलावत गइलन। सन १७६९ में नेपाल गड़हा पर आधिपत्य कायम भइला का बाद गोरखा से पलायन होके नेपाल गड़हा में उनकर राजधानी आइल।

उनका उत्तराधिकारिअन के भी आपन सीमा विस्तार के भूत सवारे रहल बाँकिर अब त लड़ाई रहे सीधा इस्ट इंडिआ कंपनी से। अइसन छीनाझपटी में गोर्खाली मनसूबा निरंतर कमजोर पड़ल। मधेशी मन पर भी ओह लोग के कौनो सकारात्मक प्रभाव ना रहे सकल। फलतः सन १८१६ के सुगौली संधि में तत्कालीन मध्यदेश गोरखा आ कंपनी के बीच बँट गइल। अतः भोजपुरिआ क्षेत्र भी तब से दू देशन में विभाजित हो गइल।

एकरा कुछे दिन का बाद राजदरबार में बिअही आ सङही रानिअन के बीच के मनमोटाव से जङबहादुर के उदय भइल। उनका के *कुँअर* से गोरखा महाराज सुरेंद्र *राणा* बनौलन आ बाद में गोरखा महाराज लोग अपना के *पाँच सरकार* आ जङबहादुर के वंशज के *तीन सरकार* घोषित कइलन। यानी नेपाल के स्थिति एही तीन-पाँच में बेकार से बदतर होत गइल।

अइसन अवस्था में स्वाधीन होखे भा पराधीन, आम जनता के कृषि आ वंशानुगत पेसा पर आधारित घरेलु उद्योग आउर धराशायी भइल। फलतः भूमिपुत्रन के

www.bhojpurisahityangan.com

बीच गरीबी, बेरोजगारी आ भूखमरी से तबाही मचत गइल। खास कके भोजपुरिआ क्षेत्र सहित पूरा मधेश गोर्खाली उपनिवेश हो गइल। दरबार, सेना आ आपन वैधानिक-अवैधानिक संतान के बिर्ता, मौजा, बक्सीस का रूप में मधेश के जमीन पर गोर्खालिअन के जमींदारी स्वामित्व होत गइल। एकरे निरंतरता में बैठ-बेगारी, आ बनुआ मजदूरन के नया रूप नेपाल में हरउरी-जनउरी लागू भइल। क्रमशः नेपाल गड़हा में शाही दरबार अइला का बाद से देश के नाम नेपाल कइल कसरत के साथ नेपालीकरण के नया दौर सुरु भइल।

भोजपुरी के भाषिक इतिहास के ई कालखंड भारत में पराधीनता के स्थायित्व आ ओकरा खिलाफ स्वाधीनता आ स्वतंत्रता खातिर विद्रोह के कालखंड रहल बा। एही कालखंड में गोरखा राज्य विस्तार अभियान का क्रम में देश के नाम गोरखा से धीरे धीरे नेपाल होत गइल। ओह लोग के मातृभाषा *कुमाउनी-गढ़वाली* के क्रमशः *खसकुरा, पर्वते, गोरखाभाषा* होत वि. १९९० में *नेपाली* बनावल गइल। पहिले बेलायती साम्राज्य आ गोरखा अधिराज्य के समानांतर विस्तार का क्रम में जानमाल के क्षति भइल। बेलायती भारत के विरोध में विद्रोह के स्वर मुखरित होत गइल। एने बेलायती भारत का सङे सन १८१६ के सुगौली संधि का बाद से एकर पूर्वी, दक्खिनी आ पच्छिमी सीमा संकुचित होके स्थिर भइल। बाद में वि. १९०३ के कोतपर्व के जरिए श्री ५ यानी शाहवंश के दरबार में कैद कके श्री ३ यानी राणावंश के पारिवारिक शासन बर्बरता का साथ आगा बढ़ल। बाँकिर वि. १९९० के दशक से एतहों राजनीतिक स्वतंत्रता के आग सुनगे लागल त भाषाई अतिवाद भी आगा बढ़ल।

बाँकिर एही कालखंड में एह भाषा के भोजपुरी नाम मिलल। ना त एकरा के देहाती भाषा कहके लोग जानत रहे, जबकि *देहाती* के अर्थ होला 'गँवारू' यानी 'गाँव-देहात के'। अतः देहाती कहला से खाली भोजपुरिए ना कि आउरो कएगो भाषा के सङे भोजपुरिओ के ओझराके रहल अवस्था रहे। ई अइसन कालखंड ह कि नेपाल में शाहवंशीय राजशाही आ भारत में बेलायती साम्राज्यवाद के बीच में मध्यदेश के बँटइला के चल्ते भोजपुरिओ बँटाइल। नेपाल में राजा के देखाके राणा परिवार के हाँथ में देश जकड़के रह गइल रहे। बाँकिर एही कालखंड में ईसाई मिसनरी आ बेलायती प्रशासन के लोग भोजपुरी सहित के एने के दर्जनो भाषा के खोजखबर लेहल सुरु कइलख। साहित्य सृजना में सुराज के मुद्दा समावेश भइल। भोजपुरी के व्याकरणिक स्वरूप मिले लागल, एकर लोकवार्ता के खोज सुरु भइल आ नेपाल-भारत दून के संदर्भ में राजकाज में भी भोजपुरी के निरंतरता रहल।

एकरा साथे एही कालखंड में भोजपुरिअन के गिरमिटिआ भा कंत्राकी मजदूर के रूप में वैदेशिक आप्रवासन सुरु भइल। चुकि नेपाली शासक लोग मधेशिअन के नेपाली ना समझत रहे आ पहाड़िअनो में कुछ जातिविशेष के लोग के मात्रे सेना आ

www.bhojpurisahityangan.com

प्रशासन में जगह देत रहे। एकर प्रतिफल ई भइल कि मधेशिअन का लगे जमा दूगो विकल्प रहे रोजीगार के, कि त नेपाल के बंजर जमीन पर मेहनत कके सोना उगिलवाल भा भारत के बङाल, पंजाब आ आउर प्रांतन के महानगरन में कुली-मजूरा होके पेट पोसल। एही क्रम में तत्कालीन बेलायती भारत में सात समुंदर पार खास कके उँख के खेती खातिर भारतीय बेरोजगार लोग के एग्रीमेंट भा कंट्रैक्ट कागज कराके गोरा लोग विदेश भेजे लागल। ओह लोग में रोजीगार खातिर जे मधेशी लोग भारत के महानगरन में रहत रहे उहो लोग गइल, बाँकिर ओह लोग के पहचानपत्र में नेपालीय मधेश के पता ना लिखाइल। कौनो शंका के गुंजाइस नइखे, भाषाई रूप से जे नेपाल-भारत से बाहर गइल, ओह में बेसी से बेसी भोजपुरिए लोग रहे।

एह क्रम में बेलायती साम्राज्य एगो करारबद्ध श्रम नीति (Indentured Labour Policy) लेआइल। एह नीति के तहत सन १८३४ से १९१७ के बीच में करीब पाँच लाख भारतीय लोग के मॉरीशस पहुँचावल गइल रहे करारबद्ध यानी गिरमिटिआ मजदूरन के रूप में। एहीतरे मे १, १८४५ में २२५ जने भारतीय पानी जहाज से ट्रिनिडाड पहुँचल लउकेलन। ई क्रम सन १९१७ तक चलल आ एह दौरान कम से कम १,४७,००० भारतीय जन ऊँख बगान में काम करे ट्रिनिडाड पहुँचल लोग। दक्खिन अफ्रिका में सन १८६० से १९११ तक १,५२,१८४ भारतीय गिरमिटिआ मजदूरन के बेलायती साम्राज्य में ऊँख के खेती करे खातिर ले गइल अभिलेख मिलेला। सन १८७२ से १९१६ के बीच ४२ जहाजन में भारत के कोलकाता, चेन्नाई आ मुंबई बंदरगाहन से ६०,९६५ भारतीय लोग प्रशांत महासागर में रहल द्वीप समूह, फिजी, खातिर रवाना भइल आ ओह में से ६०,५५३ लोग के फिजी पहुँचल अभिलेख मिलेला। सन १८७३ में गिरमिटिआ मजदूरन के कोलकाता से पहिलका जहाज में चढ़ाके सूरीनाम पहुँचावल गइल रहे। एहतरे सन १९१६ तक ३४,००० भारतीय जन के सूरीनाम पहुँचल बतावल जाला। बाँकिर एकरे फलस्वरूप भोजपुरी के तबे से एगो वैश्विक भाषा के रूप ग्रहण करे के अवसर मिलल।

एह सब विषयन के संक्षेप में एह अध्याय के छौ खंड में परोसल गइल बा। खंड ५.१ में साहित्य में, खंड ५.२ में राजकाज में, खंड ५.३ में शोधकार्य में, खंड ५.४ में प्रवास में आ खंड ५.५ में संगीत-नाट्य, सिनेमा आ ललितकला में भोजपुरी के चर्चा करत खंड ५.६ में एह अध्याय के सारांश परोसल गइल बा।

५.१ साहित्य में भोजपुरी

एह कालखंड में नेपालीय सरहद में बाबा भिनक राम के स्पष्ट रूप से भोजपुरी साहित्यकार के रूप में देखल गइल बा। आउर लोग या त भारतीय भोजपुरिआ रहल भा ओह लोग का बारे में ठाँव-ठेकाना आ निश्चित जीवनवृत्त स्पष्ट नइखे होखे सकल।

www.bhojpurisahityangan.com

५.१.१ स्वामी भिनक राम

भिनक राम के जन्म संघीय लोकतांत्रिक गणतंत्र नेपाल के मधेश प्रदेश, सर्लाही जिला में सहोरवा गनोर्वा गाँव में भइल रहे। ई जगह रौतहट जिला के राजपुर से १६ मील पुरुब बा। रौतहट के राजपुर में भिनक राम के समाधिस्थल बा। राजपुर तुलसी मठ में अबो हरेक साल उनका समाधि पर खड़ाँव बदलल जाला। भिनक राम सरभङ संप्रदाय के सिद्ध महात्मा रहलें। मनसा राम के इनकर गुरुभाई भा चेला बतावल जाला। मनसा राम नेपाल के सेमरवनगढ़ में कंकाली माई मंदिर में रहत रहलें। एह से अंदाजा लगावल जा सकेला कि स्वामी भिनक राम एह कालखंड के प्रारंभिक कवि हो सकेलन भा ओहू से पहिले के। भिनक राम के मठ भारत में पटना, शाहाबाद, बलिआ जिला सब में भी बा। इनकर मत मानेवाला लोग पच्छिम बंगाल आ आसामो में बा। भिनक राम के व्यक्तित्व आ कृतित्व का बारे में निषाद आ गुप्ता (वि. २०७३, पृ. १) में उनकर जन्म अभी से दू शताब्दी पहिले भइल बतावल गइल बा। भिनक राम के कविताः

(१) *धीक धीक तोहरा जनवा के बात,*
सिंह होके करे भेंड़ के काम
धरत जमुराज करत बाप-बाप,
तब करे पूजा-जाप।
कहे श्री बालक कहाँ गइले तोहर माई-बाप,
सब कर्म से गइलऽ थाक,
तब तोहरा लउकल अगिला बात। (निषाद आ गुप्ता, वि. २०७३, पृ. ३७)

५.१.२ भीखम राम

चंपारन जिला मोतिहारी थाना माधोपुर गाँव के रहनिहार भीखम राम के टेकमन राम के गुरु बतावल गइल बा। उनकर काल गणना आ कृतित्व के बारे में बेसी ज्ञात नइखे भइल। उनकर ई कविताः—

(२) *हंसा करना नेवास, अमरपुर में।*
चलै ना चरखा, बोलै ना ताँती
अमर चीर पेन्है बहु भाँती॥ हंसा०॥
गगन ना गरजै, चुए ना पानी
अमृत जल सहज भरि आनी॥ हंसा०॥
भुख नाही लागे, ना लागे पियासा,
अमृत भोजन करे सुख बासा॥ हंसा०॥
नाथ भीखम गुरु सबद बिबेका।
जो नर जपे सतगुरु उपदेसा॥ हंसा०॥

www.bhojpurisahityangan.com

५.१.३ टेकमन राम

चंपारन जिला मोतिहारी थाना झखरा गाँव के निवासी टेकमन राम के भीखम राम के चेला बतावल गइल बा। ई सरभङ संप्रदाय के प्रमुख कवि रहलें।

(३) *समधिन ! भले हो भले,*
बिअहल बाड़ू की कुआँर॥ समधिन॥
माता होई तुहु जग प्रतिपललु, भले हो भले,
जोइआ होइ धन खालू॥ समधिन॥
केकई होइ दशरथ के ठगलू, भले हो भले,
रामजी के देलू बनबास॥ समधिन॥
सीता होई रवनवो के ठगलू, भले हो भले,
लंका गढ़ कइलू उजार॥ समधिन॥
सिरी टेकमन राम निर्गुन गावेले, भले हो भले,
राम भीखम सँगे साथ॥ समधिन॥

५.१.४ छत्तर बाबा

चंपारन जिला के संत कवि बतावल गइल छत्तर बाबा के जीवनकाल १८वाँ शताब्दी के अंत भा १९वाँ शताब्दी के सुरु मानल गइल बा। ई कबीर पंथी रहलें। इनकर ई कविताः—

(४) *देखली में ए सजनिया सइयाँ अनमोल के।*
दसो दुअरिया, लागे केंवड़िआ मारे सबद का जोर से।
सुन भवन में पिआ निरखो नयनवा दुनु जोर के।
छत्तर निज पति मिललऽ भर कोर के॥

५.१.५ पलटु दास

फैजावाद जिला में जलालपुर के रहेवाला पलटु दास गोविंद साहेब के चेला रहलन आ गोविंद साहेब बाबा भीखम राम के। इनको नाम से आज पलटु-पंथी संप्रदाय बा। इनकर जीवनकाल उनइसवाँ शताब्दी के सुरुआत में मानल जाला। वेलबेडियर प्रेस (प्रयाग) से पलटू दास के रचना छपल बतावल गइल बा, ओकर कुछ अंशः—

(५) *काहे के लगवले सनेहिआ हो, अब तुरल न जाए।*
जब हम रहलों लरिकवा हो पिअवा आवहिं जाए॥
अब हम भइलों सयनिआ हो, पिअवा ठेकलें विदेस।
पिअवा के भेजलों सनेसवा हो, अइहें पिअवा मोर॥
हम धनि पइआँ उठि लागबि हो, जिआ भइल भरोस।
सोने के थरिअवा जेवनवा हो, हम दिहल परोस॥
हम धनि बेनिया डोलाइब हो, जेंवेले पियवा मोर।

www.bhojpurisahityangan.com

रतन जड़ल एक झरिया हो, जल भरल अकास॥
मोरा तोरा बीच परमेसर हो, ई कहले पलटु दास॥

५.१.६ श्री जोगेश्वर दास 'परमहंस'

उनइसवाँ शताब्दी के अंत का ओर जीवनकाल रहल जोगेश्वर दास के जन्मस्थान चंपारन के मधुवन थाना में रुपौलिआ मठ बतावल गइल बा। इनर रचना बहुत प्रौढ़ आ सुंदर बतावल जालाः—

(६) *टुटल पँचरङी पिँजरवा हो, सुगना उड़ल जाए।*
सुगनू रहले पिंजरवा हो, सोभा वरनि न जाए॥
उड़त पिँजरवा खाली हो, सब देखिके डेराए॥१॥ टूटल
दसो दरवजवा जकरिआ हो, लगले रह जाए।
कवन दुआर होइ भगले हो, तनिको ना बुझाए॥२॥ टुटल
सभोनी भइले निरदइआ हो, अवघट ले जाए।
चीरा रचि धरत पिँजरवा हो, ओ में अगिनी लगाए॥३॥ टुटल
सिरी जोगेसर दास काया पिंजरा हो, नित चलल लगाए।
सेहु परले मरघटिआ हो, ओ मे अगिन धहकाए॥४॥ टुटल

५.१.७ केसोदास जी

चंपारन जिला मोतिहारी थाना में पंडितपुर निवासी केसोदास के संत-कवि बतावल गइल बा। उनकर जीवनकाल १८४० ई. से उनइसवाँ शताब्दी के अंत तक मानल जाला। उनकर रचनाः—

(७) *भावे नाही मोहि भवनवाँ।*
हो रामा, बिदेस गवनवाँ॥१॥
जो एह मास निरास मिलन भैले।
सुन्दर प्रान गवनवाँ॥२॥
केसोदास गावे निरगुनवाँ
ठाढ़ि गोरी करे गुनवनवाँ॥३॥

५.१.८ तोफा राय

भाँटवंशी तोफा राय सारन जिला के हथुआ आ आउर रिआसतन के राज-कवि रहलें। कुँवरसिंह के समकालीन तोफा राय 'कुँअर-पचासा' नामक ग्रंथ भी लिखले रहलें। एह में हिंदी आ भोजपुरी दूनू में वीर-रस के कविता सामिल बा। 'कुँअर-पचासा' से भोजपुरी धनाक्षरीः—

(८) *खलबल भइले तब कुँअर सिंह सेना बीच,*
बीबीगंज आइ आयर बागी, पर टूटलेनि नू।
तोप आ बंदूकि उगिले लाल आगि ओने से
त एने टोंटा-हीन ही बन्दूकि लाठी बनलिनि नू।

www.bhojpurisahityangan.com

आरा आ गांगी के लड़ाई सब सोखि लेलसि,
टोंटा बारुदि जे दानापुर से लवलनि नू।
सेनानी कुँअर त चिन्तित ना भइल रंच
बंक करि नैन सेना जंल धरवलनि नू।

५.१.९ शैयदअली मुहम्मद 'शाद'

बिहार के एगो प्रमुख उर्दू कवि 'शाद' साहेब के पूरा नाम शैयदअली मुहम्मद रहे। इनकर जन्म सन् १८४६ में पटना में भइल रहे आ जनवरी १९२७ में इनकर देहावसान भइल। १८६५ से १८७० तक रचना कइल 'फिकरेवलीग' नामक पुस्तक के पांडूलिपि के ११२ पाना से उद्धृत भोजपुरी गीतः—

(९)**चैती**

काहे अइसन हरजाई हो रामा।
तोरे जुलुमी नयना तरसाई हो रामा॥
सास ननद मोका ताना देत हईं
छोटा देवरा हँसि के बोलाई हो रामा॥
मोरा सैयाँ मोरो बात न पूछै
तड़पि-तड़पि सारी रैन गँवाई हो रामा॥
नाजुक चुनरी रंग में बोरो
बाला जोबनवा कइसे छुपाईं हो रामा॥
'शाद' पिया को ढूँढ़न निकसी
अलिअन-गलिअन खाख उड़ाई हो रामा॥ (पृष्ठ ११२)

५.१.१० सुवचन दासी

बलिआ जिला डेहना निवासी मुंसी दलसिंगार लाल के बेटी बतावल गइल सुवचन दासी के जन्म संवत् १९२८ में भइल रहे। १४ बरीस के उमीर में इनकर बिआह बलिआ निवासी मुंसी युगलकिशोर लाल से भइल रहे। ऊ सरकारी नौकर रहलन। तपस्विनी सुवचन २० बरीस के उमीर में नानकपंथी साधु हीरादास से दीक्षा लेके बाद में संवत् १९८६ से गाजीपुर में रहे लगली। इनकर रचनन में आपन अनुभव के आध्यात्मिक प्रस्तुति मिलेलाः—

(१०) *तन चुनरी के दाग छोड़ाऊ धोबिआ॥टेक॥*
लख चौरासी धूमिल चुनरिआ, अबकी दाग छोड़ाऊ धोबिआ॥
सत गुरु कुंडिआ में सउनन होई प्रेम सिला पटकाऊ धोबिआ॥
सान्ति-सरोवर जल में धोआ दे नाम के साबुन लगाऊ धोबिआ॥
तन मन धन ह छाक धोबिआ के स्वेत चुनरिआ पेन्हाऊ धोबिआ॥
'सुवचन दासी' चुनर पेन्ही बइठली हरि लेलीं गोद लगाए धोबिआ॥१॥

www.bhojpurisahityangan.com

५.१.११ बाबू रघुवीर नारायण

सारन जिला के छपरा-नगर में ३० अक्टोबर १८८४ में बाबू रघुवीर के जन्म भइल रहे। ऊ हिंदी, अङरेजी आ भोजपुरी में कविता करस। बाँकिर उनका प्रसिद्धि मिलल भोजपुरी कवितन से। भारत सहित गिरमिटिआ मजदूर होके दक्खिन अफ्रिका, मॉरीशस आ ट्रिनिडाड सहित के देशन में गइल भोजपुरिअन के बीच उनकर भोजपुरी गीत 'बटोहिआ' सब से अधिक लोकप्रिय रहल। उनकर मृत्यु १९५५ में भइल रहे। प्रस्तुत बा बटोहिया गीतः

(११) *सुन्दर सुभूमि भैया भारत के देसवा से, मोरा प्रान बसे हिम-खोह रे बटोहिया॥*
एक द्वार घेरे, रामा हिम-कोतवालवा से, तीनद्वार सिन्धु घहरावे रे बटोहिया॥
जाहु-जाहु भैया रे बटोही हिन्द देखि आउ, जहवाँ कुहुकि कोइलि बोले रे बटोहिया॥
पवन सुगन्ध मन्द अगर चननवा से, कामिनी बिरह-राग गावे रे बटोहिया॥
बिपिन अगम घन सघन बगन बीच, नम्पक कुसुम रंग देवे रे बटोहिया॥
तोता तूती बोले रामा बोले भेंगरजवा से, पपिहा के पी-पी जिया साले रे बटोहिया॥
सुन्दर सुभूमि भैया भारत के देसवा से, मोरे प्रान बसे गंगा-धार रे बटोहिया॥
गंगा रे जमुनवाँ के झगमग पनियाँ से, सरजू झमकि लहरावे रे बटोहिया॥
ब्रह्मपुत्र, पंचनद घहरत निसिदिन, सोनभद्र मीठे स्वर गावे रे बटोहिया।
अपर अनेक नदी उमड़ि-घुमड़ि नाचे, जुगन के जदुआ जगावे रे बटोहिया॥
आगरा प्रयाग काशी दिल्ली कलकतवा से, मोरे प्रान बसे सरजू तीर रे बटोहिया॥
जाउ-जाउ भैया रे बटोही ! हिन्द देखि आऊ, जहाँ ऋषि चारो बेद गावे रे बटोहिया॥
सीता के बिमल जस राम-जस कृष्ण-जस, मोरे बाप-दाद के कहानी रे बटोहिया॥
ब्यास बालमीक ऋषि गौतम कपिल देव, सूतल अमर के जगावे रे बटोहिया॥
रामानुज रामानन्द न्यारि प्यारी रूपकला, ब्रह्म-सुख बन के भँवर रे बटोहिया॥
नानक कबीर दास शंकर श्री राम कृष्ण, अलख के गतिया बताबे रे बटोहिया॥
विद्यापति, कालिदास, सूर, जयदेव कवि, तुलसी के सरल कहानी रे बटोहिया॥
जाउ-जाउ भैया रे बटोही हिन्द देखि आऊ, जहाँ सुख झुले धान खेत रे बटोहिया।
बुद्धदेव पृथु बिक्रमार्जुन सिवाजी के, फिरि-फिरि हिय सुध आवे रे बटोहिया॥
अपर प्रदेस देस सुभग सुघर बेस, मोरे हिन्द जग के निचोड़ रे बटोहिया॥
सुन्दर सुभूमि भैया भारत के भूमि जेहि, जन 'रघुबीर' सिर नावे रे बटोहिया॥

५.१.१२ महेंद्र मिश्र

जीवनकाल के निश्चित उल्लेख ना मिलल मिश्रजी सारन जिला के 'मिश्रवलिया' गाँव (नैनी, छपरा) के निवासी रहलें। खासकके प्रेमगीत के रचयिता मानल जाएवाला महेंद्र मिश्र के सन १९२० ई. के लगभग भोजपुरी कविता में शाहाबाद, छपरा, पटना, चंपारन आदि जिलन में अच्छा सोहरत मिलल रहे। उनकर एगो खासिअत इहो बतावल जाला कि ऊ रामायण के भोजपुरी में अनुवाद कइले रहस। उनकर ई गीतः—

(१२) *नेहवा लगाके दुखवा दे गइले रे परदेसी सइयाँ॥टेक॥*

www.bhojpurisahityangan.com

अपने त गइले पापी, लिखियो ना भेजे पाती,
अइसे निठुर स्याम हो गइले रे परदेसी सइयाँ।
बिरहा जलावे छाती, निंदियो ना आवे राती,
कठिन कठोर जियरा हो गइले रे परदेसी सइयाँ।
कहत 'महेंदर' प्यारे सुनऽ हो परदेसी सइयाँ,
उड़ि-उड़ि भँवरा रसवा ले गइले हो परदेसी सइयाँ॥

५.१.१३ हीरा डोम

हीरा डोम के जन्म सन १८८५ के आसपास में भइल मानल जाला। इनकर ठौर-ठेकान में डॉ. माताप्रसाद इनका के बनारस के बतावेलन त डॉ. रामबिलास शर्मा से रमणिका गुप्ता तक के भारतीय विद्वान लोग इनका के पटना के निवासी मानेलन। सिंह (२००९, पृ. ४८) अनुसार हीरा डोम दानापुर के अगल-बगल गंगा नदी के किनारे रहत रहलें आ बेलायती सेना के दानापुर मिलिट्री में सफाई मजदूर रहलें। इनकर *अछूत की शिकायत* कविता मासिक सरस्वती के सितंबर १९१४ भाग १५, खंड २, पृ. ५१२-५१३ पर प्रकाशित भइल विकिपीडिआ बतावेला। ओह रचना के एतहों उद्धृत कइल गइल बाः—

(१३) *हमनी के राति दिन दुखवा भोगत बानी,*
हमनी के दुख भगवनओं न देखताबे,
हमनी के कबले कलेसवा उठाइबि।
पदरी सहेब के कचहरी में जाइबिजाँ,
बेधरम होके रंगरेज बनि जाइबि
हाय राम !धरम न छोडत बनत बाजे,
बेधरम होके कैसे मुँहवा दिखाइबि॥१॥
खम्भवा के फारि पहलाद के बँचवले जाँ,
ग्राह के मुँह से गजराज के बचवले।
धोतीं जुरजोधना कै भइआ छोरत रहै,
परगट होके तहाँ कपड़ा बढ़वले।
मरले रवनवाँ कै पलले भभिखना के,
कानी अँगुरी पै धैके पथरा उठवले।
कहँवा सुतल बाटे सुनत न वाटे अब,
डोम जानि हमनी के छुए से डेरइले॥२॥
हमनी के राति दिन मेहनत करीलेजाँ,
दुइगो रुपयवा दरमहा में पाइबि।
ठकुरे के सुखसेत घर में सुतल बानीं,

www.bhojpurisahityangan.com

हमनी के जोति जोति खेतिया कमाइबि।
हकिमे के लसकरि उतरल बानीं।
जेत उइओं बेगरिया में पकरल जाइबि।
मुँह बान्हि ऐसन नौकरिया करत बानीं,
ई कुल खबरि सरकार के सुनाइबि॥३॥
बभने के लेखे हम भिखिया न माँगवजाँ,
ठकुरे के लेखे नहिं लउरि चलाइबि।
सहुआ के लेखे नहि डाँड़ी हम मारबजाँ,
अहिरा के लेखे नहिं गइया चोराइबि।
भंटऊ के लेखे न कबित्त हम जोरबजाँ,
पगड़ी न बान्हि के कचहरी में जाइबि।
अपने पसिनवा कै पइसा कमाइबजाँ,
घर भर मिलि जुलि बाँटि-चोंटि खाइबि॥४॥
हड़वा मसुइया कै देहियाँ है हमनी कै,
ओकारै कै देहियाँ बभनओं कै बानीं।
ओकरा कै घरे घरे पुजवा होखत बाजे,
सगरै इलकवा भइलैं जिजमानी।
हमनी के इनरा के निगिचे न जाइलेजाँ,
पाँके में से भरि-भरि पिअतानी पानी।
पनहीं से पिटि पिटि हाथ गोड़ तुरि दैलैं,
हमनी के एतनी काही के हलकानी॥५॥

(http://www.nedricknews.com/special/know-about-hira-dom-chhut-ki-shikayat)

५.१.१४ भिखारी ठाकुर

भोजपुरी के कवि, गायक, अभिनेता, समाज सुधारक हर परिचय से जानल जाएवाला भिखारी ठाकुर के जन्म १८ दिसंबर १८८७ के बिहार के सारन जिला के कुतुबपुर (दिआरा) गाँव में एगो हजाम (नाई) परिवार में भइल रहले। उनका पिताजी के नाम दलसिङार ठाकुर आ माताजी के नाम शिवकली देवी रहे। जीविका के सिलसिला में गाँव छोड़के खड्गपुर चल गइलन। ओतहाँ कमाई त बहुत निमन भइल बाँकिर उनका संतुष्टि ना रहे। उनकर मन बसल रहे रामलीला में, जेकरा चलते ऊ जगन्नाथपुरी चल गइलें। बाद में अपना गाँवे आके एगो नाच के गरोह बनवलें आ रामलीला खेले लगलें। एकरा साथसाथ ऊ गीत गावस आ सामाजिक काम से भी जुड़ गइलन। बाद में नाटक, गीत खेलला-गवला का साथे किताबो लिखे लगलें। १० जुलाई १९७१ के चौरासी बरीस के उमीर में उनकर निधन हो गइल। एगो मातृभाषी

www.bhojpurisahityangan.com

भोजपुरिआ का तरफ से *बिदेसिआ, भिखारी-शंका-समाधान, भिखारी चउजुगी, भिखारी जयहिंद खबर, नाई पुकार, कलियुग बहार, बिरहा-बहार, यशोदा-सखी-संवाद, बेटी वियोग, विधवा-विलाप, हरिकीर्तन, भिखारी भजनमाला, कलयुग बहार* (नाटक), *बहरा-बहार, राधेश्याम-बहार, गबरघिचोर, घीचोर-बहार, पुत्रबध* (नाटक), *श्रीगंगास्नान, भाई-विरोध, ननद-भौजाई, नवीन बिरहा, चौवर्ण पदवी* आ *बुढ़ साला का बयान* जइसन दर्जन से बेसी पुस्तक लिखल पावल गइल बा। प्रस्तुत बा उनकर बिदेसिआ गीत जे बाबू रघुबीर नारायण के बटोहिआ के शैली में बाः—

(१४) *गवना कराइ सैंया घर बइठवले से, अपने लोभइले परदेस रे बिदेसिया॥*
चढ़ली जवनियाँ बैरन भइली हमरी से, के मोरा हरिहे कलेस रे बिदेसिया॥
दिनवाँ बितेला सइयाँ बटिया जोहत तोर, रतिया बितेला जागि-जागि रे बिदेसिया॥
घरी राति गइले पहर राति गइले से, धधके करेजवा में आग रे बिदेसिया॥
अमवाँ मोजरि गइले लगले टिकोरवा से, दिन-पर-दिन पियराय रे बिदेसिया॥
एक दिन बहि जइहे जुलमी बेयरिया से, डाढ़ पात जइहें भहराय रे बिदेसिया॥
झटकि के चढ़ली मैं अपनी अटरिया से, चारू ओर चितवो चिहाइ रे बिदेसिया॥
कतहू न देखीं रामा सइयाँ के सुरतिया से, जियर गइले मुरझाइ रे बिदेसिया॥

५.१.१५ बनारसी प्रसाद 'भोजपुरी'

बनारसी जी के जन्मस्थान शाहाबाद के बड़हरा बतावल गइल बा। उनकर जीवनकाल का बारे में अब तक निश्चित रूप से ज्ञात नइखे भइल। उहाँका गद्य-पद्य लेखक आ पत्रकार रहनी। उनकर भोजपुरिआ परिचय मनन योग्य रहल बाः—

(१५) **आपन परिचय**

कहेलन लोग सब नाम भोजपुरी जी हऽ, हाथ हम लमहर सोटवा लगाईला।
करीला हुंकार सुनि पास में जे आवेलन, कोड़ि कदराई हम जड़ से भगाईला॥
डर ना संकोच हम तनिको करीला कभी, राड़न के माथ पँचलतिया लगाईला।
मउगो-मलारन के झुंड में रखीला हम, भेड़िया बनाके देस-बाहर कराईला॥
साँच में न आँच कभी सुतलो में आवे दीला, झूठवो के हरदम दुसमन बनाईला।
बात उहे कहिला जे ठीक से बुझाला खूब, सजन महाशय के मथवा नवाईला॥
जाली व फरेबी केहू आँख से देखाला कहीं, पी७या प कसि-कसि मुकवा चलाईला।
समझेला अपना के गंडवा हुलक्कड़ जे, सोंटवा सँभारि हम सट से जमाईला॥
तनिको नतिजवा के करीं पहवाह नाहीं, आँख मूँद काम सब झट सपराईला।
करेला विरोध उहे उजुबुक बड़ए जे, कान धऽके उठकी-बइठकी कराईला॥
करके रहिला हम लँगट-लबारन से, भूलियो के तनिको ना हम अझुराईला।
मनवा लगाई हम कमवाँ करीला खूब, नामवाँ कमाके खूब जस फैलाईला॥
खाल-ऊँच मारि दीला काँट कुस लुनि लीला, चले के सुगम हम रहिया बनाईला।
आँख मुँदि अन्हरो निगम होके चले जे से, रहिया के विपति से सभ के बँचाईला॥
आपस में गुहिओया के जड़िया जमल बाटे, कोड़ि-कोड़ि ओकरा के मेलवा भढ़ाईला।
जाति से गिरल बा जे नरक परल बा जे, कन्हवाँ चढ़ा के हम छतिया लगाईला॥

www.bhojpurisahityangan.com

इहे त धरम बाटे इहे त करम बाटे, रात-दिन सोंटा लेले दउड़ लगाईला।
जुलम के जहाँ-कहीं डिलवा लउकि जाला, ताल ठोकि ओकरा के जलदी ढहाईला॥
इहो नाहीं चाहीं जे लोग घबड़ाय लागे, बतिया सरस बीच-बीच में बताईला।
अगिया वो पनिया के बीच से चलाईं हम, धीरे-धीरे बाग में बसंत के नचाईला॥
कहिला से एकरा से दिल के जलन जाला, रतिया में एहिसे हिंड़ोलवा लगाईला।
धीरे ले जुटाई लीला गोरिया रसिकवन के, प्रेम के बजरिया में रँगवा उड़ाईला॥
एकरे में भूलि के ना समय बितइहऽ बेसी, ऐहु में बा जाल भाई कह के डराईला।
रसवा के बस होके बात जे बिसारि देला, धाइ के तुरत हम सोंटवा जमाईला॥

५.१.१६ भुवनेश्वर प्रसाद 'भानु'

'भानु' जी के जन्म १९११ ई. में शाहाबाद जिला के 'चंदा-अखौरी' गाँव में भइल रहे। उनका हास्य कविता में महारथ हासिल भइल मानल जाला। बाँकिर भोजपुरिआ पहचान पर भी उनकर कलम चलल बा। पेसा से उनका के पत्रकार भी बतावल गइल बा। ई उनकर कविताः—

(१६) *झुठ ना बखाने जाने, छुत छात नाही माने।*
माने जाने सभ के, ना जाने जी हुजुरिया।
धुरिया चढ़ावे जाने, पीठ ना देखावे जाने।
दीठ ना लगावे जाने, आन के बहुरिया।
आन पर लड़ावे जान, जान के ना जान जाने।
चले उतान जाने, तान के लउरिया।
बानी मरदानी जाने, चाल मस्तानी 'भानु'
होला एक पानी के मरद भोजपुरिया॥

भाषा के इतिहास देखला पर जब ओह में रचना सुरु होला त अपवाद के अलावा पद्य रचना हावी रहेला, भले ऊ पहिले लोकवार्ता के रूप में रहेला बाद में शास्त्रीय साहित्य के रूप में आगा बढ़ेला। ई काम भाषा के इतिहास पर केंद्रित भइला से साहित्य के बान्गी बेसी देखावल मोनासिबो नइखे आ एतहाँ ओतना जगहो देहल उचित ना होई। ओहीसुके समग्र में कहल जा सकेला कि एह कालखंड में मौलिक साहित्य के रचना भोजपुरी में जमके भइल। भारतीय परिप्रेक्ष्य में ई राष्ट्रीय जागरण काल के रूप में भी इआदगार रहल। बाँकिर नेपालीय परिप्रेक्ष्य में साहित्य रचना के स्थिति अब तक निमन से ज्ञात नइखे।

५.२ राजकाज में भोजपुरी

जइसे कि आदिमकाल आ आदिकाल में राजकाज में भोजपुरी के प्रयोग पर चर्चा कइल गइल बा, एह मध्यकाल में भी ओकर निरंतरता रहल देखल जाला। वर्तमान नेपाल आ भारत के कुछ रिआसतन में औपचारिक रूप से राजकाज में भोजपुरी के प्रयोग भइल मिलेला। एह में कागज-तमसुक आ चिट्ठी-पत्र जइसन काम-बेहवार में भोजपुरी के प्रयोग रहल ज्ञात होला।

www.bhojpurisahityangan.com

५.२.१ नेपाल के राज-रजवाड़ा के बीच में भोजपुरी

नीचे उद्धृत नमूनन से एतना जरूर पता चलेला कि वर्तमान नेपाल के तत्कालीन कइअन राज-रजवाड़ा के बीच में चिट्ठी-तमसुक आ राजाज्ञा में भोजपुरी चलत रहेः—

५.२.१.१ तनहुँ के राजा कामारिदत्त सेन के पत्र, सं. १८२७

(१७) *स्वस्ति*

श्रीश्वरचरणसरोरुहस्मरणेत्यादिश्रीमद्रामचन्द्रवंशोद्भवसदासमाराधितसांबशीवलक्ष्मी-

नारायणश्रीमन्महाराजाधिराजश्रीश्रीश्रीकामारिदत्तसेनदेवानां सदा समरविदयिनाम आगे श्रीगुणानन्द पंथज्युके बिर्ता बकस भइल. जिले मर्यादपुर तमे चिताबन् मौजे सहलौली गाव भरि सांध सिवानकै केके दनही भोगहि सिवाव्य बेतलब सर्व अङ्क पाय विसुधा बकस भइल. आपन बिर्ता जानि बसहि बसावहि. सेवा षिजमतिह्य हाजीर रहहि.

सम्वत १८२७ साल भाद्रपदसुदि ७ रोज २ मुकाम् बदरकोना सुभम्

(पन्त, महेशराज; १९८३, १०)

५.२.१.२ तनहुँ के राजा हरकुमारदत्त सेन के सातगो चिट्ठी

तनहुँ के पछिला राजा हरकुमारदत्त सेन वि. १८३१ से १८३९ तक सातगो चिट्ठी रजबंधकी देत बेरा लिखले रहलें। (पन्त, महेशराज; १९८३, पृ. १९-२१)

ऊ सातू चिट्ठी इहाँ प्रस्तुत बाः—

(१८)क. **पहिलका रजबंधकी वि.सं. १८३१ में**

श्रीसांबशिव

स्वस्तिश्रीश्वरचरणसरोरुहस्मरणेत्यादिश्रीमद्रामचन्द्रवंशोद्भवसदासमाराधितसाम्बशिवलक्ष्मी-

नारायणश्रीमन्महाराजाधिराजश्रीश्रीमद्धरकुमारदत्तसेनदेवानां सदा समरविजयिनाम — — — — —

आगे हरिकृष्ण अचार्ज्जके बांधा बक्स कलेसदि माडीमध्ये रामचन्द्र थापाका पायेलमध्ये षेत मुरि ८० चालिस्या षेत मुरि ४० जम्मा खेत मुरि १२० तेकर डिहि लगासमेत बकसल औ शिमलचौर सम परके कै बक्सल. बाँधाक मोल रुपिया ५०४ अक्षरेपि पाच सय चार रुपाया शिक्का र समसि आपनु बाधा जानि अबल करहिँ षाँहिँ आशीर्वाद देल करहि. जब रुपया देव तब बाधा छुटि.

मिति सम्वत १८३१ मार्गसुदि १० रोज २ मुकाम सिमलटार शुभम्

ख. **दोसरका रजबंधकी १८३२ में**

श्रीसांबशिव

www.bhojpurisahityangan.com

स्वस्ति

श्रीश्वरचरणसरोरुहस्मरणेत्यादिश्रीमद्रामचन्द्रोद्भवसदासमाराधितसाम्बशिवलक्ष्मी-

नारायणश्रीमन्महाराजाधिराजश्रीश्रीश्रीश्रीमन्हरकुमारदत्तसेनदेवानां सदा समरविजयिनाम् — —

आगे धन्जै पाध्याको शालक ४०१ चार सय एक रुपैया हजुर लागलसे रुपयामह १२० मरी खेत कलास्ति माडिहम जुर्गै पाध्याक बिर्तामध्ये बाधा बकस मरल आपना बाधा जानि अम्बल करहु पाहु आशीर्वाद देहु.

मिति संवत १८३२ रोज ६ मुकाम तन्हु सुभम्

ग. **तिसरका रजबंधकी सं. १८३३ में**

श्रीसांबशिव श्रीलक्ष्मीनारायण सहाये

स्वस्ति

श्रीश्वरचरणसरोरुहस्मरणेत्यादिश्रीमद्रामवंशोद्भवसदासमाराधितसाम्बशिवलक्ष्मी-

नारायणश्रीमन्महाराजाधिराजश्रीश्रीश्रीश्रीहरकुमारदत्तसेनदेवानां सदा समरविजयिनाम् — —

आगे बलै नहर्कि काशिराम नहर्किके बाधा बकसल भैन आ १ चौरका फलडाडामध्ये बले नहर्किके आपन घडचारी काशीरामके बकस भइल. तेकर मोल रुपज्या १३१ अक्षरेपि एक सैय एकतिस सिक्काके बकस भैल. आपना बाधा जानि अम्बल करहि बसहि बसावहि षाहि सेवाम्ह रुजु रहहि जब रुपया देव तब बाधा छुटै.

संवत १८३३ आश्विनसुदि ४ रोज ४ मुकाम तनहुं शुभम्

घ. **चउथा रजबंधकी सं. १८३५ में**

श्रीसांबशिव श्रीलक्ष्मीनारायण सहाय

स्वस्ति

श्रीश्वरचरणसरोरुहस्मरणेत्यादिश्रीमद्रामचन्द्रोद्भवसदासमाराधितसाम्बशिवलक्ष्मी-

नारायणश्रीमन्महाराजाधिराजश्रीश्रीश्रीश्रीश्रीमत्हरकुमारदत्तसेनदेवानाम सदा समरविजयिनाम् — —

आगे बालै थपलियाके माटो बाधा बकस भयो. पुकोट माडि धौरालिफाटमध्ये तिसमुज्या खेत मुरि ३० तेकर रुपैया ६० सिकापर लगापातसमेत बाधा बकस भयो. जब रुपया देव तब बाधा छुटि. आपनु जानि अम्बला करहु षाहु सेवामा रुजु रहु.

संवत १८३५ मिति आश्विनबदि ७ रोज १ मुकाम तनहुँ सुभम्

www.bhojpurisahityangan.com

ङ. **पाँचवा रजबंधकी सं. १८३७ में**

स्वस्ति

श्रीश्वरचरणसरोरुहस्मरणेत्यादिश्रीमद्रामचन्द्रवंशोद्भवसदासमाराधितसाम्बशिवलक्ष्मी-

नारायणश्रीमन्महाराजाधिराजश्रीश्रीश्रीश्रीश्रीमद्धरकुमारदत्तसेनदेवानां सदा समरविजयिनाम् — —

आगे हरिवंश नैसिके साइलाटार आपनु मिर्दो जसिवेत घर्ति वृषजित आलेले कमायाको सोहरा बाँधा बकसल मुरि ३ विजन्य तेकर रुपैआ सिका ५० अक्षेरेपि पचास. जब रुपै दे तव बाधा छुतै. बाधा जानेकौ अपने अम्बल करहु सेवामा रुजु रहु.

संवत १८३७ मिति जेष्टसुदि मुकाम बन्दिपुर शुभम् — —

ङ. **छठा रजबंधकी सं. १८३८ में**

श्रीसाम्बशिव श्रीलक्ष्मीनारायणे सहाय

स्वस्ति

श्रीश्वरचरणसरोरुहस्मरणेत्यादिश्रीमद्रामचन्द्रवंशोद्भवसदासमाराधितसाम्बशिवलक्ष्मी-

नारायणश्रीमन्महाराजाधिराजश्रीश्रीश्रीश्रीमद्धरकुमारदत्तसेनदेवानाम् सदा समरविजयिनाम् — —

आगे भवानीशंकर उपाध्यायके बाधा बकस भयो. कलेस्ति माडिमध्ये आपनु पायेलमध्ये आफ्ना साँधथैको अम्बोटन्छा षेत मुरि ६० औ फेदिको षेत मुरि २० जम्म षेत मुरि ८० अक्षरेपि षेत मुरि अषि तेकर मोल रुपैया ४०० सिक्का अक्षरेपि चार सय तेकर लगा डिहिसमेत बकसल. जब रुपया देव ताव बाधा छुटै. आपन बाधा जानि अम्बल करहु षावहु सेवामा रुजु रहु.

संवत १८३८ साल फाल्गुणवदि ४ रोज ६ मुकाम ताकुं सुभम्

च. **सातवाँ रजबंधकी सं. १८३९ में**

श्रीसाम्बशिव श्रीलक्ष्मीनारायणे सहाय

स्वस्ति

श्रीश्वरचरणसरोरुहस्मरणेत्यादिश्रीमद्रामचन्द्रवंशोद्भवसदासमाराधितसाम्बशिवलक्ष्मी-

नारायणश्रीमन्महाराजाधिराजश्रीश्रीश्रीश्रीमद्धरकुमारदत्तसेनदेवानाम् सदा समरविजयिनाम् — —

आगे बलभद्र गोलिके बाँधा बकसल. ज्याम्रुकमध्ये महारुद्र अधिकारिको पायल षेत मुरि ५० औ षवारी बोधामध्ये षेत मुरि २०

www.bhojpurisahityangan.com

तेकर रुपैया शिक्का ३२७ अक्षरेपि तिन सय सताइस तेकर हिजो बाँधा षायामध्ये रहलपहल् डिहि लग्गासमेत बाँधा कैके बकसल. आपने बाँधा जानिके अंबल करहु पाहु बसहु बसाहु आसिर्वाद देहु.

मिति सम्वत १८३९ मार्गवदि ४ रोज १ मुकाम् गोलडाडा

५.२.१.३ पाल्पा के राजा महादत्त सेन द्वारा रणमर्दन सेन के भारा देके कज्यावल गइल सं. १८४५ में देहल गइल ताम्रपत्र

(१९) ***श्रीभवानीहृषिकेशौ जयतः***

पत्र सही

(छाप में)

स्वस्ति श्री सदासिवचरणमन्माहादतसेनबहादुरदेवानां

१. *स्वस्ति श्रीश्वरचरणस्मरणपूर्वकरूपनारायणेत्यादीविविध-*
२. *विरुदावलिविराजमान्मानोत्मत्श्रीमन्माहाराजाधिरा-*
३. *जश्रीश्रीश्रीमन्माहादत्तसेनबाहादुरदेवानांसदा स-*
४. *मरविजैनां ————*
५. *आगे काजि रणमर्द्दनसेनके मदेस प्रवत जाहाले पल-*
६. *पाकै राज है ताहा लेके कज्याइ भारा बृत्ता कैके दीहल*
७. *पुस्त दरपुस्तले जवताइ हमार संतत रहे वो काजिकै*
८. *संतत रहे तवले कज्याइ भारा कर मामुली षायन क-*
९. *ज्याइकै षाय सर्व आक मेट् सइ मदेस प्रकासे ली-*
१०. *हल कर षुसी षात्रीज्मासे कज्याइकै कामकैल करे*
११. *इति श्रीताम्रपट्ट सम्वत १८४५ साल आषाडकृस्न*

(बायाँपट्टि फँड़इआ में)

१. *१३ रोज ७ मु-*
२. *काम पाल-*
३. *पा शुभ्म* (पन्त, महेशराज; १९८६, पृ. ३७)

५.२.१.४ सेन राजा लोग के सं. १८२५ से १८५४ तक के तीनगो चिट्ठी

(२०) क. राजा कामदत्त सेन के सं. १८२५ में मोरङ के चोत्राहा में लिखल चिट्ठी

श्री विष्णुपीती

श्रीकामदत्त सेन्—

१. *आज्ञा श्रीश्रीश्री --- --- --- --- जीव*
२. *श्रीकेशव झा जोसीके षडा मोरंग तपा कटहरीमध्ये मौज्ये*
३. *पोषरीया बाकी गावो ठेक् १ मैहाद ससीम् श्री --- --- --- षातीर*
४. *कुशवीर्ती दीहल्. आपन् षातीर. ज्माशै गावो हाद गुलजार कै*

www.bhojpurisahityangan.com

५. *असल ध्रगंरी दाम अंक. अवु आव दस्तूर शोध अनी मौज्म दा-*
६. *टीका शुवाई फौज्दारी ज्मादारी वो छापदारी द्वारदारी षवाशी*
७. *भीडही शुपही पंडीतारै चन्दा चीकारी नडी आना. वह छपी २।। ढेर*
८. *कठियारी वे आऱ्हदानी संगौटा शिंगारहाड मौआरी गैयारी*
९. *पलपपराईन् शव अंक उदापन्सहित् प्रति शुष भोग्य कै*
१०. *आशिर्वाद देत रहथु. ईती सम्वत् १८२५ शाल माह अगहंन्शु-*
११. *दी ता १ रझ मु. चोत्राहा --- --- --- ---*

ख. **राजा पृथ्वीपाल सेन के ललितपुर में सं. १८५१ साल में लिखल चिट्ठी**

१. *स्वस्ति श्रीमन्महाराजाधिराजश्रीश्रीश्रीमन्पृथिवपाल-*
२. *सेनबहादुरदेवाना सदा समरविजयीनाम् ————*
३. *आगे हातिराम नेवारके हुमिनु मैटाटि धा लैके जडचा*
४. *फुलबारी बनावैके ३ माना मकईकै बियाजे वै पा-*
५. *बारिस्मेत दीहल. सर्कारसै षोसैके नाही. नेवारे बेचे-*
६. *षायेके नाही बिन्ति कैदिहल. पानि बोकवै षा १ घर*
७. *ठाटिधलवैया १ घर दुनो घरके चौधरिके झांवल नाही. घर*
८. *गनी अपने हात सर्कारमे देही. आगे सलासै घरजनी*
९. *माफ केदिहल. सम्वत १८५१ साल पौषबदि ३ रोज*
१०. *२ मुकाम ललितपुर शुभ्म — —*

ग. **राजा पृथ्वीपाल सेन के बोटवली में सं. १८५४ में लिखल चिट्ठी**

श्रीभवानीह्रषीकेशौ जयतः
पत्र सही

१. *स्वस्ति श्रीमन्माहाराजाधीराजश्रीश्रीश्रीमन्पृथ्वीपा-*
२. *लसेनबाहादुरदेवानां सदा समरवीजयीनाम्————*
३. *आगे रतन घर्तीकै धोवादीकै क्षरवाके पोषरे चौर*
४. *गाहा लेही पानी जाय. ताहा तही बीऱ्हावौ. पौवा-*
५. *कै जतन करै. षांहीं धरर्म चलावो. पौवोंकै सै.*
६. *हार कंरै. लामेषरकसे उपर. देहलहैः सम्वत्*
७. *१८५४ साल माघसुदी १० रोज ७ मुकाम् बोट-*
८. *वली सुभ्म् ————————*

(छेउमा)
माः काजी रणमर्दन् सेन

दृष्टांत (१९क-ग) में प्रस्तुत चिट्ठिअन के पन्त, महेशराज (१९९०, पृ. १८-१९) से उद्धृत कइल गइल बा जे एह बात के साक्षी बा कि ओह बेरा समूचा सेन रिआसतन

www.bhojpurisahityangan.com

में यानी पाल्पा से लेके पुरुब में मोरङ तक भोजपुरी बोलल जात रहे आ राजकाज में एकर निधड़क प्रयोग होत रहे।

५.२.२ भारत के राज-रजवाड़ा के बीच में भोजपुरी

इतिहास के एहू कालखंड में वर्तमान भारत के राज-रजवाड़ा में भोजपुरी कागज-पत्र, चिट्ठी-तमसुक के भाषा रहे, एकर सटीक प्रमाण प्राप्त होला। यद्यपि प्राप्त प्रमाण कुछ खास जगह से मात्रे मिलल जनावल गइल बा, बाँकिर ई संकेत करेला कि शोधखोज कइला पर भोजपुरी वर्तमान भारतीय भूभाग में खास कके भोजपुरिआ क्षेत्र में सरकारी कामकाज के भाषा रहे। तिवारी (१९५४, पृ. ३१५-३३१; १९६०, २१८-२२२; आ १९८४, ५४३-५५९) आ आचार्य (वि. २०५३, पृ. ३९-४५) में उद्धृत अइसन कागज-पत्र, चिट्ठी-तमसुक के कुछ नमूना नीचे देहल गइल बाः—

५.२.२.१ बैरिया से प्राप्त कुछ पत्र

ई पाँचगो चिट्ठी विभिन्न महानुभाव लोग द्वारा श्रीमान् बाबू रघुनंदन प्रसाद सिंह के लिखल गइल बा। एह सब में प्रयोग भइल साल फसली संवत ह जे में ६४९ जोड़ला पर विक्रम संवत होला।

(२१)क. **राजपरिवारन के बीच में चिट्ठी सं. १**

श्वाशती श्री शरबौपमा जोग्य श्री बाबु रघुनन्दन प्रशाद नारायण शीघ जी इतः श्रीमन महाराजाधिराज श्री श्री श्री म्हाराजे राजेन्द्र प्रताप शाही बहादुर कश्व शलाम (।) इंहा कुशल छेमान्द (छेमानन्द?) है (,) आपके कुशल छेमान्द चाहीं जाशे षुशी पात्र ज्मा हे (।) आगे षत अपने के बड़ा ईन्तजारी म्ह आयल (,) अहवाल आन्द मगल (आनन्दमंगल) मेजाज के दरीआफत के कमाल षुशी हाशील भैल (।) श्री च्रीः हीरा बाबु का शादी के बात लीषब भैल शेस वाली शादी मोकरर होए गैल बाट (।) अबही रसम तील्लक के उहा शे नाही आएल है (।) जब रशम तील्लक के आई तेकर अहवाल अपने के लीषी जाई ही (।) अधीक आन्द षूशी लीषल्जाई ही जे तसल्ली षात्र ज्मा हे (।) जीआदे ताः १३ बैशाष शन १२७३ शाल (।) (अर्थात् वि. १९२२ साल)

ख. **राजपरिवारन के बीच चिट्ठी सं. २**

श्वोशती श्री शत्रौपमाजोग्य मरजादा शील शागर शकल गुन गरीश श्री बाबु शाहेब बाबु रघुनन्द प्रशाद पाडे जीव इतः श्री बाबु शाधुशरन प्रसाद शाही जीव कुशलात (,) इंहा कुशल मंगल बाट (,) अपने क कुशल मंगल शर्वदा क नेक चाही जे शुनी प्रम आन्द होए (।)

आगे महथ जी का हाथी का शाथ रामगती ... ... ईन्ह का जबानी अपने का मीजाज क कुशल मंगल दरीआफत भैल (।) आन्द भैल शे

www.bhojpurisahityangan.com

अपना मीजाज क कुशल मंगल लीखत रहब होखी (।) जीआदे शुभ ताः ९ जेठ शन १२७७ शाल : (यानी वि. १९६६ साल)

ग. **राजपरिवारन के बीच में चिट्ठी सं. ३**

श्री देवता श्री राम

स्वौस्ती श्री स्रव उपमा जोग श्री बाबू रघुनंदन प्रशाद शीघ जी इते स्वौस्ती श्री प्रताप नाराएन त्यादि विबीध विरुदावली बिराजमान मनोन्नत श्री मन्महाराजाधिराज श्री श्री श्री महाराज राजेन्द्र किशोर शीघ बहादुर देवदेवानां शदा शमर बीजइनां के न्मशकार (।) इहा कुशल छेम है (,) अपने के कुशल छेम चाही जे खुशी खातीर के ज्मा रहे (।) आगे माह अगहन शन हाल में मोकाम बनारश शे ... ... के बनीशबत एक कीता खत बशबील डाक बैरंग एह तरफ शे रवाना कइल गइल वोह शे हालात मोफशील जाहीर भइल होइ (,) मगर बहुत अरशा गुजर गइल कुछ हाल लीखेम्ह न आइल (,) कमाल इन्तजारी देखकर फेर अपने के लीखेम्ह आइल हे की अपने हतलमकदुर उतजोग वो पैरवी शे दरेग मत कइल जाइ जे हमे ... शभ मील जाए तवन उपाए वो ततवीर कइल जाइ (,) बल के एह बनीशबत एक कीता खत डुमरांव भी जात बाट शे बुझे मे आइ (।) अधीक कुशल मंगल लीखत रहेम्ह आइ जेह शे खुशी खातीर के बनल रहे ताः ३ माह माघ शन १२७९ साल मोकाम बेतीआ (।) (अर्थात वि. १९२८ साल)

घ. **राजपरिवारन के बीच चिट्ठी सं. ४**

श्वौशती श्रीः बाबु शाहेब बाबु रघुनन्दन प्रशाद जी जोग्य बाबु राधामोहन प्रशाद के आशीरबाद (।) श्रीः जी शादा शाहेब के आनंद शासथ राखी जाही ते अपना प्रमखुशी (।) आजु एक खत बजरीए डाक बानाम लाला धरमनाराएन शीघ मोः बैरीआ शे शाहेब के आइल (।) वोह शे मालुम भैल की बखीआल रावानगी हमरा मोः डुमराव का आजु शाहेब का बैरीआ शे कहार ना रावाना कैल गैल (।) कालु डुमराव शे एक पीआदा हाथी लेके आइल (,) हाथी तो वोहपार रहल मगर पीआदा डेरा प्र आकर एतीलाए दीहल की हाथी हम वोहपार राखी आइल बानी (,) चलल जाउ (।) हम भोजन कैला का बाद इहा शे रावाने होए दरीआव का कनारे गैली (।) उहा मालुम भैल की फीलवान बहार शरारत हाथी वापश ले गैल (।) एक पीआदा ... ... वोकरा श मालुम भैल की नेआजी पुर पहुचल होइ (,) जोवकी शाम हो गैल अगरचे वोहपार जैबो करी तो उहाँ शे जाए के शवारी के कवनो बंदोवशत नाही ... ... पाच बजे फेर डेरा पर अइली अवर पीआदा जे हाथी का शाथ

www.bhojpurisahityangan.com

आइल रहे वोकरा के एक रुका लीखी के दीवान जी शाहेब का नाम शे दे दीहली की हम कीनारा तक ऐली मगर हाथी ना मीलल तेह शे वापश जात बानी (,) दीगर शवारी बंदोबशत कै के हाजीर होखब (।) अब ही तक कहार के बंदोबशत इहा ना भैल (,) हुकाम शभ के रावानगी शगर के (,) तेह शे काहार मीलना गैरमोमकीन (,) तहशीलदार शाहेब का करशु (,) इन्हकरा कोशीश मे कुछु शक नइखे (।) बगैर शवारी का ना हम डुमराव जा शकी ना माकान पर आ शकी (।) बा-ह नफर काहार शाथ एही पीआदा का जलद भेजल जाए की हम इहा शे डुमराव जाइ वो उहा शे रोकशद होकर एही कहार पर बैरीआ आइ (,) वो दुई ठे बेगार भी जरुर कहारन का शाथ आवशु (।) आजु नन्हकु जी शाहेब जरीदा देवी भगत का माः कहार शबील कै के डुमराव गैली (।) कल्ह कशत उहा के इहा वापस आवे के बाए (,) अशबाब वोगैह वो चद आदीमी इहा का मोकाम में छोडी के गैल बानी, अधी (?) अपना खुशी मीजाज शे खुश राखब होइ (,) जीआदे शुभ ताः १० अगहन रोज बुध शन १२८९ साल— (अर्थात वि. १९३८ साल)

आशीरबाद खत बाजेह कहार ओ बेगार कल्ह शाम तक जरूर आवे (,) ऐसन संयोग बाए की जाके भी हम फिर आवतानी (,) सवारी के तो सवील होत का लेकिन तो एसन हेर फेर हो जात बाए की पहुँची नैखे सकत (,) अधी अपना खुशी मिजाज के लीखब होई—

ङ. **राजपरिवारन के बीच चिट्ठी सं. ५**

स्वस्ति श्री सकल गुण गरिष्ट बाबू रघुनंदन प्रसाद सिंहजी के इतः श्री काशी नरेस महाराजाधिराज द्विजराज कुमार प्रभुनारायण सिंह कै यथा योग्य (।) इहाँ कै अन्यंत शोकदाई समाचार लिषी (,) मिः जेठ सुदी १५ सं. १९४६ गुरुवार के श्री दाऊ जी के काशीलाभ भैल (,) आसाढ़ बदी ९ शति से मंगल १२ तक श्राद्धादिक कर्म होई से जानब (,) शरीक होब (।)

५.२.२.२ रतशड से प्राप्त कुछ पत्र

नीचे प्रस्तुत कुछ पत्र पंडित-पुरोहित लोग के बीच भइल पत्राचार हः

(२२)क. **घरायसी चिट्ठी**

स्वोस्ती श्री श्री श्री श्री सब उपमा बीराजमान वेद मुरती सकल गुन गरी (?श्ट) श्री पंडीत जी श्री कधइआ राम पंडी जी के लीः शदा शेवक गुरदेआल चौबे के शस्टाग दंडवत बारमबार (।) आगे इहा कुशल मंगल है (।) शरकार का अनुग्रह ते सरकार के कुशल मंगल चाही हरोज के जाही ते आपन भला होइ (।) बाद इहा के हेतु अस हव जे सकार के

www.bhojpurisahityangan.com

दरशन करे के इछा हव शे ताहा शरकार में पहुचीती (,) शे एगो बात बाइ जे हम गंगा नाहात बाडी कातीक (,) शे आपन अखतीआत नाही बलावे के (,) शे इ बुझत बाडी जे शरकारे बुझनीहार हउ (,) आगै अब इहे अरज इहे जे अतवार के शरकारे अनुग्रह कइके गंगाजी नहाए आइल जाइही (,) मोकरर हे (तु?) बुझवल जाइही (,) आपन जानी के मोकरर मेहबानगी कइ के शुरेमनीपुर ले आइल जाइही मोकर (,) लीखल थोर जानब बहुत (,) भावनाथ जात बाडे (,) हेतु कहीहे (।) आगे जीआदे शु मीः कातीक बदी ५ ममी रोझ मगर सन १२३२ शाल। (अर्थात वि. १८८१ साल)

ख. **पंचनामा**

कधइआ राम पंडीत

लीः उद्दंत पाडे वो हरी पाडै वो तुला पाडे वोगौह्न मटुकी पाडे वो मनशाराम पाडे वो लालु पाडे वो अवतार पाडे वोगौह्न लछी पाडे मालीक मौजे मटुकीपुर शाः रतशंड कशबे खाश वो उपरोहीत तालुके रतशंड तपै चैराशी अमले प्रगते कोपाचीट (।) आगे हमरा दुनो जानाका तकरार भैइल (,) खुट फेड बाग बाश खेत पोखरा मौजे मटुकीपुर वो जजुमनीका तालुके रतशंड तपै चैराशी कै (।) तब हमरा दुनो बादीन्ह आपुश माह ऐक दील होए के शलाह ठहरावल की ऐक पंच मोकरर करी की जगरा आपुश कै आछा नाही (,) तब हमरन्ह का आपुश माह शलाह ठहरल की पंच कधइआ राम के पंडीत के बदी (,) जे पंडीत नीवारी देही से हमरा दुनो जने कबुल करी (।) शलाह आपुस माह ठहरल (।) तध कधइआराम पंडीत का इहा हमरा दुनो जने गइली (।) अहवाल मोफशीशील बआन कइली (।) कहली की हमरन्ह कै झगरा छोडाऐ देइ (।) तब पंडीत मजकुर ने कहल की जो हमरा के दुनो जने जो पंच बदब तब अदालती जाइ दुनो जने हमरी नाव कै शफीना हजुर शे ले आइ (।) तब हम रउरा शभ कै झगरा छोडाऐ देब (।) तब हमरा दुनो जने पंडीत मजकुर शे अरज कइल की इआम कातीक कै हमरा गीरहशतइ कइल चाही (,) जव हमरन्ह के गाजीपुर भेजी ला अदालती में (,) तब हमरन्ह बेजीअका होइला (।) तब पंडीत मजकुर ने कहल की आछा रउरा दुनो बादी हमरी नाव के करारनामा मोचलिका शटाम प्र लीखी देइ (,) तब हम नीवारी देश (।) तब हमरा दुनो बादी पंच बदल (,) अपना खुश (शी?) रजाऐ (।) शे पंच के नाव मालीक मैजे मटुकीपुर शाः रतशंड कशबे खाश अमले प्रगते मजकुर के करारनामा मोचलीका लिखी दीहल (,) की पंडीत मजकुर जे नीवारी देही से हमरा दुनो जाना का कबुल वो

www.bhojpurisahityangan.com

मंजुर। पंडीत का कहला नीवरला जे दुनो बादी माह उभयै शे अपना पद शे बाजी रहै (,) शाहेब जज कै जरीवाना दे (,) वो अपना जाती मे कुपदी होए (;) अदालती में उभयी के दुनो बादी माह जे नालीश करै शे शाहेब जज वो कोरट अपील न शुने (।) ऐह अरथे दशतावेज करारनामा मोचलीका लीखल की शानी अनहाल शनदी रहै (,) बखत प्र काम आवै (।) शन १२३२ शाल शमत १८८१ मीती कातीक बदी अशटमी॥८ मोकाम रतशंड शाला प्र करारनामा मोचलीका अपना खुशी राजीबंदी शे दुनो जने लीखल (।)

लीः उछंत पाडे तुला पाडे हरी पाडे करारनामा लीखल से सही बाः हरी पाडे

लीः मनसा पाडे लालु पाडे अतार पाडे करारनामा लीखल से शही बाः लालु पाडे

गवाह—
भवानी शीघ ल्मरदार तालुकै रतशंड करार उछत पाडे वो मनशा पाडे वोगौह्न बाः बीहारी दाश =

गवाह—
रजंन शीघ ल्मरदार तालुकै रतशड करार उछत पाडे मनशा पाडे वोगौह्न

दशखत—
बीहारी दाश पटवारी मैजे बहादुरपुर
शाः रतशड कशबे खाश =

ग. **तमसुक**

स्मत १८८३ स्मै नाम कुआरबदी ६ बार शुभ दीन (।) धनीक नाम कधैआराम पंडीत शा० रतशंड अपने प्रगते कोपाचीट (।) उधारनीक नाम शुवंश पाडे वो गीरवर पाडे वो कवइ पाडे वो रघुबर पाडे माफीदार मौजे ब्रहनचारी अमले प्रगने मजकुर रानीग्री की (ही?) तम रुपैआ एकस्य दश अंकह ११०) शीका जर फराखाबादी तकर शुदी शएकरे हे महीनवारे हे एकोतरा का हीशाब शमेत जोरी के आशा-ह्न शुदी॥ १५ के देही लाकलाम बे उजुर उजुर न करही (।) आगे मौजे मजकुर माह हमरन्ह कै हीशा अढाइ हीशा बाजीब हव वो कबुजा बाट (।) शे एह रुपैआ माह खुशी वो राजामंदी शबुद अकीली अपने शे हीशा मजकुर अटक लीखल की करार प्र रुपैआ मै शुदी दाम दाम आदा करही (।) तब वेह प्र अगर करार प्र रुपैआ मै शुदी न देही तब हीशा मजकुर पंडीत मशतुर अपना कबुजा माह रखही (,) पैदावार तमशुक माह मोजारा

www.bhojpurisahityangan.com

देही (।) जब रुपैआ मै शुदी दाम दाम आदा होए तबही शा (हु?) मजकुर छाडी देही (।) बीधी-चरीत्र एह मामीला माह हमरन्ह कवनो फन फरेब करही तब ना मोनाशीब वो कही नालीशी करही तब शुना जए (।) एह अरथे तमशुक गीरइ लीखल जे बखत प्र काम आवै (।) मोकाम रतशंड पंडीत मजकुर का शाला प्र तमशुक लीखल (।) शन १२३४ शाल = (अर्थात वि. १८८३ साल)

५.२.२.३ पिपरपाँती से प्राप्त कुछ कागजात

(२३)क. **फारखती**

लीः सिहकु चौबे हीसेदार सुरेमनीपुर प्रगते बलीआ इनीकी कीहा सतह रुपैआ के दहताबेज रहे मडही कै से दाम दाम भरा लीहल फराखती लीखी दीहल की बखत पर काम आ (वे?) मीती जेठ बदी १३ सन् १२६८ साल मोकाम सुरेमनी पुर (।)

लीः सहकु चौबे फारखती लीखल मे सही
गु० कीनु चौबे सुरेमनीपुर हीसेदार
गु० हीरा चौबे सुरेमनीपुर हीसेदार

ख. **रसीद**

१२८३ शाल (अर्थात वि. १९३२ साल)
प्रगते बलीआ
ता० टकरशड
मौज शवरुबाध

रशीदी लीः शरकार श्री महाराज कुमार श्री बाबु रामपरगाश शीह जी मालीक लमरदार तालुके मजकुर हीशा पाच आना (।) आगे तपेसा चौबे मडहीदार शे मालगुजारी शन १२८३ शाल के मोताबीक ज्माबंदी के पावल (।) रशीदी लीखी दीहल (।)

आशामी	*रुपया*
मीः आशारबदी १३ मा०	*(१) एक रुपआ*
तपेसा चौबे मडहीदार	

दः दुरुगालाल मोशदी

www.bhojpurisahityangan.com

उपर के दस्तावेजन के देखला पर लिखावट में *स* का जगे भी *श* लिखल स्पष्ट बा। एहीतरे संस्कृत के तत्समीकरण में ताल्वीकरण (*इ+अ/आ = य/या*) आ ओष्ठीकरण (*उ+अ/आ = व/वा*) कके भोजोपुरी त्रिस्वरीय चरित्र जे अब भाषाई शिष्टता के नाम पर ओरावल जा रहल बा, इहाँ ओह से भोजपुरी बँचल बा। जहाँ तक कथित शिष्टता के बात बा त एह दस्तावेजन में पंडित आ राजा-महाराजा लोग ही तालुकदार बाड़ें, बाँकिर तत्समीकरण से भोजपुरी तब तक दूरे रहे, ई दस्तावेजन से सहजे पता चलेला।

एकरा साथ साथ नेपाल में लिखाएवाला अदालती कागजात आ तमसुक वगैरह पर एह कागजातन के प्रभाव अब तक समाप्त नइखे भइल। इहो एगो अध्ययन के विषय हो सकेला।

५.३ शोधकार्य में भोजपुरी

भोजपुरी भाषा के साथ साथ आउर हिंद-आर्य भषन के उत्थान के क्षेत्र में एह कालखंड में बहुत उत्साहजनक काम भइल बाः भोजपुरी नाम से भाषा के पहचान, भारत के भाषिक सर्वेक्षण में भोजपुरी समावेश, विदेशिअन से लेके मातृभाषी भोजपुरिअन द्वारा व्याकरण निर्माण।

५.३.१ भोजपुरी नाम से पहचान

गंगातटीय सभ्यता में भोजपुरी के भाषिक स्वरूप के पदचिन्न प्राकृत काल में सोहगौरा ताम्रपत्र का साथ साथ पालि का बाद फेर तिसरका प्राकृत काल होत आठवाँ ईसवी शताब्दी से सिद्ध साहित्य में तनिका बेसिए मिलल सुरु हो जाला। भोजवंशी राजा लोग के राजधानी काशी से बक्सर तक रहल बात पहिले उल्लेख हो चुकल बा। दसवाँ ईसवी शताब्दी का ओर फेर से भोजपुर बसल-बसावल बात भी पहिले उल्लेख हो चुकल बा। बाँकिर भाषा के रूप में भोजपुरी नाम के प्राप्ति सब से पहिले १७८१ में भइल उल्लेख मिलला। एही साल के अगस्त के बीच में इस्ट इंडिआ कंपनी के गभर्नर जेनरल वारेन हेस्टिङ्स आ बनारस रिआसत के महाराजा चेत सिंह के बीच में लड़ाई छिड़ गइल। एह विषय में मिलल जानकारी (http://hi.wikipedia.org/wiki/चैतसिंह) अनुसार १६ अगस्त १७८१ में भइल लड़ाई में चेत सिंह से वारेन हेस्टिङ्स के हारके भागेके पड़ल। एह प्रसङ पर भारत में एगो कहावत बहुते लोकप्रिय रहल बाः—

(२४) *घोड़ा पर हौदा हाथी पर जीन।*
मुँह तोपके भागल वारेन हेस्टिङ॥

बहुत सटीक कहावत बा ई आ व्यंग्यात्मको ओतने। काहेकि हौदा हाथी पर कसाला आ जीन घोड़ा पर बन्नाला। बाँकिर वारेन हेस्टिङ्स एह लड़ाई में अइसन हबकुनिए गिरलें कि घोड़ा पर जीन आ हाथी पर हौदा तक के उनका ठेकान ना रहल।

www.bhojpurisahityangan.com

जनानी के भेष में साड़ी के घोघ तानके चेत सिंह से गद्दारी करेवाला कुछ भारतीय लोग के कारण ऊ भागे में सफल भइलन।

बाँकिर, फिरङी सरदार मानित कइसे! ऊ फेर से २८ अगस्त १७८१ के दिन चेत सिंह पर दोबारा हमला कइलें। एह मोकाबला में कमजोर पड़ला पर चेत सिंह के पलायन करेके पड़ल। एह घटना के मोतीचंद्र (१९६२, पृ. २६६-२८८) में बड़ा रोचक आ आधिकारिक ढङ से व्याख्या-विश्लेषण कइल गइल बा। एही घटना के दू दिन बाद उनकर कुछ सिपाही लोग फिरङिअन का साथे बंदी अवस्था में चुनारगढ़ जात रहे। ऊ एह से कि वारेन हेस्टिङ्स के सुरक्षित कोठी ओह बेरा ओतहें रहे। एह क्रम में रास्ता में भइल एगो वारदात में *भोजपुरिआ जुबान (Bodjpooria Idiom)* 'भोजपुरी भाषा' के प्रयोग भइल मानुस (१७८५, पृ. ८) में उल्लेख मिलेला। एह संदर्भ के भोजपुरिअन के मुहजोर प्रवित्ति के रूप में ग्रिअर्सन (१९२७ख, पृ. २४) आ तिवारी (१९८४, पृ. २३४-२३५) में भी उल्लेख मिलेला। बाँकिर ग्रिअर्सन आ तिवारी के अनुसार साल १७८९ ई. बतावल गइल बा जौन कि एह वृत्तांतवाला किताब *शेर मुताखरिन* के १७८५ के बादवाला कौनो प्रकाशन के साल हो सकेला, ना कि ओह वारदात के। ना त १७८९ के घटना के एह किताब के अनुवादक नोता मानुस १७८५ में कइसे उल्लेख करतें?

(२५) *दू दिन बाद, सिपाहिअन के एगो रेजिमेंट जब किरिन फुटला पर सहर से होत चुनारगढ़ के ओर जात रहे, तब हम गइनी आ ओह के जात देखे खातिर खड़ा हो गइनी। एतने में रेजिमेंट के सिपाही सब रुकल आ ओह लोग के बीच से कुछ लोग अन्नार गली के ओर दउर पड़ल। ऊ लोग एगो मुर्गी पकड़ लेहलक आ कुछ मुरई-गजरा भी उठा ले आइल। लोग चिल्लाए लागल। तब एगो सिपाही आपन* ***भोजपुरिआ जुबान***[१] *में कहलस, एतना हल्ला मत कर। आज हमनी फिरङिअन का साथे जा रहल बानी; बाँकिर हमनी सभेकेहु चेतसिंह के प्रजा बानी आ बिहान उनहुँ का साथे आ सकतानी। तब मुरई-गजरा के सवाल ना होई; बल्कि सवाल होई तोहनी के माउ-बेटिअन के।*[२]"

---

१. *भोजपुरिआ जुबान* ऊ ह जे चेत-सिंह के प्रजा द्वारा बोलल जाला —अनुवादक।

२. Two days after, as a Regiment of Sepoys on its way to Chunar-ghur, was marching through the City at day-break, I went out, and was standing to see it pass by, the Regiment halted; and a few men from the centre ran into a dark lane, and laid hold of a hen and some roots: the people screamed. "Do not make so much noise," said one of the men in his Bodjpooria Idiom (The Bodjpooria Idiom is that spoken by Chëyt-Sing's people—Translator): "we go to-day with the Frenghees, but we are all servants (tenants) to Chëyt-Sing, and may come back to-morrow with him; and then the question will be not about your roots, but about your wives and daughters." (Manus, 1786, Translator's Preface, p. 8)

www.bhojpurisahityangan.com

नोता मानुस के एह फेहरिस्त के देखला के बाद १८वाँ ईसवी शताब्दी में भी भोजपुर से काशी तक के भाषा आउर कुछ ना होके भोजपुरी रहे, ई तथ्य उजागर होला।

५.३.२ भोजपुरी के भाषिक-सांस्कृतिक अध्ययन

एह मध्यकाल में साहित्यिक रचना आ राजकाज में ही भोजपुरी के प्रयोग ना होके लिखित रूप में एह भाषा के देश-विदेश में भोजपुरी के नाम से जानल सुरु भइल। सन् १७८१ ई. में सबसे पहिले *भोजपुरी* शब्द के प्रयोग भाषा के रूप में भइल बात के उपर उल्लेख हो चुकल। ओकरा बाद एही कालखंड में बेलायती साम्राज्य विस्तार आ गोर्खा राज्य विस्तार अभियान के दौरान सन १८१६ के सुगौली संधि के तहत भोजपुरी क्षेत्र दूगो अलग अलग देशन के हिंस्सा में विभाजित भइल। एकरा कुछ दिन के बाद विदेशी विद्वान जब तत्कालीन हिंदुस्तान के भाषिक स्थिति के अध्ययन में जुटलें तब भोजपुरी के व्याकरण, शब्दभंडार, लोकवार्ता पर ओह लोग के शोध आवे लागल। एही क्रम में बहुभाषिक शब्दकोश निर्माण में भोजपुरी सामिल भइल। एह से ओह लोग के योगदान के भी कालक्रमिक रूप से चर्चा भइल जरूरी बा।

५.३.२.१ जॉन बीम्स

जॉन बीम्स के जन्म रॉयल अस्पताल, ग्रीनवीच में २१ जुन १८३७ का दिन पादरी थॉमस बीम्स के जेठ बेटा के रूप में भइल रहे। जॉन बीम्स अपना पिता के तबादला के कारण पूरा बेलायत में घुमते आपन बचपन बितउनी। मर्चेंट टेलर्स स्कूल में १८४७ में आ हेलेबेरी कॉलेज में १८५६ में ऊ शिक्षा खातिर भर्ती भइल रहस जे दौरान ऊ साहित्य के साथ साथ संस्कृत आ फारसी में तगमो जितले रहस। ई उनका खातिर भारत में निजामती सेवक रहत बेरा बहुते सहायक सिद्ध भइल।

भोजपुरी के पहिलका खोज के श्रेय उनके जाला। रॉयल एसिआटिक सोसायटी के जॉर्नल में सन १८६८ में छपल उनकर खोजमूलक निबंध 'Notes on the Bhojpuri Dialect of Hindi spoken in Western Behar' भोजपुरी के व्याकरण पर पहिलका काम का रूप में भोजपुरिअन के मिलल बा, हलाँकि ऊ भोजपुरी के हिंदी के भाषिक बतौले बाड़न। एह में ऊ भोजपुरी के प्रारंभिक व्याकरण के साथ साथ कुछ पारिवारिक नाता-कुटुम से जुड़ल आ कुछ किसानी जनजीवन से जुड़ल भोजपुरी के पारिभाषिक शब्दावली के संकलन छपइले बाड़न।

एकरा साथ साथ उनकर भारत के आधुनिक आर्य भषन के तुलनात्मक व्याकरण के अपने महत्व बा, जे में पृष्ठ ९६-९७ पर बहुत संक्षेप में भोजपुरी के परिचय देहल गइल बा। हलांकि ऊ त भोजपुरी के हिंदी के भाषिका मानत रहलन, बाँकिर एतहाँ ऊ निधड़क कहले बाड़न कि भोजपुरी एगो अलगे भाषा कहावे खातिर लगभग समृद्ध बा।[३]

---

३. Adjoining the Maithil and Magadh, and stretching from the Himalayas to the outlying spurs of the Vindhya, is the Bhojpuri dialect, so strongly marked

www.bhojpurisahityangan.com

भारत से सेवानिवृत्त होके कलेभ्डॉन, समरसेट पहुँचला पर उनकर मृत्यु २४ मे १९०२ में भइल रहे।

५.३.२.२ रेभरेंड सैमुअल हेनरी केलॉग

सैमुअल हेनरी केलॉग के जीवन के बारे में बहुत कुछ ज्ञात नइखे भइल बाँकिर ऊ अमेरिकी प्रेसबाइटेरिअन (पुरोहित) मिसनरी रहलन। उनकर जीनवकाल सन १८३९-१८९९ बतावल गइल बा। ओइसे उनकर कृति त हिंदी व्याकरण के नाम से छपल बा आ उहो बीम्स के जइसही भोजपुरी के हिंदी के भाषिका के रूप में परिचय देले बाड़न। ओह व्याकरण में तुलसी के रामचरितमानस के साथ साथ प्रेमसागर आ कवीर के कथन से बहुतो शब्दावली उद्धृत कइले बाड़न। बाँकिर एह व्याकरण में भोजपुरी के साथ साथ दर्जनो भाषा के शब्दन के तुलना मिलेला (केलॉग, १८७६)। निश्चित बा, ई व्याकरण हिंदुअन के धर्मग्रंथ खास कके रामायण आ कबीर के उद्गार सुनाके उत्तर भारत के जनता में ऊ लोग अपना के स्थापित करे के उद्देश्य से लिखले रहे।[४]

५.३.२.३ अगुस्टस फ्रेडरिक रुडॉल्फ हॉर्नले

रुडॉल्फ हॉर्नले के जन्म तत्कालीन बेलायती भारत के आगरा में १४ नवंबर १८४१ में प्रोटेस्टेंट ईसाई मिसनरी थिअफिलस हॉर्नले के सुपुत्र के रूप में भइल रहे। ऊ जर्मन मूल के बेलायती प्रजा रहस। ओही से उनका के शिक्षा खातिर जर्मनी भेज देहल गइल। उनकर मृत्यु सन १९१८ में भइल रहे।

उनकर योगदान रहल बा शोधमूलक ई ग्रंथ, *आउर गौडिअन भषन से तुलना के साथ पूर्वी हिंदी व्याकरण*। इहे ग्रंथ तनिका फरक नाम से एके साल एकेगो प्रकाशक से छपल बा, *गौडिअन भषन के तुलनात्मक व्याकरण*। एह दूनू ग्रंथन के विषयवस्तु पूरा के पूरा उहे बा। उनका अनुसार संस्कृत से संबंधित भाषा सब गौडिअन हउए। ऊ भोजपुरी के पूर्वी हिंदी आ ब्रजभाषा के पछिमी हिंदी मनले बाड़न। ई व्याकरण उत्तर भारतीय भषन का साथे भोजपुरी के तुलनात्मक व्याकरण बा। एही से एह में बाँकी भाषा के शब्दन के तुलना भोजपुरी से कइल गइल बा। एकरा साथ साथ एह व्याकरण से इहो ज्ञात होला कि भोजपुरी आ मैथिली के बीच में अंतर ई बा कि मैथिली के सामीप्य बङाली आ नेपाली से बा, ना कि पूर्वी हिंदी से। ओहीसुके हॉर्नले पच्छिमी हिंदी के

---

with features of striking individuality as to be almost worthy to be called a separate language, and retaining many fine old Aryan forms which have dropped out of classical Hindi. (Beames, 1872, pp. 96-97)

४. No civilian, and especially no missionary, can well afford to remain ignorant of a book so popular and influential with the people; and if this grammar shall serve in any degree to aid and stimulate the study of the great poem of *Tulsí Dás*, on great aim of my work will have been accomplished. (Kellogg, 1876, p. x)

www.bhojpurisahityangan.com

प्रतिनिधि ब्रज के मनले बाड़न त पूर्वी हिंदी के प्रतिनिधि भोजपुरी के। अतः उनकर ई गौडिअन व्याकरण मूलतः ब्रज आ भोजपुरी के तुलनात्मक व्याकरण कहला से होई।[५]

एह व्याकरण के भूमिका के क्रम में ऊ एगो आउर बात स्पष्ट करेलन। ऊ ह कि हिंदी के पैदाइस उनइसवी ईसवी शताब्दी से भइल जेकर मूल रहल अङरेजी मिसन आ शिक्षा।[६]

इनकर दोसर महत्त्वपूर्ण काम रहल ग्रिअर्सन का सङे मिलके बिहारी भषन के तुलनात्मक कोश। एह कोश में मैथिली, मगही, पूर्वी भोजपुरी आ पच्छिमी भोजपुरी का साथे रामायण आ उच्च हिंदी के बीच में शब्दन के तुलनात्मक रूप प्रस्तुत बा (हॉर्नले आ ग्रिअर्सन, १८८५, पृ. परिचय १-५०)।

५.३.२.४ एस. डब्लु. फैलन

फैलन के जनम कोलकाता में १८१७ ई. में भइल रहे। उनका पारिवारिक जीवन का बारे में कुछ बेसी थाह नइखे। फैलन १८६५ ई. के आसपास में बिहार के विद्यालयन के नायब निरीक्षक रहलें। उनकर महत्ता रहल हिंदुस्तानी भषन के साथ साथ मुहाबरा आ कहावतन के शब्दकोश बनावल।

उनकर नया हिंदुस्तानी-अङरेजी शब्दकोश १८७९ ई. में प्रकाशित भइल रहे। एह में हिंदुस्तानी साहित्य आ लोकवार्ता से उदाहरणो प्रस्तुत कइल गइल बा। एह में अरबी-हिंदी, भोजपुरी, अङरेजी, हिंदी, लैटिन, मग्गह, मारवाड़ी, पुरानी हिंदी, पंजाबी, फारसी-हिंदी, पुर्तगाली, प्राकृत, संस्कृत, तुर्की, तिरहुती भाषा-बोलिअन के शब्दन समावेश बाड़ऽ सन (फैलन, १८७९, पृ. संक्षेपीकरण)।

एह शब्दकोश का बाद उनकर दोसर कृति रहल हिंदुस्तानी कहावत कोश जे १८८६ ई. में प्रकाशित भइल रहे। एह में मारवाड़ी, पंजाबी, मग्गह, भोजपुरी आ तिरहुती भषन के कहावत, कहबित, प्रतीक, सुक्ति, महत्तम आ उपमा सब समावेश भइल बा। एह कोश के ओही साल ओही प्रकाशक द्वारा मुहावरा आ कहावत के हिंदुस्तानी-अङरेजी कोश (Hindustani-English Dictionary of Idioms & Proverbs) के नाम से भी प्रकाशित भइल बा। उनका एह काम में दिल्ली के लाल फकीरचंद आ ठाकुर दास सहायता कइले रहलें। उनका एह कोश में संगृहित कुछ कहावतः—

---

५. ... ... In the following pages, whenever W. H. (Western Hindi) simply is spoken of, the Braj, as being its typical form, is especially intended.

… … Among the various E. H. dialects spoken by these people, that of the Banáras district or the Bhojpúrí is the most important. It is the one which is especially referred to in this work by the term Eastern Hindi, and the grammar of which forms more prominently my subject. (Kellogg, 1876, p. VIII)

६. The High-Hindí dates only from the present century. It is an outcome of the Hindi revival under the influence of English Missions and Education. (Hoernle, 1880a/b, p. VII)

www.bhojpurisahityangan.com

(२६) क. *अलख पुरुष की माया ! कहीं धूप, कहीं छाया !* (फैलन, १८८६, पृ. ९)
ख. *बोए पेंड़ बबूल के तो आम कहाँ से होएँ?* (फैलन, १८८६, पृ. ४६)
ग. *बुड़बक बर के साँझे बिछौना।* (फैलन, पृ. ४८)
घ. *बुड़बक देबी के कुल्थी के अच्छत।* (फैलन, १८८६, पृ. ४८)
ङ. *मङनी के सत्वा, सास के पिंडा।* (फैलन, १८८६, पृ. १५५)
ङ़ *मरल बछिआ बाम्हन के दान !* (फैलन, १८८६, पृ. १५६)

५.३.२.५ विलिअम क्रुक

विलिअम क्रुक के जनम आएरलैंड के कॉर्क काउंटी में ६ अगस्त १८४८ में भइल रहे। उनकर विद्यालयीय शिक्षा एरास्मस स्मिथ टिपररी ग्रामर स्कूल में भइल आ उच्च शिक्षा ट्रिनिटी कॉलेज डब्लिन में। ऊ भारतीय निजामती सेवा से २ नवंबर १८७१ में जुड़लन। ओह से तनिके दिन पहिले १८५७ ई. के सिपाही विद्रोह भइल रहे। एकरा बाद भारत में बेलायती इस्ट इंडिआ कंपनी से मामला सम्हार ना खाएवाला जानके भारत के शासकीय बागडोर सीधा बेलायत सरकार के हाथ में जाए लागल रहे। एह समय में बेलायती प्रशासन एह निष्कर्ष पर पहुँच गइल रहे कि गाँव-देहात के जनता के भाषा आ जीवनशैली जानला बिना ओह लोग पर शासन कइल संभव नइखे। हलाकि अइसन करे में क्रुक के कठिनाई त रहे बाँकिर एह काम में उनका लागेके पड़ल।

एह दौरान ऊ *उत्तर-पच्छिमी प्रांत आ अवध खातिर ग्रामीण आ कृषि शब्दावली* तइआर कइलें जौन १८८८ में प्रकाशित भइल। एह शब्दावली के परिचय नोट में उनकर कहनाम बा कि ओह क्षेत्र में लोकजुबान के प्रधानता के आधार पर एह में ब्रज, भोजपुरी सहित के शब्दन समीटल बा (क्रुक, १८८८, पृ. iv, Introductory Notes)।

एकरा बाद १८९६ ई. में उनकर ग्रंथ *उत्तरी भारत के लोकप्रिय धर्म आ लोकवार्ता* दू खंड में प्रकाशित भइल। दूनू खंड के देखला पर उत्तरी भारत के लोकविश्वास, अंधपरंपरा, ग्रामीण देवी-देवता आ लोक-धर्म पर पच्छिमा लोकवार्ता के साथ तुलनात्मक-विवेचनात्मक प्रस्तुति देखे के मिलेला। एह में हिंदू आ इस्लाम दूनू मजहब में रहल पारलौकिक विश्वास पर आधारित देवी-देवता, फरिस्ता, जीन आ एकनी के पूजापाठ में लागल दूनू मजहब के समुदायन के बारे में चर्चा मिलेला। साथे कइअन जगह पर जइसन के तइसने नामो उल्लेख मिलेला (क्रुक, १८९६क/ख)।

एकरा साथ साथ क्रुक *उत्तर-पच्छिमी प्रदेश आ अवध के कबिला आ जात* १८९६ में ही प्रकाशित करौलें। ई चार खंड में प्रकाशित बा। एह में भी भोजपुरिआ क्षेत्र के जनजीवन, जात के नाम आ ओह लोग के पेसा यानी भोजपुरी जनजीवन के सजीव चित्रण मिलेला (क्रुक, १८९६क/ख/ग/घ)। एकरा अलावा *इंडिअन नोट्स एंड क्वेरिज* पत्रिका प्रकाशन से लेके *इंडिअन एंटीक्वेरी* शोध पत्रिका में भी उनकर विशेष

www.bhojpurisahityangan.com

योगदान रहल बा। इनकर निधन ग्लुचेस्टरसायर के सेल्ट्नम स्थित एगो नर्सिङ होम में २५ अक्टोबर १९२३ में भइल रहे।

५.३.२.६ ह्यू फ्रेजर

बेलायती इस्ट इंडिआ कंपनी के भारत आ म्यान्मार में सैनिक अधिकारी के रूप में परिचित ह्यू फ्रेजर के जन्म इन्भरनेस-सायर में ७ अगस्त १८०८ में भइल रहे। इनकर शिक्षादीक्षा इन्भरनेस अकाडेमी आ एडिस्कंबे सैनिक सेमिनरी में भइल रहे। ऊ एकजने सैनिक इंजिनिअरिङ अधिकारी का रूप में ११ अगस्त १८२८ के भारत अइलें आ ३० सेप्टेंबर १८५७ के उत्तर-पच्छिमी प्रांत के लेफ्टिनंट-गभर्नर भइलें। उनकर एह पद के मुख्य आयुक्त का रूप में जानल जात रहे। ऊ *बंगाल के एसिआटिक सोसायटी* पत्रिका में गोरखपुर में प्राप्त भोजपुरी लोकगीतन के संग्रह प्रकाशित कइले बाड़ें। भोजपुरी लोकगीतन के एह १३ नमूनन में कजरी ५, ठुमरी २, जतसारी आ बिरहा १-१ आ अन्य ३ का साथे अंत में अद्यपि समूचा भोजपुरिअन का बीच प्रचलित रहल ई कहावतो रहल बाः

(२७) *विप्र टहलुआ, चीक धन, ओ बेटिन के बाढ़।*
एहू से धन न घटे, तो करी बड़न से राड़॥ (फ्रेजर, १८८३, पृ. २०)

एह गीतन के अङरेजी अनुवाद फ्रेजर अपने कइले बाड़न। बाँकिर एकर संपादन रहल बा ग्रिअर्सन के। एह गीतन के विशेषतन पर ग्रिअर्सन के विद्वतापूर्ण टिप्पणी एक तरफ पठनीय बा त छंद पर भी विचार कइल गइल बा। भोजपुरी में बलाघात के प्रयोग एह गीतन के विवेचन में बड़ा रोचक तरीका से भइल देखावल गइल बा। एह संग्रह के १२वाँ गीत ठुमरी के कुछ अंशः—

(२८) *जो हम जनितोँ कि नागा ऐहैँ हमरा हिआँ।*
(तो) अचरा डगरिआ बहारितोँ॥ (फ्रेजर, १८८३, पृ. १९)

५.३.२.७ जॉर्ज अब्राहम ग्रिअर्सन

जॉर्ज अब्राहम ग्रिअर्सन के जन्म ७ जनवरी १८५१ में आएरलैंड के डब्लिन काउंटी के ग्लेनागिअरी में भइल रहे। उनकर बाबु आ दादा प्रकाशक आ मुद्रक के काम में ख्यातिप्राप्त रहलें। उनकर शिक्षा-दीक्षा सेंट बीज स्कूल, कंबरलैंड आ ट्रिनिटी कॉलेज, डब्लिन में भइल रहे। ऊ सन १८७१ में भारतीय निजामती सेवा खातिर भारत अइलन। ऊ बिहार, बंगाल आ उड़िसा में प्रशासनिक पद पर रहके सेवा कइलें। उनका संस्कृत आ हिंदुस्तानी में विशेष दखल खातिर पुरस्कार मिलल रहे।

ऊ भोजपुरी के लोकप्रियता से अत्यधिक प्रभावित रहलें। एकर परिणाम रहल कि ऊ सबसे अधिक संख्या में भोजपुरी लोकवार्ता के संकलन कइलें। उनकर पहिलका संकलन रहल *कुछ बिहारी लोकगीत* जे रॉयल एसिआटिक सोसायटी के जॉर्नल में छपल रहे (ग्रिअर्सन, १८८४घ, पृ. १९६-२४६)। एह संकलन में १८ गो

www.bhojpurisahityangan.com

बिहारी लोकगीत छपल बा जे सब के सब भोजपुरी प्रतीत होला। एह से कि ग्रिअर्सन भोजपुरी के बिहारी भाषा के बोली कहत रहलें। एह गीतन में बऱमासा ६, झुमरा आ जँतसार ३-३, सोहर २, चतुर्मासा, कजरी, बधइआ आ बिआह गीत १-१ कके भोजपुरी के १८ गो लोकगीत संकलित बा। एह में पहिलका सोहर गीत में नेपाल के मोरङ के उल्लेख बा। उपर देखावल जइसन एहू गीतन के ग्रिअर्सन अङरेजी अनुवाद आपन टिप्पणी सहित प्रस्तुत कइले बाड़न।

एकरा बाद ग्रिअर्सन के दोसरका लेख १८८६ में एही पत्रिका में *पाठ आ अनुवाद सहित कुछ भोजपुरी लोकगीत* प्रकाशित भइल रहे। एह आलेख के पहिलका आठ पृष्ठ में भोजपुरी भाषा के विशेषता आ ओकर साहित्य का साथे संकलित गीतन में प्रयुक्त छंद पर अँजोर कइल गइल बा। जमा ४९ गो गीतन में से ४२ गो बिरहा आ चारगो घाँटो गीत बाड़न स। एह संग्रह के ४३वाँ भोजपुरी गीत विद्यापति के ह जेकर चर्चा पहिले कइल जा चुकल बा (ग्रिअर्सन, १८८६, पृ. २०७-२६७)।

ग्रिअर्सन के १९१७-२० ई. में प्रकाशित लंडन संस्था के पूर्वीय अध्ययन के बुलेटिन में *उत्तरी भारत के लोकप्रिय साहित्य* महत्त्वपूर्ण रहल बा। एह में तुलसीदास के रामचरितमानस, बिहारी के सतसऽ के साथ साथ सुरदास के पद आ विद्यापति के पदावली से कइअन उदाहरण प्रस्तुत बा त आल़ा गीत के भी चर्चा बा। बाँकिर एह में भोजपुरी भाषा के भी अनेको गीत सम्मिलित बाड़न स।

लोकगीतन का साथे ग्रिअर्सन भोजपुरी के लोकगाथा भी संकलन कके प्रकाशित करइले बाड़न। एह लोकगथन में मानिकचंद, विजय मल, गोपीचंद, आल़ा के बिआह, शोभनयका बंजारा जइसन लोकगाथा के संकलन ग्रिअर्सन कइले बाड़न।

मानिकचंद के गीत रहल उनकर लेख बहुते लमहर बा। मानिकचंद गोपीचंद के पिता रहलें। अतः एह आलेख में दूनू बापूत का बारे में काफी सामग्री उपलबध बा (ग्रिअर्सन, १८७८, पृ. १३५-२३८)। ग्रिअर्सन के भोजपुरी के लोकवार्ता संबंधी बाँकी शोधमूलक कार्य के एह से पहिले चर्चा हो चुकल बा।

ऊ १८८३ से १८८७ के बीच उनका शब्द में *बिहारी भाषा के भाषिका आ उपभाषिका सब के सातगो व्याकरण*[७] लिखलन। ऊ आठगो खंड में बा जे में पहिलका परिचयात्मक, दोसरका भोजपुरी व्याकरण (ग्रिअर्सन, १८८४क) आ चउथा मैथिल-भोजपुरी व्याकरण (१८८४ख) हउए। एह शृंखला के हरेक व्याकरण के बाद पाठ संग्रह प्रस्तुत बा। बाँकिर हरेक व्याकरण में रहल अइसन पाठ सब एक-दोसरा के अनुवाद कके राखल गइल बा।

---

७. Seven Grammars of the Dialects and Subdialects of the Bihari Language.

www.bhojpurisahityangan.com

एकरा अलावा ऊ भोजपुरी के लोक साहित्य पर भी विशेष काम कइलन। विद्यापति के मैथिली के महाकवि अब तक बतावल जा रहल बा बाँकिर ग्रिअर्सन रॉयल एसिआटिक सोसायटी के जॉर्नल के कइअन शृंखला में विद्यापति के भोजपुरी गीत पर चर्चा के साथ कुछ नमूनो छपले बाड़न, जेकर चर्चा पहिले हो चुकल बा। एकरा साथ साथ बिहार के किसानी जीवन[८] पर रहल उनकर ग्रंथ ही भोजपुरी जनजीवन के बयान करेला। ई भोजपुरी सहित बिहार के आउरो भाषा में कृषि जनजीवन से जुड़ल शब्दन के भण्डार ह, यानी ई एगो शब्दकोश भी बा। एकरा साथ साथ उनकर सब से महत्त्वपूर्ण योगदान रहल भारत के भाषिक सर्वेक्षण[९]। एह सर्वेक्षण शृंखला के पाँचवा खंड के दोसरका भाग, जे सन १९०३ ई. में प्रकाशित भइल रहे, में भोजपुरी के क्षेत्र आ व्याकरण के रीढ़ के साथ साथ भोजपुरिअन के जनसंख्या ओह बेरा दू करोड़ रहल बतावल गइल बा।

व्याकरण का साथे बिहारी भाषा के तुलनात्मक शब्दकोश, जे ऊ हॉर्नले के साथ संयुक्त रूप में प्रकाशित करौले रहस, के चर्चा उपर हो चुकल बा।

व्याकरण आ शब्दकोश का साथे ग्रिअर्सन के काम लिपि पर भी केंद्रित रहल। तत्कालीन अवस्था में भोजपुरी सहित के कुछ भषन के अभिलेख कैथी लिपि में रखल जात रहे। अतः सरकारी कामकाज में एह लिपि के उपयोग खातिर ऊ कैथी वर्णमाला के पुस्तिका भी प्रकाशित करौले रहस जे में कैथी लिपि के प्रयोग ओह बेरा के कचहरी में हिंदी भाषा में मोकदमा के कागजपत्र खातिर होत रहे से प्रमाणित होला। एकरा साथे कैथी लिपि में कइअन लोककथा आ चिट्ठी के नमूना भी प्रस्तुत बा (ग्रिअर्सन, १८८१)।

उनकर मृत्यु ९ मार्च १९४१ में भइल रहे।

जहाँ तक ग्रिअर्सन के भोजपुरी सहित भारत के कइअन भषन के व्याकरण के बात बा, त एकरा पीछे उनकर उद्देश्य ई रहल कि बेलायती साम्राज्य के कौनो कचहरी में भाषा के दुबिधा में कुछ अनर्थ ना होखो। यानी ओह कचहरी में रहेवाला बेलायती न्यायाधीशन आ आउर कर्मचारिअन के न्याय निरूपण करत बेरा सहजता होखो। कहे के मतलब बेलायती साम्राज्य के दीर्घजीवन मिलो।[१०]

---

८. Bihar Peasant Life.

९. Linguistic Survey of India.

१०. "Many Bihár officials have complained to me of the impossibility of understanding the *gaoñwárí bolí* of the witnesses who come into their courts, and more than one has suggested to me that I should compile a grammar of it, imagining apparently that the *gaoñwárí bolí* was one uniform language current over the whole Bihár. This, of course, was not the case; the vernacular of Bihár really consisting of three well-defined dialects, each of which itself varies according to its locality." (Grierson, 1883, p. 1 of the application to the director of public instruction, Bengal.)

www.bhojpurisahityangan.com

ग्रिअर्सन के सब से महत्त्वपूर्ण देन ई रहल कि ऊ भोजपुरी भाषा के भूगोल निश्चित कइलें। भारत के भाषिक सर्वेक्षण के पहिलका भाग में उनका अनुसार भोजपुरी भोजपुर के भाषा ह, जे ओह बेरा शाहाबाद जिला के उत्तरी पच्छिमी इलाका रहे बाँकिर अब भोजपुर जिला ही बन गइल बा। ऊ इहो कहेलन कि अब ई भाषा बहुत दूर-दूर तक पहुँच गइल बा जे पूरा पच्छिमी बिहार आ संयुक्त प्रदेश (अभीन के उत्तर प्रदेश) के पूर्वी जिलन के समीटत पलामू आ छोटा नागपुर के प्लेटो में राँची जिला तक फइलल बा (ग्रअर्सन, १९२७क, पृ. १४९)। एह विषय के एही सर्वेक्षण के पाँचवा भाग में भोजपुरी के फैलाव उत्तर में गंगा के मैदान से लेके नेपाल के हिमालय पर्वत के नीचला पठारी चोटी तक बा जे में पूरुबे-पच्छिमे तत्कालीन भारत के चंपारण से बस्ती तक के क्षेत्र समीटाला। एहीतरे दक्खिन के तरफ ई सोन नदी के पार करत छोटा नागपुर के राँची प्लेटो तक मानभूम में बङाली आ सिंहभूम में उड़िआ के छुएला। एहीतरे मुजफ्फरपुर में ई मैथिली के छुएला, गंगा के दक्खिन में गया आ हजारीबाग पहुँचके मगही के छुएला (ग्रिअर्सन, १९०३, ४१)। एहतरे नेपाल-भारत के बीच के सीमापार के भाषा के रूप में सबसे पहिले ग्रिअर्सन भोजपुरी के स्थापित कइले बाड़न।

एहीतरे ग्रअर्सन भोजपुरिआ राष्ट्र का बारे में बड़ा स्पष्ट कहले बाड़न, भोजपुरी भाषी देश अइसन जनता के वासस्थान ह, जे आउर बिहारी बोलेवाला लोग से अलग बा। ऊ लोग हिंदुस्तान के लड़ाका राष्ट्रन में एक बा। ऊ सन १८५७ के सिपाही विद्रोह में भोजपुरी सिपाहिअन के लड़ाकू भूमिका के इआद करेलन (ग्रिअर्सन, १९२७क, पृ. १५१)।

५.३.२.८ पं. शिवदास ओझा

उपर विदेशिअन का ओर से भोजपुरी भाषा पर भइल काम के उद्देश्य ओही लोग के शब्द में बतावल जा चुकल बा, जे ईसाई मिसनरी के फैलावट आ बेलायती साम्राज्य के स्थिरता रहल।

एह कुत्सित उद्देश्य से उपर उठके मातृभाषी भोजपुरिआ का ओर से भाषा उत्थान खातिर सब से पहिले पं. शिवदास ओझा सन १९१५ ई. में *भोजपुरी ठेठ भाषा व्याकरन* लिखलन। पं. ओझा के जन्म-मृत्यु का बारे में विशेष थाह नइखे भइल। बाँकिर ओह पुस्तक के भूमिका लिखत बेरा हवलदार त्रिपाठी 'सहृदय' के बतावल अनुसार उनकर जन्म बिहार के भोजपुर जिला में शाहपुर के निअरा सेमरिआ गाँव में भइल रहे आ ऊ संस्कृत के एगो निमन पंडित रहलें। भोजपुरिआ का ओर से तइआर भइल एह व्याकरण के ओज खातिर एकर विषय-वस्तु पर ना जाके एकर कालखंड पर जाएके परी कि ई ओह बेरा लिखाइल जवना बेरा भारत में अभी तक हिंदी व्याकरण भी लिखाइल ना रहे।

५.३.२.९ पं. रामनरेश त्रिपाठी (१८८९-१९६२)

पं. त्रिपाठी के जन्म भारत के उत्तर प्रदेश में सुल्तानपुर के कोइरीपुर नगर पंचायत में ४ मार्च १८८९ के दिन आ देहांत १६ जनवरी १९६२ के दिन इलाहाबाद में भइल रहे। इहाँका हिंदी के गद्य आ पद्य दूनू विधा में महारथ हासिल रहे।

www.bhojpurisahityangan.com

(क) ग्राम-गीत (वि. १९८६)

भोजपुरी के ग्राम-गीतन के संकलन करेवाला इहाँका हिंदी के प्रथम कवि रहनी। एह गीतन के *कविता कौमुदी पाँचवा भागः ग्राम-गीत* नाँव से हिंदी मंदिर, प्रयाग द्वारा वि. १९८६ में प्रकाशन भइल बा। एह ग्राम-गीतन में सोहर, जनेऊ, बिआह, जाँतसार, सावन, निर्वाही, हिंड़ोला, कोल़ू, मेला आ बरमासा के गीत सामिल बाड़ऽ सन।

(ख) हमारा ग्राम-साहित्य (१९४०)

निश्चित रूप से ग्राम-साहित्य मूलतः लोक साहित्य होला आ अधिकतर गेय होला। जब लोक साहित्य होई त निश्चित रूप से ऊ लोक भाषा में होई। जी, पं. रामनरेश त्रिपाठी के *हमारा ग्राम-सहित्य*, जे पहिल संस्करण का रूप में हिंदी मंदिर, प्रयाग से सन १९४० में प्रकाशित बा, भोजपुरी लोकगीतन आ कथन के संकलन बा। कुछ गीत त उनकर ग्राम-गीत में रहल शीर्षक से मिलता त कुछ आउर गीतन के भी इहाँ समीटल गइल बाः अन्न-प्राशन, मुंडन, नहछु, लइकन के गीत, बेटा-बेटी के बिआह गीत, जाँतसार, खेत, वर्षा-ऋतु के गीत, वीरगाथा में आल़ा, गाँव के कथा, अहीर के गीत, कहाँर के गीत, तेली के गीत, गड़ेरिआ के गीत, धोबी के गीत, चमार के गीत, पहाड़ी गीत, राह के गीत, भिखमाङा के गीत, शकुन-विचार, निरोगिता के चुटकुला, कहावतन में घाघ, भड्डुरी, लाल बुझक्कड़, माधोदास के कहावतन का साथे हृदयराम के साखी, अनेक तरह के अनुभव पर आधारित कहावत, बझउअल, ढकोसला, खेती के कहावत, वायु-परीक्षा, वर्षा-विज्ञान, बैल, जोताई, खाद, बीआ के वजन, बोआई, सिंचाई, निराई, कटाई, मड़ाई आ ओसाई, बाली के रोग, काल-निर्णय, खेती के फुटकर कहावत, सुखी-दुःखी किसान जइसन ग्राम-साहित्य के अनेको विधा के संकलन बा एह ग्रंथ में। एह में परोसल सामग्री के भाषा पच्छिमी भोजपुरी के साथ साथ कहीं कहीं पर अवधी भी प्रतीत होला।

५.३.२.१० डब्लु. जी. आरचर

आरचर के जन्म १ फेब्रुअरी १९०७ के भइल रहे। बेलायत सरकार के ऊ भारतीय निजामती सेवक रहलें। ऊ संकटा प्रसाद से मिलके *भोजपुरी ग्राम्य गीत* के संकलन कइलें। ऊ बिहार-उड़िसा-रिसर्च-सोसायटी के जॉर्नल के विभिन्न अंक में काम कइलन। भोजपुरी ग्राम्य गीत ओही सब के कुल मिलाके ३७७ गीतन के संग्रह बा। एह संग्रह में बिआह के विभिन्न चरण के गीतन का साथे झुमरा, टापा, सोहर, मुंडन, चइता, कजरी, बरसाती, जँतसार, रोपनी-सोहनी के गीत सामिल बाड़न स।

५.४ भोजपुरी भाषा के वैदेशिक फैलाव

जइसे पाँकी में कमल खिलेला, ओहीतरे कंगाली-बदहाली से तङ भोजपुरिअन के विभिन्न प्रलोभन देके एही कालखंड में उपनिवेशक लोग अपना मातृभूमि से दूर हटाके सात समुंदर पार ले गइल। निश्चित रूप से उपनिवेशक लोग शासक होके

www.bhojpurisahityangan.com

आपन भाषा-संस्कृति के विश्व में फइलौलख त भोजपुरिआ सहित के नेपाल-भारत के मूलतः मध्यदेशीय सांस्कृतिक धरोहर के मालिक लोग बनुआ मजदूर होके आपन भाषा-संस्कृति दुनिआभर में फइलौलख।

उनइसवाँ ईसवी शताब्दी में अङरेज लोग भारत-नेपाल से लाखो-लाख मजदूरन के संसार के अनेक टापुअन में ले गइल, जे ओह लोग के उपनिवेश रहे। बाँकिर नेपाल से गइल लोग बहुत कम आ मधेशी रहे, मधेशिओ में भोजपुरिआ रहे। ऊ लोग नेपाल सरकार आ बेलायती उपनिवेशक लोग के बीच के सम्झौता के अनुसार ना गइल। बल्कि ऊ लोग भारते में रोजगारी ढूँढ़त-ढूँढ़त भारतीय लोग का साथ ओही झुंड में सामिल होके गइल। ई जानकारी सन २००० में मॉरीशस पहुँचला पर मिलल संदर्भ के डॉ. गोपाल ठाकुर समय समय पर उल्लेख करत रहेलन।

अइसन झुंड सब से पहिले १८३४ ई. में मॉरीशस, १८४५ ई. में ट्रिनिडाड (वेस्ट इंडीज), १८६० ई. में दक्खिन अफ्रिका, १८७० ई. में फिजी द्वीप समूह पहुँचल लोग (पाण्डेय, १९८६, पृ. १२२)। पाण्डेय के अनुसार ई मजदूर लोग खास कके उत्तर प्रदेश, बिहार, बंगाल आ गुजरात के रहे, जिनकर मातृभाषा अवधी, भोजपुरी, गुजराती, बङला आदि प्रमुख रूप से रहे। बाँकिर भोजपुरिअन के अत्यधिक संख्या आ भोजपुरी के सरलता, सजीवता आ सरसता कारण हो सकेला, ओतहाँ पहुँचके सब लोग के भाषा भोजपुरी हो गइल।

उहाँ ओह लोग पर अमानवीय यातना आ भीषण आर्थिक संकट के पहाड़ टुट पड़ल। बाँकिर ऊ लोग आपन भाषा-संस्कृति के ना छोड़े सकल। अपना साथे ले गइल गीता, रामचरितमानस, महाभारत आदि धर्मग्रंथ; हनुमानचालीसा, तोंता-मैना के कहानी, सत्यनारायण व्रतकथा, सारंगा-सदावृज, पूजापाठ के मंत्र, श्लोक, नीति, आल़ा-रुदल के वीरगाथा, लोरिकाइन, कजरी, सोहर, बिरहा, फगुआ, विदेसिआ, चइती ओह लोग के सांस्कृतिक पुनरुत्थान के साधन बनल। एह संदर्भ में कोलकाता से जहाज पर बइठके लोग सात समुंदर पार गइल रहे जेकर गीत आजो लोग के जुबान पर बाः

(२९) *कलकत्ता से छुटल जहाज, भँवरवा धीरे चलऽ।*
खोजे निकलल नया संसार, भँवरवा धीरे चलऽ।
चलल भवानीपुर डिपो से, साथ में लेके गिरमिटिआ
भइल जहाज एक काल कोठरी, दङ भए सब गिरमिटिआ
बाप कहीं त भाई कहीं बा, विधना चाल चलल भइआ
कवन नगरिआ जाइके रुकिहें, अब मालिक रखिहें हमर लाज॥भँवरवा॥
हफ्ता बीतल महीना बीतल, इक इक घड़ी लागे एक साल
देशवा छूटल घरवा छूटल, जिअवा डेराएल मन होइल बेहाल
बीम समंदर डगमग डोले, करे परनवा हाहाकार

www.bhojpurisahityangan.com

सड़तिआ बा भूखे बेमारी २
पग पग मवत हँसे भइआ अब छूटल रे देसवा के आस॥भँवरवा॥
कलकतओ छूटल बड़ी दूर भँवरवा धीरे चलऽ।

(महात्मा गाँधी संस्थान, २०००, पृ. १५)

मॉरीशस में पहुँचल लोग के ओतहाँ सोना मिले के लालच देहल गइल रहे। उहाँ के पहाड़ आ पथल के काटत-फोड़त ओह लोग के सोना जइसन शरीर सोने जइसन गल गइल बाँकिर सोना ना मिललः

(३०) *सोनवा कारन अइलो राम एही रे मॉरीस देस।*
से गली गइले सोनवा सरीर, एही रे मॉरीस देस।

अइसन मॉरीशसे में ना, हर जगह ई बनुआ मजदूरन के विदेश में हालत ओइसने रहल। ओह लोग से करावल सर्तनामा जे अङरेजी में *एग्रीमेंट* भा *कंट्रैक्ट* कहाला, भोजपुरिआ लोग क्रमशः *गिरमिट* भा *कंत्राक* कहेलन। एही तहत ऊ लोग के गिमिटिआ भा कंत्राकी मजदूर कहल जात रहल। फिजी में पहुँचल लोग के व्यथा अमरजीत 'कंवल' कुछ एहतरे व्यक्त करेनीः

(३१) *सुन लेहु हमारा संदेसुआ रे लोगो*
भूलाए नाहीं देना कभी कोई गिरमिटिआ
पैदा भए जब इह दुनिआ माँ आएके
घरुआ छुड़ाए, काले पानी भेज दिना जो
फूटे लेख, फोड़े मट्टी देख आरकटिआ
खेतुआ माँ मइआ रोए, कोठरी माँ बेटुआ
आँसू सङ आँख खोले, देख आरकटिआ
'हाय-हाय' दिन जाए, 'रोए-रोए' रैन जाए
काली कोठरिआ माँ सोए गिरमिटिआ... (महात्मा गाँधी संस्थान, २०००, पृ. १)

कुछ अइसने कथा-व्यथा सुरिनाम पहुँचल कंत्राकी लोग के भी रहल। अमर सिंह रमण एकरा के एहतरे व्यक्त करेलनः

(३२) *कलकतवा से पुरखे आइल, डीपू में नाउ लिखाएके।*
सिरनमवा मा डेरा डाला, जात-पात लुकवाएके॥
यदि देसवा मा मर गड़ गइलिन, खून पसीना बहाएके।
जाते-जाते हमें छोड़ गइलिन, हट्टा-कट्टा जवान बनाएके॥
अब तो हमरा देस यही है बोलबै हम गोहराएके।
हमका कोई परदेसी बोला तो, मरबै ढेला बहाएके॥
हिंदुस्तानी कुरता पहिन लेली, इङलिस्तानी पैजामा सिआएके।
गली गली मा घूम रहल हुई, सिरनमवा के चमौटी लगाएके॥

www.bhojpurisahityangan.com

यहीं पर पढ़ना-लिखना, यहीं पर दाना-पानी है।
यहीं पर लड़कइआ मा, खेलती कूदती अब तो आई जवानी है॥
यहीं धरती को पूजब हम तो, धरती-मइआ बनाएके।
जिअत भर में यहीं पर रहबै, सिरनमवा कै जनता कहाएके॥

(महात्मा गाँधी संस्थान, २०००, पृ. २)

बाँकिर अब मॉरीशस में त उहे लोग सार्वभौमसत्ता के मालिक बा, फिजी में भी सदन में ओह लोग के उपस्थिति अच्छाखासा रहेला। सुनरिनाम वाला भी अभीन सुखी-संपन्न बाड़ें। तबो अपना पैतृक मातृभूमि के आह अभीन ओह लोग में ओराइल नइखे।

५.५ संगीत-नाट्य, सिनेमा आ ललितकला में भोजपुरी

एह से पहिले के अध्यायन में लोकवार्ता के चर्चा बा। लोकगीत, लोकनाट्य, लोकगाथा आ लोकगीत के चर्चा यथास्थान में भइल बा। बाँकिर गीत-संगीत, नृत्य-नाटक के चर्चा बाँकी बा त ओह समय तक सिनेमा भी अविष्कार में आइल ना रहे। एकरा साथे साथे संसार में मानव जीवन जङली अवस्था में पशुपालन में प्रवेश कइला पर से ललितकला के सुरुआत भइल देखल जाला। बाँकिर कौनो कालखंड में सबसे बेसी आनंद के अनुभव इहे क्षेत्र करावेला आ एही क्षेत्र में लागल लोग के सबसे तुच्छ प्राणी का रूप में समझल जाला। समाज में प्रतिष्ठित लोग के बरीयताक्रम में भी एह क्षेत्र के लोग छुटले रहेला। जहाँ तक ललितकला के बात बा, एकर कलाकार त आउरो सबदिना तोपाइले रहेलन।

अतः एह खंड में एह क्षेत्र में योगदान देवेवाला धरोहर व्यक्तित्व आ ओह लोग के कृतित्व के अति संक्षेप में आ जहाँ जेतना तक एह कृति के प्रकाशन करे के समय तक ज्ञात हो सकल ओतना लोग का बारे में चर्चा कइल गइल बा।

५.५.१ संगीत-नाट्य में भोजपुरी

शारीरिक दुःख-बेमारी के अनेको दवा-दारू आ इलाज बा। बाँकिर मानसिक दुःख-बेमारी के इलाज कि त बेहोसी ना त आनंद के अनुभूति सर्वोत्तम मानल गइल बा। एकरा साथ साथ आनंद के अनुभूति के साझा कइला बाहर भी आदमी बेमार हो सकता। अतः संगीत-नाट्य में उहो शक्ति होला कि मुर्झाइल जन के साहस बढ़ा देला आ आक्रोश के न्यूनीकरण भी कर देला। बाँकिर नाच-गान करेवाला के दूगो श्रेणी देखल गइल बा हमनी के समाज में। भोजपुरिओ में ई दूनू श्रेणी बाः सौखिआ आ पेसेवर। सौखिआ लोग के एक तरफ राजसिंहासन तक मिलल देखल गइल बा त पेसेवर लोग के ताड़न आ गारी ही नसीब होला। बाँकिर ई कौनो नया बात नइखे। सामंती समाज के खासिअत के रूप में बहुत पहिले से ई बेहवार चलल आइल लउकेला। खास कके नाचे-गावेवाली खुबसुरत महिला के संदर्भ में *अप्सरा, परी, हूर* आ अङरेजी में *fairy* जइसन शब्द के प्रयोग भइल देखल जाला। एह सभी शब्दन के

www.bhojpurisahityangan.com

अर्थ ह 'वेश्या' भा 'तवायफ'। ओइसनके शब्द के रूप में *किन्नर-किन्नरी* के प्रयोग भी देखल जाला खास कके जे मरद भइला का बादो नाचे-गावे का बेरा जनानी के रूप कसेलन, उनका बारे में। हमनी के भोजपुरी समाज में 'लवंडा' अब तक प्रचलन में बा। अइसनो लोग का बारे में समाज में आम धारणा नकारात्मके बा। एह लोग के दोसरका दर्जा के नागरिक भा मानव के रूप में देखे के समाज के नजरिआ बा। ओहू से बेसी हमनी के सनातनी पौराणिक साहित्य में त अइसन मिलेला जइसे नाच-गान के पेशा तुच्छ होखे। ई धारणा सनातनी साहित्य रामायण में मर्यादा पुरुषोत्तम मानल गइल महाराजा भगवान राम के समय में भी रहल देखल गइल बाः—

(३३) *रामस्याभ्यवहारार्थं किङ्करास्तूर्णमाहरन्।*
उपानृत्यंश्च राजानं नृत्यगीतविशारदाः॥ २०॥
अप्सरोरगङ्गाश्च किन्नरीपरिवारिताः।
दक्षिणा रूपवत्यश्च स्त्रियः पानवशंगताः॥ २१॥
'श्रीरामचंद्र के व्यवहारार्थ टहलुआ लोग तुरंत लाके रख देलें। (मांस-मदिरा के आवश्यक अङ स्वरूप) नाचल-गावल भी श्रीरामचंद्रजी के सामने सुरु भइल। ऊ नाच (मामूली नाच ना रहे बल्कि) नाचे-गावे में निपुण लोग के रहे। तदनंतर अप्सरागण, नागिन, किन्नरी आ परम चतुर आ रूपवती महिला मदमाती हो गइल लोग। गावे-नाचे में निपुण महिला लोग श्रीरामचंद्रजी का सामने नाचे-गावे लागल।' (श्रीमद्वाल्मीकि रामायण, उत्तरकांड, सर्ग ४२, श्लोक २०-२१, शर्मा, १९२७, पृ. ५०६-५०७)

इहाँ *पानवशंगताः* 'मदमाती' के प्रयोग से नृत्यांगना लोग के का उपयोग होत रहे रामराज्य में, बहुते स्पष्ट नजर आवेला। रामायण का सङे पौराणिक काल में विश्वामित्र-मेनका प्रसङ होखे चाहे महाभारत काल में अर्जुन-उर्वसी प्रसङ होखे, स्वर्ग के अप्सरन के कौनो नाता, परिवार, प्रेम-संबंध से दूर रहल जीवन देखल जाला। यानी आउर लोग के जीवन अपना कला से सरस बनावल आ आपन जिनगी निरस जिअल ओह लोग के बाध्यता बा स्वर्ग में भी।

तइओ, तब चाहे अब, भजन-कीर्तन गाके नाचेवाला पेसेवर लोग के भी प्रतिष्ठा के नजर से देखत रहल लउकेला। अइसनो परिवेश में एह क्षेत्र में बेजोड़ लोग के उपस्थिति रहत आइल बा। एही अध्याय के साहित्य खंड में कइअन महानुभाव लोग के गीत-भजन रचना का साथे गायन में भी सामिल रहल उल्लेख हो चुकल बा। एह कालखंड के उत्तरार्ध के समय में कुछ लोग के नाम संकलित हो पावल बाः

५.५.१.१ अदालत यादव

अदालत यादव संघीय लोकतांत्रिक गणतंत्र नेपाल के तहत मधेश प्रदेश, बारा जिला, सेमरवनगढ़ नगरपालिका वार्ड नं. ८ कचोर्वा के बसीना रहलन। उनकर जन्म

www.bhojpurisahityangan.com

आ मृत्यु का बारे में यकीन विवरण नइखे मिलल। बाँकिर उनका जीवन के दुर्दांत कथा बड़ा विचित्र र अचरज से भरल बा।

राणाशासन का समय में उनका कौनो मुद्दा में जेल सजाय हो गइल रहे। वीरगंज जेल में आपन सजाय काटके बिहने निकलेवाला रहलन। बाँकिर ऊ ओह जमाना के मसहुर अल़वहिआ रहलन। बस, कैदी-बंदी लोग जिद्द करे लागल आल़ा सुनाके निकलेके। बाँकिर ओह बेरा के जेल में कौनो साजबाज रहल संभवे ना रहे। लोग कहीं से कनेसरा खोजके लेआइल। अदालत यादव आल़ा सुरू कइलन। आल़ा गायन जब चरमोत्कर्ष पर पहुँचल त उनका मुँह से निकल गइल, 'मार दे धक्का पक्का में पक्का चुरमचुर हो जाए।' एतना सुनते कइअन कैदी-बंदी जेल के देवाल तुरके आजाद हो गइलन स। बाँकिर अदालत यादव के खाता में त ई माफी ना कइल जाएवाला एगो नया अपराध गिना गइल। फलतः ऊ जेले में रहके एह दुनिआ से उकरिम ले लेहलन। ई प्रसङ जनकवि हरिहर यादव से सुनल गइल बा।

५.५.१.२ राम प्रसाद राय (१९०९-१९८४ ई.)

मधेश प्रदेश, बारा जिला, नैका टोला निवासी पिता काली राय आ माता लक्ष्मी राय के सुपुत्र के रूप में राम प्रसाद राय थारू के जन्म सन १९०९ में भइल रहे। उनका बचपने से संगीत से लगाव रहे। जीवन के लक्ष्य एगो काबिल संगीतकार बनेके रहे। ओह बेरा के प्रचलन अनुसार इनकर छोटे उमीर में बिआह हो गइल। जिनगी त गुजरते रहे, बाँकिर इहाँका आपन लक्ष्य साधे ग्वालिअर चल देनी आ संगीताचार्य होके घरे लौटनी। फेर देश के राजधानी में पहुँचके वि. २०११ में रेडिओ नेपाल में संगीत निर्देशक के रूप में बहाल हो गइनी। बाँकिर उहाँ ५ बरीस से बेसी ना रहे सकनी। वि. २०१८ में भातखंडे संगीत महाविद्यालय, लखनऊ से 'थरुहट के थारू लोकगीत' शीर्षक पर इनका 'संगीत निपुण' (एम. म्युज.) के उपाधि मिलल। अखिल भारतीय संगीत सम्मेलन, पटना से स्वर्ण पदक से नवाजल गइनी। बाद में रत्न राज्य लक्ष्मी कैंपस, काठमाड़ो में वि. २०३८ तक प्राध्यापन कइनी। एही दौरान बेमार पड़नी आ डॉक्टर के हिदायत के बावजुद संगीत से दूर ना रहे सकनी। फेर पक्षाघात के सिकार होके २०४० पुस २२ गते (६ जनवरी १९८४) में दुनिआ के अलविदा कह देनी। इनकर साहित्यिक कृति का बारे में पहिले चर्चा हो चुकल बा। दुनिआ छोड़ला का बादो भोजपुरी संगीत के क्षेत्र में अमर बानी।

५.५.१.३ सुबदार ठाकुर (वि. १९७६-२०४१)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, मौलापुर नगरपालिका वार्ड नं. १, मर्यादपुर में जन्म लेके ओतही के स्थायी बसीना रहल सुबदार ठाकुर के जन्म तिथि वि. १९७६ सावन २८ गते आ मृत्यु तिथि वि. २०४१ बइसाख १४ गते रहल जानकारी मिलल बा। गृहस्थ जीवन में वैष्णव रहल ठाकुर राणाशाही से पंचायती काल तक नेपाल के

www.bhojpurisahityangan.com

जानल-मानल प्रवचनकर्ता का साथे ब्यास रहनी। एकरा साथे उनकर साज रहे हार्मोनिअम आ उनका गायन के विषयवस्तु रहे सनातनी वैष्णव प्रचार-प्रसार। ऊ अपना सङे आपन सुपुत्र विद्याकांत ठाकुर से भी नगारा वादन करावत रहनी।

५.५.१.४ मदन मोहन पांडेय (१९२६-१९८६ ई.)

भारत के बिहार राज्य के पच्छिमी चंपारण के बगहा इलाका में ओझवलिआ गाँव में मदन मोहन पांडेय के जन्म सन १९२६ में भइल रहे। साधारण किसान परिवार में बाबु-माई के सब से नन्नका लइका होखला के बावजूद उहांके प्रतिभा, संस्कार आ गुण-दर्शन उहांके बचपन से ही सबसे अलग बनावत रहल। उहांके अंतष्करण में संगीत से अटूट प्रेम रहे, जे उमिर बढ़ला का सङे सङे अउरी गहिंड़, अउरी परिपक्व होत चल गइल।

उहाँका पेसा से त अमीन रहनी, बाँकिर मन कबो सरकारी नौकरी में ना लागल। संगीत के गहिर शिक्षा खातिर उहांके यात्रा ऐतिहासिक नगरी काशी (बनारस) तक भइल। बनारस में गोदई महाराज के घराना से उहाँ के विधिवत गायन-शास्त्र, राग-रागिनी, लयकारी आ तान-विस्तार के परिपक्व शिक्षा मिलल। उहाँका एगो कुशल संगीतज्ञ, गायक आ वाद्यवादक के रूप में ख्याति प्राप्त भइल। उनकर ख्याति शास्त्रीय आ लोक दूनू विधा के गीत-संगीत में रहल। सन १९८६ के माघ महीना में उहांके निधन भइल। उहांके विदाई से बगहा, चंपारण मात्र ना कि पूरा भोजपुरी संगीत-जगत में असीम खालीपन पैदा भइल। बाँकिर उहाँके छोड़ल अमर राग, सीखी-सीखावल सुर-ताल, आ उहांके अपनापन आजुओ पीढ़ी दर पीढ़ी लोगन के प्रेरित करत बा।

५.५.१.५ रि़दयनारायण प्रसाद जयसवाल (वि. १९८४-२०४९)

रि़दयनारायण प्रसाद जयसवाल के जन्म वि. १९८४ में नेपाल के वर्तमान मधेश प्रदेश के रौतहट जिला, बउधीमाई नगरपालिका के तहत सरमुजवा गाँव में भइल रहे। आर्थिक हैसियत से संपन्न रहलन। अपना समय के नामचीन भजनिआ-कीर्तनिआ रहस। उनकर एगो कीर्तन मंडली रहे। समय के गर्त में उनकर रचना प्रकाशित भा विद्युतीय अभिलेखीकृत नइखे हो पावल। उनकर परिवार आ समाज में उनका बारे में बात कइला पर पता चलेला अपना कीर्तन मंडली के प्रत्येक सदस्य के नाँव सामिल कके उनकर रचल कीर्तन बहुते प्रभावकारी रहे। तत्कालीन प्रचलन अनुसार हरेक कीर्तन के अंतिम बंद में *हिरदे पापी* कहके छाप लगावत रहलन। साजबाज का रूप में हार्मोनिअम बजावत रहलन।

५.५.१.६ हरिहर दास बैरागी (वि. १९८४-२०६७)

हरिहर दास जी साधु होखे से पहिले हरिहर साह कानू रहनी। उनकर जन्म मधेश प्रदेश रौतहट जिला ईशनाथ नगरपालिका वार्ड नं. २, औरइआ गाँव में दिलचन साह के सुपुत्र के रूप में भइल रहे। उनका भजन-कीर्तन गावे में महारथ हासिल रहे।

www.bhojpurisahityangan.com

साज-बाज का रूप में हार्मोनिअम बजाके गावत रहलन। तार सप्तक में भी अंतिम *नि* स्वर तक उनकर आवाज पहुँचत रहे। उनकर भजन-कीर्तन सुनके सुतल लोग भी उनका के सुने चल देत रहे।

उनका गाँव-जवार से मिलल जानकारी के अनुसार १५-१६ बरीस के उमीर में उनकर बिआह भइल रहे। बाँकिर एके साल के दांपत्य जीवन का बाद उनका वैराग लाग गइल। साधु होके अलोपित हो गइलें। २०२५-०२६ साल का ओर बारा जिला के कचोर्वा में मठ त खड़ा कइलन बाँकिर ओतहु से कहीं चल देलन। २०६५ साल में आपन पूरा श्रीसंपत्ति अपने गाँव के रामजानकी मठ में दान कके ओतहें रहल अवस्था में उनकर देहांत भइल।

डॉ. गोपाल ठाकुर कहेलन, ऊ उनका से ई जाँतसारी सुनके अभी तक इआद रखले बाड़नः—

(३४) *कालुए गवनवाँ अइनी, पिआ मो से रुसी हो गइलें*
हम धनी राते के हो आइल रे केकरे सङवा रहब केकरे?
हँसीले त हँसे न देवे, रोइले त गारी हो देवे
हम धनी राते के हो आइल रे केकरे सङवा बोलब केकरे?
सासु मोरी गहुँआ रे दिहली, बाँस के चङेलवा भरी
हम धनी काले के हो आइल रे केकरे जाँतवा पीसब केकरे?
पेन्नलो मे लहङा-सारी, अबही उमीरिआ हो बारी
हम धनी निनिआ के हो मातल रे पसेनवा चोलीबन भींजे रे पसेनवा।
रविरंथ तेज हो भइले, गहुँआ लहकी रे गइले
सत गुरु भइआ अइले पाहुन कथिए हम परोसब कथिए?

५.५.१.७ हरिहर यादव (वि. १९८५-२०६१)

मधेश प्रदेश, बारा जिला, सेमरवनगढ़ नगरपालिका वार्ड नं. ८, कचोर्वा में पटवाड़ी लालबहादुर राय के कोरपोंछू सुपुत्र का रूप में हरिहर यादव के जन्म वि. १९८५ में भइल रहे। ओह समय में राणाशाही जोर पकड़ले रहे। फलतः आम जनता के पढ़ल-लिखल प्रतिबंधित रहे। बाँकिर पटवाड़ी घरायन के भइला से हरिहर यादव घरे में चिट्ठी-तमसुक, हिसाब-किताब के साधारण साक्षरता हासिल कइलन। छटहेड़ भइला पर उनकर मन बसल भजन-कीर्तन में। राणाशाही में अपना रेखवा-उठान जवानी में हरिहर यादव तत्कालीन चल्ती धुन पर भजन-कीर्तन गावत रहीं आ एगो चर्चित ब्यास का रूप में स्थापित भइनी। उनकर दोसर खासिअत रहे आल़ा गावल। साज-बाज में उहाँका हार्मोनिअम आ ढोलक बजावत रहीं। ओहू से बेसी उहाँका ढोलक के सुर कसे में महारथ हासिल रहे। ढोलक के सुर कसके तबला जइसन बोल निकालत रहीं। बाँकी विवरण अगिला अध्याय में कालक्रमिक हिसाब से राखल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

५.५.१.८ सलीम समदर्शी (वि. १९९०-२०७६/१२/२४)

मधेश प्रदेश, बारा जिला, करैयामाई गाँवपालिका, वार्ड नं. १, हरैया में पिता शैयद अब्दुल कादिर आ माता फूलजहाँ खातून के सुपुत्र के रूप में वि. १९९० में जन्म भइल शैयद मोहम्मद सलीम अपना संगीत-नाटच के दुनिआ में सलीम समदर्शी के नाम से लोकप्रिय रहल बानी। उहाँका युनानी चिकित्सा में स्नातक (जी. यु. एम. एस.) रहनी। बाँकिर मन रह गइल गीतलेखन, गायकी आ अभिनय में। सभी मजहब के समान रूप से देखे के उनकर दृष्टिकोण के कारण शैयद मो. सलीम से आपन नाँव सलीम समदर्शी बना लेनी आ दुनिआ ओही नाम से जाने लागल। नाटच क्षेत्र में हास्य अभिनय, चरित्र अभिनय उनकर बेसी चर्चित रहे। जीवन के उत्तरार्ध में जागरण गीति अभियान के दौरान उहाँका नेपाल रेड क्रॉस आ प्लान नेपाल से कइओ बेर सम्मानित भइनी। जन सांस्कृतिक मंच, नेपाल से जुड़नी। तत्कालीन प्रधानमंत्री माधवकुमार नेपाल से पुरस्कृत त होबे कइनी, नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से उनकर जीवनी पर आधारित वृत्तचित्र भी बनावल गइल बा। भोजपुरी गायकी के अलावा समदर्शीजी हिंदी आ उर्दू में भी लेखन आ गायन करत रहनी। समदर्शीजी २०७६ चइत २४ गते एह दुनिआ के अलविदा कह देनी।

५.५.१.९अनूप सहनी (वि. १९९२)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, गरुड़ा नगरपालिका वार्ड नं. २ ,गेंड़ही गुठी के बसिना अनूप सहनी एह कालखंड के जिंदा मिसाल बाड़न। उनका बारे में बेसी ज्ञात नइखे होखे सकल। बाँकिर एतना जानकारी बा कि उनका गायन नृत्य में महारथ हासिल रहे।

५.५.१.१० जगत नारायण यादव (वि. १९९३-२०५२)

हाल के मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, परोहा नगरपालिका, वार्ड नं. ४, लउकाहा में पिता नेहाली राय आ माता मतुरी देवी के सुपुत्र के रूप में जगत नारायण यादव के जन्म वि. १९९३ पुस १७ गते आ मृत्यु वि. २०५२ कुआर २७ गते भइल रहे। औपचारिक शिक्षा में प्रवेशिका पास कके शिक्षक के तालीम कइले रहनी आ प्रा. वि. के प्रधानाध्यापक रहनी। ऊ एकजने कुशल ब्यास आ प्रवचनकर्ता रहनी। गायन में उनकर खासिअत रहल विषय कीर्तन। विषय कीर्तन में जरूरत अनुसार प्रवचन आ गायन दूनू सामिल होत रहे। भाषा के बात कइल जाए त हिंदी आ भोजपुरी दूनू चलत रहे। विषय कीर्तन में खासकके सीताराम विवाह कीर्तन में गाँव के सामान्य लोग के भी विभिन्न किरदार के रूप में खड़ा कके जीवंत अभिनय करा लेत रहनी। उनकर विषय कीर्तन में ओह बेरा *कैकयी कोपभवन* बहुते प्रचलित रहे। ओह विषय कीर्तन से ई एगो कीर्तनः

(३५) *जब श्रीरामचंद्र बन के तइआरी भइले*
लछुमन नयनवाँ ढाड़े लोर हे।

www.bhojpurisahityangan.com

हमहूँ त चलम भइआ तोरे सङे बानावा में
अजोधा लागले मोहे कलेश हे।
जब श्रीरामचंद्र बन के तइआरी भइले
सीताजी नयनवाँ ढाड़े लोर हे।
हमहूँ त चलम स्वामी रउरे ही सङवा में
बन में रहम सङसाथ हे।
महल में कैकयी सुतलिन कोपवा रे भावानावा

५.५.१.११ छविलाल साह (वि. १९९७-२०७५)

मधेश प्रदेश, बारा जिला ,सेमरवनगढ़ नगरपालिका, वार्ड नं. ८, कचोर्वा में ठागाराम साह के सुपुत्र के रूप में १९९७ साल कुआर २१ गते छविलालजी के जन्म भइल रहे। अपना समय के एकजने चर्चित भजन-कीर्तन के गायक रहनी। कचोर्वा में उनकर कीर्तन मण्डली काफी लोकप्रिय रहल अनुभव लोग सुनावेलन। एकरा साथे समय समय पर रामलीला करावत रहलन। रामलीला में उनकर भूमिका व्यास आ निर्देशक के होत रहे। वाद्यवादन में हार्मोनिअम उनकर वाद्ययंत्र होत रहे। अपने निवास पर २०७५ कात्तिक १९ गते उनकर देहांत भइल रहे।

५.५.१.१२ बंतीलाल पासवान (वि. २००१)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, यमुनामाई गाँवपालिका वार्ड नं. ५ ,झुनखुनवाँ के स्थायी बसिना बंतीलालजी के जन्म तपेसर हजारी पासवान आ नरतनिआ देवी पासवान के सुपुत्र के रूप में वि. २००१ में भइल। उनका अनुसार वि. २००८ साल से यानी साते बरीस के बाल्यकाल से गायन क्षेत्र में अइनी। ४५ बरीस तक नाच गिरोह में गायन आ अभिनय कइनी। अब कुछ दिन से बुढ़ारी में नाटच क्षेत्र त छोड़ देले बानी बाँकिर गायन अबो जारी बा, भजन-कीर्तन का रूप में। नेपाल में बारा-रौतहट किसान आंदोलन (वि. २००९-२०१३) का दौरान उनकर किसानपक्षीय गायन आ अभिनय प्रशंसनीय रहल आउर लोग से जानकारी मिलेला।

५.५.१.१३ लङडु राउत (?-वि. २०७२)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, गरुड़ा नगरपालिका वार्ड नं. ४ ,गरुड़ा बैरिया के स्थायी बसिना लङडुजी के जन्म मिति ज्ञात नइखे हो पावल। बाँकिर छविलाल साहजी के समकालीन रहल सहजे अनुमान कइल जा सकेला। उनका नामे से अनुमान लगावल जा सकेला, ऊ विकलाङ रहलें। दहिना हाथ लुल रहे आ बायाँ गोड़ से लङड़ात रहलन। ई शारीरिक अपांगता उनकर जन्मउतिए रहे। ओही से ऊ उनकर लङडु नाम ही गायकी में काफी रहे। उनकर हार्मोनिअम वादन आ गायकी के जादू में श्रोता लोग बन्ना जात रहे। ऊ भउच खलिफा के नाच गरोह के हार्मोनिअम मास्टर का रूप में बहुते लमहर कालखंड तक आपन कला देखावत रहलन। वि. २०७२ साल में उनकर निधन भइल जानकारी मिलल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

५.५.१.१४ मजीद मिया अंसारी (?-वि. २०७५)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, गढ़ीमाई नगरपालिका, वार्ड नं. ३, गम्हरिआ लक्ष्मीपुर के स्थायी बसिना मजीदजी के जन्म मिति ज्ञात नइखे होखे सकल। ऊ एकजने कुशल हार्मोनिअम वादक आ गायक त रहले रहलन, तत्कालीन नाट्य क्षेत्र के एकजने कुशल अभिनेता रहलन। अपना जिनगी के उत्तरार्ध में नाच गिरोह में हार्मोनिअम मास्टर के भूमिका में लामा समय संगीत-नाट्य क्षेत्र के सेवा पहुँचइलन। २०७५ साल में उनकर निधन भइल जानकारी मिलल बा।

५.५.२ सिनेमा में भोजपुरी

नाच-गान-अभिनय के विद्युतीय प्रस्तुति सिनेमा ह। सिनेमा के समकक्षी 'चलचित्र' भी होला। अतः सिनेमा त आउर पेसेवर कलाकारन के काम ह। उपर आ चुकल बा, एहू लोग के बारे में अनेको अफवाह उठल भा उठावल जाला। बाँकिर एह कालक्रम में पच्छिमी अभ्यास के निरंतरता में बेलायती भारत में पहिले अनबोलती सिनेमा सुरु भइल। यानी खाली अभिनय, दृश्य आदि देखे के मिले बाँकिर आवाज के संयोजन ना भइल रहे। बाद में जब आवाज सहित यानी बोलती सिनेमा सुरु भइल त ओकर प्रस्तुति के माध्यम भाषा ओह बेरा के प्रारम्भिक हिंदी रहे जहाँ खड़ी बोली, फारसी-उर्दू, ब्रज, अवधी आ भोजपुरी के खिंचड़ी भाषा प्रस्तुत होत रहे। बाँकिर जब गीत के प्रस्तुति के समय आवे त बहुतो गीत त पूरा के पूरा भोजपुरिए में प्रस्तुत होत रहे। ना त ओह घड़ी के कौनो सिनेमा में सामिल गीतन के देखला पर ओकर मुखड़ा चाहे अंतरा आ ओहू से कम भइला पर उर्दू-हिंदी के चरित्र से अलग रहेवाला भोजपुरिआ चरित्र आ अंदाज में *बदरिआ, नजरिआ, परदेसिआ, मलहवा* जइसन शब्दन के सौगात त मिलते रहे। बाद में कुछ सिनेमा में पूरा के पूरा भोजपुरी गीत समावेश भइल भी लउकेलाः

(३६) *लागी तोरे नैनवाँ के बान*
बान रे साँवलिआ
नैना रसीली चुटीली कटीली
भौंएँ तोरी चढ़ती कमान
काहे मारे नैनवाँ के बान
बान रे सँवलिआ

दृष्टांत (३६) में उद्धृत गीत सन १९३४ में बनल *मुंबई की मोहिनी* हिंदी फिल्म में सामिल बा। एह गीत के रचयिता हईं संपत लाल श्रीवास्तव (पंडित अनुज) आ संगीतकार बानी लल्लुभाई नायक। महिला आवाज में गावल एह गीत के गायिका का बारे में सूचना नइखे मिल सकल।

www.bhojpurisahityangan.com

(३७) क. *दुःख के अब दिन बितत नाहीं।*
सुख के दिन ते एक सपन था
अब दिन बितत नाहीं मोरे अब दिन बितत नाहीं।
दुःख के अब दिन बितत नाहीं।
ना मैं किसी का ना कोई मेरा
छाया चारों ओर अँधेरा
अब कछु सुझत नाहीं मोरे अब दिन बितत नाहीं।
ख. *पिआ बिन नाहीं आवत चयना*
का से कहूँ जी के बयना
पिआ बिना नाहीं आवत चयना

दृष्टांत (३७क-ख) में उद्धृत दूनू गीत सन १९३५ में पर्दा पर आइल फिल्म *देवदास* में कुंदन लाल सहगल के आवाज में अभिलेखित बा।

(३८) *होनहार बलवान रे मनवाँ होनहार बलवान*
पल में राजा होए भिखारी निर्धन हो धनवान
विधि के लेख कभी ना मेटे मूरख करे गुमान॥ रे मनवाँ॥

किसान कन्या सन १९३७ में पर्दा पर आइल हिंदी फिल्म ह। एह में दृष्टांत (३८) में उद्धृत गीत के मुखड़ा आ पहिलका अंतरा पूरा-पूरा भोजपुरी बा। एकर सर्जक आ गायक के नाम अब तक अज्ञात बा।

(३९) *नन्ही नन्ही बुंदिआँ मेहरा बरसे*
जिअरा तरसे उड़ उड़ बदरा
पवन चलत सुम सननननननन
झिंगरवा बोलत झुम झननननननन
बादर गरजे बिजुरी चमके॥ नन्ही नन्ही॥

दृष्टांत (३९) में प्रस्तुत गीत सन १९३८ में पर्दा पर आइल हिंदी फिल्म *भाभी* से उद्धृत बा। जे एस काश्यप के शब्द रचना आ सरस्वती देवी के संगीत में रेणुका देवी एह गीत के गवले बाड़ी। ई पूरा के पूरा गीत शास्त्रीय अंदाज में भोजपुरी में बा।

(४०) *साँवर वाला वही रे साँवर जिअरा रे जराए*
बैगन तोड़े गई थी रामा फँसी रे बैगन भँड़िआ रे॥ साँवर वाला॥
दिल टूटे पर फल अइले पड़ गइले जाकी नजरिआ॥
कोई रे तोहरे फल ना ले जा ओही ना सुंदर फल ना लेजा रे॥ साँवर वाला॥

दृष्टांत (४०) में सन १९३९ में पर्दा पर आइल फिल्म *पुकार* से उद्धृत गीत प्रस्तुत बा। कजरी के अंदाज में नसीम आ सरदार अख्तर के आवाज में प्रस्तुत एह गीत के रचनाकार कमल अमरोही आ संगीतकार रहल बानी मीर साहेब।

www.bhojpurisahityangan.com

(४१) *मोरी गगरी का नीर राजा छलक न जाए*
तोरी चढ़ती जवानी गोरी ढलक न जाए
चोली भीगे चूनर भीगे लहङा भीगे हाए
सखी सहेली मो से पूछे बुलाए न जाए
सबका बताए न जाए॥ मोरी गगरी॥

दृष्टांत (४१) में उद्धृत अंश सन १९४३ में पर्दा पर आइल फिल्म पनघट के एगो गीत के बा। रमेश गुप्ता के शब्द रचना आ एस एन त्रिपाठी के संगीत में राजकुमारी दुबे एह गीत के गौले बाड़ी।

(४२) *कठवा के नइआ बनइहे रे मलहवा नदिआ के पार दे उतार*
छपक छपक चले तोरी नइआ रे मलहवा आई पुरवाई के बहार
नदिआ के नार तोरी अँखिआ से अँखिआ मोरी मिली हो साँवरिआ
नइआ लिए जाए तोहे कछु ना सोहाए मोहे तोरा से नजरिआ
रामजी लगइहन पार ॥ कठवा॥
नदिआ के पार गोरी देखे मोहे चोरी चोरी मारे हो नजरिआ
जिअरा के बीच बसे अँखिआ के बीच हँसे गोरी की सुरतिआ
हमको है आसरा तोहार॥ कठवा॥
ए हो परदेसिआ मोरे मन बसिआ भूल मत जइहो
नदिआ के नार कभी जब याद आए तभी
चुपके से अइहो राजा चुपके से अइहो
आउंगी करके सिङार॥ कठवा॥

दृष्टांत (४२) में उद्धृत गीत सन १९४८ में पर्दा पर आइल फिल्म *नदिआ के पार* में सामिल बा। भोजपुरी के उन्नायक मोती बी. ए. के शब्द रचना आ रामचंद्र नरहर चितलकार (सी. रामचंद्र) के संगीत में ललिता देउलकर, पी चंदर, सी रामचंद्र आ एस. एल. पुरी द्वारा गावल बा।

एह उपखंड में भारतीय हिंदी सिनेमा से उद्धृत ई कुछ गीत के अंश आ पूरा गीत सहित उदाहरण मात्र बा। एही विषय पर एगो निमन काम के संभावना बा जेकर सुरुआत मनोज भावुक कर चुकल बानी। एह दृष्टांतन के देखला पर भोजपुरी के अमोघ लोकगीतन के निरंतरता सीधे लउक रहल बा। भोजपुरी के बीच रहल अनेको विविधता एह गीतन में झलक रहल बा। एकरा साथ साथ हिंदी के कुछ रङो चढ़ावल मिलेला। अतः पूरा सिनेमा भले बाद में बनल सुरु भइल होखे, बाँकिर श्रव्य-दृश्य हिंदी सिनेमा के सुरुआत से भोजपुरी गीत-संगीत के क्षेत्र में आपन प्रभाव जमावते आइल नजर आवता।

५.५.३ ललितकला में भोजपुरी

ललितकला के बात कइल जाओ त एहू क्षेत्र में लागल लोग के हालत निमन रहल इतिहास नइखे। ललितकला के तहत वास्तुकला, मूर्तिकला, हस्तकला,

www.bhojpurisahityangan.com

चित्रकला पड़ेलन स। सनातनी मान्यता अनुसार ललितकला के प्रणेता शिल्पी के रूप में विश्वकर्मा के मानल जाला। विश्वकर्मा के आपन आदि पूर्वज बतावेवाला जातीय रूप में लोहार, सोनार, बढ़ई, ठठेड़ा, पत्थरकट्टा, थबई जइसन जात लोग के हालत देखला से बहुत कुछ थाह हो जाला। आर्थिक रूप से सबसे बेसी संपन्न रूप में सोनार के जानल जाला। बाँकिर सामाजिक रूप से लोहार आ सोनार दूनू के बात कइल जाए त नेपालीय संदर्भ में मधेश में सवर्ण बा बाँकिर गिनती से दूर, आ पहाड़ के बात कइल जाए त ऊ लोग अछूत बा। अछूत में भी सोनापानी छीटके पवित्रता लोटावेवाला कथित उच्चजात वाला लोग के पाखंड त देखे लायक बा।

एकरा साथे साथे जब विश्वकर्मा के बात कइल जाई त पौराणिक आख्यानन में जेतना निर्माण आ मनमोहक सौंदर्य वास्तुकारी, मूर्तिकारी, हस्तकारी, चित्रकारी के बात बा ऊ विश्वकर्मा के बनावल बतावल जालाः विष्णु के वैकुंठ, ब्रम्हा के ब्रम्हलोक, इंद्र के इंद्रासन आ स्वर्ग, रावण के लंका, राम के अवधपुर भा अयोध्या, कृष्ण के द्वारका, शांतनु के हस्तिनापुर, पांडव के इंद्रप्रस्थ, सुदामा के सुदामापुरी सब विश्वकर्मा के बनावल बतावल जाला। बाँकिर विश्वकर्मा के आपन बास खातिर ना कौनो दरबार, ना कौनो मंदिर, ना कौनो मड़इए बनावल कहीं कौनो उल्लेख मिलेला।

दरबार भा घर बनावेवाला के भोजपुरी में घरामी कहल जाला। ओह लोग के बारे में बड़ा सटीक आ बड़ा मार्मिक कहावत बा भोजपुरी में:

(४३) *घरामी के घर भादो में छवाला।*

एह कहावत में बड़का दर्द छुपल बा। बेचारा घरामी! सालभर घरे बनाई बाँकिर अपना घर के ख्यालो ना आई। परिवार के लोग कहबो करी त बिहान-परसों कहत कहत जब भादो में चुए लागी तबे छवाई।

एकरा बादो पहाड़ में त घरामी के घरे ना होखे। जहाँ पक्की मकान बनेके होई, सै-दू सै ईंटा के बेसी से बेसी छातीभर भीत खड़ा कके उपर से कर्कट राख दी। खास घर के नेव के अगल-बगल में। जब पक्की घर तेआर हो जाई, ओह लोग के उहो कर्कटही छपरी ढहा जाई।

एतनो पर भोजपुरी ललितकला के हालत हुनर के नजर से उम्दा आ पहचान आ मान्यता के हिसाब से जर्जर। मठ-मंदिर के देवाल भा भित्ता पर बहुते कलात्मक चित्रकारी एह कालक्रम में देखल गइल बा। एकरा अलावा लाखपाँचो भा नागपंचमी का दिने बड़ा कलात्मक ढङ से महल के देवाल भा कँच्ची घर के टाट पर गोबर के लकीर का साथे विभिन्न कलात्मक चित्रकारी लउकत रहे। एहीतरे यमपंचक के दौरान सोहरइआ का दिने समूचे गिरहत लोग के दुआर पर गोधन बनत रहे। माईदाई लोग खेती करेवाला समूचा औंजार आ बेऱी, कोठी, डेहड़ी के बड़ा सुंदर वास्तुकारी करत रहली स। ओहीतरे घर में बेटी-बहिन के सादी का बेरा समूचा टाट-देवाल पर बड़ा कलात्मक चित्रकारी होत रहे।

www.bhojpurisahityangan.com

बाँकिर भोजपुरिआ समाज एह ललितकला के पेसेवर ना बनावे सकल। फलतः ई समूचा ललितकला मिथिला आर्ट यानी मिथिला कला के नाम से हमनी से हड़प लेहल गइल। ओही से एह कालखंड में कौनो लोकप्रिय कलाकार के नाँव भोजपुरिआ क्षेत्र में स्थापित ना होखे सकल लउकेला।

५.६ सारांश

एह अध्याय में १७६९ से १९४९ ई. तक भोजपुरी भाषा के उन्नयन में एकर साहित्य, गीत-संगीत आ गायन, हिंदी सिनेमा में भोजपुरी गीतन के प्रयोग से लेके एकर राजकाजी प्रयोग, नेपाल गड़हा से लेके विदेश यात्रा तक के वृत्तांत संक्षेप में दर्सावल गइल बा। ई मूलतः भोजपुरी नाम सहित के पहचान सहित एह भाषा के उत्थान खातिर भइल खोज-अनुसंधान से लेके एकर राष्ट्रीय-अंतर्राष्ट्रीय फैलाव पर चर्चा भइल। तुलनात्मक रूप से नेपाल में कुछ सनातनी गीत-गायन का अलावा ई क्रमशः नकारात्मक दिशा के ओर रहल त भारत में अग्रगमन के दिशा पकड़लख।

❖

www.bhojpurisahityangan.com

अध्याय छौ
आधुनिक काल
(१९५० ई. से अब तक)
नेपाल में भोजपुरी

६.० नेव

भले नेपाल के आदिकाल में भोजपुरी के राजकाजी प्रयोग आ सहित्य सृजन से लेके लोकवार्ता के अथाह भंडार लोक कंठ पर रसल-बसल होखे, शाही राजतंत्र आ ओकरे कमजोरी से पनपल पारिवारिक राणा शासन में देश जेल के रूप में जकड़के रह गइल रहे। वि. १९९० में एगो आउर भाषिक अंधराष्ट्रवाद के सुत्रपात भइल। भारतीय विद्वानत्रय सूर्यविक्रम ज्ञवाली, धरणीधर कोइराला आ पारसमणि प्रधान के सिफारिस पर कप्तान पुष्कर शमशेर के निवेदन अनुसार कात्तिक २० गते तत्कालीन प्रधानमंत्री युद्ध शमशेर आ कमांडर-इन-चीफ रुद्र शमशेर संयुक्त सनद जारी कके बहुभाषी नेपाल में शासक जाति के भाषा, जे क्रमशः *खसकुरा, पर्वते* आ *गोरखा* कहात रहे, एकमात्र *नेपाली भाषा* बना देलें। ओकरा अलावे आउर भाषा में लिखल कानुनी कागजपत्र के गैरकानूनी त मानलही गइल, नेपालीतर भाषा में कुछ करेवाला भा करे चाहेवाला के दंडित कइल भी सुरु भइल रहे। सामंतवाद के खिलाफ उठल आवाज के वि. १९९७ के सहिदपर्व का जरिए बंद करे के हर संभव प्रयास कइल गइल रहे। अइसन में देश में एगो दरबार हाई स्कूल आ एकेगो त्रिचंद्र कॉलेज के अलावा बाँकी कौनो शैक्षिक संस्था ना रहे। एहू में त्रिचंद्र कॉलेज के स्थापना समारोह में तत्कालीन राणा प्रधानमंत्री चंद्र शमशेर पुक्की फारके रोअते-बिलुखते कहले रहलन, 'आज हम अपने गोड़ में मारत बानी।' कहे के मतलब रहल कि शिक्षा के अँजोत जेतने पसरी, राणा शासन खातिर घातक होई। स्वाभाविक बा, ओह बेरा बिना इजाजत कौनो शैक्षिक संस्था खोललो दंडनीय अपराध घोषित कइल गइल रहे।

इहो स्वाभाविक बा, भोजपुरिआ क्षेत्र जे मधेश के बीचला हिंस्सा बा, पढ़ाई-लिखाई से पूरा के पूरा वंचित रहे। अइसन अवस्था में वि. २००७ (१९५० ई.) में नेपाल में राणाशाही के खिलाफ विधिवत सशस्त्र जनविद्रोह सुरू हो गइल। एही सशस्त्र जनविद्रोह के नेव पर २००७ साल फागुन ७ गते (१८ फेब्रुअरी १९५१) के दिन प्रजातंत्र लागू भइल आ २००७ साल के चइत २९ गते (११ अप्रिल १९५१) से अंतरिम शासन-विधान लागू होके प्रजातंत्र में कानूनी शासन के काम आगा बढ़ल। एकरा बादे नेपाल में भोजपुरी आपन पहचान के साथ आगा बढ़े लागल। बाँकिर भोजपुरी पर एह कालखंड में भइल काम सब का बारे में चर्चा करे से पहिले समकालीन अर्थ-राजनीतिक, सामाजिक-सांस्कृतिक परिवेश पर तनिका चर्चा कइल उपयुक्त होई।

www.bhojpurisahityangan.com

२००७ साल के सशस्त्र जनविद्रोह से राणाशाही के अंत त भइल बाँकिर जब सरदार रुद्रराज पांडे के नेतृत्व में गठित नेपाल राष्ट्रीय शिक्षा आयोग वि. २०१३ में नेपाली भाषा के अलावा बाँकी समूचा भाषा के विद्यालय शिक्षा से मात्र ना कि खेल मैदान से भी हटावे के सिफारिस कइलक, वि. २०१४ में डॉ. के. आई. सिंह के मंत्रीमंडल में शिक्षा मंत्री रहल नेपाली भाषा-साहित्य के महाकवि लक्ष्मी प्रसाद देवकोटा ओह सिफारिस के बेहवार में लागू कके नेपाली के अलावा बाँकी मातृभषन के शिक्षा में प्रयोग से वंचित कइलन। एकरा सङ्ही भोजपुरी शिक्षा क्षेत्र से बाहर हो गइल। अइसन पश्चगामी निरंतरता नेपाल अधिराज्य के संविधान, २०१५ (वि.) आ नेपाल के संविधान, २०१९ (वि.) में संवैधानिक रूप से जारी रहल। एके बेर वि. २०४६ में उठल संयुक्त जन आंदोलन से निर्दलीय पंचायती सर्वसत्तावाद के परास्त भइला पर नेपाल अधिराज्य के संविधान, २०४७ (वि.) में नेपाली के राष्ट्रभाषा आ कामकाजी भाषा आ आउर भषन के राष्ट्रीय भाषा घोषित कइल गइल। रेडिओ नेपाल आ नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के जरिए बहुभाषिकता में कुछ काम आगा बढ़ावे के कोसिस कइल गइल जवना में वि. २०५१ में रेडिओ नेपाल में भोजपुरी सहित कुछ नेपालीतर मातृभाषा में समाचार प्रसारण सुरु भइल त २०५४ से भोजपुरी नेपाल के शिक्षा पद्धति में फेर से सामिल भइल। बाँकिर ओही साल जब नेपालभाषा के काठमाड़ो महानगपालिका आ मैथिली भाषा के राजविराज नगरपालिका आ धनुषा जिला विकास समिति में सरकारी कामकाज में प्रयोग के निर्णय भइल, तब लालबहादुर थापा, डॉ. हरिप्रसाद पोख्रेल, यज्ञनिधि दाहाल, ध्रुव थेवे आ अच्यूतरमण अधिकारी के याचिका पर सम्मानित सर्वोच्च अदालत के माननीय न्यायाधीश हरिश्चंद्र प्रसाद उपाध्याय अंतरिम आदेश जारी कके २०५४ चइत ६ गते रोक लगइलन त माननीय न्यायाधीशद्वय कृष्णजङ रायमाझी आ टोपबहादुर सिंह २०५६ जेठ १८ गते औपचारिक फैसला कके राज्य के कौनौ तह के कौनौ निकाय द्वारा बहुभाषिकता के सरकारी कामकाज के प्रयोग के असंवैधानिक घोषणा कर चुकलें, जौन तत्कालीन स्थानीय स्वशासन ऐन, २०५५ के खिलाफ रहे।

फेर माओवादी सशस्त्र विद्रोह आ ओकरा नेव पर भइल संयुक्त जनविद्रोह के बल पर आइल नेपाल के अंतरिम संविधान, २०६३ (वि.) आ संविधान सभा से बनके लागू भइल नेपाल के संविधान (वि. २०७२) में नेपाल में बोलल जाएवाला समूचा भाषा के राष्ट्रभाषा के दर्जा मिलल। अइसन उतार-चढ़ाव अनुसार भोजपुरी भाषा के इतिहास के आधुनिक कालक्रम के छोट-छोट कालखंड में पुनः विभाजित कके अश्क (वि. २०७९) में विस्तार से चर्चा कइल गइल बा। अतः नेपाल के समग्र भाषिक नीति जब एकभाषी रहल त भोजपुरी प्रतिबंधित रहल आ जब बहुभाषी भइल त राजनीति आ नौकरशाही में पहिलके निरंतरता में जारी अनदेखा आ तिरस्कार के प्रवृत्ति के कारण

www.bhojpurisahityangan.com

संवैधानिक अधिकार प्राप्ति का बादो अब तक रफ्तार नइखे पकड़ले। बाँकिर राजनीतिक उतार-चढ़ाव के आलोक में कोसिस जारिए बा। एह कालखंड के अश्क (२०८०, पृ. ८६) में निम्नानुसार के चरण में विभाजित कइल गइल बाः

(क) पहिलका चरण (वि. २००७–२०१७, तदनुसार १९५१–१९६० ई.)
(ख) दोसरका चरण (वि. २०१७–२०३६, तदनुसार १९६०–१९७९ ई.)
(ग) तीसरका चरण (वि. २०३६–२०४६, तदनुसार १९७९–१९९० ई.)
(घ) चउथा चरण (वि. २०४६–२०६३, तदनुसार १९९०–२००६ ई.)
(ङ) पाँचवा चरण (वि. २०६३, तदनुसार २००६ ई. से अभी तक)

नेपाल में भइल राजनीतिक उतार-चढ़ाव के मद्देनजर ई चरण विभाजन उपयुक्त बा। अतः एही काल विभाजन के मद्देनजर एह अध्याय में भोजपुरी के समग्र विकासक्रम के छौ खंड में परोसल गइल बा। खंड ६.१ में पहिलका चरण, खंड ६.२ में दोसरका चरण, खंड ६.३ में तीसरका चरण, खंड ६.४ में चउथा चरण आ खंड ६.५ में पाँचवा चरण में नेपालीय भोजपुरी के ऐतिहासिक विकासक्रम परोसके खंड ६.६ में एह अध्याय के सारांश परोसल गइल बा।

६.१ पहिलका चरण (वि. २००७-२०१७, तदनुसार १९५०-१९६० ई.)

२००७ साल में तानाशाही राणा शासन के अंत आ प्रजातंत्र के स्थापना के नेपाली जनता महत्त्वपूर्ण उपलब्धि मनलस आ एह क्रम में नेपालीय भोजपुरी साहित्यकार लोग भी एह ऐतिहासिक घटना के उच्च आदर का साथ अंगीकार कइलन। प्रताप मल्ल के काल में नेपालीय भोजपुरी के गद्य साहित्य के प्राचीन स्वरूप देखाई देवेला। एकरा साथे-साथ नेपाल के वर्तमान मधेश प्रदेश अंतर्गत के सर्लाही जिला के संत भिनकराम के आध्यात्मिक रचनन में भोजपुरी भाषा के ओह बेरा के रूप नजर आवेला। वस्तुतः भिनकराम नेपालीय भोजपुरी साहित्य जगत में आदिकवि के रूप में दिखाई देवेलें। एह दूनू व्यक्तित्वन का बारे में एह से पहिले चर्चा हो चुकल बा।

ओकरा बादो भोजपुरी के विभिन्न विधन में सृजना के अवस्था ओतना संतोषजनक नजर ना अइला के कारण सब में सरकार के द्वारा विभिन्न चरण में लेआवल गइल भाषा नीति एगो प्रमुख कारण ह। वि. २००७ के राजनीतिक परिवर्तन के बाद भोजपुरी समाज में अभिव्यक्ति स्वतंत्रता के छूट मिलल आ ओकरा बाद धीरे-धीरे भोजपुरी जगत में कलात्मक सृजन-परंपरा सुरु भइल नजर आवता। वि. २००९ (सन १९५२) में जब वीरगंज में ठाकुरराम कॉलेज के स्थापना भइल आ ओहिजा हिंदी विषय के अध्यापन वास्ते भारत के बिहार से रामदेव द्विवेदी 'अलमस्त' के आगमन आ वीरगंज में उनकर साहित्यिक सक्रियता बढ़ल, तब जाके नेपालीय भोजपुरी में साहित्य सृजना के रुकल-थमल डेङ फेर आगा से बढ़े लागल। एह चरण में भोजपुरी साहित्य सृजना करेवाला मुख्य साहित्यकार लोग में रामदेव द्विवेदी 'अलमस्त', दीपनारायण मिश्र, हरिहर यादव, नंदन अर्याल आदि दिखाई दे रहल बाड़ें।

www.bhojpurisahityangan.com

जहाँ तक संगीत के बात बा त एह चरण में दू तरह के भोजपुरी गायन परंपरा के सुरुआत भइल नजर आवेलाः भक्ति-सृंगारिक गायन आ प्रगतिशील गायन। ओहीतरे ललितकला के बात कइला पर कोई व्यक्तिविशेष के प्रसिद्धि से बेसी पारंपरिक कलात्मक छटा घर के टाट पर, पक्की घर के देवाल पर, मठ-मंदिर के भित्ता पर जारी रहल लउकेला।

६.१.१ पद्य साहित्य

एह चरण में भोजपुरी साहित्य जगत में पद्य विधा के रचना आ कृति प्रकाशित दिखाई दे रहल बाड़े स। ओही से एहिजा भोजपुरी कविता आ प्रकाशित काव्य-कृतिअन आ ओकर रचनाकार लोग का बारे में संक्षिप्त चर्चा कइल जा रहल बा।

६.१.१.१ रामदेव द्विवेदी 'अलमस्त' (१९२१-१९८७ ई.)

एह काल में भोजपुरी साहित्य जगत के समृद्ध करे में रामदेव द्विवेदी 'अलमस्त' के बहुत बड़ा योगदान बा। तत्कालीन ठाकुर राम कॉलेज (हाल ठाकुर राम बहुमुखी कैंपस) वीरगंज में उनकर आगमन आ वीरगंज में रहल, ई दूनू नेपालीय भोजपुरी साहित्य सृजना खातिर वरदान सावित भइल। चुँकि 'अलमस्त' खुद मजल क्रांतिकारी कवि रहलें, एह से उनकर साहित्यिक व्यक्तित्व चुपाके बइठे ना सकल, आ वीरगंज में साहित्यिक सरगर्मी बढ़े लागल। उनका नेतृत्व में कवि-गोष्ठिअन के आयोजना होखे लागल। जवना के परिणामस्वरूप पं. दीपनारायण मिश्र, राम प्रसाद राय थारू आ सत्यनारायण चौधरी जइसन युवा साहित्यकारन के साहित्यिक-सांगीतिक व्यक्तित्व प्रकाश में आइल। ई लोग भोजपुरी साहित्य सृजना के तरफ आकर्षित भइल। रामदेव द्विवेदी 'अलमस्त' के आपन क्रांतिकारी गीतन का चलते ही नेपाल छोड़ेके पड़ल। उनकर ई रचना उनका नेपाल छोड़े के कारण बनलः—

(१) *ई कनहा राजा बिगाड़ देलस देश के*
मुर्खन के चुनचुनके मन्त्री बनावेला
बात माने खाली गोबर गणेश के
ई कनहा राजा बिगाड़ देलस देश के

एह गीत पर राजा महेंद्र उनका से खफा होके पकड़के जेल में बंद करे के आदेश दे दिहलें जवना चलते उनका रातोरात नेपाल छोड़के आपन देश भारत लौट जाएके पड़ल। इहाँ 'अलमस्त' के एगो काफी चर्चित भोजपुरी गीत प्रस्तुत बाः—

(२) *देखऽ दुनिआ बदलल जाले, नया दिन आवता*
निसभेद रात गइल ,फरीछ बिहान भइल
फुटले किरिनिआ भोरे सोनवा लुटावता॥ देखऽ॥
जाग जाई लोग अब ,भाग जाई सोग सब
निअरे बा दिन उहो काग उचरावता॥ देखऽ॥

www.bhojpurisahityangan.com

नान्ही चानी छौंड़ा अब के ,तनिको ना बोले दबके
उड़े चिल़गड़िआ से कनखी चलावता॥ देखऽ॥
बड़का-बड़का बाबू लोग ,त्यागी राज, सुख भोग
नेताजी कहावे खातिर टोकड़ी चलावता॥ देखऽ॥
पहिले के रवइआ काज ,छोड़ऽ 'अलमस्त' आज
गावऽ गीत जइसन जुगवा ,बँसिआ बजावता॥ देखऽ॥

६.१.१.२ हरिहर यादव (वि. १९८५-२०६१)

एह से पहिलका अध्याय में ब्यास का रूप में स्थापित हरिहर यादव भजन-कीर्तन त गावस बाँकिर उनका मन में अइसन कुछ बात कचोटत रहे, 'श्रद्धाभक्ति में अव्वल रहल लोग कंगाल काहे बा? ईश्वर के कंगालिए काहे मन पड़ेला?' बाद में जब उनकर आबद्धता अखिल नेपाल किसान सङ्घ से भइल त उनका बुझे में देर ना लागल कि भाग्य आ भगवान पर रहल निर्भरता से आगा बढ़ल जरूरी बा। निश्चित रूप से अलमस्त एह चरण में एक तरफ प्राज्ञिक काम में लागके भोजपुरी के अलख जगावत रहलें त ठीक ओही समय में अखिल नेपाल किसान संघ के आह्वान में बारा-रौतहट में किसान आंदोलन सुरु भइल रहे। ब्यास हरिहर यादव एगो नेता के रूप में ओह आंदोलन में कुद पड़ल रहस। ओह आंदोलन के क्रम में जनगीतन के रचना भी सुरु भइल। हरिहर यादव तब जनकवि आ जनगायक का रूप में उभरलें आ नेपालीय भोजपुरी साहित्य में पहिले जवन काव्य कृति प्रकाशित भइल, ओकर नाम ह *मेला के बहार* जेकर रचयिता भइनी हरिहर यादव। ई काव्य-कृति वि. २०१० साल में प्रकाशित भइल आ इहे कृति के नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में पहिल प्रकाशित कृति होखे के श्रेय प्राप्त भइल। कहे के मतलब ई ह कि आधुनिक नेपालीय भोजपुरी साहित्य के प्रथम प्रकाशित कृति *मेला के बहार* (गीत-संग्रह, वि. २०१०) ह आ पहिल प्रकाशित कृतिकार हरिहर यादव हउएँ। उदाहरण के तौर पर एहिजा हरिहर यादव के एगो गीत प्रस्तुत बाः—

(३) *हँसुआ-हँथौड़ा के चिन्हऽ किसनवा ललका निसनवाँ ना।*
ओ में ललका सलाम लेवे मुठिआ के तान
देखते सामंत लोगवा करले रोदनवाँ॥ ललका०॥
भइले रूस-चीन आजाद करके सामंतन के बाद
उहवाँ रोजी-रोटी सब के मकनवाँ॥ ललका०॥
अब ना चलिहेन बरिआई एक दिन एतहू बारी आई
एक दिन साँचे होई एतहू सपनवाँ॥ ललका०॥
कहे हरिहर गाई धनवाँ-धरती बँटाई
कमनिस्ट साँचे करिहेन एतहू सपनवाँ॥ ललका०॥

www.bhojpurisahityangan.com

६.१.१.३ नंदन अर्याल (वि. १९८९-२०८२)

एही किसान आंदोलन का क्रम में भोजपुरी साहित्य-सृजना के डेङ आगा बढ़े लागल आ साहित्य सृजना आ नाटच लेखन आ मंचन करे के वातावरण बने लागल। एही क्रम में बारा जिला, बघवन निवासी नंदन अर्याल, जे किसान आंदोलन के नायकन में एक रहलें, भोजपुरी में नाटक लिखल आ ओकर मंचन करवावल प्रारंभ कइलें। उनकर भोजपुरी में लिखल नाटक *गरीबवा* आ *बिहान* क्रमशः २०१० आ २०१२ में बारा जिला के गांवन में मंचित भइल। प्रगतिशील विचारधारा से प्रभावित भइला का चलते, ऊ नाटकन के प्रकाशित करावे के अवसर आ माहौल ना मिले सकल।

६.१.१.४ पं. दीपनारायण मिश्र (१९३५-२०१९ ई.)

एही चरण में पं. दीपनारायण मिश्र जइसन भोजपुरी के सपूत के कृतिअन के प्रकाशन के सिलसिला प्रारंभ हो गइल। मिश्र द्वारा लिखित *अजामिल* (वि. २०१५) प्रकाशित भइल जवना के नेपालीय भोजपुरी साहित्य जगत के पहिलका खंडकाव्य होखे के श्रेय मिलल आ एह आधार पर मिश्र नेपालीय भोजपुरी साहित्य के पहिलका खंडकाव्यकार कहइलें।

६.१.२ गद्य साहित्य

नेपालीय भोजपुरी साहित्य के आधुनिक काल के पहिलका चरण में गद्य विधा में एकोगो कृति प्रकाशित भइल ना नजर आवे। हँ, एतना जरूर बा कि एह चरण में भोजपुरी के गद्यशिल्पी लोग आपन गद्य रचना के अन्य तरीका से समाजीकीकरण कइलें। एह क्रम में बघवन, बारा जिला निवासी नंदन अर्याल के नाम आदर के साथ लिहल जा सकता। ऊ बारा आ रौतहट जिला में २००९-२०१३ साल में भइल किसान आंदोलन में सामिल रहलें आ आपन क्रांतिकारी विचारधारा के आपन नाटकन के माध्यम से प्रस्तुत करत रहलें जेकर चर्चा एह से पहिले हो चुकल बा।

६.१.३ संगीत-नाटच में भोजपुरी

भोजपुरी संगीत एह चरण में एक तरफ पूर्णतः पारंपरिक रहल त दोसर तरफ अनुकरणात्मक। पारंपरिक संगीत आ गायन के बात कइला पर लोक विधा, जेकर चर्चा एह से पहिलका अध्याय में हो चुकल बा, लोक लय के रूप में प्रचलित रहल आ ओही लय पर आधारित विभिन्न नाच-कीर्तन मंडली में नया शब्दन के जोड़के गावल सुरु भइल। उदाहरण खातिर उपर रामदेव द्विवेदी 'अलमस्त' आ हरिहर यादव के गीतन के नमूना लेहल जा सकेला जे बिल्कुल पारंपरिक लय पर आधारित बा। एह समय के चर्चित गायक लोग में सुबदार ठाकुर, ऱ्दियनारायण प्रसाद जयसवाल, हरिहर दास वैरागी, हरिहर यादव, जगत नारायण यादव, छविलाल साह, लङडु राउत, मजीद मिया; जिनका बारे में पहिले उल्लेख हो चुकल बा; जइसन लोग के निरंतरता जारी रहल। हरिहर यादव के गायकी के विषय में बदलाव आइल नजर

www.bhojpurisahityangan.com

आवेला। कीर्तन मंडली के ब्यास का जगे ऊ एगो प्रतिष्ठित जनगायक में अपना के बदल चुकल रहस। जहाँ तक आधुनिकता के बात बा त एह चरण तक भारतो में भोजपुरी सिनेमा अपने पाँवे खड़िआइल ना रहे। अतः हिंदी सिनेमा के गीत के तर्ज पर भोजपुरी में कीर्तन भा गीत गावल सुरु भइल रहे। एकरा साथ साथ कुछ अइसनो गीत रहे जे सामाजिक चेतना के सुरुआत कइले रहेः—

(४) *जेकर बाप-मातारी खँच्चड़, बिंड़ी देवे सतहतर*
बिंड़िआ पिअत-पिअत बबुनी गइली डोली में
आग लगइली चोली में ना।

संगीत-नाट्य क्षेत्र में एह चरण में कलाकार का रूप में एकेगो नाँव अब तक ज्ञात भइल बाः

६.१.३.१ धर्मदेव यादव (वि. २००२-?)

पर्सा जिला ,बहुदरमाई नगरपालिका वार्ड नं. ३ के स्थायी बसिना यादव के जन्म २००२ साल आषाढ़ १५ गते भइल जानकारी मिलल बा। ऊ गायकी आ ढोलक वादन करत रहनी।

६.२ दोसरका चरण (वि. २०१७-२०३६, तदनुसार १९६०-१९७९ ई.)

वि. २००७ में राजनीतिक परिवर्तन के साथे-साथ स्थापित भइल 'प्रजातंत्र' के सुगंध अबही पूरा तरह से फइललो ना रहे आ नेपाली जनता ओकर पूर्ण तरह से आनंदो ना पवले रहे, तौले वि. २०१७ में राजा महेंद्र के द्वारा सैनिक कू के जरिए शाही कदम उठ गइल आ प्रजातंत्र के टेंटुआ दबाके संपूर्ण नेपालिअन के रहल-सहल अधिकार छिन लिहल गइल। सरकार के द्वारा जनता के मिलल सीमित अधिकार के अपहरण कर लिहला के बाद नेपाली जनता अपने देश में सरकार आ शासन से शोषित होखे लागल। राजा महेंद्र के नेपाल के तराई-मधेश के देखे के नजर बहुत ही संकीर्ण रहल। नेपाल में आपन सत्ता आ शासन के मजबूत करे खातिर राजा महेंद्र प्रजातांत्रिक व्यवस्था के मेटाके निर्दलीय पंचायती व्यवस्था लागू कइलें जवना से नेपाल के अन्य क्षेत्र आ जनता का साथे-साथे भोजपुरी क्षेत्र आ जनता भी परतंत्रता के बंधन में बन्ना गइल। राजा महेंद्र के *एक भाषा एक भेष, एक राजा एक देश* के नीति आ नारा का चलते नेपाल में नेपाली के अलावा आन कवनो भाषा, कला, साहित्य के विकास ना हो पाइल। अइसन प्रतिकूल वातावरण भइला के बादो नेपाल के भोजपुरिआ साहित्यकार लोग आपन भाषा, साहित्य, कला आ संस्कृति के विकास आ संवर्धन खातिर कुछ ना कुछ करत रहल। बाँकिर अवस्था अइसन रहे कि पंचायती व्यवस्था आ राजा के गुनगान के अलावा कुछिओ कइल संभव ना रहे। वि. २०२८ में नया शिक्षा योजना लागू भइला पर त नेपाली आ अङरेजी का अलावा बाँकी भाषा कक्षा में अनौपचारिको बोलल दुलम रहे। अइसनो अवस्था में २०२९ साल में पं. दीपनारायण मिश्र के

www.bhojpurisahityangan.com

अध्यक्षता में *नेपाल भोजपुरी साहित्य परिषद* के स्थापना भइल जवना में सचिव, कोषाध्यक्ष आ सदस्य लोग में क्रमशः राजेंद्र प्रसाद वर्णवाल, रामचंद्र प्रसाद वर्णवाल, लछुमन प्रसाद मदेसिया, रामचंद्र चतुर्वेदी, मोहनलाल, रामचंद्र प्रसाद गुप्ता, रेवती चौधरी, शिवशंकर रौनियार, वीरेंद्र कुमार वर्णवाल, सुकदेव प्रसाद गुप्ता, मंकेश्वर प्रसाद वर्णवाल, कृष्ण कुमार ओझा, राम प्रसाद राय थारू मनोनीत भइल रहलें।

एही संस्था के उद्देश्य अनुरूप २०२९ साल कात्तिक २२ गते तत्कालीन बड़ामहारानी ऐश्वर्य के जन्मदिवस के अवसर पर पं. दीपनारायण मिश्र के संपादन में सबसे पहिले भोजपुरी साहित्यिक पत्रिका *सनेस* के प्रकाशन भइल रहे। ई पत्रिका अनियतकालीन रहे आ राजा आ रानी के जन्मदिन के अवसर आदि पर ही प्रकाशित होत रहे। एही क्रम में ओही साल पुस १४ गते तत्कालीन महाराजा वीरेंद्र के जन्मदिन के अवसर पर एकर दोसर अंक निकलल। एहतरे वि. २०३१ तक ई पत्रिका प्रकाशित होके अर्थाभाव आ संस्था के सदस्यन के बीच उत्पन्न भइल आपसी मनमोटाव का चलते बंद हो गइल (मिश्र ?, वि. २०४६, भूमिका, पृ. ङ)। एहीतरे मिश्र के एकल संपादन एवं प्रकाशन में एगो दोसर भोजपुरी साहित्यिक पत्रिका *समाद* (वि. २०३३) के प्रकाशन प्रारंभ भइल, बाँकिर इहो पत्रिका एक वर्ष तक निकलके बंद हो गइल। चाहे जे होखे, एह चरण में भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास खातिर साहित्यिक संस्था के गठन आ भोजपुरी पत्रिकन के प्रकाशन के महत्त्वपूर्ण उपलब्धि मानल जा सकता। एह प्रकार एह चरण में भोजपुरी पत्रिका के प्रकाशन प्रारंभ भइला के बाद फुटकर रूप में ही सही, भोजपुरी कविता, गीत, मुक्तक, कथा, लेख आदि लिखेवाला साहित्यकार लोग नजर अइलें आ निजी स्तर पर भी पद्य आ गद्य दुनू विधन में कृति प्रकाशित होखे लगली स। एहिजा एह चरण में प्रकाशित पद्य आ गद्य विधा के कृतिअन के संक्षिप्त चर्चा प्रस्तुत कइल जाता।

६.२.१ पद्य विधा

एह चरण में पद्य विधा में पं. दीपनारायण मिश्र के *फूलझरी* (वि. २०२९) प्रकाशित भइल नजर आवता। एह काव्य-संग्रह में *मानवता के राह, शिवजी से निहोरा, लक्ष्मी तोहरा के गोहराईं, गाई के माई समझिले, भइया उहे सभ्य कहावे, केहू तरे मंत्री हो पइतीं, समय के फेरा, के इमरीत रस घोरे, भइया मालोमाल हो जाईं, ई हईं नारद के नानी, दहेज, चमचा, का कहीं कुछ कहल ना जाता, चारू ओरे दुनिया में ये लोगे के चानी बा, दर्पण, नकली नयका नेता, बापू मरके अमर भइलन, रिमझिम रिमझिम बरसे कारी बदरिया, नया जुग के नया अर्थ* आ *नेपाल माँ के गोहार* शीर्षक के कविता संगृहीत बाड़े स। मिश्र के कवितन में सामाजिक कुरीति आ जातिवाद, घुसखोरी, दहेज आदि जीवंत रूप में चित्रांकित भइल बा।

६.२.२ गद्य विधा

नेपाल में भोजपुरी में तत्कालीन सेमरवनगढ़ में चौदहवाँ ईसवी शताब्दि के पहिले चउथाई में कवि शेखराचार्य पं. ज्योतिरीश्वर ठाकुर के *वर्णरत्नाकर* से गद्य

www.bhojpurisahityangan.com

लेखन के सुरुआत हो गइल रहे। एकरा बाद भोजपुरी के आदिकालीन ऐतिहासिक कालक्रम में विभिन्न रजवाड़न के बीच में चिट्ठी-पत्र आ कानूनी कागजात भोजपुरी में करावल प्रमाण पहिले के अध्यायन में परोसल जा चुकल बा। बाँकिर भोजपुरी गद्य लेखन के परिष्कृत होके आधुनिक काल में पहुँचे खातिर वि. २०१९ तक के काल अवधि के इंतजार करे के पड़ल।

६.२.२.१ राम प्रसाद राय थारू (वि. १९६५-२०४०)

अइसे त नेपालीय भोजपुरी साहित्य के आधुनिक काल में कथा, निबंध, एकांकी आदि के फुटकर रचना प्रकाशित होखे लागल रहलें स, बाँकिर एकनी में सब से पहिले प्रकाशित त औपन्यासिक कृति ही नजर आइल। वि. २०१९ में बारा जिला निवासी राम प्रसाद राय थारू (वि. १९६५-२०४०) द्वारा लिखित *थरूहट के बउआ और बहुरिया* प्रकाशित भइल, सम्पूर्ण भोजपुरी साहित्य जगत में प्रथम आंचलिक उपन्यास होखे के श्रेय पवलस।

६.२.३ नाटक मंचन

२०३१ साल में नंदन अर्याल के *जागल लोग* नाटक, बारा के कलैया में मंचित भइल जानकारी मिलेला (अश्क, वि. २०८०, पृ. १०२)।

६.२.४ भोजपुरी भाषा के प्रारंभिक पत्रपत्रिका

एह चरण में भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास आ संवर्धन खातिर पं. दीपनारायण मिश्र के संयोकत्व में *नेपाल भोजपुरी साहित्य परिषद* के स्थापना आ ओह संस्था के परमोद्देश्य अनुसार *सनेस* (वि. २०२९, सं. पं दीपनारायण मिश्र) के प्रकाशन के एगो महत्त्वपूर्ण उपलब्धि मानल जा सकता। काहेकि एह पत्रिका के प्रकाशन के बाद ही भोजपुरी साहित्य के विधागत विकास भइल नजर आवता। एहिजा नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विधागत विकास के संक्षिप्त चर्चा एह तरह प्रस्तुत कइल गइल बाः

६.२.४.१ कथा

सनेस पत्रिका के माध्यम से भोजपुरी आख्यान में फुटकर कथा के डेङ आगा बढ़े लागल। एकरा क्रम में नेपालीय भोजपुरी के आधुनिक कथाकार शिवशंकर रौनियार आगा अइनी। उनकर कथा *दू गज जमीन के नीचे* सनेस पत्रिका (वि. २०३०, वैशाख नव वर्ष अंक, सं. पं. दीपनारायण मिश्र) में प्रकाशित भइल रहे। इनका अलावा एह पत्रिका के माध्यम से आउरो कथाकारन के कथा प्रकाशित भइल रहे। ओह लोग में गंगा प्रसाद मंडल के *कभी न मित्रम्* कथा प्रकाशित मिलेला त सुशील कुमार रेग्मी के *इंजिनियर* कथा प्रकाशित भइल लउकेला।

बाँकिर प्रयुक्त विषय-वस्तु, कथ्य-शैली आदि के आधार पर रौनियार के कथा अन्य कथा सब से आधुनिक चेत से भरल नजर आवेला। संक्षेप में ई कहल जा

www.bhojpurisahityangan.com

सकता कि एह चरण में भोजपुरी कथा लेखन के विकास होखे के प्रारंभ भइल (अश्क, वि. २०८०, पृ. ९६)।

६.२.४.२ लेख/निबंध

भोजपुरी भाषा में लेख/निबंध विधा के पालन-पोषण करे में *सनेस* आ *समाद* (दुनू के संपादक पं. दीपनारायण मिश्र) के बहुत बड़ा योगदान रहल बा। उक्त पत्रिकन के प्रकाशन के बाद गद्य विधा में कलम चलावेवाला लेखक लोग नजर अइलें। वि. २०३० वैशाख में नव वर्ष अंक के रूप में निकलल *सनेस* में रामचंद्र प्रसाद बरनवाल के *विक्रमीय सम्वत्*, राजेन्द्र प्रसाद के *राम राज आदर्श* आ प्रो. रघुनाथ प्रसाद के *समाज विज्ञान* शीर्षक के निबंध/लेख प्रकाशित नजर आवत बाड़े स।

६.२.४.३ एकांकी

नेपालीय भोजपुरी साहित्य में पहिल प्रकाशित एकांकी के श्रेय प्राप्त करेवाला एकांकी *माधुरी* भी पं. दीपनारायण मिश्र के संपादन में *सनेस* (वि. २०३० वैशाख, नव वर्ष अंक) में ही प्रकाशित नजर आवता, आ एकर रचनाकार नजर आवताड़ें रामचंद्र चतुर्वेदी 'करुण'। एह एकांकी में समाज में विधवा महिलन के देखे-सुने के विसंगतिपूर्ण नजरिआ के जीवंत चित्रण भइल बा।

६.२.४.४ मुक्तक

नेपालीय भोजपुरी साहित्य में मुक्तक-लेखन के सुरुआत भी इहे *सनेस* पत्रिका के प्रकाशन से ही प्रारंभ भइल नजर आवता। सनेस (वि. २०३० वैशाख, नव वर्ष अंक) में ही रामचंद्र गुप्ता के चारगो मुक्तक प्रकाशित भइल बाड़े स।

६.२.४.५ कविता/नवगीत

नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में गीत आ कविता के सृजना के सुरुआत २०१० साल से ही भइला के बावजूद नवगीत आ नवकविता विधा के सुरुआत एह चरण में नजर आवता। पं. दीपनारायण मिश्र के संपादन में प्रकाशित *सनेस* आ *समाद* पत्रिकन में नवगीत आ नवकविता प्रकाशित भइल बाड़ी स। *सनेस* (वि. २०३०, वैशाख, नव वर्ष अंक) में पं. दीपनारायण मिश्र के *अभिनंदन*, डॉ. महावीर मयंक के *तृष्णा छलल उम्र के*, जय गोविन्द यादव के *बाल-लीला*, सत्यदेव 'पथिक' के *सावन* (गीत), रमेशचंद्र झा के *नाचन लागे मोर*, श्रद्धानंद पांडेय के *बा अइसन मधुमास आ गइल*, डॉ. बच्चन पाठक 'सलिल' के *विद्रोही* आ *प्रेम गीत*, श्री बच्चा प्रसाद 'राही' के *आश के वृक्ष*, श्री इन्दु के *काहे हम बालिका भइली* आ शक्तिनाथ शर्मा के *किसान* शीर्षक के गीत/कविता प्रकाशित भइल बाड़े स।

६.२.५ समालोचना

समालोचना भा आलोचना एकेगो साहित्यिक विधा ह, जे में कवनो विषयवस्तु के लक्ष्य के ध्यान में रखके ओकर गुण-दोष आ उपयुक्तता के विवेचन कइल जाला।

www.bhojpurisahityangan.com

एह में पाठालोचन, विश्लेषण, मूल्यांकन आ अर्थ निगमन के प्रक्रिया सामिल रहेला। *समीक्षा* आ *समालोचना* शब्द के भी इहे अर्थ ह। अङरेजी के *क्रिटिसिजम* शब्द के समानार्थी रूप में *आलोचना* के व्यवहार होला। संस्कृत में प्रचलित *टीका व्याख्या* आ *काव्यसिद्धांत निरूपण* खातिर भी *आलोचना* शब्द के ही प्रयोग होत आइल बा। बाँकिर आधुनिक आलोचना संस्कृत के काव्यसिद्धांत निरूपण ना ह, ई ओ से बहुत ज्यादा पृथक चीज ह। आलोचना के कार्य कवनो साहित्यिक रचना के निमन से जाँच परख कके ओकर रूप, गुण आ अर्थव्यवस्था के निर्धारण कइल ह।

यदि साहित्य जीवन के व्याख्या ह, त आलोचना ओह व्याख्या के भी व्याख्या ह। अर्थात आलोचना के कर्तव्य साहित्यिक कृतिअन के विश्लेषणात्मक व्याख्या कइल ह। साहित्यकार जीवन आ अनुभव के जवन तत्त्व के संश्लेषण से साहित्य रचना करेला, आलोचना उहे तत्त्व के व्याख्या विश्लेषण करेला। साहित्य में जहाँ रागतत्त्व प्रधान रहेला, ओहिजाने आलोचना में बुद्धि तत्त्व के प्रधानता रहेला। आलोचना ऐतिहासिक, सामाजिक, राजनैतिक परिस्थितिअन के आँकलन करेला आ साहित्य में पड़ेवाला ओकर प्रभाव के विवेचना करेला। व्यक्तिगत रूची के आधार पर कवनो कृति के निंदा चाहे प्रशंसा कइल आलोचना ना ह, ई आलोचना के धर्मो ना ह। कृति के व्याख्या आ विश्लेषण खातिर आलोचना में पद्धति आ प्रणाली के महत्त्व होला। आलोचना करे के सिलसिला में आलोचक अपने व्यक्तिगत राग-द्वेष, रुचि अरुचि के भँवर में फंसे से तबे बच सकता जब ऊ पद्धति के अनुसरण करे। 'साहित्यिक कृति के व्याख्या आ मूल्यांकन समालोचना ह। समालोचना अनिवार्य रूप में मूल्यांकनपरक होला। साहित्य खुदे एगो मूल्य-व्यवस्था भइला से प्रत्येक साहित्यिक कृति के आपन मूल्य होला। साहित्य सौंदर्यप्रधान भइला से कृति के मूल्य स्वभावतः सौंदर्यात्मक होला आ इहे सौंदर्यात्मक मूल्य के परख समालोचना करेला। कृति के संरचना में संश्लिष्ट होके रहल यावत बातन के संगति-विसंगति के बारे में तर्कसंगत परीक्षणीय आ सुव्यक्त प्रस्तुति के ही कृति के मूल्यांकन कहल जाला' (श्रेष्ठ आ शर्मा, २०४९, पृ. १६६)।

भोजपुरी साहित्य में आपन मौलिक समालोचनाशास्त्र निर्माण करे के ना कवनो परंपरा बा आ ना कवनो रूची ही। भोजपुरी साहित्य में पूर्वीय आ पाश्चात्य समालोचनाशास्त्र के आधार पर समीक्षा कइल जाला। नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में समीक्षा आ समालोचना करे के परंपरा ओतना प्रबल रूप में नइखे विकसित भइल। फुटकर समालोचनात्मक रचनन के साथे-साथ कुछ साहित्येतिहास, लोक-नाटकन के संकलन, संपादन आ विश्लेषण, संस्कार गीतन के संकलन, संपादन आ विश्लेषण, भोजपुरी भाषा आ संस्कृति के बारे में विवेचनात्मक लेखन, भोजपुरी क्षेत्र में रहल ऐतिहासिक स्थल के इतिहास के विवेचनात्मक वर्णन आ भोजपुरी भाषा आ

www.bhojpurisahityangan.com

उत्पत्ति के विकास-यात्रा के लेखन आदि शोध समालोचनात्मक कृति प्रकाशित भइल बाड़े स। नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में भोजपुरी साहित्यिक कृतिअन के समालोचना तीन किसिम से कइल नजर आवता। पहिलका त विभिन्न प्रकाशित कृतिअन में लिखल गइल भूमिका, मंतव्य, दू शब्द आदि के माध्यम से भोजपुरी समालोचना के रचना उपलब्ध बाड़े स। दोसर, नेपालीय भोजपुरी कविता, कथा, उपन्यास आदि साहित्यिक कृतिअन में प्रतिविंबित विभिन्न विषयवस्तुअन के बारे में स्वतंत्र रूप में प्रकाशित विश्लेषणात्मक आ विवेचनात्मक रचनन के माध्यम से नेपालीय भोजपुरी समालोचना के विकास भइल नजर आवता। तिसर अवस्था भाषागत प्रस्तुति के बा। बात ई बा कि नेपालीय भोजपुरी साहित्य में भोजपुरी रचना आ कृतिअन के समालोचना आ भूमिका, शोध-अनुसंधान लेखन में भोजपुरी, नेपाली आ हिंदी भाषा के प्रयोग कइल गइल बा। अर्थात भोजपुरी, नेपाली आ हिंदी आदि भाषा में भोजपुरी रचना आ कृतिअन के समालोचना प्रकाशित बाड़े स। नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में वि. २०२९ से निजी कृतिअन में लिखल भूमिका आ पत्र-पत्रिकन में प्रकाशित पुस्तक समीक्षन के माध्यम से भोजपुरी समालोचना लेखन-परंपरा के सुरुआत भइल नजर आवता। नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में प्रकाशित रहल पुस्तकन में समालोचनात्मक भूमिका उपलब्ध बाड़े स। नेपाली आ हिंदी के वरिष्ठ समालोचक नेपाली, भोजपुरी आ हिंदी भाषा में एह तरह के समालोचनात्मक भूमिका लिखले बा लोग। एह क्रम में भोजपुरी काव्य ग्रंथन में एह चरण में पं. दीपनारायण मिश्र के कविता-संग्रह *फूलझरी* (वि. २०२९) में हिंदी के वरिष्ठ लेखक प्रा. डॉ. सूर्यदेव सिंह प्रभाकर द्वारा *दू शब्द* शीर्षक में कृति के समालोचनात्क भूमिका लिखल गइल बा।

जहाँ तक कौनो कृति पर स्वतंत्र रूप से समालोचना लिखे के बात बा त वि. २०३४ में *समाद* (सं. पं. दीपनारायण मिश्र) वर्ष ५ अंक २ में रामकृष्ण शर्मा द्वारा कइल गइल पुस्तक समीक्षा से नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में पुस्तक समीक्षा के परंपरा प्रारंभ भइल नजर आवता। एही अंक में पं. दीपनारायण मिश्र द्वारा लिखित *भोजपुरी संस्कृत के केतने नियरे* शीर्षक के समालोचनात्मक लेख प्रकाशित भइल दिखाई देता।

६.२.६ भोजपुरी के भौगोलिक वैशिष्टयान्वेषण

आज भोजपुरी के भौगोलिक वैशिष्टय के लेके पुरुब में रौतहट-सर्लाही के भोजपुरी, जेकरा के ग्रिअर्सन (१८८४ख) में मैथिल-भोजपुरी बतावल गइल बा आ ओही खासिअत पर व्याकरणो लिखाइल बा, भोजपुरी से अलगे भाषा के रूप में बज्जिका करार देहल जा रहल बा। बाँकिर सन १९७८ में सेल्मा के. सोन्न्तााग बड़ा सटीक रूप से एह वैशिष्टय के स्थलगत अनुसंधान के आधार पर स्पष्ट कइले बाड़ी।

www.bhojpurisahityangan.com

सोन्न्ताग (१९७८, पृ. २१) में भोजपुरी आ मैथिली के बीच पर्सा जिला के सोलकपुर आ धनुषा जिला के खजुरी के बीच भोजपुरी से मैथिली तक के भाषिकांतर के अवस्था ला स्तरीय भोजपुरी ला १ आ भोजपुरी से बिल्कुल अलग भाषा ला ५ अंक निर्धारित कइल गइल बा। एह में प्रस्तुत आँकड़ा के देखला पर १ अंक पावेवाला ठाँवन के भोजपुरी जइसन के तइसन (exactly the same), २ अंक पावेवाला ठाँवन के बहुते मिलताजुलता (very similar), ३ अंक पावेवाला ठाँवन के मिलताजुलता (similar), ४ अंक पावेवाला ठाँवन के अलग (different) आ ५ अंक पावेवाला ठाँवन के बहुते अलग (very different) भाषा रहल संकेत कइल गइल बा। एह सर्वेक्षण के अनुसार पर्सा के सोलकपुर से बारा के कलेआ तक के स्तरीय भोजपुरी, ओह से पुरुब रौतहट के रङपुर तक स्तरीय के समकक्षी भोजपुरी, ओह से पुरुब रौतहट के असनवा आ सर्लाही के धुरवा तक स्तरीय से मिलताजुलता भोजपुरी, ओह से पुरुब महोत्तरी के जलेश्वर, बनौली आ धनुषा के मैथिलेतर आ मैथिल ब्राम्हण बस्ती घोड़घासा तक भोजपुरी से तनिके प्रभावित मैथिली आ धनुषा के खजुरी के स्तरीय मैथिली भाषा रहल स्पष्ट संकेत लउकेला।

भोजपुरी के भौगोलिक वैशिष्टय के दृष्टि से ई अध्ययन-अन्वेषण बहुते महत्त्वपूर्ण रहल बा। ई एह चरण में भोजपुरी पर भइल समाज-भाषिक अध्ययन से ई जाहिर होला कि एही चरण में भोजपुरी विदेशी विद्वान के भी अध्ययन-अन्वेषण के ध्यान आकृष्ट करे में सामर्थ रहल बा।

६.२.७ भोजपुरी भाषा-साहित्य के विकास में प्रारंभिक संघ-संस्था

वि. २०२९ में पं. दीपनारायण मिश्र के अध्यक्षता में *नेपाल भोजपुरी साहित्य परिषद* के स्थापना भइल, जेकर चर्चा उपर हो चुकल बा। एह संस्था के उयद्देश्यानुसार २०२९ साल कात्तिक २२ गते तत्कालीन बड़ामहारानी के जन्मदिन के अवसर पर पं. दीपनारायण मिश्र के संपादन में सबसे पहिले भोजपुरी साहित्यिक पत्रिका *सनेस* के प्रकाशन प्रारंभ भइल। ई पत्रिका अनियतकालीन रहे आ राजा-रानी के जन्मदिन के अवसर पर ही प्रकाशित होत रहे। पत्रिका प्रकाशन के साथे-साथ एह संस्था के द्वारा कवि गोष्ठी के आयोजन भी भइला के प्रमाण मिलता। एह संस्था के पदाधिकारी लोग के घर-घर में कवि-गोष्ठी के आयोजन कइल जात रहे। ई कवि-गोष्ठी के परंपरा प्रारंभ भइला के सुखद परिणामस्वरूप भोजपुरी भाषा में गीत, कविता आदि रचनन के लेखन परंपरा में विकास भइल। एहतरे प्रारंभिक अवस्था में पं. दीपनारायण मिश्र के अध्यक्षता में स्थापित *नेपाल भोजपुरी साहित्य परिषद* नेपालीय भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास में बहुत बड़ा योगदान दिहलस। एकर सुखद परिणामस्वरूप विजयप्रकाश बीन, नागेंद्र प्रसाद कानू आ प्रा. भाग्यनाथ गुप्ता जइसन युवा लोग आगे अइलें आ भोजपुरी भाषा-साहित्य के विकास में आपन महत्त्वपूर्ण योगदान दिहलें।

www.bhojpurisahityangan.com

६.२.८ संगीत-नाटच में भोजपुरी

एह चरण में पहिलका चरण के गायक आ संगीत-नाटच्यकर्मी लोग के निरंतरता जारी रहल त कुछ नवोदित कलाकार लोग भी एह क्षेत्र में प्रवेश कइलन। भोजपुरी गीत-संगीत पर भारतीय सिनेमा के प्रभाव कायम रहे। बाँकिर एगो अंतर साफ रहे कि ई चरण पंचायती सर्वसत्तावाद के चरमोत्कर्ष रहे। अतः सामान्य भोजपुरी गीतन पर भी केहू लुतरी लगा देवे त गायक लोग के शासकीय कोपभाजन के सिकार होखे के पड़त रहे। अतः आध्यात्मिक भजन-कीर्तन आ सिंगारिक गीत के प्रस्तुति का सङे कव्वाली के माध्यम से अश्लीलता भी एही चरण में भोजपुरी गायकी में प्रवेश कइलख। अइसन अवस्था में कुछ नाम आवेला जे लोग एह चरण में भोजपुरी गीत-गायन में सामिल रहनीः

६.२.८.१ योगेंद्र साह (वि. २०००-२०८२)

योगेंद्र साह लोकप्रिय रहस जोगींदर ब्यास का नाँव से। इनकर जन्म वि. २००० आषाढ़ १५ गते यानी २९ जुन १९४३ ई .के दिन पिता महाराज साह तेली आ माई कैलसिआ देवी के सुपुत्र के रूप में मधेश प्रदेश, बारा जिला, सेमरवनगढ़ नगरपालिका वार्ड नं. ८, कचोर्वा में भइल रहे। जगत नारायण यादव इनका के गायकी के दुनिआ में लावे खातिर प्रेरणा के स्रोत रहस। २०२८ साल के दसईं का बेरा जगतनारायणजी के अगुवाई में भइल बिआह-कीर्तन से इनका कीर्तन मंडली में गावे के प्रेरणा मिलल। बाद में इनका नाच के चस्का लागल आ ओहू क्षेत्र में इनकर लोकप्रियता चरम पर रहल। तत्कालीन अवस्था में एगो परंपरा रहे कि साव-साहुकार लोग के नाच देखेके बाँकिर नाच करेके ना। बाँकिर जोगींदर ब्यास एह जातीय-मजहबी प्रतिबंध के तोड़के आगा बढ़लन। कई दशक तक लोकप्रियता के शिखर पर चढ़ल रहके २०८२ अगहन ६ गते ऊ एह दुनिआ के अलविदा कह देलन।

६.२.८.२ ध्रुव सिंह ठकुरी (वि. २०१३)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, वीरगंज महानगरपालिका, वार्ड नं. ७ निवासी पिता भक्त बहादुर सिंह ठकुरी आ माता शारदा सिंह ठकुरी के जन्म ३१ जुलाई १९५६ यानी २०१३ सावन १६ गते भइल बा। मंगल सेमिनरी इंटर कॉलेज, मोतिहारी, पूर्वी चंपारण बिहार से उहाँका इंटर तक के पढ़ाई कके संगीत के तरफ लाग गइनी। प्रयाग संगीत समिति इलाहाबाद से शस्त्रीय संगीत में सिनिअर डिप्लोमा हासिल कइले बानी। नेपाल भोजपुरी समाज, वीरगंज के अध्यक्ष ठकुरी शास्त्रीय गायन आ भोजपुरी लोकगायन में महारथ हासिल व्यक्ति के रूप में परिचित बानी। *गाँवही में लागल बा अगहन के मेला* बोल के गीत अब तक भोजपुरिआ जुबान पर आवत रहेला। ऑल इंडिआ रेडिओ के पटना केंद्र से भी उनकर लोकगीत प्रसारण होत रहल बा आ भारत के नामचीन गायक लोक का सङे साथ कर चुकल बानी। अभीन वीरगंज में नया पिढ़ी में संगीत शिक्षा प्रवाह कर रहल बानी।

www.bhojpurisahityangan.com

६.२.८.३ राम अदेया राउत (वि. २०१३-२०७२)

मधेश प्रदेश, बारा जिला, विश्रामपुर गाँवपालिका, चिलझप्टी में २०१३साल में जन्मल राम अदेया राउत के स्थायी निवास वीरगंज में रहल। अति विपन्न परिवार से आइल राउत शास्त्रीय संगीत का ओर आकर्षित भइनी आ प्रयाग संगीत समिति, इलाहाबाद से संगीत विशारद (बी. म्युज.) तक के शिक्षा हासिल कइनी। भोजपुरी भाषा-साहित्य में भी रूची रहे बाँकिर उनकर मूल योगदान के क्षेत्र शास्त्रीय गायन, तबला वादन आ भोजपुरी लोक गायन रहल। गुरुद्वारा में संगीत शिक्षक होखे के क्रम में आपन उपनाम मास्टर तारा सिंह से भी जानल जात रहनी। वीरगंज में संगीत सिखावत उनकर जिनगी अभावे में गुजरत रहे। बाँकिर वीरगंज आ भोजपुरी से एतना प्रेम रहे कि अव्वल दर्जा के कलाकार भइलो पर उहाँका वीरगंज ना छोड़नी। २०७२ के खास वसंतोत्सव यानी होरी का दिने चैत ११ गते दिल के दौरा पड़ला से चल बसनी।

६.२.८.४ रामलाल यादव (वि. २०१३)

मधेश प्रदेश, बारा जिला, सेमरवनगढ़ नगरपालिका-८, कचोर्वा निवासी भइआराम यादव के सुपुत्र रामलाल यादव के जन्म २०१३ भादो १० गते भइल रहे। रामलालजी कीर्तन मंडली के एक समय के चर्चित ब्यास बानी। उहाँका हार्मोनिअम बजाके भजन-कीर्तन गावल करेनी।

६.२.८.५ नंदलाल साह (वि. २०१४-२०८२)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, ईशनाथ नगरपालिका वार्ड नं. ४ निवारी पिता सुकदेव साह आ माता सुनर देवी के सुपुत्र के रूप में नंदलाल साह के जन्म २०२४ सावन १४ गते तदनुसार २९ जुलाई १९५७ में भइल रहे। उहाँका पेसा से शिक्षक रहनी गीत-संगीत के तरफ उहाँका हार्मोनिअम बजाके भजन-कीर्तन गावत रहनी। ओहीतरे ग्रामीण परिवेश में नाटक सहित आउर कार्यक्रम में वाद्यवादन, गीत-गायन आ अभिनय सहित निर्देशक के भूमिका में भी रहत रहनी। संगीत-नाट्य के क्षेत्र में ४५ बरीस के योगदान के क्र में २०८२ कात्तिक २९ गते तदनुसार १५ नवंबर २०२५ के उनकर निधन हो गइल।

६.२.८.६ भनु राउत कुर्मी (वि. २०१७)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, वृंदावन नगरपालिका, रमौली विश्रामपुर निवासी भनु जी एह क्षेत्र में गायन आ वाद्यवादन खातिर चर्चित बानी।

६.२.८.७ रामजन्म मुखिआ (वि. २०१८)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, यमुना माई गापा, राजपुर तुलसी के स्थायी बसिना रामजन्मजी के जन्म २०१८ बैसाख १५ गते भइल बा। उहाँका अर्ध शास्त्रीय आ सुगम संगीत में चर्चित गायक बानी। विशेषतः ऊ हार्मोनिअम चाहे की-बोर्ड बजाके बड़ा सुंदर मनमोहक आध्यात्मिक भजन, गजल, लोकगीत गावल करेनी। उनका के ब्यासजी का रूप में जानल जाला।

www.bhojpurisahityangan.com

६.२.८.८ महेश साह (वि. २०१८)

मधेश प्रदेश, बारा जिला, सेमरवनगढ़ नगरपालिका वार्ड नं. ८, कचोर्वा निवासी महेश साह के जन्म २०१८ आषाढ़ १० गते भइल ब। उहाँका भजन-कीर्तन आ हनुमान आराधना में झाल बजावेनी आ कोरस गायन करेनी।

६.२.८.९ डॉ. गोपाल ठाकुर (वि. २०१८)

मधेश प्रदेश, बारा जिला, सेमरवनगढ़ नगरपालिका वार्ड नं. ८, कचोर्वा निवासी पिता अफिमीलाल ठाकुर आ माता परमेश्वरी देवी के जेठ सुपुत्र का रूप में डॉ. ठाकुर के जन्म २०१८ पुस २७ गते तदनुसार १० जनवरी १९६२ में भइल रहे। भोजपुरी इतिहास के एह चरण में २०२८ साल से ऊ गायन के क्षेत्र में प्रवेश कइनी। उनका अनुसार ब्यास जगत नारायण यादव के निर्देशन में ऊ पहिल बेर अभिनय का साथे गायन कइले रहनी। एह चरण में उहाँका भी भजन-कीर्तन के गायन सुरू कइले रहनी। तत्कालीन प्रचलन अनुसार भारतीय हिंदी-भोजपुरी सिनेमा के गीतन के तर्ज पर भजन-कीर्तन के रचना कके गावल सुरू कइनी। वाद्यवादन में ऊ पहिले ढोलक बजावल सिखनी। बाद में हार्मोनिअम बजावल आ गावल सुरू कइनी। ओकरा बाद गीत लेखन के भी सुरुआत कइनी।

६.३ तीसरका चरण (वि. २०३६-२०४६, तदअनुसार १९७९-१९९० ई.)

चाहे राजनीतिक प्रणाली केतनो कठोर होखे, इतिहास के पहिआ दहिना-बायाँ होत रहे, इतिहास पाछा ना जाला। तबो ई सीधा रेखा में आगा ना बढ़ेला। अनेक उतार-चढ़ाव, मोड़-घुमान के पार करत रहेला।

पंचायती व्यवस्था के स्थापना के बाद सत्ता संरचना के अनुदार चरित्र आ पंचायत विरोधी आंदोलन में टूटफूट आ शिथिलता अइला के कारण एह चरण के भोजपुरी साहित्य लेखन भी ओह प्रतिकूल स्थिति से अछूता ना रहे सकल। ओकरा बाद वि. २०३५/२०३६ के संयुक्त विद्यार्थी आंदोलन आ जनसंघर्ष के परिणामस्वरूप २०३६ साल जेठ १० गते सुधार सहित के पंचायती व्यवस्था आ बहुदलीय व्यवस्था के बीच में राजा वीरेंद्र जनमत संग्रह के घोषणा कइलें। एह दू विकल्प के बीच २०३७ साल बइसाख २० गते भइल मतदान में सुधार सहित के पंचायती व्यवस्था त जीतल बाँकिर एकरा विकल्प में संसदीय व्यवस्था पक्षधर लोग के भी स्वर मुखर होखे लागल। एह परिघटना के भी महत्त्वपूर्ण राजनीतिक मोड़ मानल जा सकता। एह कालखंड में भोजपुरी भाषा-साहित्य के विकास के दृष्टि से कुछ महानुभाव लोग के योगदान सहित कुछ एहतरे दर्सावल जा सकता।

६.३.१ पत्रिका प्रकाशन

वि. २०३६/०३७ के जनमत-संग्रह का बाद नेपाल में एक अलग किसिम के राजनीतिक मनोविज्ञान विकसित भइल आ ओ से नेपाल के भोजपुरिआ जनता के साथे-

www.bhojpurisahityangan.com

साथे अन्य भाषा-भाषी जनता भी प्रभावित भइला से वंचित ना रहे सकल। सुधारल पंचायती एकदलीय तानाशाही के भीतरो बालिग मताधिकार अंगीकार कइल गइल। राजनीतिक दल सब अपना नाम का आगा *प्रतिबंधित* भा *पुराना* लिखके सीमित रूप में ही सही, आपन गतिविधि सुरु करे लागल। तबो पंचायत विरोधी गतिविधि पर निगरानी तनिका बेसिए रहत रहे। एहतरे दुःख-संकट के प्रतिकूल वातावरण में केहू तरे जान जोगावे के अवधारणा के नेपालीय भोजपुरी समाज के एक तप्का के साहित्यकार लोग अपनवलस आ ओही मोताविक आपन साहित्यिक गतिविधिअन के जारी राखल। वि. २०२९ में सुरु भइल सनेस आ वि. २०३३ में सुरु भइल समाद आपन प्रकाशन के कुछे वर्ष के बाद बंद हो गइल रहे। पत्रिका निकाले खातिर तत्कालीन व्यवस्थानुसार अंचलाधीश के पांडुलिपि देखाके अनुमोदन लेवेवाला जइसन झंझट उत्पन्न हो गइला से नेपालीय भोजपुरी साहित्य जगत में एह चरण में आशातीत विकास ना भइल।

६.३.१.१ विजय प्रकाश बीन (वि. २००७-२०७६)

वि. २०३६/०३७ का बाद तनिका ढीला पड़ल पंचायती व्यवस्था में वि. २०३९ में विजय प्रकाश बीन आ नागेंद्र प्रसाद कानू के प्रयास से बीनजी के संपादकत्व में *सगुन* (पाक्षिक) समाचार पत्रिका के प्रकाशन सुरु भइल जवना के महत्त्वपूर्ण उपलब्धि मानल जा सकता। ई पत्रिका करीब छ वर्ष निकलके २०४५ में अर्थाभाव आ अन्य प्राविधिक कारणनन से बंद हो गइल।

६.३.२ नाटक लेखन-मंचन

एक तरफ केहू तरे जान जोगावे के परिस्थिति में वीरगंज में नागेंद्र प्रसाद कानू आ विजय प्रकाश बीन के प्रयास से वैधानिक रूप में *सगुन* (पाक्षिक) पत्रिका चलल सुरु भइल त दोसर तरफ नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी के नेता जनकवि हरिहर यादव के निर्वासित जीवन में यादव प्रसाद उपाध्याय, कृष्णकुमार लाल कर्ण, सरयुग राय यादव जइसन प्रौढ़ लोग के साथ साथ बतहु यादव, नागेंद्र यादव, गोपाल ठाकुर, परमानंद साह आ जङबहादुर यादव जइसन किशोर आ युवा लोग से संपर्क बढ़ल। फलतः पंचायत विरोधी देशभक्ति आ किसान के सुख-दुःख के विषय वस्तु पर साहित्य रचना के दौर भोजपुरी में आगा बढ़ल जौन तत्कालीन अवस्था में अवैधानिक मानल जात रहे।

६.३.२.१ गोपाल गिरी

एह चरण में भोजपुरी नाटक मंचन के परंपरा में तनिका शिथिलता आइल आ एके लगे वि. २०३६ में गोपाल गिरी द्वारा लिखित भोजपुरी नाटक *अब फरिआई* वीरगंज टाउन हॉल में मंचित भइल।

६.३.२.२ गोपाल ठाकुर (वि. २०१८)

जनकवि हरिहर यादव के प्रेरणा से गोपाल ठाकुर के कलम जनगीत रचना में चले लागल। वि. २०३९ साल में गोपाल ठाकुर *मुखिआजी चोर कइसे* नाटक लिखलन

www.bhojpurisahityangan.com

जेकर सब से पहिले रौतहट के मैढ़ा में ओही साल प्रदर्शन भइल आ वि. २०४० आसिन ३० गते एतवार के दिन बारा जिला के कचोर्वा बाजार पर। एह नाटक में सामिल जनकवि हरिहर यादव के ई गीत आज तक लोग के जुबान से सुनेके मिलेलाः

(५) *हम त मुखिआ भेली गाँव के भइआ सब से इमानदार*
विधवा-निर्बल के करी भलाई चाहे चुए पसेना
परोपकार के पथ से भइआ पीछे कभी हटिना
अइसन हिरदे के उदार भइआ सब से इमानदार॥ हम त॥
सीधा-सादा से कबुलिअतनामा, बचत-बखारी पचइली जामा
का करी केहु उपरवाला, कागज में बा टोटल गाला
भेष-भुषा से सीधा-सादा चटकी में होसिआर॥ हम त॥
बउआ हमर उत्तराधिकारी छप्पनछुड़ी तेज कटारी
तस्कर जुवाड़ी युवक के बइसाखी मारग बतावनहार॥ हम त॥

एह नाटक खेलला के कुछे महिना के बाद वि. २०४१ सावन १ गते गोपाल ठाकुर आ बतहु यादव के तत्कालीन पंचायती प्रशासन गिरफ्तार कके राजकाज मोकदमा लगाके जेल में बंद कर देलख। फलतः एह नाटक के पांडुलिपि भी राज्य आतंक के भय से सुरक्षित ना रहे सकल।

गोपाल ठाकुर जेल जीवन में भी भोजपुरी साहित्य सृजन से जुटल रहलें। जेलो में ऊ एगो दोसर गीति नाटक के रचना कके मंचन कइलन। भोजपुरी में अब करीब लोप हो चुकल कानपुरी शैली के दोहा-बहरतबील में लिखल *पर्दा के भीतर* के वीरगंज जेल में दसईं के अवसर पर मंचन भइल रहे। दोबारा एही नाटक के कचोर्वा बाजार पर वि. २०४७ में मंचन भइल। बाँकिर उनका अनुसार काठमाड़ो में रहत बेरा डेरा के फेरबदल करत समय उहो पांडुलिपि सुरक्षित ना रहे सकल।

६.३.२.३ मुकुंद आचार्य

वि. २०४५ में मुकुंद आचार्य द्वारा लिखित नाटक *भइल जनम शैतान के* के मंचन उनकर गृह शहर कलैया में भइला के प्रमाण बा।

६.३.३ नाटक प्रकाशन

नाटक लेखन आ मंचन के साथ एकांकी प्रकाशन का बारे में *सगुन* के प्रकाशन कारगर रहल बात उपर आ चुकल बा। एकर निरंतरता एहू काल में यथावत रहल।

६.३.३.१ गोपाल अश्क

सगुन (वर्ष ६, अंक, १ पुस १४, सं. विजय प्रकाश बीन) में गोपाल अश्क के *वाह रे बेटा* एकांकी प्रकाशित भइल नजर आवता।

६.३.४ पद्य विधा

एने नेपाल भोजपुरी साहित्य परिषद के सदस्य लोग में समय-समय पर फेर-बदल, कुछ नया सदस्य लोग के आगमन आ पुरान सदस्य लोग के बर्हिगमन के

www.bhojpurisahityangan.com

परंपरा चलत रहल आ एही बीच वि. २०४४ में परिषद के सचिव के रूप में भाग्यनाथ गुप्ता जइसन समर्पित भोजपुरी सेवी के मनोनयन भइल।

एकरा बाद उनकर अगुवाई में एह संस्था से उल्लेखनीय आ ऐतिहासिक कविगोष्ठिअन के आयोजना भइल। इनका आ इनका जइसन अन्य उत्साही युवा लोग के प्रयास से वि. २०४४ कात्तिक २२ गते तत्कालीन बड़ामहारानी के जन्मदिन के अवसर पर आ गोपाष्ठमी के अवसर पर घर-घर में होखेवाला कविगोष्ठी पहिल बेर बाहर निकलके सांस लेहलस आ भव्य रूप में संपन्न भइल। एकरा बाद ई परंपरा आज तक चलत आ रहल बा। वि. २०४५ में एह संस्था के द्वारा बृहत कविगोष्ठी भइल आ एह कविगोष्ठी में प्रमुख अतिथि के रूप में तत्कालीन राष्ट्रीय पंचायत सदस्य चंद्रदेव चौधरी का साथे अन्य गणमान्य व्यक्तिअन के सहभागिता भी रहला से भोजपुरी कविगोष्ठी के लोकप्रियता आ प्राप्ति में चार चाँद लाग गइल। एही तरहे एही चरण में पत्रिका प्रकाशन, कविगोष्ठिअन के आयोजन आ कुछ साहित्यकार लोग के व्यक्तिगत कृतिअन के प्रकाशन के महत्त्वपूर्ण उपलब्धि मानल जा सकता। एह चरण में उदय भइल कविअन में उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि', मुकुंद आचार्य, गोपाल ठाकुर आ गोपाल अश्क आदि नाम प्रमुख ह। पुराना पुस्ता के साहित्यकार पं. दीपनारायण मिश्र, विजय प्रकाश बीन आ नागेंद्र प्रसाद कानू के निरंतरता भी बनल रहल। एह चरण में उदित नया भोजपुरी साहित्यकार आ ओह लोग के कृतिअन के बारे में अति संक्षिप्त रूप में चर्चा कइल जा रहल बा।

६.३.४.१ उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' (वि. २०११-२०७९)

एह चरण में उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के जन्म नेपाल के मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, वीरगंज महानगरपालिका के बहुअरी में भइल रहे। पेसा से इहाँका ओभर्सिअर रहनी। वि. २०३८ में इनकर *बिदागिरी* (खंडकाव्य) प्रकाशित भइल रहे। ई खंडकाव्य परंपरागत रूप में बेटी के बदागिरी का समय बामातारी, भाई-भउजाई से मिलल उपदेश पर आधारित बा।

६.३.४.२ पं. दीपनारायण मिश्र

पं. मिश्र के *अँजुरी के फूल* (कविता-संग्रह) वि. २०३९ में प्रकाशित कृति हवे। एह कविता-संग्रह में राजा-रानी के बिनती भाव से भरल कवितन मुख्य बाड़ी सन।

६.३.४.३ डॉ. गोपाल ठाकुर (वि. २०१८)

जनकवि हरिहर यादव का सङे सहलेखन में गोपाल ठाकुर के *भविष्य-निधि* (जनगीत संग्रह) वि. २०४२ में प्रकाशित भइल रहे। निश्चित रूप से देशभक्ति आ किसान समस्या आ वर्णव्यवस्था के विरोध एह जनगीत संग्रह में विषयवस्तु का रूप में उठान भइल बा।

नेपालीय भोजपुरी के आधुनिक काल के एह चरण में भोजपुरी भाषा के उत्थान मूलतः नाटक आ पद्य विधा में भइल नजर आवता।

www.bhojpurisahityangan.com

६.३.५ समालोचना

एह चरण में पं. दीपनारायण मिश्र के दोसर पुस्तक *अँजुरी के फूल* (वि. २०३९) में डॉ. भीमचरण थापा नेपाली में *भूमिका* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़े, जवना में कृति के गुण आ दोष दूनू के चर्चा कइल गइल बा।

६.३.६ सरकारी संचार माध्यम में भोजपुरी

आधुनिक काल के दोसरका चरण तक भोजपुरी में ऑल इंडिआ रेडिओ के पटना, राँची, भागलपुर, दरभंगा आ गोरखपुर प्रसारण केंद्रन से दैनिक रूप में दू-तीनगो लोकगीत प्रसारण से अधिक कुछिओ ना सुने के मिलत रहे। एह तिसरका चरण में रेडिओ नेपाल आ नेपाल टेलिभिजन के स्थापना के बाद ओहू में हप्ता के एक-दू दिन प्रसारण होखेवाला फूलबारी कार्यक्रम में भोजपुरी के प्रवेश भइल लउकेला। एकरा माध्यम से भोजपुरी के गीत सुनल आ नृत्य देखे के मिलल सुरु भइल।

६.३.७ संगीत-नाट्य में भोजपुरी

एह से पहिले दर्ज भइल संगीत-नाट्यकर्मी लोग के निरंतरता एहू चरण में जारी रहल। एकरा साथ कुछ आउर लोग के प्रवेश भइल। खास ककेे डॉ. गोपाल ठाकुर के एह चरण में एगो संगीतकार, नाटककार आ रंगकर्मी के रूप में भी देखल गइल। उनका रचना आ गायन के परिधि में जनगीत रचना आ गायन सामिल होके उनकर छवि एकजने जनकवि के रूप में भी स्थापित भइल।

६.३.७.१ सोधा यादव (वि. २०२१)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला बहुदरमाई नगरपालिका वार्ड नं. ३, पदमौल निवासी पिता जगरूप राउत आ माता सुनरकली देवी के सुपुत्र सोधाजी के जन्म २०२१ आषाढ़ २७ गते भइल बा। उहाँका हार्मोनिअम बजाके भजन-कीर्तन आ जनगीत के गायन करेनी। एकरा साथे भजन-कीर्तन आ जनगीत के चर्चित रचनाकारो बानी।

६.३.७.२ अनिल कुमार वर्मा (वि. २०२२)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, छिपहरमाई गाँवपालिका वार्ड नं. ४, बंजारी निवासी अनिल कुमार वर्मा के जन्म २०२२ सावन १३ गते भइल बा। मूल रूप से उहाँका धार्मिक समारोह में भजन-कीर्तन गायक हईं। एकरा साथ साथ भोजपुरी लोकगीतन के भी आपन सुरीला आवाज से श्रोता-दर्शक के निमन से रिझावल करेनी।

६.३.७.३ मुनिलाल साह (वि. २०२३)

मधेश प्रदेश पर्सा जिला छिपहरमाई गाँवपालिका वार्ड नं. ३, जयमंगलापुर निवासी मुनिलाल साह के जन्म २०२३ कात्तिक २० गते भइल बा। ऊ एक जने कुशल भोजपुरी गायक बाड़ें। उनकर वादयंत्र हार्मोनिअम ह।

६.३.७.४ बृजकिशोर सहनी (वि. २०२३)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, गरुड़ा नगरपालिका, वार्ड नं. २, गेंड़हीगुठी निवासी पिता किसुनी सहनी आ माता मंदोदरी देवी के सुपुत्र बृजकिशोरजी के जन्म

www.bhojpurisahityangan.com

२०२३ चइत १५ गते भइल बा। एस. एल. सी. (विद्यालय परित्याग प्रमाणपत्र) यानी मैट्रकुलेसन तक के औपचारिक शिक्षा आ प्रवीणता प्रमाणपत्र तक के संगीत शिक्षाप्राप्त बृजकीशोरजी प्राथमिक शिक्षाकाल से ही गायन, नृत्य आ अभिनय से जुड़ गइनी। एकरा साथ साथ उहाँका एकजने कुशल गीतकार भी बानी। उनकर गीति पुस्तिका के नाम ह, *जिनगी जिअ जतन से*। एकरा साथ साथ उनकर गीति एल्बम सब भी श्रोतन के बीच में बा। नेपाल के सरकारी संचार माध्यम रेडिओ नेपाल आ नेपाल टेलिभिजन से भी उनकर गीत प्रसारण होला। उनका नेपाल संगीत-नाट्य प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के प्राज्ञ भी रह चुकल बानी। एने कुछ दिन से उनकर स्वरयंत्री में खराबी आ गइला से अभी गावे में असमर्थ बानी।

६.३.७.५ कपिलदेव ठाकुर (वि. २०२५)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, गरुड़ा नगरपालिका, वार्ड नं. २, गेंड़हीगुठी निवासी जगदेव ठाकुर आ जलेश्वरी देवी के सुपुत्र के रूप में कपिलदेवजी के जन्म वि. २०२५ साल में भइल बा। महिना आ गते ज्ञात नइखे हो पावल। श्री जय किसान मा. वि., धरहरी से १०वाँ क्लास तक पढ़के १७ बरीस के उमीर से अब तक अनव्रत रूप में सुगम संगीत में लागल कपिलदेवजी हार्मोनिअम आ की-बोर्ड बजाके भजन-कीर्तन आ जागरण गीत गावेलन।

६.३.७.६ रामबिकेश यादव (वि. २०२६)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, माधवनारायण नगरपालिका वार्ड नं. १, दिपही निवासी रामबिकेश राय यादव के जन्म बारा-रौतहट किसान आंदोलन के हस्ती के रूप में परिचित रामस्वरूप राय यादव के परिवार में २०२६ कुआर २७ गते भइल बा। २०४१ साल से वाम आंदोलन में जुड़ल यादव माओवादी सशस्त्र आंदोलन में भी जनवादी गायन आ अभिनय द्वारा आपन संगीत-नाट्य के यात्रा जारी रखलन। प्रगतिशील गीत रचना, संगीत, गायन आ अभिनय के यात्रा अभीनो जारी बा। नमूना के रूप में उनकर ई गीतः

(६) *मृत्यु के जीतेवाला तोहे सौ-सौ सलाम*
ना बुझलऽ घामपानी ना कइलऽ आराम॥ मृत्यु के०॥
मुक्ति के खातिर लाल झंडा उठइलऽ
दुष्ट के आगे कभी शिर ना झुँकइलऽ
जाने कौना शब्द से करीं तोहे सम्मान॥ मृत्यु के०॥
हे आग के खेलाड़ी तू चमत्कार कइलऽ
नेपाल के नाम दुनिआ में तू चिन्हइलऽ
साम्राज्यवादी के नीन कइलऽ हराम॥ मृत्यु के०॥

www.bhojpurisahityangan.com

६.३.७.७ लालबाबू पटेल (वि. २०२७)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला वीरगंज महानगरपालिका-२६, सुगौली नवासी लालबाबूजी के जन्म २०२७ बइसाख २६ गते भइल बा। ऊ भोजपुरी के एक जने चर्चित गायक बाड़ें।

६.३.७.८ जीतेंद्र कुमार वर्मा (वि. २०२७)

मधेश प्रदेश पर्सा जिला छिपहरमाई गाँवपालिका वार्ड नं. ४, बंजारी निवासी वर्मा के जन्म २०२७ माघ १६ गते भइल बा। ऊ एकजने कुशल भोजपुरी गायक हउएँ। भोजपुरी भजन-कीर्तन, लोकगीत गायन में उनकर अपने ख्याति बा।

६.३.७.९ प्रेमचंद्र पांडेय (वि. २०२७)

मधेश प्रदेश, बारा जिला, प्रसौनी गाँवपालिका, वार्ड नं. ४, खुँटवा निवासी पांडेय के जन्म मदनमोहन पांडेय के सुपत्र के रूप में वि .२०२७ में भइल बा। उहाँका एक दक्ष ढोलक आ तबला वादक के रूप में परिचित बानी। बचपन से ही संगीत प्रति इनकर कुछ जादा रुचि आ लगाव रहल, ओहीसे इहाके अपना जीवन के मुख्य लक्ष्य संगीत बनवनी। इहाँ के तबला आ ढोलक के तालीम अपना बाबुजी से ही लिहले बानी। बाबुजी के मार्गदर्शन में छोट उम्र से ही रियाज आ साधना सुरू कइनी आ धीरे-धीरे अपना कला में निपुणता हासिल कइनी।

इहाँका वि .२०४४ में नेपाल के तत्कालीन राजा वीरेंद्र के हाथ से हेटौड़ा देवी संगीत समारोह में" बेस्ट नालवादक "पुरस्कार मिलल। ओहीतरे सन २००८ में भारत के पच्छिम चंपारण, बगहा में भइल विश्व भोजपुरी सम्मेलन में, "नाल सम्राट "के प्रतिष्ठित उपाधि प्रदान कइल गइल।

६.३.७.१० बृजभूषण तिवारी (वि. २०२८)

वि. २०२८ में जन्मल मधेश प्रदेश पर्सा जिला छिपहरमाई गाँवपालिका वार्ड नं. ५, भीस्वा निवासी तिवारी कुशल हार्मोनिअम वादक आ भोजपुरी गायक बाड़न।

६.३.७.११ शंभु गिरी (वि. २०२८)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, जगरनाथपुर गाँवपालिका, वार्ड नं. ४, चीलझपटी निवासी गिरी के जन्म २०२८ माघ १० गते भइल बा। ऊ एकजने कुशल बैंजोवादक बाड़न।

६.३.७.१२ संतोष कुमार राम (वि. २०२८)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, छिपहरमाई गाँवपालिका वार्ड नं. ५, भीस्वा निवासी संतोष कुमार के जन्म २०२८ फागुन ४ गते भइल। ऊ एकजने कुशल नाल (ढोलक) वादक बाड़ें।

६.३.७.१३ सुनिल पंडित (वि. २०२९)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, जगरनाथपुर गाँवपालिका वार्ड नं. ५, धर्मपुर निवासी सुनिल पंडित के जन्म माता पासपती देवी आ पिता चोकट पँड़ित के सुपुत्र के रूप में

www.bhojpurisahityangan.com

२०२९ आषाढ़ २५ गते भइल। उनकर कइअन गीत रेडिओ नेपाल से बाजेला। हरेक प्रकार के मंच पर ऊ भोजपुरी गायकी खातिर चर्चित नाम हउएँ।

६.३.७.१४ ध्रुव ठाकुर (वि. २०२९)

मधेश प्रदेश पर्सा जिला पकहाँ मैनपुर गाँवपालिका वार्ड नं. ५, पोखरिआ निवासी ठाकुर के जन्म २०२९ सावन २० गते भइल बा। ऊ एकजने कुशल भोजपुरी गायक हउएँ। उनकर वाद्ययंत्र हार्मोनिअम ह।

६.३.७.१५ राज महमद मिया (वि. २०३०)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, वीरगंज महानगरपालिका-२१, परवानीपुर निवासी राजमहमद के जन्म २०३० माघ ०७ गते भइल रहे। भोजपुरी गीत-संगीत के दुनिआ में ऊ एकजने कुशल अक्टोपैड वादक हउएँ।

६.३.७.१६ शृजेश चौबे (वि. २०३०)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, ईशनाथ नगरपालिका वार्ड नं.३, औरइआ निवासी पिता गोविंददेव चौबे आ माता धर्मशिला देवी के सुपुत्र के रूप में शृजेशजी के जन्म २०३० फागुन २ गते भइल बा। उनकर सोहरत भजन-कीर्तन आ लोकगीत गायन का साथे प्रवचन में देखल जाला। वाद्यवादन में ऊ हार्मोनिअम, तबला आ बाँसुरी बजावेलन।

६.३.७.१७ बच्चा यादव (वि. २०३०)

मधेश प्रदेश, बारा जिला, सेमरवनगढ़ नगरपालिका वार्ड नं. ८, कचोर्वा निवासी पिता परभंस यादव आ माता गुल्जरवा देवी के सुपुत्र बच्चाजी के जन्म २०३० बइसाख ११ गते भइल बा। उनकर विधा हार्मोनिअम वादन का साथे धार्मिक भजन-कीर्तन आ जनगीत गायन बा।

६.३.७.१८ रामबाबू ठाकुर (वि. २०३२)

मधेश प्रदेश, बारा जिला, सेमरवनगढ़ नगरपालिका वार्ड नं. ८, कचोर्वा निवासी पिता भोला ठाकुर आ माता एतवारिआ देवी के सुपुत्र रामबाबू के जन्म २०३२ जेठ ०५ गते भइल बा। ऊ एकजने कुशल ढोलक-नाल वादक बाड़ें।

६.३.७.१९ उत्रीचन चमार (वि. २०३२)

लुंबिनी प्रदेश, नलपरासी (बर्दघाट सुस्ता पच्छिम) जिला, प्रतापपुर गाँवपालिका वार्ड नं. ६ निवासी बेंचू चमार के सुपुत्र उत्रीचनजी के जन्म २०३२ आषाढ़ १२ गते भइल बा। उनकर सोहरत हार्मोनिअम आ ढोलक वादन का साथे भोजपुरी सुगम संगीत आ गायन में रहल जानकारी मिलल बा।

६.३.७.२० नेक महम्मद हुसैन (वि. २०३२)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, देवाही गोनाही नगरपालिका-९, धरहरी निवासी पिता फूल महम्मद हुसैन आ माता जोहरा खातून के सुपुत्र के रूप में नेक महम्मदजी के जन्म २०३२ पुस १४ गते भइल बा। औपचारिक शिक्षा के क्षेत्र में उहाँका बाबा

www.bhojpurisahityangan.com

भीमराव अंबेडकर बिहार विश्वविद्यालय से समाजशास्त्र में स्नातकोत्तर बानी। उनका भइल बातचीत का अनुसार अनुवंशिक निरंतरता में सात बरीस के उमीर से उनकर मंचीय गायन यात्रा सुरू रहल बा। उहाँका भावनात्मक, सिंगारिक, जागरण, देशभक्ति गीत गावल करेनी। एकरा साथ साथ नाट्य क्षेत्र में नाटक के पटकथा लेखन, निर्देशन, अभिनय से जुड़ल बानी। कइअन संस्थन से उनका सम्मान भी प्राप्त बा।

संगीत-नाट्य आ इस्लाम मजहब के बीच के संबंध पर जिज्ञासा रखला पर उनकर सीधा कहनाम बा कि इस्लाम में एह संबंधी कौनो निर्देश नइखे, बाँकिर सामाजिकीकरण सामाजिकीकरण के क्रम में अइसन बखेड़ा खड़ा कइल गइल बा। भाषिक विविधता पर निरंतर हो रहल अलगाव का बारे में उनकर टिप्पणी रहल कि भाषा के क्षेत्र में अइसन ठिकदारी हानि कर रहल बा।

६.३.७.२१ रामेश्वर प्रसाद चौहान (वि. २०३२)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, पोखरिआ नगरपालिका, वार्ड नं. ४, पोखरिआ निवासी रामेश्वर प्रसाद चौहान के जन्म २०३२ माघ २ गते भइल बा। ऊ एकजने चर्चित ऑक्टोपैड वादक बाड़न। भोजपुरी गायन खातिर ताल वादन में दमदार साथ करनिहार चौहान के अपने सोहरत बा।

६.४ चउथा चरण (वि. २०४६-२०६३, तदनुसार १९९०-२००६ ई.)

वि. २०४६ के जनांदोलन के समझौता पर समापन के बाद नेपाली जनता के आवश्यकता पूरा ना भइला के असर भोजपुरी साहित्य पर पड़ल, जवन स्वाभाविक रहे। सरकार बने आ गिरे के अस्थिर राजनीतिक गतिविधिअन, जनहत्या, राज्य आतंक आ निरंकुश शासन लगायत के गतिविधिअन से समकालीन भोजपुरी साहित्य सृजना अछूता ना रहे सकल। वस्तुतः मुल्क में विद्यमान विसंगति आ बेथिति के प्रति कठोर आलोचना आ व्यंग्यात्मक स्वर एह समयावधि के भोजपुरी साहित्य सृजना में मिलेला। एह समय में प्रगतिवादी, गैर प्रगतिवादी दूनू वृत्त के साहित्यकारन के क्रियाशीलता नजर आवेला। एह समयावधि में पद्य आ गद्य दुनू विधा में अनेकन कृति प्रकाशित नजर आवेले स। एह समयावधि में नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में दोसरका जनगीत-संग्रह *जय किसान* (वि. २०४७), पहिलका कथा-संग्रह *नइहर के चुनरी* (वि. २०५१), पहिलका गजल-संग्रह *अभी बाकी बा* (वि. २०५४), पहिलका महाकाव्य *धँधोर* (वि. २०५५), पहिलका एकांकी-संग्रह *एक बित्ता के दूरी* (वि. २०५७) जइसन विधागत कृतिअन के प्रकाशन के साथे-साथ *गमक* (त्रैमासिक, वि. २०५१, सं. गोपाल अश्क) जइसन लोकप्रिय साहित्यिक पत्रिका के प्रकाशन आ डॉ. वंशीधर मिश्र के संयोकत्व में *नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान* के गठन आदि का साथे विभिन्न विधा के लगभग ३० गो कृतिअन के प्रकाशन नजर आवता आ एकरा के नेपालीय भोजपुरी साहित्य के यात्रा में एगो महत्त्वपूर्ण उपलब्धि मानल जा सकता।

www.bhojpurisahityangan.com

वस्तुतः ई काल नेपालीय भोजपुरी साहित्य के *स्वर्ण-काल* ह। वि. २०१७ से स्थापित पंचायती व्यवस्था के शोषण, दमन आ उत्पीड़न से उन्मुक्त होखे खातिर नेपाली जनता के वि. २०४६ चइत २६ गते तक इंतजार करेके पड़ल। एह दिन मध्यरात में तत्कालीन राजा वीरेंद्र के नेपाल के संविधान, २०१९ (वि.) से *दलविहीन* शब्द हटावे के शाही घोषणा भइल। एही घोषणा का बाद विधिवत रूप से नेपाल अधिराज्य के संविधान, २०४७ (वि.) लागू होके संवैधानिक राजतंत्र आ बहुदलीय प्रजातंत्र के पुनः स्थापना भइल। एकरा बाद संपूर्ण नेपाली जनता में नया उमङ आ उत्साह भर गइल। ओकरा बाद नेपाल के हरेक भाषा-भाषी आपन भाषा आ साहित्य के विकास आ संवर्धन खातिर सक्रियता के साथ क्रियाशील हो गइल। एही क्रम में नेपाल के भोजपुरी समाज आ ओकर सपूत लोग भी आपन मातृभाषा भोजपुरी आ साहित्य के विकास खातिर विविध कार्य करे का दिसाईं उन्मुख हो गइलें। डॉ. वंशीधर मिश्र के नेतृत्व में भोजपुरी साहित्यिक-सांस्कृतिक संस्था *नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान* (वि. २०५१) के गठन भइल, त पं. दीप नारायण मिश्र आ भाग्यनाथ गुप्ता के नेतृत्व में वीरगंज में बृहत भोजपुरी कवि सम्मेलन के आयेजना (वि. २०४६) के परंपरा के सुरुआत भइल। एहीतरे गोपाल अश्क के संपादन में गमक (त्रैमासिक, वि. २०५१) के प्रकाशन सुरु भइल त धनुषचंद्र गौतम (ध.च.गोतामे) के नेतृत्व में नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान में *भोजपुरी उपसमिति* के गठन कके ओह मार्फत भोजपुरी कविगोष्ठी आ भोजपुरी शब्दकोश निर्माण के सुरुआत भइल। एहीतरे बारा के कलैया आ पर्सा के वीरगंज में पहिलहीं से स्थापित साहित्यिक संस्था क्रमशः *बारा साहित्य कला परिषद्*, *नारायणी वाङ्मय प्रतिष्ठान* आ *पंचम क्लब* आदि के द्वारा बहुभाषी कविगोष्ठी के आयोजना के सुरुआत भइल, जे में भोजपुरी के प्रमुख सहभागिता रहे लागल। एही समयावधि में नागेंद्र प्रसाद कानू के संयोकत्व में *नेपाल भोजपुरी साहित्य कला परिषद* के स्थापना भइला का साथे-साथ एही संस्था के मार्फत तत्कालीन वीरगंज नगरपालिका के नगरप्रमुख श्री बिमल प्रसाद श्रीवास्तव का सोझा भोजपुरी के आदिकवि संत कबीर के शालिक स्थापना खातिर आ नगरपालिका में सरकारी कामकाज के भाषा के रूप में भोजपुरी के रखे खातिर दबावमूलक कार्य सब भइले स। नगरप्रमुख श्रीवास्तव द्वारा भोजपुरी के आदिकवि कबीर के शालिक रखे खातिर ओह बेरा घंटाघर के पुरुब में स्थित टाङा स्टैंड के नजदीक जमीन उपलब्ध करावे के वचन मिलला के बावजूद प्राविधिक कारण से ओह काम में कामयाबी ना मिले सकल। एकर पृष्ठभूमि में ओह बेरा पं. दीपनारायण मिश्र, भाग्यनाथ गुप्ता, नागेंद्र प्रसाद कानू, गोपाल अश्क, संजय कुमार श्रीवास्ताव आ पन्नालाल साह आदि के भूमिका काफी महत्त्वपूर्ण रहल।

वि. २०४६ साल में प्रजातंत्र के पुनर्बहाली के बाद नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में पुराना साहित्यकार लोग जइसे पं. दीपनारायण मिश्र, डॉ. सूर्यदेव प्रभाकर

www.bhojpurisahityangan.com

सिंह उर्फ दिलफेरन भगत, राजेंद्र बरनवाल, विजय प्रकाश बीन, भाग्यनाथ गुप्ता, डॉ. शशिभूषण बरनवाल, नागेंद्र प्रसाद कानू, मथुरामान सिंह श्रेष्ठ, कपिलदेव मधुप, मुकुंद आचार्य, उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि', पुरुषोत्तम शर्मा, मंकेश्वर बरनवाल, रामचंद्र गुप्ता के साथे-साथ नया पुस्ता के साहित्यकार लोगन में गोपाल ठाकुर, गोपाल अश्क, चंद्रकिशोर झा, धर्मेंद्र भट्टराई, डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा, गजल झा, रेखा मिश्र, पूजा, बबिता शाह, निकिता जयसवाल, आशनारायण अशोक, संजय कुमार श्रीवास्तव निशीथ, दिनेश गुप्ता, विनोदकुमार तिमिल्सिना, अरुणविक्रम शाह, नागेंद्र वियोगी, जगदीश प्रसाद पंकज, सुनील कुमार, अच्छेलाल, आशाराम तत्मा, पृथ्वीराज पाण्डे, दिलेर सागर नौतनी, पृथ्वी विद्या, लोरपोछन, सुरेंद्र प्रसाद गिरी, आनंद गुप्ता आ उपेंद्र सहनी आदि के प्रतिभा उदित भइल। एकरा अलावा उम्र में पुरान पुस्ता के भइलो पर नया पुस्तन के समय में स्थापित भइल कुछ साहित्यकार लोग में नजर अइलें सर्वश्री नंदन अर्याल, रामप्रसाद साह, माधव प्रसाद गौतम, मुरलीधर, पं. बद्रीनाथ आ बिकाउ गिरी विनीत आदि। एह साहित्यकार लोग में कुछ त दिवंगत हो गइल बाड़ें आ कुछ भोजपुरी साहित्य-जगत से गुम हो गइल बाड़ें। बाँकिर एह साहित्यकार लोग में से कुछ साहित्यकार लोग जइसे गोपाल अश्क, डॉ. गोपाल ठाकुर, डॉ. विश्वम्भरकुमार शर्मा, दिनेश गुप्ता, उपेंद्र सहनी आदि नेपालीय भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास आ संवर्धन खातिर मौलिक रचना का के साथे-साथ शोधकार्य, समालोचना, पाठचपुस्तक-लेखन तथा अनुवाद कार्य में सक्रियता के साथ लागल बाड़ें। आ एकर सुखद परिणाम भी नजर आइल बा। एह नया आ पुरान भोजपुरी साहित्यकार लोग के प्रयास के चलते नेपाल में शिक्षा में भोजपुरी भाषा सामिल भइल बा आ भोजपुरी साहित्यकार लोग के सरकारी मंत्रालय तथा गैरसरकारी संघ-संस्थन से पुरस्कृत आ सम्मानित होखे के मौका मिलल बा। एही समयावधि में रेडिओ नेपाल से भोजपुरी में समाचार प्रसारण आ नेपाल टेलिविजन से भोजपुरी के सांस्कृतिक कार्यक्रम आ अंतर्वार्ता प्रसारण करे के सुरुआत भइल नजर आवता। निष्कर्ष के रूप में ई कहल जा सकता कि २०४६-२०६३ तक के एह चउथा चरण में नेपालीय भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास एकदम संतोषप्रद रहल बा। एहिजा एह चरण में भइल साहित्यिक गतिविधिअन के अति संक्षेप में चर्चा कइल गइल बा।

६.४.१ पद्य विधा

एहू चरण में सर्वाधिक पद्य विधा के कृति सब ही प्रकाशित भइल बाड़े स। वि. २०४४ से सुरु भइल कविगोष्ठी वि. २०४६ में बहुत भव्यतापूर्वक संपन्न भइल आ ओ में वाचित कवितन के एक जगह रखके *सनेस* (वि. २०४६) प्रकाशित भइल। पं. दीपनारायण मिश्र के संपादन आ भाग्यनाथ गुप्ता के व्यवस्थापन में नेपाल भोजपुरी साहित्य कला परिषद से प्रकाशित एह कवितन आ गीतन के संग्रह में भाग्यनाथ गुप्ता

www.bhojpurisahityangan.com

के *पर्सा के भाई*, पं. दीपनारायण मिश्र के *दोहा नीतिसार*, मुकुंद आचार्य के *मारीं गोबर में लात!*, विंध्याचल प्रसाद के *सुंदर नेपाल*, विश्वनाथ प्रसाद देहाती के *माटी के देह से नाता अपार बा*, विनोद तिमिल्सिना के *पेट भरी से कर काम*, तिवारी 'उमेश' के *गजल*, मथुरामान सिंह के *गवना*, कपिलदेव तिवारी 'मधुप' के *मरल आदमी कहेला*, गोपाल 'अश्क' के *रे बदरा*, रघुनाथ प्रसाद गुप्ता के *पतझड़*, अच्छेलाल प्रसाद के *कविता*, ईश्वर शर्मा रिमाल के *हम नेते कहवाईं*, आशनारायण प्रसाद 'अशोक' के *कवि आज बौराइल बा*, रिपुसूदन पांडेय 'दबेल' के *सावन-भादो अधिक सुहावन*, मोहनलाल प्रसाद चौधरी के *महंगी के मार से दशैं दबाईल*, मुकेश कुमार गुप्ता के *इहाँ सब ठीक बा*, संजय कुमार श्रीवास्ताव के *सपनवा*, राजाराम प्रसाद कुम्हाल के *आज के भ्रष्ट पंच*, उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के *बाद के बात*, रामचंद्र बरनवाल के *दुःख के मत बिसरइह* आ नागेंद्र प्रसाद कानू के *हे बहुदलिया भाई* नामक कविता-गीत संगृहीत बाड़े स।

एह चरण में गोपाल अश्क (वि. २०१८) के *कजरी* (खंडकाव्य, वि. २०४७), संजय कुमार श्रीवास्तव निशीथ के *कुँआर मेंहदी* (वि. २०४७), गोपाल ठाकुर (वि. २०१८) के *जय किसान* (हरिहर यादव का सङे सहलेखन में जनगीत संग्रह, वि. २०४७), पं. दीपनारायण मिश्र के *दोहा नीति सार* (दोहा, वि. २०४९), पुरुषोत्तम शर्मा (२००१-२०६५) के *जनता के मत चिढ़ाव बाबु* (कविता संग्रह, वि. २०५०), गोपाल अश्क के *कवि के जन्मकुण्डली* (गीति खंडकाव्य, वि. २०५१), आशनारायण अशोक (सन १९६९) के *अशोक के कड़ी* (गीत संग्रह, वि. २०५१), नामक कृति नजर आवत बाड़े स। एही तरे गोपाल अश्क के *उ भोर ना भइल* (गीत संग्रह, वि. २०५३), डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा (वि. २०१७) के *वसंत इहाँ आ ना सकल* (कविता संग्रह, वि. २०५३), गोपाल अश्क के *अभी बाकी बा* (गजल संग्रह, वि. २०५४), आश नारायण अशोक के *तहरे बदे* (गजल संग्रह, वि. २०५४), गोपाल अश्क के *धँधोर* (महाकाव्य, वि. २०५५), डॉ. शशिभूषण बरनवाल (वि. १९९९) के *ए मौत तनी हँसके जिए द* (कविता संग्रह, वि. २०५६), दिनेश गुप्ता (वि. २०२२) के *मकरा के जाल* (गद्य कविता संग्रह, वि. २०५६), सुनील कुमार (वि. २०३३) के *विवशता* (खंडकाव्य, वि. २०५८), प्रकाशित बाड़े स। एहीतरे माधव प्रसाद गौतम (वि. १९८८) के *झूठ साँच* (गद्य कविता, वि. २०५९), पं. दीपनारायण मिश्र के *ए घरी के घरनी* (लमहर कविता, वि. २०६०), *असली नेता हम कहाईं* (लमहर कविता, वि. २०६०) आ *ससुरार* (लमहर कविता, वि. २०६०) आ अरुण विक्रम शाह (वि. २०११-२०७८) के *राह के फूल* (कविता संग्रह, वि. २०६२) प्रकाशित नजर आवत बाड़े स।

एह चरण में गोपाल अश्क के प्रथम प्रकाशित महाकाव्य *धँधोर* आ गजल संग्रह *अभी बाकी बा*, डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा के प्रथम प्रकाशित गद्य कविता संग्रह

www.bhojpurisahityangan.com

वसंत इहाँ आ ना सकल, पं. दीपनारायण मिश्र के लमहर कविता *ए घरी के घरनी, असली नेता हम कहाईं* आ *ससुरार* एह चरण के उत्कृष्ट उपलब्धि हउए स। काहेकि एह साहित्यिक कृतिअन से नेपालीय भोजपुरी साहित्यिक विधन के विकास भइल बा।

६.४.२ गद्य विधा

एह चरण में भोजपुरी साहित्य-जगत में कथाकृति, उपन्यास आ एकांकी संग्रहन के प्रकाशन भइल नजर आवता। नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में प्रथम प्रकाशित कथा-संग्रह तथा प्रथम एकांकी संग्रह के प्रकाशन के एह चरण के महत्त्वपूर्ण उपलब्धि मानल जा सकता।

६.४.२.१ कथा

एह चरण में एक मात्र गोपाल अश्क के *नइहर के चुनरी* (कथा संग्रह, वि. २०५३) प्रकाशित नजर आवता।

६.४.२.२ उपन्यास

एह चरण में नागेंद्र प्रसाद कानू (वि. २००३) के *पपिहरा* (वि. २०४७) आ गोपाल अश्क के *फूलवा* (वि. २०५५) कके दूगो औपन्यासिक कृति प्रकाशित नजर आवत बाड़े स।

६.४.२.३ नाटक मंचन

वि. २०४६ साल में भइल जनांदोलन के फलस्वरूप नेपाल में प्रजातंत्र के पुनर्बहाली के बाद भोजपुरी नाटच मंचन में तनिका-सा तीब्रता आइल। गोपाल ठाकुर द्वारा २०४१ में लिखल आ मंचित *पर्दा के भीतर* (दोहा-बहर्तबील गीतिनाटक) के एह कालखंड में २०४७ में कचोर्वा बजार पर पुनर्मंचन भइल। एहीतरे वीरगंज के महावीर धर्मशाला में नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान आ गमक पत्रिका के द्वारा कइल गइल एगो साहित्यिक कार्यक्रम में गोपाल अश्क द्वारा लिखित भोजपुरी नाटक *ऊँट आइल नू पहाड़ के नीचे* के मंचल भइल। एहीतरे वि. २०५५ में अश्क के द्वारा ही लिखल गइल भोजपुरी नाटक *कथनी करनी* वीरगंज उद्योग वाणिज्य संघ के सभा हॉल में मंचित भइल। एकरा बाद वि. २०५६ में अश्क के ही भोजपुरी नाटक *बाद के बात* नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान द्वारा आयोजित राष्ट्रीय नाटक महोत्सव में सामिल होके मंचित भइल। फेर वि. २०५७ में नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान द्वारा आयोजित राष्ट्रीय महोत्सव में गोपाल अश्क द्वारा लिखित आ निर्देशित नाटक *बाबा हो लाजो ना लागे* के मंचन भइल। एकरा बाद वि. २०५७ में नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के नाटच विभाग आ देवकोटा स्मृति सभा के संयुक्त आयोजन में बारा जिला के कलैया नगरपालिका के सभा भवन में नाटचसम्राट बालकृष्ण सम के एकांकी बुहार्तन के भोजपुरी अनुवाद *बहुरिया* (अनुवादक डॉ. केशव प्रसाद उपाध्याय) के मंचन पहिचान नाटच परिषद्, वीरगंज द्वारा भइल जेकर निर्देशक गोपाल अश्क रहलें। ओकरा बाद

www.bhojpurisahityangan.com

पर्सा जिला में कुछ भोजपुरी नाटकन के मंचन रामनिवास के निर्देशन में भइला के प्रमाण उपलब्ध बा।

६.४.२.४ नाटक लेखन/प्रकाशन

वि. २०५१ साल में *गमक* (त्रैमासिक, सं. गोपाल अश्क) के वर्ष १, अंक ४ में *ऊँट आइल नू पहाड़ के नीचे* प्रकाशित भइल नजर आवता। एकरा बाद *गमक* के वर्ष २, अंक ७-८ में गोपाल अश्क के भोजपुरी एकांकी *आ केंवारी ना खुलल* प्रकशित भइल आ एही साल गमक में गोपाल अश्क के ही भोजपुरी नाटक *तलाक के बाद* प्रकाशित भइल। एतने ना, गमक के वर्ष ७, अंक १-४, २०५७-पुस २०५८ में गोपाल अश्क के काव्य नाटक *सिरहानी* आ नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित होखेवाली पत्रिका *सयपत्री* के १५वाँ पूर्णांक में गोपाल अश्क के भोजपुरी एकांकी *एक सही निर्णय* (नेपाली अनुवाद सहित) प्रकाशित नजर आवता। ओकरा बाद *अक्षरंग* (२०२१/०२/११/४५२८) में गोपाल अश्क के काव्य-नाटक *बोल जमूरा* प्रकाशित नजर आवता। एहतरे नेपालीय भोजपुरी साहित्य जगत में साहित्यिक नाटक के प्रकाशन के सुरुआत २०२९ से भइल नजर आवता।

एह चरण में नेपालीय भोजपुरी साहित्य जगत में गोपाल अश्क के एक मात्र एकांकी संग्रह *एक बित्ता के दूरी* (वि. २०५७) प्रकाशित नजर आवता। एह नाटक संग्रह में *एक बित्ता के दूरी, हर बहे से खर खाये बकरी अँचार खाये, वाह रे बेटा, भेष बिना के भाव, ऊँट आइल नू पहाड़ के नीचे, अइसने होला, टी.भी., आ केंवारी ना खुलल, कथनी आ करनी, तलाक के बाद, बाद के बात* आ *बाबा हो लाजो ना लागे* शीर्षक के एगारे गो एकांकी संकलित बाड़े स। एह चरण में नेपालीय भोजपुरी साहित्य जगत में गद्य विधा के कृतिअन भी प्रकाशित भइल बाड़े स। गोपाल अश्क के कथा संग्रह *नइहर के चुनरी* आ एकांकी संग्रह *एक बित्ता के दूरी* नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत के क्रमशः प्रथम प्रकाशित कथाकृति आ नाटय कृति का साथे-साथ नागेंद्र प्रसाद कानू के *पपिहरा* आ गोपाल अश्क के *फूलवा* भोजपुरी उपन्यास एह चरण के प्राप्ति हउए स। एहतरे ई कहल जा सकता कि एह चरण में नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में पद्य आ गद्य विधा के अनेकन कृति प्रकाशित भइल बाड़े स आ ओकनी के आपन-आपन स्थान सुरक्षित बा। नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विकास क्रम में एह चरण में प्रकाशित भइल गीत, कविता, महाकाव्य, खंडकाव्य, कथा, उपन्यास आ नाटक के कृतिअन के महत्त्वपूर्ण योगदान बा।

६.४.२.५ समालोचना

एह चरण में क्रमशः साहित्यिक पुस्तकन के प्रकाशन बढ़ल बा त ओह पुस्तकन में समालोचनात्मक शुभकामना के परिमाण भी बढ़ले बा। पं. दीप नारायण मिश्र के दोहन के संग्रह *दोहा नीति सार* (वि. २०४९) में वरिष्ठ समालोचक प्रा. डॉ.

www.bhojpurisahityangan.com

केशव प्रसाद उपाध्याय भोजपुरी भाषा में *मन्तव्य* शीर्षक से लमहर समालोचनात्मक भूमिका लिखले बाड़ें। पुरुषोत्तम शर्मा के काव्यकृति *जनता के मत चिढ़ाव बाबु* (वि. २०५०) में मोदनाथ प्रश्रित नेपाली भाषा में *भोजपुरी कवितामा नयाँ प्रयोग* शीर्षक से आ श्यामप्रसाद शर्मा *मन्तव्य* शीर्षक में समालोचनात्मक भूमिका लिखले बा लोग। गोपाल अश्क के खंडकाव्य *कवि के जनमकुण्डली* (वि. २०५१) में मुकुंद आचार्य *कवि के जन्मकुण्डली पढ़ला पर* शीर्षक में आ इनकरे गीतसंग्रह *उ भोर ना भइल* (वि. २०५३) में प्रा. डॉ. केशव प्रसाद उपाध्याय *भूमिका* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़े। डॉ. विश्वम्भरकुमार शर्मा के गद्य कविता-संग्रह *वसन्त इहाँ आ ना सकल* (वि. २०५३) में गोपाल अश्क *भूमिका* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़ें। गोपाल अश्क के कथा-संग्रह *नइहर के चुनरी* (वि. २०५३) में पांडेय कपिल *भूमिका* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़ें आ इनकरे एकांकी-संग्रह *एक बित्ता के दूरी* (वि. २०५७) में डॉ. ध्रुवचंद्र गौतम *भूमिका* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़ें। एहीतरे गोपाल अश्क के गजल-संग्रह *अभी बाकी बा* (वि. २०५४) में डॉ. घनश्याम न्यौपाने परिश्रमी आ प्रा. डॉ. कुमार वीरेन्द्र क्रमशः *आमुख* (नेपाली में) आ *गोपाल अश्कः एक सम्भावनायुक्त हस्ताक्षर* (हिंदी में) शीर्षक से लमहर समालोचनात्मक भूमिका लिखले बा लोग। गोपाल अश्क के महाकाव्य *धँधोर* (वि. २०५५) में पं. दीपनारायण मिश्र *भूमिका* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़ें आ दिनेश गुप्ता के गद्य कविता-संग्रह *मकरा के जाल* (वि. २०५६) में गोपाल अश्क *मकरा के जालः नवगीत के एगो कड़ी* शीर्षक से भूमिका लिखले बाड़ें। माधवप्रसाद गौतम के कविता-संग्रह *झूठ-साँच* (वि. २०५९) में प्रा. डॉ. केशव प्रसाद उपाध्याय आ मदनमणि दीक्षित क्रमशः *मंतव्य* आ *गौतम के हास्य* शीर्षक से लमहर भूमिका लिखले बा लोग। पं. दीपनारायण मिश्र के *असली नेता हम कहाईं* (वि. २०६०) में डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा आ मुकुंद आचार्य भूमिका लिखले बा लोग।

स्वतंत्र रूप से समालोचना लिखे के क्रम में *भोजपुरी सम्मेलन पत्रिका* (मासिक) वर्ष ९, अंक २/३, फरवरी-मार्च १९९८ (वि. २०५४) के नेपालीय भोजपुरी अंक में डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा द्वारा लिखित *नेपाल में भोजपुरी भाषा के स्थिति*, गोपाल अश्क द्वारा लिखित *नेपालीय भोजपुरी काव्यसाहित्य*, चंद्रकिशोर द्वारा लिखित *नेपालीय भोजपुरी गद्यसाहित्य* आ आशनारायण अशोक द्वारा लिखित *नेपालीय भोजपुरी साहित्य के इतिहास* शीर्षक के समालोचनात्मक आलेख प्रकाशित बाड़े स। ओकरा बाद 'गमक' (सं. गोपाल अश्क) के वर्ष ७, अंक १/४, वि. २०५७-२०५८ में डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा द्वारा दिनेश गुप्ता के काव्यकृति *मकरा के जाल* के *आधुनिक कवितन में एगो आउर कड़ीः मकरा के जाल* शीर्षक से आ *गमक* वर्ष ८, अंक १/२, माघ २०५८ में गोपाल अश्क द्वारा रामप्रसाद राय थारू के भोजपुरी उपन्यास *थरुहट के बउआ और बहुरिया* के *नेपालीय भोजपुरी साहित्य के पहिला*

www.bhojpurisahityangan.com

फूल आ भोजपुरी साहित्य के पहिला आँचलिक उपन्यास थरुहट के बउआ और बहुरिया शीर्षक में पुस्तक समीक्षा प्रकाशित बाड़े स।

एकरा साथे-साथ नेपाल राष्ट्र बैंक से प्रकाशित होखेवाला *मिर्मिरे* (मासिक, वर्ष, ३०, अंक ५, पूर्णांक १९२, वि. २०५८) में गोपाल अश्क द्वारा लिखित *नेपालीय भोजपुरी काव्यमा राष्ट्रियता* प्रकाशित बाटे। एहीतरे नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित बहुभाषिक पत्रिका *सयपत्री* (सं. माधवलाल कर्माचार्य) वर्ष ७, अंक २, पूर्णांक १४ कात्तिक-चैत्र वि. २०५८ में गोपाल अश्क द्वारा लिखित *भोजपुरी कथा के विकासक्रम, मिर्मिरे* (मासिक) वर्ष ३२, अंक २, पूर्णांक २१३ जेठ वि. २०६० में गोपाल अश्क द्वारा लिखित *आधुनिक भोजपुरी काव्यमा अभिव्यक्त नारी जीवन* शीर्षक के समालोचनात्मक लेख प्रकाशित बाड़े स। *सयपत्री* (सं. जीवेंद्रदेव गिरी) वर्ष १०, अंक १, पूर्णांक १९, वि. २०६१, राष्ट्रीय भाषा के समालोचना विशेषांक में गोपाल अश्क द्वारा लिखित *भोजपुरी कविताः वाद के कसौटी पर* प्रकाशित बा।

६.४.३ अनुवाद में भोजपुरी

अनुवाद शब्द *वद्* धातु से निष्पन्न भइल बा जवना के अर्थ *वचन* होला। *वद्* धातु में *घञ* प्रत्यय लागके *वाद* शब्द के निर्माण होला। अतः *वाद* में *अनु* उपसर्ग के योग से *अनुवाद* शब्द के निर्माण भइल बा। *अनु* के अर्थ *पाछे*। एहतरे *अनुवाद* के मूल अर्थ *पुनर्कथन* भा केहू के कहला के बाद के कहल गइल बात ह। *शब्दार्थचिंतामणिकोश* में *अनुवाद* के अर्थ 'प्राप्तस्य पुनःकथने' भा 'ज्ञातार्थस्य प्रतिपादने' बतावल गइल बा। अनुवाद शब्द भिन्न-भिन्न अर्थ में प्रयुक्त भइल रहेला। सामान्य रूप में गुरु के बात के शिष्यन के द्वारा दोहरावल, *पश्चातकथन, पुनः कथन, कहल, आवृत्ति* आदि के रूप में एकर प्रयोग होला। बाँकिर वास्तविकता ई ह कि उपर्युक्त कवनो भी अर्थ अनुवाद के अर्थ के ओह रूप में व्यंजित ना करेला, जवना रूप में आज हमनीका प्रयोग कर रहल बानी स। आज अनुवाद के स्पष्ट अर्थ पुनः कथन के रूप में स्थापित बा आ एकरा के *पुनरावृत्ति* भा *दोहरावल* कहल जा सकता। अइसे त अनुवाद के *भाषांतरण, उल्था* आ *तर्जुमा* भी कहल जाला।

नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में अनुवाद परंपरा बहुत ही समृद्ध बा। पत्र-पत्रिकन में नेपाली आ हिंदी भाषा में लिखिल गइल रचनन के भोजपुरी आ भोजपुरी भाषा में लिखल गइल रचनन के नेपाली, हिंदी आ अङरेजी भाषा में अनुवाद कार्य हो रहल बा। एकरा साथे-साथे नेपाली, मैथिली आ हिंदी भाषा में लिखल गइल कृतिअन के भोजपुरी भाषा में आ भोजपुरी भाषा में लिखल गइल कृतिअन के नेपाली भाषा में अनुवाद-कार्य होत अवस्था नजर आवता। एहिजा भोजपुरी अनुवाद के बारे में संक्षिप्त चर्चा प्रस्तुत कइल गइल बा। फुटकर रचनन के अनुवाद त वि. २०४६ से ही प्रारंभ हो गइला के प्रमाण मिलता। नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान (वर्तमान में नेपाल प्रज्ञा-

www.bhojpurisahityangan.com

प्रतिष्ठान) से प्रकाशित होखेवाला पत्रिका, कविता, सयपत्री आ रूपान्तरण में समय-समय पर भोजपुरी रचनन के नेपाली आ हिंदी भाषा में अनुवाद होके प्रकाशित होत रहल बा। संस्कृत, नेपाली, मैथिली आदि के कृतिअन के भोजपुरी में आ भोजपुरी के रचनन आ कृतिअन के अन्य भषन में अनुवाद भइल बा। अतः एह अध्याय में आन भाषा से भोजपुरी में आ भोजपुरी से आन भाषा में भइल अनुवाद के संक्षेप में चर्चा कइल गइल बा।

६.४.३.१ आन भाषा से भोजपुरी में अनुवाद

नेपाल में खास कके नेपाली में लिखल गइल रचनन आ कृतिअन के भोजपुरी भाषा में अनुवाद भइल बा त भोजपुरी से नेपाली आ आनो भाषा में भइल बा। एहिजा ओकर संक्षिप्त चर्चा एहतरे प्रस्तत कइल गइल बाः

(क) नेपाली से भोजपुरी में

नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में सब से ज्यादा नेपाली भाषा में लिखल गइल कृतिअन के भोजपुरी अनुवाद उपलब्ध रहल बा। वि. २०५७ में नेपाली के सुप्रसिद्ध निबंधकार श्याम प्रसाद शर्मा द्वारा लिखित *धर्मका बारेमा केही कुरा* के रेणु गुप्ता *धर्म के बारे में कुछेक बात* शीर्षक से भोजपुरी में अनुवाद कइली। ओहीतरे शर्मा के ही दोसर कृति *जात जातका कुरा* के भी रेणु गुप्ता *जात जात के बात* शीर्षक से भोजपुरी में अनुवाद कइले बाड़ी। एह दूनू अनूदित कृतिअन के प्रकाशक-अनुवादक गुप्ता ही रहल बाड़ी। वि. २०५८ में नंदन अर्याल श्यामप्रसाद शर्मा के दू गो कृति *जात जातका कुरा* आ *वर्ग विश्लेषण गर्दा ध्यान दिने कुराहरू* के क्रमशः *जात जात के बात* आ *वर्ग-विश्लेषण करइत ध्यान देवेवाला बात* शीर्षक से भोजपुरी में अनुवाद कइले बाड़ें। वि. २०५९ में वरिष्ठ समालोचक प्रा. डॉ. केशव प्रसाद उपाध्याय नेपाली नाट्यसम्राट बालकृष्ण सम के एकांकी *बुहार्तन* के भोजपुरी में *बहुरिया* शीर्षक से अनुवाद कइले बाड़ें। एह अनूदित एकांकी के प्रकाशक-अनुवादक उपाध्याय ही हउएँ।

(ख) भोजपुरी से नेपाली में

नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में भोजपुरी भाषा में लिखल रचना आ कृतिअन के नेपाली भाषा में अनुवाद करे के चलन वि. २०४६ के बाद प्रारंभ भइल नजर आवत बा। नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के त्रैमासिक पत्रिका समकालीन साहित्य पूर्णांक १७, वर्ष ५ अंक १, माघ-फागुन-चैत्र, वि. २०५१ (सं. रमेश विकल) में उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के कथा *झाजी के कुत्ता* आ चंद्रकिशोर झा के कथा *समय के पहिया* के गोपाल ठाकुर क्रमशः *झाजीको कुकुर* आ *समयको पाङ्ग्रो* शीर्षक देत नेपाली में अनुवाद कइलें। एहीतरे नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के बहुभाषिक चौमासिक पत्रिका सयपत्री के वर्ष १, अंक १, पूर्णांक १, बइसाख-सावन, वि. २०५२ (सं. प्रा. डॉ. योगेन्द्र प्रसाद यादव) में विश्वम्भर कुमार शर्मा के *नेपाल में भोजपुरी*

www.bhojpurisahityangan.com

साहित्य के स्थिति (आलेख) के गोपाल ठाकुर *नेपालमा भोजपुरी साहित्यको स्थिति* शीर्षक पर नेपाली में अनुवाद कइलें। एही क्रम में नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से निकलल *कविता* (त्रैमासिक पत्रिका, सं. वैरागी काइँला) के पूर्णांक ५५, माघ-फागुन-चैत, वि. २०५२ में गोपाल अश्क के भोजपुरी कविता *शहीद के विधवा* के डॉ. ध्रुवचंद्र गौतम *शहीद की विधुवी* शीर्षक से नेपाली में अनुवाद कइले बाड़ें आ ऊ कविता ओह पत्रिका में प्रकाशित भइल बा। एहीतरे नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित बहुभाषिक सयपत्री (प्र. सं. माधवलाल कर्माचार्य, अतिथि संपादक गोपाल अश्क) के वर्ष ७, अंक २, कात्तिक-चैत्र वि. २०५८ में भोजपुरी भाषा में लिखल १४ गो कथा नेपाली में अनुवाद सहित संगृहीत बाड़ऽ स। ऊ हउएः उमाशंकर द्विवेदी दधीचि के *झाजीको कुकुर* (अनु. गोपाल अश्क), एम.डी. हुसेन के *सुपारीका चौध टुक्रा* (अनु. गोपाल अश्क), गंगा विष्णु के *घर घरको कहानी* (अनु. विश्वम्भर कुमार शर्मा), गोपाल अश्क के *आलसको फूल* (अनु. लेखक खुद), चंद्रकिशोर के *समयको पाङ्ग्रा* (अनु. गोपाल अश्क), दिनेश गुप्ता के *जीवन रेखा* (अनु. विश्वम्भर कुमार शर्मा), पं. दीपनारायण मिश्र के *अब के हुन्छ* (अनु. गोपाल अश्क), पूजा के *राखी* (अनु. गोपाल अश्क), भाग्यनाथ गुप्ता के *हेदहिर्दै* (अनु. गोपाल अश्क), माधव प्रसाद गौतम के *मेघिया* (अनु. विश्वम्भर कुमार शर्मा), मुकुंद आचार्य के *फूलमतिया* (अनु. विश्वम्भर कुमार शर्मा), रामचंद्र साह के *बदला* (अनु. विश्वम्भर कुमार शर्मा), विश्वम्भरकुमार शर्मा के *कहानीको प्लाट* (अनु. लेखक खुद), विश्वराज अधिकारी के *फेंकु* (अनु. लेखक खुद), शिवशंकर प्रसाद रौनियार के *दुई बित्ता भुइँमुनि* (अनु. गोपाल अश्क), आदि। एहीतरे नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित बुहभाषिक सयपत्री (प्र. सं. माधवप्रसाद कर्माचार्य) के वर्ष ९, अंक २, कात्तिक-चैत्र, वि. २०६० में जुनु क्षेत्री के *जीवन र साहित्य* (अनु. लेखिका खुद) आ गोपाल अश्क के *तर यो कथा होइन* (अनु. लेखक खुद) आ सयपत्री (प्र. सं. जीवेन्द्रदेव गिरी) वर्ष १०, अंक १, पूर्णांक १९, वि. २०६१ कात्तिक-चैत्र में गोपाल अश्क के *आधुनिक भोजपुरी कविताः वादको कसीमा* (अनु. लेखक खुद) संगृहीत बाड़े स। ई अनुवाद-परंपरा निरंतर जारी बा।

६.४.४ भोजपुरी पर प्राज्ञिक अन्वेषण

आधुनिक कालक्रम के उपरका दूनू चरण से लेके तिसरका चरण में भी अब तक साहित्य रचना में भोजपुरी भाषा फरल-फूलल विभिन्न संदर्भ के चर्चा कइल गइल। बाँकिर सब के मालूम बा कि भोजपुरी का लगे लोकवार्ता के अपार खजाना बा आ जे साहित्य सृजन हो रहल बा ओकरो लेखाजोखा होखेके चाही। एह दिसाईं भारत में त १९वें ईसवी शताब्दी के उत्तरार्ध से काम सुरु हो चुकल एह से पहिले के अध्यायन में चर्चा हो चुकल बा। बाँकिर नेपाल में अधुनिक काल के इहे चरण बा जब से नेपाली

www.bhojpurisahityangan.com

नागरिक लोग भोजपुरी के लोकवार्ता होखे भा सृजल साहित्य होखे, ओकर खोज-अनुसंधान, अन्वेषण आ आँकलन कइल सुरु कइलस। अतः एह उपखंड में भोजपुरी पर भइल प्राज्ञिक अन्वेषण आ एह विषय के औपचारिक उच्च अध्ययन आ अध्येता सहित के संक्षेप में जानकारी परोसे के कोसिस कइल गइल बा।

६.४.४.१ मुकुंद आचार्य (वि. २००१)

मुकुंद आचार्य नेपाली मातृभाषी, जिनकर जन्म वि. २००१ में मकवानपुर जिला में भइल रहे, बारा के कलैया में उनकर जीवन के महत्त्वपूर्ण अंश बितल। उहाँका सब से पहिले नेपाल में भोजपुरी भाषा में रहल निधिअन के अन्वेषण कइनी। वि. २०५३ में उनकर दूगो शोधमूलक ग्रंथ नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित बाड़ऽ सः *भोजपुरी उखान-टुक्का* आ *भोजपुरी गद्य साहित्य*। नेपालीय धरती पर अब तक ई पहिलका शोध कृति के रूप में जानल जाला। पहिलका कृति में लोक में भोजपुरी के कहाउत, मोहाबरा आ बुझउअल/पहेली के संकलन आ विश्लेषण रहल बा त दोसरका कृति भोजपुरी के गद्यात्मक सामग्रिअन के संकलन से भरल बा। दूनू किताबन के माध्यम भाषा नेपाली बा आ अध्ययन अन्वेषण के सामग्री भोजपुरी के लोकवार्ता के विभिन्न विधा सहित गद्य साहित्यिक निधि से से भरल पड़ल बा। एह दूनू पुस्तकन के देखला पर धरातलीय अनुसंधान से अधिक पहिले हो चुकल काम के द्वितीय स्रोत संदर्भ का रूप में प्रयोग भइल लउकेला। बाँकिर एह क्षेत्र में अध्येतन खातिर उनकर ई दूनू ग्रंथ बहुते महत्त्वपूर्ण रहल अनुभूति कइल जा सकेला।

६.४.४.२ डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा (वि. २०१७)

विश्वम्भर कुमार शर्मा भी नेपाली मातृभाषी होके भोजपुरी अध्ययन में समर्पित व्यक्तित्व के नाम ह। उहाँका सन २००० में बाबा साहेब भीमराव अंबेडकर बिहार विश्वविद्यालय से *नेपाल का भोजपुरी साहित्य* शीर्षक पर विद्यावारिधि के उपाधि हासिल कइले बानी। एह शोध-प्रबंध के माध्यम भाषा बा हिंदी आ विश्लेषण के सामग्री बा नेपाल के भोजपुरी साहित्य के विभिन्न विधा सब। शोध शीर्षक अनुसार नेपाल के भोजपुरी साहित्य तक ही ई शोध-प्रबंध सीमित नइखे। एह में ओह समय तक प्रकाशित आ कुछ हद तक अप्रकाशित सामग्रिअन के लेके भी मूलतः वर्णनात्मक तरिका से परोसे के कोसिस कइल गइल बा। उहाँका अपना शोध-प्रबंध के निष्कर्ष के रूप में भोजपुरी के नेपाल के एगो स्वतंत्र आ जीवित भाषा बतइले बानी (शर्मा, २०००, पृ. २७२)। नेपालीय सरहद के भीतर औपचारिक प्राज्ञिक अध्ययन-अन्वेषण के आधार पर भोजपुरी के ओह बेरा उहाँका स्वतंत्र भाषा बतइनी जौना बेरा रेडिओ नेपाल में भोजपुरी पहुँच गइल रहे। नेपाल के शैक्षिक प्रणाली में एकर प्रवेश हो चुकल रहे। तबो कुछ लोग प्रमाणे खोजत रहे। अपना विद्यावारिधि का लगले डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा वि. २०५८ में *सृजन अनुशीलन* भोजपुरी के सृजनात्मक साहित्य आ आउर अन्वेषणात्मक कृति सार्वजनिक कइले बाड़न।

www.bhojpurisahityangan.com

६.४.४.३ गोपाल अश्क (२०१८)

नेपाल में भोजपुरी नाटक के लेखन आ मंचन परंपरा पर गोपाल अश्क के *भोजपुरी नाटक* (वि. २०६१) अन्वेषणात्मक कृति हउए।

६.४.४.४ डॉ. गोपाल ठाकुर (वि. २०१८)

नेपालीय भोजपुरी के भाषावैज्ञानिक दृष्टि से देखे के काम एही चरण में सुरु भइल। डॉ. गोपाल ठाकुर वि. २०६२ में तत्कालीन नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान का ओर से पहिल बेर नेपालीय भोजपुरी के समाजभाषावैज्ञानिक अध्ययन कइनी। भोजपुरी के उद्‌गम आ इतिहास, एकर भूगोल, एकर नेपाल में जनसंख्या, भोजपुरी के स्थानिक आ जातीय वैशिष्टय के साथ साथ पहिल बेर सुत्रवत रूप में भोजपुरी के व्याकरणिक कोटिअन के चर्चा एही चरण में भइल। अतः जौन काम ग्रिअर्सन (१८८३, १९०३ आ १९२७क) आ तिवारी (१९५४ आ १९६०) में भारतीय भोजपुरी का संदर्भ में कइल लउकेला ऊ काम गोपाल ठाकुर नेपालीय भोजपुरी का संदर्भ में वि. २०६२ में ओइसन काम के सुरुआत कइनी।

६.४.४.५ उपेंद्र सहनी (वि. २०२९)

उपेंद्र सहनी रौतहट के बसीना बानी जहाँ पूर्वी भोजपुरी बोलल जाला। उहाँका वीर कुँअर सिंह विश्वविद्यालय, आरा से २००६ में स्नातकोत्तर कके अभीन बाबा भीमराव अंबेडकर विश्वविद्यालय बिहार के तहत प्रियारानी कॉलेज बैरगनिआ में भोजपुरी के प्राध्यापन कर रहल बानी। उहाँका स्नातकोत्तर करत बेरा *भोजपुरी लोकनाट्य* पर शोध-प्रबंध बुझवले रहनी। एह में भोजपुरी लोक में रहल नाट्य परंपरा के वर्णनात्मक काम कइले रहनी। उहाँका पहिल नेपाली नागरिक बानी जे भोजपुरी विषय पढ़के भोजपुरी विषय के प्राध्यापन कर रहल होखे।

६.४.५ कुछ महत्त्वपूर्ण साहित्यिक गतिविधि

एह चरण में नेपालीय भोजपुरी भाषा-साहित्य के विकास खातिर कुछ प्रमुख साहित्यिक गतिविधि भइले स जे में भोजपुरी साहित्यिक संघ-संस्थन के गठन, पत्रपत्रिकन के प्रकाशन, ऐतिहासिक सम्मेलन, पत्रिकन के विशेषांकन के प्रकाशन, भोजपुरी भाषा के प्रचार-प्रसार के कार्य, शिक्षण में भोजपुरी भाषा के स्थान दिआवे वास्ते कइल गइल प्रयास आ पाठ्यपुस्तकन के लेखनकार्य आदि प्रमुख बाड़े स। एहिजा एह गतिविधिअन के बारे में संक्षिप्त चर्चा कइल गइल बा।

६.४.५.१ भोजपुरी भाषिक-साहित्यिक संघ-संस्था

भोजपुरी भाषा-साहित्य के पक्षपोषण वास्ते संघ-संस्थन के गठन आ ओकनी के विकास के कदम के दृष्टि से ई चरण महत्त्वपूर्ण बा। एह चरण में पहिलहीं से अर्थात वि. २०२९ से ही पं. दीपनारायण मिश्र के प्रमुख संयोजकत्व में गठित नेपाल भोजपुरी समाज के सक्रिय रहला के साथे-साथ अन्य कुछ नया भोजपुरी साहित्यिक

www.bhojpurisahityangan.com

संघ-संस्थन के गठन आ ओकनी के नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विकास में योगदान महत्त्वपूर्ण रहल बा। एह चरण में क्रियाशील रहल पुरान तथा नवगठित संघ-संस्था निम्न बाड़े सः—

(क) नेपाल भोजपुरी समाज (२०२९)

वि. २०२९ में पं. दीपनारायण मिश्र के प्रमुख संयोजकत्व में नेपाल भोजपुरी साहित्य परिषद के गठन भइल। बाद में जाके एह संस्था के नाम *नेपाल भोजपुरी समाज* हो गइल। एह समाज के संस्थापक अध्यक्ष पं. मिश्र जीवनभर एह संस्था के अध्यक्ष रहलें। एह संस्था में अन्य सदस्यन के आवागमन होत रहल। प्रारंभ में एह संस्था में राम प्रसाद राय थारू, सत्यनारायण चौधरी, मंकेश्वर बरनवाल, रामचंद्र गुप्ता, लछुमन मदेशिया, पं. रामचंद्र चतुर्वेदी आदि रहलें। वर्तमान में एह संस्था के संस्थापक अध्यक्ष पं. दीपनारायण मिश्र लगायत अन्य साहित्यिक व्यक्तित्वन के मृत्यु हो चुकल बा। वि. २०४४ में एह संस्था के साथे प्रा. भाग्यनाथ गुप्ता जुड़लें। उनकर उत्साह आ सहयोग से पहिल बेर २०४४ कात्तिक महिना के गोपाष्ठमी के दिन खुला रूप में भोजपुरी कवि गोष्ठी के आयोजना भइल जे में मुकुंद आचार्य, गोपाल अश्क, संजयकुमार श्रीवास्तव निशीथ, आशनारायण अशोक आदि कवि लोग कविता पाठ कइलें। वि. २०४४ से प्रारंभ भइल भोजपुरी कवि गोष्ठी के ई परंपरा आजुओ जारी बा।

(ख) नेपाल भोजपुरी साहित्य कला परिषद (वि. २०४७)

नेपाल भोजपुरी साहित्य कला परिषद के परिकल्पना कके वि. २०४६ में एकर गठन कइल गइल रहे। पं. दीपनारायण मिश्र के ही एह संस्था के प्रारंभिक अध्यक्षता के जिम्मेदारी दिहल गइल रहे। एह परिषद के द्वारा २०४६ साल कात्तिक गोपाष्ठमी के दिन बृहद् भोजपुरी कवि गोष्ठी के आयोजना भइल। वि. २०४७ में एह सस्था के अध्यक्ष के रूप में नागेंद्र प्रसाद कानू मनोनित भइला का बाद पं. दीपनारायण मिश्र पुनः आपन पुरान संस्था नेपाल भोजपुरी समाज के मार्फत साहित्यिक क्रियाकलाप करे लगलें। वि. २०४७ से नेपाल भोजपुरी साहित्य कला परिषद के अध्यक्ष के रूप में नागेंद्र प्रसाद कानू आजीवन बरकरार रहलें आ आपन क्षमता आ सामर्थ्य के मोताविक नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विकास में योगदान करत रहलें। प्रारंभिक चरण में एह संस्था के कोषाध्यक्ष, सचिव आ सदस्य के रूप में क्रमशः जे. पी. चतुर्वेदी, गोपाल अश्क, आशनारायण अशोक, संजय कुमार श्रीवास्तव निशीथ आदि रहलें। एह संस्था के द्वारा वीरगंज नगरपालिका के तत्कालीन नगर प्रमुख विमल प्रसाद श्रीवास्तव के समक्ष नगरपालिका में सरकारी कामकाज के भाषा के रूप में भोजपुरी के भी मान्यता देवे खातिर पुरजोर कोसिस कइल गइल रहे आ नगर प्रमुख श्रीवास्तव एह खातिर किरिया-करारो कइले रहलें। एतने ना, वीरगंज में घंटाघर के पूर्वारी कोना पर अवस्थित टाङा स्टैंड के पँजरा में भोजपुरी के आदिकवि कबीर के

www.bhojpurisahityangan.com

प्रतिमा भी स्थापना करे के संकल्प लिहले रहलें आ ओह वास्ते जमीन प्रदान करे के वादा भी कइले रहलें। बाँकिर प्राविधिक कारणनन से ऊ काम सफल ना होखे सकल।

(ग) नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान (वि. २०५१)

वि. २०५१ में डॉ. वंशीधर मिश्र के प्रमुख संयोजकत्व में *नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान* के गठन भइल आ एह प्रतिष्ठान के महासचिव, कोषाध्यक्ष आ सदस्य के रूप में क्रमशः गोपाल अश्क, चंद्रकिशोर झा, दिनेश गुप्ता आ गोपाल ठाकुर आदि लोग सामिल भइलें। एह प्रतिष्ठान के द्वारा नेपाल में भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास खातिर काफी कुछ कार्य भइले स जवना में नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान आ भारतीय राजदूतावास, काठमाड़ो से मिलके संपन्न कइल गइल *नेपाल-भारत भोजपुरी साहित्य सम्मेलन*, *राष्ट्रीय भोजपुरी साहित्य सम्मेलन* आदि प्रमुख बाड़े स। एह प्रतिष्ठान के शाखा भी खुलले स जवना में पर्सा, बारा, रौतहट आ रूपंदेही शाखा प्रमुख रूप से स्थापित भइल। एह प्रतिष्ठान के पर्सा शाखा के अध्यक्ष के रूप में रामअदेया राउत कुर्मी, बारा शाखा के अध्यक्ष का रूप में राम प्रसाद साह, रौतहट शाखा के अध्यक्ष का रूप में उपेंद्र सहनी आ रूपंदेही शाखा के अध्यक्ष का रूप में शिवनंदन जयसवाल मनोनित होके काम कइलें सभे। वर्तमान समय में एह प्रतिष्ठान के केंद्र का साथे शाखा सब भी (बारा शाखा के अलावा) निस्क्रिय हो गइल बा। एकर बारा शाखा के मार्फत राम प्रसाद साह साहित्यिक कार्य करत आ रहल बाड़ें जवना में कई भोजपुरी साहित्यिक कृतिअन के प्रकाशन का अलावा *भोजपुरिया माटी* (त्रैमासिक) नामक पत्रिका के प्रकाशन प्रमुख बा।

(घ) भोजपुरी बौद्धिक विकास मञ्च (वि. २०५३)

भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास आ संवर्धन खातिर वि. २०५३ में साहित्यकार जगदीश प्रसाद 'पंकज' के प्रमुख संयोजकत्व में *भोजपुरी बौद्धिक विकास मंच* के गठन बारा जिला के बरियारपुर, मैनी में भइल। एह मंच के अध्यक्ष, उपाध्यक्ष, सचिव, महासचिव, कोषाध्यक्ष आ सदस्य लोग में क्रमशः जगदीश प्रसाद 'पंकज', प्रा. सफीक अंसारी, सुनील कुमार, सकलदेव चौरसिया, प्रा. प्रदीप सिंह, सच्चिदानंद तिवारी, श्यामकिशोर प्रसाद कुशवाहा, हरि मैनेजेर, रतन भगत, हरि प्रसाद गुप्ता, आशाराम आत्मा आदि रहल। एह मंच के द्वारा भोजपुरी कविगोष्ठी के आयोजना के साथे-साथ गाँव-गाँव में जाके भोजपुरी भाषा आ साहित्य के प्रचार-प्रसार करे के काम भइल।

६.४.६ पत्रिका प्रकाशन

नेपाल में पं. दीपनारायण मिश्र के संपादन में *सनेस* (वि. २०२९) आ *समाद* (वि. २०३३) नामक साहित्यिक पत्रिकन के प्रकाशन भइल दिखाई देला। नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में फेर से कवनो साहित्यिक पत्रिका के प्रकाशन होखे खातिर

www.bhojpurisahityangan.com

वि. २०५१ साल तक के कालावधि के इंतजार करेके पड़ल। एहिजा एह चरण में प्रकाशित भइल भोजपुरी साहित्यिक पत्रिकन के बारे में छोट चर्चा कइल गइल बाः

६.४.६.१ गमक (साहित्यिक त्रैमासिक)

२०५१ साल श्रीपंचमी के दिन से गोपाल अश्क के प्रकाशकत्व एवं संपादकत्व में गमक (त्रैमासिक) पत्रिका के प्रकाशन प्रारंभ भइल। एह पत्रिका के विस्तार नेपाल का साथे भारत के भोजपुरी क्षेत्रन में भी भइल आ पत्रिका के माध्यम से भोजपुरी के कुछ समर्पित साहित्यकार लोग के साहित्यिक यात्रा भी प्रारंभ भइल। एतने ना, एही पत्रिका के माध्यम से नेपालीय भोजपुरी साहित्य में यात्रा साहित्य, अंतर्वार्ता, समालोचना आदि जइसन विधा में रचना लेखन के प्रारंभो भइल। ई पत्रिका प्रारंभ में अश्क के ही आर्थिक व्यवस्थापन तथा संपादन में निकलल बाँकिर बाद में नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान के मुखपत्र के रूप में निकले लागल। दुःख के बात बा, नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान के हाथ में एकर प्रकाशन-व्यवस्था गइला का बाद एकाध अंक निकलके ई पत्रिका निकलल बंद हो गइल। ई पत्रिका वि. २०५१ से २०५९ तक निकलला के इतिहास बा। नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विकास में एह पत्रिका के जवन योगदान बा, ओके भुलल ना जा सके।

६.४.६.२ मोजर (साहित्यिक पत्रिका)

नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान के द्वारा 'गमक' के प्रकाशन में निस्क्रियता नजर अइला पर एह पत्रिका के संपादक गोपाल अश्क आपन पत्रिका के प्रतिष्ठान के हाथ से वापस ले लिहलें जवना कारण ओह प्रतिष्ठान के पदाधिकारी लोग से मनमुटाव बढ़ गइल आ तब गोपाल ठाकुर के संपादन में मोजर (साहित्यिक पत्रिका) निकलल जवन भावावेश में लिहल गइल निर्णय के नतीजा रहे। काहेकि ऊ पत्रिका प्रवेशांक के बाद ना निकले सकल।

६.४.७ ऐतिहासिक साहित्यिक सम्मेलन

एह चरण में नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में कुछ संघ-संस्थन के गठन आ ओह संस्थन के द्वारा कइल गइल साहित्यिक क्रियाकलाप तथा पत्र-पत्रिकन के प्रकाशन के सुखद परिणामस्वरूप भोजपुरी भाषा में समर्पण भाव से कलम चलावेवाला स्रष्टा लोग के उपस्थिति रहल। एह चरण में साहित्यिक संघ-संस्था अपना-अपना अंदाज से कार्य करे लागल। एह क्रम में भोजपुरी कविगोष्ठी का साथे कार्यशाला, प्राज्ञिक बहस, सांस्कृतिक कार्यक्रम आदि प्रमुख रूप से होखे लगले स। एह चरण में आवत-आवत सरकारी निकायन से कवनो बाधा-अड़चन भी ना रहे आ सामाजिक/साहित्यिक महानुभाव लोग तन मन धन से सहायता करे के दिसाईं आगा अइलें। अइसन अनुकूल माहौल में भोजपुरी भाषा के प्रमुख क्षेत्र पर्सा के वीरगंज आ बारा के कलैया आदि में कुछ ऐतिहासिक सम्मेलन भइले स, जवना में कुछ प्रमुख निम्न हउए सः

www.bhojpurisahityangan.com

६.४.७.१ बृहद् भोजपुरी कवि गोष्ठी (वि. २०४६)

नेपालीय भोजपुरी साहित्येतिहास में पहिल बेर २०४६ साल कात्तिक महिना के गोपाष्ठमी के दिन वीरगंज के महावीर धर्मशाला में *बृहद भोजपुरी कवि गोष्ठी* के आयोजना भइल। एह कविगोष्ठी के संपन्न करे खातिर नेपाल भोजपुरी साहित्य कला परिषद अंतर्गत किशोरी प्रसाद गुप्ता के संयोकत्व में एगो तइआरी समिति के गठन कइल गइल रहे। ऊ समिति बहुत परिश्रम के साथ ई कवि गोष्ठी संपन्न कइलस। पं. दीपनारायण मिश्र के अध्यक्षता में संपन्न एह कविगोष्ठी में प्रमुख अतिथि आ अतिथि का रूप में तत्कालीन राष्ट्रीय पंचायत सदस्यत्रय क्रमशः चंद्रदेव चौधरी, मोहनलाल चौधरी आ विश्वनाथ प्रसाद जयसवाल आदि के उपस्थिति रहल। एह कवि गोष्ठी में नेपाल आ भारत के कवि लोग के सहभागिता रहल जवना में नेपाल का ओर से मुकुंद आचार्य, भाग्यनाथ प्रसाद गुप्ता, विजयप्रकाश बीन, गोपाल अश्क, आशनारायण अशोक, संजय कुमार श्रीवास्तव निशीथ आ भारत का ओर से दीपक एंथोनी, तिवारी उमेश, अश्विनी कुमार आँसू, विश्वनाथ देहाती आ रमेशचंद्र झा आदि शामिल रहलें। एह परिषद का ओर से पं. दीपनारायण मिश्र के संपादन में *सनेस* (काव्य-संग्रह, वि. २०४६) के प्रकाशन भइल जवना के एगो महत्त्वपूर्ण उपलब्धि मानल जा सकता।

६.४.७.२ भोजपुरी साँझ (वि. २०५०)

नेपाल भोजपुरी साहित्य कला परिषद के एगो प्रमुख आयोजन में २०५० साल फागुन १५ गते के सँझिआ संपन्न रङारङ भोजपुरी सांस्कृतिक कार्यक्रम *भोजपुरी साँझ* के नाम आजो लोग के जुबान पर बा। एह कार्यक्रम में भोजपुरी के विभिन्न गायन आ नृत्य विधा के प्रस्तुति, नाटक आ प्रहसन के प्रस्तुति भइल रहे। कलाकारन में राम अदेआ राउत, ध्रुव सिंह ठकुरी, गणेशलाल परियार, गोपाल ठाकुर, श्रीराम उपाध्याय प्रमुख रहलें स।

६.४.७.३ नेपाल-भारत भोजपुरी सम्मेलन (वि. २०५५)

नेपालीय भोजपुरी साहित्य के इतिहास में *नेपाल-भारत भोजपुरी सम्मेलन* (वि. २०५५) के महत्त्वपूर्ण स्थान रहल बा। नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान आ भारतीय राजदूतावास, काठमाड़ो के संयुक्त आयोजना में वीरगंज उद्योग वाणिज्य संघ के प्रांगण में दू दिन तक चलल एह सम्मेलन में नेपाल का साथे भारत के भी विशिष्ट भोजपुरी साहित्यकार आ कवि लोग के सहभागिता रहे। प्रतिष्ठान के अध्यक्ष डॉ. वंशीधर मिश्र के अध्यक्षता आ गोपाल अश्क के संचालन में आयोजित एह दू-दिनहा नेपाल-भारत भोजपुरी सम्मेलन में भारतीय राजदूतावास, काठमाड़ो के संस्कृति सहचरी अखिलेश मिश्र के साथे-साथ भारत से पांडेय कपिल (पटना), प्रा. डॉ. कुमार वीरेंद्र आ सुभद्रा वीरेंद्र (पटना), पी. चंद्र विनोद (वाराणसी), पांडेय आशुतोष (मलकौली, रामनगर), डॉ. हरींद्र हिमकर (रक्सौल) आदि के गरिमामय उपस्थिति

www.bhojpurisahityangan.com

रहे। नेपाल का ओर से पं दीपनारायण मिश्र, भाग्यनाथ प्रसाद गुप्ता, मुकुंद आचार्य, नागेंद्र प्रसाद कानू, दिनेश गुप्ता, गोपाल ठाकुर, आशनारायण अशोक आ डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा आदि के सहभागिता रहे। एह सम्मेलन में पहिल बेर नेपालीय भोजपुरी भाषा आ साहित्य के दशा आ दिशा पर परिसंवाद आ चर्चा-परिचर्चा भइल रहे। एह सम्मेलन के सांस्कृतिक कार्यक्रम अंतर्गत गोपाल अश्क द्वारा लिखित-निर्देशित भोजपुरी एकांकी *कथनी आ करनी* के मंचन भइल रहे जवना में मनोज कुमार गुप्ता, अजमत अली अंसारी, रवि रंजन सर्राफ, पूजा सर्राफ आदि कलाकार लोग अभिनय कइले रहे। एह सम्मेलन में सहभागी भइल पांडेय कपिल (पटना) के द्वारा उनकर संपादन में प्रकाशित होखेवाली भोजपुरी सम्मेलन पत्रिका (अखिल भारतीय भोजपुरी साहित्य सम्मेलन) के एगो अंक नेपालीय भोजपुरी साहित्य विशेष निकाले के उद्घोषानुसार निकलल नेपालीय भोजपुरी साहित्य विशेष के एह चरण के एगो विशिष्ट उपलब्धि मानल जाला।

६.४.७.४ राष्ट्रीय नाटक महोत्सव में मंचित भोजपुरी नाटक (वि. २०५५/२०५६)

वि. २०५५ आ २०५६ साल में नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान द्वारा राष्ट्रीय नाटक महोत्सव में गोपाल अश्क द्वारा लिखित-निर्देशित आ अभिनित नाटक *बाद के बात* आ *बाबा हो लाजो ना लागे* के सफल मंचन भइल। वि. २०५५ में मंचित *बाद के बात* में अभिनय करेवाला प्रमुख कलाकार लोग में मनोज कुमार कलवार, गोपाल अश्क, राजेश सर्राफ, अजमत अली अंसारी, शीतल प्रसाद गुप्ता, साहेब अंसारी रहलें त २०५६ में मंचित भइल नाटक *बाबा हो लाजो ना लागे* में अभिनय करेवाला प्रमुख कलाकार लोग में गोपाल अश्क, राजेश सर्राफ, मनोज कुमार कलवार, अजमत अली अंसारी, पूजा सर्राफ आ रूपा सोनी आदि रहे। ई नाटक मंचन करावे के बेरा गोपाल अश्क आपन पड़ोसी आ कुछ साहित्यिक व्यक्तित्व लोग के ठोनकच पर आपन दूनू बेटी पूजा आ रूपा के एह नाटक के पात्र के रूप में खड़ा कराके अभिनय करववलें जवन ऐतिहासिक घटना साबित भइल। काहेकि एह से पहिले नेपाल में भोजपुरी नाट्य मंचन में कवनो स्त्री पात्र के अभिनय करे खातिर स्त्री ही ना आगे आइल रहली। पुरुष ही स्त्री-पात्र के अभिनय कइले रहलें। बाँकिर एह नाटक से नेपालीय भोजपुरी नाट्य मंचन के क्षेत्र में महिला कलाकारन के प्रवेश भइल। ई एगो ऐतिहासिक महत्त्वपूर्ण उपलब्धि ह।

६.४.७.५ बहुरिआ नाटक के मञ्चन (वि. २०५९)

नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान द्वारा नेपाली भाषा-साहित्य के नाट्यसम्राट बालकृष्ण सम के शतवार्षिकी मनावे के क्रम में वि. २०५९ में बारा जिला के सदरमुकाम कलैया में भव्य साहित्यिक सम्मेलन भइल रहे जे में साहित्यिक विषयन पर चर्चा-परिचर्चा, बहुभाषिक कविगोष्ठी आ नाटक मंचन भइल रहे। नेपाल राजकीय

www.bhojpurisahityangan.com

प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के नाट्य विभाग आ देवकोटा सभा स्मृति, कलैया द्वारा संयुक्त रूप में आयोजित एह कार्यक्रम में पहचान नाट्य परिषद्, वीरगंज के द्वारा *बहुरिआ* एकांकी के सफल मंचन भइल रहे। ई बालकृष्ण सम के नेपाली एकांकी *बुहार्तन* के भोजपुरी अनुवाद रहे, जेकर अनुवाद करेवाला नेपाली साहित्य के वरिष्ठ समालोचक प्रा. डॉ. केशव प्रसाद उपाध्याय हउएँ। गोपाल अश्क द्वारा निर्देशित एह नाटक में अभिनय करेवाला प्रमुख कलाकार लोग में मनोज कुमार कलवार, प्रमिला यादव, शिव कुमारी यादव, अजमत अली अंसारी आ बाल कलाकार विप्लव शर्मा, विशेष शर्मा आ विवेचना सुवेदी आदि रहलें।

६.४.७.६ निरमोहिआ लोकार्पण आ सांस्कृतिक कार्यक्रम (वि. २०५९)

नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान के एगो महत्त्वपूर्ण काम का रूप में भोजपुरी गीति एल्बम *निरमोहिआ* के निर्माण आ ओकर लोकार्पण रहल। एह लोकार्पण के अवसर पर काठमाड़ो में वि. २०५९ फागुन में रङारङ सांस्कृतिक कार्यक्रम के आयोजन भइल लउकेला। एह *निरमोहिआ* गीति एल्बम में संगीत-संयोजन में मुख्य भूमिका रहल राम अदेआ राउत आ गोपाल ठाकुर के त स्वर से सजावे के काम में राम अदेआ राउत, गोपाल ठाकुर आ मधु गुरुङ के रहल। एकर लोकार्पण नेपाल राष्ट्रीय सभागृह काठमाड़ो में वरिष्ठ प्रगतिवादी साहित्यकार मोदनाथ प्रश्रित कइले रहनी। ओह अवसर पर डॉ. रवींद्र सिंह आ सीमा सिंह के मुख्य व्यवस्थापन में सांस्कृतिक कार्यक्रम खातिर कलाकार टोली के काठमाड़ो में बोलावल गइल रहे। एह एल्बम में आठगो गीत संकलित रहे जे में गोपाल ठाकुर के रचना, संगीत आ मधु गुरुङ आ साथी लोग का सङे गोपाल ठाकुर के गायन में रहल *कइसन उँचा बा हमनी के शान रे* बोल के स्वदेशगान आजो भोजपुरिअन के जुबान पर बा।

६.४.७.७ भोजपुरी भाषा-साहित्य के प्रचार-प्रसार कार्य

वि. २०४६ में प्रजातंत्र के पुनर्बहाली के बाद नेपाली जनता के विचार अभिव्यक्ति स्वतंत्रता प्राप्त भइला के सुखद परिणामस्वरूप नेपाल के विभिन्न भाषा-भाषी लोग आपन-आपन भाषा, साहित्य, कला आ संस्कृति के विकास आ संवर्धन करे के कार्य में उत्साहित भइलें। एह अनुकूल वातावरण के प्रभाव भोजपुरी समाज पर भी पड़ल आ भोजपुरी साहित्यकार आ भोजपुरी सेवी लोग भोजपुरी भाषा आ साहित्य के प्रचार-प्रसार में जुट गइलें। एह क्रम में गोपाल अश्क, डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा, आशनारायण अशोक आदि के एगो समूह बनल आ ऊ समूह बारा आ पर्सा के विभिन्न स्कूलन में जाके भोजपुरी कविगोष्ठी आ गीत-गायन के कार्यक्रम करे लागल।

एकरा वास्ते गोपाल अश्क एगो भोजपुरी गीत लिखलें जवना के मथेला रहे– *मइया के दूध सँगे जेकर अमृत पान कइनी, सोचीं हमनी काहे ओकर खुदे अपमान कइनी*। ई अभियान गीत गा-गाके प्रचार-प्रसार करे के क्रम में पर्सा जिला के पोखरिया

www.bhojpurisahityangan.com

उच्चांगल विद्यालय, पकहाँ मैनपुर के माध्यमिक विद्यालय, बहुअरी के शारदा माध्यमिक विद्यालय, अलौं के माध्यमिक विद्यालय का साथे वीरगंज में अवस्थित नेपाल रेलवे माध्यमिक विद्यालय, माईस्थान विद्यापीठ माध्यमिक विद्यालय, त्रिभुवन हनुमान माध्यमिक विद्यालय का साथे ठाकुरराम बहुमुखी कैम्पस में भोजपुरी के साहित्यिक कार्यक्रम संपन्न भइल। एतने ना, बारा जिला के गढ़ीमाई नगरपालिका में स्थित माध्यमिक विद्यालय में भी भोजपुरी कविगोष्ठी के आयोजना भइल। एहतरे एह चरण में भोजपुरी भाषा आ साहित्य के प्रचार-प्रसार के कार्य कइला के प्रमाण मिलता।

६.४.७.८ शिक्षा में भोजपुरी के सामिलीकरण के प्रयास

वि. २०५१ साल में नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान के गठन भइला के बाद एकर अध्यक्ष डॉ. वंशीधर मिश्र, महासचिव गोपाल अश्क, कोषाध्यक्ष दिनेश गुप्ता आ सदस्य गोपाल ठाकुर आदि के सक्रियता से नेपाल के शिक्षण संस्था में भोजपुरी भाषा के स्थान दिआवे के प्रयास प्रारंभ भइल। वि. २०४९ में राष्ट्रीय शिक्षा आयोग के गठन भइल आ ई आयोग आपन मिलल संवैधानिक अधिकार के प्रत्याभूति करावे वास्ते इच्छाधीन विषय के समूह में संस्कृत आ अङरेजी के साथे-साथ स्थानीय भाषा सब के समावेश करे के सिफारिस कइलस। बाँकिर प्रारंभिक चरण में इच्छाधीन विषय समूह अंतर्गत चाइनिज जइसन विदेशी भाषा सब के सामिल भइला का बावजूद भोजपुरी जइसन नेपाल के तिसरका सब से बड़ भाषा के कवनो स्थान ना रहे। एह घटना से डॉ. वंशीधर मिश्र, गोपाल अश्क, गोपाल ठाकुर, दिनेश गुप्ता आ डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा आदि के समूह आक्रोशित भइल आ पर्सा जिला शिक्षा कार्यालय में संपर्क कइलस। ओह बेरा सुशील कुमार पांडेय जिला शिक्षा अधिकारी रहलें। उनका से बातचीच भइला के बाद उनकरे सलाह के मोताविक नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान द्वारा संस्थागत रूप में शिक्षा मंत्रालय आ पाठ्यक्रम विकास केंद्र, सानोठिमी में ज्ञापन-पत्र दिआइल। एही क्रम में राष्ट्रीय भाषा नीति सुझाव आयोगो बनल रहे जे वि. २०५० साल में शिक्षा आ संचार क्षेत्र में राष्ट्रीय भाषा के प्रयोग करे के सिफारिस कर चुकल रहे। ओकर सुखद परिणाम स्वरूप कक्षा १ से ५ तक पाठ्यक्रम में मातृभाषा विषय के रूप में वि. २०५४ से भोजपुरी सामिल भइल। एह पाठ्यक्रम अनुसार कक्षा १ से ५ तक के पाठ्यपुस्तक लेखन-संपादन में गोपाल ठाकुर के अविच्छिन्न भूमिका रहल। पाठ्यपुस्तक प्रकाशन भइला के बाद भोजपुरी भाषी क्षेत्र के विद्यालयन में लागू करावे खातिर प्रयास सुरु कइल गइल। एह क्रम में वि. २०५७ में पर्सा जिला के शैक्षणिक संस्थन में भोजपुरी विषय के लागू करावे वास्ते शिक्षक आ साहित्यकार सतीशचंद्र झा 'सजल' काफी परिश्रम कइलें आ उनकर नेतृत्व में सब से पहिले कट्टी बलुवा स्रोतकेंद्र के अंतर्गत रहल २७ गो विद्यालयन में भोजपुरी के पढ़ाई प्रारंभ भइल। एह विद्यालयन में कुछ के नाम ई हवेः श्री रा. च. मा. विद्यालय,

www.bhojpurisahityangan.com

पकहा मैनपुर, श्री ने. रा. नि. मा. वि. कट्टी बलुवा, श्री रा.रा. मा. वि. झौँवा, श्री त्रिभुवन हनुमान माध्यमिक विद्यालय, वीरगञ्ज, श्री ने. रा प्रा. वि. हँसवा, श्री ने. रा. प्रा. वि. मधुवनी आ श्री ने. रा. प्रा. वि. प्रसौनी आदि। एहीतरे बारा जिला में रहल शैक्षणिक संस्थन में भोजपुरी भाषा के पाठ्यपुस्तक पढ़ावे खातिर विद्यालय स्रोतव्यक्ति तथा साहित्यकार विनयराज गौतम आ रवीन्द्र मिश्र के अथक प्रयास रङ लेआइल। एह काम में बाद में बारा जिला के प्रमुख भोजपुरी साहित्यकार राम प्रसाद साह जुटलें आ काफी सार्थक योगदान दिहलें। बारा जिला के दोहरी आ कलैया स्रोतकेंद्र अंतर्गत के अमर माध्यमिक विद्यालय, दोहरी मझौलिया, ने. रा. प्रा. वि. खमवा, ने. रा. नि. मा. वि. महेशपुर, ने. रा. प्रा. वि. बर्वा, ने. रा. प्रा. वि. बिजुलपुर, राजदेवी क्लब विद्यालय पकडी, नवि मा. वि. भोडहा, ने. रा. मा. वि. मनहर्वा, ने. रा. नि. मा. वि. जैतापुर, बालबालिका प्रा. वि., लामिडाँडा, ने. रा. नि. मा. वि., बड़हर्वा, ने. रा. नि. मा. वि. श्रीपुर, रामजानकी नि. मा. वि. सखुई, ने. रा. प्रा. वि., मझौलिया, सिद्धेश्वर मा. वि. कलैया, ३ चंद्र मा. वि. कलैया, ने. रा. मा. वि. कलैया, पन्नादेवी कन्या मा. वि. कलैया, दुर्गा मा. वि. कलैया, जनता नि. मा. वि.,कलैया, ने. रा. नि. मा. वि. बघवन, ने. रा. प्रा. वि., भौंरा, ने. रा. प्रा. वि. लक्ष्मीनिया, ने. रा. नि. मा. वि., रामपुर, बाल मन्दिर प्रा. वि. कलैया, ने. रा. प्रा. वि. वैद्यनाथपुर, ने. रा. नि. मा. वि., वसतपुर, ने. रा. प्रा. वि. छोटकी फुलवरिया, ने. रा. प्रा. वि. बलिरामपुर, ने. रा. प्रा. वि. धर्मनगर, ने. रा. प्रा. वि. शीतलपुर, ने. रा. प्रा. वि. विश्रामपुर, ने. रा. प्रा. वि. पुरोना पिप्रा, विद्यामन्दिर प्रा. वि. बरेवा आ ने. रा. प्रा. वि. घोघरहिया आदि में भोजपुरी भाषा के पढ़ाई प्रारंभ भइल। एहतरे नेपाल के शैक्षणिक संस्थन में भोजपुरी भाषा के पढ़ाई प्रारंभ भइल जवन एह चरण के सबसे महान उपलब्धि हवे।

६.४.७.९ भोजपुरी पाठ्यपुस्तक लेखन आ प्रकाशन

वि. २०४९ में राष्ट्रीय शिक्षा आयोग के गठन आ एह आयोग द्वारा इच्छाधीन विषय समूह में संस्कृत आ अङरेजी के साथे साथ स्थानीय भाषा के समावेश करे के कइल सिफारिस, वि. २०५० में राष्ट्रीय भाषा नीति सुझाव आयोग के सिफारिस आ नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान के पदाधिकारी लोग द्वारा दिहल गइल दबाव के सुखद परिणामस्वरूप पाठ्यक्रम विकास केंद्र, सानोठिमी से भोजपुरी पाठ्यपुस्तक के लेखन आ प्रकाशन सुरु भइल। आज कक्षा १ से १० तक के भोजपुरी पाठ्यपुस्तक तइआर होके प्रकाशित हो चुकल बा, एकर संक्षिप्त चर्चा एह तरह से कइल गइल बाः

(क) हमर भाषा भोजपुरी पहिल क्लास

तत्कालीन श्री ५ के सरकार, शिक्षा आ खेलकूद मन्त्रालय, पाठ्यक्रम विकास केंद्र, सानोठिमी, भक्तपुर से पहिल बेर वि. २०५४ में *हमर भाषा भोजपुरी, पहिल क्लास* नाम से पाठ्यपुस्तक प्रकाशित भइल। एह पाठ्यपुस्तक के लेखन तथा

www.bhojpurisahityangan.com

संपादन कार्य रामस्वरूप सिन्हा, बलिराम सिंह, गोपाल ठाकुर, राकेश सिंह आ राजेन्द्र यादव द्वारा भइल रहे। केंद्र के तरफ से प्रमोद कुमार साह संयोजन कइले रहलें। एह पाठ्यपुस्तक में ३३ गो पाठ राखल गइल बाड़े स।

(ख) हमर भाषा भोजपुरी दुसर क्लास

एह पाठ्यपुस्तक के प्रकाशन तत्कालीन श्री ५ के सरकार, शिक्षा आ खेलकूद मन्त्रालय, पाठ्यक्रम विकास केंद्र, सानोठिमी, भक्तपुर से वि. २०५७ में भइल। एह पाठ्यपुस्तक के लेखन आ संपादन कार्य गोपाल ठाकुर, राकेश सिंह, नितेश्वर प्रसाद आ राकेश मेहता द्वारा भइल रहे। एह में भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विभिन्न विधा के २४ गो पाठ संगृहीत बाड़े से।

(ग) हमर भाषा भोजपुरी तीसर क्लास

एह पाठ्यपुस्तक के प्रकाशन तत्कालीन श्री ५ के सरकार, शिक्षा आ खेलकूद मन्त्रालय, पाठ्यक्रम विकास केंद्र, सानोठिमी, भक्तपुर से वि. २०५७ में भइल। एह पाठ्यपुस्तक के लेखन आ संपादन कार्य रामस्वरूप सिन्हा, बलिराम सिंह, गोपाल ठाकुर, राकेश सिंह, राजेन्द्र यादव द्वारा कइल गइल। एह में भोजपुरी भाषा आ सहित्य के विभिन्न विधा के २४ गो पाठ समावेश बाड़े स।

(घ) हमर भाषा भोजपुरी चौथा क्लास

एह पाठ्यपुस्तक के प्रकाशन तत्कालीन श्री ५ के सरकार, शिक्षा आ खेलकूद मन्त्रालय, पाठ्यक्रम विकास केंद्र, सानोठिमी, भक्तपुर से वि. २०५७ में भइल रहे। एह पाठ्यपुस्तक के लेखन आ संपादन कार्य रामस्वरूप सिन्हा, बलिराम सिंह, गोपाल ठाकुर, राकेश सिंह, राजेन्द्र यादव आ सुनीलकुमार अधिकारी द्वारा भइल रहे। एह पाठ्यपुस्तक में २४ गो पाठ संगृहीत बाड़े स।

(ङ) हमर भाषा भोजपुरी पाँचवा क्लास

एह पाठ्यपुस्तक के प्रकाशन तत्कालीन श्री ५ के सरकार, शिक्षा आ खेलकूद मन्त्रालय, पाठ्यक्रम विकास केंद्र, सानोठिमी, भक्तपुर से वि. २०५७ में भइल रहे। एह पाठ्यपुस्तक के लेखन आ संपादन कार्य रामस्वरूप सिन्हा, गोपाल ठाकुर, राकेश सिंह, राजेन्द्र यादव आ सुनीलकुमार अधिकारी द्वारा भइल। एह पाठ्यपुस्तक में २४ गो पाठ समावेश कइल गइल बाड़े स।

एकरा बाद वि. २०५९ आ २०६० में कक्षा ९ आ १० के भोजपुरी शीर्षक से पाठ्यपुस्तक लेखन तथा प्रकाशन कार्य भइल नजर आवता। ओकर विवरण एह प्रकार बाः

(ङ) भोजपुरी कक्षा ९

तत्कालीन श्री ५ के सरकार, शिक्षा आ खेलकूद मन्त्रालय, पाठ्यक्रम विकास केंद्र, सानोठिमी, भक्तपुर से पहिल बेर कक्षा ९ के भोजपुरी के पाठ्यपुस्तक प्रकाशित

www.bhojpurisahityangan.com

भइल। एह पाठ्यपुस्तक के लेखन कार्य गोपाल अश्क, मुकुंद आचार्य, राकेश कुमार सिंह, गोपाल ठाकुर आ सुनीलकुमार अधिकारी द्वारा भइल। एह पाठ्यपुस्तक में डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा के *देश* (कविता), मुकुंद अचार्य के *सुकन्या* (पौराणिक कथा), दिनेश गुप्ता के *अनमोल मणि राम प्रसाद राय* (जीवनी), जगदीश प्रसाद पंकज के *काग के आत्मकथा* (निबंध), मुकुंद अचार्य के *हम जे प्रधानमन्त्री रहतीं* (मनोवाद), गोपाल अश्क के *अंधविश्वास के टूटत कड़ी* (सांस्कृतिक कथा), गोपाल ठाकुर के *गणितज्ञ रामानुजन* (जीवनी), ऋषभदेव ठाकुर के *गर्भपतन उचित कि अनुचित* (वादविवाद), राकेश सिंह के *नौलखिया* (लोककथा), रामस्वरूप सिन्हा के *भोजपुरीः तब आ अब* (निबंध), डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा के *धरती मइया* (कविता), गोपाल अश्क के *बाबा हो लाजो ना लागे* (एकांकी), डॉ. वंशीधर मिश्र के *आत्मविश्वास* (नैतिक कथा), पं. दीपनारायण मिश्र के *मानवता अब काँप रहल बा* (कविता), राकेश सिंह के *लुंबिनी,* गोपाल ठाकुर के *शहीद मुखलाल महतो* (कविता), डॉ. चन्देश्वर साह के *जनकपुर भ्रमण डायरी* (दैनिकी) आ गोपाल ठाकुर के *निशाना चुक गइल!* (ऐतिहासिक कथा) का साथे कार्यालयीय पत्र आ व्यक्तिगत चिठी लगायत २२ गो पाठ समावेश कइल गइल बाड़े स।

(च) भोजपुरी कक्षा १०

तत्कालीन श्री ५ के सरकार, शिक्षा आ खेलकूद मन्त्रालय, पाठ्यक्रम विकास केंद्र, सानोठिमी, भक्तपुर से पहिल बेर कक्षा १० भोजपुरी के पाठ्यपुस्तक प्रकाशित भइल नजर आवता। एह पाठ्यपुस्तक के लेखन कार्य गोपाल अश्क, मुकुंद आचार्य, राकेश कुमार सिंह, गोपाल ठाकुर आ सुनीलकुमार अधिकारी द्वारा भइल बा। एह पाठ्यपुस्तक में गोपाल अश्क के *वीर बलभद्र* (कविता), मुकुंद आचार्य *के जिनगी के खेल* (कथा), गोपाल ठाकुर के *लोककवि आ गायक अलि मियाँ* (जीवनी), गोपाल अश्क के *भोजपुरी कला-कौशल* (निबंध), गोपाल ठाकुर के *बरमासा* (कविता), ऋषभदेव ठाकुर के *गाँव के विकास देश के विकास* (वादविवाद), डॉ. वंशीधर मिश्र के *भोलु के होरी* (कथा), गोपाल ठाकुर के *महर्षि कपिल* (जीवनी), रामस्वरूप सिन्हा के *प्रकृति आ मानव* (निबंध), दिनेश गुप्ता के *लड़िका लेखा लड़की के भी शिक्षा देवेके चाहीं* (संवाद) आ राकेश सिंह के *अभिशाप कि वरदान* (निबंध) शीर्षक के १५ गो पाठ समावेश कइल गइल बाड़े स।

कक्षा ९ आ १० के एह दूनू पाठ्यपुस्तक में व्याकरण खंड लिखे के कार्य गोपाल अश्क द्वारा भइल रहे त व्याकरणिक कोटिअन के पाठ्यपुस्तक के पाठ से अनुकूलित कके पाठ अनुसार वितरित कके अंतिम संपादन के काम गोपाल ठाकुर कइले रहलें।

६.४.८ ऐतिहासिक विशेषांक प्रकाशन

एह चरण में नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में कुछ ऐतिहासिक दृष्टिकोण से महत्त्वपूर्ण साहित्यिक विशेषांकन के प्रकाशन भइल जवना के विवरण निम्नानुसार बाः

www.bhojpurisahityangan.com

६.४.८.१ सनेस (काव्य संकलन)

२०४६ साल कात्तिक महीना के गोपाष्ठमी के अवसर पर नेपाल भोजपुरी साहित्य कला परिषद, वीरगंज द्वारा वीरगंज के महावीर धर्मशाला में भइल *बृहद भोजपुरी कविगोष्ठी* में वाचित कवितन के संकलन आ संपादन कके नेपाल भोजपुरी कला साहित्य परिषद *सनेस* (काव्य संकलन) प्रकाशित कइलस। पं. दीपनारायण मिश्र के संपादन आ भाग्यनाथ प्रसाद गुप्ता के व्यवस्थापन में प्रकाशित एह काव्य संकलन में नेपाल के भोजपुरी कविअन में भाग्यनाथ के *पर्सा के भाई*, पं. दीपनारायण मिश्र के *दोहा नीतिसार*, मुकुंद आचार्य के *मारी गोबर में लात*, विनोद तिमिल्सिना के *पेट भरी से करऽ काम*, मथुरामान सिंह के *गवना*, कपिलदेव तिवारी 'मधुप' के *मरल आदमी कहेला*, गोपाल अश्क के *रे बदरा*, रघुनाथ प्रसाद गुप्ता के *पतझड़*, अच्छेलाल प्रसाद के *कविता*, ईश्वर शर्मा रिमाल के *हम नेते कहवाईं*, आशनारायण अशोक के *कवि आज बौराइल बा*, मोहनलाल प्रसाद चौधरी के *महंगी के मार से दसईं दबाइल*, मुकेशकुमार गुप्ता के *सपनवा*, राजाराम प्रसाद कुम्हाल के *आज के भ्रष्ट पंच*, उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के *बाद के बात*, रामचंद्र बरनवाल के *दुःख के मत बिसरइह* आ नागेंद्र प्रसाद कानू के *हे बहुदलिया भाई* शीर्षक के कवितन के साथे भारत के कवि विंध्याचल प्रसाद के *सुंदर नेपाल*, विश्वनाथ प्रसाद देहाती के *माटी के देह से नाता अपार बा*, तिवारी उमेश के *गजल* शीर्षक के कविता, गीत आ गजल समावेश कइल गइल बाड़े स। एह काव्य संकलन में संपादकीय के रूप में लिखल *आपन कहनाम* के तहत नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विकासयात्रा के संक्षिप्त जानकारी ऐतिहासिक महत्त्व रखले बा। एह से पहिले नेपालीय भोजपुरी साहित्य जगत में सामूहिक काव्य संकलन के कवनो पुस्तक ना निकलला के कारण ई काव्य संकलन के ऐतिहासिक महत्त्व स्वतः प्रमाणित हो जात बा।

६.४.८.२ भोजपुरी सम्मेलन पत्रिका, नेपालीय भोजपुरी विशेषांक

एह चरण में वि. २०५५ में नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान आ भारतीय राजदूतावास, काठमाड़ो के सहकार्य में वीरगंज के उद्योग वाणिज्य संघ के सभा भवन में दू दिवसीय नेपाल-भारत भोजपुरी सम्मेलन के आयोजन संपन्न भइल रहे। एही सम्मेलन में भोजपुरी सम्मेलन पत्रिका (अखिल भारतीय भोजपुरी साहित्य सम्मेलन, पटना द्वारा प्रकाशित होखेवाला मासिक पत्रिका) के संपादक आ विशिष्ट भोजपुरी साहित्यकार पांडेय कपिल आपन पत्रिका के एगो अंक नेपालीय भोजपुरी विशेषांक के रूप में निकाले के आ एकर सहयोगी संपादक का रूप में गोपाल अश्क के रहे के बात के घोषणा कइलें जवना अनुसार भोजपुरी सम्मेलन पत्रिका के वर्ष ९, अंक २-३, फरवरी-मार्च १९९८ (९८-९९) नेपालीय भोजपुरी विशेषांक के रूप में प्रकाशित भइल नजर आवता।

एह विशेषांक में निबंध तरफ डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा के *नेपाल में भोजपुरी भाषा के स्थिति*, गोपाल अश्क के *नेपालीय भोजपुरी काव्य-साहित्य*, चंद्रकिशोर झा

www.bhojpurisahityangan.com

के *नेपालीय भोजपुरी गद्य-साहित्य,* आशनारायण अशोक के *नेपालीय भोजपुरी साहित्य के इतिहास* का साथे कविता के तरफ गोपाल ठाकुर के *हमनिओ नेपाली हईं* आ *खबरदार,* चंद्रकिशोर झा के *गाँव* आ *चदरिया झीनी रे झीनी,* उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के *बाद के बात,* श्रीमती गजल झा के *सोना के हँसुली* आ *आपन वसंत,* धर्मेंद्र भट्टराई के *धर्म, राजनीति आ राजनीतिज्ञ,* विश्वम्भर कुमार शर्मा के *जिन्दगी आ देवता,* मुकुंद आचार्य के *बधाई बा* आ *मारीं गोबर में लात,* पुरुषोत्तम शर्मा के *नेपाल के विकास में महक उठीं, महक उठीं,* आशनारायण अशोक के *सावन* (गीत) आ *गजल,* उमेशचंद्र ठाकुर के *नीक नोहर* आ *मूक साक्षी,* दिनेश नेपाली (दिनेश गुप्ता) के *गजल,* पं. दीपनारायण मिश्र के *ईमानदारी* गोपाल अश्क के *शहीद के विधवा* आ *टाट के आर-पार* के साथ साथ विशेष प्रस्तुति के तहत ६३ जने नेपालीय भोजपुरी साहित्यकार तथा लेखकन के परिचय शीर्षक के रचना सामग्री समावेश कइल गइल बा। एह विशेषांक के बहुत बड़ा ऐतिहासिक महत्त्व रहल बा। एह से पहिले नेपालीय भोजपुरी साहित्य के बारे में एह प्रकार से संस्थागत किसिम से कहीं कवनो विशेषांक ना निकलल रहे। एह विशेषांक के मार्फत नेपाल के भोजपुरी भाषा आ साहित्य के सौंदर्य आ सामर्थ्य के बारे में पहिल बेर जानकारी दिहल गइल रहे।

६.४.८.३ नवपल्लव (बालसाहित्य) विशेषांक

एह चरण में माउंट एडमंड माध्यमिक विद्यालय, श्रीपुर वीरगंज से *नवपल्लव* (नेपाली, मैथिली, भोजपुरी साहित्यिक संकलन) प्रकाशित भइल। एह विशेषांक के नेपाली, मैथिली आ भोजपुरी के संपादन करे के जिम्मेदारी क्रमशः धर्मेन्द्र भट्टराई, चंद्रकिशोर आ डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा के मिलल रहे। एह विशेषांक के विशेष महत्त्व कहल नेपालीय भोजपुरी साहित्य जगत में पहिल बेर भोजपुरी बाल साहित्य संकलन, संपादन आ प्रकाशन ही हवे। एह विशेषांक के भोजपुरी खंड में मुकुंद आचार्य के *गड़ही के बेङ* (कथा), गोपाल अश्क के *चंदा मामा* (विज्ञान कथा), डॉ. हरीन्द्र हिमकर के *चुटकी* (कविता), डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा के *फूल अपने ना फुलाए* (कहानी), दिलेर सागर नौतनी के *भोर भइल* (कविता), आशनारायण अशोक के *निहोरा* (कविता), भाग्यनाथ प्रसाद गुप्ता के *शिशु* (लेख), विनोद कुमार तिमिल्सिना के *उल्टा बहादुर* (कथा) आ डॉ. शशिभूषण बरनवाल के *समय के परख* (कथा) शीर्षक के बाल साहित्यिक रचना संगृहीत बाड़े स।

६.४.८.४ बहुभाषी सयपत्री कथा अंक

नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान, काठमाड़ो से निरंतर प्रकाशित होखेवाला बहुभाषी सयपत्री के पूर्णाङ्क १४ वाँ भोजपुरी कथा अंक के रूप में प्रकाशित भइला के एह चरण के एक महत्त्वपूर्ण उपलब्धि के रूप मे मानेके पड़ी। तत्कालीन प्राज्ञ परिषद सदस्य माधवलाल कर्माचार्य के प्रधान संपादकत्व आ नीर शाह आ विजय थापा के संपादकत्व एवं गोपाल अश्क के अतिथि संपादकत्व में प्रकाशित सयपत्री, वर्ष ७, अंक

www.bhojpurisahityangan.com

२, कात्तिक-चैत्र वि. २०५८ नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में ऐतिहासिक महत्त्व राखेला। एह भोजपुरी कथा अंक में नेपाल के १५ आ भारत के ५ भोजपुरी कथाकारन के कथा संगृहीत बा। नेपालीय भोजपुरी कथाकार उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के *झाजी के कुत्ता*, एमडी. आई. हुसेन के *कसइली के चौदे टुकी*, गंगा विष्णु के *घर-घर के कहानी*, गोपाल अश्क के *तीसी के फूल*, चंद्रकिशोर झा के *समय के पहिया*, दिनेश गुप्ता के *जीवन रेखा*, पं. दीपनारायण मिश्र के *अब का होखी*, पूजा (पूजाकुमारी सर्राफ) के *राखी*, भाग्यनाथ प्रसाद गुप्ता के *देखते-देखते*, माधव प्रसाद गौतम के *मेघिया*, मुकुंद आचार्य के *फुलमतिया*, विश्वम्भर कुमार शर्मा के *कहानी के प्लाट*, विश्वराज अधिकारी के *फेंकू*, शिवशंकर प्रसाद रौनियार के *दू गज जमीन के नीचे* आ भारतीय कथाकारन में लव शर्मा प्रशान्त के *लालच के सन्दूक*, डॉ. अशोक द्विवेदी के *बकसऽ ए बिलार*, कृष्णानंद कृष्ण के *हादसा*, पांडेय सुरेंद्र के *असली चीज*, भगवती प्रसाद द्विवेदी के *बीच के जिनिगी* आ डॉ. वीरेंद्रनारायण पांडेय के *आखिरी बयान* शीर्षक कथा संगृहीत बाड़े स। एकरा साथे-साथ एह अंक के अतिथि संपादक गोपाल अश्क द्वारा लिखित भोजपुरी कथा के विकासयात्रा के बारे में आलेख भी समावेश बा।

६.४.९ भोजपुरी जीवनी साहित्य

कवनो व्यक्तिविशेष के जीवन वृतांत के जीवनी कहल जाला। जीवनी के अङरेजी पर्याय *बायोग्राफी* ह। भोजपुरी में एकरा के जीवन-चरित्र कहल जाला। एह में कवनो महत्त्वपूर्ण व्यक्ति के जीवन के अंतर्बाह्य स्वरूप के घटनन के आधार पर कलात्मक चित्रण प्रस्तुत कइल गइल रहेला। एह से ओह व्यक्ति के गुण-दोषमय व्यक्तित्व के अभिव्यक्ति होला। 'व्यक्तिविशेष के सम्पूर्ण भा आंशिक जीवन के तथ्यपूर्ण घटना, मानसिक प्रभाव, अनुभव आ क्रियाकलाप के क्रमबद्ध विवरण सविस्तार प्रस्तुत कइल गइल गद्य-रचना के *जीवनी साहित्य* कहल जाला' (श्रेष्ठ आ शर्मा, वि. २०४९, पृ. १९१)।

जीवनी साहित्य के इतिहास के ही एगो अंश मानल जा सकता। व्यक्तिविशेष के संबंध समाज, संस्कृति, राजनीति के साथे भइला के कारण जीवनी से तत्कालीन सामाजिक-सांस्कृतिक भा राजनैतिक परिवेश बुझल-समझल जा सकता। व्यक्तिविशेष के इहे सापेक्ष व्यक्तित्व ही इतिहास के एगो पृष्ठ बनेला। ओही से जीवनी साहित्य में आख्यान साहित्य (Fiction) के लेखा कल्पना ना, बल्कि वस्तुपरक तथ्य के सर्वाधिक महत्त्व होला। इतिहास लेखक लेखा जीवनी लेखक भी तथ्य के निष्पक्ष निरीक्षण, परीक्षण आ प्रामाणिकता के सामने रखके नायक के सत्य-कथा लिखे बइठेलें। जीवनी साहित्य में नायक के अति सरलीकरण के वर्जित कइल जाला। आत्मकथा जीवनी साहित्य के ही एगो अइसन प्रकार ह जे में स्वयं व्यक्तिविशेष ही आपन जीवन के बारे में प्रकाश डालेला। एकरा खातिर संस्मरण, दैनिकी, चिट्ठी-पत्र

www.bhojpurisahityangan.com

जइसन प्रामाणिक अभिलेख के प्रयोग कके कृति के रुचिकर बनावल जाला। दोसर व्यक्ति प्रति के उत्सुकता ही जीवनी साहित्य के जन्म के प्रमुख कारण ह। समाज में कुछ अइसन व्यक्ति होला जे नेतृत्वदायी भूमिका खेलेला आ आपन कार्यव्यापार से समाज आ अन्य व्यक्ति के प्रभावित आ आकर्षित करेला। विशेष गुण भइल व्यक्ति ही समाज में नेतृत्व प्रदान करे के क्षमता राखेला। अइसन विशेष आ नेतृत्वदायी व्यक्ति के आगे नतमस्तक भइल स्वाभाविक ह। पहिले-पहिले नेतृत्वदायी भूमिका प्रदान कके समाज के अग्रगमन के दिशा का ओर उन्मुख करेवाला आ समाज के अंधकार के गुफा से प्रकाश के संसार में लेआवेवाला व्यक्तिविशेष के पूजा करे के परंपरा जीवित रहे। ई परंपरा आजो जारी बा, खाली एकर स्वरूप में परिवर्तन आ गइल बा। जीवनी साहित्य के व्यक्ति पूजा के आधुनिक शैली के रूप में लिहल जा सकता। एहतरे देखला पर मानव जाति के इतिहास के साथे-साथे जीवनी साहित्य के वंशानुगत संबंध जइसन लागेला।

समग्र भोजपुरी साहित्य में जीवनी साहित्य के कृति पर्याप्त मात्रा में प्रकाशित ना भइला के बावजूद नेपालीय भोजपुरी साहित्य में निराशाजनक अवस्था नजर ना आवे। नेपालीय भोजपुरी साहित्य में जीवनी साहित्य लेखन के परंपरा वि. २०५९ साल से ही प्रारंभ भइल नजर आवेला। बात ई बा कि वि. २००७ में प्रजातंत्र के स्थापना भइला के बादो ऊ प्रजातान्त्रिक व्यवस्था ज्यादा दिन तक टिके ना सकल। वि. २०१७ साल में प्रजातंत्र फेर कोपभाजन के सिकार हो गइल आ नेपाली जनता के मिलल वाक्स्वतंत्रता छिना गइल। ओकरा बाद पंचायती व्यवस्था में नेपाली जनता जीए पर बाध्य हो गइल। पंचायती व्यवस्था में *एक भाषा एक भेष* के नीति अंतर्गत नेपाली भाषा के अलावा अन्य भाषा तिरस्कार के सिकार हो गइल। भोजपुरी भाषी क्षेत्र त अउरी पीड़ित आ शोषित रहल। काहेकि लड़े, मरे आ सहिद होखे के बात में आगे रहला पर भी देश के राजनीति के मूल धार में एह क्षेत्र के आदमी के कवनो खास उपस्थिति ना रहे। वि. २०५४ साल में मातृभाषा शिक्षा योजना अंतर्गत जब भोजपुरी भाषा के भी पाठ्यपुस्तकन के निर्माण आ प्रकाशन भइल, तब जाके जीवनी साहित्य, संवाद, वादविवाद जइसन विधन के विकास भइल।

एह क्रम में कक्षा ३ के भोजपुरी पाठ्यपुस्तक *हमर भाषा भोजपुरी* मे दिनेश गुप्ता द्वारा लिखित *महर्षि बाल्मीकि* आ *पं. दीपनारायण मिश्र* नामक दुगो जीवनी संगृहीत बाड़े स। एह आधार पर दिनेश गुप्ता के नेपालीय भोजपुरी साहित्य में प्रथम जीवनी लेखक कहल जा सकता। ओकरा बाद कक्षा ४ के भोजपुरी पाठ्यपुस्तक *हमर भाषा भोजपुरी* में दिनेश गुप्ता द्वारा ही लिखल *भोजपुरिया सपूत गोपाल अश्क* शीर्षक के जीवनी पावल जाला। एकरा बाद जीवनी लेखन में गति आइल आ कक्षा ९ आ १० में भी जीवनी संगृहीत कइल गइले स। एह क्रम में कक्षा ९ के भोजपुरी

www.bhojpurisahityangan.com

पाठ्यपुस्तक में दिनेश गुप्ता द्वारा लिखित *अनमोल मणि रामप्रसाद राय* आ गोपाल ठाकुर द्वारा लिखित *गणितिज्ञ रामानुजन* शीर्षक के दूगो जीवनी समीटल गइले स। कक्षा १० के भोजपुरी पाठ्यपुस्तक में गोपाल ठाकुर द्वारा लिखित *लोककवि आ गायक अलि मियाँ* आ *महर्षि कपिल* शीर्षक के दूगो जीवनी बाड़े स।

६.४.१० यात्रा वृत्तांत

साहित्य के मनोवृत्ति के घुमक्कड़ कहल जाला। ओही से जब सौंदर्यबोध के दृष्टि से उल्लास भावना से प्रेरित होके यात्रा कइल जाला आ ओके मुक्त भाव से अभिव्यक्त कइल जाला तब ओकरा के यात्रा साहित्य भा यात्रा वृत्तांत कहल जाला। मनुष्य प्रकृति आ सौंदर्य के प्रेमी आ उपासक हउए। ऊ साहित्य लेखा घुमक्कड़ स्वभाव के होलें। मनुष्य जहाँ जहाँ जालें, ओहिजा से कुछ ना कुछ अवश्य ग्रहण कके लौटेलें। ऊ ग्रहण कइल गइल प्रेम, सौंदर्य, भाषा, स्मृति आदि के शुद्ध मनोभाव से प्रकट करेलें। 'कवनो भूखंड के स्थलरूप, लोकजीवन, रीतिपरंपरा आदि के साथ साक्षात्कार करावे आ तद्विषयक अनुभव आ ज्ञान के व्यक्त करे के अभिप्राय से मूलतः तथ्य आ अंशतः भावना के आनुपातिक संयोजन कके चित्रमयी शैली में अनुभूत स्मरण स्वरूप लिखल गइल गद्य रचना के यात्रा साहित्य कहल जाला' (श्रेष्ठ आ शर्मा, वि. २०४९, पृ. १९१)।

यात्रा आ मानव का बीच बहुत ही गहरा संबंध रहल बा। मनुष्य आपन जन्म से मृत्यु तक के कालावधि में एक किसिम से यात्रा ही करत रहेला, जे के जीवनयात्रा कहल जाला। इहाँ तक कि मृत्यु के भी महापरायण यात्रा कहल सुनल जाला। उत्सुकता आ खोज के इच्छा के गर्भ से ही यात्रा के जन्म होला। यात्रा के क्रम में आदमी अपना द्वारा कइल गइल यात्रा, यात्रा के क्रम में घुमल गइल भूखंड, अनुभूत कइल गइल सामाजिक संरचना, प्राकृतिक सौंदर्य, रीतिथीति आ संस्कृति आदि के तथ्यगत बाँकिर कलात्मक प्रस्तुति करेला। वस्तुतः यात्रा साहित्य में मानव सभ्यता आ संस्कृति के इतिहास लुकाइल रहेला। यात्रा साहित्य में भावुकतापूर्ण कल्पना से बचे के पड़ेला। *फंटासी* यात्रा साहित्य के गुण ना, दोष हउए। यात्रा-साहित्य में रोचकता आवश्यक होला।

भोजपुरी साहित्य में यात्रा साहित्य के रचना आ कृति पर्याप्त मात्रा में प्रकाशित रहला के बावजूद नेपालीय भोजपुरी साहित्य में यात्रा साहित्य लेखन के स्थिति ओतना संतोषजनक नजर नइखे आवत। नेपालीय भोजपुरी साहित्य में प्रकाशित यात्रा साहित्य के भोजपुरी यात्रा साहित्य के प्रारंभिक अवस्था के ही रूप में मानल जा सकता। नेपालीय भोजपुरी साहित्य में यात्रा साहित्य के अवस्था संतोषजनक नजर ना अइला के कारण में नेपाल के राजनीतिक परिवेश ही ज्यादा जिम्मेदार रहल बा। नेपाल में १०४ वर्ष तक राणा शासन रहल। राणा शासन में राणा आ ओकनी के

www.bhojpurisahityangan.com

परिवार के सदस्यन के अलावा अन्य केहू के भी यात्रा करे के स्वतंत्रता ना रहे। भोजपुरी भाषी समाज सुरु से ही शासन आ सत्ता से उपेक्षित रहल। देश के मूलधार में एह समाज आ क्षेत्र के कबो निमन पहुँच ना होखे सकल। एही वजह से नेपाल के भोजपुरी क्षेत्र के व्यक्ति भा साहित्यकार अन्य क्षेत्र के यात्रा ना करे पइलें। हाँ, कुछ मात्रा में भारत के कुछ जगहन के यात्रा कर पवलें। उहो धार्मिक तीर्थयात्रा के बहाना में। एह सब कारणन से नेपालीय भोजपुरी साहित्य में यात्रा साहित्य लेखन के परंपरा आपन प्रारंभिके अवस्था में नजर आवत बा।

नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में अबहीं तक यात्रा-साहित्य के एकोगो स्वतंत्र कृति प्रकाशित नइखे नजर आवत। कुछ यात्रा-वृत्तांत पत्र-पत्रिकन में प्रकाशित नजर आवत बाड़े। एह क्रम में *गमक* (सं. गोपाल अश्क), वर्ष ७, अंक १-४, पूर्णांक १३, वि. २०५७ माघ-२०५८ पुस में डॉ. वंशीधर मिश्रद्वारा लिखित *विश्व भोजपुरी सम्मेलन, मॉरीशसः एक झलक* आ गोपाल ठाकुर द्वारा लिखित *मुंबई सम्मेलन, २०००: एक नजर* शीर्षक के दूगो यात्रा संस्मरण प्रकाशित नजर आवत बाड़े स। एहीतरे *गमक* (सं. गोपाल अश्क) वर्ष ८, अंक-१/२, पूर्णांक १४, माघ वि. २०५८-आषाढ़ २०५९ में डॉ. वंशीधर मिश्र द्वारा लिखित *निरमोहिया विमोचन समारोह, २०५९* आ दिनेश गुप्ता द्वारा लिखित *भिलाई सम्मेलन* शीर्षक के दूगो यात्रा वृत्तांत प्रकाशित नजर आवत बाड़े स।

६.४.११ अन्य गद्य विधा

भोजपुरी साहित्य के इतिहास में प्रमुख विधन के रूप में कविता-काव्य, कथा, नाटक, उपन्यास, निबंध, समालोचना, जीवनी आ यात्रा वृत्तांत के आपन क्रमिक विकास के परंपरा जीवित रहल बा। एह विधन के अलावा अन्य गद्य-पद्य भी भोजपुरी साहित्य में अस्तित्व में आइल नजर आवता, जवना में प्रमुख ह *अंतर्वार्ता* आ ओकरा बाद के अन्य गद्य-रूप हउवे दैनिकी, चिट्ठीपत्र, संवाद, वादविवाद, संपादकीय आदि।

६.४.११.१ अंतर्वार्ता

नेपालीय भोजपुरी साहित्य के आधुनिक काल में विशेष ककेे वि. २०५० के दशक में भोजपुरी समाज में बौद्धिक अंतर्क्रिया भइला के परिप्रेक्ष्य में साहित्यिक पत्र-पत्रिकन में वैचारिक विनिमय खातिर ई गद्यरूप *अंतर्वार्ता* लोकप्रिय होखे लागल रहे। *गमक* (सं. गोपाल अश्क) के वर्ष ३, अंक ४, माघ-चैत्र में *अश्क के सवाल पांडेय आशुतोष के जवाब* शीर्षक में अंतर्वार्ता प्रकाशित भइल नजर आवता। एहीतरे *गमक* वर्ष ८, अंक १/२, पूर्णाङ्क १४, माघ वि. २०५८-आसार २०५९ में *गीतः भाव अनुसार के शब्द, संगीत आ स्वर के संगम* शीर्षक के अंतर्वार्ता प्रकाशित बा। ए में रेडिओ नेपाल के तत्कालीन संगीत संयोजन अधिकृत राजु अग्रवाल के साथ कइल गइल बतकही प्रकाशित भइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

६.४.११.२ पत्र लेखन

नेपालीय भोजपुरी साहित्य में कुछ दैनिकी, कुछ चिट्ठी, कुछ संवाद आदि के रचना सब भी प्रकाशित भइल नजर आवत बाड़े स। एकरा साथे-साथ विभिन्न पत्र-पत्रिकन में लिखल गइल संपादकीयन में भी भोजपुरी के गद्य रूप नजर आवत बा। एह क्रम में गमक (सं. गोपाल अश्क) वर्ष ३, अंक ३, सावन-आश्विन वि. २०५२ में प्रकाशित भोला प्रसाद आग्नेय आ पांडेय कपिल के प्रकाशित पत्रन के नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में पत्र साहित्य लेखन परंपरा के सुरुआत के रूप में मानल जा सकता। एहीतरे एही पत्रिका के वर्ष ३, अंक ४, माघ-चैत्र, वि. २०५२ में प्रकाशित कश्यप जी के चिठी *ई का हो रहल बा* के पत्र-साहित्य के विकास के प्रस्थान-बिन्दु मानल जा सकता।

६.४.१२ भोजपुरी साहित्यकार के सम्मान

एह चरण में नेपालीय भोजपुरी भाषासेवी आ साहित्यकार लोग के सरकारी आ गैरसरकारी संघ-संस्थन के द्वारा पुरस्कृत तथा सम्मानित करे के परंपरा के सुरुआत भइल नजर आवता। एहिजा एह चरण में भोजपुरी साहित्यकारन के दिहल गइल पुरस्कार आ सम्मान के बारे में छोट चर्चा कइल गइल बाः—

६.४.१२.१ लीलाधर मिश्र स्मृति पुरस्कार

ई पुरस्कार नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान से प्रदान कइल जाएवाला पुरस्कार ह। एह प्रतिष्ठान के अध्यक्ष डॉ. वंशीधर मिश्र आपन दिवंगत भाई लीलाधर मिश्र के इआद में ई पुरस्कार स्थापित कइले बाड़ें। लीलाधर मिश्र स्मृति पुरस्कार से वि. २०५२ में विजयप्रकाश बीन, २०५३ में मुकुंद आचार्य, २०५४ में गोपाल अश्क, २०५५ में डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा आ गोपाल ठाकुर (संयुक्त), २०५६ में दिनेश गुप्ता आ उपेंद्र सहनी (संयुक्त) आ २०५७ में रेणु गुप्ता पुरस्कृत आ सम्मानित हो चुकल बा लोग।

६.४.१२.२ राष्ट्रीय प्रतिभा पुरस्कार

नेपाल सरकार (तत्कालीन श्री ५ के सरकार), संस्कृति मन्त्रालय से सलाना प्रदान कइल जाएवाला राष्ट्रीय पुरस्कार के आपन पृथक महत्त्व रहल बा। ई पुरस्कार पवला के अर्थ सरकार के तरफ से स्वीकृति आ मूल्यांकन पावल ह। एह पुरस्कार से एह चरण में जम्मा दू जना भोजपुरी साहित्यकार लोग पुरस्कृत तथा सम्मानित भइल बाड़ें, पं. दीपनारायण मिश्र आ गोपाल अश्क। पं. मिश्र के ई पुरस्कार वि. २०५४ में आ गोपाल अश्क के वि. २०५५ में प्राप्त भइल।

६.४.१२.३ माया देवी प्रज्ञा पुरस्कार

नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान, काठमाड़ो द्वारा प्रदान कइल जाएवाला माया देवी प्रज्ञा पुरस्कार से भोजपुरी के एक मात्र साहित्यकार पं. दीपनारायण मिश्र पुरस्कृत आ सम्मानित भइल नजर आवत बाड़ें। ई पुरस्कार उनका वि. २०५४ में प्राप्त भइल

www.bhojpurisahityangan.com

रहे। एकरा अलावा पं. दीपनारायण मिश्र के नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के तरफ से हीरक जयंती के अवसर पर भोजपुरी संस्कृतिविद के रूप में पुरस्कृत तथा सम्मानित कइल गइल बा।

६.४.१२.४ अभिनंदन आ सम्मान

वि. २०५५ साल में राष्ट्रीय प्रतिभा पुरस्कार से पुरस्कृत आ सम्मानित भइला के बाद गोपाल अश्क के उनकर गृहनगर वीरगंज के वीरगंज उद्योग वाणिज्य संघ आ वीरगंज नगरपालिका का साथे नारायणी वाङ्मय प्रतिष्ठान द्वारा विशेष रूप में अभिनंदन आ सम्मान कइल गइल रहे।

६.४.१३ सरकारी संचार माध्यम में भोजपुरी

२०४६ साल के संयुक्त जनांदोलन से पंचायती सर्वसत्तावाद के अवसान के बाद देश में संवैधानिक राजतंत्रात्मक प्रजातंत्र पुनः बहाल भइल। एकरा लगले नेपाल अधिराज्य के संविधान, २०४७ (वि.) लागू भइल। एह संविधान में नेपाली के राष्ट्रभाषा आ नेपाल में बोलल जाएवाला बाँकी भषन के राष्ट्रीय भाषा के दर्जा मिलल। निश्चित रूप से भोजपुरी के संघ-संस्थन के प्रयास के साथ साथ राष्ट्रीय भाषा नीति सुझाव आयोग के सिफारिस, २०५० (वि.) के मद्देनजर २०५१ भादो १ गते से विधिवत रूप में रेडिओ नेपाल से भोजपुरी में दैनिक ५ मिनट के समाचार प्रसारण होखे लागल। एह में पहिलका समाचार वाचन के काम राकेश सिंह कइले रहलन त उनका सहित एह पहिलका दौर में आउर दू जने ढुनराज शर्मा आ इमोजन दीपक समाचार वाचक लोग नियुक्त भइल रहे।

एकरा तीन बरीस के बाद वि. २०५४ के आषाढ़ ६ गते शुक के दिन से साप्ताहिक रूप में १५ मिनट के रेडिओ कार्यक्रम भी सुरु भइल। एकर पहिलका कार्यक्रम संचालक के श्रेय हासिल भइल डॉ. गोपाल ठाकुर के आ एह पहिलका भोजपुरी कार्यक्रम के नाँव रहल *संगम*।

एही क्रम में नेपाल टेलिभिजन से भी क्रमशः फूलबारी कार्यक्रम का साथे यदाकदा टेली सिरिअल के प्रसारण होखे लागल।

६.४.१४ एह चरण के फुटकर कवि तथा रचनाकार

नेपालीय भोजपुरी साहित्य के आधुनिक काल के चउथका चरण (वि. २०४६–२०६३) में कुछ अइसन कवि आ साहित्यकार लोग नजर अइलें जेकर कवनो साहित्यिक कृति प्रकाशित ना भइलो पर ओह लोग के द्वारा लिखल आ प्रकाशित फुटकर कविता, कथा, गीत, गजल, हाइकु, एकांकी, लेख, निबंध आदि रचनन से नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विकास में उल्लेखनीय योगदान मिलल। अइसन फुटकर कवि एवम साहित्यकार लोग में प्रमुख बा लोग, भाग्यनाथप्रसाद गुप्ता (*पर्सा के भाई* कविता), मुकुंद आचार्य (*मारीं गोबर में लात* कविता), विनोद तिमिल्सिना

www.bhojpurisahityangan.com

(*पेट भरी से करऽ काम* कविता), मथुरामान सिंह श्रेष्ठ (*गवनवा* कविता), कपिलदेव तिवारी 'मधुप' (*मरल आदमी कहेला* कविता), अच्छेलाल प्रसाद (*कविता*), ईश्वर शर्मा रिमाल (*हम नेते कहवाईं* कविता), मोहनलालप्रसाद चौधरी (*महंगी के मार से दशैं दबाईल* कविता), मुकेशकुमार गुप्ता (*इहाँ सब ठीक बा* कविता), राजाराम प्रसाद कुम्हाल (*आज के भ्रष्ट पंच* कविता), रामचंद्र बरनवाल (*दुःख के मत बिसरइह* कविता), धर्मेंद्र भट्टराई (*धर्म, राजनीति, राजनीतिज्ञ* कविता), इन्द्रदेव चौबे (*परदेशी बालम* कविता), गजल झा (*नारी चित्र* कविता), पूजा (*हाइकु*), नीतिका जायसवाल (*पढ़ाई* कविता), शोषित हरिनारायण मिश्र (*मनई* कविता), सतीशचंद्र झा सजल (*प्रेम-पुष्प* कविता), दिलेर सागर नौतनी (*गीत*), आशाराम आत्मा (*गाँवघर* आत्मकथा), सुनिताकुमारी गुप्ता (*हमार सपना*), मनिका विश्वास (*रहलो ना जाय* कविता), नागेंद्र वियोगी (*औरत के रूप*), राकेश सिंह (*शहर के भीड़* कविता), रामस्वरूप सिन्हा (*नेपाल के शैक्षिक प्रणाली में भोजपुरी* लेख), ढुनराज शर्मा (*रेडिओ नेपाल से भोजपुरी समाचार* रिपोर्ताज), बतहु यादव (*सपना में महादेव जी* कथा), कालीकान्त झा तृषित (*कविता*), गङ्गा विष्णु सल्याणी (*घर-घर के कहानी* कथा), डॉ. ध्रुवचंद्र गौतम (गीत), पृथ्वी विद्या (कविता), बच्चन प्रसाद (कविता), वीरेंद्रप्रसाद कानू (कहानी), भाई राजा बिष्ट (कविता), राजेन्द्रप्रसाद बरनवाल (लेख), रामनिवास यादव (कविता, नाटक), रामेश्वर मेहता (कविता, लेख), रामसुन्दर श्रेष्ठ (कविता), लछुमनप्रसाद मदेशिया (लेख), वेदप्रकाश त्रिपाठी (कविता), शिवलाल साह (गीत), शिवशङ्करप्रसाद रौनियार (कथा), शोभाकान्त झा (कविता), सफीक मिया अंसारी (कविता), चंद्रकिशोर झा (कविता आ कथा), सोहन थापा (कविता), हृदयानंद आवारा (कविता) आ राजेश पांडेय (कविता) आदि।

एहतरे नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विकास खातिर साहित्यिक पत्रिका *गमक* (त्रैमासिक, सं. गोपाल अश्क) के प्रकाशन, नेपाल भोजपुरी साहित्य कला परिषद, नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान जइसन साहित्यिक संस्थन के गठन आ ओह संस्थन के द्वारा कइल गइल ऐतिहासिक साहित्यिक कार्यक्रम में बृहद भोजपुरी कविगोष्ठी, नेपाल-भारत भोजपुरी साहित्य सम्मेलन, *बहुरिया* के मंचन के साथे-साथ ऐतिहासिक विशेषांक के रूप में भोजपुरी सम्मेलन पत्रिका के नेपालीय भोजपुरी विशेषांक, नवपल्लव के बालसाहित्य विशेषांक आ सयपत्री के १४ वाँ अंक *भोजपुरी कथा अंक* के प्रकाशन आदि एह चरण के महत्त्वपूर्ण उपलब्धि हउए स। एह चरण में पद्य आ गद्य विधा के बहुते कृति प्रकाशित भइल नजर आवत बाड़े स, जवन एह बात के साबित कर रहल बाड़े स कि अब नेपालीय भोजपुरी साहित्य के डेङ बढ़त जाई, रुकी ना। एह चरण के साहित्यिक उपलब्धिअन के रूप में गोपाल अश्क के प्रथम प्रकाशित महाकाव्य *धँधोर* आ प्रथम प्रकाशित गजल-संग्रह *अभी बाकी बा,* डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा के

www.bhojpurisahityangan.com

प्रथम प्रकाशित गद्य कविता *वसन्त इहाँ आ ना सकल*, पं. दीपनारायण मिश्र के लमहर कविता *ए घरी के घरनी, असली नेता हम कहाईं* आ *ससुरार के मनला में कवनो हर्ज नइखे* नजर आवत बाड़े स। एकरा साथे-साथ खंडकाव्य, गीत-संग्रह आ कविता-संग्रह आदि काव्यकृतिअन समेत प्रकाशित भइल बाड़े स, जवन नेपालीय भोजपुरी साहित्य के जीवंतता के प्रमाण हउए। एहीतरे गद्य का ओर उपन्यासन में नागेंद्र प्रसाद कानू के *पपिहरा* (वि. २०४७), गोपाल अश्क के नेपालीय भोजपुरी साहित्य में प्रथम प्रकाशित कथा-संग्रह *नइहर के चुनरी* (वि. २०५३), आ उपन्यास *फूलवा* (वि. २०५५) नामक कृतिअन के प्रकाशन भइल नजर आवता। एकरा साथ-साथ एही चरण में मुकुंद आचार्य के *भोजपुरी उखान-टुक्का* (वि. २०५३) आ *भोजपुरी गद्य साहित्य* (वि. २०५३), डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा के शोध-प्रबंध *नेपाल का भोजपुरी साहित्य* आ गोपाल ठाकुर के शोधपत्र *भोजपुरी के समाजभाषावैज्ञानिक अध्ययन* (वि. २०६२) ई बता रहल बा कि एह चरण में भोजपुरी अन्वेषण, समीक्षा आ शोध के विषय बनल। एहीतरे उपेंद्र सहनी के भोजपुरिए विषय के औपचारिक अध्ययन आ भोजपुरिए के प्राध्यापन से भोजपुरी रोजीगार के भाषा भी बनल सुरु हो गइल साबित करता।

एहतरे एह चरण में नेपालीय भोजपुरी साहित्यिक विधा के विकास भइला के साथे-साथ उल्लेख्य संख्या में पद्य-कृतिअन के प्रकाशन तथा नया-नया साहित्यिक विधन के विकास आ तत्सम्बन्धित कृतिअन के प्रकाशन के साथ साथ भोजपुरी भाषा पर सुरु भइल शोध-अन्वेषण के आधार पर ई चरण काफी महत्त्वपूर्ण प्रमाणित भइल बा।

६.४.१५ संगीत-नाट्य में भोजपुरी

६.४.१५.१ पप्पु कुमार मिश्र (वि. २०३४)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, छिपहरमाई गाँवपालिका, वार्ड नं. २, चरगाहाँ निवासी मिश्र के जन्म २०३४ बइसाख १ गते भइल बा। ऊ एकजने कुशल भोजपुरी गायक बाड़न। उनकर वादयंत्र हार्मोनिअम ह।

६.४.१५.२ योगेश चौबे (वि. २०३४)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, ईशनाथ नगरपालिका, वार्ड नं. ३, औरइआ निवासी पिता गोविंददेव चौबे आ माता धर्मशिला देवी के सुपुत्र के रूप में योगेशजी के जन्म २०३४ साल कात्तिक १२ गते भइल बा। उनकर गायन आराधना आ भजन-कीर्तन के क्षेत्र में देखल जाला। वाद्ययंत्रन में ऊ हार्मोनिअम, बैंजो, तबला, नाल-ढोलक बजावेलन।

६.४.१५.३ धीरेंद्र ठाकुर (वि. २०३४)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, वीरगंज महानगरपालिका वार्ड नं. ३० निवासी धीरेंद्र ठाकुर के जन्म २०३४ पुस ७ गते भइल बा। ऊ एकजने कुशल बैंजो वादक बाड़ें।

www.bhojpurisahityangan.com

६.४.१५.४ अजमत अली अंसारी (वि. २०३५)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, वीरगंज महानगरपालिका, वार्ड नं. १२, मुर्ली निवासी पिता एकराम अंसारी आ माता साजहा खातून के सुपुत्र अजमत अली के जन्म २०३५ कात्तिक १० गते भइल बा। औपचारिक शिक्षा के क्षेत्र में एस ई ई (माध्यमिक शिक्षा परीक्षा) उतीर्ण कके संगीत में सिनिअर डिप्लोमा कइले बानी। संगीत नाटच क्षेत्र में भोजपुरी संगीत, गायन आ अभिनय से जुड़ल बानी। एकरा साथे साथे उहाँका एकजने ललितकला कर्मी भी बानी जेकर चर्चा उचित स्थान पर भइल बा। उनकर *साइकिल सवारी* बोल के गीत बहुते चर्चित रहल बा।

६.४.१५.५ जलंधर यादव (वि. २०३७)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, बहुदरमाई नगरपालिका, वार्ड नं. ३ निवासी जलंधरजी के जन्म २०३७ चइत १० गते भइल बा। ऊ एकजने कुशल नाल वादक हईं।

६.४.१५.६ प्रसिद्ध नारायण गिरी (वि. २०३७)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, माधवनारायण नगरपालिका, वार्ड नं. ६, माधोपुर निवासी प्रसिद्धजी के जन्म वि. २०३७ साल में भइल जानकारी मिलल बा। महिना आ गते ज्ञात नइखे हो पावल। उनकर संगीत-नाटच के क्षेत्र में उनकर सोहरत गायन आ अभिनय में रहल पावल जाला।

६.४.१५.७ जीतेंद्र पटेल (वि. २०३८)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, वीरगंज महानगरपालिका, वार्ड नं. २६, अठराहाँ निवासी जीतेंद्रजी के जन्म २०३८ सावन ११ गते भइल बा। ऊ एक जने चर्चित भोजपुरी गायक हईं।

६.४.१५.८ प्रमोद यादव (वि. २०३९)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, बहुदरमाई नगरपालिका, वार्ड नं. १, विश्रामपुर निवासी प्रमोदजी के जन्म २०३९ कुआर ३० गते भइल बा। ऊ एकजने कुशल भोजपुरी गायक आ बेंजो वादक हईं।

६.४.१५.९ विनोद महतो कम्कर (वि. २०४०)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, छिपहरमाई गाँवपालिका, वार्ड नं. ४, बंजारी निवासी विनोद महतो के जन्म २०४० बइसाख ५ गते भइल बा। ऊ एकजने कुशल नाल (ढोलक) वादक हउएँ। समकालीन भोजपुरी संगीत-गायन में उनकर नाल वादन के लोकप्रियता बढ़ोत्तरी पर बा।

६.४.१५.१० हरिकेश यादव (वि. २०४३)

लुंबिनी प्रदेश, रूपंदेही जिला, कोटहीमाई-६, बोगड़ी निवासी हरिकेशजी के जन्म २०४३ आषाढ़ ६ गते भइल बा। ऊ भोजपुरी भाषा संरक्षण-संवर्धन में गायन के जरिए लागल बाड़ें। ऊ वि. २०७९ में **प्रदेश रत्न पदक 'द्वितीय'** से सम्मानित बाड़ें।

www.bhojpurisahityangan.com

६.४.१५.११ मनोज यादव (वि. २०४४)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, माधवनारायण नगरपालिका वार्ड नं. २ के बसीना मनोज यादव के जन्म वि. २०४४ में भइल जानकारी मिलल बा। महिना आ गते अज्ञात बा। ऊ भोजपुरी संगीत-नाट्य के क्षेत्र में गायन आ लेखन से योगदान देत आइल बाड़न।

६.४.१५.१२ सिताबी सहनी (वि. २०४५)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, माधवनारायण नगरपालिका, वार्ड नं. ५, मिठुआवा कटहरिआ निवासी सिताबीजी के जन्म वि. २०४५ में भइल जानकारी मिलल बा। महिना आ गते अज्ञात बा। भोजपुरी संगीत-नाट्य के क्षेत्र में ऊ गायन आ वाद्यवादन के जरिए योगदान दे रहल बाड़ें।

६.४.१५.१३ गोपाल शर्मा (वि. २०४६)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, वीरगंज महानगरपालिका, वार्ड नं. १० निवासी गोपाल शर्मा के जन्म २०४६ चइत २२ गते भइल बा। ऊ एकजने कुशल की-बोर्ड वादक का साथे भोजपुरी गायक हउअन।

६.४.१५.१४ संगीता चौधरी (वि. २०४६)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, गुजरा माई नगरपालिका, वार्ड नं. ९, सिमरा भवानीपुर निवासी संगीता चौधरी के जन्म वि. २०४६ साल में भइल जानकारी मिलल बा। महिना आ गते अज्ञात बा। ऊ बाल्यकाल से गायन में प्रख्यात बाड़ी।

६.४.१५.१५ सरोज कुमार शर्राफ (वि. २०४९)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, वीरगंज महानगरपालिका, वार्ड नं. २२, अठराहाँ सुगौली निवासी शर्राफ के जन्म २०४९ कात्तिक १७ गते भइल बा। ऊ एकजने कुशल नाल (ढोलक) वादक हउएँ।

६.४.१५.१६ रंजीत पांडेय (वि. २०५०)

रंजीतजी के जन्म मधेश प्रदेश, बारा जिला, प्रसौनी गाँवपालिका, वार्ड नं. ४, खुँटवा जबदी में २०५० माघ महीना के सरस्वती पूजा के दिन माता किशोरी देवी पांडेय आ पिता प्रेमचंद्र पांडेय के जेठ सुपुत्र के रूप में भइल भइल। रंजीत जी बचपन से ही संस्कार, सादगी आ सांस्कृतिक वातावरण से घेराइल रहलें। अनुवंशिक समृद्ध संगीतिक परंपरा इनके जिनगी के सुरुआत से ही दिशा देखावत रहे। फलतः इनकर विद्यालयीय जीवनकाल में हर तरह के सांस्कृतिक कार्यक्रम आ प्रतियोगिता आयोजन में हमेशा सबसे आगे रहस।

इनका संगीत के जीवन में सबसे महत्त्वपूर्ण आधार इनके पिता प्रेमचंद्र पांडेय रहलें, जे खुद एगो दक्ष पेसेवर तबला आ नाल वादक बानी। प्राथमिक शिक्षा गाँव के श्री नेपाल राष्ट्रीय माध्यमिक विद्यालय में भइल। शास्त्रीय संगीत में गहिर अध्ययन

www.bhojpurisahityangan.com

खातिर रंजीतजी इलाहाबाद के प्रतिष्ठित प्रयाग संगीत समिति में प्रवेश लिहनी। उहाँ से इनका शास्त्रीय संगीत में प्रभाकर (बी. म्यूज.) के डिग्री प्राप्त भइल। ओकरा बाद बीरगंज लौटके संगीत सेवा के दिशा में महत्वपूर्ण कदम बढ़वलें। विगत आठ वर्ष से इहां रिदम म्यूजिक एकेडमी संचालन कर रहल बानी, जहाँ सैकड़ों युवा–युवती लोग संगीत के विद्या ग्रहण करत बाड़ें। गुरु के रूप में इनकी पहचान अनुशासित, समर्पित आ भावपूर्ण बा। भारतीय मंचन पर इनका २००८ ई. में बगहा में आयोजित विश्व भोजपुरी सम्मेलन में उत्कृष्ट गायक सम्मान मिलल त २०२३ में गाजीपुर में भइल अंतरराष्ट्रीय साहित्य सेमिनार में बेस्ट सिंगर परफॉर्मर अवार्ड से सम्मानित भइलें।

रंजीतजी जनसांस्कृतिक महासंघ, नेपाल के केंद्रीय सदस्य बानी।

६.४.१६ सिनेमा में भोजपुरी

एह चरण तक भोजपुरिआ समाज मूलभूत रूप में भारतीय भोजपुरी सिनेमा पर आश्रित रहे। खासकके २०४६ साल के राजनीतिक परिवर्तन का बाद नेपाल टेलिभिजन से छठे-छमाहे एका-दूका टेलिशृंखला के प्रसारण होत रहे। ओइसन टेलिशृंखलन में *जानकी* आ *कइसे भइल* बहुत लोकप्रिय भइल रहे। एके बेर २०६२ साल में श्री कुमारी माई मुभिज द्वारा निर्मित *दिदी तेरा देवर दिवाना* एगो फीचर फिल्म के रूप में चलचित्र विकास बोर्ड, सरस्वतीनगर, काठमाड़ो में दर्ता भइल लउकेला। बाँकिर एकर सेंसर २०६३ में समापन भइला से एह चरण में एकरो प्रदर्शन ना भइला से एह चरण में नेपालीय भोजपुरी सिनेमा सुरुआत मानल उचित नइखे।

६.४.१७ ललितकला में भोजपुरी

ललितकला के क्षेत्र में भोजपुरी के पहुँच का बारे में एह से पहिल्को अध्याय में चर्चा भइल बा। दुःख के बात बा कि नेपाल में एह चरण तक ललितकला पेसेवर ना होखे सकल। बाँकिर ग्रामीण जनजीवन में एकर निरंतरता जारी रहल, भले कलाकार लोग गुमनामे रहल। बाँकिर अपना रोजी-रोटी का तलाश में नौकरी करते-करते एह चरण में राम प्रसाद साह एगो सफल चित्रकार का रूप में आगा आइल बानीः

६.४.१७.१ राम प्रसाद साह (१९४९ ई.)

मधेश प्रदेश, बारा जिला, कलैया उपमहानगरपालिका, वार्ड नं. १४, भौंरा निवासी पिता सरयुग साह आ माता बिसुनमतिआ देवी के सुपुत्र का रूप में राम प्रसादजी के जन्म १३ जनवरी १९४९ के दिन भइल बा। उहाँका स्नातक तक के शिक्षा प्राप्त कके वि. २०२२ साल में वीरगंज चिनी कारखाना लि. में नक्सानवीश के रूप में नौकरी सुरू कइनी। नक्सा बनावल अपनेआप में एगो चित्रकारी ह। २८ बरीस नौकरी का बाद सेवानिवृत्त भइला पर उनकर चित्रकारी लोग के सामने आवे लागल। सब से पहिले ललितकला के वर्गीकरण सहित एकरा बारे में उनकर उद्‌गार कुछ अइसन बाः

www.bhojpurisahityangan.com

भोजपुरी संस्कृति में ललित कला के रूप सब ढेर बा। जीवन-बसर आ कृषि कार्य में लोग व्यस्तो रहेला। एही कार्य में समय-समय पर अभिव्यक्त विचार ,कार्यरूप आ सुरक्षा सदिच्छा के तहत कुछ बनावत चलेला ,सिङारत चलेला जेके ललितकला कहल जाला। ए में चित्र ,मूर्ति ,गायन ,बाजा-गाजा भी आवेला।

(क) किसान आ ललितकला

फसल के सुरक्षा खातिर खेत में बाँस आ कर्ची के आदमी सरूप में खड़ा कइल जाला। ए में आदमी के सोझ मुड़ी बनाके ओमें आँख ,कान ,नाक ,मुँह बनावल जाला बाँस गाड़के। ओकरा के पुराने जामा पेन्नावल जाला। कोई कोई त एतना बढ़िआँ आदमी के सिरखान बनावेला जे बुझाला खेत के रखवार खड़ा बा। फसल जिआन करेवाला चिरई-चुरुङ आ पशु देखके हरक जाला आ फसल बँच जाला। भोजपुरी में एकर नाँव पुतला ह। नेपाली में बुख्याँचा कहल जाला।

(ख) जोताई के सरूप

कबो कबो खेत के जोताई में गोलाई ,दीर्घवृत (इलिप्स) आदि बनावत कोन आ गोलाई के सहारे समुचित जोताई होला। हरवाही एगो कलाकारी ह ,सब से ना होए। हर के सिराउर ना छुटे आ खेत तइआरी हो जाए। ई कला किसान लोग का पले होला।

(ग) पारिवारिक किसकारी

घरेलु बिनाई रंगीन धागा ,सुई आ कुरुस से होला। छठ के दउरा तोपके छठघाट जाए खातिर सुती-ऊनी धागा से बिनल जाला आ फूलगेना बनाके लटकावल जाला ,पूजा के थाली तोपेवाला छोट किसिम के बनावल जाला जौन देखत बनेला। बेटी-बहिन के खोइँछा देवेवाला थैलीनुमा सामान जे में फूल काढ़ल जाला। ई सब महिला कलाकार लोग गाँवघर में बनावेली स।

(घ) फूल कढ़ाई

नया-नोचर बहुरिआ लोग ,बिआह के तइआरी में रहल बेटी लोग सिऱानी , रुमाल ,पर्दा ,कपड़ा पर बनावले ली आ आपन कलाकारी के लोहा मनवावेली। ई सब सजावट के सामान दोकानदार लोग ,व्यापारी लोग छीन रहल बा। हस्तकला मर रहल बा।

(ङ) काष्ठकारी

ठेकुआ ठोकेवाला अरघउती लोहार आ बढ़ई लोग काठ के बनावेलन। ओ में विभिन्न फूल ,सुरुज ,चान के सरुप खोदल रहेला। ठेकुआ खाएवाला ओकर छाप निरेख लेवेला तब खाला। सुंदर ,मधुर सुस्वाद ठेकुआ सभे के आनंदित करेला।

(च) हस्तकला

डलिआ ,मउनी ,मौना ,मुजेला सब गृहिणी लोग अनेक सरूप के नकासा काढ़त बिनेली। ओकरा खातिर कच्चा पदार्थ एतही मिल जाला। सिक्की ,मुज ,खोजके

www.bhojpurisahityangan.com

लेआके रङेके पड़ेला ,गरम पानी में रङ डालके। ई कला आ हस्तकला के स्कोप बा , एके उत्साहित करेके चाहीं।

(छ) मड़वा निर्माण

हर परिवार में बेटी ,पोती ,नातिन बाड़ी स। लइकी के बिआह में मड़वा बनावे के विधि-व्यवहार बा। ओकर निर्माण सुन्नर तरिका से होला ,एकर बिध होला। चाँदनी लागेला ,फूल लटकावल जाला। एकरा साथ साथ रङ-विरङ के कागज के झालर आ फूल काटके साट-लटकावे के रिवाज बा।

(ज) मूर्तिकला

हमरा बलग में दोसर कलाकार मूर्तिकार बाड़न बिन्देशरी ठाकुर हजाम। ई मूर्तिकला प्रसिद्ध बाड़न। दुर्गापूजा ,गणेशपूजा ,विश्वकर्मा पूजा ,छठपूजा में गाँवागाईं मूर्ति बनावेलन। ३० बरीस से मूर्ति बनावेलन। सखुआट) बारा (खुटवा प्रसौनी ,बेनौली में सिमेंट के मूर्ति बनवले बाड़न। ई इलिम कहाँ से सिखलऽ पुछला पर विद्यालय में पढ़त खुनी माटी के बनाईं छोट-मोट मूर्ति ओही से करत करत देवी-देवता के मूर्ति बनावे लगनी। हमर आम्दनी के स्रोत अभी इहे बा।

(झ) भोजपुरी संस्कृति के नाच/बाजा

दुलदुल घोड़ा ,पँवरिआ ,खोजिन ,झिंझिआ ,हुर्का ,डँफ ,छीपासिर्की ,ढोल , मृदङ ,मजीरा ,झिलिम ,टिम्की ,ताजा ,डंका ,सिड़ा ,सारङी ,खँजुड़ी ,कठझाली , बाँसुरी ,खुरदक, सहनाई बजावल त एगो संगीत कला ह बाँकिर ओकनी के निर्माण निश्चित रूप से काठ, धातु आ चमड़ा के समिश्रण सहित के मिश्रित ललितकला के भीतर पड़ी।

राम प्रसादजी के चित्रकारी त नौकरी अवधि में रहले रहे बाँकिर ओकर सार्वजनिक प्रदर्शन सेवा निवृत्त भइला का बाद लोग के सामने आइल। विभिन्न महोत्सव के अवसर पर आपन चित्रकला त प्रदर्शन करबे करेलन, एह अध्याय में एगो स्रष्टा-द्रष्टा का रूप में जे लेखन कइलन ओकर पुस्तक प्रकाशन में आवरण पृष्ठ खुदे बनवले बाड़न। एकरा अलाव दर्जनो लेखक-साहित्यकार लोग के पुस्तक के आवरण पृष्ठ बड़ा बारिकी से बनावेलन।

६.५ पाँचवा चरण (वि. २०६३ तदनुसार २००६ ई. से अभी तक)

नेपाल में राजनीतिक अस्थिरता, आर्थिक संकट, भ्रष्टाचार, विदेश पलायन आ दलगत स्वार्थ आ फुट आदि विकृति कबो कमजोर ना भइल। वि. २०४६ के बाद राजनीति में कुछ खुलापन नजर अइला के बावजूद देश के आर्थिक अवस्था उत्तरोत्तर संकटग्रस्त होत गइल आ सामाजिक-सांस्कृतिक क्षेत्र में भी कवनो खास परिवर्तन ना होखे सकल। एक ओर संसदीय वृत्त के अंदर सरकार बने आ गिरे के संस्कार जन्म लेलस त दोसर ओर सारा मुल्क ही आहत हो गइल। वि. २०५२ से प्रारंभ भइल

www.bhojpurisahityangan.com

माओवादी जनयुद्ध के दबावे के बहाना में जनहत्या आ राज्य आतंक सीमा लाङ़ गइल, एह कटु यथार्थ के भूलल ना जा सके (पौडेल, २०७०, पृ. २७)। वि. २०५८ आ २०६० के वार्ता प्रकरण होत २०६२ में भइल सात दल आ माओवादी के बीच के समझदारी आ ऐतिहासिक जनविद्रोह के बाद मुल्क में वि. २०६३ बइसाख ११ गते बहाल भइल लोकतंत्र में २३८ बरीस के राजशाही निलंबित भइल। बाँकिर नेपाल के अंतरिम संविधान, जे २०६३ माघ १ गते लागू भइल, में संघीयता ना अँटे सकल। फलतः २०६३ माघ २ गते मधेश आंदोलन सुरु हो गइल। ई आंदोलन मधेशी आ पहाड़ी के बीच एगो पृथक मनोविज्ञान जन्मवलस। मधेशिअन के पहचान आ अस्मीता खातिर भइल ई आंदोलन के सकारात्मक पक्ष चाहे जे होखे, बाँकिर पहाड़ी मूल के तराई मधेश में रहेवाला नेपालिअन में मधेशिअन का प्रति उपजल द्वेष, घृणा आ भेदभाव आदि भी कम ना रहल। बाँकिर नेपाली राजनीति में माओवादी जनयुद्ध आ मधेश आंदोलन एगो नया मोड़ लेअइलस। सत्ताधारी शासक वर्ग के सोच में तनिके सही, बाँकिर परिवर्तन जरूर आइल। माओवादी जनयुद्ध में लागल मधेशी मूल के नेता, कार्यकर्ता आदि डटके मुकाबला करे के आ जान तक लुटावे के कला सीख गइल रहलें। माओवादी जनसंघर्ष आ मधेश आंदोलन के क्रम में आम नेपाली जनता अकल्पनीय, असहनीय दुःख, पीड़ा आ संत्रास भोगले रहे आ कइअन सपूत आपन प्राण के आहुति देके सहादतो वरण कइलें। ई आ एह तरह के अनेक समस्या साहित्य सृजना के विषयवस्तु बनल।

एह चरण में नेपालीय भोजपुरी साहित्य में पद्य आ गद्य विधा के अनेक कृतिअन के सृजना आ प्रकाशन भइल। एह साहित्यिक कृतिअन में माओवादी जनयुद्ध में राज्य आ माओवादी दूनू का ओर से मारल गइल नेपाली संतान के घर-परिवार में उत्पन्न भइल विभिन्न प्रकार के समस्या, मधेश आंदोलन में मारल गइल भा मधेश छोड़े पर बाध्य भइल पहाड़ी मूल के नेपाली जनता के पीड़ा, मधेशी के नेपाली नागरिक ना मानके भारतीय नागरिक के रूप में व्यंग्यात्मक संबोधन कइल आ ओकर रङ-रूप, पहनावा, भाषा आ संस्कृति के आधार पर भेदभाव करेवाला राज्य आ कुछ अइसन मानसिकता भइल नेपाली नागरिकन के विरोध में गूंजित मधेशी स्वर आ क्रिया के प्रतिक्रिया स्वरूप भइल कुछ विद्रोह आदि के जीवंत चित्रण पावल जाला।

एकरा साथ साथ राजतंत्र निलंबन, संविधान सभा के गठन, संविधान निर्माण आ घोषणा आ ओकरा बाद से अब तक के परिवेश में भोजपुरी पर अनुसंधानात्मक, अन्वेषणात्मक, भाषावैज्ञानिक आ व्याकरणिक काम सब भी आगा बढ़ल।

एहिजा एह चरण में प्रकाशित भोजपुरी साहित्यिक रचना/कृतिअन का साथे भोजपुरी पर भइल अनुसंधानात्मक, अन्वेषणात्मक, भाषावैज्ञानिक आ व्याकरणिक काम सब के बारे में संक्षिप्त चर्चा प्रस्तुत कइल गइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

६.५.१ पद्य विधा

एह चरण में पद्य विधन के कृति प्रकाशन के निरंतरता उल्लेख्य रूप में जारी रहल। एह अंतर्गत कविता, गीत, खंडकाव्य, महाकाव्य, गजल, मुक्तक, हाइकु, विरहा आ शोककाव्य आदि के कृति प्रमुख बाड़े स। एह चरण में ब्रम्हदेव राय यादव (वि. १९९०-२०६७) के *बिंदिया सितारा* (कविता-संग्रह, वि. २०६३), राम प्रसाद साह (सन १९४९) के *खेत ओरिया* (गजल-संग्रह, वि. २०६३), गोपाल अश्क के *बेकहल जिन्दगी* (बहरबद्ध गजल-संग्रह, वि. २०६४) आ *शंखनाद* (महाकाव्य, वि. २०६८), दिनेश गुप्ता के *आन्हर के शहर में* (मुक्तक-संग्रह, वि. २०७१) आ *हिरोशिमा* (हाइकु-संग्रह, वि. २०७१), राम प्रसाद साह के *रसगर वसन्त जवान* (बिरहा-शतक, वि. २०७३), दिनेश गुप्ता के *सुतल अब ठीक नइखे* (गजल-संग्रह, वि. २०७३), अरुणविक्रम शाह के *राह के पतंग* (कविता-संग्रह, वि. २०७३), जगदीश प्रसाद *पंकज* (वि. २०१२) के *छितराईल घुँघुरू* (कविता-संग्रह, वि. २०७३), उपेन्द्र साहनी (वि. २०२९) के *जहर भइल जिनगी* (खंडकाव्य, वि. २०७४), जङबहादुर यादव (वि. २००१) के *संघतिया* (शोक-काव्य, वि. २०७५), बिकाउ गिरी 'विनीत' (वि. १९९९) के *आर्यावर्त महान* (काव्य, वि. २०७५), शिवनंदन जयसवाल (वि. २०४१) के *भिन्सहरा* (भोजपुरी काव्य-संग्रह, वि. २०७६), पूजा बहार (सन १९८६) के *फूलवा के नेहिया* (काव्य-संग्रह, सन २०२१), सुरेन्द्र प्रसाद गिरी (वि. २०१७) के *सोन किरिनिया* (कविता-संग्रह, वि. २०७८), डॉ. गोपाल ठाकुर (वि. २०१८) के *जनता के गीत गावत रहेम* (जनगीत-संग्रह, वि. २०७८), बिकाउ गिरी 'विनीत' के *छिटाइल फूल* (कविता-संग्रह, वि. २०७८), दिनेश गुप्ता (वि. २०२२) के *सेमर के फूल* (मुक्तक-संग्रह, वि. २०७८) प्रिया मिश्रा (वि. २०५७) के *नारी अस्तित्व-बोध* (कविता-संग्रह, वि. २०७८), राम प्रसाद साह के *ए हीरामन सुगा* (कविता-संग्रह, वि. २०७८), छोटेलाल प्रसाद साह के *साह के राह* (कविता-संग्रह, वि. २०८१), शिव संदेश के *बेचैन संदेश* (गजल-संग्रह, वि. २०८१) आ सुभाष सौरभ के *लड़ाई जिनगी के* (कविता-संग्रह, वि. २०८१) आदि पद्यात्मक कृति प्रकाशित भइल नजर आवत बाड़े स। उपर्युक्त काव्य-ग्रंथन के एह चरण के उपलब्धि मानेके पड़ी।

६.५.२ गद्य विधा

एह चरण में भोजपुरी साहित्य के गद्य विधा अंतर्गत आख्यान, निबंध, नाटक जइसन मौलिक साहित्यिक प्रकाशन जारी रहल।

६.५.२.१ आख्यान

पद्य विधा के कृतिअन के साथे-साथ गद्य विधा के कृति जइसे कथा, लघुकथा आ उपन्यास आदि के प्रकाशन से ई चरण समृद्ध नजर आवता। एह चरण में लघुकथा के कृति प्रकाशित भइला से साहित्यिक विधा के विकास भइला के प्रमाण

www.bhojpurisahityangan.com

मिलता। एह चरण में दिनेश गुप्ता के *भोर कब होई* (लघुकथा-संग्रह, वि. २०६५), पं. दीपनारायण मिश्र के *करनी-भरनी* (कथा-संग्रह, वि. २०६६), वीणा सिन्हा (सन १९६५) के *नारी* (कथा-संग्रह, वि. २०६६), उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के *चुरइन* (कथा-संग्रह, वि. २०६८) आ *हमरा गाँव के लोग* (उपन्यास, वि. २०६९), दिनेश गुप्ता के *गाँव अब गाँव ना रहल* (कथा-संग्रह, वि. २०७०), छोटेलाल प्रसाद साह (वि. २०१४) के *रहस्य के गेंठरी* (उपन्यास, वि. २०७७), उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के *गदबेर* (उपन्यास, वि. २०७८), सुरेन्द्र प्रसाद गिरी के *कहाँ गइल ऊ दिन* (लघुकथा-संग्रह, वि. २०७८), सुभाष कुमार बैठा के *गाँव* (उपन्यास, वि. २०७९), डॉ. गोपाल ठाकुर के *रमरजवा अन्हेर* (रामायणी कथा-संग्रह, वि. २०८०) आ *लालपुर्जा* (कथा-संग्रह, वि. २०८१) जइसन आख्यानात्मक कृति प्रकाशित भइल नजर आवत बाड़े स।

६.५.२.२ लेख/निबंध

नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में अब तक दिनेश गुप्ता के *अन्हार में एक रात* (वि. २०७१) आ डॉ. गोपाल ठाकुर के *उत्पीड़ित मधेश आ भोजपुरी* (शोधात्मक आलेखमाला, वि. २०७९) प्रकाशित बाड़ऽ स। ए के एह चरण के उपलब्धि मानल जा सकता।

६.५.२.३ नाटक

एह चरण में एगो एकांकी कृति प्रकाशित नजर आवत बा, जवना के शीर्षक ह *आस्था के देवी गढ़ीमाई*। ई राम प्रसाद साह द्वारा लिखल आ वि. २०६६ में प्रकाशित भइल एकांकी ह।

६.५.२.४ अन्य विधा

नेपालीय भोजपुरी साहित्य में मुख्य रूप से चार विधा कविता, आख्यान (कथा, उपन्यास), निबंध आ नाटक के साथे-साथ शोध अनुसंधान, समालोचना, समीक्षा, अनुवाद, जीवनी, यात्रा साहित्य आदि के रचना तथा कृति उल्लेख्य रूप में प्रकाशित भइल बाड़े स। एहिजा भोजपुरी समालोचना, भोजपुरी अनुवाद, भोजपुरी यात्रा साहित्य आ भोजपुरी जीवनी साहित्य आदि के बारे में संक्षिप्त चर्चा कइल गइल बा।

(क) समालोचना

एह चरण में रामप्रसाद साह के गजल-संग्रह *खेत ओरिया* (वि. २०६३) में पृथ्वीराज पाण्डे *भोजपुरी गजल परंपरा में खेत ओरिया के सांगीतिक प्रस्तावना* शीर्षक में लमहर भूमिका लिखले बाड़ें। गोपाल अश्क के बहरबद्ध गजल-संग्रह *बेकहल जिन्दगी* (वि. २०६४) में प्रा. डॉ. हरीन्द्र हिमकर आ डॉ. घनश्याम न्यौपाने 'परिश्रमी' क्रमशः *स्मृति-दंश पर बतियात गजल* आ *बहरै बहरको नदी बेकहल जिन्दगी* (नेपाली में) शीर्षक से समालोचनात्मक भूमिका लिखले बा लोग। गोपाल अश्क के महाकाव्य शंखनाद (वि. २०६८) में डॉ. गोपाल ठाकुर आ कुमार सच्चिदानंद सिंह क्रमशः *शंखनादः मधेश आंदोलन के जीवन्त दस्तावेज* आ *जीवन्त संग्राम की काव्ययात्रा*

www.bhojpurisahityangan.com

(हिंदी) शीर्षक से भूमिका लिखले बाड़ें। दिनेश गुप्ता के मुक्तक-सङ्ग्रह *आन्हर के शहर में* (वि. २०७१) में डॉ. गोपाल ठाकुर *आन्हर के शहर में दिनेश गुप्ता* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़ें। इनकरे हाइकु-संग्रह *हिरोशिमा* (वि. २०७३) में डॉ. रामदयाल राकेश आ डॉ. गोपाल ठाकुर क्रमशः *पूर्वकथन* (हिंदी में) आ *हाइकु के हिलोर* (भोजपुरी में) शीर्षक में भूमिका लिखले बा लोग। रामप्रसाद साह के बिरहा शतक *रसगर वसन्त जवान* (वि. २०७३) में डॉ. श्वेता दीप्ति *लोपोन्मुख बिरहा विधा के संरक्षण* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़ी त डॉ. गोपाल ठाकुर *बसंत जब रसगर आ जवान बा* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़ें। दिनेश गुप्ता के *सुतल अब ठीक नइखे* (गजल-संग्रह, वि. २०७३) में गोपाल अश्क *दिनेश गुप्ताजी के गजलन के भावलोक* शीर्षक में लमहर भूमिका लिखले बाड़ें। जगदीश प्रसाद पंकज के कविता-संग्रह *छितराईल घुँघरू* (वि. २०७३) में सुनील कुमार *भूमिका* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़ें।

एकरा साथे-साथ नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में प्रकाशित रहल आख्यान, निबंध आ एकांकी कृतिअन में भी समालोचनात्मक भूमिका समावेश बाड़े स। एहीतरे दिनेश गुप्ता के लघुकथा-संग्रह *भोर कब होई* (वि. २०६६) में डॉ. ध्रुवचंद्र गौतम आ गोपाल अश्क क्रमशः *लघुकथाकार के रूप में दिनेश गुप्ता* आ *भूमिका* शीर्षक में भूमिका लिखले बा लोग। वीणा सिन्हा के कथा-संग्रह *नारी* (वि. २०६६) में डॉ. ध्रुवचंद्र गौतम *भूमिका* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़ें त उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के कथा-संग्रह *चुरइन* (वि. २०६८) में धर्मेंद्र भट्टराई आ पं. दीपनारायण मिश्र क्रमशः *शुभेच्छा* आ *आशीर्वचन* शीर्षक में भूमिका लिखले बा लोग। दधीचि के ही उपन्यास *हमरा गाँव के लोग* (वि. २०६९) में डॉ. ध्रुवचंद्र गौतम आ निर्मोही व्यास क्रमशः *शुभकामना के दु शब्द* आ *हमरा गाँव के लोग हमरा नजर में* शीर्षक में भूमिका लिखले बा लोग। रामभरोस कापड़ि 'भ्रमर' के उपन्यास *घरमुहाँ* (उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' द्वारा भोजपुरी अनुवाद, वि. २०६९) में डॉ. गोपाल ठाकुर *हमर घरमुहाँ अनुभूति* शीर्षक में समीक्षात्मक भूमिका लिखले बाड़ें। दिनेश गुप्ता के कथा-संग्रह *गाँव अब गाँव ना रहल* (वि. २०७०) में गोपाल अश्क *दिनेशजी के आख्यान* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़ें आ इनकरे निबंध संग्रह *अन्हार में एक रात* (वि. २०७१) में डॉ. गोपाल ठाकुर *अन्हार में एक रात में दिनेशजी* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़ें। एहीतरे छोटेलाल प्रसाद साह के उपन्यास *रहस्य के गेंठरी* (वि. २०७७) में गोपाल अश्क *शुभकामना* शीर्षक में भूमिका लिखले बाड़ें। एहतरे ई ज्ञात होता कि नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में समालोचना के विकास निजी कृतिअन में विभिन्न विद्वान लोग के द्वारा लिखल गइल समालोचनात्मक भूमिकन के माध्यम से भइल बा।

भउचप्रसाद यादव के संपादकत्व आ नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के प्रकाशकत्व में प्रकाशित *महुआ* (भोजपुरी पत्रिका) के वर्ष १, अंक १, २०७० में अरुणा पटेल द्वारा

www.bhojpurisahityangan.com

लिखित *भोजपुरी के प्रत्ययः एक अध्ययन*, उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' द्वारा लिखित *भोजपुरी लोकसाहित्य*, प्रा. डॉ. केशव प्रसाद उपाध्याय द्वारा लिखित *द्विवेदी जी के कथाकारिता*, गोपाल ठाकुर द्वारा लिखित *भोजपुरी अर्थविज्ञानः प्रसंग आ संज्ञान*, रामप्रसाद साह द्वारा लिखित *भोजपुरी में कहाउत* शीर्षक के समालोचनात्मक आलेख संगृहीत बाड़े स। *महुआ* (वार्षिक पत्रिका) के वर्ष २, अंक २, २०७२ में भउचप्रसाद यादव द्वारा लिखित *नेपाल में भोजपुरी भाषा के वर्तमान अवस्था* शीर्षक के समालोचनात्मक आलेख प्रकाशित बाटे आ *मधुपर्क* (सं. श्रीओम श्रेष्ठ) के वर्ष ४८, अंक २, पूर्णांक ५५३, असार वि. २०७२ में डॉ. गोपाल ठाकुर द्वारा लिखित *भोजपुरी भाषाको स्वरूप र सम्भाव्यता*, गोपाल अश्क द्वारा लिखित *भोजपुरी साहित्यको अध्ययन र विश्लेषण*, उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' द्वारा लिखित *भोजपुरी संस्कृतिः सङ्क्षिप्त अध्ययन*, डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा द्वारा लिखित *नेपालीय भोजपुरीमा समालोचना*, पृथ्वीराज पांडेय द्वारा लिखित *भोजपुरी भाषाको उत्पत्ति र विकास*, कुमार सच्चिदानंद सिंह द्वारा लिखित *नेपालीय नाटचपरंपरामा भोजपुरी नाटक*, सुमित्रादेवी पाण्डे द्वारा लिखित *भोजपुरी लोकगीतमा वर्षा मङ्गलगान*, प्रा. डॉ. कपिलदेव लामिछाने द्वारा लिखित *रुपन्देहीमा प्रचलित भोजपुरी गाउँखाने कथा*, ऋषभदेव ठाकुर द्वारा लिखित *भोजपुरी संस्कृति र परंपरा*, डॉ. संजीता वर्मा द्वारा लिखित *भोजपुरी अनुवाद साहित्यको वर्तमान स्थिति* आ मुकुंद आचार्य द्वारा लिखित *भोजपुरी उखानको बखान* शीर्षक के समालोचनात्मक आलेख सब नेपाली भाषा में प्रकाशित बाड़े स त प्रा. डॉ. केशवप्रसाद उपाध्याय द्वारा लिखित *हमरा गाँव के लोग* (उमाशंकर द्विवेदी दधीचि) के समीक्षा *हमरा गाँव के लोग* आ डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा द्वारा दिनेश गुप्ता के दू कृति *अन्हार में एक रात* (निबंध-संग्रह) आ *आन्हर के शहर में* (मुक्तक-संग्रह) के पुस्तक समीक्षा प्रकाशित भइल बाड़े स। एहीतरे श्रवण मुकारुङ आ पदम राई के संपादकत्व आ नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित *मातृभाषा साहित्यको इतिहास* (वि. २०७५) में गोपाल अश्क द्वारा लिखित *भोजपुरी साहित्य इतिहासको भूमिका* शीर्षक के समालोचनात्मक आलेख नेपाली भाषा में प्रकाशित बा। एकरा साथे-साथ नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित होखेवाला *प्रज्ञा* (विज्ञसमीक्षित जर्नल, सं. प्रा. डॉ. गोपीन्द्र पौडेल) के अंक १, पूर्णांक ११७, वि. २०७५ माघ-२०७६ असार में गोपाल अश्क द्वारा लिखित *भोजपुरी लेखनमा वर्णविन्याससंबंधी एकरूपता* (नेपाली भाषा में), नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित होखेवाला पत्रिका *समकालीन साहित्य* (त्रैमासिक, सं. माया ठकुरी) के वि. २०७६ अगहन-माघ, पूर्णांक ९० में गोपाल अश्क द्वारा लिखित *भोजपुरी साहित्यमा हास्यव्यङ्ग्य* शीर्षक के समालोचनात्मक लेख नेपाली भाषा में प्रकाशित भइल बा। नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित भोजपुरी भाषा के वार्षिक पत्रिका *महुआ* अंक ४, वि. २०८१ में प्रकाशित

www.bhojpurisahityangan.com

डॉ. गोपाल ठाकुर के *नेपाल में भाषा संघीय लोकतान्त्रिक गणतं तक*, डॉ. रामस्वरूप सिन्हा के *लोकतान्त्रिक नेपाल में बहुभाषिक शिक्षा*, गोपाल अश्क के *समकालीन भोजपुरी कविता में लोकतान्त्रिक/गणतान्त्रिक चेतना*, रितेश त्रिपाठी के *गणतंत्र आ वित्तीय स्रोत में नागरिक के पहुँच के सवाल*, मुकुन्द आचार्य के *गणतंत्र गोबरमेंट*, प्रमोद पांडेय हेरम्ब के *गणतंत्र के अर्थ*, सुभाष कुमार बैठा के *गणतंत्र आ मधेश*, पवन कुमार सुशील के *व्यवस्था बदलल पात्र सब उहे*, विजय कुमार साह के *लोकतंत्र, जनतंत्र आ गणतंत्र*, प्रिया मिश्र 'मन्नु' के *वर्तमान संविधान आ उन्नत एवं उदार शासन प्रणाली के परिकल्पना*, राकेश कुमार यादव के *गणतंत्र*, डॉ. संतोष पटेल के *गणतंत्र के इतिहास एवं संक्षिप्त परिचय* आ अंकुश्री के *नेपाली गणतंत्र के नमन* शीर्षक पर प्रकाशित लेख/निबंध समालोचनात्मक श्रेणी के हअउन स। एहीतरे नेपाल संगीत आ नाटच प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के प्राज्ञिक पत्रिका *रंग-राग* में डॉ. गोपाल ठाकुर के *भोजपुरी जनगीत-सङ्गीत र त्यसको सार्थकता* भोजपुरी में रचल विभिन्न रचनाकारन के जनगीतन पर समालोचनात्मक निबंध ह। एह प्रकार ई ज्ञात होता कि नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में समालोचना लेखन के परंपरा सुदृढ हो रहल बा।

(ख) साहित्यान्वेषण

साहित्य के विभिन्न विधा पर भइल काम के समीक्षात्मक अन्वेषण सहित समालोचनात्मक मूल्यांकन संबंधी कृतिअन के प्रकाशन भी एह चरण में महत्वपूर्ण रहल बा। एह क्रम में डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा के *भोजपुरी गजलको विश्लेषणात्मक अध्ययन* (वि. २०७५), शिवनंदन जयसवाल के *भोजपुरी भाषा आ संस्कृति* (वि. २०७७), गोपाल अश्क आ डॉ. विश्वम्भरकुमार शर्मा के सहलेखन में लिखल *भाषा र भोजपुरी भाषा* (वि. २०७७), विजयकिशोर पांडेय (वि. २०२६) के *ऐतिहासिक सिम्रौनगढ़ के इतिहास* (वि. २०७७), गोपाल अश्क के *आधुनिक भोजपुरी समालोचना* (वि. २०७८) आ डॉ. गोपाल ठाकुर के *उत्पीड़ित मधेश आ भोजपुरी* (वि. २०७९) शीर्षक के समालोचनात्मक कृति प्रकाशित भइल बाड़े स, जवन नेपालीय भोजपुरी साहित्य के उपलब्धि साबित भइल बाड़े स।

६.५.३ अनुवाद में भोजपुरी

अनुवाद का बारे में सैद्धांतिक आ अर्थगत पक्ष के उपर दर्सावल जा चुकल बा। एतहों आन भाषा के भोजपुरी में आ भोजपुरी से आन भाषा में कके दू भाग में अनुवाद के चर्चा कइल गइल बा।

६.५.३.१ आन भाषा से भोजपुरी में

एह से पहिले दर्सावल जा चुकल बा, मूलतः नेपाली आ हिंदी से भोजपुरी के अनुवाद सुरु भइल देखल जाला। बाँकिर एह काल में स्थिति बदल चुकल बा। नेपाली आ हिंदी के अलावा आउर भषन से भोजपुरी में आ भोजपुरी से आउर भषन में अनुवाद कार्य एह कालखंड में आगा बढ़ल लउकेला।

www.bhojpurisahityangan.com

(क) नेपाली से भोजपुरी में

वि. २०६३ में नेपाली भाषा-साहित्य के आदिकवि भानुभक्त आचार्य के *रामायण* के *भोजपुरी रामायण* शीर्षक से अनूदित कृति प्रकाशित नजर आवता आ एकर अनुवादक मुकुंद आचार्य आ प्रकाशक ओमप्रकाश जयसवाल नजर आवताड़ें। वि. २०६४ में नेपाली उपन्यासकार भरत जंगम के उपन्यास *कालो सूर्य* के डॉ. गंगा प्रसाद अकेला *करिआ सुरुज* नाम से भोजपुरी में अनुवाद कइले बाड़ें। एकर भाषा संपादक गोपाल ठाकुर बाड़ें आ प्रकाशक मधेश नागरिक समाज रहल हउए। संविधान सभा से संविधान निर्माण के सहजीकरण खातिर संयुक्त राष्ट्र संघीय विकास कार्यक्रम नेपाल संवैधानिक संवाद केंद्र के स्थापना कइले रहे। ई केंद्र संविधान के विविध पक्ष पर पहिले नेपाली में १० गो शृंखला के पुस्तिकामाला तइआर कइले रहे जेकर भोजपुरी अनुवाद डॉ. गोपाल ठाकुर *आदिवासी जनजाति के अधिकार, संघीय प्रणाली, संविधान में मानव अधिकार, स्वतंत्र न्यायपालिका, नया संविधान में अल्पसंख्यक के अधिकार, सहभागितामूलक संविधान निर्माण प्रक्रिया, संविधान में विविधता आ सामाजिक समावेशीकरण के पहचान, सरकार के स्वरूप, राज्य आ धर्म* आ *स्थानीय स्वायत्त शासन* शीर्षकन से कइले रहनी जे संयुक्त राष्ट्र संघीय विकास कार्यक्रम वि. २०६६-०६७ के दौरान प्रकाशित कइले रहे। एहीतरे नेपाली के चर्चित कथाकार सनत रेग्मी के कथा-संग्रह *लछमनियाको गौना* के गोपाल अश्क *लछमनिया के गौना* नाम से भोजपुरी में अनुवाद कइले बाड़ें आ ई अनूदित भोजपुरी कथा-संग्रह नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित भइल बा। वि. २०७० में नेपाली के प्रसिद्ध कथाकार आ उपन्यासकार विश्वेश्वर प्रसाद कोइराला के उपन्यास *मोदियाइन* के डॉ. श्वेता दीप्ति *मोदिआइन* शीर्षक से भोजपुरी में अनुवाद कइले बाड़ी। ई अनूदित उपन्यास नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित भइल नजर आवता। राष्ट्रीय मानव अधिकार आयोग के पुस्तिका *मानव अधिकार संबंधी जान्नैपर्ने कुराहरू* के डॉ. गोपाल ठाकुर वि. २०७१ में *मानव अधिकार संबंधी जानहीवाला कुछ बात* शीर्षक से भोजपुरी में अनुवाद कइलें जे वि. २०७२ में राष्ट्रीय मानव अधिकार आयोग प्रकाशित कइले बा। वि. २०७४ में वसन्त चौधरी के कविता-संग्रह *वसन्त* के डॉ. गोपाल ठाकुर भोजपुरी में *वसंत* नाम से अनुवाद कइले बाड़ें आ एह अनूदित कविता-संग्रह के प्रकाशन करे के काम संग्रीला बुक्स कइले बा। नेपाली साहित्य में आख्यानपुरुष के नाम से परिचित डॉ. ध्रुवचंद्र गौतम के सूत्र उपन्यास *फूलको आतङ्क* के दिनेश गुप्ता *फूल के आतंक* शीर्षक से भोजपुरी में अनुवाद कइले बाड़ें आ ई अनूदित उपन्यास के प्रकाशन करे के कार्य नेपाल भोजपुरी समाज, वीरगंज कइले बा। एहीतरे २०७७ में उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' नेपाली कथाकार गुरुप्रसाद मैनाली, भवानी भिक्षु, रमेश विकल, गोविन्द गोठाले आ तारिणी प्रसाद के चार-चार गो कथन के भोजपुरी में

www.bhojpurisahityangan.com

अनुवाद कइले बाड़े आ एह अनूदित कथा-संग्रह *कुछ नेपाली कहानी भोजपुरी में* के नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान प्रकाशित कइले बा।

(ख) संस्कृत आ हिंदी से भोजपुरी में

नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में एकाध गो संस्कृत आ हिंदी भाषा में लिखल गइल आ चर्चित साहित्यिक कृतिअन के भोजपुरी में अनुवाद भइल नजर आवत बा। वि. २०६७ में मुकुंद आचार्य संस्कृत ग्रन्थ *श्रीमद्भगवद्गीता* के एही नाम से भोजपुरी में अनुवाद कइले बाड़ें। एकरा साथे-साथ अनुवादक आचार्य हिंदी के वरिष्ठ आ चर्चित कवि हरिवंश राय बच्चन के कालजयी कृति *मधुशाला* के एही नाम से भोजपुरी में अनुवाद कइले बाड़ें। ई दूनू अनूदित कृतिअन के प्रकाशक ओमप्रकाश जयसवाल हउएँ।

(ग) मैथिली से भोजपुरी में

वि. २०६९ में मैथिली उपन्यासकार रामभरोस कापड़ि 'भ्रमर' के उपन्यास *घरमुहाँ* के उमाशंकर द्विवेदी दधीचि ओही नाम से भोजपुरी में अनुवाद कइले बाड़ें आ एकर प्रकाशन जनकपुर ललितकला प्रतिष्ठान, जनकपुर कइले बा।

(घ) अङरेजी से भोजपुरी में

अङरेजी में रहल कृति के भोजपुरी में अब तक दूगो अनुवाद सामग्री प्राप्त बा। पहिलका ह युनेस्को बैंकक से सन २००७ में निकलल Advocacy kit for promoting multilingual education: Including the excluded के सन २०१० में डॉ. गोपाल ठाकुर द्वारा भोजपुरी में *बहुभाषी शिक्षा विस्तार खातिर तरफदारी सामग्रीः स्कूल से बाहर रहल लोग के समावेशीकरण* शीर्षक पर कइल अनुकूलित अनुवाद। ई अनुवाद प्रॉ. डॉ. योगेन्द्र प्रसाद यादव के संयोजन में कइल गइल त युनेस्को कार्यालय, काठमांडू द्वारा प्रकाशित भइल बा। एही तरे दोसरको अनुवाद सामग्री डॉ. गोपाल ठाकुर संयुक्त राष्ट संघ द्वारा सन १९४८ में भइल Universal Declaration of Human Rights के अङरेजी से भोजपुरी में *मानव अधिकार के सार्वभौम घोषणा* शीर्षक पर सन २०१८ में अनुवाद कइले बाड़ें।

६.५.३.२ भोजपुरी से आन भषन में अनुवाद

कुछ भोजपुरी साहित्यिक कृति तथा रचनन के नेपाली, अङरेजी, मैथिली आ हिंदी में अनुवाद भइला के प्रमाण मिलत बा। एहिजा एकरा बारे में अति संक्षिप्त चर्चा कइल गइल बाः

(क) भोजपुरी से नेपाली में

नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान द्वारा विश्व मातृभाषा दिवस पर आयोजित कवि सम्मेलन में वाचित भइल भोजपुरी कवितन के नेपाली अनुवाद सहित प्रकाशित करे के काम होत आइल बा। एह क्रम में मातृभाषा दिवस २०१८-२०१९ (वि. २०७६) में धर्मेश

www.bhojpurisahityangan.com

जयसवाल के भोजपुरी कविता *चल देश बनाव* के *जाऊँ देश बनाऊँ* शीर्षक से, मातृभाषा के कविता (वि. २०७७) में अनिता साह के *जिनगी* के *जिन्दगी* आ अजमत अली अंसारी के भोजपुरी कविता *साइकिल सवारी* के *साइकल सवारी* के नाम से आ मातृभाषा के कविता (वि. २०७८) में चंदन कुमार साह के भोजपुरी कविता *जनता के खराब हाल भईल हो* के *जनताको खराब हाल* के शीर्षक से, पंचराम मौर्य के भोजपुरी कविता लोकतंत्र भयभीत बा' के *लोकतन्त्र भयभीत छ* के शीर्षक से आ मौसमी कुशवाहा के भोजपुरी कविता *मधेस हमार* के *मधेस हाम्रो* शीर्षक से नेपाली अनुवाद प्रकाशित बाटे। भउचप्रसाद यादव भोजपुरी के प्रथम आंचलिक उपन्यासकार रामप्रसाद राय थारू द्वारा लिखित भोजपुरी उपन्यास *थरूहट के बउआ और बहुरिया* के नेपाली भाषा में *थरूहटको छोरा र बुहारी* शीर्षक से अनुवाद कइले बाड़ें आ एकर प्रकाशन नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से वि. २०७६ में भइल बा। एहीतरे गोपाल अश्क भोजपुरी के १४ कथाकारन के एक-एक गो कथा चयन कके जमा चौदह कथन के नेपाली भाषा में अनुवाद कइले बाड़ें आ ई अनूदित कथा-संग्रह नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से *प्रज्ञा भोजपुरी कथा* (वि. २०७६) शीर्षक से प्रकाशित भइल नजर आवत बा।

(ख) भोजपुरी से हिंदी में

भोजपुरी के अनेक कथा, कविता तथा नाटच रचनन के हिंदी अनुवाद आ ओकर *रूपान्तरण* (नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित होखे वाला अनुवाद पत्रिका) में प्रकाशित भइल बाड़े स, जवना में शिवशंकर प्रसाद रौनियार के भोजपुरी कथा *दू गज जमीन के नीचे* के *दो गज जमीन के नीचे*, दिनेश गुप्ता के *गाँव अब गाँव ना रहल* के *गाँव अब गाँव नहीं रहा*, गोपाल अश्क के *बीच के जिन्दगी* के *बीच की जिन्दगी* आदि नजर आवत बाड़े स।

(ग) भोजपुरी से अङरेजी में

भोजपुरी भाषा में लिखल गइल कुछ कविता आ कथा सब के अङरेजी भाषा में अनुवाद करे के काम भइल नजर आवता। दामोदर शर्मा गोपाल अश्क के भोजपुरी कथा *खोइँछा* के अङरेजी अनुवाद कइले बाड़ें आ ई कथा नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित Mosaic (वि. २०७०, संपादक बलराम अधिकारी) में Khoinchha शीर्षक से संगृहीत बा। ओहीतरे नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित Shades of Colours (अनुवादक केशव सिग्देल, वि. २०७७) नामक अङरेजी कविता-संग्रह में गोपाल अश्क के भोजपुरी कविता *शहीद के विधवा* के अङरेजी अनुवाद Martyr's Widow, दिनेश गुप्ता के भोजपुरी कविता *आदमी के तकदीर* के Fate of Man, उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के भोजपुरी कविता *बाद के बात* के Things of Future, एगो धर्तीवासी के भोजपुरी कविता *अनमोल आत्मा* के Expensive Soul आ सुरेन्द्र प्रसाद गुप्ता के भोजपुरी कविता *नदी आदमी लेखा ना होले* के Rivers are Not Like Men

www.bhojpurisahityangan.com

शीर्षक से अनूदित होके प्रकाशित एवम संगृहीत बाड़े स। एकरा अलावा राम प्रसाद साह के *रसगर वसंत जवान* बिरहा शतक के प्रमोद पांडेय हेरम्ब Piquant Vasant शीर्षक अङरेजी में अनुवाद कइले बाड़ें।

(घ) भोजपुरी से मैथिली में

विनीत ठाकुर द्वारा गोपाल अश्क के भोजपुरी कथा *नइहर के चुनरी* के मैथिली भाषा में कइल गइल अनुवाद *नैहरक चुनरी* शीर्षक से आङ्गन (ने.प्र.प्र) में प्रकाशित नजर आवत बा। एहतरे ई ज्ञात होता कि नेपालीय भोजपुरी साहित्य में अनुवाद साहित्य के सुदृढ़ परंपरा रहल बा आ एकर भंडारो समृद्ध बा।

(च) भोजपुरी से आन भाषा में समानांतर अनुवाद

औपचारिक उच्च अध्ययन के क्रम में भोजपुरी लोक कथा सहित के आउर प्रचलित विधन के सामग्रिअन के संकलन आ निर्माण का साथे आन भाषा में समानांतर अनुवाद सहित के कृति रचल गइल बाड़ऽ सन। एह क्रम में त्रिभुवन विश्वविद्यालय से भाषाविज्ञान में स्नातकोत्तर के उपाधि प्राप्त करे के क्रम में डॉ. गोपाल ठाकुर ९वाँ पत्र में सत्रपत्र लेखन करत बेरा एगो उत्तर साक्षरता पुस्तिका तइआर कइलें जे में पाँचगो भोजपुरी कथा के संकलन समानांतर नेपाली अनुवाद सहित सामिल बा। ओह लोककथन में *बागड़ परिवार, आँजुर बहिन, सोनकेसी रानी, बेटा* आ *सेकसामी* शीर्षक के लोककथा सामिल बाड़े स। एहीतरे त्रिभुवन विश्वविद्यालय से भाषाविज्ञान में A Grammar of Bhojpuri शीर्षक पर विद्यावारिधि करत बेरा ओकर सहायक संदर्भ सामग्री के रूप में डॉ. ठाकुर *जीवंत भोजपुरी मजबून* के संकलन कइलें। एह में *समसामयिक मुद्दन पर अंतर्वार्ता* (सुनील पटेल से डॉ. ठाकुर), *कृषि* (रेडिओ मनोवाद, डॉ. ठाकुर), *भोजपुरी का बारे में अंतर्वार्ता* (डॉ. ठाकुर से ढुनराज शर्मा), *साहित्यकार से अंतर्वार्ता* (पं. दीपनारायण मिश्र से डॉ. ठाकुर), *खुसराह बुढ़िया* (लोककथा), *आपन परिवेश* (भोजपुरी के समकालीन प्रयोग), *रक्षाबंधन* (रेडिओ मनोवाद, डॉ. ठाकुर), *चालाकी* (लोककथा), *भोजपुरी वर्ण के व्यतिरेक आ स्थानिक वितरण* (भोजपुरी वर्णविज्ञान), *बागड़ परिवार* (लोककथा), *दू रोटी कि तीन?* (लोककथा), *दू पड़ोसिअन के बीच संवाद* (अंतर्संवाद) आ *प्रक्रियागत गतिविधिअन के साथ विविध संदर्भ* (विविध) संगृहित बाड़े स आ एकनी के देवनागरी के साथ साथ अंतर्राष्ट्रीय ध्वनि वर्णमाला में रूपांतरण के सहित अङरेजी अनुवाद के रूप में क्रमशः A conversation on contemporary issues, A monologue on agriculture, A radio interview on Bhojpuri, An interview with litterateur, The wicked old woman, Our surroundings, Raxabandhan, Cunningness, Minimal pairs and positional distribution of the Bhojpuri phonemes, A family of deaf and dumb, Two chapatis or three?, Conversation between two villagers आ Miscellaneous

www.bhojpurisahityangan.com

contexts with some procedural activities शीर्षकन के साथ बाड़े स। ई सामग्री सब सन २०२२ में पुस्तकाकार में Bhojpuri (Analysed Corpus) *जीवंत भोजपुरी मजबून* शीर्षक पर जर्मनी के लिंकम युरोपा से प्रकाशित बा।

६.५.४ भोजपुरी जीवनी-साहित्य

नेपालीय भोजपुरी के एह ऐतिहासिक चरण में जीवनी-साहित्य आउर आगा बढ़ल लउकेला। वि. २०७६ साल में प्रकाशित *महुआ* (कार्यकारी सं. भउच प्रसाद यादव) अंक ३ में बतहु यादव द्वारा लिखित *अनगढ़ हीराः भिखारी ठाकुर* शीर्षक में जीवनी प्रकाशित भइल नजर आवता। एहीतरे वि. २०७७ आ २०७८ में निर्माण भइल भोजपुरी के कक्षा ६ से ८ तक के पाठ्यपुस्तकन आ कक्षा ९-१० के परिमार्जित पाठ्यपुस्तकन में विभिन्न जीवनी संगृहीत कइल बाड़े स। कक्षा ६ में गोपाल अश्क द्वारा लिखित *पं दीपनारायण मिश्र*, गोपाल ठाकुर द्वारा लिखित *झन्कार भाई* आ आनंद अस्तित्व द्वारा लिखित *समता के पहरुआ बाबा रामजनम तिवारी* शीर्षक में तीन गो जीवनी संकलित बाड़े स आ कक्षा ७ में गोपाल अश्क द्वारा लिखित *संगीतकार रामप्रसाद राय थारू*, *थॉमस एडिसन* आ आनंद अस्तित्व द्वारा लिखित *सन्त कवि भिनक राम* शीर्षक के जीवनी बाड़े स। ओहीतरे कक्षा ८ में अजय कुमार चौरसिया द्वारा लिखित *विजयप्रकाश बीन*, राम प्रसाद साह द्वारा लिखित *शहीद मुखलाल महतो*, गोपाल अश्क द्वारा लिखित *साहित्यकार पांडेय कपिल* आ *महात्मा गान्धी* शीर्षक जीवनी संकलित बाड़े स। एहीतरे कक्षा ९-१० के ऐच्छिक भोजपुरी के अद्यावधिकीकरण के समय में वि. २०७७ आ २०७८ में डॉ. गोपाल ठाकुर द्वारा *मैरी क्युरी* आ *जनकवि हरिहर यादव* जीवनी के रूप में समीटल गइल बा।

नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में एकाधगो जीवनी साहित्य के कृति प्रकाशित तथा प्रकाशन खातिर स्वीकृत भइला के अवस्था नजर आवता। एह क्रम में वि. २०६५ में विमला भट्ट द्वारा त्रिभुवन विश्वविद्यालय, मानविकी आ सामाजिकशास्त्र संकाय अंतर्गत वीरेन्द्र बहुमुखी क्याम्पस, नेपाली विभाग, भरतपुर, चितवन के स्नातकोत्तर तह, द्वितीय वर्ष के पाठ्यांश परिपूर्ति खातिर दसवाँ पत्र के प्रयोजनार्थ *साहित्यकार गोपाल अश्कको जीवनी, व्यक्तित्व र कृतित्वको अध्ययन* शीर्षक के शोधपत्र प्रस्तुत कइल गइल नजर आवता। २०७३ में उपेन्द्र सहनी 'निषाद' आ आनंद गुप्ता के सहलेखन तथा नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से प्रकाशित *भोजपुरी सन्तकवि भिनकरामका साहित्य र साधना* शीर्षक के जीवनी कृति नजर आवता। एहीतरे मधुपर्क (सं. श्रीओम श्रेष्ठ) वर्ष ४८, अंक २, पूर्णांक ५५३ में दिनेश गुप्ता द्वारा लिखित *वाणीका अधिनायक कबीर* आ भउच प्रसाद यादव द्वारा लिखित *भोजपुरी भाषाका सेक्सपियर भिखारी ठाकुर* शीर्षक के दू गो जीवनी प्रकाशित भइल बाड़े स। एहीतरे *भोजपुरी दर्शन* (सं. शिवनंदन जयसवाल) वर्ष १, अंक ३, वि. २०७७ आषाढ़-सावन-

www.bhojpurisahityangan.com

भादो में प्रदेश प्रमुख धर्मनाथ यादव के जीवनी प्रकाशित नजर आवता। नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के संस्कृति विभाग (प्रमुख राम भरोस कापडि भ्रमर) के आयोजन में उमाशंकर द्विवेदी दधीचि द्वारा *संस्कृतिविद पं. दीपनारायण मिश्र* शीर्षक के जीवन वृत्तान्त कृति लिखइला के सूचना बा। एहतरे ई कहल जा सकता कि नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में जीवनी लेखन के वि. २०५९ से प्रारंभ भइल परंपरा आज भी निरंतर जारी बा। अतः नेपालीय भोजपुरी जीवनी साहित्य के भविष्य उज्ज्वल बा, ए में कवनो शंका नइखे।

६.५.५ यात्रा वृत्तांत

नेपालीय भोजपुरी के आधुनिक ऐतिहासिक कालक्रम के चउथा चरण में सुरु भइल यात्रा वृत्तांत एह पाँचवा चरण में निरंतर आगा बढ़त रहल। भोजपुरी दर्शन (सं. शिवनंदन जयसवाल) के वर्ष १, अंक ३, वि. २०७७ असार-सावन-भादो, में विनोद कुमार बरई द्वारा लिखित *अन्ना हजारे स्वयं में एक पाठशाला* शीर्षक के यात्रा संस्मरण प्रकाशित बा। एहतरे ई ज्ञात होता कि नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में यात्रा साहित्य लेखन के परंपरा आपन प्रारम्भिक चरण में ही बा। बाँकिर एह यात्रा संस्मरणन के अध्ययनोपरान्त ई कहल जा सकता कि नेपालीय भोजपुरी यात्रा साहित्य के भविष्य उज्ज्वल बा।

६.५.६ अंतर्वार्ता

एही लेखा भोजपुरी दर्शन (सं. शिवनंदन जयसवाल) वर्ष १, अंक ४, आश्विन-मार्ग, वि. २०७७ में डॉ. वंशीधर मिश्र से कइल गइल अंतर्वार्ता *भोजपुरी भाषा के शिक्षा अपने बेटवा बिटिया के दिहले में गर्व करेके होई* शीर्षक से प्रकाशति नजर आवता त भोजपुरी दर्शन के वर्ष २, अंक ६, चैत्र २०७७ बैशाख-जेठ वि. २०७८ अंक में गाँवपालिका अध्यक्ष बच्चुलाल केवट के साथ कइल गइल अंतर्वार्ता *भाषिक पहिचान, प्रभावकारी शिक्षा आ बाल अधिकार सुनिश्तिता खातिर ही स्थानीय भाषा में पढ़ाई सुरु कइल गइल बा* आ शिक्षक महासंघ के अध्यक्ष हरिश्चंद्र कोंहार के साथे कइल गइल बातचीत के *मातृभाषा शिक्षा में लइकन मे संज्ञानात्मक आ बौद्धिक विकास होई* शीर्षक में प्रकाशित कइल गइल बाड़े स। एकरा सङे-सङे नेपालीय भोजपुरी भाषा आ साहित्य के बारे में नेपाली भाषा के पत्रपत्रिका में भी अंतर्वार्ता प्रकाशित कइले बाड़े स। एह क्रम में *मधुपर्क* (सं. श्रीओम श्रेष्ठ) के वर्ष ४८, अंक २, पूर्णांक ५५३, आसार वि. २०७२ में गोपाल ठाकुर द्वारा पं. दीपनारायण मिश्र के साथे कइल गइल बातचीत के *पर्सा जिल्लामा बोलिने भोजपुरी मानकीकरणमा अग्रणी छ* आ गोपाल अश्क के साथे कइल गइल बातचीत के *भोजपुरी भाषा-साहित्यका लागि महत्त्वपूर्ण कार्य* शीर्षक में दूगो अंतर्वार्ता संगृहीत नजर आवत बाड़े स। एहीतरे एही चरण के अनुवाद साहित्य के खंड में पंडित दीपनारायण मिश्र से गोपाल ठाकुर आ गोपाल ठाकुर से ढुनराज शर्मा के लेहल अंतर्वार्ता के चर्चा उपर हो चुकल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

६.५.७ विविध

नेपालीय भोजपुरी साहित्य में कुछ संवाद आ वादविवाद भी प्रकाशित नजर आवत बाड़े स। एह क्रम में *आत्मनिर्भर होखहीके पड़ी* शीर्षक के संवाद आ *दहेज से बढ़ियाँ शिक्षा* शीर्षक के वादविवाद, कक्षा ७ में *नेपाल के आन्तरिक पर्यटन* शीर्षक के संवाद आ *सहरी जीवन से अच्छा गँवही जीवन* शीर्षक के वादविवाद आ कक्षा ८ में *मातृभाषा में आधारभूत शिक्षा बेकार ना कारगर* शीर्षक के वादविवाद, कक्षा ९ में समाविष्ट कइल गइल ऋषभदेव ठाकुर के *गर्भपतन उचित कि अनुचित* शीर्षक के वादविवाद आ कक्षा १० में रहल *गाँव के विकास देश के विकास* शीर्षक के वक्तृत्वकला आ *लड़िका लेखा लड़की के भी शिक्षा देवे के चाहीं* शीर्षक के संवाद के प्रारम्भिक चरण के उपलब्धि मानल जा सकता। एहतरे ई मालूम होता कि नेपालीय भोजपुरी साहित्य में फुटकर रूप में अंतर्वार्ता, पत्र, दैनिकी, संवाद तथा वादविवाद के रचना सब प्रकाशित भइला के बावजूद कृतिगत रूप में अबहीं तक उपर्युक्त विधन में से कवनो विधा के कृति प्रकाशित नइखे भइल।

६.५.८ शोधकार्य, व्याकरण आ शब्दकोश

नेपालीय भोजपुरी साहित्य के आधुनिक काल के पाँचवा चरण में भी भोजपुरी भाषा, साहित्य आ संस्कृति विषय में विभिन्न शोध अनुसंधान कार्य संपन्न भइल बाड़े स। एहिजा एह प्राज्ञिक कार्य के बारे में अति संक्षिप्त चर्चा कइल जा रहल बाः—

६.५.८.१ शोधकार्य

शोधकार्य अपने-आप में दुरुह कार्य ह। परिश्रम, सावधानी आ धैर्य के परीक्षा के रूप में शोधकार्य के लेहल जाला। नेपालीय भोजपुरी का संदर्भ में शोधकार्य बेसी नइखे होखे सकल। बाँकिर जे भइल बा ऊ उम्दा जरुर मानल जा रहल बा। एह में निम्नानुसार के महानुभाव लोग के एह चरण में विशेष योगदान रहल बाः—

(क) पृथ्वीराज पांडे (वि. २०२४-२०७७)

नेपाल के धरती पर भोजपुरी भाषा का बारे में पृथ्वीराज पांडे के शोध पुस्तक *भोजपुरी भाषा के उत्पत्ति आ विकास* (वि. २०६६) प्रशंसनीय कहाई। भारत में डॉ. उदयनाराण तिवारी के एही विषय पर कइल शोधकार्य का बाद नेपाल में ई एह तरह के पहिलका शोधकार्य ह। एह में भोजपुरी भाषा के उत्पत्ति आ विकासक्रम के मूल रूप से चर्चा कइल गइल बा।

(ख) डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा

भोजपुरी लोकवार्ता के क्षेत्र में खास कके लोकगीत आ ओहू में संस्कार गीतन के अन्वेषण के रूप में डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा के *भोजपुरी संस्कार गीत* (वि. २०७२) उल्लेखनीय रहल बा। भाषा आयोग, शंखमूल, काठमाड़ो के परियोजना अंतर्गत डॉ. गोपाल ठाकुर के निर्देशन-परामर्श में डॉ. शर्मा द्वारा कइल गइल शोधकार्य

www.bhojpurisahityangan.com

भोजपुरी भाषाको इतिहास (वि. २०७६) आ गोपाल अश्क के निर्देशन-परामर्श में *भोजपुरी साहित्य* (लोककथा पाठ संकलन, वि. २०७६) प्रमुख बाड़े स। बाद में डॉ. ठाकुर के लेखन में परिमार्जित-प्रवर्धित भोजपुरी संस्करण के रूप में ई ग्रंथ अपने लोग के हाँथ में बा।

(ग) डॉ. गोपाल ठाकुर

अङरेजी साहित्य के प्राज्ञिक अध्ययन में स्नातकोत्तर तक के अध्ययन, अङरेजी शिक्षण के तालीम आ पेशा के साथ साथ रेडिओ नेपाल में वरिष्ठ संपादक तक होके हिंदी, भोजपुरी, अङरेजी आ नेपाली में समाचार संपादन, अनुवाद आ वाचन के भूमिका निर्वाह का साथ साहित्य सृजन आ गायन में लागल गोपाल ठाकुर वि. २०५९-०६१ में त्रिभुवन विश्वविद्यालय में भाषाविज्ञान में स्नातकोत्तर तह के विद्यार्थी रहनी। एह क्रम में में उनकर ध्यान भोजपुरी के भाषावैज्ञानिक अन्वेषण का ओर आकृष्ट भइल। सोन्न्ताग (१९७८) का बाद नेपालीय भोजपुरी के पूर्ण रूप से भाषावैज्ञानिक सर्वेक्षण *A Sociolinguistic Survey of Bhojpuri in Nepal* शीर्षक पर उनकर शोध-प्रबंध वि. २०६३ (२००६) में उनकर स्नातकोत्तर शोध-प्रबंध के रूप में आइल। एह में भोजपुरी के उद्गम आ अनुवांशिक संबंध का साथ साथ नेपाल में क्षेत्रीय आ जातीय वैशिष्टय के गहन चर्चा बा। साथे तब तक नेपाल में भोजपुरी के व्याकरण के कौनो पुस्तक ना अइला के कारण सुत्रवत रूप में भोजपुरी के व्याकरणिक कोटिअन के भी देखावे के कोसिस कइल गइल बा।

एही अध्ययन के क्रम में वि. २०६३ साल में गोपाल ठाकुर के एगो शत्रपत्र (Term Paper) बुझावे के रहे। एकरा खातिर उनकर विषय रहल उत्तर साक्षरता सामग्री निर्माण। एह उत्तर साक्षरता सामग्री का रूप में पाँचगो भोजपुरी लोक कथा के समानांतर नेपाली अनुवाद का साथ उनकर *भोजपुरी लोककथा (Bhojpuri Folk-tales)* नाम से शत्रपत्र स्वीकृत भइल। एकरा बारे में एही अध्याय में भोजपुरी अनुवाद साहित्य पर भइल चर्चा में एह कहानिअन के चर्चा हो चुकल बा।

एकरा बाद गोपाल ठाकुर नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान में कार्यात्मक-प्रकारात्मक ढाँचा के प्राथमिकता में राखत एगो शोधपत्र *भोजपुरी व्याकरण* वि. २०६८ में बुझवलें। बाँकिर ऊ प्रकाशित ना होखे सकल।

ई ऊ कालखंड ह जवना बेरा नेपाल के भाषिक सर्वेक्षण चलत रहे। बाँकिर डॉ. ठाकुर वि. २०६५ से २०६९ तक संविधान सभा/व्यवस्थापिका-संसद सदस्य रहनी। ई पहिलका संविधान सभा के वि. २०६९ में विघटन का बाद उहाँका नेपाल के भाषिक सर्वेक्षण में जुटनी। नेपाल सरकार, अर्थ मंत्रालय, राष्ट्रीय योजना आयोग आ भाषाविज्ञान गृष्म संस्थान (Summer Institute of Linguistics, SIL) के प्रायोजन में त्रिभुवन विश्वविद्यालय, भाषाविज्ञान केंद्रीय विभाग ई कार्य करत रहे। एह परियोजना

www.bhojpurisahityangan.com

के तत्कालीन निर्देशक प्रा. डॉ. दानराज रेग्मी के नेतृत्व में जारी एह सर्वेक्षण अभियान के दौरान डॉ. ठाकुर डॉ. अंबिका रेग्मी का सङे भोजपुरी के समाजभाषावैज्ञानिक सर्वेक्षण संपन्न कके वि. २०६९ (२०१२) में एकर प्रतिवेदन *A Sociolinguistic Survey of Bhojpuri* तइआर कके विभाग में बुझइनी।

त्रिभुवन विश्वविद्यालय से भाषाविज्ञान में स्नातकोत्तर का बाद ठाकुर विद्यावारिधि उपाधि खातिर लगातार कोसिस करत रहलें। वि. २०७७ (२०२०) में इनका *A Grammar of Bhojpuri* शोध-प्रबंध पर त्रि. वि. से विद्यावारिधि के उपाधि प्राप्त भइल। इनकर ई शोध-प्रबंध टाल्मी गिभॉन आ आउर भाषावैज्ञानिक लोग के प्रयास से विकसित आ परिमार्जिक कार्यात्मक-प्रकारात्मक व्याकरण शैली पर आधारित बा। ई भोजपुरी व्याकरण के क्षेत्र में पहिलका शोधकार्य बा जे भोजपुरी के व्याकरण भोजपुरी के मौलिकता में लिखाइल होखे। एह शोधकार्य के दौरान वाग्बेपार में वर्ण आ लिखाई में द्वैध संयुक्ताक्षर के रूप में रहल नासिक्य वर्ण *ङ, न, म*; ताड़ित *र* आ पार्श्व *ल* के महाप्राण वर्णन खातिर लिखल जा रहल क्रमशः *ह्ङ-ङ्ह, ह्न-न्ह, ह्म-म्ह, ह्र-र्ह* आ *ह्ल-ल्ह* के नया वर्णात्मक स्वरूप मिलल। एह दुविधा के देखत डॉ. विश्वनाथ प्रसाद सन १९५० में भोजपुरी के देशी लिपि (कैथी, तिरहुता आ देवनागरी) में एह वर्णन के लिखे खातिर अलग चिन्न ना रहल त बतइनी (प्रसाद, १९५०, पृ. १८३), बाँकिर समाधान का ओर उहाँका भा बाद के आउर भोजपुरिआ भाषावैज्ञानिक लोग के भी कौनो प्रस्ताव ना आइल रहे। एह दुविधा के सहज करे खातिर ठाकुर अपना एह शोध-प्रबंध में क्रमशः *ड़, ऩ, म़, ऱ* आ *ल़* प्रस्तावित कइले बानी जइसे कि अइसने चिन्न *ढ़* भोजपुरी खातिर कैथी भा देवनागरी में दशको पहिले से अंगीकार कर लिहल गइल बा। एहीतरे एह शोध-प्रबंध में नव हिंद-आर्य भषन में पहिल बेर भोजपुरी में शब्द-बलाघात रहल पुष्टि कइल गइल बा। एकरा साथ साथ भोजपुरी के अपने संधि नियम के सम्मिलन के तहत दर्सावल गइल बा।

एह कालखंड के चउथा चरण में वि. २०६२ में तत्कालीन नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिषठान में बुझावल डॉ. ठाकुर के शोधकार्य *भोजपुरी के समाजभाषावैज्ञानिक अध्ययन* अनुकूलन, परिमार्जन आ प्रवर्धन सहित २०८१ में नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से *भोजपुरी के समाज-भाषिक अध्ययन* का रूप में प्रकाशित भइल बा।

(घ) दिनेश प्रसाद जैसवार

श्री जैसवार शिक्षा में अङरेजी विषय में स्नातकोत्तर करत बेरा सन २००७ में अङरेजी आ भोजपुरी में कर्मवाचीकरण पर तुलनात्मक अध्ययन के शोधपत्र लिखले बानी, *Passivization in English and Bhojpuri: A comparative study*। अङरेजी आ भोजपुरी में कर्म वाच्य के का कइसन रूप होला, एह शोधपत्र में बारिकी से वर्णन मिलेला।

www.bhojpurisahityangan.com

(ङ) शेषनाथ साह कलवार

श्री कलवार अङरेजी विषय में शिक्षा स्नातकोत्तर करत बेरा सन २००८ में अङरेजी आ भोजपुरी में सलाह के स्वरूप पर सूक्ष्म अध्ययन कइले बानी, Forms of suggestion in English and Bhojpuri। केहु के उपदेश, सलाह भा परामर्श देत समय कौन-कौन स्वरूप के प्रयोग होला, एह में गहन अध्ययन कइल गइल बा।

(ङ) सुनिल कुमार यादव

श्री यादव अङरेजी विषय में शिक्षा स्नातकोत्तर करत बेरा वि. २०६५ में भोजपुरी आ अङरेजी में प्रयुक्त कारक व्यवस्था के तुलनात्मक अध्ययन के शोधपत्र तइआर कइले बानी, Case in Bhojpuri and English. एह दूनू भषन में कारक आ ओकर चिन्ह आदि विषय पर तुलनात्मक रूप से एह शोधपत्र में अध्ययन कइल मिलेला।

(च) शैलेशकुमार उपाध्याय

श्री उपाध्याय नेपाली में कला स्नातकोत्तर करत बेरा वि. २०६६ में नेपाली आ भोजपुरी भाषा के व्याकरणात्मक कोटिअन पर गहन तुलनात्मक अध्ययन कइले बानी, *नेपाली र भोजपुरी भाषाका व्याकरणिक कोटिहरूको तुलनात्मक अध्ययन*।

(छ) माया गिरी खत्री

श्रीमती गिरी भाषाविज्ञान में कला स्नातकोत्तर करत बेरा वि. २०६६ में भोजपुरी के क्रिया विधान पर शोधपत्र तइआर कइले बानी, *Bhojpuri verb morphology*। एह में नेपाल के बारा-पर्सा में बोलल जाएवाला भोजपुरी के क्रिया रूपविज्ञान पर विषद चर्चा कइल गइल बा।

(ज) गजेंद्र प्रसाद यादव

श्री यादव सन २०१६ में शिक्षा स्नातकोत्तर पूरा करे के क्रम में भोजपुरी आ अङरेजी में बहुवचनीकरण विषय पर शोधपत्र तइआर कके बुझइले बानी, *Pluralization in Bhojpuri and English*। यानी एकवचन आ बहुवचन के स्वरूप चाहे बहुवचन बनावे के प्रक्रिया जे पदांतर आ प्रत्यय योग से आगा बढ़ेला, भोजपुरी आ अङरेजी में कइसन बा, एह शोधपत्र में तुलनात्मक रूप में देखावल गइल बा।

एहीतरे नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के तत्कालीन कुलपति गंगा प्रसाद उप्रेती के प्रत्यक्ष निगरानी में संचालित प्रदेश नंबर दू (मधेश प्रदेश) के परिचयात्मक ग्रंथ खातिर गोपाल अश्क आ डॉ. सूर्य यादव द्वारा संयुक्त रूप में संपन्न कइल शोध कार्य *प्रदेश नंबर दू के भाषा दर्पण* (वि. २०७७) आ डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा द्वारा संपन्न कइल गइल *प्रदेश नंबर दू के साहित्य दर्पण* (वि. २०७७) में क्रमशः भोजपुरी भाषा आ साहित्य के बारे में संक्षिप्त अध्ययन कइल गइल नजर आवता।

६.५.८.२ व्याकरण

नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में भोजपुरी भाषा आ व्याकरण पर कुछ उल्लेखनीय काम भइल बाड़े स। मूलतः चउथा चरण में कक्षा ९-१० के भोजपुरी

www.bhojpurisahityangan.com

पाठ्यपुस्तक बनावत बेरा गोपाल अश्क द्वारा तइआर व्याकरण के मूल रीढ़ के डॉ. गोपाल ठाकुर द्वारा आवश्यक अनुकूलन सहित किताब के हरेक पाठ के अंत में सजावे के काम के उपर उल्लेख हो चुकल बा। एही रीढ़ के कुछ परिमार्जन आ अनुकूलन के साथ कुछ आउर विषयवस्तु सामिल कके डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा आ गोपाल अश्क के सहलेखन में परंपरागत ढाँचा में भोजपुरी व्याकरण तइआर भइल आ तत्कालीन जिला विकास समिति, पर्सा ओकर वि. २०६४ साल में प्रकाशन कइलस।

एकरा बाद डॉ. गोपाल ठाकुर द्वारा आपन विद्यावारिधि के शोध-प्रबंध के आवश्यक परिमार्जन के साथ तइआर भइल *A Grammar of Bhojpuri* जर्मनी के लिंकम युरोपा से सन २०२१ में प्रकाशित भइल। एकरा ठीक साल भर बाद एहू में मूलतः अर्थविज्ञान के अध्याय आ भोजपुरी के जीवंत मजबून समावेश कके भोजपुरी में *भोजपुरी व्याकरण* तइआर भइल जे भोजपुरी प्रज्ञा-प्रतिष्ठान २०७९ साल में प्रकाशित कइलस। एहीतरे एही साल डॉ. ठाकुर *सहज भोजपुरी बर्तनी* तइआर कइलें आ भोजपुरी प्रज्ञा-प्रतिष्ठान एकरो के प्रकाशित कइलस।

६.५.८.३ शब्दकोश

नेपालीय भोजपुरी भाषा-साहित्य के भंडार भोजपुरी शब्दकोश से भी भरल बा। निश्चित रूप से वि. २०४६ के संयुक्त जनांदोलन से निर्दलीय पंचायती सर्वसत्तावाद के अंत के बाद पुनर्बहाल प्रजातंत्र में नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान भी एकभाषी चरित्र से तनिका आगा बढ़ल। स्वाभाविक रूप से भोजपुरी भाषा-सहित्य के समृद्धि खातिर भी प्रयास भइल आ बहुत हद तक सफलतो मिलल जेकर उल्लेख उपर हो चुकल बा। बाँकिर नेपालीय धरती पर भोजपुरी के शब्दकोश के कमी खटकत रहे जेकरा खातिर धनुषचंद्र गौतम के अग्रसरता में एह कमी के पूरा करे के प्रयास त सुरु भइल बाँकिर सफलता दशको तक ना मिलल। एह क्रम में डॉ. गोपाल ठाकुर के संयोजन में गोपाल अश्क आ दिनेश गुप्ता सामिल संपादक मंडल नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान में फेर आवेदन देलस आ स्वीकृत होके कामो संपन्न भइल जे *प्रज्ञा भोजपुरी-भोजपुरी-नेपाली-अङ्ग्रेजी शब्दकोश* के रूप में वि. २०७३ (२०१७) में प्रकाशित भइल। एह परियोजना में शब्द संकलन में तीनू संपादक लोग सामिल रहल त भोजपुरी शब्दन के भोजपुरी आ नेपाली में पर्यायवाची भा अर्थ लिखे के काम गोपाल अश्क कइनी त हरेक शब्दन के अंतर्राष्ट्रीय ध्वनि वर्णमाला (International Phonetic Alphabet, IPA) लिप्यांतर सहित ओकर अङरेजी में पर्यायवाची भा अर्थ लिखे के काम के साथ साथ अंतिम संपादन एह संपादक मंडल के संयोजक गोपाल ठाकुर कइनी। अब तक विश्व भोजपुरी पटल पर बनल भोजपुरी के शब्दकोशन में ई उत्कृष्ट रहल तथ्य अंतर्राष्ट्रीय रूप में भोजपुरिअन के बीच स्वीकारल जा चुकल बा। ऊ एह से कि २४,००० से बेसी प्रविष्टिअन का साथे ई शब्दकोश अइसन बनल बा कि मातृभाषी भोजपुरिअन से लेके

www.bhojpurisahityangan.com

देवनागरी के ज्ञान से दूर रहल विदेशी विद्वान भी एकर उपयोग कर सकेलन। एकर उपयोग कक्षा-कोठरी से लेके अनुवाद तक सहज होखे के हिसाब से एकर निर्माण भइल बा।

६.५.९ आउर भाषिक-साहित्यिक गतिविधि

नेपालीय भोजपुरी के आधुनिक काल के एह पाँचवा चरण में भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास तथा संवर्धन खातिर भोजपुरी साहित्यिक संघ-संस्थन के गठन से लेके पत्र-पत्रिकन प्रकाशन तक, भोजपुरी भाषा आ साहित्य के प्रचार-प्रसार से लेके ऐतिहासिक सम्मेलन तक आ भोजपुरी विशेषांकन के प्रकाशन से लेके भोजपुरी पाठ्यपुस्तक लेखन के कार्य तक, आ भोजपुरी पुरस्कार स्थापना से लेके समर्पण परंपरा तक के विविध महत्त्वपूर्ण गतिविधि नजर आवत बाड़े स। एहिजा इहे कुल गतिविधिअन के बारे में संक्षिप्त रूप से चर्चा कइल गइल बा।

६.५.९.१ भाषिक-साहित्यिक संघ-संस्था

कवनो भी भाषा आ साहित्य के विकास में संघ-संस्थन के बहुत बड़ा योगदान रहेला। केहू एक व्यक्ति के लाख चहलो पर ओतना आ ओह रूप में काम ना हो सके, जेतना कि सामूहिक आ संस्थागत रूप में हो पावेला। एह चरण में भोजपुरी भाषा आ साहित्य के संस्थागत विकास करे खातिर निम्नलिखित भाषिक-साहित्यिक संस्थन के गठन भइल नजर आवताः—

(क) नेपाल भोजपुरी समाज

वि. २०७१ में भउच प्रसाद यादव के अध्यक्षता में काठमाड़ो में नेपाल भोजपुरी समाज के स्थापना भइल। एह नाम से एगो साहित्यिक संस्था पं. दीपनारायण मिश्र के अध्यक्षता में वि. २०२९ में ही स्थापित हो गइल रहे आ ऊ संस्था आपन स्थापना काल से ही साहित्यिक कार्यक्रम करत आइल रहे। यादव के पुराने नाम में काठमाड़ो में संस्था खोलत खान डॉ. गोपाल ठाकुर, गोपाल अश्क आ दिनेश गुप्ता ओह संस्था के नाम पर विचार करे के आ नेपाल भोजपुरी समाज के नाम से संस्था ना खोले के सुझाव-सलाह देलें लोग बाँकिर यादव अपना संस्था के नाम नेपाल भोजपुरी समाज ही रखलें आ ओकर केंद्रीय कार्यालय, काठमांडू कर दिहलें। ई संस्था के माध्यम से एकाधगो साहित्यिक कार्यक्रम भइला के साथे तत्कालीन उपराष्ट्रपति परमानंद झा के हाथ से नेपालीय भोजपुरी साहित्यकार गोपाल अश्क, डॉ. गोपाल ठाकुर, रामप्रसाद साह, दिनेश गुप्ता आ उपेन्द्र सहनी के सम्मानित भइल नजर आवत बा।

(ख) भोजपुरी साहित्य विकास मंच

वि. २०७४ साल में जगदीश प्रसाद 'पंकज' के प्रमुख संयोजकत्व में मधेश प्रदेश अंतर्गत बारा जिला के बरियारपुर, मैनी टोला में भोजपुरी साहित्य विकास मंच के गठन भइल आ एह मंच में अध्यक्ष, उपाध्यक्ष, सचिव, कोषाध्यक्ष, सहसचिव

www.bhojpurisahityangan.com

तथा सदस्य लोग में क्रमशः जगदीश प्रसाद 'पंकज', सफीक अंसारी, सुनील कुमार, प्रदीप सिंह, शम्भु प्रसाद कुशवाहा, राकेश गुप्ता, श्रीमती आरती ठाकुर बा लोग। ई मंच गाँवन में रहल विद्यालयन में जाके भोजपुरी भाषा आ साहित्य के प्रचार-प्रसार कइला से लेके कविगोष्ठी के आयोजना तक करत आइल नजर आवता।

(ग) भिन्सहरा सामाजिक संस्था

भोजपुरी समाज, भाषा आ साहित्य के विकास आ संवर्धन खातिर परमशिला बनिया के अध्यक्षता में भिन्सहरा सामाजिक संस्था के गठन भइल नजर आवता। एह संस्था के केंद्रीय कार्यालय वर्तमान लुंबिनी प्रदेश, कोटहीमाई गाउँपालिका-०६, मर्चवार, रूपंदेही में अवस्थित बा। एह संस्था से एकाध साहित्यिक कार्यक्रम आ शिवनंदन जयसवाल के भोजपुरी कविता-संग्रह *भिन्सहरा* के प्रकाशन भइल नजर आवता।

(घ) भोजपुरी प्रज्ञा-प्रतिष्ठान

वि. २०७५ में आनंद गुप्ता के अध्यक्षता में भोजपुरी प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के गठन भइल आ एकर केंद्रीय कार्यालय काठमाड़ो में बा। एह प्रतिष्ठान में सदस्य के रूप में प्रतिमा चौधरी, अफ्रोज अर्पण, धीरज कुशवाहा आ नीतू अग्रहरि बा लोग। ई संस्था विश्व मातृभाषा दिवस के अवसर पर नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के द्वारा आयोजित कार्यक्रमन में लगभग वार्षिक तौर पर भोजपुरी कला आ संस्कृति के झाँकी देखावे के अलावा अन्य साहित्यिक गतिविधि भी करत आइल नजर आवता। अब तक ई डॉ. गोपाल ठाकुर के *भोजपुरी व्याकरण (जीवंत मजबून का साथे)*, *उत्पीड़ित मधेश आ भोजपुरी* (आलेख-संग्रह), *सहज भोजपुरी बर्तनी*, *रमरजवा अन्हेर* (रामायणी कथा-संग्रह) आ *लालपुर्जा* (भोजपुरी कथा-संग्रह) के साथ-साथ सुभाष कुमार बैठा के *गाँव* (उपन्यास) आ *लड़ाई जिनगी के* (कविता-संग्रह) आ शिव संदेश के *बेचैन संदेश* (गजल-संग्रह) जइसन पुस्तकन के प्रकाशन कइले बा।

(ङ) भोजपुरी प्रतिष्ठान

वि. २०७६ में नेपालीय भोजपुरी भाषा, साहित्य, कला आ संस्कृति के विकास आ संवर्धन खातिर वीरगंज महानगरपालिका के तत्कालीन नगर प्रमुख श्री विजयकुमार सरावगी के प्रमुख नेतृत्व में भोजपुरी प्रतिष्ठान के गठन भइल नजर आवता। ई प्रतिष्ठान वीरगंज महानरपालिका द्वारा प्रदत आर्थिक बजेट से संचालित रहल बा। एह प्रतिष्ठान के प्रथम अध्यक्ष, सचिव तथा सदस्य लोग में क्रमशः उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि', रितेश त्रिपाठी, रितुराज पटेल, अनिता साह, अजमत अली अंसारी, बिमला गुप्ता आदि रहलें। वि. २०७९ साल में दधीचि के देहांत के बाद अभीन एकर अध्यक्ष अनिता साह बाड़ी। एह संस्था के सलाहकार में गणेश प्रसाद लाठ, डॉ. गोपाल ठाकुर, गोपाल अश्क, दिनेश गुप्ता आ चंद्रकिशोर मनोनित कइल गइल बाड़ें। ई प्रतिष्ठान ऐतिहासिक साहित्यिक कार्यक्रम करत आइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

६.५.९.२ पत्र-पत्रिका के प्रकाशन

वि. २०६२/२०६३ के जनांदोलन के बाद देश में राजनीतिक परिदृश्य बदलल आ देश में संघीय लोकतांत्रिक गणतंत्र लागु भइल। साथे-साथ देश में सामाजिक, साहित्यिक वातावरण भी बदलल नजर आवता। एह चरण में भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास आ संवर्धन खातिर कुछ पत्र-पत्रिकन के प्रकाशन के सुरुआत भइल। एह चरण में प्रकाशित पत्र-पत्रिकन एह प्रकार बाड़े सः

(क) गोरखापत्र, नया नेपाल, भोजपुरी पृष्ठ

नेपाल सरकार के पूर्ण स्वामित्व में प्रकाशन होखेवाला *गोरखापत्र* (देनिक पत्रिका) में नया नेपाल अंतर्गत देश के राष्ट्रभाषा सब के विकास आ संवर्धन खातिर सम्बन्धित भाषा के पृष्ठ प्रकाशन के परंपरा वि. २०६४ कुआर १ गते (१८ सेप्टेंबर २००७) से सुरु भइल आ एही क्रम में २०६४ कात्तिक ७ गते (२४ अक्टुबर २००७) से *भोजपुरी पृष्ठ* के भी प्रकाशन सुरु भइल नजर आवता। हाल एह पृष्ठ के संयोजक आ सहसंयोजक के रूप में क्रमशः दिनेश गुप्ता आ आनंद अस्तित्व नजर आवत बा लोग।

(ख) भोजपुरिया माटी (त्रैमासिक)

वि. २०६६ अगहन महीना से *भोजपुरिया माटी* (त्रैमासिक) पत्रिका के प्रकाशन प्रारंभ भइल नजर आवता। साहित्यकार रामप्रसाद साह एह प्रत्रिका के संपादक हउएँ आ नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान, बारा शाखा एह पत्रिका के प्रकाशक के रूप में रहल बा। एह पत्रिका के प्रकाशन से नया-नया भोजपुरी साहित्य सिर्जना करेवाला स्रष्टा लोग के उदय भइल नजर आवता। एह पत्रिका से नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विकास में महत्त्वपूर्ण योगदान पहुँचल बा।

(ग) महुआ (वार्षिक)

वि. २०७० साल में नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकासार्थ *महुआ* (वार्षिक) के प्रकाशन प्रारंभ भइल नजर आवता। सुरुआती दौर के अंक में तत्कालीन नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान के कुलपति वैरागी काइँला प्रधान संपादक रहलें बाँकिर उनका बाद में कुलपति गंगा प्रसाद उप्रेती एकर प्रधान संपादक बनलें। सुरु से एह पत्रिका के कार्यकारी संपादक के रूप में भउच प्रसाद यादव मनोनित बाड़े। अंक निकलला का बाद गोपाल अश्क, दिनेश गुप्ता आ वीणा सिन्हा संपादक मण्डल में रहत आइल बाड़ें। तीन अंक निकलला का बाद एकर प्रकाशन में कुछ शिथिलता देखल गइल। बाद में आनंद गुप्ता, रितेश त्रिपाठी आ प्रियंका पांडेय सम्मिलित संपादक मंडल एकर २०८१ के अंक निकाले में सफल भइल बा लोग। एह पत्रिका के प्रकाशन से नेपालीय भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास में विशेष योगदान पहुँचल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

(घ) भोजपुरी दर्शन

वि. २०७६ साल में लुंबिनी प्रदेश अंतर्गत रूपंदेही जिला के कोटहीमाई गाँवपालिका, मर्चवार से *भोजपुरी दर्शन* (त्रैमासिक) पत्रिका के प्रकाशन प्रारंभ भइल आ एकर संपादक आ प्रकाशक के रूप में क्रमशः शिवनंदन जयसवाल आ परमशिला बनिया रहल बाड़ें। इहो पत्रिका भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास में महत्त्वपूर्ण योगदान पहुँचा रहल बा।

६.५.९.३ भोजपुरी पाठ्यपुस्तक लेखन

एह चरण के उल्लेखनीय भाषिक-साहित्यिक आ प्राज्ञिक कार्य सब में भोजपुरी पाठ्यपुस्तक लेखन के कार्य भी हउए। एह चरण में पाठ्यक्रम विकास केंद्र, सानोठिमी, भक्तपुर से कक्षा ६ से ८ तक के लेखन-संपादन आ प्रकाशन करावल गइल बा त कक्षा ९-१० के ऐच्छिक भोजपुरी पाठ्यपुस्तक के परिमार्जन-अद्यावधिकीकरण आ प्रकाशन करे के कार्य भइल नजर आवता। एह पाठ्यपुस्तकन के बारे में संक्षिप्त चर्चा एह प्रकार कइल गइल बाः—

(क) भोजपुरी कक्षा ६

एह चरण में भोजपुरी कक्षा ६ के लेखन कार्य संपन्न भइल बा। एकर लेखक आ संपादक हउएँ गोपाल अश्क आ आनंद गुप्ता। एह पाठ्यपुस्तक में गोपाल अश्क के *बरखा रानी* (कविता), *दादाजी के छड़ी* (कथा), *भोजपुरी हस्तकला* (निबंध), *साहित्यकार पं. दीपनारायण मिश्र* (जीवनी), ऋषभदेव ठाकुर के *सामाजिक सद्भाव* (निबंध), आनंद गुप्ता के *आत्मनिर्भर होखेके पड़ी* (संवाद), *शिक्षा आ प्रविधि के महत्त्व* (निबंध), *भोजपुरी* (कविता), *समता के पहरुआ बाबा रामजनम तिवारी* (जीवनी), गोपाल ठाकुर के *सिरपचई* (कविता), *कोरा ज्ञान* (कथा), *अलौं में तीन-पाँच* (ऐतिहासिक कथा) आ *झन्कार भाई* (जीवनी), रामस्वरूप सिन्हा के *वातावरण के सुरक्षा* (निबंध) का साथे पौराणिक कथा, लोककथा, वादविवाद रचना समावेश कइल गइल बाड़े स।

(ख) भोजपुरी कक्षा ७

भोजपुरी कक्षा ७ के पाठ्यपुस्तक भी गोपाल अश्क आ आनंद गुप्ता के लेखन आ संपादन में लिखल गइल बा। एह पाठ्यपुस्तक में गोपाल अश्क के *भोजपुरिया पहचान* (कविता), *संगीतकार रामप्रसाद राय थारू* (जीवनी), *एके दिल एके धड़कन* (कविता), *प्रकृति के वरदानः हमर देश नेपाल* (निबंध), *सूरज उगेवाला बा* (कविता), *थॉमस एडिसन* (जीवनी), *हम जीवनदायिनी पानी हईं* (निबंध) आ *नेपाल में भोजपुरी जनजीवन आ चित्रकला* (निबंध), डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा के *चाचा के सुधारेवाला भतिजा* (कथा), गोपाल ठाकुर के *छठः सांस्कृतिक एकता के महापर्व* (निबंध), आनंद गुप्ता के *नेपाल आन्तरिक पर्यटन* (संवाद), *सन्त कवि भिनकराम* (जीवनी), आ

www.bhojpurisahityangan.com

सहरी जीवन से अच्छा गँवही जीवन (वादविवाद), उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के *झा जी के कुत्ता* (कथा), वीणा सिन्हा के *सोनचिरैया* (लोककथा), *भक्त ध्रुव के कथा* (लोककथा), नीतू अग्रहरि के *भुजइन के खँसी* (कथा), अनिता साह के *बदलत जमाना* (कविता) आ दिनेश गुप्ता के *अइसन प्रेम* (कथा) शीर्षक के रचना संगृहीत बाड़े स।

(ग) भोजपुरी कक्षा ८

गोपाल अश्क आ आनंद गुप्ता के लेखन आ संपादन में संपन्न भइल भोजपुरी कक्षा ८ के पाठ्यपुस्तक में गोपाल अश्क के *देश हमर महान मीतवा* (कविता), *गाय के चमत्कार* (पौराणिक कथा), *बाबूजी के फैसला* (कथा), *साहित्यकार पांडेय कपिल* (जीवनी), *महात्मा गान्धी* (जीवनी), माधव प्रसाद गौतम के *मेघिया* (कथा), अजय कुमार चौरसिया के *विजयप्रकाश बीन* (जीवनी), पं. दीपनारायण मिश्र के *विकास गीत* (कविता), राम प्रसाद साह के *शहीद मुखलाल महतो* (जीवनी), शिवनाथ प्रसाद साह के *प्रकृति आ पर्यावरण* (निबंध), पुरुषोत्तम शर्मा के *हिया-हिया में समा गइल* (कविता), आनंद गुप्ता के *मातृभाषा में आधारभूत शिक्षा बेकार ना कारगर* (वादविवाद), *सपना के उड़ान* (कथा), *गवरइया आ दाल के कथा* (लोककथा), धीरज कुमार कुशवाहा के *तब धरती सोना उगली* (निबंध), रामचंद्र चतुर्वेदी के *माधुरी* (एकांकी), जगदीशप्रसाद पंकज के *भोर* (कविता), शिवनंदन जयसवाल के *भोजपुरी संस्कृति* (निबंध) आ शिवशंकर प्रसाद रौनियार के *दू बित्ता जमीन के नीचे* (कथा) शीर्षक के रचना समावेश बाड़े स।

(घ) भोजपुरी कक्षा ९

डॉ. गोपाल ठाकुर आ डॉ. रामस्वरूप सिन्हा के लेखन तथा संपादन में तइआर भइल भोजपुरी कक्षा ९ के पाठ्यपुस्तक में हरिहर यादव के *कइसे कहीं ई बात रे?* (कविता), गोपाल ठाकुर के *कंजुस* (कथा), *भोजपुरी अर्थविज्ञान* (व्याकरण), *मैरी क्यूरी* (जीवनी) आ *कैथी लिपिः एक परिचय* (लेख), दिनेश गुप्ता के *नेपालीय भोजपुरी साहित्य के जनक 'अलमस्त'* (जीवनी), गोपाल अश्क के *बोतल के टुक्का* (निबंध), *वसंत बहार* (कविता) आ *रे के कहनिहार* (कथा), ऋषभदेव ठाकुर के *सामाजिक संजालः वरदान कि अभिशाप* (वादविवाद), नीतू अग्रहरि के *बेटी* (कथा), बेचु कहाँर के *त्रिवेणीधाम भ्रमण डायरी* (यात्रा साहित्य), आनंद गुप्ता के *जीवन लक्ष्य* (कविता) आ *मकइआ* (कथा) शीर्षक के रचना संगृहीत बाड़े स।

(ङ) भोजपुरी कक्षा १०

भोजपुरी कक्षा १० के पाठ्यपुस्तक के भी लेखक आ संपादक डॉ. गोपाल ठाकुर आ डॉ. रामस्वरूप सिन्हा ही हउएँ। एह पाठ्यपुस्तक में गोपाल ठाकुर के *हमार धर्म* (कविता), *सुदामापुरी* (पौराणिक कथा), *तार-बेतार* (निबंध), *बारहमासा*

www.bhojpurisahityangan.com

(कविता), *विश्वगणितज्ञ रामानुजन* (जीवनी), *मानवता के सनेस* (निबंध) आ *अंधविश्वास* (कथा), ऋषभदेव ठाकुर के *पतिहरण* (एकांकी), हरिहर यादव के *पइँचा* (कथा), आनंद अस्तित्व के *छठ पबनी* (निबंध), गोपाल अश्क के *बड़की माई* (कथा) आ *बोल जमूरा* (काव्य नाटक) आ रामदेव द्विवेदी 'अलमस्त' के *बकुला भगत* (कविता) शीर्षक के रचना समाविष्ट कइल गइल बाड़े स ।

(ड़) हमर भोजपुरी कक्षा-१

भाषा आयोग में मधेश प्रदेश के प्रतिनिधित्व करत सदस्य का रूप में गोपाल अश्क के नियुक्ति के बाद मातृभाषा शिक्षा प्रवर्द्धन कार्यक्रम के तहत मधेश प्रदेश के जिलन में दौर सुरु भइल। वि. २०७९ सावन में पहिलका दौर आ अगहन में दोसरका दौर भइल। एह क्रम में परवानीपुर गाँवपालिका आ भाषा आयोग के सहकार्य में मातृभाषा (भोजपुरी) के पठनपाठन अभिमुखीकरण कार्यक्रम संपन्न भइल। एकर परिणामस्वरूप एह गाँवपालिका के शिक्षा आ खेलकूद शाखा प्रमुख रवीन्द्र कुमार मिश्र के संयोजकत्व में कक्षा १ से ३ तक भोजपुरी विषय के पठनपाठन के सुरुआत करे के प्रयास कइल गइल। एही क्रम में भाषा आयोग के सदस्य गोपाल प्रसाद सर्राफ (गोपाल अश्क) के निर्देशन तथा विषयविज्ञता में डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा आ विजय किशोर पांडेय संयुक्त रूप में *हमर भोजपुरी कक्षा-१* पाठ्यपुस्तक लिखलें आ शैक्षिक सत्र (२०८०/८१) से पठनपाठन प्रारंभ हो चुकल बा। एह पाठ्यपुस्तक के भाषा संपादन डॉ. गोपाल ठाकुर, भाषा आयोग के अध्यक्ष के पद पर नियुक्त भइला का बाद कइलें।

६.५.९.४ ऐतिहासिक विशेषांक

एह चरण में भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास खातिर कुछ पत्र-पत्रिकन के कवनो ना कवनो अंक के भोजपुरी विशेषांक के रूप में प्रकाशित कइल गइल नजर आवता। एहिजा पत्र-पत्रिकन के विशेषांकन का बारे में संक्षिप्त चर्चा प्रस्तुत कइल गइल बाः

(क) भोजपुरिया माटी, गजल गीत विशेषांक १४/१५

वर्तमान मधेश प्रदेश अंतर्गत बारा जिला के सदरमुकाम कलैया उपमहानगरपालिका से रामप्रसाद साह के संपादकत्व आ नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान, बारा शाखा के प्रकाशकत्व में प्रकाशित होखेवाला *भोजपुरिया माटी* (त्रैमासिक) के वर्ष ४, अंक १४/१५ (माघ २०६९-वैशाख २०७०) भोजपुरी गजल गीत विशेषांक के रूप में प्रकाशित भइल बा। एह विशेषांक में भारत आ नेपाल के साहित्यकारन क्रमशः रामसेवक विकल, भोलाप्रसाद 'आग्नेय', चौधरी कन्हैयाप्रसाद सिंह 'बशर', आदित्यकुमार 'अंशु', रामप्रसाद साह, सुरेन्द्रप्रसाद गिरी, डॉ. श्वेता दीप्ति के गीत गजल के साथे-साथ गोपाल अश्क के *बड़की माई* (कथा), उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि'

www.bhojpurisahityangan.com

के *नाथ पगहा* (व्यंग्य निबंध) आ नेपाली कथाकार गुरुप्रसाद मैनाली के *शहीद* (कथा) के भोजपुरी अनुवाद शीर्षक के रचना संगृहीत बाड़े स।

(ख) मधुपर्क, भोजपुरी साहित्य विशेष, पूर्णाङ्क ५५३

नेपाल सरकार के पूर्ण स्वामित्व में गोरखापत्र संस्थान से निकलेवाला *मधुपर्क* (मासिक साहित्यिक) के वर्ष ४८, अंक २, पूर्णांक ५५३ आसार वि. २०७२ भोजपुरी साहित्य विशेष के रूप में प्रकाशित भइल नजर आवता। एह अंक के संपादक श्रीओम श्रेष्ठ के सहयोग करेवाला साहित्यकार गोपाल अश्क आ गोपाल ठाकुर बाड़ें। एह भोजपुरी विशेष अंक में लेख-निबंध-संस्कृति के तरफ गोपाल ठाकुर के *भोजपुरी भाषाको स्वरूप र सम्भाव्यता*, गोपाल अश्क के *भोजपुरी साहित्यको अध्ययन र विश्लेषण*, उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के *भोजपुरी संस्कृतिः सङ्क्षिप्त अध्ययन*, जगदीश प्रसाद पंकज के *कागको आत्मकथा* (निबंध), डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा के *नेपाली भोजपुरी समालोचना* (समालोचना), पृथ्वीराज पांडेय के *भोजपुरी भाषाको उत्पत्ति र विकास*, कुमार सच्चिदानंद सिंह के *नेपाली नाट्यपरंपरामा भोजपुरी नाटक*, सुमित्रा पांडेय के *भोजपुरी लोकगीतमा वर्षा मङ्गलगान*, प्रा. डॉ. कपिलदेव लामिछाने के *रूपंदेहीमा प्रचलित भोजपुरी गाउँखाने कथा*, ऋषभदेव ठाकुर के *भोजपुरी संस्कृति र परंपरा*, दिनेश गुप्ता के *वाणीका अधिनायक कबीर*, भउचप्रसाद यादव के *भोजपुरी भाषाका सेक्सपियर भिखारी ठाकुर*, जमुना कुमारी क्षेत्री के *जीवन र साहित्य*, डॉ. संजीता वर्मा के *भोजपुरी अनुवाद साहित्यको वर्तमान स्थिति* आ मुकुंद आचार्य के *भोजपुरी उखानको बखान* शीर्षक के रचना समावेश भइल बाड़े स। एहीतरे कविता-गीत-गजल के तरफ पं. दीपनारापण मिश्र के *नीति सार*, शिवनाथ साह के *गजल*, पुरुषोत्तम शर्मा के *जहाँ जहाँ अँध्यारो छ, त्यहाँ त्यहाँ जाऊ*, भीम विराग के *गजल*, डॉ. शशिभूषण बरनवाल के *ए मृत्यु! अलि हाँसेर बाँच्न देऊ*, रामबहादुर यादव के *गीत*, रामप्रसाद साह के *गजल* आ बूँद राना के *गजल* शीर्षक के रचना बाड़े स। एहीतरे कथा तरफ माधव प्रसाद गौतम के *मेघिया*, चंद्रकिशोर झा के *समयको पाङ्ग्रो*, वीणा सिन्हा के *नारी अस्मिता* शीर्षक के कथा-रचना बाड़े स त भेटवार्ता तरफ गोपाल ठाकुर द्वारा पं. दीपनारायण मिश्र के सङे कइल गइल बातचीच *पर्सा जिल्लामा बोलिने भोजपुरी मानकीकरणमा अग्रणी छ* आ अबकिरवा कॉलम अंतर्गत गोपाल अश्क के साथे कइल गइल बातचीत *भोजपुरी भाषा-साहित्यका लागि महत्वपूर्ण कार्य* शीर्षक के दू गो अंतर्वार्ता समावेश कइल गइल बाड़े स। एकरा साथे-साथ डॉ. विश्वम्भर कुमार शर्मा द्वारा लिखित दिनेश गुप्ता के दू कृतिअन *अन्हार में एक रात* (निबंध-संग्रह), आ *आन्हर के शहर में* (मुक्तक संग्रह) के पुस्तक परिचय के साथे प्रसंगवश में संपादक श्रीओम श्रेष्ठ के सारगर्भित संकथन समाविष्ट बा। एह प्रकार नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विकास में एह अंक के द्वारा पहुँचावल गइल योगदान ऐतिहासिक आ महत्त्वपूर्ण साबित भइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

(ग) नवप्रज्ञापन बहुभाषा कथा विशेषांक ८४

मधेश प्रदेश अंतर्गत बारा जिला के स्वाभिमान बस्ती जीतपुर-सिमरा उपमहानगरपालिका-१६ से साहित्यकार नवराज रिजाल के संपादन आ प्रकाशन में विगत तीन दशक से निरंतर निकल रहल *नवप्रज्ञापन* (साहित्यिक त्रैमासिक) के ८४ वाँ अंक, वैशाख-आसार वि. २०७६ बहुभाषा कथा विशेषांक के रूप में प्रकाशित भइल बा। एह विशेषांक में नेपाली, मैथिली, भोजपुरी, थारू, तामाङ, नेपाल भाषा, बज्जिका, मगर, डोटेली आ अवधी भषन के पाँच-पाँच गो कथा समावेश कइल गइल बा। एह क्रम में भोजपुरी भाषा अंतर्गत कथाकार गोपाल अश्क के *इन्तजार*, उमाशंकर द्विवेदी 'दधीचि' के *रमकुँवरी*, वीणा सिन्हा के *समा*, राम प्रसाद साह के *कारक*, दिनेश गुप्ता के *सत्यनारायण के सच*, सुनील कुमार के *मनतोड़वा दाई*, अनिता साह के *इज्जत* शीर्षक के कथन के साथे गोपाल अश्क द्वारा लिखल गइल *भोजपुरी कथा साहित्य के विकास यात्रा* शीर्षक के संक्षिप्त लेखो समावेश कइल गइल बा। नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विकास में *नवप्रज्ञापन* (त्रैमासिक) के विशेष योगदान बा काहे कि एह पत्रिका में समय-समय पर भोजपुरी के रचना प्रकाशित होत आवत बाड़े स।

(घ) नवप्रज्ञापन भोजपुरी साहित्य विशेषांक ९६

नवप्रज्ञापन के ९६ वाँ अंक भोजपुरी साहित्य विशेषांक के रूप में प्रकाशित भइल नजर आवता। एह विशेषांक में भोजपुरी भाषा, साहित्य, कला आ संस्कृति संबंधी शोधमूलक लेखन का साथे कथा, कविता, गीत, गजल, हाइकु, एकांकी आदि विविध विधन के रचना संगृहीत बाड़े स। एह प्रकार नेपालीय भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास में नवप्रज्ञापन के योगदान विशेष उल्लेखनीय नजर आवता।

(ङ) भोजपुरी टाइम्स दैनिक

अब तक भोजपुरी में निरंतर प्रकाशित होखेवाला एकेगो दैनिक पत्रिका बा, *भोजपुरी टाइम्स दैनिक* जे वीरगञ्ज से निकलेला। वि. २०७१ सावन २३ गते (८ अगस्त २०१४) से निरन्तर निकल रहल एह दैनिक पत्रिका के संपादक आ सह-संपादक बानी क्रमशः संतोष चौरसिआ आ श्रवण प्रसाद साह त एकर प्रकाशक बानी अजय चौरसिआ।

६.५.१० भोजपुरी पुरस्कार आ सम्मान

एह चरण में नेपालीय भोजपुरी साहित्य-जगत में ऐतिहासिक आ महत्त्वपूर्ण भाषिक-साहित्यिक कार्य सब में देश-विदेश में रहके भोजपुरी भाषा आ साहित्य के सेवा करेवाला विशिष्ट साहित्यकार लोग के कदर करे खातिर कुछ पुरस्कार आ सम्मान के स्थापना आ समर्पण के कार्य भइल नजर आवता। वि. २०७६ में वीरगंज महानगरपालिका द्वारा गठित भोजपुरी प्रतिष्ठान के मार्फत समर्पण कइल गइल महत्त्वपूर्ण पुरस्कार आ सम्मान एह प्रकार के बाड़े सः

www.bhojpurisahityangan.com

६.५.१०.१ पं. दीपनारायण मिश्र अंतर्राष्ट्रीय पुरस्कार

वि. २०७७ में स्थापित पं. दीपनारायण मिश्र अंतर्राष्ट्रीय पुरस्कार विदेश में स्थायी रूप में बसोबास करेवाला आ भोजपुरी भाषा आ साहित्य में योगदान पहुँचावेवाला विशिष्ट स्रष्टा के प्रदान कइल जाएवाला पुरस्कार आ सम्मान ह। एह पुरस्कार में सम्मान-पत्र का साथे रू. १,००,०००/– (अक्षरेपी एक लाख मात्र) के राशि भी सामिल बा। वि. २०७८के पं. दीपनारायण मिश्र अंतर्राष्ट्रिय पुरस्कार से भारत, देवरिया के प्रा. डॉ. अरूणेश निरन के पुरस्कृत आ सम्मानित कइल गइल नजर आवता।

६.५.१०.२ नेपाल भोजपुरी राष्ट्रीय पुरस्कार

भोजपुरी प्रतिष्ठान से प्रदान कइल जाएवाला नेपाल भोजपुरी राष्ट्रीय पुरस्कार नेपाल में स्थायी रूप में बसोबास कके भोजपुरी भाषा आ साहित्य के क्षेत्र में विशेष योगदान पहुँचावेवाला स्रष्टा लोग के देहल जाएवाला पुरस्कार ह आ एकर राशि रू ५१,०००/– (अक्षरेपी एकावन हजार मात्र) बा। वि. २०७८ से एकर समर्पण कार्य प्रारंभ भइल एह पुरस्कार से ओह साल भोजपुरी साहित्य के विकास में महत्त्वपूर्ण योगदान पहुँचावेवाला साहित्यकार मुकुंद आचार्य पुरस्कृत आ सम्मानित भइल दिखाई देत बाड़ें।

६.५.१०.३ लोकरङ भोजपुरी पुरस्कार

वि. २०७८ से भोजपुरी प्रतिष्ठान, वीरगंज से प्रदान कइल जाएवाला एह पुरस्कार के राशि भी रू ५१,०००/– (अक्षरेपी एकावन हजार मात्र) ही बाटे। ई पुरस्कार प्रत्येक वर्ष पाँच जना भोजपुरी लोकरङकर्मी लोग के संयुक्त रूप में देहल जाएवाला पुरस्कार ह। वि. २०७८ में एह पुरस्कार से सलिम मियाँ, शम्भुप्रसाद आ राजदेव दास संयुक्त रूप में पुरस्कृत भइल बाड़ें।

६.५.११ सरकारी संचार माध्यम में भोजपुरी

एह कालखंड के पाँचवा चरण में रेडिओ नेपाल से प्रसारित हो हो रहल भोजपुरी समाचार यथावत चलत रहल त साप्ताहिक कार्यक्रम *संगम* के साथ साथ २०६३ जेठ १५ गते से साप्ताहिक रूप में हरेक मङर के ४५ मिनट के दोसर कार्यक्रम *भोजपुरिआ सनेस* के प्रसारण होखे लागल। एह कार्यक्रम के पहिलका प्रसारण भोजपुरी गीत-संगीत से सुरु भइल जहाँ कार्यक्रम संचालन में रहलें ढुनराज शर्मा आ राकेश मेहता त गीत-संगीत में रहलें डॉ. गोपाल ठाकुर, मधु गुरुङ, हरिशंकर चौधरी सहित के लोग।

एकरा बाद जब संविधान सभा से संविधान निर्माण हो गइल तब से दैनिक १० मिनट के भोजपुरी समाचार के साथ साथ १ घंटा के हप्ता में ४ दिन के कार्यक्रम प्रसारण हो रहल बा, रेडिओ नेपाल के मधेश प्रदेश के बर्दिवास प्रसारण केंद्र से।

एहीतरे एह चरण में नेपाल टेलिभिजन में साप्ताहिक रूप में नियमित कार्यक्रम भोजपुरी आवाज प्रसारण हो रहल बा जेकर कार्यक्रम संचालक बाड़ें भउच प्रसाद यादव।

www.bhojpurisahityangan.com

एकरा अलावा निजी स्तर पर संचालित एफ. एम. रेडिओ सब पर भी भोजपुरी समाचार आ कार्यक्रम के प्रसारण हो रहल बा।

६.५.१२ सरकारी कामकाज ला सिफारिस

वि. २०७२ में जारी नेपाल के संविधान के धारा २८७ में भाषा आयोग गठन के प्रावधान बा। २०७३ भादो २३ गते भाषा आयोग के गठन भइल आ २०७८ भादो २१ गते ई नेपाल सरकार के प्रादेशिक आ स्थानीय स्तर पर नेपाली के अलावा आउर भषन के सरकारी कामकाज में प्रयोग के सिफारिस कइलस। एह सिफारिस के कुछ अंश पुनः सत्यापन के साथ २०८० कुआर १८ गते पूरक सिफारिस भइल। एह सिफारिस के अनुसार भोजपुरी के नेपाल के मधेश आ लुंबिनी प्रदेशन में सरकारी कामकाज के भाषा के रूप में सिफारिस कइल गइल बा। प्रदेश संसद से ओकरा के औपचारिक रूप देवे के काम आगा बढ़ रहल जानकारी मिलल बा।

६.५.१३ एह चरण के फुटकर कवि आ रचनाकार

एह चरण में कविता, कथा, उपन्यास, निबंध, नाटक, शोध, समालोना के कृतिअन के प्रकाशन के साथे-साथ उल्लेख्य मात्रा में फुटकर कविता, कथा, निबंध, समालोचना, यात्रा-संस्मरण, अंतर्वार्ता आदि रचनन के प्रकाशन भी भइल बा। नेपालीय भोजपुरी साहित्य के विकास में प्रकाशित कृतिअन के साथे-साथ एह फुटकर रचनन के भी ओतने महत्त्वपूर्ण योगदान बा। एह चरण में मधेश प्रदेश आ लुंबिनी प्रदेश में रहके बहुत रचनाकार लोग भोजपुरी साहित्य सृजना कइले बाड़ें। मधेश प्रदेश में बसोबास कके भोजपुरी साहित्य सृजना करेवाला फुटकर रचनाकार आ ओह लोग के रचना एह प्रकार बा— बतहु यादव (*किसान नेता हरिहर यादव से पहिला मूलाकात*, अंतर्वार्ता), रामेश्वर मेहता (*भोजपुरी साहित्य में अश्लीलता के ग्रहण*, निबंध), रामबाबु प्रसाद यादव (*समाचकेवा के गीत*), प्रतिमा साह (*बाप-मतारी*, कविता), धीरेन्द्र यादव (*गजब जिनकर बात बा*, कविता), सलीम समदर्शी (*गीत*), रमेश प्रसाद कुशवाहा (*आजु के संसार*, कविता), भागवत पांडेय (*आठेगो काट*, कविता), योगेन्द्र गोसाईं (*भोजपुरी रंग रूप*), लक्ष्मी कुमारी जयसवाल (*पल्टु काका*, कविता), नथुनी ठाकुर (*दीवानगी*, कविता), वीरेन्द्र प्रसाद जयसवाल (*बोलक्कड़ बाबु*, कविता), पूजा घिमिरे (*तोहनी सब*, कविता), सौरभ साह रञ्जन (*सब से बड़का दारु बा*, कविता), शहनाज हवारी (*नेता लोग*, कविता), रामकिशन यादव (*हमार भोजपुरी महान*, कविता), राज गुप्ता (*बेटी के नसीब माई के महिमा अपरम्पार*, कविता), ध्रुवलाल सहनी (*गीत भैया गाव हो*, कविता), सुजीतकुमार अर्याल (*रउआ महान हईं*, कविता), रामधारी यादव (*उपेक्षित भोजपुरी भाषा*, निबंध), सुरेश कुमार मोदक (*भक्ति भाव*, गीत), लक्ष्मी सिंह (*भइल विआह मोर करबऽ का*, कविता), इसहाक हुसेन 'निशान' (*तराई के माटी*, कविता), रघुनाथ प्रसाद यादव (कविता), सुनील सुवेदी (*किसान*,

www.bhojpurisahityangan.com

कविता), समीक्षा सुवेदी (*मातृभूमि*, कविता), उर्मिला सर्राफ (*बेटी के विनती, दहेज के खिलाफ*, कविता), काशी ठाकुर (गीत), शम्भु प्रसाद कुशवाहा (गजल), सरस्वती कुशवाहा (गीत), राज बस्नेत (*शान्ति केने बा*, कविता), अमृता कुशवाहा (*इमानदार नेता*, कविता), दीक्षा सुवेदी (*शान्ति तू फिरके आवऽ*, कविता), ज्योति कुशवाहा (*गढ़ीमाई मेला*, कविता), प्रमोद तिवारी (*चिरई*, कविता), मनोज उपाध्याय (*समा भइया*, कविता), सुशील मुड़भरी (*भगवान श्रीकृष्ण*, लेख), मौसमी कुशवाहा (गीत, कविता), चंदन साह (कविता), आमोद प्रसाद गुप्ता (*जनता जाने के चाहता*, कविता), गजेन्द्र गुप्ता (लेख), विजय कुमार साह (हाइकु), भूपेन्द्र प्रसाद कुशवाहा (निबंध), प्रतिमा चौधरी (कविता), अफ्रोज अर्पण (कविता), डॉ. अमरेश यादव (*दुश्मन*, कविता), डॉ. रामभक्त ठाकुर (*भग्नावशेष में छिटाइल सेमरवनगढ़ के बैभव*, लेख), सुभाष कुमार बैठा (*परदेशिया के पीड़ा*, कविता), संजु बाबा मोची (*असफल*, कथा), संजीव कुमार रञ्जन (*बुढ़ऊ के बियाह*, कथा), सेलिना प्राची (*लकड़ायन, मैडमजी आ उनकर कुत्ता*, कथा) आ मनोज वर्मा (*नेपाल केने जा रहल बा*, कविता) आदि।

ओही तरे लुंबिनी प्रदेश में स्थायी रूप में बसोबास कके भोजपुरी भाषा में साहित्य सृजना करेवाला फुटकर रचनाकार आ ओह लोग के रचना एह तरे के बा— पंचराम मौर्य (*मातृभाषा पाठ्यक्रम औचित्य आ चुनौती*, लेख), राजेश जिज्ञासु (निबंध), विनोद कुमार उपाध्याय (*खसवादी लोगन के भी भोजपुरी बोलेके बाध्य कइल हमनै के काम होय*, निबंध), विनोद कुमार बरई (*अन्ना हजारे स्वयं में एक पाठशाला*, यात्रा निबंध), बजंरी लाल (*मझधार फँसी अब नइया*, कविता), स्वराक्षी स्वरा (गजल), निर्भर नीर (गजल), अली रहमत देवान (*नया युग के सुरुवात*), सोनु बनिया (*किसान के पीड़ा*, कविता), गणेशनाथ तिवारी (*कहेलु की कहेला*, कविता), राजीव रिमाल (*कोरोना लाग गइल बा*, कविता), जीतेन्द्र प्रजापति (*बिछड़ल यार खातिर*, कविता), श्रीओम साहनी (*कोरोना गीत*), विश्वनाथ सिंह पालिवाल (*मोर मनवा*, कविता), रामजियावन यादव (*कोरोना के असर*, कविता), राम रतन यादव (*किसान*, कविता), भोला बनिया (लेख), परमशिला बनिया (लेख), मुबारक अली (गजल), राकेश कुमार यादव (*तुहऽ साथी*, कविता), दीपक कलवार (निबंध), सुरेश यादव (लेख), सीताराम मौर्या (*विद्यार्थी बाबू*, लेख), अरुणा पटेल (*भोजपुरी के प्रत्यय*, लेख), बम बहादुर थारू (*लागल पिरितिया महुआ से*, निबंध), दशरथ प्रसाद थारू (*ईंटा के मकान*, कविता), प्रह्लाद थारू (*दहेज आ बाल विवाह*, कविता) आदि।

एह प्रकार भोजपुरी भाषा आ साहित्य के विकास खातिर एह चरण में उच्च शिक्षा में उपाधि खातिर होखे भा विभिन्न सरकारी-गैरसरकारी संस्थन से करावल गइल शोधकार्य, व्याकरण आ शब्दकोश निर्माण के साथ-साथ नेपाल भोजपुरी समाज, भोजपुरी प्रज्ञा-प्रतिष्ठान, भोजपुरी साहित्य विकास मंच, भिन्सहरा सामाजिक

www.bhojpurisahityangan.com

संस्था, भोजपुरी प्रतिष्ठान जइसन साहित्यिक संघ-संस्थन के गठन भइल, गोरखापत्र (दैनिक पत्रिका) से *भोजपुरी पृष्ठ* के साथे *भोजपुरिया माटी*, *महुआ* (वार्षिक), *भोजपुरी दर्शन* (त्रैमासिक) आ *भोजपुरी टाइम्स* (दैनिक भोजपुरी) जइसन पत्र-पत्रिकन के प्रकाशन भइल, कक्षा ६ से १० तक भोजपुरी पाठ्यपुस्तक के लेखन-कार्य संपन्न भइल, पं. दीपनारायण मिश्र अंतर्राष्ट्रिय पुरस्कार, नेपाल भोजपुरी राष्ट्रिय पुरस्कार आ लोकरङ भोजपुरी पुरस्कार के स्थापना आ संबंधित क्षेत्र में महत्त्वपूर्ण योगदान पहुँचावेवाला विशिष्ट साहित्य-साधक लोग के समर्पण कइल, भोजपुरिया माटी, गीत गजल, मधुपर्क भोजपुरी साहित्य विशेष आ नवप्रज्ञापन बहुभाषा कथा विशेषाङ्क ८४ आ ९६ प्रकाशित भइला का साथे-साथे भाषा आयोग, नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान आ त्रिभुवन विश्वविद्यालय जइसन भाषिक, प्राज्ञिक आ शैक्षिक संस्थन से शोध अनुसंधान के कार्य सब के संपन्न भइला का साथे उल्लेख्य रूप में फुटकर कविता, कथा, गीत, गजल, लेख, निबंध आदि रचनन के प्रकाशन के एह चरण के महत्त्वपूर्ण उपलब्धि मानल जा सकता।

६.५.१४ संगीत-नाट्य में भोजपुरी

एह चरण में एह से पहिले के संगीत-नाट्यकर्मी लोग में जीवित लोग के निरंतरता कायम रहल बा, त कुछ नया चेहरा के भी प्रवेश भइल नजर आवताः

६.५.१४.१ विनीता यादव (वि. २०५५)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, देवाही गोनाही नगरपालिका, वार्ड नं. ३, देवाही निवासी विनीताजी के जन्म २०५५ बैसाख ५ गते भइल बा। इनकर मूल विध गायकी ह। ई हनुमान आराधना आ आउर मंचीय कार्यक्रम में आपन प्रस्तुति देत रहेली।

६.५.१४.२ किशोर साह कानू (वि. २०५६)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, धोबिनी गाँवपालिका, वार्ड नं. ४, बखरी निवासी किशोर साह के जन्म २०५६ आषाढ़ २० गते भइल बा। ऊ एकजने कुशल नर्तक बाड़ें। नृत्य में भी उनकर विशेष विधा भोजपुरी झाँकी नृत्य हवे।

६.५.१४.३ रीमा सरगम पासवान (वि. २०५७)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, गुजरा माई नगरपालिका,वार्ड नं. ७, प्रतापपुर पल्टुआ निवासी रीमा सरगम के जन्म २०५७ माघ २१ गते भइल बा। ऊ बाल्यकाल से गायन विधा से जुड़ल बाड़ी।

६.५.१४.४ छोटू राजा (वि. २०५८)

मधेश प्रदेश, पर्सा जिला, वीरगंज महानगरपालिका, वार्ड नं. २३ निवासी छोटू राजा के जन्म २०५८ कात्तिक १२ गते भइल बा। ऊ बाल्यकाल से भोजपुरी गायकी से जुड़ल बाड़न। उनकर वाद्ययंत्र हार्मोनिअम आ की-बोर्ड ह।

www.bhojpurisahityangan.com

६.५.१४.५ नवीन पटेल (वि. २०६०)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, बौधीमाई नगरपालिका निवासी नवीनजी के जन्म वि. २०६० में भइल बा। महिना आ गते ज्ञान नइखे होखे सकल। ऊ एह क्षेत्र में गायन, लेखन आ अभिनय के माध्यम से जुड़ल बाड़न।

६.५.१४.६ मंजू ठाकुर (वि. २०६०)

मधेश प्रदेश, रौतहट जिला, गरुड़ा नगरपालिका, वार्ड नं. २, गेंड़ही गुठी निवासी मंजू ठाकुर के जन्म वि. २०६० में भइल बा। महिना आ गते ज्ञान नइखे होखे सकल। ऊ अपना सुमधुर गायकी से सोहरत में बाड़ी।

६.५.१५ सिनेमा में भोजपुरी

भारत में १९६३ ई. से भोजपुरी सिनेमा निर्माण के सुरुआत भइल इतिहास बा। बाद में कुछ चलचित्रन में प्रत्यक्ष-परोक्ष नेपाली नागरिक लोग के भी कुछ हद तक लगानी का साथे नेपालीय कलाकारन के भी प्रवेश देखेके मिलेला। बाँकिर चलचित्र विकास बोर्ड, काठमाड़ो से संपर्क कइला पर औपचारिक रूप से नेपाल में भोजपुरी चलचित्र निर्माण भोजपुरी भाषा के इतिहास के एही अंतिम कालखंड से सुरू भइल अभिलेख मिलल बा। ओह अभिलेख के नीचे तालिका ६.१ में परोसल गइल बाः

तालिका ६.१ नेपाल में निर्मित भोजपुरी चलचित्र

नेपाल में निर्मित भोजपुरी चलचित्र

(क) सेल्युलाइड चलचित्र

क्रम	नाम	निर्माता	दर्ता मिति	सेंसर मिति
१.	दिदी तेरा देवर दिवाना	श्री कुमारी माई मुभिज	२०६२/०२/१८	२०६३/०३/१९
२.	सजनवा अनाड़ी सजनी खेलाड़ी	श्रीवास्तव फिल्म्स प्रा.लि.	२०६३/०६/३१	
३.	सास ननद भौजाई	जयमातादी फिल्म्स प्रोडक्सन	२०६३/०८/०८	२०६४/०१/३१
४.	स्वर्ग (बाद में त्रिनेत्र)	भगवती फिल्म प्रोडक्सन	२०६४/१०/०२	
५.	सास-ससुर के प्यार	जगदंबा फिल्म्स प्रोडक्सान	२०६४/११/०५	२०६६/०५/२५

(ख) भिडियो चलचित्र

क्र.सं.	नाम	निर्माता	दर्ता मिति	सेंसर मिति
१.	सजन परदेशिया	जय सुंदरी माई फिल्म्स	२०६३/०७/२२	
२.	भइया के दुलार	श्री आर.के.टी. फिल्म प्रोडक्सन	२०६४/०४/२९	
३	सजना तू कब अइबऽ?	सहारा फिल्म्स प्रोडक्सन	२०६४/०९/१९	
४	बाबु के खुसी	जय गढ़ीमाई फिल्म्स प्रा.लि.	२०५४/१०/२८	
५.	लक्की कनियाँ	धर्मात्मा फिल्म्स प्रो. प्रा.लि.	२०७०/०४/१७	
६.	मोर जंग	के. एम. मिडिया	२०७०/११/०६	

www.bhojpurisahityangan.com

७.	लाइम दुल्हन पाकिस्तान से	काइट्स इंटरटेनमेंट प्रा.लि. आ पुनरवसु क्रिएसन प्रा.लि.	२०७२/०३/१४	
८.	बदला वन्स एगेन	वर्ल्डवाइड फिल्म इंडष्ट्रिज प्रा.लि.	२०७३/०१/२६	
९.	कलियुग के राम	पुनरवसु क्रियशन प्रा.लि.	२०७३/०८/२०	
१०.	मधेशी पुत्र-२	अनुरागी फिल्म्स प्रा.लि.	२०७४/०३/०९	२०७४/०९/०३
११.	मोहब्बत धोखा ह...	हमार भोजपुरी फिल्मी दुनियाँ प्रा.लि.	२०७४/१२/२२	
१२.	जुल्मी दहेज	बाबा बी फिल्म्स प्रा. लि.	२०७८/१२/२५	

(ग) डिजिटल चलचित्र

क्र.सं.	नाम	निर्माता	दर्ता मिति	सेंसर मिति
१.	बेटा हो त एइसन	मूभी स्टेशन प्रा.लि.	२०६८/०२/०८	२०६८/०४/१९
२.	हमार बदला	माता पाथीभरा फिल्म्स प्रा.लि.	२०६९/०३/२०	२०७०/०६/२१
३.	बिकल दुल्हा मौगी के गुलाम	मजिता सिने क्रियसन	२०६९/११/१०	२०७०/०६/१३
४.	प्यार के दुश्मन	सर्राफ मुभिज प्रा.लि.	२०७०/०९/२४	२०७०/१२०७
५.	दिवाना-२	कुमारी माई मुभिज	२०७१/०२/१३	
६.	जब प्यार किया तो डरना क्या?	कुमारी माई मुभिज	२०७१/०२/१३	
७.	जय श्रीराम	ॐ सत्य शक्ति महाशक्ति पिक्चर्स	२०७१/०३/१२	
८.	जय गढ़ीमाई	नेपाल म्याक्स अडियो भिडियो	२०७१/०५/१८	२०७१/०८/२२
९.	स्वर्ग जइसन घर हमार	प्यानोरमा मुभिज	२०७२/१२/१०	२०७३/०३/३०
१०.	जय मधेस	माँ राधिका इन्टरनेशनल मुभिज प्रा.लि.	२०७३/०२/२१	२०७३/०८/०६
११.	मजाक (नेपाली में स्वरांकन कइल)	माँ कमला फिल्म इंटरटेनमेंट प्रा.लि.	२०७३/०५/२९	२०७३/१०/२४ २०७४/०१/२८
१२.	निरहुआ चलल लंडन	खड्का फिल्म्स प्रा.लि.	२०७४/०३/०९	२०७५/०९/११
१३.	संजय ऐज दिवाना इन दिवानापन	महतो फिल्म्स प्रा.लि.	२०७४/०६/२९	
१४.	इश्क मोहब्बत जिंदाबाद	राधिका मुभिज प्रोडक्सन प्रा.लि.	२०७४/०८/०५	
१५.	सुरवीर	राम्रा प्रोडक्सन प्रा.लि.	२०७४/११/२५	
१६.	शेर-ए-हिंदुस्तान	राम्रा प्रोडक्सन प्रा.लि.	२०७५/०३/०४	२०७५/११/२८
१७.	रण	खड्का फिल्म्स प्रा.लि.	२०७६/०७/०३	२०७९/०३/०५
१८.	मधेशी बाबू	शिवम् राउत फिल्म्स प्रा.लि.	२०७६/८/१८	
१९.	नसिहत	बि. जि. बि. इंटरटेन्मेंट प्रा.लि.	२०७७/०८/०३	
२०.	माही	आर. के. एस. इंटरटेन्मेंट प्रा.लि.	२०७७/१०/२२	
२१.	निरहुआ हाजिर हो	शिवम् राउत फिल्म्स प्रा.लि.	२०७८/११/२०	
२२.	जान काहे बन गइलू	पशुपतिनाथ प्रोडक्सन प्रा.लि.	२०७८/१२/०४	
२३.	मिसन	शर्मा क्रियसन रेकर्डिङ मिडिया प्रा.लि.	२०७९/०३/२२	

www.bhojpurisahityangan.com

२४.	देशप्रेमी	माँ राधिका इंटरनेशनल प्रा.लि.	२०८०/०३/२६	
२५.	बिहार से काठमांडू	माँ राधिका इंटरनेशनल प्रा.लि.	२०८०/०६/१५	
२६.	मेयर सिंह	एविड्ज नेपाल प्रा.लि.	२०८१/०१/२७	
२७.	प्यार के लिए	संपदा संस्कृति फिल्म्स प्रा.लि.	२०८१/०३/१८	

स्रोतः चलचित्र विकास बोर्ड, काठमाड़ो

एह तालिका के देखला पर सेल्युलाइड भोजपुरी चलचित्र के संख्या ५, भिडिओ चलचित्र के संख्या १२ आ डिजिटल चलचित्र के संख्या २७ लउकता। ई कुल ४४ भोजपुरी चलचित्रन में १६ के सेंसर संपन्न होके वैधानिक रूप से बाजार में पहुँचल नजर आवता। नेपाल के कुल जनसंख्या के ६.२४% भोजपुरी भाषिअन के उपस्थिति रहल हिसाब से देखल जाए त भोजपुरी सिनेमा के नेपाल में निर्माण आ प्रदर्शन के निराशाजनक ना कहल जाई, बाँकिर संतोष कइल उपयुक्त नइखे।

नेपाल के सिनेमा जगत में आपन निर्देशन आ अभिनय करेवाला लोग के संक्षिप्त सूची कुछ एहतरे प्राप्त भइल बाः

चरित्र अभिनेता के रूप में शिवजी ठाकुर (कृतिशेष), खैरुदिन हवारी, अजीत अग्रवाल, शिव कुर्मी, ॐ आर्या, बृज किशोर पटेल, दीपनारायन शर्मा, संतोष कुमार, वीरेंद्र ठाकुर, मुख लाल, मुन्ना सर्राफ, दिनेश साह, अनिल सर्राफ के नाम प्रमुख बा।

चरित्र अभिनेत्री लोग में उमा थापा, पुष्पा पांडे (कृतिशेष), बिमला गुप्ता (सह नायिका), स्नेहा चौधरी, श्रुति सहनी, संगीता तिवारी, नेहा, नर्मदा, ईशा झा के नाम प्रमुख बा।

ओहीतरे नायक अभिनेता लोग में समीर खान, प्रदेसी साह उर्फ़ संतोष साह, रमेश अग्रवाल, संजय श्री, जीतेंद्र पटेल, मुन्ना मुस्कान, सद्दाम हुसैन, भरत सर्राफ, अनिल वर्मा, प्रकाश नेपाल, दशरथ दीवाना, अजमत अली अंसारी प्रमुख बा लोग।

निर्देशक लोग में अजमत अली अंसारी, सुनील तिवारी, मुकेश शर्मा, सरोज पंडित, रामण बस्नेत प्रमुख बा लोग।

६.५.१६ ललितकला में भोजपुरी

ललितकला के क्षेत्र में राम प्रसाद साह के योगदान के चर्चा एह अध्याय में उपर हो चुकल बा। उनकर निरंतरता त अब तक बड़ले बा। बाँकिर एह चरण में सशक्त रूप में दूजने के नाम चर्चित बाः अजमत अली अंसारी आ मुकेश महतो।

अजमत अली के संगीत-नाट्य में योगदान के चर्चा हो चुकल बा। मूलभूत रूप में चित्रकला में उनकर योगदान बेजोड़ बा। सब से सराहनीय पक्ष ई बा कि ऊ स्कूली लइकन के एकर प्रशिक्षणो देवेलन। उनका अविरल योगदान के कदर करत नेपाल सरकार का ओर से ऊ नेपाल ललितकला प्राज्ञ सभा के सदस्य भी नियुक्त भइल बाड़न।

www.bhojpurisahityangan.com

अजमत अली के समकक्षी बाड़न मुकेश महतो। उनकरो चित्रकारी बेजोड़ बा। एह दूनू जने के अलावा भोजपुरी शैली के चित्रकारन में अभीन श्वेता शाह, आदित्य पटेल, रवि यादव आ आकिब अली अंसारी उद्दीप्यमान बाड़ें।

६.६ सारांश

एह अध्याय में भोजपुरी भाषा के इतिहास के आधुनिक कालखंड पर विस्तृत चर्चा कइल गइल। पहिलका चरण में कविता आ नाटक लिखाई आ मंचन से नेपालीय धरती पर सुरु भइल भोजपुरी भाषा के उन्नयन दोसरका चरण पंचायती राजनीतिक सर्वसत्तावाद का कारण कुछ अन्नार जइसन रहल। तिसरका चरण में जनमत-संग्रह में सुधारल पंचायती व्यवस्था के जीत का चल्ते बालिग मताधिकार त जनता के मिलल, बाँकिर गाउँ फर्क (गाँव लोटऽ) राष्ट्रीय अभियान के हाँथ में कौनो व्यक्ति के कौनो तह के उम्मेदवारी खातिर अनुमोदन लेहल अनिवार्य रहे, यानी एकरा मार्फत ओह व्यक्ति के राजभक्त पंच बनावल जात रहे। अइसन में भोजपुरी में कुछ रचना, पुस्तक आ नियमित पत्र-पत्रिका के प्रकाशन आ कवि-गोष्ठिअन के आयोजन संभव भइल। चउथा चरण में भोजपुरी देश के सरकारी संचार माध्यम के रूप में रहल रेडिओ नेपाल आ नेपाल टेलिभिजन से लेके शैक्षिक क्षेत्र में प्रवेश पइलख। त्रिभुवन विश्वविद्यालय का साथे देश-विदेश के आउर विश्वविद्यालयन में भोजपुरी पर एकर भाषिक-सांस्कृतिक चरित्र पर शोधकार्य आरंभ भइल त पाँचवा चरण में नेपाल के धरती पर भोजपुरी के राष्ट्रीय-अंतर्राष्ट्रीय मान्यता खातिर जरूरी समझल जाएवाला व्याकरण आ शब्दकोश बनला का साथे शिक्षा क्षेत्र में प्रवेश भइल त भाषा आयोग एकरा के मधेश आ लुंबिनी प्रदेश में सरकारी कामकाज के भाषा के रूप में सिफारिसो कइलख। एह सब उपलब्धिअन के एह अध्याय में संक्षेप में चर्चा कइल गइल बा।

❖

www.bhojpurisahityangan.com

अध्याय सात
आधुनिक काल
(१९५० ई. से अब तक)
नेपाल से बाहर भोजपुरी

७.० नेव

एह कालावधि में बहुत महत्त्वपूर्ण राजनैतिक परिवर्तन भइल। भारत आजाद त भइल बाँकिर खंडित रूप में (सिंह २००९, पृ. ५०)। फलतः ओकरा सांप्रदायिक दंगा से गुजरेके पड़ल। देश में समाजवादी व्यवस्था कायम करे का क्रम में सोभिअत संघ के नमूना अनुसार पंचवर्षीय योजना लागू कइल गइल। जमींदारी प्रथा समाप्त भइल। हर क्षेत्र में विकास के कुछ काम भइल; बाँकिर भारत-चीन युद्ध के बाद ऊ कारगर ना होखे सकल। देश के मूल राजनीति में देखल गइल विसंगति के विरोध के क्रम में एक बेर आपात्कालो ओजमावल गइल। बाँकिर आपात्काल में भी चुनाव के परिणाम शासकीय पक्ष के विरोध में गइल। हलाँकि, नया राजनीतिक नेतृत्व भी कुछ निमन ना करे सकल, जेकरा कारण से फेर पुरनके के हाथ में सत्ता के बागडोर गइल भी कुछ पाठ सिखा रहल बा। एकरा बाद राजनीतिक हत्या सहित के उलट-फेर भी देखल गइल, बाँकिर अब तक उहाँ संसदीय लोकतन्त्र पर ग्रहण लगावे के कोसिस भइल नइखे देखल गइल।

एह से पहिले उल्लेख भइल नेपाल-भारत से सोना, चानी, हीरा, जवाहरात आदि के लालच देके बड़ा दारुण अवस्था में जे लोग के गिरमिटिआ भा कंत्राकी मजदूरन के रूप में तत्कालीन बेलायती, फ्रांसीसी, डच आदि उपनिवेशन में ले जाइल गइल रहे, एही कालक्रम में उहो लोग के औपनिवेशिक जीवन से मुक्ति मिलल।

सब से पहिले ३१ मई १९६१ में दक्खिन अफ्रिका के स्वाधीनता मिलल, बाँकिर स्वाधीन देश में भी ओकरा तीन दशक से बेसिए रङभेद से गुजरेके पड़ल। सन १९९४ से लोकतंत्र, गणतंत्र आ समावेशीकरण के रास्ता से कुछ अच्छा कइल मानल जा रहल बा।

ओकरा बाद ३१ अगस्त १९६२ में ट्रिनिडाड आ डुबैगो, २६ मई १९६६ में गुयना, १२ मार्च १९६८ में मॉरीशस, १० अक्टोबर १९७० में फिजी आ २५ नवंबर १९७५ में सुरीनाम जइसन देशन के परतंत्रता से स्वाधीनता प्राप्त भइल।

भारत से रोजी-रोटी के सिलसिला में सात समुंदर पार स्वर्ग खोजे गइल भोजपुरिआ जन के हमेसा प्रयास रहल, अगर स्वर्ग बा त ओके धरती पर उतरहीके होई। बहुत हद तक लोग के सफलतो मिलल। मूलतः बेलायती उपनिवेशवाद में ओह लोग के नेपाल-भारत से निकाल देहल गइल रहे। भले कमे लोग होखे, बाँकिर नेपाल से जे लोग सात समुंदर पार गइल, भारतीय परिचय बनाके गइल। काहेकि नेपाली शासन में कुछ खास जाति आ नश्ल खातिर मात्रे विदेश में गोर्खाली सैन्य सेवा के अवसर प्राप्त रहे। खैर, एह कालक्रम में ओहू लोग के आजादी मिलल आ आपन किसमत खुद बना रहल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

अतः नेपाल से बाहर भोजपुरी भाषा-साहित्य-संस्कृति के उत्थान खातिर एह कालक्रम में भइल शोध-खोज आ सृजन के अति संक्षेप में एह अध्याय के खंड में प्रस्तुत कइल गइल बा। खंड ७.१ में भारत में भोजपुरी, खंड ७.२ में मॉरीशस में भोजपुरी, खंड ७.३ में फिजी में भोजपुरी, खंड ७.४ में दक्खिन अफ्रिका में भोजपुरी, खंड ७.५ में ट्रिनिडाड आ टुबैगो में भोजपुरी, खंड ७.६ में सुरीनाम में भोजपुरी, खंड ७.७ में गुयना में भोजपुरी आ खंड ७.८ में आउर देशन में भोजपुरी के अवस्था पर अँजोर कके खंड ७.९ में एह अध्याय के सारांश परोसल गइल बा।

७.१ भारत में भोजपुरी

७.१.१ लोकवार्ता

लोकवार्ता का बारे में एह से पहिलका अध्याय सब में पर्याप्त चर्चा हो चुकल बा। ई कहल जरूरी नइखे कि लोकवार्ता में सर्जक आ सृजनकाल अनिश्चित होला। एकर पता लगावे के दिशा में ओह में प्रस्तुत भाषा के प्रकार, विषयवस्तु, शैली आदि से अनुमान भर कइल जा सकेला। बाँकिर ओह लोकवार्ता के संकलन भा अभिलेखीकरण के काम के प्रकाशन के कालक्रम अनुसार वर्णन कइल उपयुक्त रही।

७.१.१.१ दुर्गाशंकरप्रसाद सिंह (१८९६-१९७०)

बाबू विश्वनाथ प्रसाद सिंह के सुपुत्र का रूप में जन्मल दुर्गाशंकर प्रसाद सिंह भोजपुरी के काव्य आ लोकवार्ता दूनू विधा के इतिहास अन्वेषक हईं।

(क) भोजपुरी लोक-गीत में करुण रस (१९६५)

हिंदी साहित्य सम्मेलन, प्रयाग से प्रकाशित इनकर एह ग्रंथ के दू खंड में देखल उचित रही। पहिलका खंड में भोजपुरी भाषा, एह में विरासत में मिलल लोकवार्ता आ व्याकरण के साथ साथ साहित्य के अनेकन विधन कें संक्षिप्त परिचय देहल बा त दोसरका खंड में भोजपुरी लोक-गीतन के फेहरिस्त परोसल बाः सोहर, जँतसार, झुमरा, कहँरवा, भजन, बरमासा, अलचारी, खेलौना, देवीगीत, बिआह के गीत, पूर्वी, कजरी, रोपनी आ निराई के गीत, हिंड़ोला, बटगायन आ आउर विविध गीत संकलित बाड़े स। हरेक गीत में पहिले आ पाछे भी अर्थ सहित करुण रस के चर्चा कइल गइल बा।

७.१.१.२ डॉ. कृष्णदेव उपाध्याय

डॉ. कृष्णदेव उपाध्याय के जन्म १९१० ई. में भारतीय राज्य उत्तर प्रदेश के बलिआ जिला के सोनबरसा गाँव में भइल। इनकर सुरुआती पढ़ाई गाँवे में भइल, माध्यमिक शिक्षा बलिआ में आ उच्च शिक्षा काशी हिंदू विश्वविद्यालय बनारस में भइल।

हिंदी आ संस्कृत में स्नातकोत्तर के बाद भोजपुरी लोकगीतन पर आपन शोध-प्रबंध लिखके उहाँका विद्यावारिधि हासिल कइनी। उनका कृतित्व के संक्षेप में नीचे दर्सावल गइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

(क) भोजपुरी लोक-साहित्य का अध्ययन (१९५७)

डॉ. उपाध्याय के एही शोध-प्रबंध पर सन १९५१ में लखनऊ विश्वविद्यालय से विद्यावारिधि के उपाधि मिलल रहे जेकर पहिल संस्करण सन १९५७ में हिंदी प्रचारक पुस्तकालय, वाराणसी से प्रकाशित भइल। एह पुस्तक में भोजपुरी के लोक-गीत, लोक-गाथा, लोक-कथा प्रकीर्ण साहित्य पर गहन आ विषद अध्ययन परोसल गइल बा।

(ख) भोजपुरी और उसका साहित्य (१९५७)

डॉ. उपाध्याय के *भोजपुरी और उसका साहित्य* भारत के दिल्ली सहित कइअन जगह पर शाखा रहल राजकमल प्रकाशन से सन १९५७ में प्रकाशित बा। एह में मूलतः भोजपुरी भाषा के सामान्य परिचय, एकर संत साहित्य, लोक-साहित्य, आधुनिक साहित्य का साथे लोक-काव्य-संग्रह, लोक-नृत्य, नाट्य, लोक-संगीत आ लोक-कला के सूक्ष्म अध्ययन परोसल लउकेला। अतः शीर्षक में साहित्य मात्र रहला का बावजूद एह पुस्तक में भोजपुरी के लोकवार्ता के प्रधानता सहजे लउकेला।

(ग) भोजपुरी लोक-संगीत (१९८५)

संगीत कहला से सुर आ ताल सहित के निश्चित लय के बोध होला। जहाँ तक लोक-संगीत के बात बा त लोकगीतन के लय कालांतर में रूढ़ हो जाला जे गुनगुनाते भा कौनो वाद्ययंत्र पर झनकते पता चल जाला उहे लोक-संगीत होला। डॉ. रविशंकर उपाध्याय का सङे सहलेखन में डॉ. कृष्णदेव उपाध्याय के ई ग्रंथ भारतीय लोक-संस्कृति शोध-संस्थान, वाराणसी से १९८५ ई. में प्रकाशित भइल बा। एह ग्रंथ में सोहर, खेलौना, जनेऊ, जोग, बिआह, गौना, शीतला माता, बहुरा, गोधन, पिंड़िआ, छठी माता, सोरठी, कजरी, होरी, चइता, कहरवा, बिरहा, पचरा, गोड़ऊ, जँतसार, नेटुआ, सोहनी, झुमरा, पूर्वी, विदेसिआ, गंगा मइआ, निर्गुन, पराती, भजन आ प्रकीर्ण जइसन लोकगीतन के ओकर प्रचलित लय आ ताल सहित स्वरलिपि का साथे परोसल गइल बा।

लोकगीत के सामान्य रूप से लिपिबद्ध कके परोसला पर हो सके कुछ दिन का बाद ऊ कइसे गावल-बजावल जाए, लोग के इआदे ना रहे। अतः ताल सहित के स्वरलिपि में ओही लोकगीतन के परोसल हजारो बरीस के बादो संगीत के सामान्य ज्ञान रहल लोग आसानी से गा सकेला। ई एकर खासिअत बा।

(घ) भोजपुरी लोक-संस्कृति (१९९१)

डॉ. उपाध्याय के ई ग्रंथ सन १९९१ में हिंदी साहित्य सम्मेलन, प्रयाग से प्रकाशित बा। एह पुस्तक में भोजपुरी लोक के सनातनी हिंदू वर्णाश्रम, भोजपुरी लोक साहित्य में महिला चित्रण, भोजपुरिआ परिवार के संगठन, संयुक्त परिवार के सदस्यन के बीच में पारस्परिक संबंध, भोजपुरिअन के संस्कार, प्रथा, खान-पान, वेश-भूषा, गर-गहना, अलंकरण आ प्रसाधन के साधन, भोजपुरी लोक-कला, लोक-विश्वास, मनोरंजन के साधन, लोक-औषधी, आर्थिक जीवन, धार्मिक जीवन, दार्शनिक जीवन, भोजपुरी

www.bhojpurisahityangan.com

लोक-संस्कृति के बदलत स्वरूप, भोजपुरिअन के सुभाव आ चरित्र जइसन भोजपुरी जनजीवन के विविध पक्ष पर विषद आ सूक्ष्म अध्ययन कइल कइल बा।

(ङ) भोजपुरी लोक-गीत (२०००-२००६)

भोजपुरी लोक-गीत नामक शोध ग्रंथ के दू भाग में प्रकाशन भइल। एकर पहिलका संस्करण *भोजपुरी ग्राम-गीत* का नाँवे क्रमशः वि. २००० आ २००६ में निकलल रहे आ दोसरका संस्करण *भोजपुरी लोक-गीत* का नाँवे क्रमशः वि. २०११ आ २०२३ में प्रकाशित भइल। ई डॉ. उपाध्याय के विद्यावारिधि शोध-प्रबंध के शीर्षक रहे जेकर परिमार्जित रूप पुस्तक में आइल बा।

एह पुस्तकन में भोजपुरी लोक में करीब करीब हर संस्कार, अनुष्ठान, मौसम, ऋतु से जुड़ल लोक-गीत संगृहित बाड़े सन।

७.१.१.३ डॉ. रविशंकर उपाध्याय

डॉ. कृष्णदेव उपाध्याय का सङे सहलेखन में इनकर *भोजपुरी लोक-संगीत* के चर्चा उपर हो चुकल बा। *भोजपुरी लोकगीतों का सांस्कृतिक अध्ययन* नाँव से भारतीय लोक-संस्कृति शोध-संस्थान, वाराणसी द्वारा १९८४ ई. में प्रकाशित ई ग्रंथ भोजपुरी लोकगीतन के सांस्कृतिक धरातल के गहन अध्ययन पर आधारित बा। इनकर जीवनवृत्त का बारे में कुछ स्पष्ट थाह नइखे भइल।

आठ अध्यायन में परोसल एह ग्रंथ में भोजपुरी भाषा, लोक साहित्य के सामान्य परिचय, सामाजिक जीवन के चित्रण, भोजपुरी समाज में नारी के स्थान, संयुक्त पारिवारिक जीवन में पारस्परिक संबंध, संस्कार, खान-पान आ वेष-भूषा आ आभूषण, प्रसाधन आ मनोरंजन के साधन पर गहन अध्ययन परोसल गइल बा।

७.१.१.४ पं. गणेश चौबे (१९१२-१९९७)

पं. गणेश चौबे के जन्म भारत के बिहार राज्य के चंपारण जिला के बङरी नामक गाँव में भइल रहे। उहाँका भोजपुरी लोक साहित्य के विशेष पंडित रहनी। उनकर संकलित कइल हजारो भोजपुरी लोकगीत बिहार राष्ट्रभाषा परिषद के अभिलेखागार में संकलित बा बाँकिर प्रकाशन नइखे होखे सकल (उपाध्याय, १९७२, पृ. १३२)। उहाँका डॉ. ललिता प्रसाद विद्यार्थी से मिलके *Bihar in Folklore Study* ग्रंथ के संपादन कइले रहनी। एहीतरे भारतीय लोक संस्कृति शोध संस्थान, वाराणसी से प्रकाशित होत *Journal of Indian Folk-culture* त्रैमासिक शोध-पत्रिका के स्थानीय संपादक रहके भी काम कइनी।

७.१.१.५ डॉ. परमेश्वर दूबे 'शाहाबादी' (१९४६-१९८१)

डॉ. शाहाबादी के जन्म १० फरवरी १९४६ में भोजपुर (पहिले शाहाबाद) जिला के हथडीहा गाँव में अपना ममहर में भइल रहे। उहाँका मूलभूत रूप में कविरि़दय रहनी। डॉ. शाहाबादी के शोध-प्रबंध *पूर्वी उत्तर प्रदेश की भोजपुरी लोककथाओं का सामाजिक*

www.bhojpurisahityangan.com

अध्ययन राजर्षि प्रकाशन, मुजफ्फरपुर (बिहार) द्वारा सन २०१७ में प्रकाशित बा। डॉ. शाहाबादी एह महत्त्वपूर्ण ग्रंथ में लोककथा के सामाजिक परिवेश के दस अध्यायन में परोसले बानी जे में भोजपुरी भाषा, ओकर सीमा आ विस्तार; भोजपुरी लोकसाहित्य; भोजपुरी लोककथन में वर्ण, आश्रम आ विभिन्न संस्कारन के चित्रण; भोजपुरी लोककथन में पारिवारिक जीवन, नारी के सामाजिक स्थिति के चित्रण; भोजपुरी लोककथन में भोजन आ पेय पदार्थ; पशु-पक्षी आ जीव-जंतुअन के वर्णन; वनस्पति जगत; वेश-भूषा आ अलंकार आ प्रसाधन; भोजपुरी लोककथन के शैली; आ निष्कर्ष।

७.१.१.६ डॉ. मुक्तेश्वर तिवारी 'बेसुध'

डॉ. तिवारी के श्री काशी विद्यापीठ, वाराणसी से हिंदी में स्नातकोत्तर करत समय लिखल ई शोध-प्रबंध *भोजपुरी लोकोक्तियाँ और मुहावरे* के सन १९७१ में हिंदी परिषद, चितबड़ागाँव, बलिआ से प्रकाशित भइल बा। सात अध्याय में भोजपुरी के कहाउत आ मुहवरन के अध्ययन क्रमशः भोजपुरी आ भोजपुरी लोकसाहित्य, भोजपुरी लोकसाहित्य के विविध अङ, भोजपुरी कहाउत, भोजपुरी पहेली, भोजपुरी सुक्ति, भोजपुरी मुहावरा आ उपसंहार के रूप में परोसल बाड़ऽ स।

७.१.१.७ राजेश्वरी शांडिल्य (१९३२-२०२१)

भोजपुरी भाषा आ साहित्य खातिर समर्पित, भोजपुरी भाषा-साहित्य में अनमोल योगदान देवेवाली डॉ. राजेश्वरी शांडिल्य के उत्तर प्रदेश के गाजीपुर जिला के सुहवल गाँव में ४ नवम्बर १९३२ के जनम भइल रहे। सुरुआती शिक्षा गाँवे के पाठशाला में भइल। बाद में इलाहाबाद के जगतारन महिला कॉलेज आ इलाहाबाद विश्वविद्यालय में आगे के शिक्षा भइल।

आखर से मिलल जानकारी अनुसार भोजपुरी भाषा आ साहित्य से जुड़ल भोजपुरी आ हिन्दी में इहां के बीसन गो से बेसी किताब लिखले बानी। इहां के लिखल दसगो किताब, भोजपुरी साहित्यांगन पर पढ़ेके मिलेला। इहाँका भोजपुरी संस्कृति, भोजपुरी साहित्य में निबंध से लेके लोकोक्तिअन तकले, विज्ञान आधारित जानकारी, चिंतनशील विषयन पर निबंध, भोजपुरी लोकगीतन में राष्ट्रीयता आ गांधी, तीज-त्योहार-धर्म के संगे संगे लोक-संस्कृति पर इहाँ के महत्त्वपूर्ण काम रहल बा। इहां के द्विभाषी पत्रिका *भोजपुरी लोक* (मासिक) के प्रधान संपादक भी रहनी। भोजपुरी लोकवार्ता से जुड़ल कुछ उदाहरणः

(क) भोजपुरी लोकगीतों का मर्म तथा अन्य निबन्ध (१९९९)

अखिल भारतीय भोजपुरी परिषद्, उत्तर प्रदेश, लखनऊ से सन १९९९ में प्रकाशित एह पुस्तक में भोजपुरी लोकगीतन के कइअन पक्ष पर विचार कइल गइल बाः करुण रस, प्रजनन के अधिष्ठात्री देवीजन, परिवार, भोजपुरी साहित्य में लोकजीवन, लोकगीतन में जनतांत्रिक प्रवृत्ति, नारी के प्रति नारी के संवेदना। एकरा

www.bhojpurisahityangan.com

साथ साथ भोजपुरी के विभिन्न त्योहार आ ऋतु से संबंधित विभिन्न लोकगीतन पर चर्चा कइल गइल बा।

(ख) लोक-संस्कृतिः एगो झाँकी (१९९९)

अखिल भारतीय भोजपुरी परिषद्, उत्तर प्रदेश, लखनऊ के प्रायोजन में भोजपुरी संस्थान, पटना द्वारा सन १९९९ में प्रकाशित कृति ह *लोक-संस्कृतिः एगो झाँकी*। एह कृति में भोजपुरी लोक संस्कृति के सभ्यता, लोक साहित्य, लोक कला, लोक धर्म विभिन्न आयाम पर चर्चा कइल गइल बाः संस्कृति बनाम सभ्यता, लोक संस्कृति आ लोक साहित्य, लोक परंपरा, लोक संगीत, जातीय संस्कृत जइसन विषयन पर गहन चर्चा बा।

७.१.१.८ डॉ. स्वर्णलता

नोनार गाँव, भोजपुरी जिला, बिहार के बेटी डॉ. स्वर्णलता *भोजपुरी बालगीतः एक सांस्कृतिक मूल्यांकन* शीर्षक शोध-प्रबंध पर वीर कुँवर सिंह विश्वविद्यालय, आरा, बिहार से विद्यावारिधि प्राप्त शोधार्थी हईं। उनकर ई शोध-प्रबंध भोजपुरी के अभियंता आ वरिष्ठ साहित्यकार कनक किशोर के प्रबंध संपादकत्व में सर्व भाषा ट्रस्ट, नई दिल्ली से २०२१ में प्रकाशित कृति ह। भोजपुरी लोकवार्ता के एगो बहुते चहकदार बाँकिर अलोता रहल विधा ह बालगीत जे एह कृति के मूल विषय बा। भोजपुरी बालगीतन में खेलगीत, खेलौना के गीत, चकुचन्ना, बुझउअल, ब्रत-उत्सव के गीत, पशु-पंछी संबंधी गीत, क्रिया गीत आदि के सप्रसङ विस्तार से चर्चा कइल गइल बा। स्वर्णलता (२०२१, पृ. ११-१३) अनुसार परिचय आ वर्गीकरण, ग्रामीण खेल गीत (पारंपरिक), मौसम, पशु-पंछी, क्रिया आ चिढ़उअल, बुझउअल जइसन विविध विधन के बालगीतन पर विस्तृत चर्चा कइल गइल बा।

७.१.२ परिष्कृत साहित्य

जहाँ तक परिष्कृत भोजपुरी साहित्य के बात बा त ई आधुनिक काल में बहुते विस्तृत आ परिष्कृत हो चुकल मिलेला। एह अध्ययन में प्रमुखता भाषा के भइला के बावजुद एकर मध्यकालीन अवस्था तक एकर साहित्य सृजन के दिशा आ दशा पर भी नजर डाले के कोसिस कइल गइल। ओहीतरे नेपाल के परिप्रेक्ष्य में निश्चित रूप से भोजपुरी के आधुनिक स्वरूप राणाशाही के अंत का बादे भाषा चाहे साहित्य के क्षेत्र में फरछात गइल। ओहू में पहिले भोजपुरी साहित्य के भाषा बनल, ओकरा बाद क्रमशः शिक्षा आ संचार में सामिल भइल, ओकरा बादे में भोजपुरी के व्याकरणिक आ भाषावैज्ञानिक दृष्टि से देखल सुरु भइल। ओहीसुके छठा अध्याय तक सृजित साहित्य के भी प्रमुखता में राखल गइल बा।

एह अध्याय में भी भोजपुरी साहित्य के नेपाल के अलावा भारत से लेके एकर प्रवासी साहित्य कइसे आगा बढ़ रहल बा, ओह पर संक्षेप में चर्चा कइल गइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

७.१.२.१ दुर्गाशंकर प्रसाद सिंह (१८९६-१९७०)

बाबू दुर्गाशंकरजी के चर्चा ऊपर हो चुकल बा। बिहार-राष्ट्रभाषा-परिषद् से पहिल बेर प्रकाशित *भोजपुरी भाषा के कवि और काव्य* में भोजपुरी के उत्पत्ति से लेके आधुनिक काल तक के काव्य विधा के बड़ा मार्मिक ढङ से परोसल गइल बा। एह में भोजपुरी भाषा के ऐतिहासिक काल-विभाजन से लेके ओकर भाषिक स्वरूप आ विविधता के चर्चा भी मिलेला। भोजपुरी काव्य के ई पहिल आधिकारिक ऐतिहासिक शोध ग्रंथ ह।

७.१.२.२ डॉ. कृष्णदेव उपाध्याय

डॉ. उपाध्याय के *भोजपुरी साहित्य का इतिहास* पहिल संस्करण का रूप में सन १९७२ में भारतीय लोक संस्कृति शोध संस्थान, वाराणसी से हिंदी में प्रकाशित बा। दू खंड में एह पुस्तक में आठ अध्याय समीटल बा। पहिलका अध्याय में भोजपुरी भाषा, दोसरका अध्याय में भोजपुरी साहित्य, तिसरका अध्याय में संत साहित्य, चउथा अध्याय में भोजपुरी लोक साहित्य, पाँचवा अध्याय में आधुनिक साहित्य, छठा अध्याय में भोजपुरी गद्य, सातवाँ अध्याय में उपसंहार आ आठवाँ अध्याय में भोजपुरी साहित्य के उन्नायक लोग के फेहरिस्त परोसल गइल बा।

७.१.२.३ नागेंद्र प्रसाद सिंह (१९३७-१९९४)

डॉ. कृष्णदेव उपाध्याय का बाद नागेंद्र प्रसाद सिंह के *भोजपुरी साहित्य के संक्षिप्त इतिहास* लोग प्रकाशन, पटना से सन २००९ में प्रकाशित बा। एह पुस्तक में भोजपुरी साहित्य के काल-विभाजन आ नामकरण, भोजपुरी साहित्य आदिकाल, मध्यकाल, आधुनिक भोजपुरी सहित्य आ ओकर विशेषतन पर विशेष अँजोर कइल लउकेला। भोजपुरी साहित्य के तहत काव्य, नाटच, कथा, निबंध, आलोचना, पत्र-पत्रिका आ आउर विधन पर संक्षेप में बाँकिर गंभीर रूप से चर्चा बा। साथे भोजपुरी साहित्य के हरेक कालखंड में ओकर पृष्ठभूमि के रूप में समकालीन राजनीतिक परिस्थिति के भी सटीक चर्चा कइल गइल बा।

७.१.२.४ डॉ. अर्जुन तिवारी (१९४१-२०२१)

डॉ. उपाध्याय (१९७२) आ सिंह (२००९) का बाद तनिका विस्तृत रूप से डॉ. तिवारी के *भोजपुरी साहित्य के इतिहास* विश्वविद्यालय प्रकाशन, वाराणसी से सन २०१४ में प्रकाशित भइल बा। एह ग्रंथ में भोजपुरी के भाषिक स्वरूप में विविधता का साथे भारतीय भोजपुरिआ क्षेत्र में मानल आदर्श भोजपुरी पर चर्चा बा। एहीतरे भोजपुरी साहित्य के विभिन्न कालखंड में भोजपुरी साहित्य के विभिन्न विधन पर योगदान करनिहार लोग के कृति सहित के चर्चा बा। भोजपुरी के भारतीय संविधान के आठवीं अनुसूची में दर्ज करे खातिर जारी प्रयास के चर्चा बा त मॉरीशस में भोजपुरी के राजभाषा के मिलल दर्जा के चर्चा बा। अगर छुटल बा त नेपालीय भोजपुरी जे पर चर्चा होखेके चाहत रहे।

www.bhojpurisahityangan.com

७.१.२.५ आचार्य शुभनारायण सिंह 'शुभ', (१९५५)

भारत में लिखाइल भोजपुरी साहित्य के इतिहास में अब तक के सब से नवीनतम ग्रंथ के रूप में आचार्य सिंह के *आधुनिक भोजपुरी साहित्य के इतिहास* शिवालिक प्रकाशन, दिल्ली से सन २०२४ में प्रकाशित लउकता। नाम से भोजपुरी आधुनिक साहित्य पर केंद्रित पुस्तक होखे के अपेक्षा हो सकेला, बाँकिर भोजपुरी भाषा, लोक-साहित्य आ परिष्कृत साहित्य के सांगोपाङ अवस्था आ समीक्षा का साथे भोजपुरी व्यकरण पर भी अँजोर करत एह विषद् ग्रंथ के रचना भइल बा। बाँकिर एतहू अगर छुटल बा त नेपालीय भोजपुरी।

भोजपुरी काव्य पर सिंह (१९५८) आ भोजपुरी साहित्य के इतिहास पर उपाध्याय (१९७२), सिंह (२००९), तिवारी (२०१४) आ शुभ (२०२४) में भारतीय भोजपुरी साहित्य पर विभिन्न कोण से एतना बारिक चर्चा भइल बा कि एह पुस्तक में भरतीय आधुनिक भोजपुरी सहित्य पर विस्तृत चर्चा कइल ओही विषय-वस्तु के पुनरावृत्ति से बहुत अलग कुछ होई अइसन लागत नइखे। एकरा साथे भारत के भोजपुरी साहित्य एतने बा, इहो दावा नइखे कइल जा सकत। फेर भाषा-साहित्य के इतिहास चाहे केतनो सूक्ष्मता से लिखल जाए, कुछ ना कुछ छुटबे करी। भले ऊ नियतवश होखे भा भूलवश। तबो एकरा बादो आउर ग्रंथ आवे के संभावना से इनकार नइखे कइल जा सकत आ एह अध्ययन के उद्देश्य मूलतः नेपाली भोजपुरी के भाषिक विकास भइला से भारतीय भोजपुरी सहित्य पर एह से आगा बढ़ल सामर्थ्य से बाहरो हो सकता।

७.१.३ भाषावैज्ञानिक अध्ययन में भोजपुरी

एह कालखंड में भारत में भाषावैज्ञानिक पद्धति से कुछ लोग के महत्त्वपूर्ण शोधकार्य संपन्न भइल बा। अइसन अध्ययन में भोजपुरी के ध्वनि आ वर्ण विश्लेषण, भाषिक स्वरूप, समाज-भाषिक विविधता, व्याकरणिक कोटि का साथ साथ भोजपुरी के आन भषन का सङे तुलनात्मक अध्ययन संपन्न भइल बा। अइसन अध्ययन में भारतीय भोजपुरिअन से लेके विदेशी लोग भी सामिल बाड़न।

७.१.३.१ डॉ. विश्वनाथ प्रसाद (१९११-१९९९)

डॉ. विश्वनाथ प्रसाद के जन्म १५ फरवरी १९११ के दिन बिहार में तत्कालीन शाहाबाद आ वर्तमान भोजपुर जिला के मुख्यालय आरा में माता रामकुँवरी देवी आ पिता मुंसी सत्यनारायण लाल के सुपुत्र के रूप में भइल रहे। सन १९४० में उनकर बिआह शैबला देवी से संपन्न भइल रहे। सन १९५३ में ऊ आरा के डिसिएच होके आपन सेवा सुरू कइले रहनी। अपने गृहनगर में ८८ बरीस के उमीर में ५ अप्रिल १९९९ में उनकर निधन भइल रहे।

उहाँका भोजपुरी के ध्वनिवैज्ञानिक आ वर्णवैज्ञानिक अध्ययन कके १९५० में लंडन विश्वविद्यालय से विद्यावारिधि के उपाधि प्राप्त कइले रहनी। भाषाविज्ञान के तहत

www.bhojpurisahityangan.com

ध्वनिविज्ञान आ वर्णविज्ञान के क्षेत्र में कौनो मातृभाषी भोजपुरिआ के ई पहिल प्रवेश ह जे ओइसन अध्ययन में भोजपुरी के भी पहिल प्रवेश कहाई। ई शोधपत्र उनकर स्वयं के उच्चारण के आधार पर खड़िआइल बा। यानी ई अध्ययन सामूहिक रूप से भोजपुरिअन के बीच में रहके कौनो उपकरण का जरिए नइखे भइल। हो सकता ओह बेरा ई संभवो ना रहल होखे।

उनका एह ध्वनिवैज्ञानिक आ वर्णवैज्ञानिक अध्ययन में पहिल बेर भोजपुरी भाषा में कौन-कौन ध्वनि के प्रयोग होला आ ओह में केतना के काहे वर्ण मानेके परी, बहुत विस्तार से वर्णन बा। एहीतरे भोजपुरी में प्रयुक्त नासिक्य वर्ण *न* आ *म,* मुर्धन्य ताड़ित वर्ण *र* आ पार्श्विक वर्ण *ल* के महाप्राण लघुत्तम युग्म वर्ण के जिकिर कइले बानी। ओह में तब तक प्रचलित रहल देवनागरी सहित के मौलिक लिपिअन में *ड़* के महाप्राण लघुत्तम युग्म के रूप में *ढ़* लिखेके परंपरा रहे बाँकिर *न्ह, म्ह, र्ह* आ *ल्ह* के उच्चारण एगो ध्वनि आ वर्ण के रूप में आ लिखाई संयुक्ताक्षर का रूप रहल देवनागरी सहित के मौलिक लिपिअन के कमजोरी पर भी दुःख व्यक्त कइले बानी।[१] उनकर स्पष्ट कहनाम बा कि भले ओकनी कौनो शब्द के आरंभक के रूप में ना अइला के चल्ते संयुक्त वर्ण जइसन महसुस होत होखस स, ध्वनिवैज्ञानिक हिसाब से ना ऊ द्वि-व्यंजन ना आउर संयुक्त व्यंजन के कित्ता में बाड़ऽ स, ना त ओकनी के कारण से ओह से पहिलका वर्ण के उच्चारणे लामा होला (प्रसाद, १९५०, पृ. १८३)।

उनकर ई शोधपत्र स्तुत्य बा आ रही।

७.१.३.२ डॉ. उदय नारायण तिवारी (१९०३-१९८४)

उत्तर प्रदेश, बलिआ जिला के रघुनाथपुर पिपरपाती निवासी पिता हनुमान प्रसाद तिवारी आ माता लाहेश्वरी देवी के सुपुत्र के रूप में २ जुलाई १९०३ के उदय नारायण तिवारी के जन्म उनकर ननिहाल पांडेयपुर में भइल रहे। ११ बरीस के उमीर में उनकर नानी सिमिरखा देवी उनकर बिआह माहेश्वरी देवी से करा देली।

उहाँका पढ़ाई बड़ा मेधावी रहनी। कई विषय में स्नातकोत्तर कइला का बाद उहाँका सन १९४५ में *The Origin & Development of Bhojpuri* (भोजपुरी के उद्गम आ विकास) विषय पर प्रयाग विश्वविद्यालय से विद्यावारिधि के उपाधि लेले रहनी। एकरा बाद बिहार-राष्ट्रभाषा-परिषद में १९५१ में भोजपुरी के ऊपर उनकर विद्वतापूर्ण संभाषण भइल जेकरा के 'भोजपुरी भाषा और साहित्य' के शीर्षक पर सन् १९५४ में परिषद प्रकाशित कइलख। बाद में उनकर शोध पत्र के ओही मथेला से एशियाटिक

---

१. It will be noted that we have included *nh, mh, rh* and *lh* in our list as simple aspirated consonants, though they have no separate symbols in the native orthography, due to which some grammarians have treated them as conjunct consonants in Hindi. (Prasad, 1950, p. 183)

www.bhojpurisahityangan.com

सोसायटी सन १९६० में प्रकाशित कइले रहे। ई दूनू ग्रंथ अब तक भोजपुरिअन खातिर मील के पत्थर के रूप में स्थापित बा। भोजपुरी भाषा, एकर व्याकरण, एकर साहित्य के साथ साथ करीब-करीब संसार के भाषा के स्वरूप से ओह में दर्शन होला।

७.१.३.३ डॉ. शुकदेव सिंह (१९३४-२००७)

डॉ. शुकदेव सिंह के परिचय काशी हिंदू विश्वविद्यालय के हिंदी के प्राध्यापक के रूप में सहजे उपलब्ध बा। बाँकिर उनका जीवनवृत्त का बारे में आउर जानकारी अब तक उपलब्ध नइखे हो पावल। भोजपुरी आ हिंदी के भाषिक आ व्याकरणिक स्वरूप के तुलनात्मक अध्ययन के रूप में १९६७ में भावना प्रकाशन, मुजफ्फरपुर से आ २००९ में विश्वविद्यालय प्रकाशन, वाराणसी से *भोजपुरी और हिंदी* पुस्तक के रूप में प्रकाशित बा। आपन एह अध्ययन में भोजपुरी के नामकरण, भौगोलिक विस्तार आ भषिकन के विषय में ऊ ग्रिअर्सन (१८८३ आ १८८४क) से सहमत बाड़न। एह पुस्तक में ऊ भोजपुरी के खासिअत के क्रमशः कर्ता/कर्म आ कर्ता/अभिकर्ता के रूप में तलुनात्मक अध्ययन कइले बाड़न। एहीतरे भोजपुरी में १४ स्वर आ ४४ व्यंजन के तालिका प्रस्तुत बा बाँकिर हिंदी खातिर ऊ तालिका नइखे देहल गइल। एहीतरे भोजपुरी आ हिंदी दूनू के उपसर्ग आ परसर्ग पर चर्चा बा जहाँ भोजपुरी तद्भव-प्रधान आ हिंदी तत्सम-प्रधान भाषा हउए स। एह पुस्तक में दूनू भाषा के आउर भाषिक प्रवृत्तिअन के गहन अध्ययन कइल गइल बा।

७.१.३.४ रॉबर्ट एल. ट्रामेल

निश्चित रूप से ट्रामेल विदेशी विद्वान हउअन। बाँकिर Anthropological Linguistics जॉर्नल में सन १९७१ में प्रकाशित The Phonology of the northern standard dialect of Bhojpuri यानी उत्तरी आदर्श भोजपुरी के वर्णविज्ञान लेख भारत के उत्तरी आदर्श भोजपुरी भइला से एकरा के भारत के तहत राखल गइल बा। एह आलेख में ट्रामेल उत्तरी आदर्श भोजपुरी के स्वर, व्यंजन, अक्षर, स्वरोत्थान, स्वर वितरण, व्यंजन वितरण, वियोग, शब्द बलाघात, अतिरिक्त बलाघात जइसन वर्णविज्ञान के अवयव सब के सूक्ष्म अध्ययन कइल लउकेला। अपना अध्ययन में आउर अध्येता लोग जइसने ऊ शब्द बलाघात के वार्णिक यानी अर्थगत भिन्नताविहीन बतौले बाड़न, जौन साँच नइखे। एह बारे में अगिला अध्याय में चर्चा होई

७.१.३.५ डॉ. अवधेश्वर अरुण (१९३८-२०२३)

डॉ अवधेश्वर अरुण बिहार के वैशाली जिला के विठौली गाँव में सन् १९३८ कुआर के नवमी अँजोरिआ के दिन पिता यंत्री प्रसाद सिंह आ माता दुर्गा देवी के सुपुत्र के रूप में जन्म लेले रहनी। बाबा भीमराव अंबेडकर बिहार विश्वविद्यालय से हिंदी में स्नातकोत्तर, पीएचडी आ डिलिट के उपाधिप्राप्त रहनी। ओही विश्वविद्यालय में हिंदी के प्रोफेशर आ विभागाध्यक्ष रहनी।

www.bhojpurisahityangan.com

उनकर शोध ग्रंथ *बज्जिका, हिंदी आ भोजपुरीः एक तुलनात्मक अध्ययन* कुमुद प्रकाशन, मुजफ्फरपुर से सन १९७२ में प्रकाशित बा। एह अध्ययन में भोजपुरी आ बज्जिका का बारे में बहुत कुछ विवादास्पदो बा। सब से पहिले भोजपुरी के ऐतिहासिक, भौगोलिक, भाषिक आ बोलीगत पृष्ठभूमि पर ऊ ग्रिअर्सन (१८८३, १८८४ आ १९०३) आ तिवारी (१९५४) से करीब-करीब सहमत बाड़ें। एहीतरे भोजपुरी आ हिंदी के तुलनात्मक अध्ययन में ऊ सिंह (१९६७/२००९) से सहमत बाड़ें। त दोसर तरफ भोजपुरिएके साँध-सिमाना पर बज्जिकाभाषी क्षेत्र के दावा कइले बाड़ें। एहीतरे बज्जिका के चार श्रेणी में बाँटल गइल बाः आदर्श बज्जिका – *कहइत हतिऔ*; मैथिली-प्रभावित बज्जिका – *कहई छिऔ*; भोजपुरी-प्रभावित बज्जिका – *कहइत बटिऔ*; आ मगही-प्रभावित बज्जिका *कहइत हक्/खिऔ* (अरुण, १९७२, पृ. ४)। एक तरफ कथित बज्जिकाभाषी क्षेत्र में *बटिऔ* ना बोलके लोग *बड़िऔ* बोलेलन। बाँकिर ई दूनू भोजपुरिए के पच्छिमी आ पूर्वी भे हउअन स, पच्छिमी भोजपुरी में *ट*, केंद्रीय भोजपुरी में *न* आ सेमरवनी भोजपुरी में *ड़* आवेलन। सेमरवनी भोजपुरी के कुछ पूर्वी क्षेत्र आ ओह से पुरुब के पूर्वी भोजपुरी में *छ* उच्चरित होला। बाँकिर *बड़िऔ* के त ऊ चर्चे नइखन कइले। जहाँ तक वर्तमान काल में *बा* समापिका के बात बा ऊ भोजपुरी के चरित्र ह आ ओ में प्रथम पुरुष में *-ड़िऔ* प्रत्यय में *-औ* सेमरवनी आ पूर्वी भोजपुरी में संबोध्य संगतिसूचक प्रत्यय ह। ओहीसुके *बाटी, बानी, बाड़ी* में सब से पछिलका में *-औ* जुटेला न कि पहिल्का दूनू में। जहाँ तक *छी* के बात बा त ई पं. दामोदर के उक्ति-व्यक्ति-प्रकरण (बारहवीं शताब्दी) में प्रयुक्त *अछ* के निरंतरता ह जौन काशिका भोजपुरी के सौंदर्य रहे (ठाकुर, २०२२)। अइसन बहुत कुछ एह अध्ययन में मिलेला जौन विवादास्पद मानल जाई।

७.१.३.६ डॉ. परमानंद पांडेय (१९१९-?)

डॉ. पांडेय भागलपुर के बसीना रहलें। उनका के अंगिका के जनक मानल जाला। भोजपुरी अकादमी, पटना से सन १९७९ में प्रकाशित *अंगिका और भोजपुरी भाषाओं का तुलनात्मक अध्ययन* में एह दूनू भषन के प्रारंभिक विशेषता सिद्ध साहित्य रहल बतवले बाड़ें। एह अध्ययन में भोजपुरिआ क्षेत्र का बारे में ऊ ग्रिअर्सन (१८८३) आ तिवारी (१९५४) से सहमत बाड़ें। एह पुस्तक में ऊ ३ करोड़ अंगिका मातृभाषी आ ८ करोड़ भोजपुरिआ रहल स्वीकार कइले बाड़ें (पांडेय, १९७९, पृ. ३-४)। बाँकिर भोजपुरी के फैलाव नेपाल तक बा, ई उल्लेख नइखे। भोजपुरी आ अंगिका दूनू भषन के स्वर, द्विस्वर, नासिकीकरण पर चर्चा त कइलही बाड़ें, दूनू भषन में *ङ, न* आ *म* के महाप्राण व्यतिरेक क्रमशः *ङ्ह, न्ह* आ *म्ह* रहल बतौले बाड़ें त *ड़, र* आ *ल* के महाप्राण व्यतिरेक *ढ़, र्ह* आ *ल्ह* रहल स्वीकरले बाड़ें (पांडेय, १९७९, पृ. १५-१६)। अइसन समानता का साथे अंगिका में एकल स्वर के रूप में *ऐ* आ *औ* के प्रयोग होला त भोजपुरी में एकनी द्विस्वर हो जालन सः *अइ* आ *अउ*। ओहीतरे एह छोट पुस्तिका में अंगिका आ भोजपुरी के बीच रहल समानता, सामीप्य आ भिन्नता के बड़ा बारिकी से परोसल गइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

७.१.३.७ दयानंद श्रीवास्तव

दयानंद श्रीवास्तव के जीवनवृत्त का बारे में कुछ स्पष्ट थाह नइखे लागल। भोजपुरी अकादमी, पटना से सन १९८३ में प्रकाशित उनकर *भोजपुरी भाषा के बनावट* बहुत छोट में प्रस्तुत उनकर हिंदी में देहल संभाषण के भोजपुरी अनुवाद ह। भोजपुरी अकादमी के तिसरका वार्षिकोत्सव पर उनकर ई संभाषण, भोजपुरी कइसे बनल, एही पर केंद्रित रहल। एह में भोजपुरी के आउर पड़ोसी भषन के साथ तुलनात्मक समाज-भाषिक आ व्याकरणिक संरचना पर बात कइल गइल बा। हिंदी के कारण भोजपुरी ओझल रहल यथार्थ के आलोचना करत कहल गइल बा कि जइसे महिमामंडन कइल जा रहल बा, ओइसे हिंदी के राष्ट्रभाषा[२] घोषित करे के केहू का लगे संवैधानिक अधिकार नइखे। उनकर तर्क आ बहस बा कि भोजपुरी आ आउरो भषन के ऊ प्रतिष्ठा मिलेके चाहीं जे हिंदी के बा।

उनकर इहो ओरहन बा कि भारतेंदु हरिश्चंद होखस चहे हजारी प्रसाद द्विवेदी, अइसन अधिकांश साहित्यिक व्यक्तित्व भोजपुरिआ होके हिंदी-उत्थान खातिर काम कइलन, जेकरा चल्ते सभी भोजपुरिअन के जनगणना प्रतिवेदन में हिंदी भाषी के रूप में सामिल कइल जाला (श्रीवास्तव, २९८३, पृ. ४)।

भोजपुरी भाषा के बनावट के लेके उनकर दावा बा कि उत्तरी भारत में बसल आर्य लोग के वैदिक भाषा से पहिले से आपने भाषा आ संस्कृति रहे। भोजपुरी के उत्पत्ति जइसे मगही आ मैथिली के भइल बा, *मागधी अपभ्रंश-अवहट्ठ* से भइल आ १३वीं शताब्दी तक एगो स्वतंत्र भाषा के रूप में उभर चुकल रहे (श्रीवास्तव, १९८३, पृ. १२)।

७.१.३.९ डॉ. सुजन ब्लेअर दास

सुजन संयुक्त राज्य अमेरिका के पेनसलभानिआ विश्वविद्यालय, ऑस्टिन कम्युनिटी कॉलेज के शिक्षिका बाड़ी। उनकर आपन सहर टेक्सास ह। उनका जिनगी का बारे में एह से बेसी कुछ ज्ञात नइखे। उनकर विद्यावारिधि के शोधप्रबंध रहल बनारसी भोजपुरी क्रिया प्रणाली। ई पेनसलभालिआ विश्वविद्यालय से सन २००६ में प्रकाशित बा। एह पुस्तक में ऊ बनारसी भोजपुरी यानी भारतीय भोजपुरिआ क्षेत्र के पच्छिमी बोली के क्रिया प्रणाली के बारिकी से सूक्ष्मता के साथ वर्णन कइले बाड़ी।

७.१.३.१० डॉ. जयकांत सिंह (१९६९)

भाष-साहित्य के क्षेत्र में डॉ. जयकांत सिंह 'जय' के रूप में पहचानल जाएवाला डॉ. सिंह के जन्म १ नवंबर १९६९ के दिन बिहार के सारण जिला के चरिहारा गाँव में

---

२. भारत के संविधान बनवनिहार लोग आजाद भारत के राजभाषा के रूप में हिन्दी के मानल, जेकर परयोग देस के प्रसासनिक कामन खातिर जरूरी मानल गइल, बाकी संविधान में हिन्दी खातिर "राष्ट्रभाषा" के परयोग नइखे कइल गइल (श्रीवास्तव, १९८३, पृ. ४)

www.bhojpurisahityangan.com

भइल बा। उहाँका माता कौशल्या देवी आ पिता शिवशंकर सिंह के सुपुत्र हईं। *हिंदी तथा भोजपुरी की व्याकरणिक कोटियाँ: तुलनात्मक अध्ययन* उनकर विद्यावारिधि के शोधप्रबंध ह जे सपना अशोक प्रकाशन, वाराणसी से सन २००९ में पुस्तक के रूप में प्रकाशित बा।

एह पुस्तक में हिंद-आर्य भषन के सामान्य विकासक्रम के प्राचीन हिंद-आर्य (१५०० ई. पू से ५०० ई. पू. तक), मध्य हिंद-आर्य (५०० ई. पू. से १००० ई. तक) आ नव हिंद-आर्य (१००० ई. से अब तक) देखावल गइल बा। एकरा साथ साथ हिंदी आ भोजपुरी के संक्षेप में परिचय दिहल बा आ दूनू भषन के व्याकरणिक कोटिअन के तुलनात्मक रूप में पेश कइल गइल बा। जहाँ भिन्नता बा उहाँ ओकर सटीक चित्रण कइल गइल बा।

७.१.४ व्याकरण लेखन

एह से पहिले अध्याय ५ में प्रस्तुत बा, भोजपुरी के व्याकरण हिंदी के व्याकरण से पहिले लिखाइल रहे। पं. शिवदास ओझा सन १९१५ में भोजपुरी के व्याकरण लिखलें। बाँकिर ओकर प्रकाशन भइल सन १९८२ में। अतः प्रकाशन का दृष्टि से भोजपुरी भाषा के इतिहास में एही कालखंड में ओकरो के लेहला से होई। एकरा अलावा उह से पहिले भी भाषावैज्ञानिक अध्ययन का क्रम में भोजपुरी के व्याकरणिक कोटिअन पर भी चर्चा भइल बा, भोजपुरी के पूरा व्याकरणे लिखे के सुरुआत एही कालखंड में भइल लउकेला।

७.१.४.१ रसिक बिहारी ओझा निर्भीक (१९३२-२०११)

निर्भीक जी के जन्म बिहार के बक्सर जिला के निमेज गांव में पिता ब्रम्हेश्वर ओझा आ माता रामसँवारी देवी के सुपुत्र के रूप में २१ मई १९३२ में भइल रहे। इहाँ बाबुजी खुद एगो प्रसिद्ध कवि रहनी। इनकर सुरुआती पढ़ाई गाँवे भइल बाद में भाई किहाँ से १९५१ में मैट्रिक पास कके एक साल बाद सेना में भरती हो गइनी। जीवन के अनेको उतार-चढ़ाव पार करत १९८१ में राँची विश्वविद्यालय से 'भोजपुरी लोक कथाओं का सांस्कृतिक अध्ययन' विषय पर शोध कके विद्यावारिधि के उपाधि हासिल कइनी ८ अप्रिल २०११ के इनकर देहांत भइल बा।

जमशेदपुर भोजपुरी साहित्य परिषद से सन १९७५ में इनकर *भोजपुरी शब्दानुशासन* प्रकाशित भइल बा। प्रकाशित कृति का दृष्टि से भोजपुरी व्याकरण के ई पहिलका परिचयात्मक कृति हवे जे भोजपुरी में ही लिखल होखे। काहे कि १९१५ लिखल शिवदास ओझा के *भोजपुरी ठेठ भाषा व्याकरन* १९८२ में प्रकाशित भइल बा। अतः तब तक भोजपुरी में भोजपुरी व्याकरण के कौनो पुस्तक उपलब्ध ना रहे आ ओही आवश्यकतानुरूप एगो भोजपुरिआ भइला का चल्ते इनकर ई पुस्तक आइल। एह में कौनो शंका नइखे कि इहाँका संस्कृत व्याकरणिक नियम के पक्ष में रहीं बाँकिर भोजपुरी

www.bhojpurisahityangan.com

में अपने तरिका से विकसित व्याकरणिक तत्त्वन के स्वतंत्र रूप से ओकर व्याकरणिक प्रयोग के पक्ष में रहनी। अतः व्याकरण लेखन में इनका के प्रगतिशील मानल जाई। भाषा के पदचिन्ह पर व्याकरण खड़िआवे के इहाँका पक्षधर हईं, ना कि व्याकरणिक नियम के आधार पर भाषा के निर्देश करे के।

७.१.४.२ शालिग्राम शुक्ल

शालिग्राम शुक्ल भारत के पूर्वी उत्तर प्रदेश के निवासी बानी आ अभी जॉर्ज टाउन विश्वविद्यालय, अमेरिका में प्राध्यापक बानी। इनका जीवनवृत्त का बारे में अब त एह से बेसी ज्ञात नइखे हो पावल। सन् १९८१ में इनकर भोजपुरी व्याकरण ओही विश्वविद्यालय से प्रकाशित भइल बा। चॉम्स्की के संरचनावादी सिद्धांत पर ई व्याकरण आइल बा। संस्कृत के प्रभाव से अलग रहल एह व्याकरण के उपयोग विद्वत वर्ग में त महत्त्वपूर्ण सावित होई बाँकिर आम भोजपुरिअन खातिर सहज नइखे।

७.१.४.३ आचार्य रामदेव त्रिपाठी

बिहार के चंपारन निवासी आचार्य रामदेव त्रिपाठी संस्कृत के विद्वान बानी। उनका जीवनवृत्त का बारे में एह से बेसी अब तक ज्ञात नइखे भइल। इनकर क्षेत्र भाषाविज्ञान आ व्याकरण हवे। बिहार-राष्ट्र-भाषा परिषद से सन १९८७ ई. में इनकर *भोजपुरी व्याकरण* एगो वृहत ग्रंथ का रूप में प्रकाशित बा। एह में इनकर संस्कृत के विद्वता से भी साक्षात्कार होला। संसार के भाषा सब के परिवार से लेके हल्का स्वरूप सहित भोजपुरी के ई विषद् व्याकरण मालूम होला। संस्कृत के विद्वान भइला से एह व्याकरण के ढाँचा संस्कृत जइसन निर्देशात्मक आ पारंपरिक बा। भाषा में भोजपुरी के ठेठ संरचना से दर्शन भइला का बादो तत्समीकरण से अधिक प्रेरित बा।

७.१.४.४ आचार्य विश्वनाथ सिंह, मानक भोजपुरी वर्तनी (१९८८)

आचार्य सिंह अनुग्रह मेमोरिअल कॉलेज, गया के प्रधानाचार्य बतावल गइल बाड़ें। एह से बेसी उनका बारे में ज्ञात नइखे हो पावल। अखिल भारतीय भोजपुरी साहित्य सम्मेलन द्वारा सन १९८८ में प्रकाशित उनकर *मानक भोजपुरी वर्तनी* भोजपुरी भाषा के स्तरीकरण के दिशा में एगो मील के पत्थर सम्झल जाई।

एह पुस्तक के आकार बहुत बड़ नइखे, बाँकिर एह पुस्तक में वर्तनी-विचार, भोजपुरी-वर्तनी के आधार, स्वर-व्यंजन, साथे-अलगा, विदेशीय या बाहरी शब्द, संख्यावाचक शब्द आ विरामचिन्ह जइसन सातेगो अध्यायन में समीटल ई पुस्तक गागर में सागर लउकेला। उनकर लिखल भूमिका के शीर्षक *लोनली बोनली डिक* लिखाई आ बोलाई में भिन्नता रहल अङरेजी के उपर भारी व्यंग्य बा बाँकिर घटले घटना पर खड़िआइल बा। भइल कुछ अइसन कि तत्कालीन बेलायती भारत में कौनो हाकिम रहलें, एल. बी. डिक। बाँकिर उनकर किरानी के समझ में ना अइला से पुछ देलस, कइसे लिखीं। बड़ा लापरवाही से डिक साहेब कहलें, 'Don't bother, write L only,

www.bhojpurisahityangan.com

B only, Dick (फिकिर मत करऽ; लिखऽ, सिरिफ एल., सिरिफ बी., डिक)।' बेचारा आज्ञाकारी किरानी लिख देलस, त हो गइल Lonly Bonly Dick (लोनली बोनली डिक)। अतः हिज्जे चाहे कौनो भाषा में होखे सुनला का बाद गुनहुके पड़ेला। सटले-हटले के समझ के साथ कौन शब्द लिखाई आ कौन शब्द ना, विचार ना कइला पर एल. बी. डिक का जगे लोनली बोनली डिक लिखा सकता।

हलाकि एहू में समय अनुसार बहुत कुछ फेरबदल हो चुकल बा। एह पर चर्चा अगिला अध्याय में कइल जाई।

७.१.४.५ आचार्य श्रद्धानंद अवधूत (१९१९-?) आदर्श भोजपुरी व्याकरण (१९९४)

आचार्य श्रद्धानंद अवधूत के जन्म ३ मार्च १९१९ के दिन उत्तर प्रदेश के बलिआ जिला के नरही गाँव में भइल रहे। इनका जीवनवृत्त का बारे में एह से बेसी अब तक थाह नइखे हो पावल। आनन्दमार्ग प्रकाशन से १९९४ में प्रकाशित इनकर आदर्श भोजपुरी व्याकरण के दोसरका संस्करण हमनी का लगे उपलब्ध बा । ओही प्रकाशन से एह पुस्तक के पहिलका संस्करण १९८७ में छपल रहे। एगो भोजपुरिआ जोगी के अपना मातृभाषा के प्रति अनुराग के प्रतीक का रूप में एह के लेहल जा सकेला। अवधूत के अनुसार साहित्य सृजन खातिर भाषा के व्याकरण पर पकड़ भइल अनिवार्य बा। बीस अध्यायन में एह पुस्तक में वर्णमाला, शब्द, संज्ञा आ ओकर भेद, सर्वनाम, विशेषण, क्रिया, अव्यय, लिङ, वचन, कारक, क्रिया के काल, शब्दन के रचना, संधि-प्रकरण, समास, वाच्य, वाक्य-विश्लेषण, विराम चिन्ह, विशेष्य आ विशेषण शब्द, शब्द-समूहन खातिर एगो शब्द आ अर्थ-विस्तार बाड़ऽ स। मूलतः ई व्याकरण संस्कृतनिष्ठ बा।

७.१.४.६ विंध्याचल प्रसाद श्रीवास्तव (१९२९)

बिहार के पूर्वी चंपारण जिला के लालाछपरा, केसरिआ निवासी श्रीवास्तव अभीन सुगौली में रहेनी। बाबा भीमराव अंबेडकर बिहार विश्वविद्यालय से १९५८ में हिंदी में आ काशी हिंदू विश्वविद्यालय से १९६५ में इतिहास में स्नातकोत्तर कइले बानी। लोक भारती प्रकाशन, सुगौली से १९९९ में प्रकाशित उनकर *भोजपुरी व्याकरण के रूपरेखा* भोजपुरी व्याकरण पर विवरणात्मक कृति ह। भारतीय भोजपुरिआ द्वारा लिखल गइला के बादो ई नेपाल के केंद्रीय भोजपुरी के निअरा लउकेला। भूमिका में ख्यातिप्राप्त भोजपुरी साहित्यकार पांडेय कपिल डॉ. बीम्स से लेके श्रीवास्त तकले भोजपुरी व्याकरण के संक्षिप्त इतिहास परोसले बानी। एह क्षेत्र में पहिले भइल काम सब के श्रीवास्तव आलोचनात्मक समीक्षा कइले बानी। बाँकिर उहाँका भी भोजपुरी के उद्गम संस्कृत ही मनले बानी। ओहीतरे भोजपुरिआ क्षेत्र के हिंदीभाषी कहल शासकीय मानसिकता से भी इनकार नइखीं कइले। उनका अनुसार संस्कृत, अङरेजी आ हिंदी व्याकरणिक परंपरा के भी भोजपुरी के व्याकरणिक सबलता खातिर उपयोग कइल जाएके चाहीं।

www.bhojpurisahityangan.com

७.१.४.७ शिव भजन प्रसाद 'वैरागी', सरल भोजपुरी व्याकरण (२००४)

बिहार के भोजपुरी जिला में पकड़ी गाँव के निवासी वैरागी का बारे में एतने मात्र थाह लागल बा, पुस्तक प्रकाशन का समय बी. डी. ओ. रहलें। जनहित परिवार, भोजपुर से सन २००४ में उनकर सरल भोजपुरी व्याकरण प्रकाशित भइल बा। इहो एगो भोजपुरिआ द्वारा भोजपुरी में लिखल भोजपुरी व्याकरण ह। मातृभाषा के प्रति निष्ठा के साथ संक्षेप में ई पुस्तक प्रकाशित बा। भोजपुरी के वाचिक परंपरा के व्याकरणिक ढाँचा में अनुलिखित करे के पक्षम ऊ लउकताड़ें। भूमिका के भी अध्याय में गिनत ३२ अध्यायन में ई पुस्तक लिखाइल बा जौना में अलंकार, रस, छंद, पत्र-लेखन आ कुछ भोजपुरिआ पबनी-तेहार जइसन व्याकरणेतर अध्याय भी सामिल बाड़ऽ स। निश्चित रूप से व्याकरणिक ढाँचा पारंपरिक रूप से संस्कृतनिष्ठ बा बाँकिर हिज्जे बोलल अनुसार लिखे के प्रस्ताव कइल गइल बा।

७.१.४.८ राज्य शिक्षा शोध एवं प्रशिक्षण परिषद्, बिहार

बिहार के राज्य शिक्षा शोध एवं प्रशिक्षण परिषद् द्वारा तइआर *भोजपुरी व्याकरण आ रचना* २००८ में बिहार स्टेट टेक्स्टबुक पब्लिशिंग कॉरपोरेशन लिमिटेड द्वारा प्रकाशित पुस्तक ह। ई कक्षा ११-१२ के विद्यार्थिअन के भोजपुरी सिखावे खातिर तइआर कइल गइल बा। एकर व्याकरण खंड के देखला पर संस्कृत परंपरा अनुसार चल्ती में रहल वर्ण विचार, शब्द विचार, वाक्य विचार के तहत संज्ञा, सर्वनाम, विशेषण, कारक, अव्यय, क्रिया, काल, वचन, लिङ, वाच्य आ समास तक त ठीक लागताड़न स, बाँकिर अलंकार आ छंद व्याकरणेतर शीर्षक भी लउकताड़े स।

७.१.४.९ राजेंद्र प्रसाद सिंह (१९६५)

बिहार के रोहतास जिला में अरङ गाँव के निवासी बुधराम सिंह के सुपुत्र डॉ. सिंह के जन्म ५ नवंबर १९६५ के दिन भइल बा। उहाँका काशी हिंदू विश्वविद्यालय से १९९४ में विद्यावारिधि हासिल कइले बानी। उहाँका शांति प्रसाद जैन महाविद्यालय, सासाराम में प्राध्यापक होके २०२४ से हिंदी विभागाध्यक्ष बानी। उहाँका आपन छवि इतिहासविद, भाषाविद्, अभियंता का रूप में अंतर्राष्ट्रीय स्तर पर बना चुकल बानी। उनकर *भोजपुरी व्याकरण, शब्दकोश और अनुवाद की समस्या के* रामविभूति सिंह द्वारा अङरेजी में अनुदित आ नवराज प्रकाशन, दिल्ली से २००८ में प्रकाशित *The re-writing problems of Bhojpuri grammar, dictionary and translation* हमनी का लगे उपलब्ध बा। एह पुस्तक में भोजपुरी व्याकरण लेखन के समस्यन के आपन बहुत पैनी नजर से देखले बानी। भोजपुरी के कभी हिंदी के भाषिका, कभी बङाली के भाषिका, त कभी तेलुगू के भाषिका बतावल गइल बात के बहुते सटीक रूप में खंडन कइले बानी। भोजपुरी के अपने स्वत्व बा। ओहीसुके एकर कौनो पक्ष आन भाषा से मिल सकेला बाँकिर सांगोपाङ रूप में एकर व्याकरण लिखत बेरा आउर कौनो भाषा

www.bhojpurisahityangan.com

रीढ़ पर खड़िआवे के कोसिस ही भोजपुरी व्याकरण के मुख्य समस्या बतइले बानी। एगो रोचक बात ई बा कि 'विश्वामित्र' के संधि-विच्छेद में संस्कृत के कौनो संधि-नियम ना बइठेला। ऊ एह से कि विश्वामित्र बक्सर के रहलें आ उनको समय में उहाँ के जनभाषा संस्कृत ना रहे। अतः भोजपुरी के उद्गम संस्कृत कहल अल्पज्ञता से बेसी कुछ नइखे, एह पक्ष में डॉ. सिं खड़िआइल बानी। उनकर कहनाम बा कि भोजपुरी के कइअन व्याकरणिक चरित्र हिंदी सहित आन भाषा में मिलेला बाँकिर आन भाषा के चरित्र भोजपुरी में बिरले मिलेला, जे साँच बा।

७.१.४.१० जयकांत सिंह, मानक भोजपुरी भाषा, व्याकरण आ रचना (२०१३)

बाबा भीमराव अंबेडकर बिहार विश्वविद्यालय अंतर्गत लंगट सिंह कॉलेज मुजफ्फरपुर के भोजपुरी विभागाध्यक्ष जय भोजपुरी के भाषाई क्षेत्र के साथ साथ इतिहास पर भी काम कइले बाड़न। उनकर 'भोजपुरी भाषा के स्वरूप आ संभावना' भोजपुरी अध्ययन खातिर एगो बढ़ियाँ स्रोत सामग्री के रूप में रहल बा।

७.१.४.११ देवनाथ सिंह 'फौलादी' (१९४९)

बिहार के रोहतास जिला के रामनगर (शंकरी) निवासी राम सरीखा सिंह के सुपुत्र देवनाथ सिंह 'फौलादी' के जन्म १६ जुलाई १९४९ के दिन भइल बा। साहित्य संस्थान, गाजियाबाद से २०२३ में प्रकाशित *मानक भोजपुरी ब्याकरन* निर्देशात्मक शैली में संस्कृत परंपरा पर आधारित व्याकरण बा। किताब के नाँव देखला पर तद्भवीकरण भइल लागता बाँकिर पुस्तक में तत्समीकरण के गुनगान अधिकाधिक बा।

७.१.५ शब्दकोश

७.१.५.१ भोजपुरी-हिन्दी कोश (१९७८)

भोजपुरिआ माटी में भोजपुरिआ सपूत प्रो. ब्रज बिहारी कुमार के लेखन में भोजपुरी संसद, जगतगंज, वाराणसी से सन १९७८ में प्रकाशित ई संभवतः पहिलका शब्दकोश ह। एह शब्दकोश के पांडूलिपि के संशोधन कइले बानी डॉ. विवेकी राय आ डॉ. विजय नारायण सिहं कइले बानी ई प्रकाशकीय में उल्लेख बा बाँकिर भितरी आवरण पृष्ठ में डॉ. विवेकि राय के नाँव नइखे। प्रकाशक के दावा अनुसार ई पहिल्के शब्दकोश ह, हलाकि विदेशी विद्वान लोग एह से पहिले भी काम कर चुकल बानी। कुछ त्रुटी के भी संभावना से इनकार नइखे कइल गइल, बाँकिर मूल लेखक (संपादक) के नाँव बाहरी आवरण पृष्ठ पर *बिहारी* ना होके *बिहरी* हो गइल बा। भोजपुरिअन के ई सुरुआती प्रयास सराहनीय बा। शब्दकोश देखला पर संक्षिप्त लागता, बाँकिर महत्त्वपूर्ण।

७.१.५.२ भोजपुरी शब्द संपदा (१९८१)

डॉ. हरदेव बाहरी के संपादन में, भारती प्रेस प्रकाशन, इलाहाबाद से सन १९८१ में प्रकशित भोजपुरी शब्द संपदा के भी कोष्ठ में भोजपुरी के पहिलका शब्दकोश बतावल गइल बा। एह कोश १४ हजार के लगभग भोजपुरी के ठेठ शब्द रहल बतावल

www.bhojpurisahityangan.com

गइल बा आ एकरा अलावा ११ हजार शब्द अइसन बाड़ऽ स जे हिंदी में जइसने के तइसने भा तनिका उच्चरण-भेद के साथ प्रयोग होला।

एह कोश के सुरू में संपादक द्वारा क्षमायाचना पढ़ला का बाद ऊ आपन पद्वी *बाहरी* काहे लिखलें ई स्पष्ट हो जाला। दरअसल ऊ हउएँ पंजाबी बाँकिर रोजी-रोटी के चक्कर में भोजपुरिआ क्षेत्र में रसबस गइलें। ओही अइसन नेक काम करत बेरा क्षमा याचना भी करताड़ें आ दोसर तरफ साफ कहताड़ें कि हमनी के आधुनिक भषन पर अगर पहिले विदेशी लोग काम कइलें त उनकर इहो काम धृष्टता ना कहाई।

७.१.५.३ भोजपुरी शब्द परिचय (१९९९)

डॉ. श्याम कुमारी श्रीवास्तव के संपादन में शारदा प्रकाशन से सन १९९९ में प्रकाशित *भोजपुरी शब्द परिचय* अति संक्षिप्त शब्दकोश के एगो प्रारूप बा। डॉ. श्रीवास्तव स्पष्ट कहले बाड़ी कि ई समूचा शब्दन के संकलन ना होके विलुप्त होखे के कागार पर रहल ठेठ भोजपुरी शब्दन के संकलन ह। एक कृति में पहिले भोजपुरी आ हिंदी के भाषिक विशेषतन के संक्षेप में तुलनात्मक चर्चा बा, ओकरा बाद भोजपुरी शब्द के भोजपुरी आ हिंदी दूनू में वाक्यात्मक प्रस्तुति भी देहल गइल बा। भोजपुरी आ हिंदी के व्याकरणिक कोटिअन का बारे में डॉ. श्रीवास्तव भी सिंह (१९६७) आ अरुण (१९७२) जइसन ही वर्णन कइले बाड़ी।

७.१.५.४ भोजपुरी-हिन्दी शब्दकोश (?)

पं. गणेश चौबे प्रधान संपादक आ उनकर सहायक रहल डॉ. उमाशंकर प्रसाद सिंह आ डॉ. ब्रजभूषण मिश्र द्वारा संयुक्त रूप से संपादित आ विश्व भोजपुरी सम्मेलन (राष्ट्रीय इकाई), देवरिआ, उत्तर प्रदेश द्वारा प्रकाशित *भोजपुरी-हिन्दी शब्दकोश* के प्रकाशन वर्ष मुद्रित नइखे। बाँकिर सन २००० के जनवरी के अंतिम सप्ताह में आयोजित दोसरका विश्व भोजपुरी सम्मेलन के दौरान नेपालीय भोजपुरिआ प्रतिनिधिमंडल के अगड़िआ डॉ. वंशीधर मिश्र के ई ग्रंथ उपहार मिलल। प्रकाशन के कुछे महिना के बाद हमनी के उपहार मिलल संदर्भ से एकर प्रकाशन वर्ष १९९९ भइला में शंका नइखे। हलाकि तिवारी (२०१९, पृ. XXV) में एह शब्दकोश के प्रकाशन वर्ष सन २००५ बतावल गइल बा, बाँकिर ऊ यथार्थ से परे लागता। डॉ. विद्यानिवास मिश्र एकर पुनरीक्षण कके भूमिका लिखले बानी। हलाकि एही अध्ययन के क्रम में प्राप्त ई शब्दकोश कालक्रमिक हिसाब से तिसरका ह, बाँकिर एकरो के पहिलके कहल गइल बा। पुस्तक के काया देखके कहल जा सकेला कि एह से पहिलका शब्दकोशन के तुलना में एह में बेसी शब्द बा आ तुलनात्मक रूप में परिष्कृत भी।

७.१.५.५ भोजपुरी-हिंदी-इंग्लिश लोक शब्दकोश (२००९)

रामशरण जोशी के संरक्षकत्व, आ रामवीर संह आ शंभुनाथ के दिशा-निर्देश में अरविंद कुमार प्रधान संपादक, मीरा सरीन आ परमलाल अहिरवाल समन्वयक, राजेंद्र

www.bhojpurisahityangan.com

प्रसाद सिंह भाषा संपादक आ अभिषेक अवतंस संयोजक संपादक सहित के संपादक मंडल द्वारा संपादित *भोजपुरी-हिंदी-इंग्लिश लोक शब्दकोश* हिंदी लोक शब्दकोश परियोजना के अंतर्गत निर्मित होके सन २००९ में केंद्रीय हिंदी संस्थान, आगरा द्वारा प्रकाशित बा।

एह के लोक शब्दकोश कहला से एतना त निश्चित बा कि एह में भोजपुरिआ लोक-प्रचलित शब्दन के सामिल कइल गइल बा। एकर उद्देश्य हिंदी के समृद्धि खातिर एकर बोली भा विभाषा के रूप में ई शब्दकोश आइल बात आमुख में बतावल गइल बा। भोजपुरी के स्वत्व खातिर ई तनिका अनपच होखेवाला विचार जरूर बा। दोसर बात इहो बा कि संसार के भषन के शब्दन के उच्चारण खातिर अब अंतर्राष्ट्रीय मानक बन चुकल अंतर्राष्ट्रीय ध्वनि वर्णमाला (International Phonetic Alphabet, IPA) के प्रयोग से ई त्रिभाषिक शब्दकोश वंचिते रहल बा। काहे कि उच्चारण खातिर सामान्य रोमन संकेत सब के मात्रे प्रयोग बा, उहो पारंपरिक रूप में।

७.१.५.६ भोजपुरी-हिंदी-अंग्रेजी शब्दकोश (२०१८)

डॉ. अरुणेश नीरन प्रधान संपादक आ डॉ. अर्जुन तिवारी संपादक के साथ साथ सूर्यदेव पाठक 'पराग', प्रकाश उदय आ धनजी प्रसाद उपसंपादक सहित के संपादक मंडल के संपादन में राजकमल प्रकाशन, महात्मा गाँधी अंतर्राष्ट्रीय हिंदी विश्वविद्यालय, महाराष्ट्र से सन २०१८ में प्रकाशित *भोजपुरी-हिंदी-अंग्रेजी शब्दकोश,* पहला संस्करण पूरा कद के भारत से प्रकाशित एगो पहिल्का त्रिभाषिक शब्दकोश बा। डॉ. नीरन १९९९ में जौन अपेक्षा कइले रहनी भोजपुरी-हिन्दी शब्दकोश के बारे में आमुख लिखत बेरा, ऊ १९ बरीस का बाद पूरा भइल देखल गइल बा।

जब एकर आमुख पढ़ल जाला त तनिका-सा दुविधा रहिए जाला। एतहों एक तरफ भोजपुरी के हिंदी भाषा के उपभाषा भा बोली बतावल गइल बा त दोसर ओर एकरा के बिहार आ उत्तर प्रदेश में बोलल जाएवाला एगो बड़ भाषा बतावल गइल बा। ओहीतरे विदेशिअन के सुविधा खातिर रोमन संकेत के प्रयोग त बा बाँकिर अंतर्राष्ट्रीय ध्वनि वर्णमाला (IPA) के प्रयोग नइखे कइल गइल।

एकरा बादो एगो विशालकाय रूप में ई शब्दकोश महत्त्वपूर्ण अवश्य बा।

७.१.५.७ भोजपुरी-हिन्दी शब्दकोश (२०१९)

डॉ. अर्जुन तिवारी द्वारा संपादित *भोजपुरी-हिन्दी शब्दकोश,* प्रथम संस्करण विश्वविद्यालय प्रकाशन, वाराणसी द्वारा सन २०१९ में प्रकाशित बा। एकर सबल पक्ष बा कि एह में भोजपुरी लोकोक्ति, मुहावरा, आ पहेली भी सामिल बाड़ऽ सन। हँ, इहो बात साँच बा कि डॉ. तिवारी हिंदी के उपभाषा के रूप में भोजपुरी के परिभाषित करे में कौनो कसर नइखन छोड़ले। बहुत लमहर प्राक्कथन में बहुत विस्तार से लोकभाषा का रूप में हिंदी के अलावा भोजपुरी के समकक्षी कइअन भषन के उल्लेख बा। साथे आउर भषन से आइल शब्दन के एह कोश में स्रोत भी देखावल गइल बा, जौन सराहनीय पक्ष बा।

www.bhojpurisahityangan.com

७.१.५.८ भोजपुरी-हिन्दी शब्दकोश (२०२३)

चन्देश्वर 'परवाना' द्वारा संपादित *भोजपुरी-हिन्दी शब्दकोश* सर्वभाषा प्रकाशन, नई दिल्ली से सन २०२३ में प्रकाशित बा। भारत में भोजपुरी के ई अब तक के सब से नवीनतम शब्दकोश बा। निश्चित रूप से परिष्कृत, परिमार्जित आ संवर्धित त होखबे करी।

७.१.६ भोजपुरी भाषा आ व्याकरण के इतिहास

भारत में भोजपुरी भाषा, व्याकरण आ लिपि पर काम त भइलही बा, ओकर इतिहास पर भी कलम चलल बाः

७.१.६.१ रास बिहारी पांडेय

रास बिहारी पांडेय बिहार के भोजपुरी जिला में बिहिआ के बानी। उहाँका सरकारी सेवा में रहके भोजपुरी भाषा-साहित्य पर गंभीर काम कइले बानी। उनकर जीवनवृत्त का बारे में एह से बेसी थाह नइखे भइल। हँ, भारत से अब तक उनके लिखल *भोजपुरी भाषा के इतिहास* उपलब्ध बा जे लोक-साहित्य-संगम, बिहिआ, भोजपुर से सन १९८६ में प्रकाशित बा। पुस्तक संक्षिप्त होके भी बहुते सटीक बा।

७.१.६.२ सुभाषचंद्र यादव

सुभाषचंद्र यादव के *भोजपुरी भाषा के इतिहासः एगो सिंहावलोकन* अक्षयबर दीक्षित आ तैयब हुसैन पीड़ित के संपादन में सन १९९४ में प्रकाशित ***डुमरी कतेक दूर*** में सामिल बा। अखिल भारतीय भोजपुरी भाषा सम्मेलन, जिला इकाई सीवान द्वारा प्रकाशित ई आलेखमाला में एह अध्ययन का क्रम में मिलल ई एगो छोट आलेख बा बाँकिर मननीय जरूर बा। एह से कि एह में संक्षेप में भोजपुरी के स्वरूप में कालक्रम अनुसार आइल बदलाव के बड़ा बारिकी से देखावे के कोसिस कइल गइल बा।

७.१.६.३ पांडेय कपिल (१९३०-२०१७)

बिहार के सारन जिला के शीतलपुर (वाया बरेजा) गाँव में पिता पांडेय जगन्नाथ प्रसाद सिंह आ माता लालचुन्नी देवी के सुपुत्र पांडय कपिल के जन्म ३० सितंबर १९३० के दिन भइल रहे। उनकर पूरा नाम पांडेय कपिलदेव नारायण सिन्हा ह। बिहार सरकार, राजभाषा विभाग में अनुवादक आ राजभाषा उपनिदेशक के पद पर रहके देश आ समाज के आपन सेवा देहनी। भोजपुरी साहित्य में उनकर नाँव बड़ा आदर से लिहल जाला। श्रीवास्तव (१९९९) में उहाँका *भोजपुरी व्याकरणः बीम्स से श्रीवास्तव तकले* शीर्षक पर भूमिका के बहाने तब तक के भोजपुरी व्याकरण के बड़ा सटीक आ स्पष्ट ढङ से भोजपुरी व्याकरण के इतिहास परोसले बानी।

७.२ मॉरीशस में भोजपुरी

बेलायती साम्राज्य में सन १८३३ में दासप्रथा के उन्मूलन भइल (तोमर, २०२४, पृ. २८१२)। बाँकिर बेलायती साम्राज्य के एह कदम का बाद शारीरिक श्रम के बहुत कमी महसुस भइल, खासकके जहाँ ओकरा उपनिवेश में नगदी खेतीबारी पर अर्थतंत्र

www.bhojpurisahityangan.com

टिकल रहे। अफ्रिका महादेश में रहल एगो द्वीप, मॉरीशस, ऊँख के खेती आ चिनी उत्पादन आ निर्यात में अब तक अव्वल रहल बा। बाँकिर ओह बेरा अफ्रिका से मङावल मजदूरन के कारगर ना देखल गइल। एही क्रम बेलायती साम्राज्य एगो करारबद्ध श्रम नीति (Indentured labour Policy) लेआइल। एह नीति के तहत सन १८३४ से १९१७ के बीच में करीब पाँच लाख भारतीय लोग के मॉरीशस पहुँचावल गइल रहे करारबद्ध यानी गिरमिटिआ मजदूरन के रूप में। ओह में से अधिकांश लोग पच्छिमी बिहार आ पूर्वी उत्तर प्रदेश के भोजपुरिआ लोग रहलें। एह लोग में सब से पहिले सारा नामक पानी जहाज से ढाङड़ (कुडुख) आदिवासी समुदाय के ३९ जने छोटा नागपुर से सन १८३४ के अगस्त में, आ दोसर जहाज से ३४ भा ३६ जने मद्रास से आप्रवासी चउतरा (Immigration Square) पर पोर्ट लुई में पहुँचल (बूधू, १९९९, पृ. १३)। ए आप्रवासी चउतरा के ओह बेरा कुली घाट कहल जात रहे जेकर आप्रवासी घाट का रूप में अब पुनः नामकरण हो चुकल बा।

ई क्रम सन १९१७ तक चलल आ चक्रवर्ती (२०२५) अनुसार एह अवधि में ४,५३,०६३ भारतीय लोग के करारबद्ध मजदूरन के रूप में मॉरीशस में दाखिला भइल। पहिल खेप के छोटानागपुर आ बाद के खेप में मॉरीशस पहुँचल पच्छिमी बिहार आ पूर्वी उत्तर प्रदेश के लोग अत्यधिक रहे जिनकर मातृभाषा भोजपुरी रहे। एह क्रम में कोलकाता से जहाज छुटला के बाद के त्रास आ कष्ट भरल ओह लोग के दीन-हिनता के ई गीत आजो दर्सावेलाः

(१) *कलकत्ता से छुटल जहाज, भँवरवा धीरे चलऽ।*
खोजे निकलल नया संसार, भँवरवा धीरे चलऽ।
चलल भवानीपुर डिपो से, साथ में लेके गिरमिटिआ
भइल जहाज एक काल कोठरी, दङ भए सब गिरमिटिआ
बाप कहीं त भाई कहीं बा, विधना चाल चलल भइआ
कवन नगरिआ जाइके रुकिहें, अब मालिक रखिहें हमर लाज॥भँवरवा॥
हफ्ता बीतल महीना बीतल, इक इक घड़ी लागे एक साल
देशवा छूटल घरवा छूटल, जिअवा डेराएल मन होइल बेहाल
बीम समंदर डगमग डोले, करे परनवा हाहाकार
सड़तिआ बा भूखे बेमारी २
पग पग मवत हँसे भइआ अब छूटल रे देसवा के आस॥भँवरवा॥
कलकतओ छूटल बड़ी दूर भँवरवा धीरे चलऽ।

(महात्मा गाँधी संस्थान, २०००, पृ. १५)

अब त अवस्था बिल्कुल बदल गइल बा। कुल मिलाके इहे लोग के मॉरीशस बासी लोग में बहुमत में बा आ इहे लोग अब मॉरीशस के राजनीतिक सत्ता के बागडोर

www.bhojpurisahityangan.com

सम्मारता। बाँकिर मुर्दान (२०२२) के अनुसार भोजपुरी भाषिअन के जनसांख्यिक सामर्थ सन २०११ के जनगणना अनुसार भाषा के रूप में २,३८,४५१ (१९.३%) लोग आ चल्ती के भाषा के रूप में ६५,२८९ (५.३%) लोग भोजपुरी बोलेलन। अइसन ग़ास के बावजूद भोजपुरी पर मॉरीशस सरकार के विशेष ध्यान बा आ भोजपुरी के पुनः संवर्धन होखे के आशा कइल जा सकेला।

मॉरीशस में भोजपुरी के संवर्धन खातिर भोजपुरी स्पीकिङ यनिअन सरकारी मान्यताप्राप्त संस्था बा। एहीतरे संगीत-नाट्य के प्रवर्धन खातिर महात्मा गाँधी संस्थान के तहत सांस्कृतिक टोली काम कर रहल बिआ। भोजपुरी उहाँ पाठ्यक्रम में सम्मिलित बा। भोजपुरी भाषा-साहित्य पर भी इहे संस्थान काम करेला। खुशी के बात ई बा कि उहाँ दूजने महिला लोग बेसी सक्रिय बाड़ी सः डॉ. सरिता बुद्धू आ डॉ. सुचिता रामदीन।

७.२.१ डॉ. सरिता बुद्धू (१९४२)

मॉरीशस के पोर्ट लुई में पिता सत्यब्रत मखन सिंह आ माता सुखिआ उदित के सुपुत्री के रूप में डॉ. बुद्धू के जन्म १५ अक्टोबर १९४२ के भइल बा। उनका लड़िकाईं में भोजपुरी बोले ना आवत रहे। बाँकिर ई उनकर पुर्खन के भाषा ह आ जब पहचान के बात उठल त ऊ मॉरीशस में भोजपुरी आंदोलन से जुड़ गइली आ अभीन ऊ धाराप्रवाह भोजपुरी बोलेली। लामा समय तक ऊ भोजपुरी स्पीकिङ यूनिअन के अध्यक्ष रहली।

शिक्षा के क्षेत्र में ऊ कोकलकाता विश्वविद्यालय लेडी ब्राबौर्न कॉलेज से भूगोल में स्नातक प्रतिष्ठा पूरा कइली आ महात्मा गाँधी काशी विद्यापीठ से हिंदी में विद्यावारिधि तक हासिल कइली। उनका प्रयास से भोजपुरी गीत गवाई अभीन युनेस्को में सांस्कृतिक संपदा के रूप में दर्ज बा।

७.२.१.१ सहज भोजपुरी व्याकरण (२०११)

डॉ. सरिता बुद्धू द्वारा लिखित सहज भोजपुरी व्याकरण स्टार पब्लिकेशन प्रा. लि. नई दिल्ली से सन २०११ में प्रकाशित ग्रंथ ह। संस्कृत संरचना में तइआर ई परंपरागत ढाँचा में रहल व्याकरण सुरुआती सिखनिहार लोग खातिर बेसी उपयुक्त बा। खास कके जे आपन पुर्खन के भूमि छोड़के विदेश में जन्मल बा, ओकरा खातिर त एह में रहल उदाहरण अङरेजिओ में रहला से बेसी सहज होई। ओही तरे विदेशी नवसिखुअन खातिर भी ई व्याकरण कारगर बा।

७.२.१.२ भोजपुरी बोलऽ (२०११)

डॉ. बुद्धू द्वारा लिखित सन २०११ में स्टार पब्लिकेशन प्रा. लि. नई दिल्ली से प्रकाशित ई दोसर पुस्तक ह। निश्चित रूप से मॉरीशस जइसन देशन में अपसरण में पड़ल लइकालइकी आ विदेशिअन खातिर ई पुस्तक बहुत कारगर होखे के हिसाब से लिखल गइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

७.२.२ सुचिता रामदीन

सुचिता रामदीन मॉरीशस के एगो दोसर सशक्त महिला के नाम ह। उहाँ के भोजपुरी आंदोलन से इहो जुड़ल बाड़ी। तिवारी (२०१९, पृ. XXIV) के मुताबिक सन २००३ में इनका संपादन में भोजपुरी-हिंदी शब्दकोश प्रकाशित भइल जानकारी मिलेला।

७.२.३ योगेश्वरी झींगन

श्रीमती झींगन मॉरीशस में पूर्व शिक्षिका बाड़ी। अपने स्वयं प्रकाशक रहल श्रीमती झींगन सन २०२१ में *हमनी के पुरबज के बोली* प्रकाशित कइले बाड़ी। ई एक तरह के कोश के रूप में रहल बा। एह पुस्तक के संपादन कइले बाड़ें भारत से जयशंकर मिश्र।

७.३ फिजी में भोजपुरी

गिरमिटिआ मजदूरन के रूप में सन १८७२ से १९१६ के बीच ४२ जहाज में भारत के कोलकाता, चेन्नाई आ मुंबई बंदरगाहन से ६०,९६५ भारतीय लोग प्रशांत महासागर में रहल द्वीप समूह, फिजी, खातिर रवाना भइल आ ओह में से ६०,५५३ लोग के फिजी पहुँचल अभिलेख मिलेला (https://en.wikipedia.org/wiki/List_of_Indian_indenture_shipt_to_Fiji)। एहू लोग में से अधिकांश के पैदाइसी जगह रहल पच्छिमी बिहार आ पूर्वी उत्तर प्रदेश। दूनू प्रदेशन के भइला का बादो फिजी में भोजपुरिआ लोग भोजपुरी बिहारी का रूप में अपना के परिचित करावेला। भोजपुरिअन के फिजी में अच्छा खासा उपस्थिति बा बाँकिर मॉरीशस के तुलना में तनिका कम बा। एकरे नतिजा ह कि फिजी के इतिहास में एक बेर महेंद्र पाल चौधरी प्रधानमंत्री त भइनी बाँकिर पूरा कार्यकाल ना रहे सकनी। एकरा बादो फिजी में भोजपुरिअन के पहुँच उहाँ के राजनीतिक सत्ता संचालन में सहयोगी के रूप में जरूर बा।

हँ, उहाँ भोजपुरी के स्वतंत्र नाम से ना जनाके भोजपुरी बिहारी भा फिजी हिंदी के नाम से लोग जनावल करेलन। भोजपुरी के एह फिजी बोली में कुछ अवधी के मिश्रण भी नजर आवेला।

एतना भइला का बादो फिजी में एह लोग के जनसंख्या आजो ६० हजार से अधिक नइखे जेतना लोग उहाँ गिरमिटिआ बनके गइल रहलें।

फिजी में भोजपुरी भाषा के दिसाईं रोडनी एफ. मोग के *फिजी हिंदी* उपलब्ध बा।

७.३.१. रोडनी एफ. मोग

मोग भाषाविज्ञान में फुलब्राइट फेलो के रूप में आपन शोधात्मक कृति *फिजी हिंदी* तइआर कइनी जे अस्ट्रेलिअन नेशनल युनिभर्सिटी प्रेस, कैनबरा से सन १९७७ में प्रकाशित भइल। ई एगो आधारभूत पाठ्य सामग्री आ संदर्भ व्याकरण रहल बतावल गइल बा। ई पुस्तक फिजी सरकार के शिक्षा विभाग के तहत हिंदी पाठ्यक्रम विकास एकाई में वरिष्ठ शिक्षा अधिकृत राम नारायण के परामर्श में तइआर भइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

एह पुस्तक के कृतज्ञता ज्ञापन स्तंभ में फिजी हिंदी २,७०,००० लोग के घर के भाषा रहल बतावल गइल बा जे फिजी के तत्कालीन जनसंख्या के ५३% रहल बा। फिजी में रहल भारतीय लोग फिजी हिंदी के उद्गम भोजपुरी बोली रहल बतावेलन बाँकिर लेखक का अनुसार एह में आउर भषन के स्रोत से भी शब्द आके सामिल बाड़ें। एह पुस्तक के देखला पर सर्वनाम, विशेषण आदि पदवर्ग त बिल्कुल भोजपुरिए के लउकेलन स। क्रिया के प्रयोग हिंदी जइसन बा। लेखक एकरा के एक तरह के अपभ्रंश हिंदी कहले बाड़ें।

७.४ दक्खिन अफ्रिका में भोजपुरी

दक्खिन अफ्रिका में सन १८६० से १९११ तक १,५२,१८४ भारतीय गिरमिटिआ मजदूर के बेलायती साम्राज्य में ऊँख के खेती करे खातिर ले गइल अभिलेख मिलेला (मिस्त्री, १९८५, पृ. २)। ई लोग कोलकाता आ चेन्नाई (तत्कालीन मद्रास) बंदरगाह से उहाँ गइल रहलें। एह लोग के ओह बेरा के नतल प्रदेश में ले जाइल गइल रहे। ओहीसुके अफ्रिकी भोजपुरी के उहाँ नैताली भोजपुरी भी कहल जाला।

एह लोग के भी कथा-व्यथा मॉरीशस आ फिजी के गरिमिटिआ मजदूरन से मिलताजुलता बा। विभिन्न स्रोत से पता चलेला कि अभी दक्खिन अफ्रिका में ६३,००० के संख्या में लोग भोजपुरी बोलेलन।

अब तक हमनी के मिलल जानकारी में राजेंद मिस्त्री उहाँ के अंतर्राष्ट्रीय ख्यात भाषाविद् आ अफ्रिकी भोजपुरी के उन्नायक रहल बाड़न।

७.४.१ राजेंद मिस्त्री

राजेंद मिस्त्री केप टाउन विश्वविद्यालय से भाषाविज्ञान में विद्यावारिधि बानी। हमनी में से डॉ. गोपाल ठाकुर के भेट उनका से सन २००० में मॉरीशस में भइल रहे। सन १९८५ में मिलल उनकर विद्यावारिधि उपाधि के शोधप्रबंध बा *A History of the Bhojpuri (or "Hindi") Language in South Africa* यानी *दक्खिन अफ्रिका में भोजपुरी (चाहे "हिंदी") भाषा के इतिहास*। एह कृति में दक्खिन अफ्रिका में भोजपुरी कइसे पहुँचल, ओकर नाम उहाँ नाताली भा नैताली कइसे भइल, ओकर अभीन कौनो रूप बा, जइसन जिज्ञासा के शांत करे के कोसिस कइल गइल बा। उनकर आउर कृति आ लेख सब बा, सांदर्भिकता में इहाँ एतने लेहल गइल बा।

७.५ सुरीनाम में भोजपुरी

सुरीनाम दक्खिन अमेरिका महाद्वीप के उत्तर में अवस्थित एगो देश बा जे आधिकारिक रूप से सूरीनाम गणराज्य के नाम से जानल जाला। ई दक्खिन अमेरिका में क्षेत्रफल आ जनसंख्या दूनू हिसाब से सब से छोट सार्वभौम देश ह। ई पहिले नीदरलैंड के उपनिवेश रहे।

एही डच औपनिवेशिक काल में सन १८६३ में दासप्रथा के डच सरकार समाप्त कर देलस। एकरा बाद गिरमिटिआ मजदूरन के लेआवल गइल खास कके खेतीबारी

www.bhojpurisahityangan.com

करे खातिर। एह में भारतीय लोग के संख्या अत्यधिक रहे आ ओहू में भोजपुरिआ लोग हिंस्सा प्रमुख रहल जे पच्छिमी बिहार आ पूर्वी उत्तर प्रदेश से ओतहाँ पहुँचल रहे। दस्तावेज देखला पर सन १८७३ में एह गिरमिटिआ मजदूरन के कोलकाता से पहिलका जहाज में चढ़ा के सूरीनाम पहुँचावल गइल रहे। सूरीनाम में पहुँचके ओतहाँ के भोजपुरी पर डच के प्रभाव पड़ल स्वाभाविक रहे। ओहीसुके ओतहाँ लोग भोजपुरी के सरनामी भोजपुरी भा सरनामी के नाम से परिचित करावेलन। सरनामी में मूलतः भोजपुरी पर तनिका अवधी के प्रभाव बा आ बाद में ई डच से प्रभावित लउकेला। सन १८७३ से १९१६ तक ३४,००० भारतीय जन के सूरीनाम पहुँचल बतावल जाला। फिलहाल सरनामी/हिंदुस्तानी बोलेवाला लोग के जनसंख्या ७५,५०० बतावल जाला (https://worldpopulationreview.com/countries/suriname/language)।

गिरमिटिआ भा कंत्राकी मजदूरन के दशा चारू ओर एकेलेखा मिलेला। राजमोहन के कंठ से निकलल ई गीत एकर एहतरे बयान करेलाः

(२) *सात समुंदर पार कराइके, एक नवा देश के सपना दिखाइके*
कइसे हमके भरमाइके, ले गइल दूर सरनाम बताइके
कपड़ा लत्ता खर्चा गहिना, गठरी से बांध सब आ जा
कृपा श्रीराम के मुट्ठी में दूसर के सहारा बाटे?
कभी दिल घबराए थोड़ा पछताए, चांद सुरूज के कुछ हमके भी,
भाग में मिली दरसन तरसाइके, सात समुंदर पार कराइके
तीन महीना जहाज पे, रिश्ता नाता तो बन ही जाए
एक विचार दिमाग में आए, ऊ देश में कइसन लोग भेटाए
खेती बारी बढ़िया सहाए, पाँच बरस कसके कमाइके,
लौटब गांव पैसा जमाइके, सात समुंदर पार कराइके
कुछ दिन सरनाम में रहिके भाई, धीरे-धीरे आदत पड़ जाई
अब इतना दिन मेहनत कइके, सब छोड़ छाड़ वापस के जाई?
सरकार के बल खेत मिल जाई, मन के कोना में एक सपना रह जाई
इहीं रहिके एक दिन गाँव आपन जाइके, सात समुंदर पार कराइके।

ई त रहल संगीत-नाट्य क्षेत्र के उदाहरण। बाँकिर भाषा के क्षेत्र में भी उहाँ काम भइल बा। सुरीनाम में बोलल जाएवाला भोजपुरी के सरनामी भोजपुरी भा सरनामी कहल जाला। एह पर आर. एम. मऱे के निमन काम बा। उनकर *सरनामी ब्याकरन* सन १९८५ में Foundation for Surinamers यानी सरनामी फाउंडेशन से प्रकाशित बा। अवधी आ डच से तनिका प्रभावित भोजपुरी के ई एगो प्रारंभिक व्याकरण बा। एह व्याकरण के देखला पर ई पच्छिमी भा काशिका भोजपुरी के व्याकरण मालूम होला।

www.bhojpurisahityangan.com

७.६ ट्रिनिडाड आ टुबैगो में भोजपुरी

कैरीबिआई समुद्र के बीच में एह दूगो टापुअन के प्रमुखता में एगो द्वीप समूह ट्रिनिडाड आ टुबैगो गणराज्य के रूप में एगो सार्वभौम देश के नाँव ह। चगुनस इहाँ के सब से बेसी जनसंख्यावाला नगरपालिका ह। ई देश दक्खिन अमेरिका के सब से करीब बा। स्पेनी औपनिवेशिक काल में सन १४९८ में क्रिष्टोफर कोलंबस सब से पहिले एकर पता लगौले रहलें। सन १७९७ में ई बेलायती अधीनस्थ हो गइल। बाद में सन १९६२ में ई स्वाधीन हो गइल।

पहिले दक्खिन अमेरिका के लोग एतहाँ बसल रहे। यूरोपीय संपर्क में अइला पर क्रमशः बहुजातीय होत गइल। बेलायती उपनिवेशन में दासप्रथा के अंत भइला पर एतहों गिरमिटिआ मजदूरन के भारत, चीन आ पुर्तगाल जइसन देशन से इहाँ पहुँचावल गइल। विभिन्न स्रोत से मे १, १८४५ में २२५ जने भारतीय पानी जहाज से ट्रिनिडाड पहुँचल लउकेलन। ई क्रम सन १९१७ तक चलल आ एह दौरान कम से कम १,४७,००० भारतीय जन ऊँख बगान में काम करे ट्रिनिडाड पहुँचल लोग। भारत से पहुँचल लोग के भाषा इहाँ हिंदुस्तानी कहाला। एह हिंदुस्तानी के ट्रिनिडाडीय हिंदुस्तानी, ट्रिनिडाडीय भोजपुरी, ट्रिनिडाडीय हिंदी, भारतीय, बगानी हिंदुस्तानी भा गाँव के बोली अलग अलग नाँव से जानल जाला। एह सब में जर में मूलतः भोजपुरी आ अवधी रहल बतावल गइल बा। सन २०११ के जनगणना के मुताबिक १५,६३३ लोग के ई मातृभाषा बा।

७.७ गुयना में भोजपुरी

आधिकारिक रूप से गुयाना सहकारी गणतंत्र के नाम से जानल जाएवाला गुयना दक्खिन अमेरिका के उत्तरी किनारे बसल एगो विकासोन्मुख देश बा जे उत्तर में आंध्र महासागर, पुरुब में सुरीनाम, दक्खिन आ दक्खिन-पच्छिम में ब्राजिल आ पच्छिम में भेनेजुएला से घिरल बा। क्रिस्टोफर कोलंबस के नजर एह ठाँव पर सन १४९८ में पड़ल रहे। पहिले डच लोग इहाँ आपन उपनिवेश स्थापित कइलख जे १७९६ में बेलायती नियंत्रण में आइल। आपन औपनिवेशिक काल में ऊ लोग आन जगह से एतहु बनुआ मजदूर ले गइल जे में भारतीय भोजपुरिआ क्षेत्र से अत्यधिक लोग गइल रहे। २६ मई के स्वाधीनता पइला का बाद विभिन्न उतार-चढ़ाव पार करत अभीन इहाँ जातीय रूप से विविध राष्ट्रीयता के लोग बसेलन जे भारत, अफ्रिका, युरोप, आ चीनिआ मूल के बा लोग। भारतीय-गुयानी लोग के संख्या सब से बेसी बा। २००२ के जनगणना के मुताबिक ऊ लोग गुयानी जनसंख्या के ४३.५% पूरा करेलन। ओह लोग द्वारा गुयना में भोजपुरी बोलल जाला जे अवधी से भी प्रभावित बा। ई ओह लोग के उहाँ आपन संस्कृति के भाषा बा जेकर निश्चित रूप से गुयना में बोलल जाएवाला आन भषन से भिन्न शब्दावली, व्याकरण आ वाक्यविन्यास बा। एह गुयानी भोजपुरी के संरक्षण के प्रयास जारी बा। फिलहाल *भोजपुरी साँझ* कार्यक्रम के आयोजन पर्यटक लोग के आकर्षण के केंद्र मानल जाला।

www.bhojpurisahityangan.com

७.८ आउर देशन में भोजपुरी

एह कालखंड में भी अब वैदेशिक रोजगार के माध्यम से नेपाल आ भारत के भोजपुरिअन के पहुँच संसारभर हो चुकल बा। जे जहाँ गइल बा, अपना भाषा-संस्कृति खातिर कुछ त करिए रहल बा। उपर शालिग्राम शुक्ल के जे भोजपुरी व्याकरण के चर्चा बा, ओके अमेरिकी प्रवासी भोजपुरी कहला से भी होई। मूलतः गाना-बजाना आ सिनेमा के जरिए गैर-भोजपुरिअन के भी भोजपुरी अपना ओर आकर्षित कर रहल बा। अब भोजपुरी वैश्विक भाषा के रूप में खड़िआ त गइल बा, बाँकिर अपने जगह पर उपेक्षित भइला से मन तनिका हेमान जरूर होत रहेला।

७.९ सारांश

एह अध्याय में नेपाल से बाहर भारत, मॉरीशस, फिजी, दक्खिन अफ्रिका, सुरीनाम, ट्रिनिडाड आ टुबैगो आ गुयना तक भोजपुरी के विस्तार आ मौजूदा अवस्था पर संक्षेप में अँजोर कइल गइल बा। भोजपुरी नेपाल-भारत से बाहरो समृद्धि पर बा बाँकिर नेपाल-भारत में रहल एकरा प्रति के उपेक्षा भाव एकरा के दीन-हीन बनाके रखले बा।

❖

www.bhojpurisahityangan.com

अध्याय आठ
भोजपुरी के अवस्था आ विशेषता

८.० नेव

एह से पहिले के अध्यायन में भोजपुरी के ऐतिहासिक कालक्रम का उपर गंभीर रूप से विवेचनात्मक-वर्णनात्मक दृष्टिकोण किफायती ढङ से परोसल गइल बा। तब, अभीन भोजपुरी कौना अवस्था में बा त? एह जिज्ञासा के जवाब खातिर मूलतः भोजपुरी के जन्मस्थली नेपाल आ भारत के अवस्था के प्रतिविंब ही आउर जगह देखेके मिली।

फिलहाल नेपाल आ भारत दूनू जगे संघीयता, लोकतंत्र आ गणतंत्र चल रहल बा। भारत के संविधान के कइओ बेर संशोधन हो चुकल। नेपाल के संविधान भी संशोधन से अछूता नइखे। संवैधानिक रूप से दूनू जगे बहुभाषिकता बहाल बा। ओकरा बादो ना नेपाल में ना भारत में अब तक भोजपुरी कौनो प्रदेश में सरकारी कामकाज के भाषा के रूप में प्रयोग हो रहल बा।

अतः एह अध्याय में भोजपुरी भाषा के वर्तमान अवस्था आ विशेषता के बारे में चर्चा कइल गइल बा। एह अध्याय के ८.१ में भोजपुरी भाषा के अवस्था आ ८.२ में भोजपुरी भाषा के विशेषता के चर्चा कके ८.३ में सारांश प्रस्तुत कइल गइल बा।

८.१ भोजपुरी भाषा के अवस्था

पहिले के बात जे होखे, जइसन होखे, बाँकिर आज के बात ई बा कि भोजपुरी अपना के सक्षम भाषा का रूप में स्थापित कर चुकल बा, साहित्य के रचना हो रहल बा आ भोजपुरी के आपन सांस्कृतिक परंपरा बा, जौना के सोर बहुत गहिंड़ बा। एह से पहिले के अध्यायन में ऐतिहासिक रूप से एह भाषा के विकासक्रम के जे ङवे दर्सावल गइल बा, आज के दिन में भोजपुरी भाषा के सबलता के प्रमाण स्वरूप एकर लोकवार्ता, साहित्य, संगीत-नाट्य, सिनेमा, पत्रकारिता, शोधकार्य, राजकाज जइसन क्षेत्रन में भोजपुरी के वर्तमान अवस्था के दर्सावल गइल बा।

८.१.१ लोकवार्ता

भोजपुरी के मूल चरित्र आजो लोकभाषा के बा। आम जनता के जुबान पर भोजपुरी जीवित बा। स्वाभाविक बा, जौन भाषा जनबोली के रूप में बा, ओकर लोकवार्ता मजबूत होखबे करी। अतः भोजपुरी आपन लोकवार्ता में बहुते समृद्ध बा। लोकवार्ता के अपने कइअन विधा बाड़ऽ स। लोकगीत, लोकगायन, लोककथा, लोकगाथा, कहाउत, नारा कहाउत, मोहावरा, बुझउअल जइसन लोकवार्ता में एक पर एक विधन के बहुते समृद्ध निधि बा भोजपुरी का लगे। कालक्रमिक रूप से एह से पहिले के अध्यायन में देखावल जा चुकल बा।

भोजपुरी लोकवार्ता पर बहुते देखनउक काम सब भी भइल बा जे में विदेशी से लेके मातृभाषी भोजपुरिअन के अतुलनीय योगदान बा। बाँकिर एगो कमजोरी

www.bhojpurisahityangan.com

स्वीकारही के पड़ी, ऊ ह नेपालीय भोजपुरिआ क्षेत्र में अभीन एकर उत्खनन भइलही नइखे। कुछ भइलहू बा त मौलिक रूप से नाम मात्र के भइल बा। चिंता ई बा कि राष्ट्रीय-अंतर्राष्ट्रीय स्तर पर बलिष्ठ कहावेवाला भषन के चकाचौंध में अगर ओह अमूल्य निधिअन के दस्तावेजीकरण नइखे होखत त ओकर विलोपीकरण के केहू नइखे रोके सकत। कारण कि भाषिक साम्राज्यवाद-उपनिवेशवाद का कारण जनभाषा के पुश्तांतरण स्वाभाविक नइखे होत।

अतः भोजपुरिअन के ई कहके महिमामंडन कइल कतई उचित नइखे कि हमर लोकवार्ता आन लोग से बहुते समृद्ध बा। बल्कि यथार्थ पर खड़िआके ओकर दस्तावेजीकरण अभिने से सुरु कइल नितांत आवश्यक बा।

८.१.२ साहित्य

साहित्य में त भोजपुरी के अब उम्दा कहे में कौनो दिक्कत नइखे। हर विधा में काम हो रहल बा। बाँकिर अभिनो खास कके समालोचना, जीवनी सहित के विधन में स्वतंत्र रूप से काम भइल अति न्यून बा। एकरा साथे साहित्य सृजन में दूगो अति भी देखल गइल बा। एक तरफ अलंकार, रूपक, विंब, छंद, जीवंतता जइसन साहित्य सृजन के कलात्मकता में अइसन डुबल लउकता लोग, जे आमजन के मतलब से बाहरे रहता। दोसर तरफ एह सब के बिल्कुल ख्याले ना कके निरसता के सिकार भइल समस्या भी लउकता। एकरे साथे पुश्तांतरण के भी समस्या बा। प्रौढ़ पुश्ता के लोग का लगे *अपने मुँहे मिया मीठू* कहेवाला अहंकार हावी बा त दोसर ओर नया पुश्ता के लोग में रातारात सोहरत के भूत सवार भइल भी ओतने नजर आवता। ओहीतरे साहित्य सृजन में भाषा के प्रयोग के क्षेत्र में कुछ लोग कथित शालीनता के नाम पर भोजपुरी से फरका हटत जाता त कुछ लोग साहित्य सृजन के सामान्य अनुशासन में भी रहेके नइखे चाहत।

अतः ई कुछ अतिवादी सोच से उपर उठके आगे बढ़ला पर भोजपुरी साहित्य के भविष्य उज्ज्वल देखाई देता।

८.१.३ संगीत-नाट्य

संगीत-नाट्य में भोजपुरी समृद्ध रहे, बा आ रही। एह विधा में भोजपुरी के विस्तार हो रहल बा। सब से खुसी के बात बा कि अब एह क्षेत्र में नया नया युवा-युवती दूनू के प्रवेश आ ख्याति मिल रहल बा। पहिले हिंदी में उद्घोषण आ पूरा नाटक भा सांगीतिक कार्यक्रम होत रहे आ लोग के चटनी का रूप में भोजपुरी सुनावल देखावल जाए। बाँकिर अब पूरा के पूरा कार्यक्रम आ नाटक भोजपुरी में चल रहल बा। ओहीतरे पहिले चल्ती के हिंदी गीत के तर्ज पर जोरुआ गीत लिखाए आ गावल जाए, बाँकिर अब मौलिक संगीत के साथ भी भोजपुरी गीत के गायन होता। एकरा साथ साथ गीत-संगीत के जेतना लोकप्रियता आ विस्तार बा, नाट्य आ ओहू में

www.bhojpurisahityangan.com

नाटक के अब बिल्कुल संकुचन हो गइल बा। दुःख के बात बा कि नेपाल में अब तक कौनो एकोगो भोजपुरी नाट्यशाला स्थापित नइखे।

एकरा साथ साथ जबहिए भोजपुरी संगीत-नाट्य के बात आई त एक तरह के कथित सभ्य संभ्रांत लोग बा, जिनका भोजपुरी में अश्लीलता के अलावा कुछ लउकबे ना करे, त दोसर ओर कुछ गायक-गायिका लोग बा जे शृंगारिक गायन के नाँव पर अधिकतर दू-अर्थी आ कुछ हद तक पर्दाखोल तरिका से सीधा अश्लीलता के बिना आपन स्थापत्व ना होखे के चिंता में डुबल बा।

त सवाल उठता कि खाली भोजपुरिए में अश्लीलता बा? नेपाली में कुमार बस्नेत के संकलन में रेडिओ नेपाल से अब तक बजेवाला गीत *लै बरी लै लै बरी लै गाउँकी ठिटी सबैलाई* 'ला ला ला, गाँव के छउँड़ी सबकेहू ला' हिंदी में *द्वारे पे सोया था बहनोई थारे समझके सो गई* 'दुअरा पर बहनोई सुतल रहलें, हमहु त रउए बानी समझके सुत रहनी' जइसन गीतन में कथी बा अश्लीलता छोड़के? खोजला पर आउरो भाषा में आउरो भरमार उदाहरण मिली।

बाँकिर एकर मतलब ई नइखे कि भोजपुरी में अश्लीलता चलत रहो। सलील गानाबजाना के हिम्मत से कुछ गायक-गायिकन के आगा आइल जरूरी बा। उदाहरण के तौर पर भारत में चंदन तिवारी के लेहल जा सकेला।

८.१.४ सिनेमा

भारत में भोजपुरी सिनेमा चकाचक चल रहल बा। हिंदी सिनेमा के नामचीन सितारा लोग भी भोजपुरी में काम कर रहल लउकताड़ें। कमाइओ ठीकठाक बा। बाँकिर नेपाल में ऊ अवस्था नइखे। अध्याय छौ में नेपालीय भोजपुरी सिनेमा के हालत बतावल गइल बा। एक त बनावल कठिन, दोसर चलचित्र विकास बोर्ड में सेंसरे ना होखे के समस्या लउकता। तिसर चलचित्र विकास बोर्ड में सेंसर में भोजपुरिआ निरीक्षक केतना बइठेला लोग? अर्थ के अनर्थ लगाके बनल सिनेमा सार्वजनिक होखे के पैंड़े जोहत रह जाला।

भोजपुरी सिनेमा में भी अश्लीलता के सवाल मुँह बाके खड़ा बा। संगीत-नाट्य खातिर सुझावल उपाय एतहों लागू होए त अच्छा रही।

८.१.५ पत्रकारिता

भोजपुरी पत्रकारिता सब से कमजोर अवस्था में बा। भारत में त कुछ टुकटुकातो बा त नेपाल में अब तक बड़ा मुस्किल से एगो भोजपुरी टाइम्स दैनिक चल रहल बा। साप्ताहिक, मासिक, त्रैमासिक, अर्धवार्षिक आ वार्षिक पत्रिका आ जॉर्नल के त नाँवो लेहल दुलम बा। सरकारी संचार माध्यम में रेडिओ नेपाल आ गोरखापत्र कौनो तरहे निर्वाह कर रहल बा क्रमशः भोजपुरी बुलेटिन आ नया नेपाल भोजपुरी पृष्ठ के। नेपाल टेलिभिजन में अब तक एगो साप्ताहिक कार्यक्रम आवेला

www.bhojpurisahityangan.com

भोजपुरी आवाज। समाचार आ आउर कार्यक्रम में प्रवेशे नइखे कइले। राष्ट्रीय समाचार समिति में भी अब तक भोजपुरी के प्रवेश नइखे। एह दूनू जगे मनमानिओ ओतने बा, भोजपुरी से कम जनसंख्या वाला भाषा के स्थान मिलल बा बाँकिर भोजपुरी के ना। ई संवैधानिक मर्म के विपरीत बा, बाँकिर जेकरा हाँथे लाठी ओकरे नु कहाई भइँस!

निश्चित रूप से निजी श्रव्य-दृश्य संचार माध्यम में भोजपुरी के हालत कुछ निमन बा, बाँकिर संतोषजनक नइखे। भारतो में खुलल कुछ चैनल बंद हो चुकल। ई भोजपुरी खातिर शुभ संकेत नइखे।

८.१.६ शोधकार्य

भारत में शोधकार्य का दिसाईं भोजपुरी समृद्ध लउकेला। बाँकिर नेपाल में शोधकार्य में भोजपुरी बहुते पछाड़ी बा। कुछ भइलहू बा त द्वितीयक आँकड़ा पर, ओहू में प्रतिलिपि कइल अधिकाधिक देखेके मिलेला। एह दिसाईं कारण ढुँढ़ल जाए त लउकेला, नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान कुछ बरीस पहिले तक एकभाषिए रहे। बहुभाषी भइल त सरकारी बजेटे कट गइल। भाषा आयोग में जब न्यून पदाधिकारी रहे त बोरा में बजेट रहे आ पदाधिकारिअन के पूर्ति भइल त झोरो में नइखे। बाँकिर जहाँ शोधकार्य प्राथमिकता में ना होई, उहाँ राज्य संचालन में भी स्थायित्व ना होई। एह समस्या से नेपाल ग्रसित बा।

८.१.७ शिक्षा

शिक्षा क्षेत्र में भारत में माध्यमिक तह से उपर के अवस्था ठीक बा त नेपाल में माध्यमिक तह से उपर भोजपुरी पहुँचलही नइखे। बाँकिर नेपाल होखे भा भारत, भोजपुरी शिक्षा में पाठ्यक्रम आ पाठ्यपुस्तक से त सुसज्जित बा, बाँकिर शिक्षार्थी के अकाल बा। नेपाल में त शिक्षको नइखे, विद्यार्थी कहाँ से आई। वि. २०५४ से नेपाल के प्राथमिक शिक्षा में भोजपुरी के प्रवेश भइल। बाँकिर कबो संपूर्णांक से बाहर रहल त कबो संपूर्णांको में भाषेतर विषय का सङे इच्छाधीन रहल। जबकि आधारभूत शिक्षा त मातृभाषा में सुरू होखेके चाहीं बाँकिर विषयो के रूप में मातृभाषा से राज्य अभी तक मुँहे चोराके बइठल लागता। भोजपुरी में एगो कहावत बाः *ओ समधी अलुए बा! त उहो भरपेट होई?* कहे के मतलब मातृभाषा शिक्षा के मर्म संविधान बहुत हद तक बुझले बा बाँकिर राज्य प्रयोग में लेआवत नइखे। ओकर परिणाम बा, माध्यम से सिंकुड़के एगो विषय बनल भोजपुरी सहित के मातृभाषा भी शिक्षा क्षेत्र में कार्यान्वयन में नइखे आ पाइल।

८.१.८ राजकाज

राजकाज में भोजपुरी के प्रयोग कौनो नया विषय नइखे। एह अध्ययन के क्रम में पहिलका अध्यायन में देखावल जा चुकल बा, नेपाल आ भारत दूनू देशन में

www.bhojpurisahityangan.com

मध्यकाल तक भोजपुरी राजकाज में काबिज रहे। बाँकिर जब भारत में अङरेजिअत आइल, ओह से नेपालो अछूता ना रहल। शासकीय मानसिकता ओह से उपर नइखे उठे सकल। भारत में भोजपुरी से बहुतो कम वक्ता रहल भाषा सब संविधान के आठवीं अनुसूची में सामिल हो गइल, बाँकिर भोजपुरिआ लोग हरेक साल अबही धर्ने आयोजन कर रहल बा।

जहाँ तक नेपाल के बात बा, संविधान के प्रस्तावना आ धारा में बहुतो जगह अनुरूपता नइखे। धारा ६ अनुसार नेपाल में बोलल जाएवाला समूचा भाषा राष्ट्रभाषा बा। बाँकिर धारा ७(१) में नेपाल के सरकारी कामकाज के भाषा एकमात्र देवनागरी लिपि में लिखल जाएवाल नेपाली भाषा बा। धारा ७(२) में प्रादेशिक सरकार के अधिकार देहल बा, नेपाली का अलावा एक भा ओह से बेसी बहुसंख्यक जनता के भषन के सरकारी कामकाज के भाषा निर्धारित करेके। एकरा अनुसार भाषा आयोग सभी प्रदेश में सिफारिसो कर चुकल बा। बाँकिर बागमती आ गंडकी प्रदेश के अलावा आउर कौनो प्रदेश अब तक प्रक्रिया पूरा कके घोषणा नइखे कइले। जनसंख्या के आधार पर नेपाल के मधेश आ लुंबिनी प्रदेश में भोजपुरी के सरकारी कामकाज के भाषा घोषित करे के सिफारिस भाषा आयोग कर चुकल बा। परिणाम में मधेश प्रदेश में ओह सिफारिस से बाहर जाके राजकाज के भाषा निर्धारण के सरकारी प्रयास सफल ना होखे सकल। हलाकि प्रदेश सरकार सिफारिस से बाहरो जा सकेला, बाँकिर भाषा आयोग के सिफारिस जौन तथ्य आ सिद्धांत पर खड़िआके भइल बा, ओह से बाहर गइला के मतलब बा सरकार सफलता तक पहुँचे खातिर कहीं दुविधा में बा।

ओइसे भाषा आयोग संविधान के प्रस्तावना आ निर्देशक सिद्धांत अनुसार भाषा आ भाषिक अधिकार ला संविधान संशोधन के सिफारिस कर चुकल बा, बाँकिर ओकरो त कुछ प्रक्रिया बा, पुगी तब आ शासकीय क्षेत्र के लोग के चित खपी तबे संभव बा।

८.२ भोजपुरी भाषा के विशेषता

भोजपुरी में कहनाम बा, जइसन पिसान ओइसने रोटी आ जइसन मातारी ओइसन बेटी। अर्थात भोजपुरी भाषा के विशेषता भोजपुरिअन के विशेषता अनुसार ही संभव बा।

८.२.१ भोजपुरिअन के सुभाव

ग्रिअर्सन (१८८३), जे उनका शब्द में बिहारी भाषा के बोलिअन आ उपबोलिअन के सात व्याकरण के आठ खंड के शृंखला के पहिलका खंड ह, के मुखपृष्ठ उल्टवते भाषा संबंधी प्रचलित गीत के एगो अंश कुछ अइसन बाः

(१) *कस कस कसमर किना मगहिआ।*
का भोजपुरिआ की तिरहुतआ॥

www.bhojpurisahityangan.com

'प्रश्नवाचक सर्वनाम सारन के कवनों स्थान विशेष में *कस* मगही में *किन* भोजपुरी में *का* आ तिरहुती में *की* होला।'

यद्यपि *तिरहुत* आ *मिथिला* अब तक सामान्यतया समकक्षी मानल जालन स, बाँकिर तिरहुत के जे उत्तर में हिमालय, दक्खिन में गंगा नदी, पुरुब में कोशी नदी आ पच्छिम में गंडक नदी के बीच अवस्थित नदिअन का तिरे बसल गाँवन के समूह बा, भला कबो एकभाषी रहल होई? एकरा बादो इहाँ तिरहुती के मैथिली के अर्थ में प्रयोग बा। बाँकिर ग्रिअर्सन के एही कथन से साफ होजाला कि मैथिली, भोजपुरी आ मगही बिहारी भाषा के तीनगो बोली ना होके अलग आ स्वतंत्र भाषा बाड़न स। कारण ई बा कि आज तक बिहारी नाम के कवनो भाषा के स्वतंत्र अस्तित्व नइखे देखल गइल।

वाक्य संगठन पर ध्यान देहला पर भी ई बात साफ हो जाला। वर्तमान काल के वाक्यान्त में मैथिली में *अछि* भा *थिक्* आ मगही में *हई* के जगह भोजपुरी में *बा, बाटे* भा *ह* के प्रयोग होला।

जहाँ तक भोजपुरी के सवाल बा, भोजपुर से सुरू भइल भाषा भोजपुरी आ ओतहाँ के रहनिहार भोजपुरिआ कहाइल। इतिहास गवाह बा, मानव सभ्यता जङले से सुरू भइल बा, भले आज के सहरी सभ्यता आसमान काहे ना चुम लेओ। एह से भोजपुरी कइसे अछुता रह सकत बा। निश्चित रूप से सुरुआती भोजपुरिआ सभ्यता भी जङले से सुरू भइल बा। उपर उल्लेख हो चुकल बा चरितर वन में भोजपुर बसावल गइल रहे। ओही से भोजपुरिआ के निवास क्षेत्रन के नाम आरा, सारन, चंपारन वास्तव में आरण्य, सारण्य आ चंपारण्य के अपभ्रंश बतावेवाला अधिकांश लोग बाड़ें। बाँकिर यथार्थ एकरा विपरीत भी हो सकता। यानी आरा, सारन, चंपारन के संस्कृतीकरण कइल गइल होखे। बाँकिर दूनू तरह से देखला पर आरा होखे भा आरण्य ओकर अर्थ होला वन भा जंगल।

स्वाभाविक बा, वन में रहेवाला लोग के ओतहाँ के हिंस्रक जीवजंतु से बँचे खातिर कवनो जोगाड़ त करहीके परी। एही परिस्थिति के परिणाम ह, भोजपुरिआ लोग में अपना से उँच लाठी लेके घर से निकले के प्रचलन अबहुओ बाँकी बा। ओही से ई कहावत बन गइल बाः

(२) *माथे पगरी काने लठ।*
तब देखीं भोजपुरिआ ठड़॥

एतने ना ग्रिअर्सन (१९०३, पृ. ४०-५३) में भोजपुरी के परिचय, विस्तार क्षेत्र, भोजपुरिअन के जनसंख्या आ भोजपुरी के रीढ़ व्याकरण के प्रस्तुति मिलेला। ओह में भोजपुरी के राष्ट्रीय गान कहत ऊ सामाज-भाषिक दृष्टि से बहुते महत्त्वपूर्ण रहल गिरिधर कवि के एह कविता के उल्लेख कइले बाड़न जे में लाठी के महत्त्व के रोचक वर्णन बाः

www.bhojpurisahityangan.com

(३) *लाठी में गुण बहुत है, सदा रखिहऽ संग*
नदी नार-अगाध जल, तहाँ बचावै अंग
तहाँ बचावै अंग, झपट कुत्तो के मारै
दुश्मन दावागिर, होए तिनहुँ के झारै
कह गिरिधर कवि राय, बात के बाँध यह गाँठी
सब हथियार के छाड़ि, हाँथ में राखऽ लाठी

(ग्रिअर्सन, १९०३, पृ. ४०)

ओही कारणे कुछ लोग भोजपुरिअन पर उदंडता के आरोप भी लगावेला जवन सर्वथा गलत बा। काहेकि ई भोजपुरिअन के चाहना ना होके विवशता रहल बा।

खैर जे भी होखे भोजपुरिअन के इतिहास बतावेला ऊ लोग के संस्कार वीरता के द्योतक बा। एह संबंध में नीचा एगो प्रचलित कहावत के उल्लेख कइल जाताः

(४) *भागलपुर के भगोलिआ, कहलगाँव के ठग;*
पटना के देवालिआ, तीनू नामजद;
सुनि पावे भोजपुरिआ, त तीनू के तुरे रग।

(तिवारी, १९८४, पृ. २३४)

एकरा बावजूद तत्कालीन भारत के असंख्य नगरराज्यन का बीच रहल मनमोटाव आ रगड़ा-झगड़ा के कारण क्रमशः मोगल आ अङरेजन के अधीनस्थ होखेके पड़ल। तइओ अपेक्षाकृत ओह लोग के भोजपुरिअन का साथे कुछ लमहरे लड़ाई लड़ेके पड़ल रहे। डॉ. तिवारी (१९८४) ब्लाँचमैन के हवाला देत अकबर के साथ भोजपुर के राजा दलपत के लड़ाई के निमन से उल्लेख कइले बानी। एहीतरे उहाँका सन १८५७ तक के अङरेज विरोधी क्रांति के दौरान भोजपुर के महाराजकुमार बाबू कुँवर सिंह के बगावत के उल्लेख करेनी। उनका अनुसार बाबू कुँवर सिंह के विप्लव के असफलता का बादे भोजपुर राज्य के अंत भइल रहे।

भोजपुरिअन के ई वीरतापूर्ण इतिहास का चल्ते मुगल सेना आ अङरेजी सेना में भी बक्सर में फौजी सिपाहिअन के दूगो मुख्य भर्ती केंद्र कायम रहल।

एहीतरे भोजपुरिअन के मुँहजोर प्रवृत्ति का साथे सब से पहिल बेर *भोजपुरिआ* शब्द के भाषा के रूप में प्रयोग भइल संदर्भ में मानुस (१७८५, पृ. ८) द्वारा कइल वर्णन अध्याय ५ में परोसल जा चुकल बा।

बाँकिर भोजपुरिआ संस्कृति प्रकृति पूजक आ शांतिप्रिय बा। जब तक केहु ओह लोग पर प्रहार ना करी, उहो लोग हमला ना करी। एकरा के ई कहावत पुष्टि करेलाः

(५) *दूध मङबऽ खीर देहब, बेसी बोलबऽ चीर देहब।*

उपर के कुछ उद्धरण से ई साफ हो जाला कि भोजपुरी आ भोजपुरिआ वर्तमान नेपाली आ भारतीय राष्ट्रीयता से बहुत प्राचीन बाड़न। बाँकिर ई दुःख के बात बा कि

www.bhojpurisahityangan.com

आजो नेपालीपन चुरिआ पठारी इलाका से नीचे उतरे नइखे सकत। यानी कि मुख्यतया भोजपुरिआ, तिरहुतिआ आ अवधिआ के रूप में रहल नेपाली सार्वभौमिकता के भीतर के मधेश आ मधेशी लोग के प्रत्यक्ष भा अप्रत्यक्ष तौर से भारत से जोड़के देखल जाला। एह विषय पर हमनी एतना जरुर कहेब कि भोजपुरी आ भोजपुरिआ अपने माटी पर आज तक बस रहल बा। अतः ओह लोग के भावना पर ठेस ना पहुँचावल जाओ।

८.२.२ भोजपुरी भाषा के भौगोलिक आ जातीय विशेषता

जहाँ तक भोजपुरी भाषा के विशेषता के बात बा त एह बारे में ठाकुर (वि. २०८१, पृ. ७२-७४) अनुसार संक्षेप में कुछ एह तरे कहल जा सकेलाः

भौगोलिक भिन्नता के मद्देनजर केंद्रीय, सेमरवनी, पूर्वी आ पच्छिमी कहीं; चाहे कलेआ-वीरगंज, सेमरवनगढ़, गौर-मलङवा आ लुंबिनी भोजपुरी कहीं; के भूभाषिका के रूप में एकनी के बीच में भाषिकांतर देखल गइल बा त एकनी सब के थारू लोग के अनुसार बाजी आ एकरा बाद थारू आ शेख भोजपुरी के समाजभाषिका के रूप में बुझल समझल उचित होई। बाँकिर एगो बात स्पष्ट कइल जरूरी ई बा कि एह में से कौनो भाषिका मूल भोजपुरी आ बाँकी ओकर सहायक भाषिका नइखे जइसे एगो बलधकेल प्रवृत्ति हिंदी का बारे में अब तक चलल आ रहल बा। साँच बात ई बा कि हिंदी त केकरो मातृभषे नइखे, दर्जनो मातृभषन के बीच संपर्क सुत्र के रूप में विकसित एगो नवीन भाषा ह। ऊ बात भोजपुरी में नइखे, ई जहाँ बा एगो बृहत समुदाय के मातृभाषा के रूप में प्रयोग होत आ रहल बा। ओहीसुके भोजपुरी कहला से जहाँ से जहाँ तक ई भाषा बोलल जाला सब के साझा समग्र स्वरूप ही भोजपुरी ह।

जग जाहिर बा कि हिंद-आर्य भाषा समूह के निर्माण पुरुबे-पच्छिमे बा आ एकर बहाव पच्छिम से पुरुब के ओर रहल बा। अइसन में पच्छिम में अवधी के बाद भोजपुरी आ एकरा पुरुब में मैथिली भाषा के क्षेत्र बाड़ऽ सन। स्वाभाविक बा, अपना पच्छिमी सिवान ओर भोजपुरी पर अवधी के प्रभाव आ पूर्वी सिवान ओर मैथिली के प्रभाव होखबे करी। अइसन में बारा जिला के पसाह नदी से पच्छिम पूरा पर्सा जिला तक के भोजपुरी आपन पच्छिमी पड़ोसी अवधी भा पूर्वी पड़ोसी मैथिली के प्रभाव से मुक्त बा त एह बीच में रहल कलेआ आ वीरगंज क्रमशः बारा आ पर्सा जिला के सदर मुख्यालय के साथ साथ मुख्य सहरो बाड़न स। ओहीसुके एकरा के *बारा-पर्सा* भोजपुरी भा *कलेआ-वीरगंज* भोजपुरी भा *केंद्रीय* भोजपुरी के रूप में लेहल गइल बा। ग्रिअर्सन (१८८४क) में प्रस्तुत भोजपुरी व्याकरण मूलतः एही भोजपुरी के व्याकरण ह।

एह से पुरुब यानी बारा के पसाह नदी से पुरुब रौतहट के बकेआ नदी तक के भोजपुरी पर हलका मैथिली के छाया देखला के बावजूद भाषा के मनछुआ खासिअत आ बोलनिहार के मनोविज्ञान सहित के मद्देनजर एकरा के *बारा-रौतहट* भोजपुरी भा एह

www.bhojpurisahityangan.com

क्षेत्र के ऐतिहासिक आ पुरातात्त्विक नगरी सेमरवनगढ़, जे एगारहवाँ ईसवी शताब्दी के उत्तरार्ध से लेके चउदहवाँ ईसवी शताब्दी के पूर्वार्ध के बीच कर्णाटवंशी तिरहुत अधिराज्य के राजधानी रहल आ जहाँ कविशेखराचार्य ज्योतिरीश्वर ठाकुर आ महाकवि विद्यापति ठाकुर के अवहट्ठ रचनन में भोजपुरी के आदिमकालीन स्वरूप निखरके आइल, के नाम से *सेमरवनी* भोजपुरी के रूप में लेहल गइल बा। ग्रिअर्सन (१८८४ख) में प्रस्तुत मैथिल-भोजपुरी व्याकरण में एह भाषिका के स्वरूप मिलेला।

ओह से पुरुब यानी बकेआ नदी से लेके सर्लाही जिला तक के क्षेत्र में भोजपुरी पर मैथिली के प्रभाव कुछ गाढ़ होत नजर त आवेला बाँकिर ओतना ना कि ऊ भोजपुरी से दूर होखे। साथ-साथ संत भीनकराम आपन निर्गुनपंथ के अलख एही क्षेत्र में जनमके घूम-घूमके जगौले रहलें, जिनकर भाषा भोजपुरिए रहल (सिंह, १९५८; आ निषाद आ गुप्ता, वि. २०७३)। अतः भोजपुरी के एह बोली के *रौतहट-सर्लाही* भोजपुरी चाहे एह क्षेत्र के दू जिला मुख्यालय आ प्रमुख सहर गौर आ मलङवा के मद्देनजर *गौर-मलङवा* भोजपुरी भा *पूर्वी* भोजपुरी के रूप में लेहल गइल बा। ग्रिअर्सन (१८८४ख) में प्रस्तुत मैथिल-भोजपुरी व्याकरण में एहू भाषिका के चर्चा मिलेला।

एहीतरे गंडक भा नारायणी नदी से पच्छिम नवलपरासी (सुस्ता-बर्दघाट से पुरुब आ पच्छिम) आ रूपंदेही जिला, जे मध्यकाल में काशी महाजनपद में पड़त रहे जहाँ बारहवाँ इसवी शताब्दी के पहिलके चरण में पं. दामोदर *उक्ति-व्यक्ति-प्रकरण* के रचना कइलें, के भोजपुरी पर बहुत हल्का रूप से अवधी के छाया लउकेला बाँकिर एकर मूल हृदय आ व्याकरणिक चरित्र भोजपुरी बा। अतः एकरा के भौगोलिक हिसाब से *नवलपरासी-रूपंदेही* भोजपुरी भा *पच्छिमी* भोजपुरी भा बुद्ध के जन्मस्थली लुंबिनी के मद्देनजर *लुंबिनी* भोजपुरी कहल उचित बा।

एहीतरे चितवन, पर्सा, बारा आ रौतहट जिला में थारू जाति के बोली ओह लोग के शब्द में समकक्षी बाजी लोग के बोली से कुछ भिन्न देखल गइल बा। अतः एह बोली के *थारू* भोजपुरी के रूप में लेहल गइल बा।

ओहीतरे एही क्षेत्र में रौतहट-सर्लाही के मुस्लिम समुदाय में खास कके शेख लोग के बोली पर उर्दू के साथ साथ अवधी के प्रभाव देखल जाला बाँकिर एकर मूल खासिअत भोजपुरी रहला से एह बोली के सिंह (२०२२, पृ. २०७) के शब्द में *शेखई* भोजपुरी त कहल जा सकेला बाँकिर एह अध्ययन में एकरा के *शेख* भोजपुरी कहल गइल बा।

एह छऊ भषिकन के नक्सांकन एहतरे नजर आवेलाः

www.bhojpurisahityangan.com

नक्सा नं. ८.१ नेपालीय भोजपुरी में भाषिकांतर



८.२.३ वर्णविज्ञान

वर्ण कौनो भाषा में प्रयुक्त ऊ ध्वनि ह, जेकर एके परिवेश में फेरबदल भइला पर अर्थो बदल जाला। ई दू तरह के होलाः व्यंजन आ स्वर।

८.२.३.१ व्यंजन

व्यंजन के उच्चारण जीभ के विभिन्न भाग के स्वरयंत्रमुख से लेके दाँत आ ओठ तक के विभिन्न ठाँव छुअला से आ ओठमात्र के बंद होखे खुलला से होला। लैडेफॉगेड आ मैडिसन (१९९६) आ लैडेफॉगेड (२००१) के मद्देनजर एह अध्ययन में भोजपुरी में रहल ३६ गो व्यंजन वर्ण एतहाँ प्रस्तुत बाड़ऽ सन। ओकनी के उच्चारण के आधार पर वर्गीकृत कके देखावल जा सकेला। उच्चारण के ठाँव के आधार पर ठाकुर (२०२३, पृ. १२) अनुसार भोजपुरी व्यंजनन के नौगो समूह में देखावल जा सकेलाः १. ओष्ठच्य (दूनू ओठ से), २. दंत्य (उपरका दाँत से), ३. वर्त्स्य (उपरका दाँत के जर से), ४. धारीय-वर्त्स्य (जीभ के टोड़नी धार बनके दाँत के जर से), ५. वर्त्स्य-तालव्य (दाँत के जर आ तारू के बीच से), ६. मूर्धन्य (मूर्धा से), ७. तालव्य (तारू से), ८. हनुमूलीय (बाहरी कंठ से) आ ९. स्वरयंत्रमुखी (भितरी कंठ से)। ओहीतरे प्रयत्न भा उच्चारण के तरीका पर ध्यान देहला का बाद ओकनी के सातगो समूह में देखावल जा सकेलाः १. स्पर्श (रोकावट के साथ), २. उष्म (सुस्कारी के साथ), ३. स्पर्शोष्म (रोकावट आ सुस्कारी के साथ), ४. नासिक्य (नाक से), ५. उत्क्षिप्त (जीभ आ तारू के बीच घर्षण के साथ), ६. पार्श्ववर्ती/पार्श्विक (जीभ तनिका पाछे होके), ७. अंतःस्थ भा अर्धस्वर (आधा स्वर के रूप में)। ओहीतरे आउर हिंद-आर्य पड़ोसिअन के तरह भोजपुरी में घोषण (गला में घर्षण) आ प्राण (हावा के मात्रा) व्यतिरेक बा। घोषण के हिसाब से भोजपुरी में दू तरह के व्यंजन देखल जालाः अघोष (कंठ में घर्षण ना बुझाएवाला) आ घोष (कंठ में घर्षण बुझाएवाला)। एहीतरे प्राण के हिसाब से भोजपुरी में दू तरह के व्यंजन उपस्थित बाड़ऽ सनः महाप्राण (अधिक हावा के साथ) आ अल्पप्राण (बहुत

www.bhojpurisahityangan.com

कम हावा के साथ)। अतः भोजपुरी व्यंजनन के अघोष अल्पप्राण, अघोष महाप्राण, घोष अल्पप्राण आ श्वसित भा घोष महाप्राण आ सोष्म नाद के रूप में देखावल जा सकेला। तालिका ८.१ में भोजपुरी व्यंजन प्रस्तुत कइल गइल बा।

तालिका ८.१ भोजपुरी व्यंजन

स्थान → / प्रयत्न ↓		ओष्ठ्य	दंत्य	वर्त्स्य	धारीय-वर्त्स्य	वर्त्स्य-तालव्य	मूर्धन्य	तालव्य	हनुमूलीय	स्वरयंत्रमुखी
स्पर्श	अ .अल्प.	प	त		ट				क	
	अ. महा.	फ	थ		ठ				ख	
	घोष	ब	द		ड				ग	
	श्वसित	भ	ध		ढ				घ	
उष्म	अ .अल्प.			स						
	श्वसित									ह
स्पर्शोष्म	अ. अल्प.					च				
	अ. महा.					छ				
	घोष अल्प.					ज				
	श्वसित					झ				
नासिक्य	घोष अल्प.	म		न					ङ	
	सोष्म नाद	म़		ऩ					ङ़	
पार्श्विक	घोष अल्प.			ल						
	सोष्म नाद			ल़						
उत्क्षिप्त	घोष अल्प.			र			ड़			
	सोष्म नाद			ऱ			ढ़			
अंतस्थ	घोष अल्प.	व						य		

द्रष्टव्यः अ .= अघोष ,अल्प .= अल्पप्राण ,महा .= महाप्राण

स्रोतः ठाकुर (२०२२क, पृ. २२)

(क) व्यंजनन में वार्णिक भिन्नता

पारंपरिकता में स्पर्श व्यंजन स्फोटक वर्ग में पड़ेलन आ ओकनी के प्राण, घोषण आ श्वसन के हिसाब से अल्पप्राण-महाप्राण, अघोष-घोष आ घोष-श्वसित जइसन व्यतिरेक समूहन में भी पुनः वर्गीकृत कइल जालाः

(अ) ओष्ठ्य स्पर्श

भोजपुरी में चारगो ओष्ठ्य स्पर्श मिलेलनः *प, फ, ब* आ *भ*। वर्ण *प* अघोष अल्पप्राण ओष्ठ्य स्पर्श ह त *फ* अघोष महाप्राण ओष्ठ्य स्पर्श। वर्ण *ब* घोष

www.bhojpurisahityangan.com

अल्पप्राण ओष्ठच्य स्पर्श ह त *भ* श्वसित ओष्ठच्य स्पर्श। ई समूचा एक दोसरा से पदारंभक, स्वरमध्यगत आ पदांतक तीनू ठाँव पर वार्णिक भिन्नता दर्सावेलन (ठाकुर, २०२२, पृ. २२)।

(आ) दंत्य स्पर्श

भोजपुरी में चारगो दंत्य स्पर्श वर्ण हउएः *त, थ, द* आ *ध*। वर्ण *त* अघोष अल्पप्राण दंत्य स्पर्श बा त *थ* अघोष महाप्राण दंत्य स्पर्श। ओहीतरे वर्ण *द* घोष अल्पप्राण दंत्य स्पर्श बा त *ध* श्वसित दंत्य स्पर्श। एकनी पदारंभक, स्वरमध्यगत आ पदांतक हर स्थान पर वार्णिक भिन्नता देखावेलन (ठाकुर, २०२२क, पृ. २४)।

(इ) धारीय-वर्त्स्य स्पर्श

भोजपुरी में चारगो धारीय-वर्त्स्य स्पर्श व्यंजन हउएः *ट, ठ, ड* आ *ढ*। वर्ण *ट* अघोष अल्पप्राण धारीय-वर्त्स्य स्पर्श बा त *ठ* अघोष महाप्राण धारीय-वर्त्स्य स्पर्श। ओहीतरे वर्ण *ड* घोष अल्पप्राण धारीय-वर्त्स्य स्पर्श बा त *ढ* श्वसित धारीय-वर्त्स्य स्पर्श। एकनी में से *ट* आ *ठ* पदारंभक, स्वरमध्यगत आ पदांतक तीनू ठाँव पर वार्णिक भिन्नता दर्सावेलन त *ड* आ *ढ* पदांतक अवस्था में ई भिन्नता ना दर्सावेलन (ठाकुर, २०२२क, पृ. २५)।

(ई) हनुमूलीय स्पर्श

भोजपुरी में चारगो हनुमूलीय स्पर्श वर्ण हउएः *क, ख, ग* आ *घ*। वर्ण *क* अघोष अल्पप्राण हनुमूलीय स्पर्श बा त *ख* अघोष महाप्राण हनुमूलीय स्पर्श। ओहीतरे वर्ण *ग* घोष अल्पप्राण हनुमूलीय स्पर्श बा त *घ* श्वसित हनुमूलीय स्पर्श। एकनी घोषण आ प्राण के हिसाब से पदारंभक, स्वरमध्यगत आ पदांतक तीनू ठाँव में वार्णिक भिन्नता देखावेलन (ठाकुर, २०२२क, पृ. २६)।

(उ) उष्म

भोजपुरी में दूगो उष्म व्यंजन बाड़न सः वर्त्स्य *स* आ स्वरयंत्रमुखी *ह*। एह दूनू व्यंजनन में *स* अघोष वर्त्स्य उष्म बा त *ह* घोष स्वरयंत्रमुखी उष्म। एह दूनू के बीच पदारंभिक, स्वरमध्यगत आ पदांतक तीनू ठाँव में वार्णिक भिन्नता देखल जाला (ठाकुर, २०२२, पृ. २७)।

(ऊ) स्पर्शोष्म

भोजपुरी में चारगो वर्त्स-तालव्य स्पर्शोष्म व्यंजन हउएः *च, छ, ज* आ *झ*। वर्ण *च* अघोष अल्पप्राण वर्त्स-तालव्य स्पर्शोष्म बा त *छ* अघोष महाप्राण वर्त्स-तालव्य स्पर्शोष्म। ओहीतरे वर्ण *ज* घोष अल्पप्राण वर्त्स-तालव्य स्पर्शोष्म बा त *झ* श्वसित वर्त्स्य-तालव्य स्पर्शोष्म। ई चारू व्यंजन घोषण आ प्राण के दृष्टि से पदारंभक, स्वरमध्यगत आ पदांतक तीनू ठाँव में वार्णिक भिन्नता दर्सावेलन (ठाकुर, २०२२, पृ. २८)।

(ऋ) नासिक्य

भोजपुरी में ओष्ठच्य *म*, वर्त्स्य *न* आ हनुमूलीय *ङ* कके तीनू आम रूप से घोष अल्पप्राण नाद नासिक्य व्यंजन हउए जेकर सोष्म नाद समकक्षी *म़, ऩ* आ *ङ़* होला

www.bhojpurisahityangan.com

बाँकिर ओकनी के घोषण वृत्ति अचल नइखे। भोजपुरी में समूचा नासिक्य व्यंजनन के बीच में उच्चारण ठाँव आ प्राण भिन्नता के आधार पर वार्णिक भिन्नता लउकेला (ठाकुर, २०२२, पृ. २९)। एकरा साथ साथ घोष अल्पप्राण आ सोष्म नाद समकक्षिअन के बीच के भिन्नता एतहों देखल जा सकेला, जइसे (६क-ग) में:

(६) क. *म* आ *म़* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	**स्वरमध्यगत**	**पदांतक**
	खामी 'ऐब, दोष'	*जाम* 'अँकुर'
	खाम़ी 'थुनी'	*जाम़* 'रोकावट, सकस'
	जमाई 'दामाद'	*जम* 'स्थिर हो'
	जम़ाई 'आँ कइल'	*जम़* 'मृत्यु'
	गमार 'गाँव के, अनभिज्ञ'	*थम* 'पौधा, गाछी'
	गम़ार 'काठविशेष'	*थम़* 'असिआ, रूक'

ख. *न* आ *ऩ* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	**स्वरमध्यगत**	**पदांतक**
	कानल 'रोअल'	*पेन* 'नीचला भाग'
	काऩल 'जुअल'	*पेऩ* 'पहिर'
	अनार 'फलविशेष'	*कान* 'श्रवण अङ'
	अऩार 'अऩरिआ'	*काऩ* 'कंधा'
	निनाइल 'अउड़ाइल'	*बान* 'आदत'
	नि़नाइल 'सिँझावल'	*बाऩ* 'बाँध, बऩन'

ग. *ङ* आ *ङ़* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	**स्वरमध्यगत**	**पदांतक**
	लाङा 'राड़, लंपट'	*सङ* 'साथ, दोस्ती'
	लाङ़ा 'लाड़ल'	*सङ़* 'संघ'

(ल) उत्क्षिप्त

भोजपुरी में चारगो उत्क्षिप्त व्यंजन बा जे में वर्त्स्य *र* आ मूर्धन्य *ड़*, दूनू घोष आ अल्पप्राण आम वृत्तिवाला नाद हउए त ओकनकी के सोष्म नाद समकक्षी क्रमशः *ऱ* आ *ढ़*। भोजपुरी में उच्चारण स्थान आ प्राण के आधार पर एकनी चारू के बीच वार्णिक भिन्नता देखल जाला (ठाकुर, २०२२, पृ. ३१)। ओह में से घोष अल्पप्राण नाद आ ओकनी के सोष्म नाद समकक्षिअन के बीच के भिन्नता एतहों देखल जा सकेला, जइसे (७क-घ) में:

www.bhojpurisahityangan.com

(७) क. *र* आ *ऱ* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	**स्वरमध्यगत**	**पदांतक**
	पारा 'तरल धातुविशेष'	*गर* 'घेंट'
	पाऱा 'बादल के घाटा'	*गऱ* 'सृज ,उखाड़'
	मारा 'मरल'	*गार* 'मचकाड़'
	माऱा 'चिना के भुँजा'	*गाऱ* 'मोट (द्रब)'
	करी 'काम करी'	*पर* 'सुत, अधिकरण चिन'
	कऱी 'रस, दाल-दही परिकार'	*पऱ* 'बितल बरीस'

ख. *ऱ* आ *ढ़* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	**स्वरमध्यगत**	**पदांतक**
	अऱइआ 'अऱावेवाला, मालिक'	*गाऱ* 'मोट (द्रब)'
	अढ़इआ 'अढ़ाई के पहड़ा'	*गाढ़* 'कठिन'
		पऱ 'बितल बरीस'
		पढ़ 'बाच'

ग. *र* आ *ड़* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	**स्वरमध्यगत**	**पदांतक**
	गरल 'चुअल'	*लर* 'कतार'
	गड़ल 'चुभल'	*लड़* 'युद्ध कर'
	गारल 'निचोड़ल'	*गोर* 'उजिआर'
	गाड़ल 'दफनावल'	*गोड़* 'टाङ'
	गारी 'फुहर वचन'	*मार* 'मुआ, पिट, हमला कर'
	गाड़ी 'गड़ी, वाहन'	*माड़* 'भात के पानी'

घ. *ड़* आ *ढ़* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	**स्वरमध्यगत**	**पदांतक**
	पड़ल 'बिगल'	*गड़* 'चुभ'
	पढ़ल 'बाचल'	*गढ़* 'किल्ला'
	ओड़ाई 'बँचाव'	*ओड़* 'रोक'
	ओढ़ाई 'तोपाई'	*ओढ़* 'झाँक, तोप'
	ओड़नी 'बाजाविशेष'	*हँड़* 'चला'
	ओढ़नी 'शॉल'	*हँढ़* 'यौन क्रीड़ा कर'

(ऍ) पार्श्विक

भोजपुरी में घोष वर्त्स्य अल्पप्राण आम वृत्ति के पार्श्विक *ल* आ एकर सोष्म समकक्षी *ऴ* के उपस्थिति बा। भोजपुरी में एह दूनू के बीच वार्णिक भिन्नता बा, जइसे (८) में:

www.bhojpurisahityangan.com

(८) *ल* आ *ल़* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	स्वरमध्यगत	पदांतक
	कुला 'गलाली'	*काल* 'समय, मृत्यु'
	कुल़ा 'अङविशेष'	*काल़* 'कालु, एक दिन पहिले'
	आला 'स्टेथिस्कोप'	*मेल* 'एकता, सङ़त'
	आल़ा 'लोकगाथा नायक'	*मेल़* 'रौंद, मेलि़आ'
	चेलवा 'शिष्य, चटिआ'	*ओल* 'कंदविशेष'
	चेल़वा 'मछरीविशेष'	*ओल़* 'करवट'

(ऐ) अंतःस्थ भा अर्धस्वर

भोजपुरी में दूगो अंतस्थ भा अर्धस्वर के उपस्थिति बाः *व* आ *य*। एह दूनू में *व* घोष अल्पप्राण ओष्ठ्य अंतःस्थ बा त *य* घोष अल्पप्राण तालव्य अंतःस्थ। दूनू के बीच में वार्णिक भिन्नता देखल जाला (ठाकुर, २०२२, पृ. ३२)।

(ए) कुछ आउर वर्णवैज्ञानिक व्यतिरेक

यद्यपि भोजपुरी के व्यंजन वर्णन के देखावल जा चुकल बा, ओह में से अंतर-भाषाई विशेषता के तहत कहीं कहीं ध्वन्यात्मक भिन्नता के हिसाब से मात्रे देखल जाला। ओहीसुके भोजपुरी खातिर ओकनी के बीच वार्णिक भिन्नता नीचे देखावल गइल बाः

(९) क. *ङ* आ *ङ़* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	स्वरमध्यगत	पदांतक
	गडी 'रोपेआ के थाक'	*मुङ* 'मानसिकता'
	गड़ी 'गाड़ी, नारिअर'	*मुड़* 'माथा'
	भडाक 'अपानवायु आवाज'	*गाङ* 'रक्षक'
	भड़ाक 'विष्फोटन आवाज'	*गाड़* 'दफना'
	सडक 'सटक, चूप'	*कोङ* 'संकेत'
	सड़क 'रास्ता'	*कोड़* 'खन'

ख. *ढ* आ *ढ़* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	स्वरमध्यगत	पदांतक
	ढेढर 'आँख के पर्दा'	*गुढ* 'रहस्यमय'
	ढेढ़र 'घास'	*गुढ़* 'कठिन, दंड देवेवाला'
	गुढी 'रहस्य'	
	गुढ़ी 'दंड के मनस्थिति'	
	औढर 'अत्यधिक खुस'	
	औढ़र 'मनमानी'	

www.bhojpurisahityangan.com

ग. *र* आ *ल* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	स्वरमध्यगत	पदांतक
रग 'रस, घमंड'	*मरल* 'मुअल'	*बेर* 'समय'
लग 'निअरा, नज्दीक'	*मलल* 'मालिश कइल'	*बेल* 'फल के नाम'
रोग 'बेमारी'	*गरल* 'चुअल'	*बीर* 'बहादुर'
लोग 'जनता'	*गलल* 'सड़ल'	*बिल* 'छेद'
राग 'शास्त्रीय लय'	*बोरल* 'डुबावल'	*नार* 'महिला, जर'
लाग 'संबंध, नाता'	*बोलल* 'कहल'	*नाल* 'नली, ढोलक'

घ. *ज* आ *य* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	स्वरमध्यगत	पदांतक
जौन 'जे'	*आजा* 'बाबा, पितामह'	*आज* 'वर्तमान दिन'
यौन 'रतिक्रीड़ा'	*आया* 'परिचारिका'	*आय* 'आमदनी'
जान 'प्राण'	*छाजा* 'तोपना'	*माज* 'साफ कर'
यान 'वाहन'	*छाया* 'फरछाहीं'	*माय* 'माई, मातारी'
जार 'बार'	*माजा* 'आनंद'	*बाज* 'बाजल'
यार 'दोस्त'	*माया* 'प्रेम, स्नेह'	*बाय* 'पेट में गैस'

ङ. *स* आ *छ* के न्यूनतम युग्म

पदारंभक	स्वरमध्यगत	पदांतक
साता 'सात चिन्ह के तास'	*बसिआ* 'पुरान'	*बीस* 'गिनती संख्या'
छाता 'छतरी'	*बछिआ* 'बाछी'	*बीछ* 'चुन'
सानल 'सउनल'	*पोसन* 'खेती'	*रिस* 'खीस'
छानल 'तारल'	*पोछन* 'पोंछा'	*रिछ* 'भाल'
सेदल 'सेकल'	*आशा* 'उमेद'	*कुश* 'खर'
छेदल 'चुभल'	*आछा* 'निमन'	*कुछ* 'तनिका'

(ख) नाद व्यंजन

भोजपुरी में नाद व्यंजनन के बारे में वार्णिक भिन्नता के साथ देखावल जा चुकल बा कि *म, न, ङ, ल, र* आ *ड़* आम नाद व्यंजन हउए त ओकनी के सोष्म समकक्षी *म़, ऩ, ड़़, ल़, ऱ* आ *ढ़*। बाँकिर ओह सोष्म नाद व्यंजनन के भोजपुरी के पड़ोसिअन सहित कुछ भोट-बर्मी भाषा सब में श्वसित बतावल गइल बा। वास्तव में ओकनी के अवस्था भोजपुरी में कहाँ-कइसन बा, एकरा के ध्वनिकीय विश्लेषण के साथ ठाकुर (२०२२, पृ. ३४-४०) द्वारा प्रस्तुत कइल गइल बा जेकर परिणाम कुछ एहतरे आइल बाः

www.bhojpurisahityangan.com

(क) स्पेक्ट्रालेख में सोष्म नाद व्यंजन *म़, ऩ, ड़, ल़, ऱ आ ढ़* पदांतक ठाँव में अइला पर घोषण लकीरन में ह्रास बा।

(ख) एकनी के उच्चारण का बेरा तीब्रतो में ह्रास पावल गइल बा।

एकरा अतिरिक्त आम नाद व्यंजन आ ओकर महाप्राण समकक्षी के लंबाई भी ओकनी के श्वसित भा अघोष महाप्राण भइल सुनिश्चित करेला। एहीतरे आम नाद व्यंजन आ सोष्म नाद व्यंजन से पहिले स्वर के लंबाई भी ई प्रदर्शित करेला कि सोष्म नाद व्यंजन श्वसित हउए कि अघोष महाप्राण। एकरा खातिर आम नाद व्यंजन आ ओकर सोष्म समकक्षी के लंबाई देखावल गइला के साथ साथ आम नाद व्यंजन आ ओकर सोष्म समकक्षी स्वरमध्यगत आ पदांतक ठाँव में रहला पर ओकरा से पहिले के स्वर के लंबाई के मापन कके देखला पर ठाकुर (२०२२, पृ. ४१-४२) अनुसार आम नाद व्यंजन ओकर सोष्म नाद समकक्षी से औसत में छोट बा आ आम नाद व्यंजन के पहिले आइल स्वर ओकर सोष्म समकक्षी नाद व्यंजन से पहिले के तुलना में लंबा बा। अतः ध्वनिशास्त्रीय हिसाब से भोजपुरी में सोष्म नाद व्यंजन आपन घोष चरित्र के स्वरमध्यगत ठाँव में बरकरार राखता त पदांतक ठाँव में घोष नइखे रहे पावत । अतः ध्वनिशास्त्रीय मान्यता अनुरूप एकनी के [म़, म़], [ऩ, ऩ], [ड़, ड़], [ऱ, ऱ], [ल़, ल़] आ [ढ़, ढ़] दू-दूगो रूप हो सकता ,बाँकिर एह दूनू रूप में वर्णवैज्ञानिक मान्यता अनुसार कौनो अर्थगत भिन्नता नइखे देखल जात। अतः एह प्रायोगिक परीक्षण के बाद ई निष्कर्ष पर पहुँचल गइल बा कि भोजपुरी के सोष्म नाद व्यंजनन के सहज ,बिना दुविधा के आ तेज रफ्तार में लिखे खातिर भोजपुरी बर्तनी में *म़, ऩ, ड़, ऱ, ल़ आ ढ़* ही सही लेख्य रूप उचित रही ना कि *म्ह, न्ह, ड़्ह, र्ह, ल्ह* आ *ड़ह*।

८.२.३.२ स्वर

"अत्यधिक स्वर प्रणाली के आधारभूत मापदंड के तीनगो स्तर बा जेकर अंतिमविंदू के परंपरागत रूप में उँचा-नीचा, आगा-पाछा आ गोलीय-अगोलीय कहल जाला" (लैडेफॉगेड आ मैडिसन, १९९६, पृ. २८२)। भोजपुरी में ओकनी के दूगो प्रकार बाः मौखिक आ नासिक्य। मौखिक स्वर के भोजपुरी में फेर से मूल स्वर, द्विस्वर आ त्रिस्वर के रूप में देखल जाला। एह खंड में सब से पहिले मौखिक मूल स्वर के प्रस्तुति बा आ ओकरा बाद नासिक्य मूल स्वरन के चर्चा कइल गइल बा। अंत में भोजपुरी के द्विस्वर आ त्रिस्वरन के प्रस्तुत कइल गइल बा।

(क) मौखिक स्वरन के प्रस्तुति

भोजपुरी में आठगो मौखिक मूल स्वरन के उपस्थिति बा। पश्च विवृत *आ* आ पश्च अर्धविवृत *अ* के अलावा बाँकी जगह पर स्वर के लंबाई से भिन्नता प्रदर्शन ना होला। तालिका ८.२ भोजपुरी के मौखिक स्वरन के चतुर्भुज प्रस्तुत करता।

www.bhojpurisahityangan.com

तालिका ८.२ भोजपुरी में मौखिक मूल स्वर



स्रोतः ठाकुर (२०२२, पृ. ४५)

तालिका ८.२ जीभ के उँच-नीच आ अग्र-पश्च अवस्था के आधार पर भोजपुरी में ८ गो मूल स्वर के उपस्थिति दर्सावेला। भोजपुरी मौखिक मूल स्वरन के संवृत अग्र *इ*, अर्ध संवृत अग्र *ए*, अर्ध विवृत अग्र *ऐ*, विवृत पश्च *आ*, अर्ध विवृत पश्च *अ* आ *औ*, अर्ध संवृत पश्च *ओ* आ संवृत पश्च *उ* हउअन स।

(ख) अनुनासिक मूल स्वर

भोजपुरी में समूचा मौखिक मूल स्वरन के अनुनासिक समकक्षी मौजूद बाड़ऽ सनः *इँ, एँ, ऐँ, आँ, अँ, औँ* आ *उँ*। ओकनी के मौखिक मूल स्वरन का साथे अपनेआप में भी वार्णिक भिन्नता देखल जाला। अइसन भिन्नता जीभ के उँचा-नीचा आ अग्र-पश्च अवस्था के आधार पर उत्पन्न होला।

(ग) द्विस्वर आ त्रिस्वर संध्यक्षर

(i) द्विस्वर संध्यक्षर

कबोकाल दूगो स्वर वर्ण एतना निअराके उच्चरित होखेलन कि बुझाला एकेगो होए। अइसन जोड़ा स्वरन के द्विस्वर के रूप में जानल जाला। भोजपुरी द्विस्वरन के नीचे प्रस्तुत कइल गइल बाः

अ. तिर्छा द्विस्वर



स्वर चतुर्भुज में तिर्छा द्विस्वरन के गति हर तरफ होलाः *अइ, अउ* आ *ओइ* जइसेः—

(१०) क. *अइसन, कइसन, तइसन, जइसन, मकई, भदई, असई, अइक, पइक।*
ख. *मउसी, मउनी, तउली, बउक, लउक, देखनउक, तउल, पुजउल, पउर, झउर।*
ग. *ओइसन, रसोई, लोई, रोई, धोई, सोई, सोइरी, कोइरी, जोई, रमतरोई, कोई।*

www.bhojpurisahityangan.com

आ. खड़ा द्विस्वर

खड़ा द्विस्वर के गति स्वर चतुर्भुज में अपने क्षेत्र में नीचे से उपर के ओर होलाः *एइ* आ *ओउ*। जइसेः

(११) क. *खेई, लेई, देई, सेई, एइसन*।

ख. *कोउ, ओउजा*।

इ. अभिकेंद्री द्विस्वर



अभिकेंद्री द्विस्वरन के गति स्वर चतुर्भुज में केंद्र के ओर होलाः *इअ* आ *उअ*। जइसेः—

(१२) क. *दिअर, तिअर, दिअरी, जिअ, सिअ, पिअ, जिअरा, हिअरा, पिअर, पिअरा*।

ख. *मुअ, जुअ, दुअरी, दुअर्खा, चुअ, दुअरा, पुअरा*।

ई. अन्य द्विस्वर संध्यक्षर

भोजपुरी में कुछ अइसन द्विस्वर बाड़ऽ सन जेकर गति स्वर चतुर्भुज में उपर देखावल से विपरीत दिशा में बा। ओइसन द्विस्वरन के भोजपुरी में परिस्थिति अनुसार उत्पत्ति होत रहेलाः

(१३) क. *कहिओ, अहिओ, तहिओ, जहिओ, करिओ, परिओ, जरिओ, मरिओ* में *इओ*।

ख. जिए, हिए, पिए, सिए, तिए, किए में *इए*।

ग. जाई, खाई, पाई, आई, दाई, भाई, माई में *आई*।

घ. आउर, बाउर, चाउर, राउर, सिराउर, चराउर, ओढ़ाउर में *आउ*।

ङ. दिआ, हिआ, पिआ, सिआ, किआ, बिआ, पिआस में *इआ*।

च. जीऊ, घिऊ, तिउर, सिउर में *इउ*।

छ. अलुई, रुई, सुई, मुई, जुई, चुई, दुई में *उइ*।

ज. देआ, देआद, मेआद, पेआर, खेआल, बनेआ में *एआ*।

झ. जनेओ, पखेओ, देओता में *एओ*।

ञ. धोअ, सोअ, खोअ, बोअ, पोअ में *ओअ*।

ट. धोए, रोए, सोए, खोए, टोए, होए में *ओए*।

ठ. धोआ, खोआ, गोआ, पोआ, खोआर, गोआर में *ओआ*।

(ii) त्रिस्वर संध्यक्षर

द्विस्वर जइसन भोजपुरी में त्रिस्वर संध्यक्षरन के भी उपस्थिति बा। अर्थात भोजपुरी में तीनगो स्वर एके साथ एतना निअरा से उच्चरित होखेलन कि एक-दोसरा से छटकावल मुश्किल हो जालाः

(१४) क. *भइआ, गइआ, बइआ, बधइआ, बनइआ, घरइआ* में *अइआ*।

ख. *बउआ, रउआ, पउआ, भउआ, सउआ, नउआ, जउआद* में *अउआ*।

ग. *गइओ, दइओ, भइओ, दवइओ, खेवइओ, तइओ, सेवइओ* में *अइओ*।

www.bhojpurisahityangan.com

घ. *रउओ, बउओ, भउओ, दउओ, कउओ, तउओ, सउओ* में *अउओ*।

ङ. *दिआई, सिआई, पिआई, जिआई, लिआई, बिआई, खिआई* में *इआइ*।

८.२.३.३ अक्षर

एह खंड के मुख्य केंद्रविंदु भोजपुरी में अक्षर अभिरचना, अक्षर भार आ मिश्र आरंभक के दर्सावल ह।

(क) अक्षर प्रणाली

मूलभूत रूप में भोजपुरी अक्षर के विहित यानी सर्वाधिक चलन-चलती में रहल प्रणाली (व्य)(स्व)(व्य)(व्य) ह (वर्मा २००३:५२०)। एकरा साथ साथ भोजपुरी में अक्षर के छौगो प्रकार लउकेला, जइसे (१५क-च)।

(१५) क .स्व जइसे कि ***ई***, ***ईनार***, ***माई***, ***आरी*** में।

ख. स्वव्य जइसे के ***अब***, ***आस***, ***ओस***, आ ***एम*** में।

ग. स्वव्यव्य जइसे कि ***अस्त***, ***अंत***, ***अंक***, ***अंश*** में।

घ. व्यस्व जइसे कि ***तू***, ***खा***, ***चानी*** (*चा-नी*), ***सोना*** (*सो-ना*), ***कोरो*** (*को-रो*), ***चिनी*** (*चि-नी*) में।

ङ. व्यस्वव्य जइसे कि ***तार***, ***तीर***, ***फल***, ***पातर*** (*पा-तर*), ***मोट*** में।

च. व्यस्वव्यव्य जइसे कि ***शंख*** (*श्-अ-ङ्-ख्*), ***संत*** (*स्-अ-न्-त्*), ***पस्त*** (*प्-अ-स्-त्*) में।

(ख) अक्षर संरचना

भोजपुरी अक्षर के तीनगो अवयव होलाः अक्षर केंद्र ,आरंभक आ समापक। एकनी में अक्षर केंद्र में स्वर प्रधान होला त आरंभक में व्यंजन आ समापक में दूगो व्यंजन के प्रमुखता होला। अक्षर केंद्र भी सामान्य आ मिश्रित कके दू किसिम के होला। सामान्य केंद्र में एगो मूल स्वर होला त मिश्रित में द्विस्वर। मिश्रित केंद्र में केंद्रक आ अनुषंगी से मिलके बनेला। केंद्र आ समापक के अक्षर के मूल के रूप में जानल जाला। आरेख ८.१ भोजपुरी के अक्षर अभिनियम दर्सावेला।

www.bhojpurisahityangan.com

आरेख ८.१ भोजपुरी अक्षर



शुक्ल (१९८१, पृ. ३१) आ पोखरेलद्वय (२०७९, पृ. ३६) से अनुकूलित

(क) सामान्य केंद्र

सामान्य केंद्र व्यंजन समूह के समापक के साथ भा ओकरा बिना भी एगो स्वर के साथ लउकेला, जइसे (१६क-ख) में:

(१६) क. *ह-**मार**, अँ-**चार**, द-**लाल**, **कला** (क्-**अला**)* ।

ख. *सो-**चंत**, अ-किल-**मंद**।*

(ख) मिश्रित केंद्र

मिश्रित केंद्र समापक के साथ भा ओकरा बिना भी देखल जाला, जइसे (१८) में:

(१७) ***पइ**-सा, **गइ**-बार, ल-**ठइत***।

८.२.४ लिपि प्रयोग

भाषा कथ्य ह त लिपि ओकर लेख्य रूप दर्सावे के माध्यम। ई विभिन्न वस्तु के चित्र से सुरू भइल बा। एही से लिपि के प्रारंभिक स्वरूप चित्रात्मक ह। एकरा बाद ध्वनि के काल्पनिक संकेत चिन्ह के विकास भइल। बाद में अक्षर के विकास भइल। ओही से अबो दुनिआ में तीन किसिम के लिपि प्रयोग में रहल देखल जालाः

(क) चित्रात्मक

(ख) ध्वन्यात्मक/वर्णात्मक

(ग) अक्षरात्मक

उदाहरण खातिर चीनिआ आ अरबी लिपि चित्रात्मक हउए त रोमन लिपि ध्वन्यात्मक/वर्णात्मक आ देवनागरी अक्षरात्मक हउए। चित्रात्मक लिपि में एगो

www.bhojpurisahityangan.com

संकेत चिन्ह कौनो ध्वनि भा अक्षर ना होके पूरा शब्द भा ओहू से वाक्यांशो दर्सावेला। ध्वन्यात्मक वर्णात्मक लिपि में कौनो एगो संकेत चिन्ह एगो ध्वनि भा वर्णमात्र दर्सावेला। जबकि अक्षरात्मक लिपि में स्वराक्षर एकेगो ध्वनि भा वर्ण दर्सावेला त व्यंजनाक्षर व्यंजनका साथे स्वर के मेल होला। अतः चीनिआ भाषा में एकेगो संकेत चिन्ह से एगो पूरा शब्द भा वाक्यांश तक दर्सावेला त अङरेजी में एगो चिन्ह एगो ध्वनि भा वर्ण दर्सावेला। ओहीसुके ओके अक्षर भा पद बनावे खातिर आउर स्वर भा व्यंजन चिन्ह के प्रयोग होला। बाँकिर एकनी से अलग देवनागरी में कौनो व्यंजन अक्षर से स्वर हटावे खातिर हलंत के प्रयोग होला त शब्द के बीच में सामान्यतया खड़ा लकीर के लुप्त कइल जालाः *कस्, काम्, शब्द, तख्त*।

८.२.४.१ लिपि आ वर्णमाला

एकेगो लिपि के प्रयोग भइला का बादो भाषा अनुसार वर्णमाला में लेख्य-चिन्ह के घटबढ़ भइल देखल जाला। उदाहरण खातिर संस्कृत में होत रहल *ऋ ॠ ऌ ॡ* के प्रयोग हिंदी में अइला पर मात्र *ऋ* तक सीमित बा। ओहीतरे संस्कृत में मात्र *ङ, ढ* के प्रयोग बा त हिंदी में एकनी दूनू के साथ साथ *ड़, ढ़* भी जोड़ा गइल बाड़न स। जहाँ तक रोमन लिपि के बात बा त अङरेजी आ फ्रेंच खातिर जमाजमी २६ गो लेख्यचिन्ह के प्रयोग होला जेकर बड़ आ छोट स्वरूप देखल जाला। बाँकिर उहे रोमन लिपि के प्रयोग जब जर्मन में होला त ३० गो लेख्यचिन्ह के प्रयोग होला। फेर वर्णमाला में देखल गइल कइअन चिन्ह अङरेजी वर्णमाला में नइखे।

ओहीतरे जरूरत अनुसार एकेगो भाषा एगो से बेसी लिपि में लिखाला त एकेगो लिपि में एगो से बेसी भाषा भी लिखाला। नेपाल के संविधान अनुसार नेपाल सरकार के कामकाजी भाषा नेपाली आ भारत के संविधान अनुसार भारत सरकार के कामकाजी भाषा हिंदी एकेगो लिपि देवनागरी में लिखल जालन स। बाँकिर एह दूनू भाषा में ओही लिपि के प्रयोग में भिन्नता बा जे उपर देखावल जा चुकल बा। संस्कृत तत्सम शब्दन में नेपाली में *ऋ, ण, श, ष* के प्रयोग त होला बाँकिर एकनी के उच्चारण क्रमशः *रि, न, स* होके रह गइल बाड़न स जबकि हिंदी में *ऋ* त *रि* हो गइल बा बाँकिर आउर वर्ण के उच्चारण यथावते बा। ओहीतरे हिंदी संस्कृत के वर्णमाला में *ड़* आ *ढ़* जोड़के आपन वर्णमाला तइआर कइले बा।

ओहीतरे जब भोजपुरी के बात आवेला त प्रायः तीन तरह के विद्वानन से भेंट होलाः संस्कृतनिष्ठ, हिंदीनिष्ठ आ अङरेजीनिष्ठ। संस्कृतनिष्ठ लोग में अधिकांश लोग के जीभ उच्चारण करही ना सकी बाँकिर हिज्जे संस्कृत वर्णमाला से तनिको दहिना-बायाँ होखेके ना चाही लोग। हिंदीनिष्ठ लोग हिंदी के वर्णमाला के प्रयोग त करी बाँकिर ओह से आगे सोचे में ओह लोग के दाँत से पसेना निकल जाई। अंत में उहो लोग संस्कृत के सहारा लेके कथित शिष्टता के नाम पर संस्कृत तत्समीकरण में

www.bhojpurisahityangan.com

भोजपुरी के लिखाई सीमित करेके चाहेला। जहाँ तक अङरेजीनिष्ठ लोग के बात बा, ऊ लोग त भोजपुरिओ के अङरेजिआके बोली आ इहो कहे में ना हिचकिचाई कि देवनागरी में हिंद-आर्य भाषा लिखल सम्भव नइखे।

त सवाल उठता, का अइसनके यथास्थिति में भोजपुरी सहित के लोकजुबान पर जीवंत रहल भाषा सब के व्याकरण आ वर्णमाला संस्कृतनिष्ठ, हिंदीनिष्ठ, नेपालीनिष्ठ, अङरेजीनिष्ठ ही छोड़ देहल जाओ त? बाँकिर ध्यान देहल जरूरी बा, सबसे अधिक वैज्ञानिक रहल व्याकरण आ वर्णमाला सहित के संस्कृत मृत भाषा हो गइल। संस्कृत अगर देवभाषा ह त का देवतन के मृत्यु बाँकी बा? का ओहीतरे राष्ट्रीय-अंतर्राष्ट्रीय भाषिक साम्राज्य के शरणागत भइल ठीक बा? अगर नइखे त अइसन कथित कूपमंडूक शिष्टता के पुजारिअन से तथ्य-प्रमाण का आधार पर वाद-संवाद चलावत लेख्य परंपरा में कथित रूप से पछुआइल भोजपुरी सहित के आउर भाषा सब के ओह सब के अपने मौलिकता पर काहे ना ठड़िआवल जाए?

एह क्रम में सब से पहिले भोजपुरी में खातिर अब तक प्रचलित रहल लिपिअन के बारे में जानल ठीक होई। एही अध्ययन के अध्याय ३ में सोहगौरा ताम्रपत्र में अब तक के भोजपुरी के अधिकरण कारक चिन्ह *-ए* का बारे में चर्चा हो चुकल बा। अतः भोजपुरी के आदिम स्वरूप प्राकृत खातिर ओह बेरा ब्राम्ही लिपि के भी भोजपुरी से बाहर के मानल ठीक नइखे। ओहीतरे अध्याय ३ में हजरत निजामुद्दीन औलिया आ अमीर खुसरो के लेखनी में भी भोजपुरी मिलल उल्लेख हो चुकल बा। ओहबेरा ऊ लोग के लिपि खरोष्टी रहे। ओह लोग के तनिके बाद ज्योतिरीश्वर ठाकुर आ विद्यापति का बारे में भी ओही अध्याय में उल्लेख हो चुकल बा। ओह लोग के लेखनी तिरहुता लिपि में रहे। ओकरा बाद के समय में कैथी लिपि में लिखल प्रमाण प्राप्त बा। बाँकिर जब नागरी भा देवनागरी के प्रचलन भइल आ प्रेस सामग्री सब से बेसी ओही में प्रकाशित भइल। अतः वर्तमान में सर्वाधिक रूप से देवनागरी के प्रचलन भोजपुरिओ में देखे के मिलेला। ओहीतरे अब भाषाविज्ञान के अध्ययन के माध्यम अङरेजी भइल बा आ उदाहरण खातिर अंतर्राष्ट्रीय ध्वनि वर्णमाला के प्रयोग हो रहल बा आ भोजपुरी के भी कइअन अमूल्य शोध-अनुसंधान में प्रयोग हो रहल बा।

अतः इहाँ कैथी, देवनागरी आ अंतर्राष्ट्रीय ध्वनि वर्णमाला के संस्कृतनिष्ठ पारंपरिक भोजपुरी वर्णमाला परोसल ठीक होईः

(क) व्यंजन

क	ख	ग	घ	ङ
k	k^h	g	ɡ̈	ŋ
च	छ	ज	झ	ञ

www.bhojpurisahityangan.com

च	छ	ज	झ	ञ			
c	c^h	j	j̈	ɲ			
ट	ठ	ड	ड़	ढ	ढ़	ण	
ʈ	$ʈ^h$	ɖ	ɽ	ɖ̤	ɽ̤	ɳ	
त	थ	द	ध	न			
t	t^h	d	d̤	n			
प	फ	ब	भ	म			
p	p^h	b	b̤	m			
य	र	ल	व	श	ष	स	ह
y	r	l	w	ʃ	ʂ	s	ɦ
क्ष	त्र	ज्ञ					
kʂ	tr	jɲ					

देवनागरी लिपि में संस्कृत वर्णमाला के हुबहु प्रयोग करत बेरा कुछ विषय सोचनीय बा। *ञ, ण, श, ष* अब भोजपुरिआ जुबान पर नइखे। अइसन अवस्था में सिखनिहार के बेसी बोझ देहल केतना उचित होई? ओहीतरे *क्ष, त्र, ज्ञ* संयुक्ताक्षर हउअन जहाँ *क्ष* आ *ज्ञ* के अब सही उच्चारण भोजपुरिआ जुबान से हट गइल बा।

एकरा साथे साथे भोजपुरिअन के जुबान से भोजपुरी के खासिअत का रूप में उपर चर्चा भइल सोष्म नाद व्यंजन के लिखाई संयुक्ताक्षर का रूप में क्रमशः *ह्ङ, न्ह, म्ह, र्ह, ल्ह* सिखावल भी एक तरह के बोझ से बेसी नइखे। काहेकि एह बारे में प्रसाद (१९५०, पृ. १८३) आ पांडेय (१९७९, पृ. १५-१६) बड़ा सटीक ढङ से प्रचलन में रहल लिपिअन के भोजपुरी जइसन आउरो मातृषन के वर्ण के प्रतिनिधित्व करे ना सकल विषय स्पष्ट कइले बाड़ें।

लिपि आ वर्णमाला के भोजपुरिअन के स्वाभाविक ध्वनिअन के प्रतिनिधित्व करावे के विषय पर ठाकुर (२०२०, पृ. ६८-७९) समाधान लेके आइल लउकेला। एही अध्याय में उपर वर्णविज्ञान खंड में चर्चा भइल अनुसार भोजपुरी वर्णमाला में निम्नानुसार व्यंजन रहल उचित बाः

क	ख	ग	घ	ङ	ङ़
k	k^h	g	g̈	ŋ	ŋ̊

www.bhojpurisahityangan.com

𑂕	𑂖	𑂗	𑂘	𑂙		
च	छ	ज	झ	ञ		
c	c^h	j	j̈	ɲ		
𑂚	𑂛	𑂜	𑂜𑂹	𑂝	𑂝𑂹	𑂞
ट	ठ	ड	ड़	ढ	ढ़	ण
ʈ	$ʈ^h$	ɖ	ɽ	ɖ̤	ɽ̤	ɳ
𑂠	𑂡	𑂢	𑂣	𑂤	𑂤𑂹	
त	थ	द	ध	न	ऩ	
t	t^h	d	d̤	n	n̤	
𑂥	𑂦	𑂧	𑂨	𑂩	𑂩𑂹	
प	फ	ब	भ	म	म़	
p	p^h	b	b̤	m	m̤	
𑂪	𑂫	𑂫𑂹	𑂬	𑂬𑂹	𑂪𑂹	
य	र	ऱ	ल	ल़	व	
y	r	ṛ	l	l̤	w	
𑂭	𑂮	𑂯	𑂰			
श	ष	स	ह			
ʃ	ʂ	s	ɦ			

(ख) स्वर

उपर के तीनू लिपिअन में संस्कृतनिष्ठ परंपरागत वर्णमाला कुछ अइसन चलल आवताः

𑂃	𑂃𑂰	𑂃𑂱	𑂃𑂲	𑂃𑂳	𑂃𑂴						𑂃𑂵	𑂃𑂶	𑂃𑂷		𑂃𑂸
अ	आ	इ	ई	उ	ऊ	ऋ	ॠ	ऌ	ॡ		ए	ऐ	ओ	ऑ	औ
	𑂰	𑂱	𑂲	𑂳	𑂴						𑂵	𑂶	𑂷		𑂸
	ा	ि	ी	ु	ू	ृ	ॄ				े	ै	ो	ॉ	ौ

ʌ ɑ i i: u u: ri rī lri lrī e ɛ o ɒ ɔ

देवनागरी लिपि में संस्कृत वर्णमाला के हुबहु भोजपुरी में उतारला पर *ऋ, ऌ* आ *ॡ* त अब भोजपुरी का साथे आउर आधुनिक हिंद-आर्य भषन के वर्णमाला से हट गइल बाड़ऽ स। जहाँ तक *ऋ* के सवाल बा, ओकरो उच्चारण कहीं *रि* त कहीं *रु* भइल पावल गइल बा। हो सकेला ओहीसुके कैथी लिपि में एह चारू के उपस्थिति नइखे। ई दर्सावेला कि कैथी लिपि देवनागरी से अविकसित अवस्था में बा यानी जनबोली पर आधारित बा जे एह से पहिले के भइल अधिक तर्कसंगत बा। ओहीतरे भोजपुरी में दीर्घ स्वर *आ* भर वार्णिक बा। *ई आ ऊ* वार्णिक नइखन रह गइल। एकरा बादो प्रयोगकर्तन के पारंपरिक सोच कहते मातर परिवर्तन संभव नहिओ हो सकेला। अतः एह दूनू दीर्घ स्वरन का साथ *ऋ* के भी सामिल करत विदेशी शब्दन के लिखाई

www.bhojpurisahityangan.com

में जरूरी रहल *ऑ* के स्वीकार करत ठाकुर (२०२०, ८१-८२) सहित के मद्देनजर भोजपुरी में स्वर वर्ण आ स्वरमात्रा एहतरे भइल उचित बाः

अ	**आ**	**इ**	**ई**	**उ**	**ऊ**		**ए**	**ऐ**	**ओ**		**औ**
अ	आ	इ	ई	उ	ऊ	ऋ	ए	ऐ	ओ	ऑ	औ
	ा	ि	ी	ु	ू	ृ	े	ै	ो	ॉ	ौ
ʌ	ɑ	i	i:	u	u:	ri	e	ɛ	o	ɒ	ɔ

८.३ सारांश

एह अध्याय में भोजपुरी के अवस्था, विशेषता के तहत भोजपुरी के प्रयोग, भोजपुरिअन के गुण, ओही अनुसार भाषा के निर्माण, वर्णविज्ञान के संक्षिप्त प्रस्तुति रहल। एकरा तहत भोजपुरी के व्यंजन आ स्वर वर्ण के साथ साथ अक्षर प्रारूप के दर्सावल गइल बा।

भोजपुरी में ३६ गो विशिष्ट व्यंजन वर्ण पावल गइल बा जेकर स्थान के अनुसार, प्रयत्न के अनुसार आ प्राणीकरण आ घोषीकरण के आधार पर वर्गीकरण कइल गइल बा। मौखिक, अनुनासिक, द्विस्वर संध्यक्षर आ त्रिस्वर संध्यक्षर कके चार किसिम के भोजपुरी स्वर लउकल बा। ई समूचा एक दोसरा से स्वतंत्र त बड़ले बा, द्विस्वर आ त्रिस्वर संध्यक्षर भोजपुरी के खास विशेषता बा। भोजपुरी में प्रचलित अक्षर प्रारूप (व्य)(स्व)(व्य)(व्य) ह।

❖

www.bhojpurisahityangan.com

अध्याय नौ
प्राप्ति, निष्कर्ष आ सुझाव

९.० नेव

एह अध्याय अंतर्गत मूलभूत रूप में अध्याय २ से ८ तक के आधार पर खंड ९.१ में प्राप्ति, ९.२ में निष्कर्ष आ ९.३ में सुझाव प्रस्तुत कइल गइल बा।

९.१ प्राप्ति

एह अध्ययन में प्राप्त उपलब्धिअन के निम्नानुसार बुँदागत रूप में दर्सावल जा सकेलाः

१. सामान्यतया ईसा के आठवाँ शताब्दी के सिद्ध संत संप्रदाय के अपभ्रंश भा अवहट्ठ में भइल पद्य रचना में भोजपुरी के आदिम स्वरूप के दर्शन होला। बाँकिर एतने पर्याप्त नइखे। भोज शब्द के प्रयोग सुदाशवंशी राजा, यजमान आ विश्वरक्षक के रूप में ऋग्वेद में भइल पावल गइल बा त ब्राम्ही लिपि में प्रथम प्राकृत भाषा में मिलल सोहगौरा ताम्रपत्र के देखला पर भोजपुरी के मूल संस्कृत से पुरान रहल पावल गइल बा। अब तक कुछ लोग के कहनाम रहल बा कि बेसी प्राचीन बतावल महिमामंडन मात्रे ह। बाँकिर तथ्य-प्रमाण मिलला पर भी मौन साधके बइठल अपने इतिहास से बेइमानी कहाई। अतः भोजपुरी के चरित्र प्रथम प्राकृत से सुरू भइल आ *भोज* शब्द ऋग्वेद में पावल गइल बा जौन भोजपुर आ भोजपुरी से जुड़ल तथ्य बा

२. जहाँ तक गद्य के सवाल बा, पंडित दामोदर के *उक्तिव्यक्तिप्रकरण* में अपभ्रंश के व्याकरणिक वर्णन में भोजपुरी के आदिम स्वरूप के पद समूह में नाम, सर्वनाम आ क्रिया सब के स्वरूप मिलेला।

३. पंडित ज्योतिरीश्वर ठाकुर के *वर्ण-रत्नाकर* जे सेमरवनगढ़ में अवहट्ठ में चौदहवाँ शताब्दी के पहिलका चतुर्थांश में रचना भइल रहे, अब तक मैथिली बतावल जात रहे, ओह में भोजपुरी के आदिम स्वरूप के दर्शन होला जे अभी भी सेमरवनगढ़ आ आसपास के लोग के मातृभाषा बा।

४. अब तक मैथिली के महाकवि कोकिल के उपाधि से जानल जाएवाला विद्यापति ठाकुर के पदावली, उनका अनेको गीत में भोजपुरी के सर्वनाम, क्रियाविशेषण आ क्रिया के प्रयोग भइल त गोपाल ठाकुर सिद्ध कइलही बाड़न, एह अध्ययन में दुर्गाशंकर प्रसाद सिंह के चाचीजी के हवाला से उनकर भोजपुरी गीत भी प्राप्त भइल बा जेकर चर्चा रॉयल एशियाटिक सोसायटी के कुछ जॉर्नल में ग्रिअर्सन भी कइले बाड़न।

५. मध्यकालीन अवस्था में वर्तमान नेपाल आ भारत के कइअन गो तत्कालीन रिआसतन में राजकाज में भोजपुरी के प्रयोग होत रहल पावल गइल बा।

www.bhojpurisahityangan.com

६. भोजपुरी के लोकगाथा के रचना मध्यकाल में भइल बा।
७. भोजपुरी के नामकरण भारत के बिहार राज्य के भोजपुर जिला में रहल भोजपुर परगना के नाम पर भइल बा।
८. काशी के राजा चेत सिंह के सैनिक लोग द्वारा सन १७८१ में प्रयोग भइल भाषा के नोता मानुस सन *भोजपुरिआ जुबान* कहले बाड़न जौत तथ्य के समुचित खोझबीन ना कके ग्रिअर्सन से लेके अब तक विद्वान लोग द्वारा सन १७८९ बतावल बात तथ्यहीन सावित भइल बा।
९. भारत के आजादी आ नेपाल में सामंती व्यवस्था के खिलाफ भोजपुरी में अनेको गीत रचना भइल बा।
१०. भोजपुरी तब से लेके अब तक विद्रोह, क्रांति आ समाज सुधार के भाषा रहत आइल बा।
११. नेपाल में प्राथमिक आ माध्यमिक तथा भारत में माध्यमिक आ विश्वविद्यालय स्तर पर भोजपुरी के औपचारिक अध्ययन हो रहल बा बाँकिर ओकर तीव्रता संतोषजनक नइखे।
१२. नेपाल आ भारत के संचार क्षेत्र में भोजपुरी के सशक्त प्रयोग हो रहल बा। बाँकिर सरकारी संचार जगत निर्वाह तक सीमित बा त निजी संचार जगत विभिन्न समस्यन से जुझताड़न स।
१३. भोजपुरी के साहित्यिक क्षेत्र में हर विधा में उत्कृष्ट रचना के माध्यम बनावल जा रहल बा।
१४. भोजपुरी के भाषाई अध्ययन सन १८६८ से सुरू होके अभी जोरसोर से चल रहल बा।
१५. नेपाल, भारत, मॉरीशस, फिजी आ सुरीनाम में एकर व्याकरण पर काम भइल बा आ हो रहल बा।
१६. नेपाल, भारत आ मॉरीशस में एकर एकभाषी-बहुभाषी दूनू तरह के शब्दकोश बन चुकल बा।
१७. प्रथम प्राकृत में कारकीय चरित्र में लउकल भोजपुरी आठवाँ शताब्दी से आपन अस्तित्व कायम करत आज के दिन में विश्वभाषा के रूप में आपन प्रयोग के क्षेत्र विस्तार कर चुकल बा।
१८. संगीत-नाटच में भोजपुरी राष्ट्रीय-अंतर्राष्ट्रीय स्तर पर ख्याति पा रहल बा।
१९. आधुनिक काल में भोजपुरी नेपाल आ भारत में सिनेमा में प्रवेश कर चुकल बा।
२०. भोजपुरी पर एक ओर से अश्लीलता के तोहमत लगावल आ दोसर ओर भरपूर मनोरंजन कइल द्वैध चरित्र बा। खास कके एकर संवैधानिक मान्यता पर राजनीतिक नेतृत्व के चूपी साधल भोजपुरिअन के ठीक नइखे लागत।

www.bhojpurisahityangan.com

९.२ निष्कर्ष

एह अध्ययन के आधार पर कुछ अइसन निष्कर्ष पर पहुँचल जा सकताः

१. भोजपुरी ईसा के आठवाँ शताब्दी से अपभ्रंश भा अवहट्ठ काल से अस्तित्व में आइल नव हिंद-आर्य भाषा के रूप में आज विश्वभाषा के स्तर पर कायम बा।

२. *उक्तिव्यक्तिप्रकरण* के रचयिता पंडित दामोदर, *वर्णरत्नाकर* के रचयिता पं. ज्योतिरीश्वर ठाकुर आ महाकवि विद्यापति के भोजपुरी भाषा के उत्थान में महत्त्वपूर्ण योगदान रहल बा।

३. भोजपुरी मध्यकाल में ही ना नेपाल के आधुनिक इतिहास के संस्थापक पृथ्वीनारायण शाह के समय तक राजकाज में प्रयोग होत रहे।

४. भोजपुरी आज के दिन में शिक्षा, संचार, मंच, गायन, अभिनय के साथ साथ नेपाल आ भारत सहित विश्व के आउर कुछ देशन में राजकाज के भाषा होखे खातिर सामर्थ बा।

५. भोजपुरी में धर्म, जात आ संप्रदाय के आधार पर भिन्नता न्यून बा।

६. भौगोलिक आधार पर भोजपुरी में पुरुब-पछिम दिशांतर भेद बा।

७. आज का दिन में राज्यका ओर से आपन उद्‌गम स्तर पर ही भोजपुरी उपेक्षित बा।

८. संगीत-नाट्य आ सिनेमा में भोजपुरी पर अश्लीलता के आरोप आंशिक सत्य भइला के बादो विभिन्न कारण से एकर न्यूनीकरण के प्रयास से लोग बेखबर बा।

९. शिक्षा नीति आ कार्यान्वयन में समस्या के कारण भोजपुरी शिक्षा में प्रवेश पाके भी फलदायी नइखे भइल।

१०. भारत आ मॉरीशस में प्रकाशित शब्दकोश अनुवाद खातिर उत्तम बा, एह से कि ऊ सब कि त भोजपुरी-हिंदी शब्दकोश हउए ना त भोजपुरी-हिंदी-अङरेजी शब्दकोश। बाँकिर नेपाल डॉ. गोपाल ठाकुर, गोपाल अश्क आ दिनेश गुप्ता के संपादन में नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान से २०१७ (वि. २०७३) में प्रकाशित *प्रज्ञा भोजपुरी-भोजपुरी-नेपाली-अङरेजी शब्दकोश* अब के विश्व में एकलौता एकभाषी आ बहुभाषी दून चरित्र के शब्दकोश सावित भइल बा। एह से एकर उपयोग भोजपुरी शिक्षण में कक्षा-कोठा से लेके अनुवाद तक होई।

११. नेपाल चाहे भारत चाहे आउर कहीं भोजपुरी आपन मजबूती के बावजूद राजकाज के भाषा नइखे भइल।

९.३ सुझाव

एह अध्ययन का क्रम में भइल प्राप्ति आ निष्कर्ष का आधार पर निम्नलिखित सुझाव देहल जा सकेलाः

१. शिक्षा क्षेत्र में बनल पाठ्यपुस्तक के उपयोग करत तत्काल एगो विषय का रूप में एकर पठन-पाठन सुरू होखेके चाहीं। आ मातृभाषा शिक्षा के मर्म

www.bhojpurisahityangan.com

अनुसार इहो उपयुक्त ना भइला से सुरुआती शिक्षा के माध्यम भोजपुरी बनेके चाहीं। माध्यमिक तह आ विश्वविद्यालय तह में भोजपुरी ऐच्छिक विषय के रूप में कुछ अइसन तरह से पाठ्यक्रम में समावेश होखे, जे भाषा के विकल्प में कौनो भाषा मात्र के छनौट हो सके।

२. कम से कम कक्षा-१ से कक्षा-३ तक भोजपुरी भाषी क्षेत्र में शिक्षा के माध्यम अभीने से भोजपुरी होखेके चाहीं।

३. नेपाल के संविधान के धारा ७ (१) के संशोधन कके संघीय सरकार के, मौजूदा अवस्था में मधेश, बागमती, गण्डकी आ लुंबिनी प्रदेशन में प्रादेशिक सरकार के आ स्थानीय सरकार के कामकाजी भाषा के सूची में भोजपुरी सामिल होखेके चाहीं।

४. भाषावैज्ञानिक दृष्टि से *उक्तिव्यक्तिप्रकरण, वर्णरत्नाकर* आ विद्यापति पदावली सहित उनकर आउर रचनन के ऐतिहासिक भाषावैज्ञानिक अध्ययन होखेके चाहीं। ओहीतरे नेपाल गड़हा में विद्यापति से संबंधित जेतना साहित्यिक कृति, नाच, गाना बा, अब तक मैथिली बतावल जा रहल बा, जौन आंशिक रूप में मात्रे साँच बा। अतः ओकरो भाषावैज्ञानिक अध्ययन होखेके चाहीं।

५. भोजपुरी के विधागत इतिहास के अध्ययन होखेके चाहीं।

६. नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान, नेपाल संगीत-नाट्य प्रज्ञा-प्रतिष्ठान आ नेपाल ललितकला प्रज्ञा-प्रतिष्ठान में कुलपति, उपकुलपति आ सदस्य-सचिव में से एगो पद पर अनिवार्य रूप से भोजपुरी मातृभाषी के नियुक्ति होखेके चाहीं।

७. भाषा आयोग में कम से कम एक जने भोजपुरी भाषी के अनिवार्य नियुक्ति होखेके चाहीं।

८. भाषा आयोग के पहल में एगो अंतरराष्ट्रीय भोजपुरी अन्वेषण कार्यदल के गठन कके अंतरराष्ट्रीय स्तर पर भोजपुरी के विधागत अध्ययन होखेके चाहीं। एकर सुरुआत पहले कम से कम नेपाल-भारत भोजपुरी अन्वेषण कार्यदल गठन होखेके चाहीं। एकरा खातिर भाषा आयोग, नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान, नेपाल संगीत-नाट्य प्रज्ञा-प्रतिष्ठान आ नेपाल ललितकला प्रज्ञा-प्रतिष्ठान जइसन भाषिक-सांस्कृतिक उन्नयन के काम करेवाला निकायन के प्रति राज्य के कोताही करेवाला प्रवृत्ति में न्यूनीकरण होखेके चाहीं।

९. भोजपुरी मातृभाषी लोग में कहीं ना कहीं अपना भाषा के प्रति हीनताबोध के भावना घर कइल नजर आवता। नेपाल में नेपाली ,अङरेजी आ हिंदी भाषा सब के प्रभुत्व दिखाई देत बा। भोजपुरी भाषी लोग ही आपन मातृभाषा में बोलल , पढ़ल आ लिखल नइखे चाहत। एकर सबसे बढ़िया उपाय अपना मातृभाषा के प्रति गर्व करत दोसरा भाषा के बाहरी आवरण आ क्षणिक विस्तार से मुक्त भइल

www.bhojpurisahityangan.com

आवश्यक बा। भाषा भाषा ह ,जेकरा के आदमी आपन विचार के संप्रेषण करे खातिर प्रयोग करेला। हीनता के जंजीर में जकड़ के बेमौत मरे के जरुरत नइखे। हँ ,अपना भाषा के मजबूत बनावे ला आवश्यक तत्त्वन के चिन्हित करत इस्तेमाल कइल जरुरी बा। पहिले आपन घर ,परिवार ,गाँव ,समाज में भोजपुरी भाषा के उच्च स्थान दिआवल जरूरी बा ,ओकरा बाद सरकार से ओकर संरक्षण आ संवर्धन ला कार्य करवावल जरूरी बा।

१०. भाषा के विकास के ई पहिलका आवश्यक सर्त ह कि आदमी आपन मातृभाषा में खूब बोले ,लिखे आ पढ़े । ओही से 'भोजपुरी में बोलीं ,लिखीं आ पढ़ीं' मूल मंत्र के अपनावल समाधान के सोपान होई ,एह में कवनो शंका नइखे।

११. अगर भोजपुरी भाषा के विकास के इच्छा बा त एह भाषा में लिखल कृतिअन के खरीदके पढ़े के परंपरा चलावल जरुरी बा। एह से लेखक, साहित्यकार आ पाठकन के बीच सीधा संवाद संपर्क स्थापित होई आ प्रकाशक सहज मिलिहें।

१२. ई बहुत जरुरी बा कि आपन भाषा के प्रति जेतना प्रेम ,माया आ आदर रहेला , ओतने दोसरो भाषा के प्रति देखावल जाए। एह से इतरभोजपुरी भाषी लोग के दिल में भोजपुरी भाषा के प्रति नफरत ना ,प्रेम पनपी आ भोजपुरी के विकास के रथ आगे बढ़त जाई।

❖

www.bhojpurisahityangan.com



स्रोतः पांडेय (१९८६, पृ. १७६)

www.bhojpurisahityangan.com

संदर्भ सूची

अरुण, अवधेश. (१९७२). *बज्जिका, भोजपुरी और हिंदीः एक तुलनात्मक अध्ययन.* कुमुद प्रकाशन।

'अश्क', गोपाल; ठाकुर, गोपाल; सिंह, राकेश; आचार्य, मुकुन्द; आ अधिकारी, सुनील कुमार. (वि. २०५९) *भोजपुरी कक्षा ९.* शिक्षा तथा खेलकुद मन्त्रालय, पाठ्यक्रम विकास केन्द्र।

'अश्क', गोपाल; ठाकुर, गोपाल; सिंह, राकेश; आचार्य, मुकुन्द; आ अधिकारी, सुनील कुमार. (वि. २०६०). *भोजपुरी कक्षा १०.* शिक्षा तथा खेलकुद मन्त्रालय, पाठ्यक्रम विकास केन्द्र।

अश्क, गोपाल. (वि. २०७९). *नेपालीय भोजपुरी साहित्यको इतिहास.* नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

अवधूत, श्रद्धानन्द. (१९९४). *आदर्श भोजपुरी व्याकरण,* द्वितीय संस्करण. आनन्दमार्ग प्रकाशन।

अश्क, गोपाल; आ शर्मा, विश्वम्भरकुमार. (वि. २०७७). *भाषा र भोजपुरी भाषा.* ऐरावती प्रकाशन प्रा. लि.।

अश्क, गोपाल. (२०७९ वि. सं.). *नेपालीय भोजपुरी साहित्यको इतिहास.* नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

अश्क, गोपाल. (वि. २०८०). नेपालीय भोजपुरी साहित्य के संक्षिप्त इतिहास. गोपाल ठाकुर, गोपाल अश्क आ रितेश त्रिपाठी (सं.). *नेपाल में भोजपुरी,* पृ. ८१-१४८ में. भोजपुरी प्रतिष्ठान।

आचार्य, मुकुन्द. (वि. २०५३क). *भोजपुरी उखान टुक्का.* नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

आचार्य, मुकुन्द. (वि. २०५३ख). *भोजपुरी गद्य साहित्य.* नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

आरचर, डब्लू. जी. आ प्रसाद, संकटा. (१९३९-४१). *भोजपुरी ग्राम्य गीत.* पटना लॉ प्रेस।

उपाध्याय, कृष्णदेव. (सं.). (वि. २०११). *भोजपुरी लोक-गीत [भाग १].* हिन्दी साहित्य सम्मेलन।

उपाध्याय, कृष्णदेव. (१९५७क). *भोजपुरी लोक-साहित्य का अध्ययन, प्रथम संस्करण.* हिन्दी प्रचारक पुस्तकालय।

उपाध्याय, कृष्णदेव. (१९५७ख). *भोजपुरी और उसका साहित्य.* राजकमल प्रकाशन।

उपाध्याय, कृष्णदेव; आ उपाध्याय, रविशंकर. (१९८४). (सं.). (१९८४). *दूधनाथ उपाध्याय रचनावली.* भोजपुरी अकादमी।

उपाध्याय, कृष्णदेव. (सं.). (वि. २०२३). *भोजपुरी लोक-गीत [द्वितीय भाग].* हिन्दी साहित्य सम्मेलन।

उपाध्याय, कृष्णदेव. (१९७२). *भोजपुरी साहित्य का इतिहास.* भारतीय लोक संस्कृति शोध संस्थान।

www.bhojpurisahityangan.com

उपाध्याय, कृष्णदेव. (१९९१). *भोजपुरी लोक-संस्कृति.* हिन्दी साहित्य सम्मेलन।

उपाध्याय, कृष्णदेव; आ उपाध्याय, रविशंकर. (१९८५). *भोजपुरी लोक-संगीत.* भारतीय लोक-संस्कृति शोध-संस्थान।

उपाध्याय, रविशंकर. (१९८४). *भोजपुरी लोकगीतों का सांस्कृतिक अध्ययन* (प्रथम भाग). भारतीय लोक-संस्कृति शोध-संस्थान।

उपाध्याय, शैलेश कुमार. (वि. २०६६). *नेपाली र भोजपुरी भाषाका व्याकरणात्मक कोटिहरूको तुलनात्मक अध्ययन.* कला स्नातकोत्तर शोधपत्र, त्रिभुवन विश्वविद्यालय।

ओझा, शिवदास. (१९८२). *भोजपुरी ठेठ भाषा व्याकरन.* भोजपुरी अकादमी।

कुमार, अरविंद; सिंह, राजेंद्र प्रसाद; आ अवतंस, अभिषेक. (सं.). (२००९). *भोजपुरी-हिंदी-इंग्लिश लोक शब्दकोश.* केंद्रीय हिंदी संस्थान।

कुमार, ब्रज बिहारी; आ सिंह, विजय नारायण. (१९७८). *भोजपुरी-हिंदी शब्दकोश.* भोजपुरी संसद।

गुप्त, श्रीनगेन्द्रनाथ. (संकलक-संपादक). (१९१०). *विद्यापति ठाकुर की पद्यावली.* श्रीमहाराज रमेश्वरसिंह महोदय दर्भङ्गानरेश।

गुप्ता, दिनेश. (वि. २०७९). *अन्हार में एक रात (भोजपुरी निबंध/लेख संग्रह).* नेपाल भोजपुरी समाज।

चटर्जी, सुनीति कुमार; आ मिश्र बबुआ. (सं.). (१९४०). *श्री ज्योतिरीश्वर ठाकुर प्रणीत वर्णरत्नाकर,* द रॉयल एशियाटिक सोसायटी।

चौबे, गणेश; सिंह, उमाशंकर प्रसाद; आ मिश्र, ब्रजभूषण. (सं.). (साल अलिखित). *भोजपुरी-हिन्दी शब्दकोश.* विश्व भोजपुरी सम्मेलन (राष्ट्रीय इकाई)।

जय, जयकान्त सिंह. (२००४). *भोजपुरी भाषाः स्वरूप आ संभावना.* जय प्रकाशन।

झा, मंचला. (वि. २०७९). *महाकवि विद्यापति और नेपाल.* महामना मालवीय मिशन-नेपाल।

झींगन, योगेश्वरी. (२०२१). *हमनी के पुरबज के बोली.* लेखक स्वयं।

ठाकुर, गोपाल; अश्क, गोपाल; आ गुप्ता, दिनेश. (सं.). (२०१७). *प्रज्ञा भोजपुरी-भोजपुरी-नेपाली-अङ्ग्रेजी शब्दकोश.* नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

ठाकुर, गोपाल; अश्क, गोपाल; आ त्रिपाठी, रितेश. (सं.). (वि. २०८०). *नेपाल में भोजपुरी.* भोजपुरी प्रतिष्ठान।

ठाकुर, गोपाल. (वि. २०८०). भोजपुरी भाषा के रूपरेखा. गोपाल ठाकुर, गोपाल अश्क आ रितेश त्रिपाठी (सं.). *नेपाल में भोजपुरी,* पृ. १-३६ में. भोजपुरी प्रतिष्ठान।

ठाकुर, गोपाल. (२०२२क). *भोजपुरी व्याकरण (जीवंत मजबून का साथे).* भोजपुरी प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

www.bhojpurisahityangan.com

ठाकुर, गोपाल. (२०२२ख). *उत्पीड़ित मधेश आ भोजपुरी (शोधात्मक आलेखमाला).* भोजपुरी प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

ठाकुर, गोपाल. (२०२३). *सहज भोजपुरी वर्तनी.* भोजपुरी प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

ठाकुर, गोपाल. (वि. २०८०). भोजपुरी लोककाव्य शोभनयका बन्जाराः एक सङ्क्षिप्त अध्ययन. डा. जर्मन चौधरी, डा. गोविन्द आचार्य, डा. मधुमालती खत्री, डा. रघुनाथ नेपाल आ टीकाराम उदासी (सं.) में *मिलनबिन्दु,* अनुसन्धानमूलक पत्रिका वर्ष ११, पूर्णाङ्क ६. नेपाल संस्कृत विश्वविद्यालय, राष्ट्रिय सांस्कृतिक अध्ययन केन्द्र. २२-३०।

ठाकुर, गोपाल. (वि. २०८१). *भोजपुरी के समाज-भाषिक अध्ययन.* नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

तिवारी, अर्जुन. (२०१४). *भोजपुरी साहित्य के इतिहास.* विश्वविद्यालय प्रकाशन।

तिवारी, अर्जुन. (२०१९). *भोजपुरी लोकोक्ति सागर.* हिन्दुस्तानी एकेडेमी।

नीरन, अरुणेश; तिवारी, अर्जुन; 'पराग' सूर्यदेव पाठक, उदय, प्रकाश; आ प्रसाद, धनजी. (सं.) (२०१८). *भोजपुरी-हिंदी-अंग्रेजी शब्दकोश.* राजकमल प्रकाशन।

'परवाना', चन्देश्वर. (२०२३). *भोजपुरी-हिन्दी शब्दकोश.* सर्वभाषा प्रकाशन।

बाहरी, हरदेव. (सं.). (१९८१). *भोजपुरी शब्द संपदा (भोजपुरी भाषा के प्रथम शब्दकोश), प्रथम संस्करण.* भारती प्रेस प्रकाशन।

'बेसुध', मुक्तेश्वर तिवारी. (*भोजपुरी लोकोक्तियाँ और मुहावरे [समीक्षात्मक शोध प्रबंध]).* हिन्दी परिषद्।

तिवारी, उदय नारायण. (१९५४). भो*जपुरी भाषा और साहित्य,* प्रथम संस्करण. बिहार-राष्ट्रभाषा-परिषद्।

तिवारी, उदय नारायण. (१९८४). *भोजपुरी भाषा और साहित्य,* द्वितीय संस्करण, बिहार-राष्ट्रभाषा-परिषद्।

तिवारी, भोलानाथ. (१९५१). *भाषाविज्ञान, प्रथम संस्करण.* किताब महल।

तिवारी, भोलानाथ. (१९९५-९६). *भाषाविज्ञान, सत्रहवाँ संस्करण.* किताब महल।

त्रिपाठी, आचार्य रामदेव. (१९८७). *भोजपुरी व्याकरण.* भोजपुरी अकादमी।

त्रिपाठी, रामनरेश. (वि. १९८६). *कविता-कौमुदी पाँचवा भागः ग्राम-गीत* (पहला संस्करण). हिन्दी-मन्दिर।

त्रिपाठी, रामनरेश. (१९४०). *हमारा ग्राम-साहित्य* (पहला संस्करण). हिन्दी-मन्दिर।

त्रिपाठी, सर्वेन्द्रपति; आ दूबे, ब्रज किशोर. (सं.). (१९८२क). *भोजपुरी मुहावरा संग्रह.* सर्वेन्द्र प्रकाशन।

त्रिपाठी, सर्वेन्द्रपति; आ दूबे, ब्रज किशोर. (सं.). (१९८२ख). *वाणी के बोल [भोजपुरी कहाउति संग्रह].* सर्वेन्द्र प्रकाशन।

थापा, रमेशजङ्ग (सं.). (१९७४, अक्टुबर). ऐतिहासिक पत्रस्तम्भ. *प्राचीन नेपाल,* २९, २५-३८।

www.bhojpurisahityangan.com

देवकोटा, गृष्मबहादुर. (वि. २०३५). *नेपालको राजनीतिक दर्पण.* केशवचन्द्र गौतम।

द्विवेदी, पण्डित गिरिजाप्रसाद. (अनु.). (१९१७). *मनुस्मृति अर्थात् मानवधर्मशास्त्रः हिन्दीभाषानुवाद-टिप्पण-विषयसूची-श्लोकसूची और विस्तृत-भूमिका-सहिता.* बाबू मनोहरलाल भार्गव, बी. ए.।

निर्भीक, रसिक बिहारी ओझा. (१९७५). *भोजपुरी शब्दानुशासन.* जमशेदपुर भोजपुरी साहित्य परिषद।

निषाद, उपेन्द्र सहनी; आ गुप्ता, आनन्द. (वि. २०७३). *भोजपुरी सन्तकवि भिनकरामका साहित्य र साधना.* नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

नेपाल सरकार (वि. २०७५) *नेपालको संविधान.* कानुन किताब व्यवस्था समिति।

पन्त, दिनेशराज. (१९८१/वि. २०३८ भाद्र). श्री ५ पृथ्वीनारायण शाहको अप्रकाशित पत्र. *पूर्णिमा,* १३(२), ४१-४३. देवीप्रसाद भण्डारी।

पन्त, दिनेशराज. (१९८५/वि. २०४१). *गोरखाको इतिहास, पहिलो भाग.* दिनेशराज पन्त।

पन्त, दिनेशराज. (१९८६/वि. २०४३). *गोरखाको इतिहास, दोस्रो भाग.* दिनेशराज पन्त।

पन्त, महेशशराज. (१९८६/वि. २०४२ माघ). पाल्पाली राजा महादत्त सेनले रणमर्दन सेनलाई कज्याइँ भारा दिई वि.सं. १८४५ मा गरिदिएको ताम्रपत्र. *पूर्णिमा,* १७(२), ३६-३९. देवीप्रसाद भण्डारी।

पन्त, दिनेशराज. (१९८८/वि. २०४५) *गोरखाको इतिहास, तेस्रो भाग.* दिनेशराज पन्त।

पन्त, दिनेशराज. (१९८६/वि. २०४२ माघ). पाल्पाली राजा गन्धर्व सेनका अप्रकाशित पत्र. *पूर्णिमा,* १७(२), ३२. देवीप्रसाद भण्डारी।

पन्त, दिनेशराज. (१९८६/वि. २०४३ आश्विन). विजयपुरका राजा महीपति सेनले भक्तपुरका राजा भूपतीन्द्र मल्ललाई लेखेको अप्रकाशित पत्र. *पूर्णिमा,* १८(२), ३०-३१. देवीप्रसाद भण्डारी।

पन्त, महेशराज. (१९८३/२०३९ फाल्गुन). तनहुँका राजा कामारिदत्त सेनका दुई अप्रकाशित पत्र. *पूर्णिमा,* १४(१), १०. देवीप्रसाद भण्डारी।

पन्त, महेशराज. (१९८३/२०३९ चैत्र). तनहुँका राजा हरकुमारदत्त सेनका सातवटा अप्रकाशित पत्र. *पूर्णिमा,* १४(२), १९-२१. देवीप्रसाद भण्डारी।

पन्त, महेशराज. (१९९०/२०४७ आश्विन). सेन राजाहरूका अहिलेसम्म प्रकाशमा नआएका तीनवटा पत्र. *पूर्णिमा,* २०(१), १८-१९. देवीप्रसाद भण्डारी।

पन्त, महेशराज. (१९९०/वि. २०४७ आश्विन). सेन राजाहरूको अहिलेसम्म प्रकाशमा नआएका तीनवटा पत्र. *पूर्णिमा,* २०(१), १८-१९. देवीप्रसाद भण्डारी।

पाण्डे, पृथ्वीराज (२०६६ वि. सं.) भोजपुरी भाषा के उत्पत्ति आ विकास, बारा शाखाः नेपाल भोजपुरी प्रतिष्ठान।

www.bhojpurisahityangan.com

पाण्डेय, परमानंद. (१९७९). *अंगिका और भोजपुरी भाषाओं का तुलनात्मक अध्ययन.* भोजपुरी अकादमी।

पाण्डेय, रासबिहारी. (१९८६) *भोजपुरी भाषा का इतिहास.* लोक-साहित्य-संगम।

पोखरेल, माधवप्रसाद. (वि. २०५७) *ध्वनिविज्ञान तथा नेपाली भाषाको ध्वनि परिचय.* नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

पोखरेल, माधवप्रसाद; आ पोखरेल, अपर्णा. (वि. २०७९). *नेपाली व्याकरण.* नेपाल प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

पौडेल, गोपीन्द्र. (२०७०). कथाको सिंहावलोकन. प्रज्ज्वल पौडेल/प्रताप पौडेल।

प्रसाद, विश्वनाथ. (१९५८). सम्पादक का मन्तव्य. दुर्गाशंकरप्रसाद सिंह रचित *भोजपुरी के कवि और काव्य.* पृ. १-१५ में. बिहार-राष्ट्रभाषा-परिषद्।

बुद्धू, सरिता. (२०११). *सहज भोजपुरी व्याकरण.* स्टार पब्लिकेशन प्रा. लि.।

बुद्धू, सरिता. (२०११). *भोजपुरी बोलऽ.* स्टार पब्लिकेशन प्रा. लि.।

बेसुध, मुक्तेश्वर तिवारी. (१९७१). *भोजपुरी लोकोक्तियाँ और मुहावरे* (समीक्षात्मक शोध-प्रबंध). हिंदी परिषद्।

भाषा आयोग. (वि. २०८१). *भाषा आयोगको वार्षिक प्रतिवेदन (आठौँ, २०८० साउनदेखि २०८१ असार मसान्तसम्म.* भाषा आयोग।

मुनि, आचार्य जिनविजय; आ चाटुर्ज्या, सुनीतिकुमार. (सं.). (१९५३). *पण्डितवर-दामोदर-विरचित उक्तिव्यक्तिप्रकरण,* सिंघी जैनशास्त्र शिक्षापीठ।

मोतीचन्द्र. (१९६२). *काशी का इतिहासः वैदिक काल से अर्वाचीन युग तक का राजनैतिक-सांस्कृतिक सर्वेक्षण.* हिन्दी ग्रन्थ-रत्नाकर प्राइवेट लिमिटेड।

यादव, सुभाषचंद्र. (१९९४). भोजपुरी भाषा के इतिहासः एगो सिंहावलोकन. दीक्षित, अक्षयबर; आ पीड़ित, तैयब हुसैन. (सं.). *डुमरी कतेक दूर* में अखिल भारतीय भोजपुरी भाषा सम्मेलन, जिला इकाई सीवान।

राकेश, सर्वदेव तिवारी. (१९८२). कहाउतिः देखन में छोट लगे. त्रिपाठी, सर्वेन्द्रपति; आ दूबे, ब्रज किशोर. (सं.). *वाणी के बोल [भोजपुरी कहाउति संग्रह]* में. सर्वेन्द्र प्रकाशन।

राज्य शिक्षा शोध एवं प्रशिक्षण परिषद, बिहार. (२००८). *भोजपुरी व्याकरण आ रचना, कक्षा XI आ XII खातिर.* बिहार स्टेट ट्क्स्टबुक पब्लिशिंग कॉरपोरेशन लिमिटेड।

राष्ट्रियभाषा नीति सुझाव आयोगको प्रतिवेदन. (२०५०). राष्ट्रियभाषा नीति सुझाव आयोग।

राष्ट्रीय जनगणना प्रतिवेदन. (२०२१). राष्ट्रिय तथ्याङ्क कार्यालय।

वैरागी, शिवभजन प्रसाद. (२००४). *सरल भोजपुरी व्याकरण.* जनहित परिवार।

www.bhojpurisahityangan.com

शर्मा, चतुर्वेदी द्वारकाप्रसाद. (अनु.). (१९२७). *सचित्र श्रीमद्वाल्मीकि-रामायण [हिन्दीभाषानुवाद सहित] उत्तरकाण्ड पूर्वार्द्ध-९.* रामनारायण लाल।

शर्मा, विश्वम्भरकुमार (वि. २०५२) नेपाल में भोजपुरी साहित्य के स्थिति. *सयपत्री* १. नेपाल राजकीय प्रज्ञा-प्रतिष्ठान।

शर्मा, विश्वम्भरकुमार. (२०००). *नेपाल का भोजपुरी साहित्य.* विद्यावारिधि शोध-प्रबंध. बाबा साहेब भीमराव अंबेडकर बिहार विश्वविद्यालय।

शांडिल्य, राजेश्वरी. (१९९९). *भोजपुरी लोकगीतों का मर्म तथा अन्य निबन्ध.* अखिल भरतीय भोजपुरी परिषद्।

शांडिल्य, राजेश्वरी. (१९९९). *लोक-संस्कृतिः एगो झाँकी.* भोजपुरी संस्थान।

शाहाबादी, परमेश्वर दूबे. (२०१७). *पूर्वी उत्तर प्रदेश की भोजपुरी लोककथाओं का सामाजिक अध्ययन* (प्रथम संस्करण). राजर्षि प्रकाशन।

'शुभ', आचार्य शुभ नारायण सिंह. (२०२४). *आधुनिक भोजपुरी साहित्य के इतिहास.* शिवालिक प्रकाशन।

श्रीवास्तव, दयानंद. (१९८३). *भोजपुरी भाषा के बनावट.* भोजपुरी अकादमी।

श्रीवास्तव, श्यामकुमारी. (१९९९). *भोजपुरी शब्द परिचय,* प्रथम संस्करण. शारदा प्रकाशन।

श्रेष्ठ, हरिमान. (२००९). *कात्ती प्याखँ* (कार्तिक नाच). ज्येष्ठ नागरिक समाज-नेपाल।

सहृदय, हवलदार त्रिपाठी. (१९८२). भूमिका. सर्वेन्द्रपति त्रिपाठी आ ब्रज किशोर दूबे (सं.). *भोजपुरी मुहावरा संग्रह* में. सर्वेन्द्र प्रकाशन।

सिंह, आचार्य विश्वनाथ. (१९८८). *मानक भोजपुरी वर्तनी.* अखिल भारतीय भोजपुरी साहित्य सम्मेलन।

सिंह, दुर्गाशंकरप्रसाद. (१९५८). *भोजपुरी के कवि और काव्य.* बिहार-राष्ट्रभाषा-परिषद्।

सिंह, दुर्गाशंकरप्रसाद. (१९६५). *भोजपुरी लोक-गीत में करुण रस.* हिन्दी साहित्य सम्मेलन.

सिंह, नागेन्द्र प्रसाद. (२००९). *भोजपुरी साहित्य के संक्षिप्त इतिहास.* लोग प्रकाशन।

सिंह, पृथ्वी राज. (संकलन वा अनुवाद). (२०२२). *भारत का भाषा सर्वेक्षण और भोजपुरी.* सारव प्रकाशन।

सिन्हा, सत्यव्रत (१९५७). *भोजपुरी लोकगाथा.* हिंदुस्तानी एकेडेमी।

स्वर्णलता. (२०२१). *भोजपुरी बालगीतः एक सांस्कृतिक मूल्यांकन (वीर कुँवर सिंह विश्वविद्यालय, आरा, बिहार द्वारा पी-एच. डी. उपाधि प्राप्त शोध-प्रबंध).* सर्व भाषा ट्रस्ट।

www.bhojpurisahityangan.com

Beames, J. (1868). Notes on the Bhojpuri Dialect of Hindi spoken in Western Behar. *The Journal of the Royal Asiatic Society of Great Britain and Ireland, New Series Volume the Third,* 483-508.

Beames, J. (1872). *A comparative grammar of the modern Aryan languages of India: to wit, Hindi, Panjabi, Sindhi, Gujarati, Marathi, Oriya, and Bangali, Vol. I, on sounds.* Trübner & Co., 8 and 60, Paternoster Row.

Chakrabarty, R. (2025). *Bhojpuri in Mauritius: A journey of migration, adaptation, and revival*. http://www.indiatoday.in/education-today/gk-current-affairs/story/from-india-to-mauritius-how-bhojpuri-became-a-prominent-language-2692114-2025-03-11

Crooke, W. (1888). *A rural and agricultural glossary for the N. W. provinces and Audh.* Office of the Superintendent of Government Printing, India.

Crooke, W. (1896a). *The popular religion and folk-lore of Northern India*, *a new edition, revised and illustrated,* Vol. I. Archibald Constable & Co.

Crooke, W. (1896b). *The popular religion and folk-lore of Northern India*, *a new edition, revised and illustrated,* Vol. II. Archibald Constable & Co.

Crooke, W. (1896c). *The tribes and castes of the North-Western provinces and Oudh,* Vol. I. Office of the Superintendent of Government Printing, India.

Crooke, W. (1896d). *The tribes and castes of the North-Western provinces and Oudh,* Vol. II. Office of the Superintendent of Government Printing, India.

Crooke, W. (1896e). *The tribes and castes of the North-Western provinces and Oudh,* Vol. III. Office of the Superintendent of Government Printing, India.

Crooke, W. (1896f). *The tribes and castes of the North-Western provinces and Oudh,* Vol. IV. Office of the Superintendent of Government Printing, India.

Das, S. B. (2006). *The Banarasi Bhojpuri verb system*. University of Pennsylvania.

Fallon, S. W. (1879). *A new Hindustani-English dictionary, with illustrations from Hindustani literature and folk-lore.* E. J. Lazarus and Co.—Trübner and Co.

Fallon, S. W. (1886). *A dictionary of Hindustani proverbs, including many Marwari, Panjabi, Maggah, Bhojpuri and Tirhuti proverbs,*

www.bhojpurisahityangan.com

sayings, emblems, aphorisms, maxims and similes. E. J. Lazarus and Co.—Trübner and Co.

Fallon, S. W. (1886/1991). *Hindustani—English dictionary of idioms & proverbs* (revised edition). Star Publications (P) Ltd.

Fraser, H. (1883). Folklore from Eastern Gorakhpur (N. W. P.). *Journal of the Asiatic Society of Bengal,* Vol. LII, Part I, No. I, 1-32.

Grierson, G. A. (1878). The song of Mánik Chandra. *Journal of the Asiatic Society of Bengal,* vol. 47, part I (History, Antiquities, &c.), 135-238.

Grierson, G. A. (1881). *A handbook of the Kaithi character.* Thacker, Spink, and Co.

Grierson, G. A. (1883). *Seven grammars of the dialects and subdialects of the Bihárí language spoken in the province of Bihár, in the eastern protion of the North-Western provinces, and in the Northern portion of the Central provinces. Part I. Introductory.* The Bengal Secretariat Press.

Grierson, G. A. (1884a). *Seven grammars of the dialects and subdialects of the Bihárí language spoken in the province of Bihár, in the eastern protion of the North-Western provinces, and in the Northern portion of the Central provinces. Part II. Bhojpúrí dialect of Sháhabád, Sáran, Champáran, North Muzaffarpur, and the Eastern portion of the N. W. P.* The Bengal Secretariat Press.

Grierson, G. A. (1884b). *Seven grammars of the dialects and subdialects of the Bihárí language spoken in the province of Bihár, in the eastern protion of the North-Western provinces, and in the Northern portion of the Central provinces. Part IV. Maithil-Bhojpúrí dialect of Central and South Muzaffarpúr.* The Bengal Secretariat Press.

Grierson, G. A. (1884c). The song of Bijai Mal. *Journal of the Asiatic Society of Bengal,* Vol. 53, Part I. 94-150.

Grierson, G. A. (1884d). Some Bihari folksongs. *Journal of the Royal Asiatic Society of Great Britain and Ireland.* New Series. Vol. 16, 196-246.

Grierson, G. A. (1885a). The song of Alha's marriage. *The Indian Antiquary, A Journal of the Oriental Research,* vol. XIV. 209-255.

Grierson, G. A. (1885b). Two versions of the song of Gopí Chand. *Journal of the Asiatic Society of Bengal,* vol. LIV, part I. 35-55.

www.bhojpurisahityangan.com

Grierson, G. A. (1885c). *Bihār peasant life, being a discourse catalogue of the surroundings of the people of that province, with many illustrations from photographs taken by the author.* Trübner & Co.
Grierson, G. A. (1886). Some Bhojpūrī folksongs. *The Journal of the Royal Asiatic Society,* New Series Vol. 18, 207-267.
Grierson, G. A. (1889). Selected specimens of the Bihārī language, Part II, the Bhojpūrī dialect. The Gīt Nāīkā Banijar'wā. *Zeitschrift der Deutschen Morenländischen Gesellschaft,* XLIII, 468-524.
Grierson, G. A. (1903). *Linguistic Survey of India, Vol. V, Part-II*. Motilal Banarasidas.
Grierson, G. A. (1917-20). The popular literature of Northern India. *Bulletin of the School of Oriental Studies, London Institution,* 87-122.
Grierson, G. A. (1927a) *Linguistic survey of India, Vol. I, Part I: Introductory.* Government of India, Central Publication Branch.
Grierson, G. A. (1927b). *Linguistic survey of India, Vol. I, Supplement II, Addenda et corrigenda minora.* Government of India, Central Publication Branch.
Hoernle, A. F. R. (1880a). *A grammar of the Eastern Hindi compared with the other Gaudian languages accompanied by a language-map and table of alphabets.* Trübner & Co.
Hoernle, A. F. R. (1880b). *A comparative grammar of the Gaudian languages with special reference to the Eastern Hindi accompanied by a language-map and a table of alphabets.* Trübner & Co.
Hoernle, A. F. R. (1895). Note on the same. In the Honorary Secretaries (Eds.). *Proceedings of the Asiatic Society of Bengal*, January to December 1894, pp. 87-88. The Asiatic Society.
Hoernle, A. F. R., & Grierson, G. A. (Eds.). (1885). *A comparative dictionary of the Bihārī language.* Government of Bengal.
Hoey, W. (1895). Note on the Sōhgaurā copper-plate. In the Honorary Secretaries (Eds.). *Proceedings of the Asiatic Society of Bengal*, January to December 1894, pp. 84-85. The Asiatic Society.
Jaiswar, D. P. (2007). *Passivization in English and Bhojpuri*. M. Ed. Thesis, Tribhuvan University.
Kalwar, S. N. S. (2008). *Forms of suggestion in English and Bhojpuri*. An M. Ed. Thesis, Tribhuvan University.
Kellogg, S. H. (1876). *A grammar of the Hindi language: in which are treated the standard Hindi, Braj, and the Eastern Hindi of the Rámáyan of Tulsí Dás, also the colloquial dialects of Marwar,*

www.bhojpurisahityangan.com

Kumaon, Avadh, Baghelkhand, Bhojpur, etc.; with copious philological notes. Trübner & Co.

Khatri, M. G. (VE 2066). *Bhojpuri verb morphology*. An M. A. Thesis, Tribhuvan University.

Ladefoged, Peter & Ian Maddieson. (1996). *The sounds of the world's languages*. Blackwell Publishers Ltd./Inc.

Ladefoged, Peter. (1971). *Preliminaries to linguistic phonetics*. The University of Chicago Press.

Ladefoged, Peter. (2001). *Vowels and consonants: An introduction to the sounds of languages*. Blackwell Publishers Inc./Ltd.

Lohar, G. T. (2020). *A grammar of Bhojpuri*. A doctoral dissertation, Tribhuvan University.

Mahatma Gandhi Institute. (2000). *Second world Bhojpuri convention: Bhojpuri in diaspora*. Mahatma Gandhi Institute, Republic of Mauritius.

Majumdar, B. (1958). Earlier Vidyāpatis. *The Journal of the Bihar Research Society,* XLIV, 53-56.

Manus, N. (1785). Translator's preface. In Seid-Gholam-Hossein-Khan (Author). *Sëir mutaqherin; or view of modern times, being an history of India, from the year 1118 to the year 1194 (this year answers to the Christian year 1781-82) of the Hedjrah; containing, in general, the reigns of the seven last emperors of Hindostan, and in particular, an account of the English wars in Bengal, with a circumstantial detail of the rise and fall of the families of Seradj-Ed-Dowlah, and Shudjah-Ed-Dowlah, the last sovereigns of Bengal and Aud; to which the author has added a critical examination of the English Government and policy in those countries, down to the year 1783* (N. Manus, Trans. from Persian), pp. 1-21. T. D. Chatterjee.

Mesthrie, R. (1985). *A history of the Bhojpuri (or "Hindi") language in South Africa.* A doctoral dissertation. University of Cape Town.

Misra, B. (1940). Ḅumikɑ. In S. K. Chatterji & B. Misra (eds.), *Varṇa-ratnâkara of Jyotirīśvara-Kaviśekharâchārya* (pp. 1*-8*). The Royal Asiatic Society of Bengal.

Moag, R. F. (1977). *Fiji Hindi: a basic course and reference grammar.* Australian National University Press.

Murdan, A. (2022). *The Mauritian Bhojpuri.* http://www.mauritiustimes.com/mt/is-the-bhojpuri-language-spoken-by-only-5-3-of-the-mauritian-population-as-stated-by-the-2011-census-report/

www.bhojpurisahityangan.com

National Statistics Office. (2021). *Language in Nepal (National population and housing census 2021)*. Government of Nepal, Office of the Prime Minister and Council of Ministers, National Statistics Office.

Prasad, B. N. (1950). *A phonetic and phonological study of Bhojpurī as spoken in the districts of Shahabad and Saran, on the basis of the observer's own pronunciation* [Unpublished doctoral dissertation]. University of London.

Shukla, S. (1981). *Bhojpuri Grammar*. George Town University Press.

Singh, R. P. (2008). *The re-writing problems of Bhojpuri grammar, dictionary and translation* [Translated by Ram Bibhuti Singh]. Navraj Prakashan.

Smith, V. A. (1895). Note on the same. In the Honorary Secretaries (Eds.). *Proceedings of the Asiatic Society of Bengal*, January to December 1894, pp. 85-87. The Asiatic Society.

Sonntag, S. K. (1978). *Transitional dialects between Bhojpuri and Maithili.* The World Congress of Sociology.

Tiwari, U. N. (1960). *The Origin & Development of Bhojpuri*. The Asiatic Society.

Trammell, R. L. (1971). The phonology of the northern standard dialect of Bhojpuri. *Anthropological Linguistics* 13(4). 126-141.

Yadav, G. P. (2016). *Pluralization in Bhojpuri and English*. An M. Ed. Thesis, Tribhuvan University.

Yadav, S. K. (VE 2065). *Case in Bhojpuri and English*. An M. Ed. Thesis, Tribhuvan Uinversity.

❖

www.bhojpurisahityangan.com

प्रकाशक

भाषा आयोग

शङ्खमूल, काठमाडौँ

फोन नं. +९७७-१-५२४२२३३, ५२४२५३४, ५२४२०४६
अडियो नोटिस बोर्ड नं. १६१८०७०७२४२७२
ई-मेलः language.commission2016@gmail.com
वेबसाइटः www.languagecommission.gov.np

9 789905 001466